ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВ

# БОРАНЛЫ БӘНДИРГИ

*роман*

Рус тилинен Узақбай Пиржанов аўдармасы

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
1993

www.ziyouz.com kutubxonasi

84. Қар. 7
А 44

**Айтматов Ш. Бораңлы бәндирги:** *Роман.*— НӨКИС: ҚАРАҚАЛПАҚСТАН, 1993.— 368 б.

Жәҳән халықларының әдиўли жазыўшысы—Шыңғыс Айтматовтың «Боравлы бәндирги» («Әскрге татырлық күн») романы қарақалпақ оқыўшысына китап ҳалында биринши мәртебе усынылып отыр.

Инсаниятттың өтмиши, бүгини, келешеги ҳаққында толғанысты бул—уллы шығармада тәшўишле, екиншиле, әрзыў-әрмаплы, руўхый арпалысларға толы қайнаўытлаған нағыз өмир жайланған.

А $\dfrac{470\ 2300000 - 031}{\text{М-357 (04) 93}}$ [illegible]

ISBN 5-8272-1113-8

© Издательство «Кыргызстан», 1981
© «Қарақалпақстан» баспасы, 1993

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АВТОРДАН

Улыўма айтқанда мийнет сүйгишликтиң—инсан қәдир-қымбатын белгилейтуғын сыпат екенлиги әзелден мәлим нәрсе.

Усы мәниде Едигей Жангелдин ямаса оны таныйтуғынлардың тәрийплеўине қарағанда Боранлы Едиге нағыз жапакеш адам. Айтыўларына қарағанда ол—жерди жаўырыны менен тиреп турғанлардың бири. Едигениң өмириниң өз дәўири менен өтлесип кеткенлиги соншелли, мениң пәмлеўимше оның адамгершилик қәсийетинде усында, ол өз заманының ер азаматы.

Соның ушын да, романда тилге алынған дәбдебелерди, урысқа қатнасқан, темиржол жумысшысы Едигениң тәғдири арқалы баянлаў мениң ушын әҳмиетли еди. Буны мен өзимниң ҳалыма ылайық дәрежеде сыпатлаўға ҳәрекет еттим. Боранлы Едиге тулғасы—мийнет адамын тийкарғы тирек етип алған әдебиятта социалистлик шынлыққа болған мениң мүнәсибетимниң белгисин аңлатады.

Бирақ мен «мийнеткеш» деген түсиниктиң мәнисине ол бир тер төгип жер айдаған «ғәрип адам» ямаса шопанлық еткени ушын оны «көкке көтериў» деген пикирден аўлақпан. Әлимсақтан қалған ҳәм өткинши ҳәдийселер арпалысып турған бүгинги күнде мийнеткеш адам өзиниң жекке даралығы, руўхый дүньясының байлығы, заманның бағдарын өзинде жәмлестиргенлиги менен маған қәдирли ҳәм қызық болып көринеди. Сол себепли мен Боранлы Едигени дәўиримиздиң орайына, өзимниң дүнья таныў қәбилетимниң орайына қойып сүўретлеўге умтылдым.

Боранлы Едиге тек кәсип-кәрине байланыслы мийнеткеш болып қалмастан, туўды-питти болып жаратыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған адам. Туўды-питти мийнеткеш адамлар ғана шешилиўи қыйын саўалларға көкирек керип өзин урады... бундай саўалларға әлле неткен биреўлердиң жуўабы мудамы таяр болады. Соның ушында сол әлле неткен биреўлер кемсалыйқалық пенен қандай да бир жумысларды ислейди, жақсылап ислегениниң өзинде де бәри бир, «күним өтсе болар» деп жасай береди...

Илаҳийда мийнеткеш адамлар болса, оларды қандайда бир руўхый туўысқанлық тутастырып турғандай, олар бир-бирин түсиниўге уқыплы болады, түсинбеген жағдайды түсиниўдиң жолын ойлайды. Бизиң дәўиримизде ойландыратуғын нәрселер де соншелли көбейип кеткен, буған тәқаббили ҳешбир заманда болмаған. Адамлардың ой-өриси шынжыр себиндей болып жерден-көкке тутасып кеткен. Ҳәтте, XX әсирдиң ақырындағы ең қорқынышлы қарама-қарсылық инсан ой-өрисиниң даналық шексизлигин ақыбетин иске асырыў ушын империализм жүзеге келтирип атырған расаға айырыў идеологиялық тосқынлықлар себепли инсан ой өрисиниң шексизлигин әмелий ис жүзинде қуўатлаўдан ибарат болып қалды.

Космоста пәкизе пәрўаз етип турыў ушын техникалық имканиятлар өз-өзинен жүзеге асып қалыўы менен турмай, бәлки инсаныяттың экономикалық (үнемлеў), экологиялық шәриятларыда мине, усы имканиятларда тезирек пайдаланыўды талап етип турған ҳәзирги пайытта халықлар арасында ала аўызлықты күшейтиў, материаллық ресурсларды ҳәм ақылдың жемисин қуралланыўға жарысқа түсип сарп етиў адамзатқа қарсы қаратылған жинаятлардың ең бир аўыр түри болып тур.

Халықлар арасында пайда болған кескинликти жумсартыўға бүгинги күни тек ғана прогрессивлик сиясат керек. Ҳәзир дүньяда буннан артық жуўапкершиликли ўазыйпа жоқ. Егер бул дүньяда адамзат қалай етип тири қалыўдың тәсилин таппаса жоқ болып кетеди. Өзара исенимсизлик, қәўип-қәтер, сиясатта келиспеўшилик ағымы адамзаттың тыныш-татыў ҳәм бахытлы турмыс кешириўине пүткиллей қарсы келеди.

Адам баласы бири-бири менен шыдасып жасаўы мүмкин, бирақ оған инсаний қәсийетлер тән болғанлықтан, олар ҳеш қашанда бир қәлипте ой жуўырта алмайды. Инсанды-инсанлығына, өзине тәнликтен айы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып, бир қәлипке салып қойыўды ҳәўес етиў әййемнен баслап, тап ҳәзирги күнге дейин империялар, империалистлер ҳәм гегемоншылардың мақсети болып келген.

Өтмишин еслей алмайтуғын, дүньяда өз орнын жаңадан табыў имканиятынан айрылған адам, өз халқы ҳәм басқа халықлардың тәжирийбесинен бийхабар адам тарийхый келешекке ийе емес, ол тек усы бүгини менен жасаўға ылайық болады.

Бул ҳәдийселердиң мәнисине түсиниў ушын Қытайдағы мәдений аўдарыспақты халықтың санасына исленген тосқынлықты, өмирдиң қыйын диалектикасын Маоның «Қызыл дәптер» деп аталатуғын насиятнамасынан бирнеше цитат ядлаў дәрежесинде жөнлестириўге себеп болған Қытай басшыларының гегемонистлик сиясатының ақыбетин еске түсириўдиң өзи жеткиликли. Қаншелли ерси болмасын буған сәйкес басқа ҳәдийселерде бар: өтмишти ҳәўес етиў ямаса бояп көрсетиў, тәкаббыр ҳәм ширенген шовинизм өз әтирапын «қытай дийўалы» менен орап алып, бир халықтың басқа барлық халықлардан артықмашлығы ҳаққындағы әпсаналарды да тап усы «қытай дийўалы» тақылетте тарқатыў мүмкин.

Бурынғы шығармаларымда болған сыяқлы бул сапары да өткендеги ата-бабалардан бизге мийрас болып қалған әпсаналарға, ертеклерге, рәўиятларға сүйенген ҳалда бағдар туттым. Соның менен бирге жазыўшылық тәжирийбемде биринши мәрте фантастикалық сюжет пайдаланыўға тәўекел еттим. Онысы да, бунысы да мениң ушын тийкарғы мақсет емес, ал ҳақыйқатлықты тән алыў ушын ойлаўдың бир усылы ретинде пайдаландым.

Әлбетте, жерден тысқарыдағы тиришилик пенен байланыслы болған мүнәсибетлер ҳәм соған тәққабил барлық ўақыялар ҳешқандай реаль тийкарға ийе емес. Шынында да дүньяның ҳеш жеринде Сарыөзек Космодромыда, Невада космодромы да жоқ. Барлық «космоста» болған ўақыялар тымсалында айтажағым— жер шарындағы адамларға қәўип-қәтер туўдырыўы мүмкин болған жағдайды айрықша формада кескинлестирип көрсетиўден ибарат.

Фантастикалық ядан ойлаўдың әҳмийетине келетуғын болсақ. Достоевский былай деп жазған еди: «Фантастика реал ўақыя менен соншелли өтлесип



www.ziyouz.com kutubxonasi

байланысып кетсин, сениң оған исенийден басқа илажың қалмасын. «Достоевский фантастиканың нызамлығын анық тәрийплеген. Дурысында да бурынғы халықлар мифологиясы болсын, Гоголь, Булгаков, ямаса Маркестиң фантастикалық реализми болсын, ямаса илимий фантастика болсын—булар бәри бир ҳәрқыйлы бола берсин реаль ўақыяға сай бағышлап сүўретлениўи менен исенимли. Фантастика реаль өмирдиң гейпара тәреплерин ирилендирип көрсетеди, «ойын қағыйдаларын» таяр етип, өмирдиң сол тәреплерин философиялық жақтан улыўмаластырады ҳәм таңлап алынған сүлдердиң раўажланыў потенциалын ақырына дейин ашып бериўге хызмет етеди.

Фантастика—өмирди жаңаша, айрықша бир нәзер менен көриўге жәрдем беретуғын асыра сүўретлеў бул.

Әсиримизде метафоралық усылда пикир жүритиўге болған талап әдеттеги фантастика дүньясына соңғы жыллар илимий техникалық иске асырыўлардың жедел кирип келгени менен шекленип қалмады, дурысырағы экономикалық, сиясий, идеологиялық, расалық қарама-қарсылықларға жемтик болып жасап атырған дүньямыздың өзи ақылға уғырас келмейтуғын сырларға бай.

Сол себепли де бул романымда сүўретленген Сарыөзек метафорлары мийнеткеш инсанға, оның жеримиздиң тағдири ушын соншелли жуўапкерлигин және бир мәртебе еслетип қойыўды нәзерде тутаман...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул китапты—мениң тәним дегейсең,
Бул сөзлерди—мениң жаным дегейсең.

Григорий НАРЕКАЦИ.
(«Ҳәсирет китабы», Х әсир).

## 1

Қуўарып атырған жыралар менен шөп-шарлары солып қалған кең аңғарлардан бирнәрсе излеп таўып жеў ушын қатты шыдам керек еди. Гейде мийин айландырып жиберетуғын дәрежеде ыбыр-жыбыр болып, былғасып кеткенин қазатуғын мақлуқлардың майда излерин тимискиленип ийискелейди гейде балпақ тышқанның ининиң аўызын тырмалайды. Сөйтип атырғанда жаўынның суўынан пайда болған жыраның шығарлығына жасырынып тығылған кишкене тышқан-пышқан ашықлаў тақырлыққа шыға қойса тарпа бас салатуғындай сезгирлик пенен анталап киятырған аш түлки узақтан көринген темир жолға әсте-ақырын ҳәм туўрылап, бүлкилдеп жортып келеберди.

Поездлар улы-гүрсилди болып жерди ләрземге келтирип гә олай, гә былай зымырап гүўлеп өтип турғанлықтан, изиндеги түтин ҳәм ашқылтым күйиктиң жағымсыз ийиси самал менен аңқып атырған кең далада бир тегис болып үйилген топырақтың үстинде қараўытқан темир жол бир ўақыттың өзинде оны ҳәм ынтықтырып, ҳәм қорқытып жиберди.

Кешке таман түлки телеграф бағаналарына сәйкесленип, бир қәлипте созылып кеткен сайдың ултанына түсип, урық аралас қалың ҳәм өскинлеў биршоқ атқулақтың арасына кирип тығыз дәнелери саўдырап түсип қалған тобылғы тақлеттеги путаның түбинде қызғыш-қоңыр иреңде дөңгеленип жатты да қараңғы гү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сип—түн болыўын сабырлылық пенен күтип жатты. Сол жатысында ол тырс еткен сеске қулағын тынымсыз ербеңлетип, жерди жалап ескен самалдың епкини менен ырғалған қуўрап қалған шөплердиң тысырлысын тыңлап жатты. Телеграф бағаналары да жағымсыз гүўлейди. Бирақ, деген менен түлки оннан қорықпады. Өйткени, бул бағаналар бәрҳама, орынан, қозғалмай турады, олар бунық изине түсип аңлымайды.

Сөйтсе де, ўақты-ўақты гә ол тәрепке, гә бул тәрепке өтип турған поездлардың қулаққа жағымсыз гүўилдиси ҳәр сапары оны қатты қобалжытып, бурынғыдан да бетерирек топ болып, дириллеп жатыўға мәжбүрлей берди. Жерди солқылдатып гүрсилдеп баратырған аўыр составтың ҳәрекетин ҳәм бул кәраматлы күштиң тәсирин ол өзиниң нәзик денеси—жерге тийип атырған қабырғалары менен сезип атырған еди. Сонда да ол бул қорқынышқа ҳәм өзине жеркенишли болып сезилген ийиске шыдап бағып, жатқан жеринен турып кетпеди. Ол қараңғы түсиўин—қараңғы түскеннен кейин қәўип-қәтердиң буннан көре аз болатуғынын күтти.

Ол, бул әтирапларға жүдә сийрек, тек қатты буратылып аш болған ўақытлары ғана келетуғын еди.

Бири өтип, енди келеси поезд келемен дегенше тыныспаның арасында бирден кең далаға тыңышлық орнады. Мине, усы жым-жырт тынышлықтың ўақтында түлки зордан талып еситилген, еситилседе, өзин сергекледиретуғын, ҳеш кимге де тийисли емес, бир гүмилжи сести геўгим қараңғылығында ҳаўада сезип қалды. Бул сес ҳаўаның көз илмейтуғын ийримли ағысы, яғный ҳаўа ырайының тез арада айныйтуғынының белгиси еди. Түлки буны дәрҳал сезди де, тула бойы түршигип, мелшийип қалғанлықтан, ҳаўа ырайының нақолай болатуғынын алдын-ала билгендей наразы кейипте даўысын шығарып үрип-үрип жибергиси келип кетти. Бирақ, ашлық тәбияттың бул алдын-ала ескертип атырған хабарын да баспалатып жиберди.

Жортып жүргенде ғағырлап қалған табанларын жалап, ол тек әсте-ақырын ғана қаңсылап қойды.

Сол күнлери түнге қарай аяз тартып, гүз түсип киятырған еди. Түнде жердиң үсти тез суўып, таңның алдында даланы тап [illegible] бирақ тез еріп

www.ziyouz.com kutubxonasi

кететуғын ақша қыраў қаплап жататуғын болды. Дуз ҳайўанлары ушын кеўилсиз ҳәм жартыўсыз болатуғын мәҳәл жақынласып киятырған еди. Жекке-сийрек болсада ушырасып туратуғын, жазда бул әтирапларда болатуғын аңлар енди жоқ—қуслар жыллы жақларға ушып, тышқанлар инлерине тығылып, және бирпаралары қыслаў ушын қумлы жерлерге қарай жылыслап кеткен. Енди болса тап түлки туқымынан өрбигенлердиң бәри нәрсеси қалмай ҳәр жаққа дағысып кеткендей, ҳәр қайсысы дараўара жүрип, өз қулқыны ушын далада жорта беретуғын болған.

Бәҳәрде бир инде туўылған күшиклер енди өсип, ҳәр қайсысы ҳәр жаққа қаңғырып кеткен. Олардың жупласып—ылығатуғын ўақты да еле алдында. Қыста олар жаңадан болатуғын ушырасыўға ҳәр жақтан жортып келип, жыйналып қаншыққа ийелик етиў ушын, еркеклери нәсил қалдырыўға ҳалының келгенинше бығырласып таласады.

Қараңғы түсиўден-ақ түлки сайдан шықты. Тыңтыңлап күтип турды да, темир жолдың жанбаўырын жағалап жортып кетти. Сол жүристе ол тырс еткен сес шығармай жолдың гә аржағына, гә бержағына өтти. Бул жерлерден ол жолаўшылар вагонның әйнегинен ылақтырып таслаған қалдықларды изледи. Жеўге жарамлы азыпаўлақ бирнәрсе табыламан дегенше оның ҳәрқыйлы затларды: гә ғәзебин келтиретуғын, гә өзи жақтырмайтуғын нәрселерди ийискелеп, көп ўаққа дейин жанбаўырды жағалап жортыўына туўра келди. Поезд өтип кеткен жолдың өне бойында дагалланып, жымырылған қағазлар, бүкленген газеталар, сынған шийшелер, темекинин қалдықлары, даңғырлаған консерва қутылары ҳәм басқа да керексиз таслаңдылар баршылық еди. Әсиресе, сынбай қалған шийшелердин аўызынан—бәд ийис мүңкип турады. Булардың бирекеўин ийискеп көргеннен кейин мийи айланған түлки енди қайтып спиртли ийисти ишине жутпастай болып, оннан аўлақ жүрди. Жақынласып кетсе болды, дәрҳал пысқырып, бир қапталға секирип қаймықты.

Ал, енди ҳәкисине оның жегиси келип, көп ўақтан бери қорқып-сескенип, жортып излеп жүрген нәрсеси табылмады. Сонлықтан ол жегендей бир нәрсе табылар деп үмитленип, темир жолдың гә ояғына, гә буяғына жылмаңлап шығып, тынбай жорта берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жортып баратырып ол қәпелимде алдыңғы бир аяғын сәл-пәл көтерген ҳалында бирден, тап бир нәрседен күтпегенде сескенгендей қалша тоқтап қалды. Қумайланып турған бәленттеги Айдың гүңгирт сәўлесинде ол тап ерип баратырғандай болып рельслердиң арасында сылт етпей тур еди. Поездың алыстан еситилген, қулақты ербеңлететуғын даўысы еле сембеди. Ҳәзирше бул даўыс жүдә алыстан еситилип тур. Түлки қуйрығын жаўырны менен бир тутас көтерген ҳалда жолдан шетке шығар-шықпасын билмей, көтерилген аяғын басты. Сөйтти де жейтуғын бирнәрсе табылар деген үмит пенен жанбаўырды жағалап, тағы жортты. Тимискиленип ийискеленген сайын излегени тап ҳәзир алдынан шығып қалатуғындай болды. Жүзлеген дөңгелеклер улы-тасырлы болып, дүкилдеп, қорқынышлы гүўилди кем-кемнен жақынлап киятырса да, бирақ түлки жолдан шықпады. Минуттың қандайда бир үлеси аралығында иркилгени де сол, соның өзинде-ақ айланбадан бирден жарқ ете қалған локомотивтиң сүйри тумсығындағы бир жуп узынлы-қысқалы күшли прожекторлары алдындағының бәрин жарқыратып ҳәм шағылыстырып, мүлгип атырған даланы қыппа жалаңашлап баратырғандай қараңғылықты серпип, сәўлелендирип жиберген ўақта, түлки бирден дус келген жағына алаңлап, шыр-гүбелек айланыўменен болды. Ал, поезд болса гүўлеп, рельстиң үсти менен зырғып киятыр. Самал ҳүўлейди, әтирaптағы ҳаўадан шаң аралас ашшы күйиктиң ийиси келеди.

Түлки ғабур-ғубыр жанбаўырдан думалап түсе сала қашып баратырып, биресе артына қарайды, биресе қорыққанынан жер, баўырлап қалады. От пенен қосылып жүўырып баратырған узын-шубай қап-қара әжайып нәрсе болса, еле улы-салдырлы болып, бираз ўаққа дейин дөңгелеклериниң тақылдап баратырғаны еситилип турды. Түлки болса орнынан ғарғып турып, тағы пәт пенен атлығып қашты...

Бираздан соң ол бир жерлерде шоңқайып отырып демин алып еди, өзегин талдырып баратырған ашлық оның аңсарын тағы да темир жол тәрепке аўдарды. Бирақ алды бетиндеги линиядан тағы жақты көринип, бир жуп локомотив жүк тийелген узын-қуйын созылған составты сүйреп баратырған еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан түлки даланы бир айланып жортып, темир жолдың поезд жүрмейтуғын тусынан шықпақшы болды.

Поездлар бул үлкеде шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай зымырап өтип турады...

Ал, темиржолдың өне бойына бул үлкеде уллы шөлистан—Сарыөзек кеңислиги—жердиң Орта шеңи болған сарғыш тартқан далаңлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәрқандай қашықлықлар темир жолға сәйкеслени, Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар шығыстан-батысқа, батыстан шығысқа қарай зымырап өтип турады...

Ярым ақшам ўақтында ҳәрекетти тәртипке келтирип туратуғын қараўылдың будкасына қарай әллеким алған бағытынан қайтпастан тынбай жүрип келе берди, дәслеп шпаллардың үсти менен туўрылап еди, соңынан ол қарсы алдынан киятырған поезд жақынласыўдан жанбаўырдан төмен түсип жүрди. Тез жүретуғын жүк поезд тусынан гүўлеп өтип баратырған ўақытта астынан көтерилген шаңнан ол тап бир күшли боранда уйытқыған үргин қардан жасқанып атырғандай қаймығып, қолларын бет алдына көлегейледи. Бул өзи сыртында арнаўлы жазыўы бар состав болып айырықша әҳмийеттеги, ҳеш жерде иркилмей жүретуғын поезд еди. Соңынан ол Сарыөзек—1 жабық зонаға қарай бағдар алатуғын тармаққа түсип бурылып кетеди. Ол жерде өзлери биледи: арнаўлы хызмет бабында космодромға киятырғанлықтан платформаларында әскерий сақшылар турған пүткил состав-тың үсти, гәптиң қысқасы, брезент пенен жабылған еди. Асығып жүрип киятырған, бул адамның өзиниң кемпири екенин Едиге дәрҳал билди де, оның мына жүрисиниң тегин емес қәўетерли мәниси бар екенлигин шамалады. Соңлығында солай болды да. Бирақ, жумыстың жағдайына байланыслы оның бир «адым» былай жылжыўға ҳақысы жоқ еди. Ашық майданшасында кондуктор турған ең соңғы вагон тусынан өтпегенше, ол орнынан қозғалмады. Олар фонарьларын көтерип, бир-бирине хабар берди: демек, бул жолда тосқынлық жоқ дегенниң белгиси. Сонда барып бир тутас вагон гүрсилдисиниң шаўқымынан қулағы шала-шарпы шыңлап, гүўлеп турған Едиге асығып киятырған кемпирине:

— Саған не болды?—деп бурылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемпири оған ҳүрейлениң қарап, еринлерин қыймылдатты. Едиге еситпеди, бирақ түсинди,—ойлап турғанындай болды.

— *Самалдың өринде турма. Берман жүр,—деп ол* кемпирин будкаға баслады.

Сол минутларда оның аўызынан өзи шамалаған хабарды еситемен дегенше, Едигени сезиклендирген басқа нәрсе еди. Ол қартайып киятырғанын бурынырақта сезип жүрсе де, бирақ бул сапары тап қатты жүрип келгендей ентигип, жүреги дүрсилдеп кеткенликтен өкпеси сырылдап, қуўсыйған, азғын ийинлериниң ҳәдден тысқары көтерилип басылғанына ҳаялының көзинше бир түрли болып кетти. Аппақ ҳәжжедей етип ҳәкленген кишкене, темир жол будкасының ишиндеги шағырайып, қатты жанып турған электрдиң жақтысында, ол кемпири Үкибаланың көгислеў дөнген бет-әлпетиндеги бурын аңғармай жүрген айқыш-уйқыш жыйрықларды бирден көрип қалды. (Бир ўақлары қара-пәреңнен келген, көзлери қап-қара болып жаўдырап туратуғын Үкибала еди, бул). Енди болса тиссиз аўызы мәмпийип турғанлығының өзи-ақ, жаслық дәўири өтип кеткен ҳаял туқымына тиссиз жүриўдиң ҳешқандай келиспейтуғынын тастыйықлап турғандай. (Буны қашшан-ақ станцияға апарып, металлдан исленген тис салдырып бериўи керек еди. Ҳәзир ҳәмме—ғаррысы да, жасы да сондай тис салдырып жүр). Оның үстине босасыңқырап кеткен жаўлығының астынан шығып турған аппақ-аппақ шаш талшықларының бетине түсип турғанлығы Едигениң жүрегин шимиркендирип жиберди. «Аҳ, қартайып қалыпсаң-аў, қостарым-ай» деп ишинен аяныш сезимин билдирип отырған Едиге буған өзи айыплыдай пикирде болды. Сонлықтан ол, сол үнсиз отырған ҳалында екеўи бираз жыллар бирге өткерген дәўири-дәўран,—мүлтиксиз яр ўападарлығы, оған қосымша әсиресе, ҳәзир түн жарпында қулағырдан сүрмелекленип, разъездиң ең соңғы, алыстағы жерине келгени ҳәммеси ушын кемпирине болған мүнәсибет ҳәм миннетдарлық сезими Едигениң кеўилин елжиретип жиберди. Кемпири адамгершилик парызды өтеў ушын, қаңыраған қақырада ҳәмениң итибарынан шетте жалғыз өзи қалған бийшара ҳәм бахытсыз Қазанғап ғаррының қайтыс болғанын Едигеге еситтириў ушын түн ишинде асығып келген еди. Бул дүньяда

www.ziyouz.com kutubxonasi

оған тек Едигениң жаны ашыйтуғынын кемпири билетуғын еди. Қайтыс болған адамның ғаррысына туўысқаншылығы ямаса қуда-тамыр шатағы болмаса да, буған Едигениң жүреги елжирейтуғынын ол түсинеди, ақыры.

— Отыр, демиңди ал,—деди Едиге будкаға киргеннен кейин.

— Сен де отыр,—деди ол ғаррысына.

Олар отырды.

— Не болды?

— Қазанғап қайтыс болды.

— Қашан?!

— Тап жаңарақта бийтап адамға қалайда бирнәрсе керек болып атырған шығар, қалай екен?—деп барып едим. Кирип барсам, свет жанып тур, ол да орнында жатыр, бирақ сақалы жоқары қарап шошайып, ерсилеў болып атыр екен. Жақынлап барып «Қазеке» дедим.—«Қазеке, ыссы шай керек пе?»—десем, жаны үзилип кеткен екен,—деген ўақта Үкибала бирден иркилип қалып, көзине жас үйрилгенликтен түри қызғыш дөнип, босасып, үнсиз егитилип жылап жиберди.—Мине,—ақырында не болды? Қандай адам еди! Өлди де кетти—ҳеш болмаса қасында көзин уўқалап жуматуғын адам да болмады,—деп Үкибала биротала еңкилдеп жыламаға қарады.—Сондай болады деп ким ойлапты?! Бир адам сөйтип өлди де қалды...—Ол «жолда жатқан ийттиң өлими сыяқлы» деген сөзди айтпақшы еди, бирақ онысыз да түсиникли жағдайды айтқысы келмеди.

Ҳаялының айтқанларын тыңлап отырған Боранлы Едиге (урыстан қайтқаннан бери усы Боранлы разъездинде жумыс ислеп жүргенликтен, бул әтирaптағы адамлар оған усындай лақап берген еди), гүректей апаўыр қолларын дизелериниң үстине қойып, тунжырап қалды. Ҳәр жерине май тийип дағалланған, тысы өңип кеткен темиржолшылардың шепегиниң қаснағы оның көзлерине саясын түсирип, көлегейлеп турды. Ол не жөнинде ойланып отыр екен-ә?

— Енди не қыламыз?—деп гүңкилдеди кемпири.

Едиге басын көтерип, ҳаялына қарап муңлы түрде күлимсиреп:

— Не қылатуғын едик? Адамлар усындай мүсийбет түскен ўақытлары не қылатуғын еди?! Жерлеймиз.—

Ол бир шешимге келген адам тақлетте орнынан турды.— Былай ет, сен кемпир, тез қайт. Ҳәзир мениң айтқанымды иеле.

— Не қылайын?

— Бар да Оспанды оят. Разъезд начальниги екен деп тартынып турма, буның әҳмийети жоқ, аза үстинде адамлардың бәри де бирдей. Оған Қазанғап қайтыс болды,— деп айт. Ол адам қырық төрт жылдан бери бир жерде тыбжылмай ислеген болса... Итимал, ол ўақытлары Оспан еле туўылмаған шығар. Қазанғап ийт ысқыламайтуғын бул жерге келгенде Сарыөзек деген жерге ҳеш кимди ҳеш қандай ақшаға қызықтырып та апара алмайтуғын еди. Соннан бери қаншама поездлар өтти екен-ә, санағанда басындағы шашы да жетпес... Мейли, Оспан ойланып көрсин. Солай деп айт. Тағы да былай ет.

— Қәйтейин?

— Ҳәммени бир шеттен оят. Әйнегин тақылдата бер. Ҳәммемиз нешеў едик өзи—сегиз хожалық па, бармақ пенен санағандаймыз-аў... Ҳәммени тик аяққа турғыз. Усындай адам өлип атырғанда бүгин ҳешкимниң де уйықламаўы керек. Ҳәммени тик аяққа турғыз.

— Биреўлер жақтырмай, бетимнен алса не қыламан?

— Айтыў бизиң парызымыз, бетиңнен алып урысыў-урыспаў олардың жумысы. Бул не десе, зинҳар мени айтты дегейсең. Намыс деген болыўы керек ғой. Тоқтап тур!

— Тағы не?

— Дәслеп жуўырып барып дежурныйға жолығып кет, бүгин Шаймәрдан диспетчер болып отыр. Сондай-сондай болып қалды деп айт, қалай болатуғынын ойластырсын. Мүмкин, бүгинше мениң орныма биреўди жиберер. Ретин тапса хабар берсин. Айтқанларымды уқтыңба? Тап солай деп айт.

— Айтаман, айтаман —деп баратырып Үкибала бирден, бир нәрсе ядына түскендей аңырайып қалды. Айтпақшы, еле ең баслы, айтпаса болмайтуғын бир жери қалып баратыр екен ғой. Оның баллары не! Әйп-бей! Ең әўеле соларға «ат» жибериў керек еди. Онысыз қалай болады? Әкеси дүньядан өтип атыр...

Бул сөзди еситип, Едиге бурынғыдан да бетер



www.ziyouz.com kutubxonasi

сурланып кетти. Үндемей, зеңирейип турып қалды.

— Қалай болғанда да өзинен өрбиген баласы, урим-путақлары ғой,—деп жайма шуўақланып сөйледи, Үкибала, бул сөздиң Едигеге жақпайтуғынын билип.

— Хә, билемен,—деп қолын сермеди Едиге.—Мени хеш нәрсени билмейди деп турсаң ба? Енди солай болып тур ғой, олар болмаса қалай болады. Бул мүсийбетти жайғастырыўдың ерки менде болғанда оларды жанына жолатпас едим!

— Едиге, бул бизлердиң жумысымыз емес. Мейли, келсин, өз қоллары менен жайғастырсын. Солай етпесек соңынан ыңғырыўлаған гәп сөзге қалармыз...

— Мен не, солардың жолында кеселеп жатырман ба? Келе берсин.

— Баласы қаладан келип үлгере алармекен?

— Егер келгиси келсе, үлгереди. Кешегиниң алдындағы күни станцияға барғанымда, сондай-сондай, әкең өлер халатта жатыр деп өзим оған телеграмма жиберген едим. Тағы не керек екен оған?! Ол өзин ақыллыман деп жүр ғой, ақыллы болатуғын болса, қалған жағын өзи түсине бермей ме?...

— Ондай болса жүдә бәрекелла болыпты,—деп гүмилжилеў етип мәмилеге келгендей болды да, кеўили толыңқырамай турғанлықтан:—Қатыны менен бирге келип көринсе болар еди-аў, қалай деген менен де қайнатасы ғой, басқа биреў емес...—деди.

— Оны өзлери билсин. Қайсы бирин айта бересен, жас бала емес.

— Аўа, бирақ солайдағы,—деп гүмансырап, келискен болды Үкибала.

Олар тым-тырыс болып, үндемей қалды.

— Сен иркиле бермей, кете бер,—деди Едиге.

Бирақ, кемпириниң еле де айтатуғынлары бар екен:

— Ал, енди оның станциядағы қызы—Айзада байғусты қәйтемиз. Байының сықылы анаў—иси келиспеген алқаш, бала-шағасы бар. Айзаданың да әкесиниң намазына келип жетиўи керек ғой.

Едиге муңлы түрде ерксиз күлимсиреп, кемпириниң ийнинен қақты.—Енди сен хәркимди бир уўайымлаўды баслап киятырсаң... Айзада деген қол созым жерде, азанда биреў станцияға шаўып барып айтып қайта қояды. Келеди әлбетте. Бирақ, сен кемпир, мынаны



www.ziyouz.com kutubxonasi

есиңде тут, аржағын сорағанда Айзададан да,мейли, баласы бола берсин, еркек болған менен Сәбийтжаннан да қайран жоқ есабы. Көресең ғой еле, келе берсин, ҳеш қайда бармайды, шеттен келген биреўлерге усап тура берердағы, ал, мерекени өзлеримиз жайғастырамыз... Кете бер енди, барып мениң айтқанларымды исле.

Кемпири кетип баратырып, еки ойлы болып, сәл иркилди де, тағы жүрип кетти. Соның арасында Едиге изинен даўыслады.

— Әўели дежурный Шаймәрданға барып жолығыўды умытпа! Есабын таўып, мениң орныма биреўди жиберсин. Мен де оның орнына кейнинен бир күн ислеп берермен. Марҳумның бир өзи қаңыраған қақырада жатқан болса, қасында ҳешким болмаса, қалай болады екен?... Солай деп атыр де!

Кемпири оның гәпин үнсиз мақуллап, басын ырғады. Соның арасында дистанциялық щит гүўилдеп, қызыл сигнал қайта-қайта жанып-өшип Боранлы бәндиргисине жаңа составтың жақынлап киятырғанын билдирди. Дежурныйдың нусқаўы бойынша оны бос линияға қабыл етип, қарама-қарсы тәрепинен разъездге жақынлап келип қалған поездды өткерип жибериў керек еди. Қәдимги маневр—үйреншикли бурып салыў еди, бул. Поездлар өз жолларына түсип жылжыды. Сол ўақытта Едиге тағы бир нәрсе айтыўды умытып кеткендей, линияның ақырында баратырған Үкибаланың изинен қайта-қайта алаң болып қарай берди. Айтаман десе, марҳумды жерлеў рәсимине байланыслы болатуғын ҳәрқыйлы жумыстың түри көп ғой. Бирақ, бәри бирден ядына түсе бермейди. Оның алаң болып қарай бергениниң мәниси—Үкибаланың соңғы ўақларда қартайып ҳәм еңкейип баратырғанлығын жолға сәўле шашып турған гүңгирт сары жақтылықта тап ҳәзир көрип турғандай муңайып қалды.

«Ғаррылық деген де мойынға минип киятыр, солай болыўы керек шығар. Соншама жыл қослас болып, ақырында биреўимиз—ғарры, биреўимиз—кемпир болдық ғой!» Қудай оны денсаўлық жөнинен наразы етпеди, мықлы еле. Сөйтседе бираз жылларды артына ысырып таслапты—алпыстан асып, алпыс бирге қарап баратырған екен. «Және бир-еки жылдан кейин пенсияға шығамыз»—деп диңгирлейтуғын шығар еле. Едиге кекесин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли етип күлимсиреп қойды. Бирақ, жақын арада пенсияға шығып кетпейтуғынын биледи. Бул әтирaптан оның орнына адам таўып қойыў да ансат емес. Өзи жол оңлаўдың маманы. Ол тек стрелочник болып андасанда биреўлер аўырып қалғанда, ямаса дем алыс—отпускиге кеткенде ғана ислейди. Қалайда бунын орнына жумыс ислейтуғын жердиң алыслығы ҳәм суўсыз далада ислегенине айлыққа қосымша ҳақы төлейди екен деп биреўлер келе қоярма екен? Әй, қәйдем билейин. Ҳәзирги жаслардың арасынан ондай пайдакүнем табыла қоярмекен-ә?

Сарыөзектиң разъездлеринде жасап, көнлигиў ушын адамда руўх болыўы керек, болмаса еки бүкленип, болдырып қаласаң. Дала кең, адам деген қурттай нәрседағы бир. Саған қолайлы ма, я қолайсыз ба далаға бәрибир. Оның қатнасы жоқ. Кеўилиңе муўапық па—бола бересең. Кеўилиңе муўапық емес пе, бул жерди енди қайтып желкемниң шуқыры көрсин деп кете бересең.

Мине, соның ушын да адамларға бәрибир емес. Адамлар жер таңлайды: бул аспанның астында оған басқа бир жерге, басқа адамлардың арасына барса талабы келисип кететуғындай сезилип, ал, бул әтирaпта болса талайына тас түсип, тәғдирге налып, наразы кейипте ҳарып-шаршап жүргендей болады да турады. Сонлықтан ол ушы-қыйры жоқ кең даланың алдында руўхы түсип, Шаймәрданның үш доңгелекли мотоциклиниң аккумуляторындай болып қалады. Шаймәрдан оны бирдейине эширепилей береди: өзи де минбейди, өзгени де миндирмейди. Әнедей мотоцикл мәзи турыпты, керек ўақтында ходланбайды, аккумуляторы отырып қалған, ақыры. Сарыөзек разъездине келген адамлар да сондай: жеңин сыбанып иске кирисип кете бермесе, бул далаға мәкан да баса алмайды, көнликпейди де,—турыўы қыйын болады. Биреўлер бул қатардан өтип баратырғанда вагонның әйнегинен коллары менен басын услап қарап:

— Қудайым-аў, бул жерде адам ... ды екен?! Әтирaптың бәри тек сырда ... түйелер!—деп таңланады. Қалай ... еди? Мине, усындай етип шыдамы жеткенше жасай береди. Үш жыл, асып кетсе, төрт жыл турақлайды—соның

AKADEMIYALI'Q ... INFORMACIYALI'Q RESURS

менен тамам: ислеген жери менен есапласады да бул жерден алысқа кетиўге асығады...

Боранлыда мәкан басып, отырықшы болған еки адам болды—биреўи усы Боранлы Едиге. Соннан бери қаншама адамлар келип кетпеди дейсең! Едигеге өзи жөнинде бир нәрсе айтыў қыйын, бирақ қыйыншылықтан қаймықпады. Ал, Қазанғап болса, басқалардан ақылы кемис болғаны ушын бул жерде қырық төрт жыл ислеген жоқ. Едиге, Қазанғаптың бир өзин ондай келип-кететуғынлардың онына аўмастырмайды... Енди жоқ ол—жоқ енди Қазанғап...

Поездлардың бири шығысқа, бири батысқа қарай бағдар алып кетти. Боранлы разъездиндеги жоллар бираз ўақытқа дейин тым-тырыс болып қалды. Демниң арасында дөгерек-даш ашылып, қаралтым аспандағы жулдызлар бурынғыға қарағанда күшлирек шағырайысып турғандай, бадырайысып кетти. Жанбаўыр, қыямайларды жалап ескен пәтли самал шпаллардың арасы менен анда-санда рельслерди «зың, зың» еттирип, зуўлап есе баслады.

Едиге будкаға кирмеди. Столбаға сүйенип турыўы менен ойланып қалды. Алды бетинде, темиржолдың аржағындағы даланлықта түйелердиң сүлдери көринеди. Түйелер айдың жақтысында қылт етпестен, таңның атыўын күтип турған еди. Олардың арасында Едиге өзиник еки өркешли, басы дүўдендей нарын—былайынша айтқанда усы Сарыөзектеги ең күшли, тез жүретуғын, адамлар оны ийесине усатып—Боранлы Қаранар деп атайтуғын түйесин көрип қалды. Буйдалаўы қыйын болса да Едиге оны мақтаныш етеди, бундай күшли түйелер сийрек ушырасады. Боталақ мәҳәлинде Едиге оны пиштирмеди. Соңғылығында Қаранар атан болып, буўырқанып жүргеннен кейин ондай етиўди қыялына келтирмей, жөнине жиберди.

Ертең исленетуғын жумыс көп еди. Сонлықтан Едиге азан менен Қаранарды үйиниң қасына әкелип, жазылап қойыўды ойлады. Марҳумды қәбирстанға жерлеўге алып барғанда керек болып жүрер. Буннан басқа да оның басына көп қыяллар келди...

Ал, разъездеги адамлар бул ўақлары еле бийғам уйықлап жатырған еди. Разъездиң ана басынан мына басына дейин бири-бирине жақын салынған, тебелери бирқыйлы шифер менен бастырылған алты жайды



www.ziyouz.com kutubxonasi

темиржол администрациясы салдырган еди. Едиге болса жайды өзи салып алған. Сегизиншиси марҳум Қазанғаптың қақырасы. Жайларға жапсарлана салынған жазғы ошақлар, шертеклер, мал-ҳал ушын тутылған қамыс қоралар, аўылдың ортасында соңғы жыллары *пайда болған жүдә қолайлы суў* шығаратуғын электронасос—мине, Боранлы поселкасының сықылсыйқы усындай еди.

Сарыөзек атлы кең даланлықтың үстинен өтетуғын үлкен темиржолдың бойындағы бул кишкене аўыл, усы кишкенелигине қарамастан қан тамырындай бир-бирине тутасып кеткен разъездлерди, станцияларды, қалаларды өз-ара жалғастырып туратуғын кишкене звеноның бири.

Дүньяда самал болса, айланып келип усы жерди табады десең де болады. Сарыөзек даласының самалы, әсиресе, *қыстың күнлери ҳәўижине минип, үргин ўақ*тында уйытқыған қар жайлардың әйнегиниң алдында минберленип, темир жолды үйин-үйин етип, өркешленип басып, муз болып қатып қалады. Сонлықтан да бул дала разъезди Боранлы—Буранный болып аталып түсына: қазақша «Боранды», орысша «Буранный» деп еки тилде жазып қойыпты...

Бул қатарға қар артатуғын ҳәр қыйлы: мәселен, қарды пысқыртып үплеп, атқылайтуғын, ямаса қолайлы етип, кесип-кесип ысырып таслайтуғын ҳәм басқа да техникалар келемен дегенше Қазанғап екеўи темиржолдың *қарын гүреклеп артып жүргенде ана сүти* аўызына келетуғын күнлери Едигениң есине түсип кетти. Былайынша қарағанда солар тап жақында болып өткендей. Елиў бир, елиў екинши жыллары—ийт улып, өгиздиң шақы жарылатуғын суўық болған еди. Егер фронтта өлип-тирилетуғын жағдай болғанда ямаса танкиге қарсы тәўекел бир граната ылақтырыўға бағышланған ҳүжимде адамның өмири қас пенен көздиң арасында ҳал болмаспеди?... Бул жерде де сондай болды. Мейли сени ҳеш ким атып өлтирмей-ақ қойсын. Бирақ, өзиңди өзиң өлимши етиўиңе туўра келеди. Қатып қалған үргин қардың қаншасын гүрек пенен қопарды сонда булар. Усы разъезден жети шақырым қашықлықта темиржолдың сайды кесип өтетуғын ойлаў жери бар еди. Сол қатарды қар теп-тегис етип


www.ziyouz.com kutubxonasi

басып таслағанда қарды қапшыққа салып арқалап, шетирекке шығарып таслаў ушын тайғанақлап ҳәм тентиреклеп баратырғанда үргин қар менен алысыўымыздың усы ең соңы болғай, бүйтип жүргеннен гөре өлген абзал деп гүбирленип жүргенде, паровозлардың: «Қәне, жолды босат!» деген мәнидеги қыйғырығын еситпеў ушын қандай қыйыншылықларды басынан кеширмеди дейсең булар!

Қарлар да ерип кетти, поездлар да гүўлеп өтип кетти, жыллар да жылжып кетти... Сол ислер ҳәзир ҳеш кимнин кәрине де келмейди. Сондай болды ма, болмады ма? Ҳәзирги күндеги жолды қадағалап-оңлайтуғынлардың бригадасы бул жерге арнаўлы вагонда шаўқым-сүрен менен келип кетеди. Олар бир ўақытлары Сарыөзектеги аз санлы адамлардың қолларына бел алып, жолды үргин қардан тазалағанын қыялына да келтирмейди, түсинбейди де. Айтсаң: «қалайынша, солай болыўы мүмкин бе? Япырмай-ә?!» деп ҳайран қалып, исенбейди. Ҳәттеки, олардың арасында буны ашықтан-ашық күлкиге айландырып: соншама азапқа қалып, өйте бериўдиң не кереги бар еди, өйтип өзиңе-өзиң гөр қазып не бар? Бизлер болармедик—ондай иске ҳеш қандай қол урмаймыз. Барамыз да қыйқаңды салып— басқа жаққа өтә кетемиз. Ең қапылып қалғанда бир қурылысқа, онда да болмай баратырса, басқа жағдайлы жер таўып аламыз. Қанша ислеген болсақ—сонша ҳақы талап етемиз. Асығыс жумыс па, бәримиз жабылып ислеп таслаймыз—қосымша ҳақы және төлейди... «Сизлерди ақмақ пәмлеп, еңселерине минип алған ғой, ақмақ ғаррылар, усы ақмақшылығыңыз бенен өлип кетесизлер!».

Ҳәрдайым усындай «ақылгөйлер» табылып қалғанда Қазанғап сол ислерге қатнасы жоқтай бийпәрўалық пенен оларға дыққат аўдармай тек өз жөнин, өзине тән бир нәрсени билетуғын адамдай кекесинли етип күлимсиреп қоятуғын еди. Ал, Едиге болса олар менен жақ жарыстырып,шыдай алмағанлықтан қызып кетеди.

Сөйтсе де Қазанғап екеўиниң арнаўлы вагон менен келетуғын, жолды қадағалап-оңлайтуғынлардын кимлердиң үстинен күлисип атырғаны жөнинде пикир алысып, сөйлесип отыратуғын ўақлары болатуғын еди. Буннан басқа да көп нәрселер жөнинде, мәселен, сол


www.ziyouz.com kutubxonasi

*жыллардағы тиришилик, күн көрис жағдайлары,* сол ўақытлары жалаңпут жуўырып жүргенлердиң енди ақыллысымақ болып кеткенин айтысып отыратуғын еди. Анаў-мынаў емес, сол қырық бесинши жылдан бери екеўи тәғдирлес болып, сырласып киятыр. Әсиресе, Қазанғап пенсияға шығып, қаладағы баласының қолына барып, сыйыса алмай, үш айдан соң қайтып келгеннен кейин, бул дүньяның ғалма-ғалы жөнинде көп сырласатуғын болды. Ақыл-если адам еди, Қазанғап. Ядына түссе кеўили елжиреп кете береди... Қәпелимде Едиге ендигиден былай Қазанғаптың тек есине түскен ўақытта ғана елеске айланатуғынын хәсирет ҳәм өкиниш пенен ойлайтуғынын анық сезе қойды...

Микрофонның сылдырлысын еситип, Едиге будкаға асығып кирди. Адамның даўысы еситилместен бурын бул қараң қалғыр аппарат оңбағандай етип қырыллдап, биресе ысылдап алды.

— Едеке, алло Едеке!—деген разъезд дежурныйы Шаймәрданның даўысы сырылдап еситилди—сен мени тыңлап турсаң ба? Жуўап бер!

— Мен тыңлап турман! Тыңлап!

— Сен тыңлап турсаң ба?

— Тыңлайман. Тыңлап турман!

— Қалай еситилип тур?

— О дүньядан келген сазадай!

— Неге о дүньядан келген сазадай болады?

— Солай!

— А-а... Әне бир Қазанғап ғарры ма?

— О неге әне биреў болады екен?

— Өлген, демек.—Шаймәрдан ылайықлы сөз табыўға талапланып көрди.—Қалай десем екен-ә?

— Сыпайыластырып айтқанда, ол өзиниң даңқлы жолын тамамлап, о дүньяға рәўана болған.

— Солай де,—деп қысқа жуўап қайтарды да Едиге ҳайран болып қалды.

«Уәй, налетий, ҳайўан-әй!—деди ишинен.—Азалы хабарды да адамдай етип айта алмайды».

Шаймәрдан бир минуттай жым-жырт болып қалды. *Микрофон бурынғыға қарағанда да қаттырақ тап ишинде* «пышық таласып» атырғандай бығырлап, ара-арасында адамның деми еситилип турды. Соңынан Шаймәрдан қырылдады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Едеке, яшы үлкен, сен, ананы-мынаны айтып мениң миймди айландырма. Егер өлген болса, не қыламыз енди?... Менде адам жоқ. Өлген адамның қасына барып отырып не қылайын деп един? Өлген адам оның менен тирилмейди деп ойлайман...

— Ал, мен сениң бир түйир пәмиң жоқ екен, деп ойлайман!—деди Едиге ғәзепленип.—Миймди айландырма дегениң не сениң?! Бул жерге келгениңе еки жылдай болды сениң ал, мен оның менен отыз жыл бирге ислескенмен. Ойлан сен, бирақ. Арамызда бир адам дүньядан өтип атырған болса, оның бир өзин адамсыз үйге таслап қоя бериўге болмайды ғой.

— Бир өзи ме, бир өзи емес пе, соны сол өлген адам қалай билетуғын еди?

— Ол билмесе, бизлер билемиз!

— Яқшы, нықырта берме, нықырта берме ғарры!

— Мен саған жөн-жосағын айтып отырман.

— Не қыл дейсең, қәне? Орнына жиберетуғын адамым жоқ. Барған менен не қыласаң, ҳәзир усы жети түнниң ишинде.

— Қуран оқыйман. Марҳумның кепинин пишип-тигемен. Руўхына қуран оқыйман.

— Қуран? Сен бе, Боранлы Едиге ме соны ислейтуғын?

— Аўа, мен. Мен қуран билемен.

— Бәрәкәлла! Совет ҳүкиметиниң орнағанына алпыс жыл болды.

— Қойсаң-ә, сен-әй! Совет ҳүкиметиниң не қатнасы бар еди оған! Адам баласы әлимсақтан бери өлгенге қуран оқыйды. Өлип атырған адам ғой, ҳайўан емес.

— Яқшы, оқый бер қураныңды, бирақ бақыра берме, Әдилбай Сырыққа адам жиберемен. Келисим берсе —келеди. Орнына соны жиберемен. Ал, ҳәзир бир жүз он жетинши жақынласып киятыр, запастағы екинши линияны таярла...

Соның менен Шаймәрдан тым-тырыс болып, микрофон сыртылдап жабылды. Едиге стрелкаға асығып жетип барды да, өз иси менен машғул болып атырып: «Әдилбай айтқанды қыла қоярмекен, келе қоярмекен?» —деп ойлана берди. Соның арасында айырым үйлердиң әйнегинен жақты шыққанын көрип адамгершилиги барлар жоқ емес екен ғой деп, кеўилинде үмит уш-



www.ziyouz.com kutubxonasi

*қынлары пайда бола баслады. Ийтлердиң үрген даўы*сы еситилди. Демек, кемпири боранлылардың тынышын алып, оятып жүрген екен.

Соның арасында бир жүз он жетинши екинши линияға келип тоқтады. Қарама-қарсы тәрептен нефть қуйылған ылғый цистерналарды *тартып киятырған* состав жақынлады. Поездлар бири—шығысқа, бири батысқа *қарай бағдар алып* кетти...

Уақыт түнги саат еки болып қалған еди. Аспандағы жулдызлар дана-дана болып жарқырап ирилениpermanent кеткендей болды, Толысқан Ай да Сарыөзектиң кең даласының үстине көгилдир нур сеўип, ғайбана күштен тәсирленип атырғандай болып тур. Жулдызлы *аспан* аясында созылып атырған Сарыөзек даласында тек *түйелердиң* сүлдерлери ғана билинип, олардың арасында турған еки өркешли, гиддиман Қаранар өзгешеленип көринеди. Жақын жерлердеги төбешик-дөңеслер бозғылт иреңде ағараңлап, темиржолдың еки тәрепиндеги шексиз кеңислик түн ишинде гүңгиртленип атырған *еди. Түн самалы шөп-шарларды тысырлатып*, елетынбай есип тур.

*Әдилбай* Сырық *киятырған* жоқла екен деп, отырып парасаты болмаған Едиге, будкаға қайта-қайта кирипшыға берди. Сөйтип шыбыжынлап жүргенде, ол анадай жерде турған бир мақлуқты көрди. Ол—түлки еди. Оның көзлери солғын жасыл дөнип, жылтылдап кетти. *Түлки* тап *бир нәрсени аңлып*, сетем *алып турғандай я* ары кетпеди. я бери жақынламады.

— *Сен не қылып турсаң?*—деп Едиге оған қарай «ҳәзил» ретинде бармағын шошайтты. Түлки сескенбеди.—Көрдиң бе буны! Сени ме, сени!—деп аяғын тапылдатты.

Түлки жалт берип қаймықты да, анадай жерге барып шоққыйып, буған қарай бурылды. Едигеге *оның* бежирейип, қараған көз қараслары гә буған, гә бунын *әтирапындағы нәрселерге тикленип турғандай* мунлы болып сезилди. Бул жерге ол нениң ийисин алып, неге келе қойды екен? Электр сәўлесине алдандымекен, әлле аш болып келдимекен? Оның бул жүриси Едигеге ерси көринди. Ондай болатуғын болса қолына өзи келип *түсип турған «олжаны» бир тас пенен неге жер* қабыстыра коймайды. Едиге ирилеў тас излеп таўып



www.ziyouz.com kutubxonasi

алды. Гөзлеп турып, тағы ырайынан қайтып, қолын түсирди. Тасты аяғының астына таслап жиберди. Ҳәтте тула-бедени жибисип, терлеп кетти. Қоябер, сирә, адамның басына қандай қыяллар келип кетпейди!? Ешейин бир нәрсе емес пе? Түлкини кесеклейин деп турғанда, қәпелимде оның ядына биреўдиң айтқан гәпи түсип кетти. Ким айтып еди, соны? Келип-кетип жүрген жол оңлайтуғынлардың биреўинен еситиппеди, әлле қудайтала туўралы сөйлесе беретуғын сүўретши ме еди? Ямаса басқа биреў ме. Ягә, Сәбийтжан шығар. Аўа, буны сол айтқан екен-аў, еле. Оған тек тыңлағандай адам табылса болды, басқаларды ҳайран қалдыраман деп ҳәр қыйлы пәтиўасыз нәрселер туўралы сөйлеўге еринбейди. Қазанғаптың баласы Сәбийтжан ғой, адам өлгеннен кейин жаны басқа мақлуққа айланады деп жүрген.

Япырмай, оның соншама быжық, соншама көгалай мылжың болғанын қәйтерсең. Сымбатына қарап турсаң әнедей жигит сыяқлы. Сөйлетип жиберсең, оның билмейтуғыны, оның еситпегени жоқ, бәрин билип баратыр. Әттең-әттең, сөзиниң пәтиўасы жоқ тә. Әкеси бийшараның оны оқытпаған интернаты, оқытпаған институты қалмаған шығар. Бирақ, дурыслы адам бола алмады. Мақтанғанды жақсы көреди, тост көтерип сөйлегенде аўызы-аўызына жуқпайды. Әттең, сөзи — басқа, иси — басқа. Дипломым бар деп көкирегине урған менен Қазангаптың басып кеткен изине турмайтуғын, бир сөз бенен айтқанда геўек жигит. «Етекти кессең жең болмас, әкеге тартып ул туўмас» дегендей болды. Ҳә, мейли, ҳәр кимге қудай яр болсын, ҳәр кимниң өзи биледидағы.

Әне, сөйтип, сол Сәбийтжан бир сапары: Индияда бир илим бар, ҳәмме соған исенеди, бул илимниң болжаўына қарағанда адам өлгеннен кейин оның жаны мейли, ҳәтте, қумырысқа болса да, әйтеўир бир мақлуққа айланады екен деп еди. Сол илимниң болжаўы бойынша ҳәр бир адам қашанлардур, еле адам қәлпине келип туўылмастан бурын, қус яки ҳайўан, ямаса қандай да бир шыбын-ширкей ҳалында жүретуғын болған екен. Сонлықтан ол жақларда ҳәр қандай жаны бар мақлуқты мейли, ҳәттеки, жылан — кобра бола берсин өлтириў гуна деп есапланып, оларды көрген ўақытта тәжим берип айланып өтип кете береди екен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньяда қандай әжайып нәрселер жоқ дейсең. Бирақ, ким оған исенсе, соған ырастай болып сезиле береди. Дүнья деген уллы ҳәм шексиз. Оның ҳәммесин биле бериўге адамға уқып берилмеген. Мине, мәселен, түлкини тас пенен урайын деп турған ўақта Едиге ойланып қалды: ал, енди соннан Қазанғаптың жаны усы түлкиде жүрген болса не қылады? Қаңырап қалған қақырада жалғыз өзи, өлгеннен кейин жата-жата зеригип кетип, түлки сыпатына енген Қазанғап өзиниң ең *жақсы көретуғын достын излеп келип турса, қалай* болады сонда?... «Алжыйын деген шығарман!—деп кейиди сонда ол өзине-өзи. Усындай қыяллар қайдан келеди екен? Түп-ә саған! Ақмақ болғаным ба ақырында!».

Сонда да ол эсте-ақырын жақынлаңқырап барып, тап сол түлки буның айтқанларын анық түсинетуғындай етип;

— Сен кет, бул жерлер—сениң жүретуғын жериң емес, өзиңниң үйреншикли далаңа кет. Еситип турсаң ба? Кет дегенде кет! Бирақ, былай-былай қарап жүрме, ол жақта ийтлер бар. Өзиңниң кеңислигине қарай кет, қудай яр болсын,—деди.

Түлки бурылды да бүлкилдеп жортып кетти. Жортып баратырып артына бир-еки мәртебе айланды да, түн қараңғылығына сиңип кетти.

Едиге, Әдилбай Сырыққа сменаны тапсырып, Қазанғапты еслерине түсирип сөйлесип, қайта-қайта суўық демлерин алып жүргенде, Боранлыға тағы да еки тәрептен еки поезд келип, ҳәр қайсысы өз бағдары менен гүўлеп өтип кетти. Сөйтип ҳәммесинен қутылып үйине қайтып киятырғанда Едигениң тағы бир нәрсени умытып кеткенлиги ядына түсти. Бағана кемпирине айтыўды, яғный ойласыўды тарса ядынан шығарған екен дә. Ҳаў, еле өзиниң қызлары менен күйеў балларына Қазанғаптың қаза болғанын еситтириў ушын «ат» жибермеймекен? Едигениң узатылып кеткен қызлары *бул жерден қашықта, Қызылорданың әтирапында* туратуғын еди. Үлкени салыгершилик совхозында, күйеўи тракторшы болып ислейди. Кишкенеси әўеле Қазалыдағы станцияда туратуғын еди, соң бул да қызапасын сағалап, сол совхозға көшип барды. Оның күйеўи шофер. Қазанғап булардың жақын аталасы болмаса да, бирақ олардың намазға келиўи керек. Өйткени, Едиге Қазанғапты өзиниң ҳәр қандай аталасынан

www.ziyouz.com kutubxonasi

зыят деп есаплайтуғын еди. Усы Боранлыда Едигениң сол қызларының туўылғанын Қазанғап өз көзи менен көрди. Қызлар усы жерде ойнап-өсти, мектепте, Қумбел станциясындағы интернатта оқығанда гейде, биресе Едигениң өзи, биресе Қазанғап оларды гезеклесип апарып-алып келип жүретуғын еди. Едиге қызларын есине түсирип турғанда каникул ўақытларында оларды түйели апарып-әкелип жүрген күнлери көз алдына елеслеп кетти. Едиге сонда кишкенесин алдына алып үлкенин артына мингестирип, түйениң үстинде үшеўи қоқаңлап кете беретуғын еди. Боранлыдан—Қумбелге дейин олар үш сааттай, ал, қыстың күнлери болса, оннан да көбирек, жағдайлы жүрис пенен жер танабын қуўырып жортып баратырған Қаранардың үстинде селкилдеп жетип барады. Ал, Едигениң қолы тиймей қалатуғын жағдай болса, онда оларды Қазанғап апарып салатуғын еди. Қазанғап тап бул қызлардың да әкесиндей болып кетти. Қулласы, Едиге азанда оларға телеграмма жибермекши болды, қалған жағы болса өзлери көре бередидағы. Қазанғап деген ғаррының енди бул дүньяда жоқ екенин олар да билип қойсын ақыры.

Сол киятырғанында ол, азанда бәринен де бурын өзиниң Қаранарын жайлаўдан қуўып әкелип қоймаса болмайтуғынын ойлады. Қаранар керек болғанда—жүдә керек болады. Өлим деген аңсат нәрсе емес, ақыры. Ал, енди бундай аза үстинде хүрметти—хүрмет жайына келтирип мереке жайғастырыў да аңсат емес.. Бундайда гә анаў жоқ, гә мынаў жоқ болып бәрин де асығыслық пенен тез табыўға туўра келеди. Сонлықтан кепининен баслап, қазанның астына жағылатуғын отынға дейин хәммесин тез әндамлы етип әнжамлаў керек болады.

Ол тап усыларды ойлап киятырған ўақытта кәпелимде бирден хаўа толқынланып кетти. Едигениң есине урыста жүргенде алыста жарылған қүдиретли жарылыўдың нәтийжесинде хаўаның усындай болып толқынланып кететуғыны түсип, аяғының астындағы жер солқылдап кетти. Сол ўақытта ол қарсы алдындағы алыс далаңлықта—яғный, өзине мәлим Сарыөзек космодромы тәрепте тутасы менен қып-қызыл жалын болып, тикке аспанға қарай шаншылып, зымырап баратырған бир нәрсени көрди. Едиге албырағанынан аңы-


www.ziyouz.com kutubxonasi

райып қалды—бул, аспанға көтерилип баратырған ракета еди. Ҳеш қашан да ол бундайды көрмеген. Барлық сарыөзеклилер сыяқлы бул да тек, буннан қырқ шақырымдаймекен, я оннан да жақынлаўмекен, әйтеўир, сол жақта Сарыөзек деген космодром барын, ол тәрепке Дөгеректам станциясынан темиржол апарылғанын биледи. Сөйтип, кең далада үлкен қала ҳәм үлкен дүканлар пайда болғанын космонавт ҳәм космослық ушыўлар ҳаққында газеталардан оқып, радиодан күн сайын еситип жүретуғын еди. Булардың бәри де жақын жерде-ақ болып атыр екен ғой. Әйтеўирде Сәбийтжан ислейтуғын областьлық орайдағы (бул қала Боранлыдан поезд бенен бир ярым суткалық жол) ҳәўескерлер кружогиндеги балалар концерт бергенде, бизлер дүньядағы ең бахытлы балалармыз, себеби космонавт ағайлар космосқа бизиң жеримизден ушады, деп хорға дизилисип турып қосық айтатуғын еди-аў.

Солай болған менен космодромның ғыр әтирапы қоршаланған болып, ол жабық зона деп есапланады. Едиге болса усы космодромнан онша қашық емес жерде жүрип-ақ, ол туўралы басқа жақлардан еситкенине кеўили көтерилип қалады. Мине, енди ол, тутасы менен қып-қызыл жалынға айланғандай, әтирапқа аппақ дирилдеген сәўле шашып, жулдызлы аспанның түнегине қарай пәт пенен зуўлап, тилип баратырған ракетаны биринши мәртебе өз көзи менен көрип тур. Япырмай-ә, ырастан-ақ усы оттың ишинде адам отырмекен?—деп Едигениң кеўили бир түрли болып кетти. Бир адамбекен, я екеўмекен? Ол бирдейине усы әтирапта жүрип, ҳеш қашан да ракетаның ушқанын көрмеген еди. Болмаса қаншасы ушып атыр, санасаң есаптан алжасып кетесең. Мүмкин, бул көрмей қалған ўақытлары, сол корабльлер күндиз ушырылған шығар? Күнниң шағырайған сәўлеси менен алыстан оның не екенин ажыратыў қыйын, ақыры. Мынаўсы қалай түнде уша қойды екен сонда? Мүмкин, түнде жерден көтерилип, ол жаққа барғаннан кейин, бир күндизге тап болатуғын шығар? Сәбийтжан бир сапары, тап өзи сол жаққа барып келгендей етип: космоста ҳәр бир сааттан кейин күн менен түн алмасып турады деп еди. Сәбийтжаннан сорап көриў керек екен. Сәбийтжан ҳәм-


www.ziyouz.com kutubxonasi

месин биледи. Өзиниң де ҳәмме нәрсени билеберетуғын көзи ашық адам болғысы келеди-аў. Қалай деген менен де, областтың орайы болған қалада ислейдидағы. Әй, сонда да шийкилиги билинип қалабереди-аў, жигиттиң. «Питкен ақыл болмаса, сүрткен ақыл не болсын» деген ақыры. Өзиң менен кетсин.

«Мен пәленше деген абырайы тас жаратуғын киси менен болдым. Оған анадай дедим, мынадай дедим. Оны айтқан гәпиме турғыза аламан»—деп көкирегине уратуғынын қәйтерсең. Бир рет Әдилбай Сырық оның жумыс орнына барған екен, былай деп келди. Бизиң Сәбийтжан тек телефоны сыңғыр етсе болды, басшлықтың үстине кирер аўыздағы жайдын қапысы менен еки ортада «Тыңлап турман, Әлжаббар Қаҳарманович! Ҳәзир Әлжаббар Қаҳарманович!»—деп зыр жуўырады да жүреди екен. Баслығы болса кабинетинде табжылмастан отырып кнопканы басып, емпеңлетип қояды екен. Сөйтип, Сәбийтжан менен оңлап сөйлесе алмадым. Боранлыдан барған бизиң аўылласымыздың аўҳалы сондай екен»,—деп келди. Ҳәр кимге бир қудай яр болсын, қәйтип жүремен десе де ерк өзинде. Әттең, Қазанғап бийшараны айтсаң-ә! Баласының жолында пидә болды ғой. Өле-өлгенше баласы жөнинде сирә бир нақолай гәп айтқан емес. Баласы менен келини қартайған шағында қолымызда болмасаң болмайды, деп буны қалаға көширип әкетип те жүрди-аў. Ақыбетинде не болды, сыйыстырмады... Бунын жыры өз алдына, бул басқа гәп.

Ярым ақшам мәҳәлинде Едиге усындай ойлар менен бәнт болып, космос ракетасы биротала көзден ғайып болғанша қарап турған еди. Бул әжайып нәрсениң изинен, ол көп ўақытқа дейин қарап турды. Әйтеўир сол от болып баратырған корабль кем-кемнен көлеми киширейип, сағымланып, түпсиз тұңғыйыққа сиңип, аппақ думандай дағқа айланғаннан кейин, ол мойнын бурып, кеўилинде бир түрли қарама-қарсы сезимлер пайда болып жүрип кетти. Көрген нәрсесине соншама ҳайран қалып, бул нәрсениң өзине қатнасы жоқ екенин түсинсе де, бирақ, кеўилине ғулғула түсип, сескенейин деди. Сөйтип киятырғанда қәпелимде оның есине темир жолға жортып келген сол түлки түсип кетти. Жаңағы отлы өре мына меңиреў даладан ҳәд-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден тысқары күш пенен аспанға зуўлап көтерилген ўақлары сол түлкиниң аўҳалы қандай болды екен-ә? Тығыларға тесик таппай қалған шығар...

Бирақ Боранлы Едигениң өзи түнде космосқа ушып баратырған ракетаның пәрўазын көриўин көрсе де, оның қандай мақсетте ушырылғанын билмейтуғын еди. Бир есаптан билиўге тийисли де емес, ишинде космонавты бар бул космослық корабльдиң апатқа қарсы қыстаўлы түрде ҳеш қандай салтанатсыз, журналистлерсиз рапортсыз қыйын-қыстаў жағдайға байланыслы, бирликтеги совет-америка программасына муўапық шәртли түрде «Трамплин» деп аталып, орбитаға шығарылған «Паритет» станциясына қарай ушып баратырғанын ол қайдан билсин Едиге? Адам ҳәм адамзат арасында бузыўға болмайтуғын байланыс бар болғанлығының себебинен емес, бул ўақыяның улыўма әҳмийети буның өзине де, өмирине де айқын ҳәм тиккелей мәниде жанасып кететуғын қатнасы бар екенин Едиге қаяқтан биледи. Сондай-ақ, ол Сарыөзектен старт алған ракетадан соң арадан бирқанша ўақыт өткеннен кейин планетаның екинши бир тәрепинде, Невада космодромынан көтерилип, тап усындай тапсырма менен «Трамплин» орбитасындағы «Паритет» станциясына жерди кери бағдар менен айланып ушатуғын америка кораблиниң пәрўаз етип баратырғанын Едиге билиў түўе, сирә қыялына келтирген жоқ.

Бирлескен Совет-Америка Орайлық басқарыў программасы «Демиург»тың қалқып-жүзип жүретуғын базасы болған «Конвенция» илим-изертлеў авианосецинен берилген нусқаў бойынша кораблердиң екеўи де космосқа қыстаўлы түрде ушырылған еди.

«Конвенция» авианосеци өзиниң турақлы түрде қалқып келетуғын орны—Тыныш океанда, Алеут атаўының түслигинде, шама менен Владивосток ҳәм Сан-Францискодан бирдей қашықлықтағы квадратта жүрген еди. Бирлескен Орайлық басқарыў бул ўақытлары еки корабльдиң де «Трамплин» орбитасына қарай шығып баратырғанын оғада қатты сер салып бақлап отыр еди. Ҳәзирше бәри де кеўилдегидей болып баратыр. Енди «Паритет» комплекси менен жүйлесип-қосылысыў маневры қалып тур. Бул жүдә қыйыннан қыйыстырылып орынланатуғын ўазыйпа еди. Жүйлесиў ракеталардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

tезеклесип турып, бириниң изине бири тиркелиў жолы менен емес, ал екеўиниң де бир ўақыттың ишинде станцияның еки тәрепинен келип иске асырылыўы керек. Мине, он еки сааттан асыңқырап баратыр. «Паритет» Бирлескен Орайлық басқарманың «Конвенциясы»нан жиберилген сигналына жуўап қайтармады. Сондай-ақ, ол, өзине жуўлесип-қосылыўға баратырған кораблердиң сигналына да жуўап бермеди. «Паритет»тиң экипажларына не болды екен, усының жөн-жосағын анықлаў керек...

## 2

Поездлар бул үлкеде шығыстан — батысқа, батыстан — шығысқа қарай өтип турады...

Темир жолдың өне бойына бул үлкеде уллы шөлистан — Сарыөзек кеңислиги, — жердиң Орта тусы болған сарғыш даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәр қандай қашықлықлар темир жолға сәйкесленип, Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар болса шығыстан — батысқа, батыстан — шығысқа қарай гүўлеп өтип турады...

Боранлы разъездинен баслап найманлар руўының қәбиристаны Ана-Бейитке дейин, егер темиржолды жағалап Сарыөзек даласының үсти менен туўрылап тартқанда, шама менен отыз шақырымдай болып қалады. Ал, енди кең далада адасып кетпейик дейтуғын болса, онда қәдимгидей темиржолды бағдарлап кете береди. Бирақ, онда қәбирстанға баратуғын жол узарып, Қыйсық сай аңғарының бурылысындағы бираз жерди айланып өтиўге туўра келеди. Басқа итималы жоқ. Туўрыладым дегениң өзинде барғанша отыз, қайтарсың да отыз шақырымдай жол жүриў керек. Бирақ, Едигеден басқа ҳәзирги боранлылардың арасында ол жаққа қалайынша барыўды, шынын айтқанда ҳеш ким билмейтуғын еди. Ески заманлардан қалған Ана-Бейит деген қәбиристанлықтың бар екенлигин, әне соған байланыслы көплеген аңыз, әңгимелерди еситип жүрсе де, бирақ өзлери барып көрмеген. Ол жаққа баратуғын себеп-сылтаў да болмады. Темиржолдың бойында отырған, жәми жыйналғанда сегиз үйли Боранлы деген кишкене аўылда көп жыллардан бери жаңа болып атырған мүсийбет еди бул. Буннан бирнеше жыл бурын бул аўылда бир кишкене



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыз қурыөзектен шетнеп еди, ата-анасы оны өзлериниң туўылған жери Орал областына апарып жерлеп келди. Ал, Қазанғаптың ҳаялы — Бийке кемпир де сол жыллары Қумбел станциясындағы аўырыўханада қайтыс болғанда оны сол Қумбелдеги қойымшылыққа қойып қайтты. Марҳум-Бийке кемпирдиң сүйегин Боранлыға әкелип жерлеўдиң кереги жоқ еди. Өйткени, Қумбел, Сарыөзектеги ең үлкен станцияның бири болып, оның үстине қызы Айзада да, иси келиспеген алқаш күйеў баласы да сол станцияда турады. Қалай да өзлерине тән адам ғой, қәбиринен хабар алып турмаспекен олар. Ол ўақытлары Қазанғап не қылып, не қоятуғынын өзи билетуғын болғанлықтан солай етти.

Енди болса ойласып-мәсләҳәтлесип атыр.

Бирақ, Едиге өзиниң айтқан сөзинен қайтпады.

— Қойыңлар, сизлердиң айтып отырғаныңыз ер жигиттиң гәпи емес, — деди ол жас жигитлерге. — Бундай адамды Ана-Бейитке қоямыз, ата-бабалары да сонда жатыр. Марҳумның өзи де «мени сол жерге қойыңлар» деп айтып еди. Қәне, сөзди туўарың, иске кирисиң, таярлық көрейик. Жол да жақын емес. Азанда ертерек қозғалыўымыз керек.

Едигениң усындай бир шешимге келиўге ҳақысы бар екенин ҳәмме түсинген еди. Адамлардың бәри де соған келисти. Дурыс, бул жерде Сәбийтжанның қарсылық билдиргиси келди. Сол күни ол жүк тасыйтуғын поездға илесип келген еди, жолаўшылар поезды бул қатарда иркилмейди. Бурын әкесиниң өли-тирисинен бийхабар жүрсе, енди оның азасының үстине келди. Оның бул келиси Едигени бир жағынан қобалжытса, бир жағынан ҳәтте, сүйсиндирди. Олар қушақласып турып улыўма қайғы-ҳәсиретти бирге шериклесип, жыласып алды. Соңынан Едиге бирден ҳайран болып қалды. Ол Сәбийтжанды баўырына басып турып өзин-өзи туталмай: —«Қәйткен менен сениң келгениң жақсы болды, шырағым, сениң келгениң тәўир болды!» — деп тап сол келген менен Қазанғап тирилип кететуғындай еңкилдеп турып жылады. Неге бүйтип жылай бергенине Едигениң өзи де түсинбей қалды. Ол ҳеш ўақытта бул дәрежеде баўыры бослық етип, бундай жағдайға түспеген еди. Олар қан қуйылып атырған Қазанғаптың қақырасының алдында ҳәм босағасында турып көп ўақыт жыласқан еди. Қандай да бир нәрсе Едигеге тәсир



www.ziyouz.com kutubxonasi

еткендей болды. Сәбийтжанның оның көз алдында кәмалға келген балалық шағы, әкесиниң еркеси болғаны, әкесиниң оны оқытыў ушын Қумбелдеги темиржолшылардың балларына арналған мектеп-интернатқа қалай апарып жүргени, қолы жырылса болды, я кетип бара-тырған ҳоставқа илесип ямаса түйели барып көрип келетуғыны ядына түсип кетти. Ол жерде жатақханада не қылып атыр екен, биреўлер зейнине тийип иренжип қалмадымекен ямаса өзи нақолай бир нәрсе ислеп қоймадыма екен, оқыўы қалай екен, муғаллимлер ол жөнинде не дейди деп жүретуғын еди, бирдейине бийшара әкеси... Демалыс ўақтында неше мәртебе түйели Сарыөзектиң үсти менен қарды омбалап, ысқырған үргинли боранда, оны постынына орап әкелип, тағы сабақтан кеширип қалмасын деп апарып таслап жүретуғын еди-аў.

Аҳ, қайтып оралмайтуғын күнлер-ай! Оның бәри де көрген түстей зым-ғайып болып кетти. Енди оның алдында сол өткен күнлерди еске түсиретуғын, бала ўақтында адырақкөз, бет әлпети күле шырай берген, ал енди болса көзәйнекли жалпыйған... қалпақ кийип, гүнерген галстук таққан, ержеткен адам турған еди. Ҳәзир бул область орайындағы қалада ислейди ҳәм өзин жүдә әҳмийетли, үлкен хызметкер етип көрсеткиси келген менен жез пәнжели турмыс оның дийдинен шықпады: начальник-басшы болыў да аңсат емес екен. Сонлықтан ол қоллап-қуўатлайтуғын бир жақсы таныс, ямаса ағаң болмаса, кимсең қандай да бир Боранлы деген разъездеги Қазанғаптың баласы болып жүре бересең деп, оның өзи де талай мәртебе айтып жүр. Ўәй, бахытсыз-әй! Енди сондай әкеси де жоқ, тасланды болса да, егер тири болғанда даңқлы болып өлгенлерден мың мәрте артық болар еди, енди ол да жоқ...

Соңынан олардың көз жасы тыйылды. Өз-ара сөйлесип, иске көшти. Мәлим болыўына қарағанда ҳәмме нәрсени биле беретуғын мөмин баласы әкесиниң өлгениниң үстине келемен деп ойламаған екен, ал, тек бир-отала басқаласып, азырақ жыйнаған тергени болса қалай болмасын тез алып қайтарман депти. Сөйтип отырып ол өзиниң мынадай пикирлерин айтты. Мәселенкиден, тап усы үйлердиң босағасынан баслап дүньяның арғы шетине дейин әтирaптың барлығы қаңырап, Сарыөзектиң кең даланлығы турғанда сол [illegible]дағы бир


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана-Бейитке сүйретилип жүриўимиздиң не кереги бар? Жақын жердеги темиржолдың бойындағы бир төбешиктиң шетинен қәбир қазыў мүмкин ғой. Мейли өзи өмир бойы айланып көрип, қараўыл болып ислеген жолдан поездлардың арман-берман улы-тақылды болып өткенин еситип жата берсин. Ҳәтте, ҳәр итималға бола, өлгенди тезирек көмип қутылыў керек деген ески бир мақалды да келтирди. Буны соза берип, даналық етиўдиң не кереги бар, қәбирди қай жерден қазғанда бәри бир емес пе, бундай ис қаншелли тез бежерилсе, соншелли жақсы болады дегенди айтты.

Ол усы сыпатта өз пикирин талқыға салып, өзине жәм жуўытпады. Жумысының қыстаў екенин ҳәм ол жақта буны әҳмийетли бир нәрсениң күтип турғанын, ўақыттың тығын-таяң екенин, ондағы баслықларға бул жердеги кәбирдиң алыс, я жақынлығының қәмпәтир екенин, ҳәмме мәлим хызмет бабында жумысқа айтылған күн, айтылған саатта жетип барыў кереклигин айтып, өзин өзи ақлай баслады. Басшының аты-басшы, қаланың аты — қала...

Едиге ишинен өзин өзи ақмаққа шығарып сөгинди. Усыған усаған геўек сүлдердиң көзинше албырап, көкирегин қарса айырып жылағаны да анnetwork болды. Марҳум Қазанғаптың баласы болса болыптығы. Олар гөне ағаш дийўалды жағалап скамейка орнына исленген орынлықта бес адам болып отыр еди. Едиге орнынан турды. Турып баратырып ол усындай мүсийбет түсип атырған күни адамлардың көзинше аўзымнан бир жаман сөз шығып кетпегейдағы деп өзин-өзи қыйыншылық пенен зорға иркип алды. Тек, Қазанғаптың руўхын сыйлады. Сонлықтан ол:

— Әлбетте, әтирапта қанша керек десең де жер көп ғой. Бирақ, адамлар өзлериниң туўысқан туўғанларын дус келген жерге көмип кете бермейди. Буның да бир лийкини бар шығар. Жерди аяп тур ма биреў оннан? — деп үндемей қалған ўақытта қасындағылар тым-тырыс болып оны тыңлады. — Өзлериң билиңлер, ойланыңлар, мен ишкериде не болып атырғанын билейин барып!

Оның бет әлпети жағымсыз түс алып, қараўытып, қолайсыз гәп айтылған жерден алыслай баслады. Қабағы үйилип, жабылып кетти. Ол бир сөзли, шурт минез адам еди. Оған Боранлы деген лақаптың тағылып жүргениниң мәниси минези соған сәйкес болды. Егер



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаңағы жердеги Сәбийтжанның бир өзи болғанда ма, айтып турған былшылдысына бола бул оның менен басқаша кейипте сөйлесип, сазайын берген болар еди. Солай етиў керек, өмир-өмиринше есинен шықпайтуғын болсын! Бирақ, қатын әңгимени қуўдалағысы келмеди. Онысыз да қатынлар екеў ара сыбырласып: баласы әкесиниң азасына келди ме десе, қонаққа келгендей сымпыйып келипти ғой десип атыр. Еки қолын қалтасына суғып келе берген. Басқасын айтпағанның өзинде ҳеш болмаса бир қағаз шай да алып келмепти. Ҳаялы да қалада өскен қыйлынан, ол да келип, жылап-сықлап, дәстүр бойынша қол жайып, пәтия еткенде ҳеш жери кемип қалмайды. Уяты, намысы болмаса. Ғаррының тири ўақтында өз дәсмиясы өзине жеткиликли болды — еки саўын ингени; он-он бес қозылы қойы барында жақсы еди. Ол ўақытлары келини усыларды сатып қуртпағанша изин үзбей келип турды. Ғаррыны да көширип әкетип қолына алған болды, өзлерине мебель, машина сатып алғаннан кейин ғарры оларға керексиз болып қалды. Енди қарасын көрсетпейди. Қатынлардың шаўқым шығарғысы келип еди, бирақ Едиге оған жол қоймады. «Тап усындай күни аўзыңызға бек болыңлар, бул бизлердиң араласатуғын исимиз емес, мейли, өзлери бир жөңкилли ете берсин!».

Ол өзи өристен айдап әкелген, ҳәрдайым аңырап боэлап, үйдиң қасына байланган Боранлы Қаранар тәрепке қарай жүрди. Егер басқа түйелерге қосылып қудықтың басына келип бир-еки мәрте суў ишкенин есапқа алмағанда, Қаранар бирдейине ҳәпте бойы күни-түни өз аяғынан жайылып жүрген еди. Қолдан шығысып кетти, қәҳәрли, енди мине, өзиниң наразылығын сездирип, ақшыйған тисли аўзын ашып дембе-дем бозлап турысы. Бурыннан әдети солай, тағы байлап қойыпты, буған да үйрениссин, ақыры.

Едиге Сәбийтжан менен сөйлескеннен кейин қапа болып, ирежиген ҳалда түйеге жақынлап келе берди. Усындай болатуғынын ол алдын-ала билген еди. Сөйтип Сәбийтжан өзиниң әкесиниң жерлеў мәресимине қатнасып Едигеге жақсылық етпекши болды. Оның ушын бул мусаллаттан тезирек қутылыўдың ретин табыўы керек. Едиге артық аспай сөздиң басына бармады, барының да кереги жоқ, онысыз да барлық аўырманлықты мойнына алыўына туўра келди, қоңсы-қобалар да қарап



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалып атырған жоқ. Линияда бәнт болғанлардан басқалардың бәри де ертең болатуғын намаздың таярлығына қол-қабысын түйгизип атыр. Қатынлар үйлерден ыдыс-табақ жыйнап, самаўрын қойып, қамыр ийлеп тандыр өртеп, нан жабыўға киристи. Еркеклер суў тасыды, мүддети өтелип гөнерип қалған тахтайларды пышқылады. Бундай сырдандай далада биринши гезекте отын деген суў менен теңдей керек. Тек, Сәбийтжан ҳеш иске қол урмастан, областьта кимниң қандай жумыста ислейтуғынын, кимди жумыстан алып, кимди көтергенин айтып, қуры паңқылдап жүрип, ол жердегилерге иркиниш бере берди. Оның ҳаялының қәйин атасының намазына келмегенлиги оған ҳеш гәп еди. Не деген масқарашылық қудайым-аў! Билдиңлер ме... ҳаялының конференцияы бар екен, оған шет елден келгенлер қатнасады екен. Марҳумның ақлықлары жөнинде айтпаса да болады. Олар институтқа кириў ушын, жақсылап аттестат алыў ушын қатнас пенен үлгерлүге ат салысып атырған. «Адамлар не қусап баратыр өзи, бул қандай мақлуқлар түўе! — деп ишинен қәҳәрленди Едиге — Олар ушын дүньяда қазадан басқа барлық нәрселер әҳмийетли екендағы. Егер қаза олар ушын ҳеш нәрсеге турмайтуғын болса, онда өмирдиң де ҳеш қәдир-қымбаты жоқ болады дә! Не ушын булар ол жақта жасап атыр, соның мәниси не екен?» — деген қыял оның тынышын алып, ашыўын келтире берди.

Едиге ырасы менен Қаранарға қәҳәрленип бақырды:

— Сен неге бүйтип бозлай бересең, айдарҳа? Сен неге аспанға қарап зарлай бересең, тап сол жақта сениң даўысыңды қудайтала еситип турғандай? — Едиге усындай болып жекке сийрек қатты қәҳәрге минип, ҳеш жерге сыймай кеткен ўақытта түйесине «айдарҳа!» — деп бақырады. Тислери ақшыйған оның Қаранары бийбаза болғанлықтан, ҳәр жақтан келген жолаўшылар бул лақапты оған тағып кеткен еди. — Сен бе бақыратуғын, айдарҳа, тислериңниң нәрсесин қалдырмай сындырайын ба!

Түйениң үстине жазы салыў керек еди. Едиге оны жазылаўға кирисип, түйениң қасынан былайырақ кеткеннен кейин сәл ҳәўири басылып пәсине қайтты. Кем-кемнен оған сүйсинип қарай баслады. Қаранар ҳәм сулыў, ҳәм қүдиретли еди. Едигениң өзи тәўир бойшаң болса да оның басына қолы жетпейди. Епшиллик пенен

www.ziyouz.com kutubxonasi

түйениң мойнынан ийип атырған дырдың сабы менен жарғақ болған дизесине өсте тықылдатып, оны қәҳәрли даўысына бойсындырып шөктирди. Бозлап, бақырып қарсылық көрсеткен түйе соңында ийесиниң еркине бағынып, дизелерин бүгип, омыраўын жерге басып сәл тынышланған ўақытта Едиге оны жазылаўға киристи.

Түйени кеўилдегидей етип жақсылап жазылаў жай салған менен барабар жумыс. Ҳәр сапары жазы қайтадан салынады. Әсиресе, Қаранардай әўдийген түйени жазылаў ушын епшилликке қоса тәўирақ күш те керек.

Қаранар да әйтеўирден әйтеўир Қаранар болып жүрген жоқ. Оның басынан баслап желкесине дейин желкилдеген ири қара жүн, мойнынан төмен дизесиниң үстине дейин қалың етип жаўып турады. Оны айбатлы етип безеп көрсететуғын нәрсе — әсиресе арқасындағы диңкийип турған еки өркеши еди. Ушы қап-қара келте қуйрығы барлық салтанатының бәнт басарындай болып турады. Қалған жерлериниң бәри де: мойнының жоқарысы да, геўдеси де, бүйирлери де аяқлары да, баўырының асты да керисинше ақшыл қоңыр еди. Қаранар сондайлығы менен тайнапыр, атақлы, сымбатлы, қара торы түйе болды. Бул ўақытлары ол жасы отызға қарап кеткен әйне толысқан шағындағы атан еди.

Түйелер көп жасайды. Олардың бул қәсийети шамасы беске шыққаннан соң боталақлап жыл сайын емес, ҳәр еки жылдан бүўаз болып басқа ҳайўанларға қарағанда ботасын он еки айға дейин жатырында көп сақлағанынан болса керек. Ең баслысы — боталақ бир-бир ярым жасар мәҳәлинде аяздан, даланың ҳүўлеген самалынан аман сақланса оннан кейин күн сайын өсип, суўық та, ыссы да, суўсызлық та оған кәр етпей тайраңлап кетеди.

Едиге бул жөнинде истиң мәнисин билип Боранлы Қаранарды бирдейине күтип бағатуғын еди. Түйениң денсаўлығының биринши белгиси ҳәм күши қап-қара өркешлериниң тип-тик шойыннан қуйылғандай болып турыўында. Едиге урыстан қайтып келип, Боранлы разъездине қоныс басқанда, еле сүттен шықпаған, аяқлары сыйраңлаған, дәслепки жыллары тап үйректиң палапанына усаған үпик жүнли бул боталақты Қазанғап оған еншиге берген еди. Несин айтасаң, Едигениң өзи де ол ўақытлары ғыршылдаған жас жигит еди. Усы жерде картайып, сақал-шашының ағаратуғынын ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақытта билгиси де келмеди. Ҳәрдайым сол жыллардағы түскен сүўретине қарап отырып, өз-өзине исенбейди. Сақал-шашы аппақ болып, көп өзгерип кеткен. Ҳәттеки қасларына да ақ түскен. Бет әлпери әлбетте өзгерген. Ал, усындай жасқа келиўине қарамастан ол қуўнақ, жүрис-турысы шәпик тәндар. Қалай да өзине өзи қылған-дай дәслеп мурт, соңынан сақал қойды. Ал, енди сақал-сыз жүрсе тап жалаңаш жүргендей ерси көринеди. Соннан бери көп тарийхлар өткен екен ғой, деп айта бериўге де болады.

Мине, ол ҳәзирги шөгип атырған Қаранарға гә даўысын көтерип бақырып, гә қолын сермеп жасқайды, өйткени, түйе узын мойынлы қап-қара буйра басын бурып, арысландай аўызын ашқан ўақытта қарпып алмақшы болады. Едиге сөйтип турып сол жыллары не болған болса, бүгин сол турысында ядына түсирди. Кеўлиниң түпкиринде бүгинги күн менен сол жыллардың арасы алыстай сезилди.

Ол көп ўақытқа дейин ҳәммесин тақлап, арқан-тусаўын шуўмақлап гүйбеңлеп жүрди. Бул рет ол жазы салмастан бурын ески үлги менен гилемниң нағысы салып тоқылған жийегинде ҳәр қыйлы реңде шашағы бар жабыўды Қаранарға жапты. Кемпири — Үкибала буйынтықлап жасыра беретуғын усы алашаны ең биринши мәртебе Қаранарға қашан жаўып, қай ўақта жазылап, безеп жүргенин ол есине түсире алмай-ақ қойды. Бүгин сондағыдай етип жазыламаса болмайды...

Боранлы Қаранарды «ертлеп» болғаннан соң Едиге оны турғызып, еткен исине жүдә ғана кеўли питип қалды. Ҳәтте, өзинше ишинен марапатланып та қойды. Өркешлериниң арасына шеберлик пенен салынған жазы, шашақлы жабыў Қаранарды исенимли түрде салтанатлы етип жиберди. «Мен буны маба ушын ислеп атырған жоқпандағы, бирақ, жаслар әсиресе, Сәбийтжан көрсин, буның қандай екенлигин. Дүньядан қайтқан адамды жерлеўдиң мусаллат, тосқынлық емес, бирақ, мунлы болса да өзине ылайық жөн-жосағы бар, әдиўли ис екенин түсинермекен питегене?! Бундайда биреўлер музыка шерттиреди, биреўлер байрақ ийеди, биреўлер аспанға мылтық атып, тағы биреўлер гүлшеңбер алып жүреди...

Ертең азан менен Боранлы Едиге шашақлы жабыў жабылған Қаранарға минип, Қазанғапты ең соңғы


www.ziyouz.com kutubxonasi

мәңгилик жерине қуўыстырыў ушын Ана-Бейитке қарай сапар шегеди. Пүткил жол бойы Сарыөзектиң үлкен шөлистанлығын гезип баратырып, Едиге ол киси жөнинде ойланады. Усы ойлары менен оны исендирип, ата-бабасы жатырған қәбирстанның топырағына оны араластырады. Аўа, онда усындай исеним болған еди. Мейли, жол алыс болсын, жақын болсын ҳеш ким, ҳәттеки, марҳумның баласы да Едигени, Қазанғаптың өтинишин орынлаў жөниндеги пикиринен қайтара алмайды.

Сонлықтан да усы мақсет ушын оның Қаранарының жазыланып, мурынлықланып турғанын ҳәмме билип қойсын!» Мейли, ҳәмме көрсин. Едиге Қаранарды жетеклеп шықты да, үйлердиң арасын бир айландырып Қазанғаптың қақырасының алдына әкелип байлап қойды. Мейли, ҳәмме көрсин! Боранлы Едиге өз сөзинде турады, турмаўы мүмкин емес. Сөзинен шығыўы ушын усылай етип атыр. Едиге Қаранарды байлап атырған ўақытта Әдилбай Сырық иретин таўып, Сәбийтжанды бир шетке шығарып алып былай деди:

— Көлеңкеге жүр, ойласып алайық.

Ол жерде булардың гәпи көпке созылмады. Әдилбай сылап-сыйпап турмастан туўрысынан келди:

— Сен, былай ет, Сәбийтжан, бул дүньяда сениң әкеңниң яр-досы болған Едигениң бар екенине қудайға мың қәтле шүкирлик ет, марҳумды жөни менен жерлеў ушын бизлерге мәлел берме сен. Асығып турған болсаң, биз сениң шалғайыңа асылмаймыз. Сениң ушын мен-ақ бир қысым топырақты артық таслайын!

— Әке меники, өзим билемен, — деп киятыр еди, бирақ Әдилбай оның сөзин бөлди:

— Әке сеники, бирақ, сен жөнге түспей турсаң ғой.

— Сен солай дейсең ғой енди, — деп Сәбийтжан ырайынан қайтты. — Яқшы, усы бүгин бундай гәпти қояйық. Мейли, Ана-Бейит болса болсын, қандай айырмасы бар, тек мен алысырақ шығар деп ойлаймаң.

Усының менен олардың гәпи тамам болды.

Едиге Қаранарды ҳәмметиң көзиниң алдына байлап келди де, боранлыларға: «Жигит емес адамның сөзин қойыңлар, сизлер. Бундай адамды Ана-Бейитке апарып қоямыз...» деп еди, ҳеш ким қарсылық көрсетпестен, ҳәмме үнсиз келисим берди...

Адамлар түни менен марҳумның үйиниң алдында болып, гейде қоңсы ретинде даўыслап хабарласып жүр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Аспан ашық-жарық, ҳаўа-ырайы жағымлы еди. *Күндизги ыссыдан кейин бирден гүз айына тән Сарыөзектиң салқыны түсти.* Дүнья самалсыз тынық бир үллы геўгим қараңғылығының қушағында мүлгип тур. Ертеңги асқа сойылған қойды олар геўгимде териден шығарып, жалаңашлап таслады. Адамлар түтеп турған самаўрынның әтирапында шай ишип отырып, ҳәр қыйлы *өткен-кеткенлер жөнинде сөйлести. Жерлеўге тийисли* ҳәмме нәрсениң исленип болынған есабы, енди тек Ана-Бейитке жол алыў ушын таңның атыўын күтиў керек. Кешки мәҳәлдеги ўақыт тыныш, тап жасы қайтқан адамның бул дүньядан көз жумып баратырғанына мегзеп әсте-ақырын өтип атырғанлықтан, адамға ҳә*сиретли түрде тәсир етеди...*

Боранлы разъездинде болса поездлар әдеттегидей келип-кетип, шығыстан батысқа, батыстан шығысқа қарай зуўлап өтип атыр...

Ана-Бейитке жолланар алдында кешқурын мына бир кеўилсиз ўақыя болмағанда, басқасы ҳеш гәп емес. Соның арасында жолшыбай жүк вагонға минип, Айзада күйеўи менен әкесиниң азасының үстине келди. Ол өзиниң келгенин билдирип барынша азнап еди, қатынлар оны қоршап алып, ҳәммеси улы-шуў қум-қуўыт болды. Әсиресе, Үкибала, Айзаданың ҳәсиретин шериклесип болдырып қалды. Ол Айзаданы аяды. Олар жоқлаў айтып, зар жыласты. Едиге Айзадаға кеўил айтып: өлмектиң изинен өлмек жоқ, тәғдирдиң басқа салғанына қайыл болмақ керек деп еди, оның кеўли буннан тәселле таппады.

Көбинесе усындай болады — әкесиниң қазасы оның жылаўына сылтаў болып, баяғыдан бери сөз ретинде ишинен шығыўға жол таппай жүрген дәртлери ағытылып кетти. Өлген әкесине қарата даўысын көтерип, кеўили ыдырап, исинип, бираз ўақытқа дейин ҳаялшылыққа салып, өзиниң ығбалының келиспегенин, ҳеш кимниң буған түсинбейтуғынын, ҳеш кимнен жөнли сөз еситпегенин, жаслайынан талабы келиспегенин, күйеўиниң арақхор екенин, балаларының азаннан қара кешке дейин станцияда тәрбиядан бос қалып қаңғыратуғынлығының себебинен хулиган болғанын, мүмкин, ертең поездды тонап бандит болыўға итималы бар екенин, үлкен баласының арақ ишиўди баслағанын, милицияның ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лин ескертип, қулласы, жақында иси прокурорға өтетуғынын айтып жылай берди. Оның бир өзиниң не ислей алыўы мүмкин, олар болса алтаў! Әкесиниң сыйқы мынаў...

Шынында да ҳеш болмаса әкеси тирнекли болғанда бундай болмаспеди. Қәйин атасының намазына келген, оның өзин өзи қорлаған күйеўи, сапасы төмен, сасық сигаретти пысқытып ялғаншыдан қол үзгендей бир ҳалатта ҳәрекетли түрде түнерип, өз аўанына үнсиз отыр. Бундай жағдайды ол биринши мәртебе көрип отырған жоқ. Айзаданың қатыншылық етип байбайды салып-салып, шаршап қоятуғынын ол биледи. Усындай ретсиз ўақытта ағасы Сәбийтжан қарындасының жағдайына араласты. Қолайсызлық усыннан басланды. Сәбийтжан қарындасын уялтпақшы болды:

— Усындай етип отырғанды қайда көрдиңлер, бул қаяқтың ҳөнери, бул әкесиниң намазына келди ме, ямаса өзин өзи шерменде етиўге келди ме? Әдиўли әкеси өлгенде қазақтың қызының жылағанының жөни усындай боламекен? Қазақлардың атайы қатынларының айтып кеткен жоқлаўы жүзлеген жыллардан бери соңғы әўладларға аңыз ҳәм қосық болып жетпегенбеди? Сол жоқлаўлар айтылғанда тек өлген адам тирилмеген, ал тыңлап турғанлардың сай-сүйеги сырқырап, көз жасы көл-дәрья болған. Өлген адамды орынлы түрде марапатлап көкке көтерген — әне қәйтип жылаған дейсең бурынғы қатынлар. Мынаў не? Басына түскен жетимшиликти, бийшарашылығын, бул дүньяға шығып ығбалының ашылмағанын айтып азнап отыр!

Шамасы, Айзада тап усыны күтип отырғандай еди. Дәрҳал қайтадан пәт алып бурынғыдан бетер қәҳәрленип кетти.

— Әй, сен қаяқтан шыққан ақыллы дана, оқымыслысаң! Сен оннанша дәслеп өзиңниң қатыныңды жөнге сал. Сен бул сулыў сөзлериңди әўеле өзиңниң қатынына үйрет. Ол не себепли бул жерге келип, бизлерге қәйин атасының жолын сыйлап жоқлаў айтып бермейди? Сениң сол жуўҳаң бизлердиң әкемиздиң мерекесине келгенде гүна болармеди? Сен қатыныңның айтқанынан шықпайтуғын туўмай туўа шөккир ҳарамы, бул ғаррының ийне-сабағына дейин тонап алдың. Мениң байым қалай алқаш десең де усы жерде бар ғой, ал сениң сол сәллақы, ақылы дәне оқымыслың қаяқта енди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақытта Сәбийтжан Айзаданың аўзына қум қуйыўы ушын оның байына бақырып еди, ел бирден жулқынып. дәпинип Сәбийтжанның алқымынан буўындырды...

Боранлылар арашаға түсип, зорға дегенде айырып алды... Қәйтсе де адамлар жийиркенгендей масқарашылық болды бул. Едиге жүдә ғана қапа болып қалды. Ол булардың насаз, пәс адамлар екенин билсе де, бирақ, бундай истиң басына барысады деп ойламаған еди. Едиге парты шығып, күйип кеткенликтен:

— Егер сизлер бириңизди бириңиз сыйламасаңыз да бирақ мына марҳум әкеңиздиң руўхын сыйлаң ҳеш болмаса. Солай етпейтуғын болсаңлар бул жерден ийт қосып қуўып жиберемен бирақ. Бети-жүзиңизге қарамайман, өзлериңнен көриң, — деп ескертти.

Марҳумды шығарардың алдында усындай бир пышық басты бийабырайшылық болды да қалды. Едиге оғада қапа болып түнерип кетти. Тағы да қабағы үйилип, қасларының арасы жыйрылып, қосылып, оны тағы да мынадай саўаллар қыйнай баслады: буның улқызлары қаяқтан бундай болып жүр? Буларднки не? Неге бундай болып өсти екен-ә? Қазанғап пенен ексўи жаздың ыссысы менен қыстың суўығында буларды Қумбелдеги интернатқа аўзына тислегендей етип апарып, алып келип оқытқанда усындай болар деп ойлаппеди? Келе болсын, қатарынан кем болмасын, Сарыөзектиң қандай да бир разъездинде шаңға батып, көзи ашылмай қалмасын, соңғылығында ата-анамыз бизге ғамхорлық етпеди, деп тағдирге налымасын деген жоқпеди? Мине енди, ҳәммеси ҳәргизине қарай — керисинше болып шықты. Адамның жанын суўытып, дизден қайтарып турған булардың дурыслы адам болып шығыўына не нәрсе кесент берди екен-ә?

Бул сапары да Әдилбай Сырық араға түсип, кәтқудашылық етип дегендей, Едигениң кеўилин алып, сол күни кеште оның аўырын жеңиллестирди. Бул жағдайлардың Едигеге аўыр соққы екенлигин ол түсинетуғын еди. Қәдимнен киятырған дәстүр бойынша бундай жерлеў мәресиминде адамлар, өлген адамның балаларының ерки менен есапласады. Мейли, мың жеринен жарамас, мың жеринен ұят-абырайды билмейтуғын ўас-ўас бола берсин, оларды мерекеден қуўып жибере алмайсаң. Ҳәмменин кеўилин қуптан еткен ағасы менен қарында-

www.ziyouz.com kutubxonasi

сының арасындағы урыстың кейнин жуўып шайып жибериў ушын Әдилбай Сырық барлық еркеклерди үйине шақырды.

— Бул не, далада қуры уйлығысып турып аспандағы жулдызларды санаймыз ба, оннанша бизиң үйге жүриңлер, шай-пай ишип, әңгимелесип отырайық, — деди ол.

Әдилбай Сырықтың үйине келип жайғасқаннан кейин, Едиге пүткиллей басқаша бир дүньяға енип кеткендей болды. Ол бурынлары да қоңсы-қобашылық ретинде бул үйге келип, Әдилбайдың хожалығының жыйнақлылығын көрип, жаны жай таўып рәҳәтленип қалатуғын еди. Бүгин оның бул үйде көбирек отырыўды кеўили күсеп, шаршағанын шығарып, бир жазылысқысы келди.

Әдилбай Сырық та басқалар сыяқлы, темиржол оңлайтуғын жай рабочий болып, басқалардан зыят айлық алмайды. Басқалар сыяқлы бул да қурама етип салынған, асханасы бар жайдың жарты жағында, еки бөлмели өжиреде турса да, бирақ, бул үйдиң от басының уядай азадалығы кеўилге қонымлы еди. Ҳәмместиң де үйинде демленетуғын қәдимги шай. Әдилбайдың үйиндеги кеселер де өзгеше түс алып, пал татып турады. Әдилбайдың ҳаялы да мийзамкеш, бир хожалықтың гирдикарын уршықтай айландыратуғын келиншек, балалары да әнедей ғана. Булар да Сарыөзекте шыдағанынша оңысық етип, бир күни тәўир көрген жерине көшип кетеди-дағы деп шамалады, Едиге ишинен. Усыннан булар да бул жерден көшип кетип қалса, жақсы қоңсының адамның кеўилин елжиретететуғын өкиниши бардағы...

Керзовый етигин кирер аўызға шешип, төрги жайға өткеннен кейин шулықшаң малдас қурынып отырған Едиге өзиниң ҳәм шаршап, ҳәм аш болғанын азаннан бери жаңа сезди. Арқасын дийўалға берип, тым-тырыс болып қалды. Пәскелтек хантахтаның дөгерегин айланшықлап отырған адамлар болса, аннан-мыннан гәп таўып, өз-ара әстен гүңкилдесе баслады...

Еситкен адам таңланғандай гәптиң үлкени соңынан басланды. Өткен ақшам көрген космос кораблин Едиге ядынан шығарып жиберген екен. Бул жөнинде билетуғын адамлардың гәпине қулақ қойып отырып, ол ойланып қалды. Олардың гәпиниң рәмәўизине қарап отырып, бул жөнинде ол өзине тыңнан ашылған бир нәрсе таппағанлығынан емес, ал, сол нәрседен бийхабар жүрген


www.ziyouz.com kutubxonasi

садалығына ҳайран қалды. Бирақ ҳәммени таңландырып атырған бул космослық ушыўлар өзине жүдә алыс, сырлы ҳәм намәлим ис болғанлықтан, Едиге өзиниң оннан бийхабарлығына онша қобалжып, қыйналбады. Сонлықтан ол булардың бәрине де ҳәм қәўипсинип, ҳәм ҳүрмет сезимин билдирип, зыядатыйлық пенен пайда болып атырған бул қүдиретли күш туўралы айтылғанларды еситип жүрген мақул деген пикирде болды. Өйткени, өткен ақшам космосқа гүўлеп баратырған корабль оның жан дүньясын титиркендирип, сусты басып кеткен еди. Әдилбай Сырықтың үйинде әне, сол корабль ҳаққында гәп болып атыр, ақыры.

Олар дәслеп шубат ишип отырды. Салқын ҳәм көпирип турғанлықтан азлап, жеңил-желпи кейип беретуғын шубат еди бул. Темиржолды оңлаўға келип-кететуғынлар буны Сарыөзектиң пивосы деп өзи қайттыға ишеди. Ортаға табақ келгенде, бул үйден арақ та табылды.

Улыўма Боранлы Едиге бурынлары отырыспада ишип жүрсе де, бирақ, бул сапары татып алмады. Ертеңги азалы күн, жолдың алыслығын ескертип, басқалар да түсинсин, көп ишпесин деген мәниде мәсләҳәт берип отырды. Сөйтсе де мына жигитлердиң, әсиресе, Сәбийтжанның арақты шубатқа араластырып ишип отырғаны Едигени тынышсызландыра баслады. Шубат пенен арақ араласса болды — бир арбаға пәтли еки ат қосылғандай, адамның кеўилин көтерип жибереди. Сөйтсе де бүгин тап соның кереги жоқ еди. Бирақ нәмнаған жигитлерге ишпе деп қалай айтасаң? Өзлери де жағдайды түсиниўи керек ғой. Әйтеўир, не де болса Айзаданың күйеўи арақ ишпей, шубат ишип отыр. Алқаштың аўзына шамалы тийсе болды да — соны билип, қәйинатасының намазында ишип, мәс болып, жатып қаларман деп ойлаған шығар. Бирақ, оның қашанға дейин ишпей-нәпсине күши жетип отыратуғынын бир алланың өзи биледи.

Мине, олар усындай етип, ҳәр түрли нәрселер туўралы сөйлесип отырды. Әдилбай экскаватордың ковшасындай созылып-ийилген узын қолы менен қонақларына шубат қуйып берип отырып бирден ядына түсип кетти:

— Едеке, өткен ақшам мен сизиң орныңызға гезекке турыўға барғанымда сиз былайырақ бармай атырып-ақ, ҳаўада бир нәрсе гүрп етип қатты силкингени сол, тур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ған жеримде теңселип кетип, жығыла жазладым, — деди ол шубат қуйылған кесени Едигеге созып атырып. — Қарасам, космодромнан аспанға ракета зуўлап баратырған екен! Болар бәле емес, гиддиман! Тап өредей дүп-дүзиў! Сиз де көрген шығарсыз?

— Айтарың бар ма! Аўызым аңқайып қалыпты. Күш болғанына! Барлық жери от болып жанып, кем-кемнен жоқарылап кетип баратыр, кетип баратыр, сирә бир жерде турақлайтуғын нәрсе емес! Жан-ийманым қалмады. Сонша жылдан бери усы этирапта жүрип, ондай бәлени көрмеген едим.

— Аўа, бала, тап мениң де өз көзим менен биринши мәртебе көриўим, — деп Әдилбай да ырасын айтты.

— Сениң де биринши мәртебе көриўиң болса, онда мына биз усаған мыртықлардың... баяғыдан бери көрмей жүргенимизше бар екен ғой, — деп Сәбийтжан Әдилбайдың бойының узынлығын нәзерде тутып басқыламақшы болды.

Әдилбай Сырық оның бул гәпин итибарға алмаған бир сыпатта, күлимсиреп қойды да:

— Бойда турған не бар, — деп қолын сермеди ол. — Тутасы менен гүўлеген от аспанға көтерилип баратыр аў тап, қарап турып, өз көзиме өзим исенбедим! Тағы биреў космосқа сапар шеккен шығар деп ойладым. Сапарың оңынан келсин-ә! Бирдейине өзим менен бирге алып жүретуғын болғанлықтан, дәрҳал транзисторды таўлаў менен болдым. Итимал, ҳәзир бул туўралы радиодан хабарлайтуғын шығар. Қәдимгидей космодромнан еситтириў басланбас па екен? Диктор бундай ўақытларда салтанатлы митингидегидей етип йошып, адамды жигерлендирип сөйлейтуғын еди ғой. Өйткени, Едеке, өзим көрип турған ракетадағының ким екенин билгим келип тыпыршыласам да, бирақ биле алмай-ақ қойдым.

— Өнеге? — деп ҳәммеден бурын Сәбийтжан үлкен мәни аңлататуғын сыпатта қасын керип таң қалды. Шубатқа араластырып ишип отырған арағы оған өз тәсирин көрсете баслағанлықтан, ол ҳәм терлеп, ҳәм қызарып кеткен еди.

— Билмеймен. Ҳеш нәрсе айтпады. Мен бирдейине «Маяк»тың толқынын тутып тур едим, ол жөнинде бир де сөз айтпады.

— Мүмкин емес! Ондай болса оған бирнәрсе болған деп гүмансыраған Сәбийтжан, дәрҳал шубат аралас-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырылған арақтан тағы симирип жиберди де, тамағын бир қырып сөйледи. — Космосқа болған ҳәр бир пәрўаз — бул пүткил-дүньялық ўақыя деген сөз... Билесең бе? Бул бизиң илим ҳәм сиясаттағы үлкен жетискенлигимиз.

— Билмедим, неге олай екенин. Соңғы хабарды да, газеталарға шолыўды да тап соны еситейин деп тыңладым...

— Ҳим! — деп басын шайқады Сәбийтжан. — Өзимнин жумыс орнымда болғанымда мен оны, әлбетте билген болар едим! Ўаҳ, әттеген-әй. Мүмкин, бир қолайсыз жағдай болған шығар?

— Ким биледи, оған не болғанын, ал бирақ қудай урсын егер, мениң тәнҳә өзим пәнтқумар қалдым, — деп Әдилбай Сырық өзиниң шын кеўлинен өкиниш сезимин билдирди. — Мениңше ол өзимиздиң космонавт. Көзимниң алдында ушты ақыры. Өзимиздиң таныс жигитлердиң биреўи кеткен шығар. Қуўанғанның үлкени сөйтип болар еле. Соңынан қәпелимде оның менен бир жерде ушырасып қала қойсақ, шеп болмас едик, қалай да...

Сәбийтжанның ядына тосаттан бир болжаўлы пикир түсип кеткенликтен, оның гәпин бөлип:

— Ҳа-а, мен енди билдим. Ишинде адамы жоқ корабль ушырған. Тәжирийбе ушын солай еткен, — деди.

— Ол қалай? — деп Әдилбай оған шекелеп қарады.

— Қалай болатуғын еди. Қәдимги тәжирийбениң бир түри. Сынап көриў ушын, түсиндиң бе? Адам басқармайтуғын транспорт, я жүйлесип қосылыўға кеткендағы, я орбитаға шығарылған, ҳәзирше не болып не қоятуғыны намәлим болғаны онда. Егер ҳәммеси кеўилдегидей болса, онда газетаға да жазады, радиодан да хабарлайды. Ал, егер олай болмаса, онда хабарламаўы да мүмкин. Әпиўайы илимий тәжирийбе қәдимги.

— Ал, мен тири адам ушқан шығар деп ойлаған едим, — деди Әдилбай өкинишли түрде жыйырылған маңлайын сыйпалап.

Адамлардың Сәбийтжанның жаңағы айтқанларына кеўили қаўып қалды ма, ҳәмме тым-тырыс болып, әңгиме усының менен туўарылайын деп тур еди, Едиге абайсызда бул гәпти тағы да жанландырып жиберди.

— Жигитлер, сизлердиң гәпиңиздиң рәмәўизине қарағанда космосқа адамсыз ракета ушқан, солай ма? Ал, сонда ол ракетаны ким басқарып, ким бағдарлап отырады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ким басқарадысы нес-с? — деп таңланыңқыраған Сәбийтжан алақанын шарт еттирди де, саўаты жоқ Едигеге қоқырайып қарады. — Ол жақта Едеке, бәри де радио менен исленеди. Жерден, яғный Орайлық басқарыўдан нусқаў бериледи. Түсиндиң бе? Мейли, бортында космонавт бола берсин, бәрибир сол ракетаға радио арқалы бағдар бериледи. Ал, космонавт өзинше бирнәрсе ислемекши болса, әне сол радио арқалы рухсат алыўы керек... Бул сараң Сарыөзекте Қаранарға минип, қоқаңлап жүриў емес, ақсақал, ондағының бәри де жүдә қыйын...

— Солай деп айтпайсаң ба, — деп Едиге гибиртиклеп қалды.

Қалай да Боранлы Едигеге радио арқалы басқарылатуғын усылдың өзи түсиниксиз еди. Оның түсиниги бойынша радио бул ҳаўа арқалы алыстан сөз, сес тарататуғын бир нәрсе. Бундай усыл менен жаны жоқ нәрсе қалай басқарылады? Сол нәрсениң ишинде егер адам болса онда басқа гәп: ол көрсетпени орынлап, олай исле десең — олай, былай исле десең — былай ислеп отыра береди. Едиге булардың ҳәммесин де сорап билмекши еди, бирақ «әй, қояйын соны, арзымайды» деген пикирде болды. Кеўили бир түрли болып кетти. Үндемеди. Сәбийтжан өз билгенлерин айтқан ўақытлары, мине көрдиңлер ме, өзлериң ҳеш нәрсе билмейсиз, соннан келип мени сағал аяққа шығармақшы боласыз, журтта қалған мәскүнем мына жаман бағана мени буўындырып тасламақшы болып атыр еди. Бундай мәселелер туўралы мен бәриңизди де отырғызып таслайман деген мәнинде өзгелерди мисе тутпайтуғын түр билдирип отырды. «Ҳәр кимге қудайдың өзи яр болсын деп ойлады Едиге. — Өмир өмиримизше биз сени усындай билимли болсын деп оқытып едик. Бизлер сыяқлы оқый алмай қалған саўатсызларға қарағанда көбирек билиўи тийис». Едиге тағы да былайынша ойлады. «Ал, егерде усындай адамлардың қолына ҳәкимшилик тийсе қалай болады? Олар да Сәбийтжан сыяқлы суў қуйды болып шыға келедидағы, болмаса шыдаса алмайды. Қараўындағыларды жел қояр сирә. Бәрин сезип, билемен деп турса солай етпей не қылады енди. Мынаның болса, еле баслығы ийегин көтерген жаққа қарай жуўырып жүргендеги пәти мынаў, соның өзинде ҳәммени аўызына қаратқысы келеди, ҳеш болмаса усы жердеги Сарыөзектегилерди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынында да Сәбийтжан боранлыларды ҳайран қалдырып, сөйлетпей таслаў мақсетинде олардың басын көтертпеймен деген пикирде еди. Сол арқалы ол бағана мыналардың көзинше қарындасынан сөз еситип, күйеў менен жаға буўысқанда төгилген абырайын тиклеп алмақшы болды. Сөйтип, адамлардың дыққатын басқа жаққа аўдармақшы. Сонлықтан ол, таңқаларлық әжайып ўақыялар, илимий жаңалықларды айтып отырып ара-арасында арақтан да, шубаттан да уртлап, қызаребөртип көпиргени соншелли,бийшара боранлылар оның айтқанларының қайсы бирине инанарын билмей қалды.

— Мине, өзлериң-ақ ой жуўыртып көриңлер, — деди ол жалт жулт еткен көзәйнегиниң тасасындағы мәсликтен мөлерген көзи отырғанларға бир қатара сүзилип. — Бизлер, егер биле билсеңлер, адамзат тарийхындағы ең бахытлы адамлармыз. Мине, сиз, Едеке, енди бизлердиң арамыздағы ең жасы үлкенимизсең. Сен билесең Едеке, бурын қандай болған, ал ҳәзир қандай. Мен буны неге айтып отырман? Бурын адамлар қудайға исенетуғын еди. Әййемги Греция дәўиринде қудайлар Олимп деген таўда жасаған-мыш. Ал, енди солар қандай қудайлар еди?! Гилең мәжгүн бир. Олар не қылған? Аўыз биршилиги болмағанлықтан, өз-ара урысып, соның себебинен аты шығып кеткен. Адамлардың күн көрис жағдайын өзгертиў қолларынан келмеген, бул туўралы қыялларына да келтирмеген. Соңынан бул қудайлардың өзлери де жоқ болып кеткен. Бунның бәри аңыз. Ертек. Ал, бизлердиң қудайымыз болса, өзлеримиз бенен қатар усы жерде, Сарыөзектеги космодромда бирге болып атыр. Соның ушын да бизлер оған арқа сүйеп, пүткил жер жүзи алдында көкирек керип мақтанамыз. Оларды бизлердиң ҳеш биреўимиз де көре алмаймыз, ҳеш ким билмейди де, билиўге тийисли де емес. Ҳәрқандай Мырқымбай-Сырқымбайдың оларға қолын созып: «Аманлық па, жағдай қалай?» — деўине жол қойылмайды. Мине, буларды нағыз қудай десе болады! Мине, сен Едеке, космос корабли радио арқалы қалай басқарылады деп ҳайран қалып отырсаң. Ол бир ешейин гәп, ол баяғыда ашылған жаңалықлардың бири! Ол аппаратура, машиналар программа бойынша ҳәрекет етеди. Еле сол автоматлардай етип, адамларды да радио арқалы басқаратуғын ўақыт келеди. Сизлер түсинип отырсыз ба, ҳәр бир адамды жеккеме-жекке үлкенинен баслап, кишкене-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сине дейин солай етиўге болады. Ҳәзирдиң өзинде оған туўралы илимий анық нәтийжелер бар. Ийгиликли мақсетлер жолында илим буған да еристи.

— Тоқта, тоқта, бир нәрсе болса дәрҳал ийгиликли мақсетлер жолында дейбереди екенсең, — деп оның гәпин бөлди Әдилбай Сырық. — Мен мынаған онша түсинбей отырман, сен соны айтып бер маған. Берилген нусқаўды еситиўимиз ушын шамасы, сонда бизлердиё ҳәр биримиз транзисторға усаған радиоприемникти ийнимизге қыстырып жүриўимиз керек пе? Ол ҳәмме жерде бар ғой!

— Қойсаң-әй, сен! Гәп онда емес. Сениң ол айтып отырғаның баланың ойыншығындай бир нәрсе! Ҳеш ким ҳешнәрсе алып жүрмейди. Мейли, көзге көринбейтуғын биоток деп аталатуғын радиотолқынлар бирдейине саған, сениң санаңа тәсир етеди де турады. Сонда сен қайда бармақшысаң, қәне?

— Солай ма, еле?

— Енди не деп един! Орайдан берилген көрсетпе бойынша адам бәрин де ислеп жүре береди.

Булардың ҳәммесин қыялында ол өз ерки менен ислеп жүрген сыяқлы болған менен шынлығына келгенде, жоқарыдан берилген көрсетпе буны ислетип отырған. Ҳәммеси де қатаң тәртип пенен иске асырылады. Саған қосық айтыў керек пе — сигнал бериледи — айта бересең. Сениң танца ойнаўың керек пе — сигнал бериледи — танца ойнай бересең. Жумыс ислеўиң керек пе — ислегенде қандай, дөндире бересең! Урлық, бийтәртиплик, қылмыс дегенлердиң бәри де жоқ болып умытылып кетеди, олар жөнинде тек ески китаплардан ғана оқыўға туўра келеди. Себеби, адамның минез қулқы, тәртип-интизамы, әрманлары бәри де тек сол программаға сәйкес жәмлестирилген болады. Мәселен, былай деп айтайық, ҳәзир пүткил дүнья жүзинде демографиялық бурқасынлаў — адамлар көп туўылып атыр, ал оларға азық-аўқат жетиспейди. Не қылыў керек? Туўыўды азайтыў керек. Сонлықтан жәмийеттиң талабына муўапық сигнал берилгенде ғана ҳаялыңа жақынлық ете алатуғын боласаң.

--Ийгиликли мақсет жолында ма? — деп ҳеш қандай жасырмастан анығынан келди Әдилбай Сырық.

— Әлбетте. Мәмлекетлик мәп бәринен де жоқары турады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ал, егер мен сол мәплер менен қызықсынбай, ҳаялыма жақынлық етсем қалай болады.

— Әдилбай жора, оннан ҳеш нәрсе шықпайды. Ол ўақытта сениң басыңа бундай қыяллар келмейди. Ҳаял түўе, дүньядағы ең сулыўды алдыңа әкелип қойса да, сен оған көзиңниң қыйығын салмайтуғын боласаң. Себеби, саған жағымсыз биоток жибериледи. Солай етип бул мәселеде толық ҳәм кеўилдегидей тәртип орнатылады. Буған исене бер. Ямаса әскерий исти алайық. Бәри сигнал арқалы иске асырылады. Отқа секириў керек пе — отқа секиреди, парашюттан секириў керекпе — қас қақпастан секире береди, атом минасы менен бир дегенде танкиниң астына таслаў керек пе — марҳамат! Неге солай дейсизлерме, сизлер? Адамға қаҳарманлық бағыш ететуғын биоток жиберилгенликтен — онда енди қорқыныштан намыў-нышан қалмай, ҳешнәрседен қайтпайтуғын болады... Мине солай!...

— Аҳ, өтирик деген де рабайы менен болыўы керек еди. Сулқыйтып салдың-аў, сенде!... Сонша жыл оқып, үйренгенлериң усы ма? — деп Әдилбай ырасы менен таңланды.

Отырғанлар ҳеш кимнен тартынбастан басларын шайқап, таңлайларын қағып, аўызлары жайқыйып күлип жиберди. Бирақ, өтирик болса да бурын еситпегеннен кейин, қызықсынып тыңлап отырды. Олардың ҳәммеси де түсинген еди; жигитиң арақ пенен шубаттан аз-азлап ишип, көпирип отырғанлықтан, оннан не ужыбатлы нәрсе күтиўге болады, мейли, былшылдай берсин. Биреў бир жерден еситкен екен, енди соның ырас-өтиригиниң парқын айырыў ушын бас қатырыў керек пе? Сөйтип отырғанда Едиге бирден ыраслап қәўипсинейин деди: бизиң бул быжық мәзи сампылдап отырған жоқ шығар. Буларды ол бир жерлерден оқыған, я қулағы шалып қалған. Усындай гәп болса наўасын қалдырмастан «қағып» алады бул. Ал, егер шынында да, бизлерди басқарыўды аңсап жүрген, қудайға тәқаббил сондай үлкен оқымыслылар бар болса тәәжип емес...

Сәбийтжан еле иркилместен лепирседе адамларды аўызына қаратып отыр. Терлеп кеткен көз әйнегиниң тасасындағы көзлериниң қарашығы үлкейип, тап қараңғыда турған пышықтың көзиндей болып кетсе де, ернин биресе арақ, биресе шубат пенен ҳөллеп қойды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди ол қолларын сермеп, океандағы қандай да бир Бермуд үш мүйешлигинде корабльлердиң намәлим себеп пенен ғайып болып, сол тустан аспанда ушып баратырған самолетлардың жоқ болып кететуғыны ҳаққында айта баслады.

Областьта биреў қалай болмасын есабын таўып шет елге барып қайтыўға рухсат алған еди. Сондай болады деп ким ойлапты? Бараман деп өзиниң басына өзи жетти. Басқа биреўге тийисли орынды тартып алып, Уругвай ма, Парагвай ма, әйтеўир сол тәрепке қарай океанның үсти менен ушып кетти. Тап Бермуд үшмүйешлигиниң үстине барған жерде, самолет ушты-күйди жоқ болып кетипти. Соннан қайтып келмеди. Ал, енди жигитлер биреўди ысырып шығарып, оның орнын тартып алыўдың не кереги бар еди? Бермуд үшмүйешлигин не қыламыз, оннанша өзимиздиң жеримизде аман-есен, жайнап-жаснап жүре бергеймиз. Қәне, өзлеримиздиң ден саўлығымыз ушын алып жиберейик!

«Мынаў тағы қатырды-аў! — деп наразы болды Едиге ишинен! — Ҳәзир ол өзиниң ең жақсы көретуғын ертегин есине түсирип, айта баслайды. Қудай тас төбесинен урған! Ишип алса болды — тоқтата алмайсаң!» Едигениң ойлағанындай болды.

— Ден саўлығымыз ушын ишейик! — деп тағы тәкирарлады. Сәбийтжан, әтирапында отырғанларға гүңгиртленген көзлерин мөлертип қарап отырғанда бет-әлпетинен оларды менсинбейтуғын түр билдириўге күш салды: — Бизлердиң ден саўлығымыз — елимиздиң үлкен байлығы бул! Солай болғаннан кейин, бизиң ден саўлығымыз мәмлекетлик байлық деген сөз! Әне, қандай-ә?! Бизлер деген кишигирим адамлар емеспиз — бизлер мәмлекетлик адамлармыз! Сонлықтан мынаны айтпақшыман...

Боранлы Едиге орнынан ғарғып турды да, бунын айтып атырған тостының соңын күтпестен, үйден шығып кетти. Кирер аўыздағы қараңғыда қармаланып, бос шелек пе, я қутыма бир нәрселерди даңғырлатып жүрип кирзобай етигин таўып алды да, бағанадан бери далада турғанлықтан иши муздай болып қалған бул етиклерди жүрип баратырып кийип үй бетине қарай гәзепленип бағдар алды. «Аҳ, бийшара Қазанғап! — деп муртын жалмап тислеп, үнсиз гүңиренди ол. — Не болды бул — аза деп аза емес, я қайғырыў деп қайғырыў емес! Тап



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир тойда отырғандай арақты симирип отыр. Мәмлекетлик ден саўлық деген бир нәрсе ойлап таўыпты, қойса қәне. Ертең қуда қәлесе бийабырай болмай марҳумды жерлеп, жетисин бир тарқатып алайық, оннан кейин буннан қутылып, бул жерге енди қайтып изеп баспайтуғын етемен. Бул жерде оның кимге кереги бар, ким керек екен оған?!».

Деген менен, Әдилбай Сырықтың үйинде тәўир-ақ отырып қалған екен. Ўақыт ярым ақшамға шамаласып қалыпты. Сарыөзектиң түнги аяз бенен салқын ҳаўасынан Едиге ентигип кетти. Ҳаўа ырайының ертең қәдимгидей ашық-жарық, тәўирақ, ыссы болатуғын сылайы бар. Бирдейине солай. Күндиз — ыссы, түнде — салқын. қыр дөгерек — даланың қулазып, гияның оңлап өспейтуғыны. Күндиз олар қуяшта ырғалып, солғын тартып жаўырныңды жуўылдатып жибереди. Сонлықтан ғой турады да, түнге қарай суўық урып кетеди. Нәтийжеде тек шыдам бергенлери ғана қалады. Ҳәр қыйлы тикенекли өсимликлер, жантақ, көп жерлерди алып атырған жуўсаннан басқа, сайдың ултанына жал-жал болып шыққан ҳәр қыйлы шалғын шөплерди қысқы мал отыға орып-шаўып, жыйнап алыўға болады. Едигениң көп ўақыттан берги кеўиллес жорасы Елизаров деген геолог: бир заманлары бул жерлер гүллери ҳәр қыйлы ирeңдеги гиялар көгерген қалың отлақ болған, ҳаўа ырайы да ҳәзиргиден басқаша, жаўын-шашыны мол болған дейди. Усындай болғаннан кейин өз-өзинен түсиникли емеспе, жағдай да соған сәйкес, басқаша болады. Сарыөзектиң даласында ол ўақытлары пада-пада мал, үйир-үйир жылқы, отарлы қойлар жайылып жүретуғын болған. Шамасы, бул жүдә ерте заманларда, бул қатарларды жуань-жуань деген келгиндилер қанға бояп кетпестен бурын болса керек. Олар бул әтираплардан қуўып жиберилсе де бул ўақыялар жөнинде аңыз-әңгимелер Сарыөзектиң өңирине сыймай шубырып көбейип кетпеспеди Сонлықтан, Елизаров Сарыөзекти — дала тарийхының умытылған китабы дей береди... Ол Ана-Бейит қойымшылығының тарийхы да ешейин нәрсе емес деп есаплайды. Не бир саўатлысымақлар бар, олар тек қағазға жазылғанларды ғана тарийх деп мойынлайды. Ал, егер сол заманларда китап жазылмаған болса ше, сонда қалай болады?...

Разьезд арқалы өтип баратырған поездлардың улы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

салдырлысына қулақ салып турып, Едиге бир түрл кейипте, урыстан бурын өзи туўылып-өскен Арал теңизиниң даўыллы күнлердеги ларсылдысын ядына түсирди. Қазанғап та араллы қазақ еди. Бәлки, сонлықтан шығар, темиржолға келгеннен кейин екеўиниң аралары жақынласып, Сарыөзек шөлистанлығында жүргенинде, олар өзлериниң теңизин сағынып, тез-тез еслерине түсирип қоятуғын еди. Ҳәтте, өлериниң алдына таман бәҳәрде екеўи Аралға барып та келди. Байғус ғарры сонда теңиз бенен ырзаласыўға барған екен ғой... Бармағанда да болады екен. Кеўиллери бузылып қайтты. Теңиз қашықлап кеткен. Суўы тартылып — Арал қурып баратыр екен. Ишкериге қарай тартылған суўдың жағасына жетип бараман дегенше бурын айдын-шалқар суў жататуғын жерлер енди болса тап-тақыр болып шаңғытып атыр. Қурғақшылық пенен он шақырымдай жол жүрип барды. Сонда Қазанғап былай деген еди: «Жер бинә болғаннан бери — Арал теңизи қурымаған еди. Енди бул да қурып баратыр. Солай болғаннан кейин адамның өмири не болсын?» Сонда ол тағы былай деген еди: «Алланың аманатын тапсырсам, сен мени Ана-Бейитке апарып көм Едиге. Бул мениң теңизди ең соңғы мәртебе көриўим!»

Боранлы Едиге сорғалаған көз жасларын жеңи менен сыпырды да, өңешине тирелген ғәрип ҳал сырылдыны жоқ етиў ушын қайта-қайта жөткиринип, Қазанғаптың қақырасына қарай бурылды. Бул ўақытта бул үйде Айзада, Үкибала ҳәм басқа да қатынлар аза үстинде отырған еди. Боранлының қатын-қалашлары бул үйге бири кирип, бири шығып дегендей ҳәм қайғысына шериклесип, ҳәм қолқабысын тийгизип жүрген еди.

Мал қораның тусынан өтип баратырғанда Едиге сәлпәл иркилип турып, бир жағы жерге көмилген қыйсық бақанға байлаўлы турған Боранлы Қаранарға көз салды. Үстине шашақлы жабыў жабылып, жазыланған түйе айдың жақтысында әўдийип, жарланып, гиддиман пилдей болып тур. Едиге шыдап тура алмады, түйениң қасына барып, бүйирин сыйпалап, шаппатлап:

— Өзиң де бир қыйлы тайнапырсаң-аў! — деп қойды.

Тап босағаның алдына жақынлап келе бергенде, өткен ақшамның есине қалай түсип кеткенин Едигениң өзи де билмей қалды. Далада жүрген түлки темиржолға қалай жортып келе қойды екен, оған тас ылақтырай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ын деп гөзлеп турғанда, неге еки ойлы болып қалды. *Соңынан үйине қайтып киятырғанда космодромнан,* алыстан тикке шаншылып көтерилген отлы корабль түнерген аспан кеңислигине қарай пәрўаз еткен еди...

## 3

Бул ўақытлары Тыныш океанның арқа кеңислигинде азанғы саат сегиз еди. Қуяштың көзди қамастыратуғын сақый нуры менен уллы кеңисликтиң үсти жымжырт ҳалында улы-жылтылды болып қубылып атыр. Бул әтирапларда тек суў менен аспаннан басқа ҳешнәрсе жоқ. Бирақ, тап усы тустағы әлем кеңислигинде «Конвенция» авианосецниң бортындағылардың тәнҳа өзлерине ғана мәлим болған пүткил дүньялық даў-жәнжел болып атырған еди. Космосты өзлестириўдиң тарийхында бурын еситилмеген бул даў-жәнжел америка-совет *«Паритет» атлы орбиталы станциясындағы ўақыяға* байланыслы жүзеге келди.

Улыўма басқарыў орайының бирликтеги планеталық программасы бойынша ҳәрекет ететуғын «Конвенция» авионосеци — бул илимий стратегиялық штаб болып, сол ўақыяға муўапық әтирапындағы басқа дүнья менен байланысы бирден үзилип, Тыныш океандағы Алеут атаўларының түслигиндеги өзиниң турақлы түрде келип кететуғын орнын өзгертпестен Владивосток пенен Сан-Франциско аралығындағы әлем кеңислигиниң орталығында иркилип қалған еди.

Илимий судноның өзинде де бир қанша өзгерислер болды. Программаны дүзген американы ҳәм советлик қәнигелердиң көрсетпеси бойынша «Паритет»теги айрықша ўақыядан хабар қабыл еткен, космослық байланыс блогының бир американы, бир советлик гезекши операторының екеўи де алынған хабарды аўызы бослық етип шетке таратып жибермеўлери ушын ўақытша ҳәм қатаң түрде қамаўға алынды, энергетикалық запасы ҳәр еки елдиң ғәрежети менен теңдей тәмийинленген болып, усылайынша бул кооператив судно пайщик—мәмлекетлерге тийисли еди. Ол бир ўақыттың өзинде Невада ҳәм Сарыөзек космодромлары менен радиотелефон арқалы телевизиялық байланыс ете алады. Авианосецтиң үстинде ҳәр еки тәрептен төртеў-төртеўден сегиз реактив самолет болып, бул самолетлар турақлы түрде зәрүрли



www.ziyouz.com kutubxonasi

болған жуклерди тасыў ҳәм Улыўма басқарыў орайы менен материклер арасында байланыс жасаўға тақ болып турады. «Конвенция» да еки паритет-капитан — советлик ҳәм америкалы: паритет-капитан 1—2 сондайақ, паритет капитан 2—1 болып, булардың ҳәр бири вахтада турған ўақытта биринши болатуғын еди. Корабльдеги барлық экипаж паритет-капитан жәрдемшилери штурманлар, механиклар, электриклер, матрослар, стюардессалар... Усы паритетлик тәртипке сәйкеслениП дүзилген.

«Конвенция» дағы Улыўма Басқарыў Орайының илимий-техникалық хызметкерлери де тап усы паритетлик усылда дүзилген еди. Ҳәр еки тәрептиң программаны дүзген Бас — Ең үлкен паритет-планетологлары 1 — 2 ҳәм 2 — 1, булардан кейинги ҳәрбир тараў бойынша илимий қәнигелер өз тәрепиниң атынан тең ҳуқыққа ийе болып, тап сол усылда дүзилди. Сонлықтан жер шарынан жүдә алыста «Трамплин» орбитасында ҳаўалап, жер менен байланысты өзинде сездирип жүрген бул космос станциясы «Паритет» деп аталатуғын еди.

Булардың ҳәммеси де, әлбетте, еки ел арасындағы елши арқалы сөйлесиў, ҳәкимшилик мәкемелериниң ҳәм ҳәрқыйлы илимий жумыслардың нәтийжеси еди. «Демиург» программасы таяр ҳалына келтирилип, бир шешимге келемен дегенше сонша жыллар даўамында еки тәреп қаншама есап-сансыз ушырасыўлар, мәжилислер өткермеди дейсең.

«Демиург» программасы өзиниң алдына бизиң әсиримизде космослық проблеманы шешиўде әҳмийети оғада зор мәселени мақсет етип қойған еди. Икс планетасының минераллық ресурсларын, жердеги болжаў бойынша ондағы қыпсаланып атырған есап-сансыз ишки энергия запасларын үйрениў, бул программаның ўазыйпасы — мине усыннан ибарат.

Икс — жулдыз планетасының үстинде ашық түрде шашылып жатырған жүзлеген тонна породалар өз қәсийетине ылайық ҳалында қайта ислегенде пүткил Европада бир жылда сарп етилетуғын жыллылық ҳәм электр энергиясы муғдарына тең энергия бөлип шығарыў мүмкин екен. Галактиканың айрықша жағдайында неше миллиард жыллардан берги планетаның эволюциялық тәсири нәтийжесинде пайда болған Икстағы энергетикалық материяның сыпаты мине, усындай. Бул туў-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ралы Икстиң жоқарғы қатламынан космослық аппаратлар арқалы бирнешше мәртебе келтирилген «топырақлар» гүўалық берип, оның бетине бирнешше мәртебе қысқа мүддетке түсирилип, барып қайтқан экспедициялардың жуўмағы усыны дәлиллейди. Бизиң Қуяш системамыздағы қызыл планетаның қәсийети мине усындай екен.

Икс планетасын өзлестириў туўралы проект қабылланыўына шешиўши себеп болған нәрсе — Ай менен Венерада (Шолпан) суўдың жоқ екенлиги илимге белгили болса да сырттан қарағанда шөлистандай болып көринген менен бирақ, Икстиң ишки — төменги қатламында суўдың бар болыўы еди. Бул ис бураўлаў жумысының барысында талас-тартыссыз тастыйықланды. Илимпазлардың есаплаўларына қарағанда Икстың төменги қатламында тереңлиги бирнеше километрге кететуғын суў бар екен. Бул суў ҳешқандай өзгериссиз ҳалында мәңгилик муздай, суўық тас жынысларының арасында болатуғын қусайды.

«Демиург» программасын шынлыққа асырыўға бирден-бир себеп болған нәрсе мине,усы Икс жулдызынан мол суўдың табылыўы еди. Суў бул жерден тек ығал пайда етиўши емес, басқа элементлерди синтезлеп, араластырыўшы материал, ҳәм өзге планета шараятында адам организмин өз қәддинде тәмийинлейтуғын, бәринен де бетер дем алатуғын ҳаўа хызметин атқаратуғын қудиретли күш!

Сондай-ақ, санаат-өндирислик көз қарастан қарағанда да, *Икс* *кәнлеринен өндирилетуғын* породаларды айырыўда суў айрықша әҳмийетке ийе. Өйткени, транскосмослық усылда Жерге таза түриндеги ҳәрқыйлы металл *ҳәм минеральлар тасылыўы керек.*

Соның ушында Икс «байлығын» космостағы станцияларда «електен өткерип» Жерге келтириў керек пе, ямаса Жерге *тиккелей тазаламастан тасыў керек пе деген* мәселе додаланып атыр. Бул онша асығыс мәселе емес.

Сонлықтан Икске узақ мүддетке ушатуғын бураўлаўшылар менен гидрологлардың үлкен бир экспедициясы таярланып атырған еди. Булар онда барғаннан кейин Икстиң қатламындағы суўды турақлы түрде шығарып, автомат арқалы суў тармақларына қуйылып турыўын избе-излик пенен тәмийинлеўи тийис. «Паритет»


www.ziyouz.com kutubxonasi

орбиталық станциясы альпинистлердиң сөзи менен айтқанда Икске баратуғын жолдағы ең баслы базалық лагерь еди. Ҳәзирдиң өзинде «Паритет» пенен Икс арасында транспортларды қабыллап-қондырып, жүклерин түсирип ҳәм жүк тийеп ушырып жиберетуғын қолайлы жағыс-орын салынып питти. Соның менен қатар енди «Паритет» те жүз адам емин-еркин жайғасатуғын қолайлы шараяттағы блоклар қурастырылыўы тийис. Ҳәтте, бул қолайлы шараятқа ылайықластырылған блоклар жерден телевизиялық көрсетиў хабарларды да турақлы түрде қабыллай алады.

Икстен суў шығарып, оның суўын анализлеў жолы менен сапасын тексерип, санаатқа жарамлы ямаса жарамсыз жағын анықлаў — бул адам баласының Жерден тысқары басқа планеталарда иске асыратуғын ең биринши өндирислик ҳәрекетлери еди.

Сол күнлер де жақынлап — ҳәмме истиң бағдары соған қаратылды.

Сарыөзек ҳәм Нева космодромларында Иксте алып барылатуғын гидротехникалық жумысларға соңғы таярлық көрилди. «Трамплин» орбитасында жүрген «Паритет» космосты тыңнан өзлестириўши — ең биринши рабочийлар топарын қабыллап, оларды Икске апарып түсириўге тайын еди.

Түп-тийкарынан келгенде ҳәзирги адамзат өзиниң басқа планеталардағы цивилизациясының босағасында тур.

Тап сол мәҳәлде, яғный гидрологлардың биринши топарын Икске жөнелтиў алдында, «Трамплин» орбитасындағы «Паритет»те узақ мүддетли космослық вахтада жүрген еки паритет-капитаннан хабар атар болмай зым-ғайып болып кетти...

Бирден олар шәртли түрде өз ўақтында берилетуғын сигнал-сеансларға да, басқа ўақытта берилген сигналларға да жуўап бермей — жым-жырт болып қалды. Жағдай жүдә аўырласты — станцияның айланып жүретуғын орнын турақлы түрде билдиретуғын сигналдан басқа, радиотелевизиялық байланыстыңда барлық түри ҳәрекетсиз қалды.

Ўақыт болса өтип баратыр. «Паритет» Жерден ҳәр қандай сигналға да жуўап қайтармады. «Конвенция» дағылардың қәўетери күшейе баслады. Ҳәртүрли усыныс


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм болжаўлар билдирилди. Оларға не болған — паритет космонавтларға? Олардың тым-тырыс болып қалғанының себеби не? Жарамсыз аўқаттан әлле қәйтип ушынып аўырып қалмадымекен? Улыўма алғанда олардың өзи тиримекен-әй?

Ақырында болмай баратырған соң, оларға соңғы әдис: станцияға — өрт қәўипи деген сигнал да жиберилди. Бирақ, олар бул қорқынышлы сигналға да жуўап қайтармады.

«Демиург» программасына қорқынышлы қәўип дөнди. Соңлықтан «Конвенция» дағы улыўма басқарыў орайы жағдайды қалай болмасын анықлаў ушын, өзиниң ең соңғы мүмкиншилигин иске салды. Сөйтип, «Паритет» станциясына барып жүйлесип-қосылысыў ушын, Невада ҳәм Сарыөзек космодромларынан қыстаўлы түрде, еки космонавтлы, еки корабль ушырылды.

Жүйлесип-қосылыў иске асырылғаннан кейин, шынында да жағдайдың оғада аўыр екени мәлим болды. Тексериўши космонавтлардың «Паритет»тиң ишине киргеннен кейинги таң қаларлық хабарлағанларының сыпаты мынадай еди: олар станцияның барлық бөлимлерин, ҳәмме лабораторияларын, барлық этажларын, қулласы қуўыс-қолтықларына дейин бирим-бирим тинтип шықса да, станцияның бортында паритет-космонавтлар жоқ болып шығады. Олардың бунда — өзлери де жоқ, өлиги де жоқ...

Бундай болады деген қыял ҳешкимниң басына да келмеген. Орбиталық станцияда үш айдан аслам ўақыттан бери, өзлерине тапсырылған жумысты булжытпай атқарып атырған еки адамның қәпелимде, бирден зымғайып болып кетиўин көзге елеслетиўдиң өзи қыйын еди. Олар ерип-пуўға айланып кетпеген ғой! Әлбетте, «Паритет»тиң әйнегинен ашық космосқа да шығып кете алмайды!

Ҳәр еки тәрептиң Одан басылары болған паритет-планетатологларының қатнасы менен «Паритет»ти дыққат қойып тексериўшилер оны «Конвенция»дағы радио-телевизиялық байланыс арқалы көрип отырған еди. Орайлық басқарыўдың көплеген экранларынан тексериўши космонавтлардың сөйлескенлери, жүрис-турысы, салмақсыз жағдайында қалқып жүргенлери, қулласы, орбиталық станцияның барлық қуўыс-қолтықлары жақсы ҳәм анық көринип турды. Олар станцияның ҳәрбир қә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лем жерин тимискилеnни тексерип, бул туўралы «Конвенция» ға хабарлап турды. Бул сөйлесиўлердиң бәри де магнитофонға жазылып барылды:

«Паритет». Сизлер бақлап атырсызлар ма? Станцияда ҳешким жоқ. Бизлер ҳешкимди көрмей атырмыз.

«Конвенция». Станцияда бузылған, сынған, бүлинген нәрсе-қаралардың қалдығы жоқ па?

«Паритет». Жоқ. Бәри де тап-туйнақтай болып, жай-жайында тур.

«Конвенция». Көзлериңизге қан тамшыларының изи көринбедиме?

«Паритет». Ҳешқандай!

«Конвенция». Паритет космонавтлардың тәнҳа өзлерине тийисли затлары қандай ҳалда ҳәм қай жерде жатыр?

«Паритет». Ҳәммеси де жайлы-жайында турган сыяқлы.

*«Конвенция». Сонда да? Анықлап қараң.*

«Паритет». Шамасы, олар тап жанарақта ғана бул жерде болған сыяқлы. Китаплары, саатлары, магнитофонлары ҳәм басқада затларының бәри де қойған жерлеринде турыпты.

«Конвенция». Яқшы, қағазға ямаса дийўалға бирнәрсе жазып кетпедимекен?

«Паритет». Ондай ҳешнәрсе көзге шалынбайды. Айтпақшы, тоқтап турыңлар! Вахта журналы ашылып қалыпты. Үлкен-үлкен етип, бадырайтып жазыпты. Салмақсызлық жағдайында жылжып кетпеў ушын журналды кирер аўызға қыстырғыш пенен бәнт етипти...

«Конвенция». Оқыңлар. Не деп жазған екен?

«Паритет». Ҳәзир тәўекел етип көрейик. Бунда тиккесине еки қатарға англичан ҳәм орыс тилинде жазылған еки текст бар.

«Конвенция». Неге гибиртиклей бересизлер. Оқыңлар!

«Паритет». Бас темасы — «*Жердегилерге жоллама* хат». Скобканың ишинде түсиндирме хат делинген.

«Конвенция». Тоқтаңлар! Оқымай турыңлар! Байланыс сеансы үзилиске түсип қалды. Күтиңлер. Бирқанша ўақыттан кейин сизлерди өзлеримиз байланысқа шақырамыз. Тайын болып турыңлар.

«Паритет». О, кей!

Усы жерге келгенде орбиталық станция менен Улыўма орайлық басқарыў арасындағы сөйлесиў тоқтатыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. «Демиург» программасының Одан басылары өз-ара ойласққаннан кейин, еки гезекши паритет-оператордан басқа ҳәммениң космослық байланыс блогынан шығып турыўын өтиниш етти. Тек усыннан кейин ғана еки тәрептиң байланыс сеансы қайтадан басланды. «Трамплин» орбитасындағы паритет-космонавтлардың жазып таслап кеткен хатының тексти мине, мынадай еди:

«Ҳүрметли коллегалар. Бизлер ҳәдден тысқары бир жагдайға тап болып, «Паритет» орбиталық станциясын мәлим емес ўақытқа (мүмкин биротала шығар, бул бизлерден ғәрезли емес) таслап кетип баратырғанлықтан бул ҳәрекетимиздиң мәнисин түсиндирип кетиўди өзлеримизге парыз деп есаплаймыз.

Бизлер бул ҳәрекетимиздиң, әлбетте, күтилмеген ҳәм ерси екенлигин де, қәдимги тәртип мәселеси көзқарасынан рухсат стилмейтуғынын да аттан анық, жақсы билемиз. Деген менен биз, космоста орбиталық станцияда жүрип тап болған жағдайдың ҳәдден тыс айрықшалығы, ҳәттеки адамзат мәдениятының тарийхында ҳешқашан болып көрмеген, көз алдыңызға келтириў мүмкин емес, қәдирли екенлиги сонша — сизлерди бизиң бул ҳәрекетимизге түсинер деп ойлаймыз.

Буннан сәл ғана бурын биз, космос кеңислигинен, ҳәтте, жер тәрептенде келип атырған соншама дәрежеде шаўқым аралас ызыңлаған радиоимпульс — сеслердиң арасынан жиңишке-қысқа толқында мүдамы тек бир ўақытта, арасын үзип-үзип, избе-излик пенен берилип турған өзгеше бир радиосигналды туттық. Дәслеп бизлер оған оншама дыққат аўдармаған едик. Бирақ, бул өзин сездириў ушын қасарысып тынбады. Әлемниң мәлим бир точкасынан қатал тәртипте избе-излик пенен келип турған бул сигнал бизиң орбиталық станцияға гөзлеп, бағдарлағандай болды. Енди бизлер анық билемиз: бул жасалма радио толқын космосқа бизлер вахтаға келместен бурын-ақ берилип турған екен. Космос-әлемниң алыс кеңислигиндеги «Трамплин» орбитасына «Паритет» шыққалы бери бир ярым жылдан асып баратыр ғой. Ал, бизлер «Паритет» ке үшинши гезекте келген космонавтлармыз. Әлемниң түпкиринен үзликсиз келип атырған усындай сигналға бизлердиң биринши болып ғайыптан тайып дыққат бөлгенимиздиң мәнисин айтып түсиндириў қыйын. Сөйтседе бизлер бул қубылысты бақлап, изертлеп, бул жасалма сестиң ар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

наўлы түрде бизлерге бағдарланып атырғанына көзимиз жетти.

Бирақ, бизлер тез арада бул пикирге исене қоймадық. Бул гүман көп ўақытқа дейин кеўилимизден кетпеди. Әлемниң туңғыйығынан келип турған, яғный бизлер қабыл еткен радио-сигнал жалғыз бундай фактқа инанып, биз Жерден басқа, соншелли алыслықтағы планетада цивилизация бар деп қалай айтамыз? Жерден тысқары, ҳәтте Жерге жақын болған планеталарда тиришиликтиң қандайда бир ҳеш белмаса әпиўайы ҳалында болса да нышаны бармекен деген мақсетте ҳәзирги илим бирнеше мәртебе изертлеў жумысын жүргизсе де, ақырында ҳеш нәтийже шығара алмаған еди. Бизлерди гүманландырған нәрсениң өзиде усы болды. Жерден басқа планетадан ақыл ийесин излеў исенимсизлеў деп есапланып, соңынан бул шынлыққа сәйкес емес, мәзи қыялпаразлық пенен шуғылланыў болып, космос кеңислигин изертлеў кем-кемнен ҳәўиж алған сайын бул пикирдиң теориялық планнан аз орын алғанының өзин айтпағанда, ал, практикалық жақтан нольге түсип қалды. Сонлықтан, бизлер өз болжаўларымызды жария етиўге тәўекел ете алмадық. Өйткени, Жерден басқа бул әлемде тиришилик жоқ. Биологиялық жақтан таң қаларлық тиришилик тек Жерде бар деген пикир қәлиплесип, тастыйықланып қалғанлықтан, биз оны бирден бийкарлап, талас-тартыс туўдырмайық дедик. Бул бизиң орбиталық станциядағы программа — яғный, жумыс ўазыйпамызға қатнасы болмағанлықтан, сол сигнал жөниндеги гүманымызды ҳешкимге хабарламаўды мақул деп таптық.

Әлемде жердегиге тәқаббил тиришиликтиң бар екенлигине исендиретуғын соңғы бир дәлийлге енди дус келгенимизде биз Жер менен байланыс дүзиўге кешиктик. Әлемниң дүзилиси жөниндеги бизиң түсинигимиз бирден астын-үстин болып, қайтадан өзгерип, сана-сезимимизди өзгеше көринис қоршап алды. Бурынғыға қарағанда пүткиллей басқаша бир кейип, басқаша сыпатта ойладық. Бул Әлемниң дүзилиси туўралы пүткиллей жаңа түсиник пайда болыўы, тиришилиги бар жаңа кеңисликтиң ашылыўы, ақыл-ой энергиясының үлкен ордасының табылыўы, бизди мынадай жуўмаққа алып келди: бизлер ашқан жаңалығымызды ҳәзирше жерде жасайтуғынларға хабарламай-ақ турайық дедик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жердеги ҳәзирги жәмийетке ғамхорлық етиў есабы да, заманагөй көз-қарастан қарағанлықтан, биз усындай шешимге келдик.

*Енди* истиң түп-тийкарына өтейик. Бул қалай болған еди.

Қалай болар екен деген қызығыўшылық пенен бир сапары Әлемниң сол точкасынан бизге турақлы түрде *тынып-тынып келип турған жумбақ* сеске, тап сол бағдарды гөзлеп турып, шама менен сол частода радио толқын жибердик. Бир әжайып таңқаларлық қүдирет жүзеге келди!

*Бизиң сигнал турған жеринде қабылланды.* Ол қабылланып ғана қоймастан, түсиникли де болып шықты.

Жуўап ретинде бизиң радио толқын қабыллайтуғын каналымызда бурынғының қасында тағы бир ноқат пайда болды. Буннан соң *тағы биреўи — бул бизлерди* қутлықлап атырғаны еди. Үш синхронлы радио сигнал бизиң Галактикамыздан тысқарыдағы адам есаплап, айтып жеткере алмайтуғын оғыры қашықлықта да байланыс жасаўға соншама дәрежеде уқыплы, сана-сезими күшли ақыл ийелериниң бар екенлигин бирнеше саат даўамына үсти-үстине салтанат пенен хабарлады.

Бул бизиң космослық биология, ўақыт, кеңислик, қашықлық жөниндеги түсинигимизде болған теңи-тайы жоқ аўдарыспақ-жаңалық еди. Бул шексиз әлемде ақыл-саналы тиришилик ийеси тек бизлер екенбиз бе? Демек, Жердеги адамлардың тәжирийбесинен басқа да Әлемниң руўхын сезетуғынлар бар екен. Тек бизлер емес екен...

Жерден тысқарыдағы цивилизацияның анықлығына *әбден исениў ушын — биз оларға бир ўақытлары бунда* тиришилик пайда болып, өзлеримиз өмир сүрип атырған жершары массасының формуласын радиосигнал арқалы жибердик. Көп кешикпей өз гезегинде расшифровка — *жуўап келди. Олардың планетасының да* массалық формуласы шама менен Жердикине усайды екен. Соған қарағанда ол планета жеткиликли дәрежеде үлкен, тартылыў күшине де жақсы сәйкесленген деген пикирге келдик.

Солай етип биз биринши мәртебе физика законлары жөниндеги билимимиз арқалы басқа Галактикадағы ақыл-ой ийелери менен байланыста болдық.

Әне, сол планетадағылар бизлер менен байланысты

www.ziyouz.com kutubxonasi

улғайтып, өз-ара жақынласыўға интaлы екенин сездирди. Олардың усы құштарлығының нәтийжесинде бизиң байланысымыз жаңа маңыз бенен тез толысты. Аздан соң бизлерге, олардың ушатуғын аппаратының ҳәрекет тезлиги — жақтылықтың тезлигине барабар екенлиги мәлим болды. Буны ҳәм басқа да нәрселерди бизлер дәслеп математикалық ҳәм химиялық формулалар арқалы анықладық. Соңынан олар сөйлей алатуғынын да түсиндирди. Адамлар жердиң тартыў күшин көп жыллардан кейин өзлестирип, космос кеңислигине шығып, емин-еркин ушқан ўақыттан баслап-ақ, олар Галактиканың ең түпкиринен де сес тартатуғын, ең күшли аудоастрономиялық аппараттың жәрдеми менен бизиң тилимизди үйренип жүргени түсиникли болды. Жер менен космос арасындағы бизлердиң сөйлескен радио байланысымызды олар избе-излик пенен тутып алып, салыстырыў ҳәм анализлеў жолы менен бизиң сөзлеримиздиң мәнисин уғынып алыўды үйренипти. Олар бизлер менен англичан ҳәм орыс тиллеринде сөйлесиўге ҳәрекет еткенде, буған бизлердиң исенимимиз артты. Бул бизлер ушын теңи-тайы жоқ жаңалық болды...

Енди ең баслысы ҳаққында. Бизлер сол планетадағы цивилизацияны өз көзимиз бенен барып көриўге бел байладық. Олардың планетасын бизлер расшифровка етип шама менен өзлеримиз ушын Лесная Грудь деп атадық. Олар бизлерди өзлери шақырды, бул солардың идеясы. Бизлер әри-бери ойланып. барыўға келистик. Сондай-ақ олар өзлериниң жақтылық тезлигине барабар болған ушатуғын аппаратының бизиң орбиталық станцияға жигирма алты-жигирма жети саатлардан кейин жетип келетуғынын түсиндирип, ескертти. Егер бизлер қайтыўды мақул деп тапсақ, лесногрудьлылар тап усындай ўақыт ишинде орбиталық станциямызға қайтарып әкелип таслайтуғын болды. Ал, енди жүйлесип қосылыўға байланыслы бизлердиң берген саўалымызға олар, бул проблема емес деди. Өйткени, лесногрудьлылардың ушатуғын аппараты қандай конструкцияда исленген аппарат болсада герметикалық усыл менен жүйлесип қосыла алатуғын қасийетке ийе екен.

Шамасы, электромагнитленген тартылыў күши бар болса керек. Бизге ең қолайлысы олардың ушатуғын аппаратының бизиң орбиталық станциясының ашық


www.ziyouz.com kutubxonasi

космосқа шығатуғын люк қапысына жүйлескени мақул болар деген тилек бчлдирдик. Егер Лесная і рудьқа еткен саяхатымыз сәтли болып тамамланса, қайтарсын да әлбетте, сондай усыл менен қайтыўды нәзерде туттық.

Солай етип, бизлер «Паритет»-тиң бортында егер пайдаға асар деп тапсаңыз, яғный түсиник хат, ашық қулақландырыў мәнисиндеги жоллама хатымызды қалдырып баратырмыз... Гәп бунда емес... Тәўекелге салып мойнымызға алған бул жуўапкершиликтиң қыйын екенлигин биз жеткиликли дәрежеде түсинемиз. Тағдир бизге адамзаттың ийгилиги жолында хызмет етиўди несип еттирип бурын болмаған жаңалық ашыў ўазыйпасын жүклегенин биз тереңнен сезинемиз. Бунынан артық ўазыйпа болады деп көз алдымызға келтире де алмаймыз...

Сөйтседе бизлерге бир азап болған нәрсе жумыс бабындағы тәртип дегенге бойсынбай буны қалай атлап өтемиз деген пикир болды. Бизиң хәрбиримиз бурыннан киятырған дәстурге ылайық тәрбия көргенликтен, заң, жәмийетлик әдеп-икрам қағыйдасын бузыў қыйын екен. Бизлер өз сапарымызды Улыўма орайлық басқарыў басшыларының келисимисиз хәтте, жердегилердиң хеш биреўине де билдирместен, «Паритет»ти тәрк етип баратырмыз. Бунымыз жердеги жәмийетлик тәртипке нуқсан келтиреди... Бул бизлер ушын ең аўыр ойланыў болды. Бирақ, усылай етиўге мәжбүрмиз. Өйткени, хоккей ойынының өзинде бир гол зыяг урылса, соның өзин сиясий женис деп сиясатқа жанастырып, хәрким өз мәмлекети дүзилисиниң артықмашлығын айтып, арқасы қозып, қызыл кегирдек болып айтысып атырғаны. Жерде бизиң усынысымыз сөз жоқ, жақ жарыстыратуғын айтыс туўдырар еди. Әттеген-әй, қәйтерсең, биз Жердеги жай-жағдайды оғада жақсы билемиз. Жерден тықары әлемдеги цивилизация менен байланыс жасаў имканиятының бар екени мәлим болғаннан кейин Жер бетиндегилер арасында буның қырғынға себеп болмайтуғынлығына ким кепиллик бере алады?

Жер бетинде сиясий гүрестен шетте турыў қыйын, хәтте мүмкин де емес. Бирақ, узақ ўақыт — хәптелеп, айлап космос кеңислигинде жүргенде бул Жер деген машинаның дөңгелегиниң қарамындай болып көринип



www.ziyouz.com kutubxonasi

онда жәмийеттиң қәҳәр-ғәзебин келтиретуғын гейпара мәмлекетлердиң атом қуралына жармасыўына жақынластыратуғын ҳәзирги энергетикалық кризис дегенимиздиң өзи, бул мәзи бир, бирақ, үлкен техникалық проблема екенине исенгенликтен, Жер бетиндегилердиң шыдамсыз ҳәм шарбаяшылығын, келисимге келе алмайтуғынлығын ҳәсирет пенен ойлаўға туўра келеди.

Бунысыз да Жер бетинде қасарысып турған қәўипқәтерди оннан да бетер шийеленистирип алмаў ушын Жер шарындағы инсаният атынан ар ҳәм намыс алдында ҳәдден тыс жуўапкершиликти мойнымызға алып, басқа планетадағы ақыл ийелери менен ушырасыўға бел байладық. Бизлер өз еркимиз бенен кетип баратырған бул сапарымыздың кеўилдегидей болатуғынын ишимизден сезип баратырмыз.

Ақырында мынаны айтпақшымыз. Бизлер гә гүмансырап, гә еки ойлы болып, соңғылығында буны ақылға жуўыртып, инсаниияттың геокосмикалық тарийхындағы уллы басламасы болған «Демиург» программасына нуқсан келтирмеў ушын бас қатырдық. Бул басламаға бизиң еллеримиз әнейилик пенен ерискен жоқ. Узақ жыллар даўамына бир-бирине исенимсизлик пенен қарағанлықтан, көп сөйлесиўлердиң нәтийжесинде ерисилди. Ақыл-ой салтанатқа еристи — сонлықтан биз өз еркимиз бенен улыўма мәпке қолымыздан келген хызметимизди аямаймыз. Бәринде ҳәртәреплеме шамалап, өлшестирип «Демиург» программасына дақ түсирмеймиз деген нийеттемиз «Паритет» ти ўақытша таслап баратырмыз. Егер Лесная Грудь планетасынан қайтып келсек, биз ол жақта көрген-билгенимиздиң нәтийжеси жөнинде инсаниятқа баянлама беремиз. Ал, егер намыў-нышансыз жоқ болып кетсек, ямаса басшылар бизлерди «Паритет» те вахтаға турыўға ылайық емес, деп тапса, онда орнымызға басқа космонавт таўып қойыў онша қыйын емес. Бизлерден кем ислемейтуғын жигитлер барлық ўақытта да табылады.

Бизлер намәлим жаққа кетип баратырмыз. Бизди бул тәрепке инсан баласының өзге дүньядан өзине усас тиришилик ийесин излеп таўып, ақылға-ақыл қосып, салтанат қурыў жолындағы қумарлығы ийтермеледи. Бирақ, сол өзге әлем цивилизациясы өзине қандай қупыя сырларды жәмлестирген? Ол адамзатқа абаданлық келтиреме, я апат келтиреме бул жағдайларын сы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нап бизлерге көринбей қалады. Басқа көриўде биз әди болыўға ҳәрекет етемиз. Егер бизлердиң ашқан жанлығымыз қорқынышлы қәўип туўғызып Жерге апат келтиретуғын болса, ондай жағдайда биз Жерге ҳеш қандай зыян келтирмеўге ант етемиз.

Тағыда ең соңғы бир гәп. Биз хошласамыз. Бизлер өзимиздиң иллюминатордан Жерди басқа тәрептен космостан көрип отырмыз. Қап-қара теңизге мегзеген шексиз кеңисликте Жер нур шашқан гәўҳардай жарқырап тур. Бул тәрептен Жер аса сулыў, аса көгилдир тартып соншелли нәзиклик пенен мисли тап емшектеги нәрестениң басына мегзеп көринеди. Бул жақтан қарағанда дүньядағы бәрше, бәрше адамлар бизлерге аға йын-қарындас, туўысқандай болып сезиледи. оларсыз бизлер өзимизди бар деп көз алдымызға келтире алмаймыз. Қәне, енди Жер басып жүргенлердиң бәри усындай пикирде болса! Бирақ, олардың ондай емес екенин бизлер билемиз.

Бизлер Жер шары менен хошласамыз. Бирнеше сааттан кейин бизлерге «Трамплин» орбитасын тәрк етиўге туўра келеди. Соңынан Жер бизлерге көринбей қалады. Басқа планеталы — лесногрудлылар ҳәзир жолға шықты. Бизиң орбитамызға жақынласып киятыр. Олар ҳә демей бирнеше сааттан кейин келип қалады. Уақыт жүдә таялып қалды. Күтип отырмыз.

Тағы да айтарымыз: бизлер өз үй-ишлеримизге хат жазып қалдырып баратырмыз. Бул жерге келген кимниң қолына түссе де сол аманат хатларды тийисли жерлерине тапсырыўыңызды жүдә өтиниш етип сораймыз.

«Паритет»ке — бизлердиң орнымызға келетуғынларға ескертиў;

Басқа планетадағылардан бизге сигнал келип ҳәм бизлер оған сигнал жиберип турған каналды ҳәм радио толқынның жийилигин вахта журналына жазып қойыппыз. Зәрүрли болған жағдайда биз сизлер менен усы канал арқалы байланысып, өзлеримиздиң мағлыўматларымызды жиберип турамыз. Бизиң лесногрудлылар менен байланыс жасап, ең анықлаған нәрсемиз, олар менен радиотолқын арқалы қатнастың ең қолайлы жери, бул орбиталық станция борты. Басқа планетадан жиберилген сигнал-хабар атмосфера менен қоршалған қабатын күшли онлаған сфера орап тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, усының менен тамам. Ал, енди хош болыңлар, ырза болыңлар! Бизлер кеттик.

Бул хаттың тексти өзгериссиз еки тилде — англичан ҳәм орыс тиллеринде жазылған еди.

Паритет — космонавт 1 — 2

Паритет — космонавт 2 — 1.

«Паритет» орбиталық станциясының борты.

Үшинши вахта. 94-ши сутка.

Әйне көрсетилген мүддетте Узақ-шығыс ўақты менен саат онбирде, «Конвенция авианосецининң палубасына еки реактив самолет бириниң изинен бири барып қонды. Самолеттиң бортында америка ҳәм совет тәрепинен айрықша ўәкилликке ийе болған комиссия ағзалары бар еди.

Комиссия ағзалары қатаң тәртипте протокол бойынша күтип алынды. Дәрҳал оларға түски аўқатқа ярым саат ўақыт берилетуғыны ескертилди. Буннан кейин комиссия ағзалары кают компанияға жыйналып «Паритет» орбиталық станциясындағы айрықша жағдайға байланыслы жабық мәжилис өткериўи керек еди.

Мәжилис жаңа басланған ўақта бирден үзилиске түсип қалды. Себеби, «Паритет» тегй тексериўши космонавтлар сол ўақытта. «Конвенция» дағы Улыўма орайлық басқармаға, жақын Галактикадағы Лесная Грудь планетасында жүрген паритет 1 — 2 ҳәм паритет 2 — 1 космонавтларынан келип түскен биринши хабарды мәлим еткен еди.

## 4

Поездлар бул үлкеде шығыстан — батысқа батыстан — шығысқа қарай өтип турады...

Ал, темир жолдың өне бойына бул үлкеде уллы шөлистан — Сарыөзек кеңислиги, жердиң Орта тусы болған сарғыш тартқан даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәрқандай қашықлықлар темир жолға сәйкеслениш Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар болса шығыстан — батысқа, батыстан — шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Найманлар руўының қәбирстаны қол созым жерде гой, деп қалай айтсала отыз шақырым жол. Онда да егер Сарыөзек жағалаўынан көзиңди айырмай туўрылап тартқанның өзинде.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол күни Боранлы Едиге ерте турды. Түни менен де оңлап уйықлай алмады. Тек таң алдында сәл-пәл қалғып көзгир алды. Соған дейин марҳум Қазанғапқа кепини *пишип-шенеў менен бәнт болды.* Дәстүр бойынша бундайды өлини суўға ендирип, үйден намаз жайға алып шығардың алдында ғана ислеў керек. Ал, бул рет буны, намаз жайға шығармастан бурын-ақ ертең азан менен иркилместен жолға түсип кете бериў ушын түни менен ислеўге туўра келди. Әдилбай Сырықтың жыллы суў жеткерип берип турғанын айтпағанда, өлини жуўып, ақ жаўып арыўлап кепинлеў иси менен Едигениң тек бир өзи ғана шуғылланды. Әдилбай азы-кем сескенип кирел елиге жақынламай, өзин шетирекке алаберди. Оның ҳүрейи ушып қорқып кеткен еди. Соны билген Едиге оған қашырым етип:

— Сен буған сер салып тур, Әдилбай Әўметинде бир керек болып жүрер. Адам туўылды ма, оны жерлеўге де туўра келеди, — деди.

— Аўа, оны билемен ғой, — *деп Әдилбай исеним сизлеў етип* гүңкилдеди.

— Мен де соны айтып турман. Мәселен, айтайық ертең мен өлемен. Сонда мени кепинлейтуғын ҳешким табылмай қалама? Мени қандай да бир шуқырға таслап өтә шығасызларма?

— О неге! — деп уялып қалған Әдилбай шыраны тутып, марҳумның жанына жақынласа баслады. — Сиз болмасаңыз бул жердиң қызығы болмас. Оннанша тири жүриң. Шуқыр жайына тура берсин.

Кепинлеўге бир ярым сааттай ўақыт кетти. Бирақ, Едигениң кеўили жәм болды. Марҳумды қандай етип суўға ендириў керек болса — ендирди, аяқ-қолларын созды. Ақсупти аямай: кепинди молдан пишип-тигип, оны Қазанғапқа кийдирип, жағдайлы етип жатқарды. Сөйтип жүргенде кепинди қалай пишиў керек екенлигин Әдилбайға да көрсетип қойды. Соңынан үсти-басын қағып-силкип өзин жөнге келтирди. Сақалын жақсылап турып қырып, муртын дүкәртлады. Оның қаслары да қойыў, тап мурты сыяқлы қатты еди. Тек, ақ араласып, буўрыл тарта баслаған. Едиге өзиниң әскерий медаль-орденлерин де, [illegible] значокларын да умытпады. Оларды да бир [illegible] ысқылап жарқыратып, пәнжегиниң өңирине тағып, бәрин азанға таяр етип қойды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етйип таң қатыўға да шамаласты.) Боранлы Едиге өзиниң тындырған исине өзи таңланып,— булардың бәрин асықпай, албырамай өз қолынан өткергенине ҳайран болды. Егер оған биреў бурынырақта: «Сен Қазанғапты өз қолың менен жерлейсең» — десе аллажалла деп ат-тонын ала қашқан болар еди. Туўылғанында Қазанғапты жерлеў буның пешанасына жазылған екен дә. Тәғдир дә.

Әне, солай. Буларды биринши мәртебе Қумбелдеги станцияда бирин-бири көрип қалады деп бул жөнинде ким ойлапты. Қырық төртинши жылдың ақырына таман, контузия болғаннан кейин Едигени армия қатарынан босатты. Сыртынан қарасаң әнедей аяқ-қоллары да жайлы-жайында, басы да ийнинде, бирақ усы бас өзиникиндей емес еди. Самал тынбай есип турғандай, қулақлары гуўлей береди. Азмаз жүрсе болды теңселип басы айланып, қайыт еткиси келе беретуғын еди. Сөйтип гә суўық, гә ыссы терге түсип, ентигип қала беретуғын болды. Анда-санда сөзлерди дурыслап айта алмай тили де гүрмелип қала береди — бул да әнейи емес, ақыры. Немис снаряды жарылғанда, оны қатты есеңкиретип таслаған еди. Өлтириўин өлтирмеседе, бирақ өлимши болып қалды. Сонда Едигениң биротала руўхы түсип, болдырып қалды. Өзи жас, түрине қарасаң еңгезердей. Ал, енди бул Арал теңизиниң жағасындағы аўылына — үйине барғанда не ислейди? Неге жарайды? Жүрими бар екен, бахтына бола жақсы врачқа тап болды. Ҳәтте, ол буны емлеген де жоқ, тек бир қатара көрип, тыңлап тексерди де қойды. Еле-есинде сол ақ халат ҳәм қалпақ кийген, көзлери тынық, қобаға мурынлы, дәпең сары буның ийнинен марапатлап турып қағып кеўилли түрде:

— Өзиң де билесең, иним, — деген еди. — Жақында урыс та тамам болайын деп тур. Болмаса мен сени келген жағыңа қайтарып жибергизер едим. Еледе азғантай урысқанында болатуғын еди. Яқшы, енди сен болмасаңда еплестирип, жеңиске жетисермиз. Ал, сен бүйтип түнжырап салпаўсый берме, арғы басы бир жыл, болмаса оннан бурын-ақ ҳәммеси де әнедей болып жазылып тап буғадай болып кетесең. Буны саған, соң бир есиңе алар деп айтып атырман. Ал, ҳәзирше жолға таярлан, елиңе қайтасаң. Тек түнжырай берме. Саған тақабиллер еле жүз жыл жасайды...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билгендей айтқан екен, сол сары врач. Соның дегениндей болды. Дурыс, бир жыл деген-әм тек айтыўға аңсат. Госпитальдан шыққанда үстинде гөне шинель, ийнинде қалтасы, қолында жығылып-сүринсем керек болып қалар деген балдағы, қалаға қарай жылжып киятырып пышық мурны батпайтуғын тоғайға кирип кеткендей болды. Қулақлары гүўлеп, аяқлары қалтырап, көз алды гүңгиртлене берди. Поезда, вокзалда ким менен кимниң иси бар — халық деген шожып жүр, ким күшли болса сол минип атырған, буған қусағанлар шетке шығып қала береди. Сөйтсе де сүйретилип келгендей болып бул да жетисти. Өзиң есаплап көре бер, бир ай улы-селкилдиден кейин поезд түнде Арал станциясына келип иркилди. «Бес жүз жетинши» сал бөксе деп аталатуғын еди сол «даңқлы» поезд. Қудайым енди қайтып ҳешкимди, ҳеш қашанда ондай поездға миндирмегей...

Ол ўақытта усының өзине қуўанатуғын еди. Қараңғыда вагоннан тап таўдан түсип атырғандай етип түсип, албырап иркилип турып, жән-жағына алақлап қарап еди, тым-тырыс, тек ҳәр жер ҳәр жерде станцияның жақтысы жылтырайды. Самал ерсили-қарсылы есип тур. Мине, оны усы самал күтип алған еди. Өзиниң туўылған жериниң — Арал теңизиниң самалы! Оның бет-аўызын ығалдың леби жалап өте баслады. Ол күнлери теңиз деген жақын, тап темиржолдың түбинде ғана толқынласып туратуғын еди. Енди дүрмийин менен қарасаңда көринбейди...

Сағыныштың тәсири көкирегин кернеп баратырғандай — далаңлық тәрептен зорға сезилетуғын дәрежеде жуўсанның ийиси келеди. Арал әтирапындағы кеңисликтен бәҳәр самалы есип турған еди. Мине, ол туўылған жерине келди.

Теңиздиң жағасындағы станцияны да, станция әтирапындағы көшелери ийрек-ийрек аўылды да Едиге жақсы билетуғын еди. Етигине батпақ жабыса берди. Ол бир ақшам түнеп шығыў ушын, танысларының үйине қарай баратыр. Азанда сол жерден өзиниң Жангелди деп аталатуғын тәўирақ қашықлықтағы балықшы аўылына жөнелмекши болды. Сөйтип киятырғанында ол, тар көшениң теңиздиң жағасына келип тирелгенин өзи де билмей қалды. Сонда Едиге шыдап тура алмады, теңиздиң ғырра ернегине келди. Толқын шайып атырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

қумның үстине келип турды. Қарацғыда теңиз жағаға буққы таслап киятырғандай өркешленип суўылдаған буйра толқынлардың үсти гә жарқырап, гә демде көринбей кетеди. Таң алдындағы ай ақшанылтырланып, бултлардың арасынан гүңгирт сәўле шашады.

Тәғдир айдап келип, көрисиў деген усындай-ақ болар.

— Ассалаўма әлейкум, Арал! — деп гүбирленди Едиге.

Соңынан бир тастың үстине отырып, темеки тутандырды. Контузия болған адамға шегиўге болыңқырамайды, деп докторлардың берген мәсләҳәтине де қарамады. Бул жарамас әдетти ол соң қойған еди. Бирақ, сол отырғанында ол толқысып кетти — темекиниң түтини деген не сол болмаса. Ендиги жағында тиришилик қалай кетеди — әне, усы жағы намәлим. Теңизге шығып балық аўлаў ушын қол-аяқ мықлы болып, қайыспайтуғын бел, ең қәжетлиси даўыллы күнлери айлында жүргенде мийи айланбайтуғын саў бас керек. Бунық басы болса... Урыстан бурын ол балық аўлайтуғын еди. Ал, енди не? Майып деп майып емес, бирақ, сонда да ҳеш нәрсеге жарамайды. Бәринен де бетер бунық басы теңизге шығып балық аўлаўға болмайды. Бунысы ырас.

Бир жақлардан қаңғырып киятырған бир ақ ийт жағаға шамаласқан ўақытта. Едиге орнынан турайын деп атыр еди. Ийт болса суўды жағалап жортып киятыр. Ҳәрдайым иркилип турып, ызғар қумды тимискеленип ийискеп қояды. Едиге оны шақырды. Ийт буны жатырқамай қасына келип, қуйрығын былғап турды. Едиге оның жүнлес мойнын сыйпалап:

— Сен қаяқтан киятырсаң-я? Қаяқтан жортып киятырсаң? Атың ким? Арыслан ба? Жолбарыс па? Бөрибасар ма? Ҳа-а, енди билдим, сен жағада балық излеп жүр екенсең ғой. Бәрәкәлла, бәрәкәлла! Бирақ, теңиз деген тегинликте өлген балықты аяқтың астына шығарып таслай бермейди. Не қыласаң енди! Жортасаңдағы. Сонлықтан усындай болып азып жүрсең. Ал «жора», мен үйге қайтып киятырман. Тап Кенигсбергтиң түбинен. Сол қалаға енди жетейин деп турған жерде снаряд жарылып, зорға тири қалдым. Енди мине, буннан былайғы жағы қалай болар екен деп ойланып-толғанып отырғаным ғой. Сен неге маған бүйтип қарайсаң? Сырын таслағандай ҳешнәрсе жоқ менде. Орден менен ме-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дальлар тек... Урыс, «жора», әтирaптың бәри аш-әптадашылық. Бар болса сеннен аяп отырман ба... Айтқандай, тоқтап тур, мынада қыртылдақ лампасый бар шығар балама апаратыр едим. Мениң ол тайыншағым шапқылап жүрген шығар, солай болыўы керек...

Едиге еринбеди, ишине азынаўлақ бир нәрселер салынған қалтасының аўызын шешти. Онда газетаның жыртығына оралған бир қысымдай қыртылдақ лампасый, ҳаялына арнап жолда киятырғанда бир станцияда қолдан сатып алынған шаршы, еки бөлек сабын (бунда көтериўшилерден сатып алды) бар еди. Буннан басқа шекийнесиниң ишинде еки жуп әскерий иш кийим, қайыс, пилотка, тағы бир гимнастерка, шалбар, — мине оның барлық жүти усылар ғана еди.

Ийт Едигениң алақанындағы лампасыйды жалап алып, қуйрығын былғанлатып, қыртылдатып атырып, тағы берермекен деген үмитте оған садықлық пенен қарады.

— Ал, енди хош бол!

Едиге орнынан турып жағалаў менен жүрип кетти. Енди таң атып киятырғанлықтан станциядағы тамыртаныслардың да тынышын алмай-ақ қояйын деген пикирге келип, иркилместен өзиниң Жангелди аўылына қарай бағдар алды.

Сол жүристен ол теңизди тынбай жағалаў менен түске жақын Жангелди аўылына жетип келди. Контузия болмастан бурын Едиге бул аралықты еки саатта жүрип өтетуғын еди. Келген пәтте-ақ оны қайғылы хабар қайыстырып таслады, — баласы әлле қашан-ақ шетнеген екен. Едигени әскерликке алғанда алты айлық болып қалып еди. Тәғдирге тән бермесликке шара жоқ — онбир айлығында қазаланыпты. Қызылша шығып, иштеги қызғынның ҳәўирине шыдамай «жанып» кетипти. Фронтта жүрген әкеси болған Едигеге—бул туўралы жазғысы келмепти. Қаяғына жазады, несине жазады? Урыста жүрген адамға басқа қайғы-ҳәсиретлер азба? Өзи тири болса келгеннен кейин еситип, баўырын суўық жерге басар, хат жазып хабарламай-ақ қояйық деп ағайын-туўғанларда Үкибаланы ортаға алған еди. Еле басларың жас, урыс та тамам болар, қудай берсе үбирли-шүбирли болып кетерсизлер — деп кеўил айтқан еди, сонда олар. «Шақасы сынған менен ҳеш гәп болмай ең баслысы өзеги аман болсын» Ҳешким тис

www.ziyouz.com kutubxonasi

жарып айтпаса да, бирақ, ҳәммеге түсиникли тағы бир нәрсе бар еди. Урыстың аты — урыс, урыс бар жерде қаза бар дегендей, егер соннан қаза таўып, бир оқтан ушып кетсе, бул жақты дүньядан көзин жумып баратырғанда артымда балам бар еди, деген үмит пенен кетсин ҳеш болмаса...

Бул жөнинде Үкибала өзин-өзи айыплап өкине беретуғын еди. Урыстан қайтқан күйеўин қушақлап, еңиреп жылай берди. Ол өзин ада болмас азапқа салған усынай күнди ҳәм сарғайып ҳәм ҳүрейленип күтип жүрген еди. Ол көз жасы көл дәрья болып жүрип кемпирлердиң: балаңа қызылша шығыпты, бул жүдә жаман нәрсе, түйениң шуўдасы салынып сырылған көрпеге жыллы орап, қараңғыда жатқарып, бирдейине қайнап суўыған суўық суў бере бер, қудай сәтине түсирсе иштеги қызғынның ҳәўкри басылар деп дәрҳал ескерткенин айтып берди. Ал, талабы келиспеген бул маңлайы қара, аўылдағы кемпирлердиң айтқанын тыңламай, қоңсының арбасын сорап алып, аўырыў баланы станциядағы докторға алып кеткен. Арба қыйсаңлап Аральскиге жетемен дегенше-ақ болмады. Нәресте жолда-ақ иштеги қызғынның ҳәўирине шыдамай жан тапсырған еди. Доктор ҳаял сонда аўылындағы кемпирлердиң айтқанын неге ислей қоймадың деп буған аўзына келгенин айтып, жерден алып жерден салған еди...

Өз үйиниң босағасын атлаўдан-ақ мине усындай ҳәсиретли хабарлар Едигени күтип алды. Сол ўақыттың өзинде-ақ ол қаралай өшип, тастай болып қатып қалды. Өзи еле оңлап қолына көтерип «әўкишлемеген» туңғыш перзентиниң қазасына бундай тақылетте елжиреп қайғырып, азап шегемен-аў, деп ол ҳешқашанда қыялына келтирмеген еди. Бәлки, соңлықтан болса керек, оның азабы оннан сайын жанына қаттырақ батар берди. Еле тиси шықпаған нәрестениң пәк күлки менен жайқыйып күлимсиреген сол келбети оның көз алдынан кетпей, жүрегин ашытып, сызлата берди.

Көўилиниң суўып қалыўы соннан басланды. Едигеге аўылы көшип кетип босап қалғандай сезилди. Бурынлары бул қумшаўыт жағалаўда елиўге жақын хожалық бар еди. Артель болып, Аралдан балық аўлап, соның менен күнелтип отыратуғын еди. Енди болса жар-қабаққа жапсырылған онлаған қақыра қалыпты. Аўылда еркек атаўлы қалмаған есабы — ҳәммеси де ар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

миyaға кеткен. Қалған-қутқан ғаррылар да, жас өспиримлер де бармақ бүгип санарлықтай. Көбиси аштан өлмесликтиң шарасын ойлап, басқа малшарўашылығы колхозларына көшип кетипти. Артель де дағып, теңизге шығатуғын да ҳешким қалмапты.

Үкибаланың да шарўалар арасындағы төркинине кетип қалыўы мүмкин еди. Бунын да туўысқанлары изинен келип: «Барып отыра бер, заман дүзлесип, Едиге бир жағынан келип қала қойса, балықшы аўылына дәрҳал келе қоярсаң», — деп әкетпекши де болды. Бирақ Үкибала: «Күйеўимди күтемен. Баладан болса айрылдық. Егер усыннан күйеўим тири келетуғын болса, ҳеш болмаса шаңарағына ийелик етип мен отырайын. Аўыл арасында отырман ғой, әйтеўир; кемпир-ғаррылар, жас өспиримлер бар, соларға қол-қабысымды тийгизип, күнелтермен», — деп азар-безер болды.

Үкибала дурыс еткен еди. Бирақ, Едиге сол күнлерден баслап-ақ бул теңиздиң жағасында бийталап қалай отыраман деп шыбыжыңлай баслады. Бунын айтқанының да жөни бар. Едигени көрип, көз айдын айтыўға келген Үкибаланың туўысқан-туўғанлары буларды, өзлериниң жанына көширип алмақшы болды. Отардағы малдың арасында жүрсең шеп болмассаң. Ден саўлығын да жақсы болып кетер, бир ермек таўып аларсаң, ҳеш болмаса мал бағыў қолыңнан келеди ғой... Едиге олардың бул усынысына алла ярылқасын деседе, бирақ, келисим бермеди. Ол бунын қыйын болатуғынын түсинди. Бир-еки күн ҳаялының ағайын-туўғанларының үйине қыдырар. Ал, оннан кейин, жумысқа жарамайтуғын болсаң кимге керегиң бар?!

Сонлықтан Үкибала екеўи тәўекелге бел байлады. Темиржолға барып жумыс излемекши болды. Едигеге қолайлы қараўыл, я сипсекешлик, я жолдың кесиспесинде ала сырықты көтерип-түсирип туратуғын жумыс табылар деп ойлады. Урыс майыбы қаңғырып қалмас түбинде.

Усы мәсләҳәт пенен олар сол бәҳәрде бир күни аўылдан шығып кетти. Ҳәзирше ҳеш нәрсеге алаңсыз, аяғына ораў болғандай бала жоқ — жас ўақытлары еди. Дәслепки ўақытлары ҳәрқыйлы станцияларда дус келген жерде жатып, түнеп жүрди. Қолайлы жумыстың рети де табыла қоймады. Баспаналағандай жайдың жағдайы оннанда бетер. Темиржолда ушырасын қалатуғын

www.ziyouz.com kutubxonasi

дус келген жумысты ислеп, еплеп күнелтип жүре берди.

Үкибала дени саў ҳәм жас болғанлықтан аўыр жумыстың көбисин өзи иследи. Едиге турпатына қарағанда жүк түсирип, жүк тийеўге мой бермейтуғындай болып көринген менен бул ислери Үкибала бир ийнинен атқаратуғын еди.

Сөйтип жүргенде олар бәҳәрдиң ортасына тамап, Қумбел дейтуғын үлкен станцияға жетеклесип келди. Көмир түсиреди. Көмир жүкленген вагонлар депоның артындағы запас жолға шығарылады. Булманда көмирди жерге түсирип, соңынан платформаны тезирек босатыў ушын қол арба менен былайырақ шығарып, жайдың қарамындай таў-таў етип, қыямайлап, бир жылға жеткендей етип үйе береди. Бул бир қыямет, турысы шаң, патас жумыс еди. Бирақ, күн көриў керек. Едиге бул көмирлердин қапқара шаңын бурқыратып арбаға салады, ал, Үкибала оны ентелеп ийтерип, бийикке асырып таслап төгип, тағы төмен қарай айдап келеди. Едиге тағы арбаға көмир салады. Үкибала ҳаял адамға ылайық емес бул жумысты көтерем аттай қыйсаңлап жүрип, ең соңғы күшин сарп етип баратырғандай бийикке қарай тәлтиреклеп айдап кетеди. Оның үстине күн кем-кемнен қызған сайын, ыссыда уйытқыған көмирдиң гирти өкпесине атып, Едигениң мийи айланып, жүреги лоқсып, өзиниң ҳал-дәрманы қурып баратырғанын сезип турады. Ҳәтте, сол турған жеринде көмирдиң үстине бойын таслап, қайтып турғысы келмейтуғындай болып, сулайып жатқысы келип те турады. Буған да қайыл болар едидағы, бирақ, қап-қара тозаңда туншығып, бунның ислейтуғын жумысын ҳаялының ислеп жүргени жанына бата береди. Оған ҳаялының түрине қараўдың өзи аянышлы еди. Бастан-аяғына қап-қара күйеге былғанып жүргенликтен, тек көзи менен тиси ғана жылтырайды. Бул аз болғандай қара терге малынып жүреди. Көмир тозаңы аралас қап-қара тер тамшылары мойнына, көкирегине жаўырнына ағып сылпылдайды. Едигениң бурынғы ғайраты болғанда буны сөйтип қоярмеди?! Тек, ҳаялының мынадай азапқа қалғанын көрмесе болды, ол бундай нәлетий көмир тийелген онлаған вагонды бир қолынан өткерер еди.

Олар адамлары көшип, сийрексип қалған Жангелди деп аталатуғын өзлериниң балықшы аўылын таслап шыққанда, фронттан аўырыў таўып қайтқан Едигеге



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалай да жеңил-желпи жумыс табылар деп ойлаған еди. Олай болмады — олар буны билмей қалған екен — бундай фронтовиклер барлық жерде де ызғып жүр екен ғой. Олардың бәрнеде турмысқа қайтадан қәлиплесиўге туўра келеди. Бул да тәўир еле,—Едигениң қолаяғы бар. Ал, сол ўақлары аяқсыз ҳәм қолсыз, балдақ ...янған ағаш аяқлы қаншама адамлар темиржолдың бойларында сүйенисип турмады дейсең. Адамлардың кыплигинен ҳаўасы бузылып, кеўилди айнытатуғын вокзалдың бир қуўысына тығылып, узақ түнди қалғып отырып өткерген мәҳәллерде, Үкибала қасындағы өз к..йеўиниң қыян-кести урыста жүргенде он еки мүшесиниң аман қалғанына қудайға мың қәтле шүкиршилик етип, ишинен талай мәртебе тәўбеге келген еди. Оның станцияларда көргенлери жанына қатты батқан еди, сонда. Үстилерине өрим-өрим шинель ҳәм тағы басқа ..зыўы жеткен бир нәрселерди кийип, урыстың апатынан кем кеўил болып, еки аяғы тениненен жоқ болғаннан ..ақтан коляскаларға мингенлер, балдаққа сүйенгенлер, биреўлер жетелеген соқырлар, қулласы, бул үйсиз-жайсыз, поезд бенен станциядан станцияларға тентиреп жүргенлер буфет ҳәм асханаларда анталасып, арақ ишип, бақырысып өкирип жылағанда аза бойың тик турып, жаның түршигип кететуғын еди... Олардың ҳәрбири алдында не күтип тур, енди орны толмайтуғын болып, омсырайып қалған кемисти не менен толтырмақшы? Бундай бахытсызлық Үкибалаға жанасып, бир қапталынан өтип кеткен еди, әне, сол бахытсызлықтың болған туўрылап келиўи де мүмкин еди дағы, бирақ, күйеўи *контужин болса да, майып-сайып болмай* аман-есен, келгенлиги болып тур. Соның ушын да Үкибала дүньядағы қандай қыямет жумыс болса да ислеўге қайыл болды. Соның ушын да биротала болдырып — қолы-..., путы-пут болып шаршасада сыр бермей «сабыр түби сары алтын» деп шыдай берди.

Бирақ, оның бул жүриси Едигеге аңсат болған жоқ. Бир илажын етип тыянақлы ислейтуғын орын табыў керек болды. Қашанғы бундай болып қаңғырып жүреди. Ҳәрдайым оның қыялына тәўекел етип қалаға кете берсек, талабым оралып кетермеди деген пикир келе берди. Тек ден саўлығы қәддине бир келе қойса, усы бир ...летий контузиядан қутылып кете қойса. Әне, оннан кейин ҳәрқандай қарсылыққа тик аяқтан турыг

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәкки бериўге болады. Қалаға барғанда оның сыйғының қалай боларын ким биледи, итимал, ўақыттың етиўи менен булар да көнлигип, басқалар сыяқлы қалалы болып кетермеди. Аўадағы бирақ тәғдир булардың дуз-ш(е)сийбесин басқа жерге шашқан екен. Буны аўып-талыў демей не дейсең енди...

Сол күнлери булар Қумбел станциясында вагоннан түсирилген көмирди қыямайлап үйип бүгежеңлеп жүргенде деп оның көмир шарбағына, шамасы өз жумыслары менен жүрген болыўы керек қырдан түйели бир қазақ келди. Жүрис-турысы солай көринди. Сол адам түйесин жақын жердеги алаңлыққа тусап жиберип, өзи жән-жағына алаңлап, бос қапшығын қолтығына қысып берман қарай жүрди.

— Ҳәй, иним! — деди ол Едигениң тусынан өтип баратырып, — анаған қарап тур, бала-сала кесек ылақтырып тынышын алып жүрмесин. Олардың түйени көрсе сөйтетуғын бир жаман әдети бар. Тусаўын шешип жиберетуғынлары да болады, жүўернемеклердиң. Мен көп егленбей келемен.

Кете бер, кете бер, қарап тураман, —деди Едиге гүрек пенен арбаға көмирди гүреп-гүреп салды да, күйе жуғып, тер сиңип аўырласқан ызғар ләтте менен сүртинип турып.

Бет-аўзын жуўған тер тынымсыз сорғалайды. Едиге үйилген көмирдиң қасында қол арбаға көмир салып бүгежеңлейди. Анда-санда станцияның урныққыр балалары «түйеге тас бердим, ешекке жем бердим» — деп атырған жоқпекен, деп ол жаққа да қарап қояды. Олардың бийбастақлығын бул бир сапары өз көзи менен көрип еди. Онда да бир адам түйесин усы қатарға қалдырып кетти. Балалардың түйениң жинин келтиргени соншелли, ол аўзынан көбиги шашырап, балаларға қайт тәп берип қуўды. Балалар болса түйениң арқырап жуўырғанына шадлы түрде, тап әййемги дәўирдеги аңшылардай қум-қуўыт болып жуўырысып, оған тас ҳәм таяқларды жаўдыра баслады. Бийшара түйе ийеси келемен дегенше сол аўҳалда қорлықты көрген еди...

Бул сапары да қасақана тап усыны билгендей қайдан келгени намәлим үсти-басы алба-далба бир топар балалар пайда болып, футбол — топ тесўип, шаўқымласа баслады. Олар топты сол зыр жуўырысып тебиўи менен тусаўланған түйеге қарай бағдарлады. Түйе бу-


www.ziyouz.com kutubxonasi

лардан үркип, қоқанлаған сайын олардың ишиндеги күшли ҳәм шаққанлары топты түйениң бүйирине қарай гөзлеп тебеди. Топты тийгизгени дәрўазадан гол өткергендей болып, секирип қуўанады.

Буларды көрип Едиге:

— Ҳәй, қәне, бул жерден жоғалыңлар, тийменлер! — деп гүрегин көтерип, былғап бақырды. — Болмаса аяғыңызды сындыраман.

Едирейисип қалған балалар буны түйениң ийеси деп ойлады ма, ямаса бул көмир түсириўшиниң түри соншелли айбатлы болып сезилди ме, әлле пыяң екен деди ме, олар бирден серпилип, топты басқа жаққа қарай теўип өтә кетти. Олар бийкар қорықты. Олар түйени қумарлары қанғанша топ пенен теўип азаплай бериўине де болатуғын еди. Едиге тек көзабаға гүрегин силтеп бақырды, болмаса, *усы турғанында соларды қуўып* жүргендей диңке бармеди бунда?! Қол арбаға ҳәр бир гүрек көмирди көтерип салыўдың өзи оған мүшкил еди. Ол ҳешқашанда бундай дәрежеде бийшаралық аўҳалға түсип, дәртке шатылып қалады екенмен деп ойламаған еди. Мийи бирдейине тынымсыз айлана берди. Тер де қуйылып аға береди. Көмирдиң қара қоқым гиртинен өкпеси қысып, сырылдап, Едиге биротала болдырған еди. Сондай ўақытлары Едиге солығын басыў ушын дем алып отырғанда, Үкибала қол арбаны өзи толтырып, жарланып турған бәлентликке қарай айдап, аўырманлықты өз мойнына алады. Оның тентиреклеп, аяғы шалынысып баратырғанын көрип, шыдамай кеткенликтен, Едиге тағы орнынан турып барып гүрекке асылады...

Түйеге қарап тур деген сол адам арадан көп ўақыт өтпей-ақ қапшығын арқалап, жетип келди. Қапшығын түйениң арқасына жайғастырып, жөнелип кетейин деп турғанда, ол Едигениң жанына келип жөн-жосақ сорасты. Олар бирден ашылысып, сөйлесип кетти. Бул Боранлы разъездинен келген Қазанғап еди...

*Сорасып қараса олар бир жаға бойының адамлары* екен. Қазанғап шығысы жағынан өзиниң Арал жағасындағы бир аўылдан екенлигин айтты. Бул жағдай оларды дәрҳал жақынластырып жиберди.

Бул ушырасыўдың Едиге менен Үкибаланың пүткил алдағы өмириниң тағдирин шешетуғынлығы сол ўақытта ҳешкимниң қыялына келмеген еди. Қазанғап

www.ziyouz.com kutubxonasi

тек оларды өзи менен бирге жүрип, Боранлыға барып жумыс ислеўге көндирди. Бир көргеннен-ақ адамларды жатырқамай, өзине тәбия көрстуғын усындай баўырман адамлар болады өзи. Қазанғаптың басқалардан өзгешеленип туратуғын бир қәсийети өмирдиң ашшы-дущшысын көп татқанлығы киши пейиллигинен билинип туратуғын еди. Түрине қарағанда үстиндеги кийимлерин күн алып, оңып кетседе, өзине куйылып жараспп туратуғын жалпақ қазақ. Ийленген ешки териден тигилген ғарырлаған шалбар кийип жүриўи де тегин емес — түйениң үстинде отырғанда жағдайлы болады. Сөйтсе де ол гөне кийим менен жаңа кийимниң парқын айыра алатуғын еди. Темиржолшының жыйынлыққа сақлап қойып кийетуғын шылт жаңа фуражкасы оның үлкен басына жарасып тур. Аяғында көп жыл кийилгенликтен қырық жамаў басылған текеки етик. Оның нағыз қырдың тайнапыр қазағы екенлиги даланың аңызақ самалында күн қағып, қара-қоңыр, тартқан бет-әлпети менен пәнжели қолларынан билинип турады. Мийнеткешлигиниң себебинен геўдеси сәл алдына еңкейип, кең ийинлери ўақтынан бурын шөгип кеткенликтен, орта бойлы болсада мойны собырайып турады екен. Ҳәмме нәрсени дыққат қойып түсинип, жән-жағын әжим қаплап, күлки шашып туратуғын оның қаралтым көзлери ҳайран қаларлық еди.

Қазанғап сол жыллары қырқты қуўсырып барып қалған еди. Итимал, келте етип қойған мурты менен буўрыл тартқан шоқ сақалы оны кексслеў етип көрсететуғын болса керек. Бәринен де бетер сөзи кеўилге қонымлы ҳәм салмақлы болып, адам исенбеўге итималы болмай қалады екен. Үкибала бул кисини дәрҳал унатып, сүйсинип кетти. Гәпти орнында таўып сөйлегенликтен айтқанларының бәри де ақыл-насият еди. Ал, енди контузиядан еле айықпай жүрген болсаң, бүйтип денсаўлығына зыянды тилеп алып не қылайын деп един. Мен сениң усы жумысты қыйналып зорға ислеп турғаныңды дәрҳал сезген едим. Едиге, деген еди сонда ол. Бундай аўыр жумысқа жарамайсаң, еле сен. Аяғыңды зорға сүйреп басып жүрсең. Ҳәзир сен таза ҳаўада емин-еркин қатық-сүт ишип, жеңил-желпи жумыс ислеўиң керек. Мине, мәселен, айтайық биз тәрептеги разъездe жолда жумыс ислеў ушын адам деген жүдә керек. Разъездиң жаңадан болған начальниги

www.ziyouz.com kutubxonasi

маған бирдейине: сен бурыннан усы жерде отырықшысаң ғой, тәўирлеў адамлар болса таппайсаң ба, — деп дыңғырлай береди. Ал, қайда қәнекей сондай адамлар? Бәри де урыста. Қайтып келгенлер болса, оларға басқа жерден де жумыс табылады. Әлбетте, биз тәрепте де күн көрис жақсы емес. Қыйыншылығы мол жерде болып атырмыз-әтирапымыз Сарыөзектиң сырдандай даласы. Жақын жерде ел де жоқ, суў да жоқ. Суўды ҳәптесине бир мәртебе цестерна менен алып келеди. Гейде келмей қалатуғын ўақытлары да болып турады. Ондайы да бар. Сондай ўақытлары жолы алыс қула даладағы қудыққа барып, суўды мес пенен әкелиўге туўра келеди. Азанда кетсек, кеште айланып келемиз, әйтеўир. Сонда да ҳәр жерде тентене болып жүргенше көре, сол Сарыөзектиң бир жеринде түтин түтетип, мәкан басып отырғанның пайызы өз алдына деди Қазанғап. Үстиңде — баспанаң, турақлы ислейтуғын жумысың болады. Не ислейтуғыныңды көрсетемиз, бағдар беремиз, кейин меңгерип кетесең. Өзиңниң мал-ҳалың болады. Мал сақлайман деген нийетиң болса, ол қыйын емес. Екеўиңиз ислеп турсаңыз, — деди ол — тапқан табысыңыз өзлерине бас-тон болады. Ол жерге барсаң ден-саўлығың да дүзелип кетеди. Қалған жағын ығбалыңыздан көребересиз, жүдә ишқыста болып баратырсаңыз қолайлы жағына қарай ығыса бересиздағы...

Мине Қазангап сонда усындай гәплерди айтқан еди. Едиге әри ойланып, бери ойланып, ақырында барыўға келисим берди. Олар сол күни Қазанғапқа илесип Сарыөзектеги Боранлы разъездине қарай жүрип кетти. Ол ўақытлары Едиге менен Үкибаланың изине айланып, егленгендей ҳешнәрсесинде жоқ еди. Анаўмынаўын түйистирип, жеңилтеклеуип, жолға шыға берди. Егер бахыт деген нәрсе болса оны да нәлеп көрейик деп ойлап еди, олар сонда. Соңынан билсе, бул олардың тәғдири екен.

Қумбелден — Боранлыға дейин баратуғын жол өмирөмиринше Едигениң ядынан шықпастай болып қалған еди сонда. Олар дәслеп темир жолды жағалап жүрди, соңынан әсте-ақырын бир қыялап қашықлап, ашық далаңлықтың төрине қарай кетти. Қазанғаптың айтыўына қарағанда, темир жолдың усы тусы үлкен бурылыс жасап, бир заманлары айдын-шалқар суў жатырған, енди болса ушы-қыйыры жоқ тақырлыққа айланып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

кеўип кеткен дузлы көлдиң ултанын айланып өтеди екендағы, ал, көлдиң ултаны менен туўрылап тартқанда он шақырымдай жол қысқарады екен. Бул күнде де сол көлдиң ултанынан батпақ аралас дуз шығып турады. Ҳәр жылы бәҳәрде дузлы тақырлық босасып, солқылдап батпаққа айланады да, үстинен өтиў қыйынласып, жаз ортасында аппақ сор қаплап, қатыўашланған бул кеңислик келеси бәҳәрге дейин тастай қатып жата береди. Бул қатардың бир заманларда айдын шалқар дузлы көл болғанын Қазанғап, Елизаров деген геологтан еситкен еди. Соңынан Елизаров пенен Едиге көўил жақын дос болып кетти. Ақыллы адам еди, Елизаров.

Едигениң ол ўақытлары еле Боранлы деген лақабы жоқ еди. Тек, мәзи бир ғайыптан-тайып, темир жолда ислейтуғын жергиликли биреўге ушырасып қалған Аралдың қазағы болып, урыстан жарамсыз болып қайтқанлықтан талабы келиспей жүрген фронтовик еди. Енди болса мине, Қазангапқа исенип, ҳаялы екеўи жумыс ҳәм баспана излеп, өзлерине еле намәлим Боранлы разъездине киятыр. Усы Боранлыда өмир-өмиринше турақлап қалатуғынын ол, сол сапары билмеген еди.

Бәҳәрде шамалы күн жасыл тартып туратуғын Сарыөзектиң көз жеткисиз кеңислиги Едигениң қулақларын питеп таслағандай болды. Аралдың әтирапында, Үстирттиң айтпағанның өзинде не көп кеңислик көп. Бирақ, оның бундай кеңисликти биринши мәртебе көриўи еди. Сарыөзектиң тилсимли ҳәм қулазыған бундай даласында, тек бул әтираптың кеңлигине өзиниң жан дүньясының кеңлигин сайбағыслап түсине алатуғын адам ғана көнлиге алатуғынын Едиге соңынан түсинди. Аўа, Сарыөзектиң даласы кең, бирақ адамның жанлы ақылпарасаты сол кеңликти де санасына жайғастыра алады. Гүмилжи болсада сол замандардың аласапыранында көмилип қалған әлўан-әлўан сырларды бабына түсирип айта алатуғын болғаны ушын да Елизаров дана адам еди.

Түйениң буйдасынан услап, исенимли түрде Сарыөзектиң қойнына қарай алдында баратырған мына Қазанғап болмағанда Едиге менен Үкибаланың қандай қыялда болатуғынын ким биледи дейсең. Ҳәр түрли нәрселер артылған түйениң үстинде Едиге отыр. Әлбетте, түйеге Едиге емес, Үкибала миниўи керек еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақта, Қазанғап, әсиресе Үкибаланың өзи шыр-пыр болып: «Бизлер дени саў адамлармыз, ал, сен өзиңе ыңғыят болыўың керек, гәпти азайт, еглей берме адамларды, жол алыс...» — деп зорлағандай етип түйеге миндирди. Түйе еле жас көп жүк артыўға ҳәлсизлик ететуғын болғанлықтан, екеўи пиядалап жүрди. Едигениң ҳәзирги Қаранары болғанда ма, үшеўи де жайқарахат жайғасып, үш ярым-төрт сааттай ўақытта дийдилеген жерине желдирип жетип барған болар еди. Сол сапары олар Боранлыға ярым ақшамда жетип келди.

Сөйтседе сол рет жолдың узақлығы — бийтаныс жер жөниндеги ғаңғыр-гүңгир әңгиме-гүррин менен билинбегендей болды. Қазанғап бул жердиң ҳәдди-қуддин, Сары өзектеги темир жолға қалай келгенин жол бойынша айтып келе берди. Түрине қарағанда егеде болып көринген менен сол урыс тамам болмастан бир жыл бурын, Қазанғап отыз бесин толтырып, отыз алтыға қараған-ақ екен ғой, өзи. Шығысы жағынан Арал жағалаўының қазағы еди. Оның туўылып-өскен жери — Бесағаш аўылы менен Жангелди аўылының арасы теңизди жағалап жүргенде отыз шақырымдай бар екен. Қазанғаптың Бесағаштан шығынып кеткенине көп жыллар болсада, бирақ, елеге дейин дуз-несип айдап бир бармай-ақ жүрген екен. Бармай жүргениниң де мәниси бар еди. Қазанғаптың әкесин кулакларды сапластырыў ўақтында класс ретинде жер аўдарып жиберген еди. Соңынан анықланса ҳеш қандай кулак емес, тек асыра силтеў жаласы оттай шарпып турған ўақта наҳақтан айдалғаны билинип, ҳақланып қутылып киятырғанда жолда қайтыс болыпты. Орта ҳаллы хожалықларды да кулак деп айыплап, аласлап атырған ўақытта бундайлардың талайы жазықсыз айдалып кетти. Соңынан ақлаўын ақлады да, бирақ, ўақыт өтип кеткен еди. Хожалығы пыт-шыт болып — туўысқан ағаинилери, апа-қарындаслары көзден таса болыў ушын ҳәрким басының аўған жағына дағысып кетти. Соннан бери олар суўға батып кеткендей жоқ. Ол ўақытлары Қазанғап деген ғыршылдаған жас жигитти аўылдың жел-өкпе белсендилери жыйналыс сайын ортаға алып; әкеңди халықтың алдында айыплап сөйле, деп қыстастыра беретуғын еди: әкемди жат элемент ретинде дурыс қаралады, мен бул бағытты қуўатлайман деп


www.ziyouz.com kutubxonasi

айт. Мен ондай әкеден безднм, мениң әкем сыяқлы класс душпанларына жер басып жүриўге арамызда орын жоқ, олардың бәринде жаппыламай қуртыў керек деп айт.

Бундай жүзи қарашылықтан қашып қутылыў ушын Қазанғаптың алыс жақларға басын алып кетиўине туўра келди. Сол кетистен ол Самарқанд әтирапындағы Бетпақдала Мырзашөлден бир шықты. Бул жерде сар-рас алты жыл жумыс иследи. Нешше әсирлерден берк адамның изи түспеген бул жерлерди пахта егиў ушын жаңа-жаңа өзлестирип атырған мәҳәл еди. Адам күши жетиспейди. Бар адамлар баракта жатып жумыс ис-лейди, жап-салма қазады. Қазанғап жер де қазды, тракторшы да болды, бригадир де болды — жеделли мийнети ушын ҳүрмет грамотасын да алды. Ҳәттє, усы жерде үйленди де. Мырзашөлге ол ўақытлары галап излеп, жан-жақтан адамлар келе баслаған еди. Сонда бул жерге жумыс ислеў ушын Хийўаға жақын жер-ден жигит ағасының хожалығы менен бирге қарақал-пақ қызы—Бийке де келди. Себеп пенен Қазанғап екеўиниң ушырасыўы усы жерде болды. Екеўи Бетпақ-далада қосылысып, хожалық болып, соңынан Арал жағасындағы Қазанғаптың аўылына, ағайин-туўғаны-ның ортасына бармақшы болды. Бирақ, ақыбетин ой-ламаған екен, асыққан екен. «Максим» деген поезда талай-талай станцияларда аўысып минип, көп санда-лыспадан кейин Кумбелге келгенде, Қазанғап бул жер-де аўылласларының бирли-ярымын ушыратып қалды. Олар менен аман-есенлик сорасып отырып, Бесағашқа ҳәзирше барыўға болмайтуғынын түсинди. Аўылды елеге дейин сол баяғы жалахор менен бурмалаўшылар басқарып жүрген екен. Буны еситип Қазанғап ойланып қалды. Бир нәрседен қәўипсингенликтен емес, әлбетте; аўылына барғанда да ҳешким ҳеш нәрсе қыла алмай-ды. Ол енди Өзбекстаннан ҳүрмет грамотасын алған сыйлы адам. Сөйтсе де бурын изине түсип, қорлап ма-сайраған адамлардың бет әпшерин көргиси келмеди. Еле олардын қолынан ҳәмме нәрсе өтип турғанда, ара-да ҳеш нәрсе болмағандай түр билдирип, олар менен қалай аман-есенлик сорасып сәлемлеседи!

Қазанғап бул жағдайды есиңе түсириўди жақтыр-майтуғын еди. Бул нақолайлықты басқалардың әлле қашан умытып кеткенин де түсинбеди. Сарыөзекке



www.ziyouz.com kutubxonasi

келгеннен кейин де, арадан бираз жыллар өтсе де бул, сол қорлықты умыта алмайтуғынын бир-еки рет сездирип қойды. Бир мәрте өзиниң баласы кеўилин қатты қалдырды да, екиншисинде Едиге ҳәзиллесемен деп абайламай қалды.

Сәбийтжанның қаладан келе берстуғын күнлериниң биринде олар дастурханды дөгереклеп, шай ишип, қаладағы жаңалықларды еситип, әңгимелесип отыр еди. Аннан-мыннан гәп таўып отырған Сәбийтжан сөзиниң арасында, коллективлестириў жылларында Синьцзянға өтип кеткен қазақлар менен қырғызлар енди қайтып келип атырған екен, — деди күлип. Қытайда коммуна қурылып, қысып атырса керек, өз үйлеринде аўқатланыўға тыйым салынып, улыўма қазаннан аўқатланыў ушын, ғаррысы да, жасы да қолларына табақларын алып күнине үш рет дизбекте шубырысып туратуғын болыпты. Қытайлылардың қысқысына шыдай алмағанлықтан олар мал-мүлкине де қарамай басы менен ғай болып қашыўға мәжбүр болған. Берман қарай өткеринлер деп олар бизиң шегарадағы адамлардың аяғына жығылып атырған қусайды.

— Оның неси жақсы? — деп түнерген ўақытта ғәзепленген Қазанғаптың еринлери дирилдеп кетти. Нәкән-саяқ болмаса Қазанғаптың бүйтип түнергенин де, баласына бундай мүнәсибетте болып жекиргенин де ҳешким, ҳеш қашанда еситип ҳәм көрген емес. Балам оқып үлкен адам болсын деп әрман етип, бар тапқанын соның жолына шашып еди. — Олардың несине күлип отырсаң, сен? — деди тағы да, басына тепкен қан шеке тамырларын кернеп кеткенликтен гижинип. — Бул адамларға апатшылық емес пе, билсең?

— Қалай деўим керек сонда. Ҳайрансаң-әй, буларға! — деп шабаланды Сәбийтжан. — Қалай болған болса солай айтып отырман.

Әкеси алдындағы шай қуйылған кесени арманырақ ысырып атырып ҳеш нәрсе демеди. Оның усы үндемегенлигиниң өзи әжептәўир сезилди.

— Улыўма алғанда кимге өкпелейсең? — деп ҳайран болған мәнидеийнин шошаңеттирип, гүңкилдеди Сәбийтжан. - Түсинбедим. Тағы қайталап айтаман кимге наразы боласаң? Ўақытқа ма — ол туттырмайды. Ҳүкиметке ме — ҳүкиметке өкпелеўге ҳаққың жоқ!

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Билесең бе Сәбийтжан, мениң исим—мениң өз машақатым өзимниң мойнымда. Басқа ислерге мен араласпайман. Бирақ, ядыңда болсын, балам, мен сени ақылы толысқан шығар деп жүрген едим, әне соны билип қой. Тек ғана бир қудайға өкпелеўге болмайды —егер ол жаныңды алыўға әзирейлини жиберсе, демиңниң шегине жеткени, адам өлиў ушын туўылады Оннан басқа жер жүзиндеги нәрселердиң бәриниң де сораўы бар!—деди де Қазанғап орнынан турып ҳеш кимге бурылып қарамастан түнерген ҳалында үйден суўырылып шығып бир жаққа қарап кетти.

Тағы бирде, Қумбелдеги ушырасыўдан соң, арадан бираз жыллар өткенде барып, Едиге Боранлыға мәкән басып бала-шағалы болып кеткенде, бәҳәрдиң күнлери кешқурын малларын қораға қамап атырған Едиге қозылаған қойларына қарап турып:

— Усы Қазаке, сизиң менен биз байып баратырған қусаймыз. Қайтадан кулак қатарына шығарып қуўдаласада болғандай екен!—деп ҳәзиллеспекши болып еди. Қазанғап оған атып жибергендей етип қараған ўақытта мурты тикирейип кетти.

— Сен аңлаңқырап сөйле, бирақ!

—Ҳәзиллесип атырман, соны да түсинбейсең бе, сен?

—Оның менен ҳәзиллесиўге болмайды.

— Қойсаң-ә, Қазаке. Жүз жыл өтип кетсе де...

— Әне, гәптиң төркини сол өтип кеткенлигинде болып тур. Маңлайыңдағының бәрин еки теўип бир қыршып алған менен еплеп күнелте бересең. Ал, аяқ астында қалып тапланған жанның жарасы ҳеш ўақытта да жазылмайды...

Олар сол күни Қумбелден—Боранлыға қарай Сарыөзектиң үсти менен киятырғанда еле бул гәп айтыламан дегенше алда еле жүдә көп жыллар бар еди. Олардың Боранлыға келгеннен кейин изиниң не болатуғынын да ҳешким билмеди. Олар еле бул жерге көнлигип, үйренисип кетеме, я үйрениспей-ақ тағы қоңалап, дүньяның бир шетине шығынып кетеме, бул намәлим еди.

Әңгимениң бағдары тиришилик, күн көрис жөнинде болғанлықтан, Едиге гәптиң арасында Қазанғапқа: урысқа қалай бармай қалдыңыз, ямаса ден саўлығыңнан бир шикәс тапты ма?—деп сорады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қудайға шүкир, деним саў,—деди Қазанғап:— Ҳешқандай аўырыў жоқ менде. Фронтқа барғанымда да ҳешкимнен кем саўаш қурмас едим. Бирақ, жағдай басқаша болды...

Қазанғап Бесағашқа бармайтуғын болып бир шешимге келгеннен кейин басқа ҳешқандай тентиремей-ақ қояйық деп, олар Қумбел станциясында қалып қойған. Тағы Мырзашөлге қайтып барайын десе—дым алыс, әўелден келмеўи керек екен, бир келип қалғаннан кейин тағы қайтып барыўдың рети жоқ. Аралға барайын десе, тағы ойланып, әўере сарсаң болып қалды. Қумбел станциясының баслығы бир тәўир адам екен. Сөйтип жүргенде булардың шеттен келгенин сезип, ашылысып сорасып, қайдан келгенин не жумыс ислейжағын билип алды да, Қазанғап пенен Бийкени Боранлыға баратырған поездға миндирип жиберди. Ол жақта жумыс ислейтуғын адам керек. Соған екеўинди қолайлап турман,—деди баслық. Сөйтип разъездиң баслығына хат жазып, қолларына услатып жиберди. Ол қәтелеспеген екен. Боранлыға қарағанда Мырзашөл дегениң бейиш екен. Ол жақта адамлар да көп еди, жумыс та көп еди. Сарыөзектиң суўсыз шөлистанында қанша азап шегип қыйлансада кем-кемнен үйренисип, көнлиге баслады. Аш-жалаңаш болса да өзлери менен өзлери әжик-гүжик болып дәске жыйнап, хожалық болыўдың талабында болды. Ерли-зайыплы екеўи де жол рабочийи болып есапланған менен разъездеги дус келген жумысты ислей береди. Солай етип Қазанғап ҳәм оның жас келиншеги Бийке екеўиниң ерли-зайыплы өмир жолы Сарыөзектиң елсиз Боранлы деген станциясында усындай болып басланып еди. Дурыс, сол жыллары олар, ақша жыйнағаннан кейин басқа жерге: станция, я қалаға жақынлап барғысы келип, бир-еки рет қобалжып та қойды. Сөйтип жүргенде урыс басланып кетти.

Әне, сол урыс басланған күнлерден баслап, Боранлы арқалы эшелонлар батысқа қарай солдат, шығысқа қарай эвакуация етилген бала-шағаларды, батысқа қарай дән, шығысқа қарай жарадар болғанларды тийеп алып, зуўлай беретуғын болды. Өмирдиң бирден қаймығып, өзгерип кеткени сонша, усындай елсиз түпкирдеги Боранлы сыяқлы станцияда да сол өзгерислер сезилерли дәрежеде болып турды...

Бирнен соң бири арқыраған паровозлар семафордың

www.ziyouz.com kutubxonasi

ашылыўын талап етсе, қарама-қарсы тәрептен тағы сондай даўыслар гүңиренеди.

...Шпаллар аўыр жүкке шыдамай майысып, рельслер ўақтынан бурын желинип, вагонлардың аўыр салмағына шыдам бере алмады. Жолдың кеткен жерлерин зорға жөнлеп үлгергенде, изин ала тағы бир жерин тағы қайтадан қәлпине келтириў талап етиледи...

Ушы да жоқ, қыйыры да жоқ, қаяқтан шығып атыр екен, бул есап-сансыз адамлар! Эшелонлар бириниң изинен бири күни-түни, ҳәптелеп, айлап, соңынан жыл артынан жыллап, фронтқа қарай зуўлап өтти де турды. Ҳәммеси де батысқа—ярыйы өмир менен өлим арпалысып айқасып, қан төгилип атырған тәрепке қарай кетеди...

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ Қазанғаптың да сол жаққа қарай кететуғын гезеги келди. Урысқа жибермекши. Қумбел станциясынан әскерий пунктке келип жет деген хабарлаўшы қағаз жиберипти. Разъездиң баслығы еки қолы менен шашларын жулатуғындай етип қамтымлап, ўай-ўайды салдырып жибериўге сәл қалды—жумысты ең жақсы ислейтуғын адамын алып баратыр. Боранлыда жумыс ислейтуғынлардың өзи бир ярым адам ғой, екеўге де жетпейди. Разъезд баслығының қолынан не келеди, оның айтқанын ким тыңлайды деп атыр. Разъездиң поездларды өткериў қәбилети резина емес ғой... Паровозлар болса семафордың қақ маңлайында өкирип тур... Егер усыннан тез күн ишинде қосарлы жол (запасная линия) салыў керек деп айтса күлкиге алады.

Ҳәзир оған ким бас қатырады, душпан болса Москваның түбинде тур...

Урыс басланған жылдың дәслепки қысы да ерте түсип босағаға таялып келип қалды. Күнлер геўгим тартыўға асыққандай қысқарып ҳәм түнерип, сықырлаған аяз басланды. Сол сапары таң алдында қар жаўды. Дәслеп сийреклеп таслап тур еди, соңынан жапалақлап, бурқасынлап кетти. Сарыөзектиң кең даласы сай-саласы менен ой-қыры аспаннан түскен аппақ сағымға көмилди де қалды. Соңын ала дәрҳал еле ығарланбай атырған улпа қарды жеңил-желпи

---

1Шпал—темир жол рельсине кесе-кесе қойылған ағашлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

уйытқытып ескен Сарыөзектиң самалы басланды. Бул тек, басламасы ғана еди. «Еле несин көрипсең, қыл таққанда ғаңқылдар» дегендей үлкен булағайды салып, ысқырып, азнайтуғын даўыл соңынан болады. Жердиң *дәл ортасы болған сарғыш тартқан кең* даланлықтың үстинде ана үлке менен мына үлкени кесип өтип, жиңишке қара сабақтай болып созылып атырған темиржолдың жағдайы қандай болады сонда? Темиржол — жердиң шеке тамыры, дүрсилдеп тур — поездлар ол жаққа да, бул жаққа да өтип атыр.

Сол күни азанда Қазанғап фронтқа кетти. Ҳешким шығарып салған жоқ, жалғыз өзи кете берди. Олар үйден шыққан ўақытта, Бийкениң көзи қамасқанлықтан, маңлайына қолын басып, мийим айланып баратыр деп тоқтап қалды. Қазанғап оның қолындағы қундақлаўлы нәрестени алыў менен болды. Қундаққа оралған Айзада еди. Ерли-зайыплы екеўи аппақ қарға из салып жүрип кетти. Ким биледи, мүмкин, бул излердиң қарға қатара ең соңғы рет түсиўи шығар... Бирақ, Бийке оны шығарып салыўға киятырған жоқ, Қазанғаптың өзи оны стрелочниктиң будкасына дейин ертип *апарып, сол жерден Қумбелге баратуғын жүк поезды*на минбекши болып киятыр. Енди күйеўиниң орнына — Бийке стелочник болады. Олар бул жерге келип, хошласып алды. Айтылатуғын гәплер де, жылап-сықлаў да бәри де түнде болған еди. Паровоз пуўын бурқыратып тур екен. Машинист асықтырып, Қазанғапты қасына шақырды. Қазанғап оның жанына отырар-отырмастан, паровоз узын-қуйын гудок берип, кем-кем пәт алыг, дөңгелеклери рельслердиң жалғасқан жерине тақылдап тийе баслады. Сөйтип, белин буўып, орамалды маңлайына түсирип тартып, күйеўиниң етигин кийип, бир қолында нәрестеси, бир қолында флажок, буларға семафорды ашып турған Бийкениң қасынан поезд зуўлап өтә кетти. Соңғы мәрте олар бир-бирине қолларын былғады... Бийкениң телмирген дийдары, муңлы көз қараслары, флажок көтерген қоллары, ҳәтте семафор да соңғы рет жылт-жылт етип булдырап артта қала берди...

Ал, поезд бул ўақытлары аппақ сүтке малынғандай болып, тып-тыныш ғана мүлгип атырған Сарыөзектиң кең даласының қойнын дүбирлетип, гүўлеп баратырған еди. Паровоздың қарсы алдынан ескен самалдың епкини пеште жанып атырған көмирдиң жағымсыз



www.ziyouz.com kutubxonasi

ийиси менен кең даланы қаплап атырған таза қардың ийисин араластырып жиберди.. Қазанғап Сарыөзек даласының қысқы сан ҳаўасын өкпеси кернелгенше жутынып симире берди. Буннан былай бул даланың өзине жат емес екенлигин ол сонда түсинген еди...

· Қумбелде әскерликке алынғанларды фронтқа жиберип атыр екен. Ҳәммесин де қатарға дизип, атларын атап түўеллеп санап, вагонларға бөлистирди· Тап сол ўақытта ҳайран қалғандай бир ўақыя болды. Қазанғап өзиниң колоннасы менен вагонға миниўге баратыр еди, әскерий комиссариаттың хызметкерлериниң биреўи жүрип баратырғанлардың изинен жетип:

— Асанбаев Қазанғап! Ким Асанбаев? Саптан шық! Изиме ер!— деди.

Буйрық қалай айтылған болса, Қазанғап солай иследи.

— Мен—Асанбаев!

— Документ—ҳүжжетлериң!... Дурыс. Өзи екенсең. Ал, кейиниме ер.

Олар кейинине қайтып станциядағы әскерий пунктке келген соң жаңағы адам оған былай деди:

— Қәне, Асанбаев, сен енди үйиңе қайт. Үйиңе қайтабер. Түсиндиң бе?

— Түсиндим,—деди Қазанғап ҳеш нәрсе түсинбеседе.

— Ондай болса тарт салдаўыңды, бул жерде қара көбейте бермей. Сен боссаң.

Кетип баратырған ҳәм шығарып салыўға келген аламанның арасында қалған Қазанғап не ислерин билмей ҳайраны шығып қалды. Дәслеп ол истиң бундай болып сәтине түскенине қуўанып тур еди, сонынан кеўилинде бир гүман пайда болып, тула-бедени өртенип баратырғандай болып кетти. Аҳ, солай екен-аў, еле! Ол әскерий пункттиң қапысының алдында ийин тиресип турғанлардың арасына өзин урды.

— Қайда гүдиреклеп баратырсаң, сен?—деп бақырды бул жердегилер оған. Оларда баслықтың үстине кирмекши болып анталасып тур еди.

— Меники қыстаў!—Эшелон жүрип баратыр, меники қыстаў жумыс!—деп оларды ийтергишлеп, ишке кирип кетти.

Темекиниң түтининен булдырлап көгис тартқан бөлмеде, телефонлар ҳәм ызғыған қағазлар, анталатқан адамлардың арасында шашы жары ағарып, даўысы


www.ziyouz.com kutubxonasi

қарлығып қалған киси Қазанғап дәпинип келген ўақта столдан басын көтерди.

— Сеники не, қандай мәселе бойынша?—деди жақтырмай.

— Мен келиспеймен.

Не менен келиспейсең?

— Мениң әкем бурмалаўға тап болған адам ретинде ҳақланған. Ол кулак емес! Өзлеринде турған барлық ҳүжжетлерди тексериңлер, қәне! Ол орташа хожалық ретинде ҳақланған!

—Тоқта-тоқта! Саған не керек болып тур өзи-ә?

— Егер мени соны сылтаўлап әскерликке алмайтуғын болсаңлар, онда бул дурыс емес.

— Берман қара, былшылдама өйтип, Кулак—жуўан жудырық, орташа хожалық, енди кимниң жумысы бар оның менен. Қаяқтағыларды айтасаң-ә! Сен кимсең өзиң?

— Асанбаевпан. Боранлы разъездинен.

Баслық алдындағы қағазға жазылған дизимди қарай баслады.

— Солай демейсең бе. Басты қатыра бересең қуры. Орташа хожалық, гедей хожалық, жуўан жудырық! Мә, саған бронь. Сени алжасып шақыртқан. Темир жолшыларға ҳешким тиймесин, бәри де өз орны-орынларында қылт етпей турсын деген жолдас Сталинниң өзинен буйрық бар. Қәне, бизге мәлел бермей кет бул жерден. Разъездиңе бар, жумысыңа кирис, қәне...

Боранлыға шамаласқан жерде күн уясына батты. Олар тағы темир жолға жақынласқанлықтан арманберман өтип баратырған поездлардың даўысы еситилип, вагонлардың дизбегин де көриў мүмкин еди. Сарыөзек даласының ортасында олар, алыстан ойыншыққа усап көринеди. Әтираптағы сай-сала менен қырлы дөңеслер дәслеп қуяштың соңғы сәўлесине, соңынан геўгим гүңгиртлигине малынып, жер бетин болар-болмас селдир думан қаплады да, ҳаўа көгис тартып, еле қыстың тәсири кетпеген кең даладан бәҳәрдиң дәслепки леби сезилип турды.

— Әне, бизиң Боранлы!—деп Қазанғап қолын алға қарай көтерди түйениң үстиндеги Едиге менен қасында ентелеп киятырған Үкибалаға бурылып.—Енди азғантай қалды. Қудай жеткерсе, ҳәзир барып қаламыз. Оннан соң дем аласызлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың алды бетинде, яғный темир жол сәл-пәл шығанақ жасап, бурылып өтетуғын тәрептеги бир тегис кеңисликте бирнеше пәскелтек жайлар, ҳәм семафордың ашылыўын күтип, запас линияда турған поезд көринеди. Оның арғы жағының бәри сырдандай дала, адыр-адыр қырлар, ойпатлық, мүлгип атырған шексиз кеңислик еди...

Едигениң кеўили қулазып сала берди. Теңиз әтирапының даласына үйренискен Едигеге дала таңсық болмаса да, бирақ, мына тақылеттеги кеңисликти көремен деп ойламаған еди. Бурын ол бирдейине көгис дөнип, қубылып туратуғын теңиздиң жағасында туўылып, енди мине суўсыз, шөлистан «теңизине» тап болып тур! Бул жерге қалай шыдайды енди?!

Үкибала түйе менен қатарласа берип, Едигениң аяғынан услап, бираз жерге дейин жаздырмай жүрди. Едиге оның не қыял менен бундай етип киятырғанына түсинди. «Ҳеш гәп болмас, ең баслысы денсаўлығың дүзелип кетсе болар. Тири болсақ—қалған жағы болса көре беремиз»—дегенди уқтырған еди сонда Үкибаланың қолы оған.

Солай етип олар өмир-өмиринше мәканлап қалатуғын жерине де жақынлап келип қалған еди.

Күн биротала батып, қараңғы түскеннен кейин Сарыөзектиң шағырайған аспанында жулдызлар ғужғуж болып жымынласып турған ўақытта, олар Боранлыға жетип келди.

Екеўи бирнеше күнге дейин Қазанғаптың үйинде болды. Соң бөлек шықты. Оларға сол ўақытлардағы темиржол рабочийлары ушын ажыратылған барақты берди. Сөйтип олардың жаңа қонystағы өмири усылайынша басланып еди.

Сарыөзектиң адамды жалықтырып жиберетуғын елсиз даласында, дәслепки ўақытлары ҳәмме қыйыншылық ҳәм қолайсызлықларға көнлиге алмай жүргенде, Едигениң шықпас жанына себепши болған еки нәрсениң бири—сап ҳаўа, екиншиси—түйениң шубаты болды. Ҳаўасы жанға жүдә жағымлы ҳәм таза екен. Бундай таза ҳаўаның басқа жерлерден табылыўы да қыйын. Шубат болса Қазанғаптан табылды, ол өзлериниң еки игениниң биреўин Едигелерге саўып ишиўге берди...

— Ҳаялымыз екеўимиз ыңғайға қарап мәсләҳәтлес-


www.ziyouz.com kutubxonasi

кенбиз, — деди ол. — Бизлерге өзлеримиздиң шубатымыз жетеди. Ал, сизлер саўынға бизиң Ақбас ингенди алыңлар. Өзи де еле жас ҳәм сүтли. Усы екинши рет туўыўы. Рәҳәтин де, мийнетин де өзлериң көре бериңлер. Тек боталағын сүттен қақпасаңлар болды. Боталағы сеники —ҳаялымыз екеўимиз ойласып, оны саған еншиге бердик. Солай, Едиге, ҳәзирше. Сақлай алсаң—бир үйир мал болып кетеди еле. Қәпелимде көшип кетемиз десеңлер сатарсаң, пул болады.

Ақбастың боталағы—буннан бир ҳәптедей бурын туўылған кишкентай ғана сүйкимли, арқасындағы билинер-билинбес болып турған өркеши де, басы да қаралтым бота еди. Қап-қара болып бадырайып турған көзлерин айтпайсаң ба! Оның жасаўраңқыраған бул көзлери сәл муңлылаў болса да, нәрестелик еркеликке тән қандайда бир меҳрибанлыққа мүтәж болып тилениш пенен жаўдырап ғана турады. Гейде ол анасының әтирапында ебетейсиз түрде тайрақлап, секирипсекирип ойнақлайды, гейде қорада жалғыз өзи қалса анасын излеп, шақырып, тап адам тақылетте: ҳәм аянышлы ҳәм жалынышлы етип бозлайтуғын еди. Соңғылығында буны Боранлы Қаранар болады деп сол ўақытлары ким ойлапты дейсең. Қәдимги шаршамайтуғын, гиддиман ҳәм ўақыттың өтиўи менен аты жетер жерге белгили болатуғын Қаранардағы! Боранлы Едигениң өмиринде болып өтетуғын көплеген ўақыялар енди усы Қаранар менен байланыслы болатуғын шығар. Ол ўақытлары анасын емип жүрген бул боталаққа ғамхорлық керек еди. Едигеге ол үлкен ермек болды. Бос ўақытларының бәрин соның жанында жүрип өткерди. Қысқа таман кишкене Қаранар көзге қоным бергендей болып қалып еди. Суўық басланыўдан оның арқасына жыллы жабыў жаўып, төменги жағын баўырының астынан илип алып байлап қойды. Бул жабыўдың арасынан ол күлкили болып көринетуғын еди... Усы жабыў менен боталақ қысты өткерип, бәҳәр шығыўдан-ақ күни-түни ашық ҳаўада, қула майданда жүретуғын болды.

Сол жылы қыста Едиге өзиниң ҳал-дарманының енип киятырғанын сезди. Мийи айланып, көзиниң тына беретуғынлығының да қайўақта қойып жүргенин билмей қалды. Кем-кемнен қулақларының тыпымсыз гүўилдей беретуғыны да қойып, жумыс ислегенде бурынғыдай



www.ziyouz.com kutubxonasi

терлемейтуғын болды. Қыс ортасына таман жолды үргин қар басып қалған асығыс ўақытларда, бул да басқалар қатарында қолына гүрек алып иске кирисип кететуғын еди. Жаслығынан ба, әлле жаратылысында боласынлы болып туўылғанлықтан ба, неде болса Едигениң аўырыўды жеңип, шыпа тапқаны сонщелли жақында ғана аяғын зорға сүйреп басып жүрген күнлерин умытып кетти. Сары сақаллы доктордың айтқаны рас екен.

Кеўили көтериңки ўақытларда Едиге боталақтың мойнынан қушақлап аймалап атырып, оның менен хәзиллесип те қоятуғын еди:

— Биз екеўимиз емшек емискен туўысқанбыз. Сен Ақбастың сүтин емип ержеткен болсаң, мен оның шубатын ишип, контузияма шыпа тапқан сыяқлыман. Қудайым, енди, биротала солай болып кеткей.

Арадан бираз жыллар өткеннен кейин, Боранлы Қаранардың тәрийпи Сарыөзекти тутып атырған мәҳәлде бир жақлардан арнаўлы түрде адамлар келип, оны сүўретке түсирип те кетти. Урыстың ҳәсирети де əсте-ақырын умытылып, балалар да мектепке қатнап, разъездге тийисли водокачка салынғаннан кейин, аўыз суў мәселесинде биротала шешилди. Ал, Едиге болса бул ўақытлары төбеси қаңылтыр менен жабылған жай салып алып,—соншама азап-ақыретли, қорлық ҳәм қыйыншылықлардан соң өмир өз сабасына түсип адамлардың турмысы қәддине келгенде, Едигениң ядында узақ ўақыт сақланатуғын бир әндийше болған еди.

Фотохабаршылардың бул жерге өзлериниң соранып келиўи Боранлының тарийхында биринши рет болған ўақыя. Фотокорлар үщеў еди, бәриде әбжил-мийзамкеш, сөзге қумар жигитлер екен. Боранлы Қаранар менен оның ийесиниң сүўретин барлық газета-журналларға басып шығарыў ушын арнап келдик, деп ўәдени де аямай берди. Қаранар болса әтирапында болып атырған паң-паңы мол шаўқымды жақтырмады—ол мени өз ҳалыма қойыңлар дегендей мәнинде басын жоқары шекшийтип көтерип, тисин шықырлатып, ғәзепленип буўырқанды. Келгенлер болса түйени тынышландырыўды Едигеден қайта-қайта өтиниш етип, оны гә олай, гә былай айландырып турғызды. Өз гезегинде Едиге де қасына аўылдың балаларын да, қатынларын да, ҳәтте, Қазанғаптың өзин де шақырып, қуры бир өзи түсе



www.ziyouz.com kutubxonasi

бергеннен көре сүўретке ҳәммесиниң бирге түскениниң жақсы болатуғынын ҳәр сапары ескертти. Сүўретшилер де Едигениң бул айтқанларын инабатқа алып, ҳәрқыйлы аппаратлар менен шыртылдатып турды. Сүўретке түсириўдиң ең бир қызықлы көриниси Боранлы Қаранарға барлық балалар мийдей миңгесип, жабылып миңген ўақта болды. Екеўи мойынына, бесеўи арқасына, олардың дәл ортасына Едигениң өзи минди—ал, енди көре бериңлер түйениң күшин! Буның өзи кеўилди көтеретуғын шаўқымға да себеп болды. Бурыннан соң сүўретшилер өзлери ушын ең әҳмийетлиси атанның бир өзин, адамсыз түсириўимиз керек деп расын айтты. Ал, түсире бериңлер, оның несин айтып турсызлар!

Әне сонда сүўретшилер бүгежеңлесип Боранлы Қаранардың алдынан да, қапталынан да, жақыннан да алыстанда қулласы, қолларынан келгенше шырпа-шырп түсирмеге қарады. Соңынан Едиге ҳәм Қазанғаптың жәрдеми менен атанның бийиклигин—табанынан өркешине дейин, омыраўының кеңлигин, дизесин ҳәм геўдесин ҳәм геўдесиниң улыўма узынлығын өлшеп, ҳәммесин қағазға жазып алды да, таңлайларын қағып таңланысып турды.

— Әжайып бактериан! Мине, ҳасыл тухымның сақланыўы деп усыны айтса болады! Бактерианның классикалық түри бул! Омыраўының кеңлигине қара, турқына қара жәниўардың!

Бундай марапат ҳәм хошеметли сөзлерди еситиўди Едиге де, әлбетте, шеп көрип турған жоқ. Сөйтседе, бирақ, өзине түсиниксиз сөзлердиң мәнисин сорап алыўына туўра келди. Мәселен, «бактериан» деген нени аңлатады екен? Ол былай екен, илимде еки өркешли түйениң әййемги түп сағасын сондай деп атайды екен.

—Сөйтип буның бактериан болғаны ма онда?

— Болғанда қандай! Сийрек ушырасатуғын қыйлы, алмастай ҳасылы

— Өлшеп-шенеп алыўдың не кереги бар еди сизлерге?

— Илимий мағлыўмат ушын керек.

Олардың газета ҳәм журналларға бастырып шығарамыз дегени боранлыларды мәзи бир алдап көзлерине қум шашып кетти дегендей бир гәп еди. Бирақ, ярым жылдан кейин түйе шарўашылығы бойынша зоотехникалық факультетлерге арналған оқыў қуралын почта-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дан бандероль етип салып жиберди. Китаптың сыртқы қабын классикалық бактерилан Боранлы Қаранардың сүўрети безеп тур екен. Китапқа қоса бир дэстедей фото сүўретлерди де жиберипти, арасында реплилери де бар. Сүўретлерге қарап отырып, хэтте, сол күнлердеги шады-хуррамлықты болжап билиўгеде болады. Урыстан соңғы қысылшаң жыллар артта қалып, балалар еле балалыққа тэн шалағайлықтан шығалмай, үлкенлердиң хэммесиниң де дени саў болып, оларға ғарры болыў еле алыста—«жети асырымның» аржағында турған ўақыт еди, ол дэўирлер.

Сол күни Едиге сүўретши қонақлардың хүрметине бир тоқлы сойып, боранлыларды ғарқэллезий етпи еди. Шубат та, арақ та, аўқаттың хэрқыйлы түри де мол болды. Ол ўақытлары разъездге келетуғын көшпели вагон—дүкан жанына керек нэрсениң бэрин де әкелетуғын еди. Тек ақшаң болса бос. Онда хэртүрлиси: теңиз шаяны, бекирениң уўылдырығының қарасы хэм қызылы, балықтың хэрқыйлы түри, коньяк, колбаса, конфеталар хэм тағы басқалар болатуғын еди. Солай болады өзи, хэммеси бар болып, молшылық болса, адамлар да онша алабермейди. Артықмаш нэрсениң не кереги бар? Енди болса сол көшпели вагон-дүкан қарасын көрсетпей кетти...

Сол сапары олар ўақ-шақ болып отырды, хэтте, Боранлы Қаранар ушын да тост көтерип ишисти. Сөйтип, жазылысып сөйлесип отырғанда Қаранарды олардың Елизаров арқалы билгени мэлим болды. Сарыөзек деген жерде Боранлы Едиге деген қылқыймас жорасының бар екени де, дүньядағы ең турпаты келискен түйе—Боранлы Қаранардың ийесиниң сол екенин де оларға Елизаров айтып берген екен. Елизаров! Елизаров! Сарыөзектиң тарийхын бес саўсағындай билетуғын оқымыслы хэм эжайып адам сол Елизаров деген!... Елизаров Боранлыға хэр келген сайын, Қазанғап Едиге үшеўи жалықпастан, таң атқанша гүрриңлесип отыратуғын еди...

Гэ Қазанғап, гэ Едиге—екеўи алма-гезек бириниң сөзиниң шала жерлерин бири толықтырып отырып, олар қонақларға жергиликли жерлеги түйе эўладының түп тийкары болған Ақмая хэм оның атақлы ийеси, хэзир өз аты менен аталатуғын Найман-Ана қэбирстанында жатырған сол Найман-Ана жөниндеги Сарыөзек



www.ziyouz.com kutubxonasi

аңызын айтып берди. Әне, қаяқларға барып тутасып кетеди дейсең, Боранлы Қаранардың түп дәреги! Боранлылар бул ески тарийх туўралы, итимал: бирнәрсе жазатуғын шығар деп үмитленип еди. Қонақлар қызығыўшылық пенен қулақ қойып отырды да мүмкин, бул бир әўладтан-әўладқа өтип, усы әтирапта айтылып жүрген аңыз шығар, деди де қойды. Ал, Елизаров болса басқа пикирдеги адам Ақмая туўралы аңызды ол сол заманлардағы тарийхый шынлықты сәўлелендиретуғын сол жағдайларға толық сәйкес келиўиниң итималы бар дейтуғын еди. Ол бундай аңызларды тыңлаўды жақсы көрип, оның өзи де бул даланың өтмишлери туўралы көп нәрселерди биледи.

Олар қонақларды кешке қарай узатып салды. Едигениң кеўили көтерилип ўақты хош болып қалды. Сонлықтан ол ойланбастан бир сөзди айтып салды. Қалай да қонақлар менен бирге ишкен жағдайы бар. Бирақ сол сөз аўызынан шығып кетти.

— Ал, Қазаке расыңды айт, — деди ол. Маған усы Қаранарды боталақ ўақтында еншиге бергениңе өкинип жүрген жоқсаң ба, әлле қәйтип?

Қазанғап мырс етип оған күлимсиреп бир қарады. Шамасы, ол Едигеден буны күтпеген еди. Азмаз иркилиңкиреп турып былай деди:

— Биз ҳәммемизде қам сүт емген бендемиз. Сениң хабарың барма, ата-бабадан қалған: мал ийеси қудайдан көреди деген гәп бар. Бул қудайдан. Жазмышта солай болған. Қаранар саған буйырып турған оның ийеси сен. Ал, енди ол мәселен, басқа биреўдиң қолына түскенде, қандай болатуғынын ким биледи дейсең кесент келтиретуғын нәрсениң түри азба? Тикжардан қулап кетиўи де итимал. Саған буйырған шығар. Буннан бурында мениң түйелерим болды, бәри де жаман емес еди. Қаранарды туўған Ақбас ингенде солардың тухымынан. Ал, сениң еншиң ҳәммесинен де айрықша болып шықты. Илайым, жүз жылға дейин сол сениң хызметиңде болсын. Бирақ, сен басқаша ойлап жүрген екенсең...

— Ал, онда әпиў ет, Қазаке,—деп Едиге ойланбай айта салған гәпине бола қатты қысынып қалды.

Усы гәптиң барысында Қазанғап өзи сезип, сынап жүрген бир сырды айтқан еди. Аңыз бойынша ҳасыл тухымлы Ақмаяның төрт урғашы, үш еркек боталағы

www.ziyouz.com kutubxonasi

болған екен. Әке, соннан бери урғашылары гилең сарғышлаў ақ бас болып туўылады екендағы, ал еркеклери ылғый қара бас, қоңыр болып туўылатуғын болыпты. Сонлықтан Қаранар усындай болып туўылған. Яғный ақбас анадаң қара бас түйе туўылған. Бул оның Ақмаядан әрбигенлигиниң биринши нышаны. Соннан бери арадан еки жүзбе, үш жүзбе, бес жүзбе, я онланда көп пе ким биледи дейсең қанша заманлар өткенин, әйтеўир усы Сарыөзек жағалаўынан Ақмаяның тухымы үзилмей киятыр. Некен-саяқ, ара-арасында Боранлы Қаранардай бирегей болып туўылғанлары да ушырасып қалады. Едигениң түйеден салыўы бар екен. Қаранар тап соның ығбалына бола туўылғандай, қолына түсиўине қара...

Уақты келип, Қаранар дуйым журтты хүрейлендирген бир ҳалда аўызынан көбик шашып, қасына адам дарытпай жарап-қутырып бирнешше күнге дейин далаға қашып кетип жүрген күнлериниң биринде: буны пиштирип таслаў керек пе ямаса кисенлеп қойыў керек пе, ямаса кисенлеп қойыў керек пе,—деп Едиге, Қазанғап пенен ойласып еди, ол:

— Бул сениң жумысың. Тыныш табаман десең— пиштирип тасла. Я усыннан атағым жайылсын десең тиймейсең. Бирақ, соннан бир бийабырайшылық болып қалса өзиңнен көр. Күш-қуўатың ҳәм шыдамың жетсе, күте тур, арғы басы үш жылдай қутырып, оннан кейин, изиңнен қалмай ерип жүретуғын болады.

Едиге, Боранлы Қаранарға тиймеди. Пиштириўге көзи қыйып—қолы бармады. Оны атаң ҳалында қалдырды. Бирақ, соңлығында усының себебинен қан жылаған ўақытлары да болды.

5

Поездлар бул үлкеде шығыстан—батысқа, батыстан—шығысқа қарай өтип турады.

Темиржолдың еке бойына бул үлкеде уллы шөлистан Сарыөзек кеңислиги, жердиң Орта тусы болған сарғыш тартқан даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәрқандай қашықлықлар темир жолға сәйкесленип, Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар болса шығыстан—батысқа, батыстан—шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Азанда ертелеп бәри де таяр болды. Тракторның тележкасының ултанына дәслеп ағаштың қырындысы



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен майда жоңқасын жайып таслап, соңынан таза сабан төсеп, үстине Қазанғаптың кийизге пуқталап оралып сыртынан жүн арқан менен шандып байланған денесин жайғастырды. Кешки саат бес-алтыларга дейин қәбирстаннан қайтып үлгериў ушын көп гибиртиклениш. әйланшықлай бермей тезирек жолға түсиў керек еди. Бараман дегенше отыз шақырым, қайтарсың да сондай, оны жерлеў керек,—мине, ойлап қарасаң Қазанғаптың намазын дағытаман дегенше кешки саат алты да болып қалады екен. Кешке жетип үлгериўди есапқа алып, олар жолға да шықты. Ҳәммеси де тайын болып еди. Кешеден бери сазлап, жабыўланып, жазыланып турған Қаранарды жетегине алған Боранлы Едиге адамларды асықтыра баслады. Сөйтпесе ызғып жүре береди олар. Едигениң өзи түни менен уйықламағанлықтан қабағы қатып, бет-аўзы собырайыңқырап жүрсе де жыйнақлы ҳәм тәндар көринеди. Сақалын қыртыслап қырған буўрыл мурт ҳәм буўрыл қаслы Едиге сыпайы кийинген еди—аяғында текеки етик, путында шиймақпалдан кеңлеў етип тигилген галифе, үстинде, ишинен ақ көйлектиң жағасы көринип турған қара-пәнжек, басында темиржолшының ҳәңкийген шапкиси. Өңиринде жаўынгерлик орденлери менен медальлары, ҳәттеки, бес жыллықтың алдыңғысы дегенди аңлататуғын значоклары да жарқырайды. Буның ҳәммеси де оның қәдди-қәўметине жарасып ҳәм айбат бағышлап турғандай еди. Қазанғапты соңғы сапарға шығарып салыўға баратырғанлықтан Едигениң усындай болыўы да керек шығар...

Марҳумды шығарып салыўға үлкен-кишиниң бәри де үйдиң алдына жыйналды. Ҳәммеси де тележканың әтирапына топланып, трактордың қозғалыўын күтип турды. Ҳаяллар тәўекелге турмай жылай баслады. Соның арасында жыйналған көпшиликке қарап қалай сөйлеп жибергенин Едигениң өзи де абайламай қалды.

— Бизлер ҳәзир Сарыөзектеги ең әдиўли ҳәм ески Ана-Бейит қәбирстанлығына қарай жүрип кетпекшимиз. Марҳум Қазанғап аға сонда қойылыўға ылайық адам. Мени сол жерге жерлең, деп зинҳарлай беретуғын еди, —деди де, Едиге енди не десем екен дегендей ойланып турып гәпиниң изин жалғады.—Қайтемиз енди ялғаншыда шешпейтуғын ырысқы несийбеси тәўсылған шығар. Бул адам бизиң разъездде саррас қырық төрт жыл


www.ziyouz.com kutubxonasi

жумыс иследи. Өмиринше иследи десең де болады. Бул усы жерге келип ислей баслағанда водокачка да жоқ еди. Суўды бир ҳәптеге жететуғындай етип цистерна менен әкелип таслайды. Ҳәзирги бар қар тазалайтуғын машиналар да, басқа машиналар да ол ўақытлары жоқ еди. Ҳәтте, буны жерлеўге алып баратырған мынадай тракторлар да жоқ еди. Бирақ, сонда да поездлар жүрип турды, жол олар ушын мудамы саз болып турды. Боранлыда Қазанғап өзиниң ўазыйпалық хызметин мүлтиксиз атқарды. Жақсы адам еди, пақыр. Оны ҳәммеңизде билесиз. Ал, енди бизлер жүремиз. Ҳәммеңизге ол жаққа баратуғын көлик те жоқ. Барыўыңыздың ҳәжети де жоқ. Темиржолды да қараўсыз қалдырып кетиўге болмайды. Бизлер ол жаққа алтаў болып кетемиз. Дәстүр бойынша ҳәммесин де атқарып қайтамыз. Ал, сизлер бизлердиң келиўимизди күтип таййн болып отырыңлар. Жетисине тайда-таяқ қалмай келесизлер. Қазанғаптың мынаў турған баласы менен қызының атынан айтқаным болсын усы.

Едиге бундай болады деп ойламаса да бул кишигирим митингиге де усап кетти. Сөйтип олар қозғалыса баслады. Боранлылар трактордың изине ерип былайырақ шықты да, қайтып барып үйдиң алдында топарласып турды. Бираз ўақытқа дейин қатты бақырып жылаған даўыс еситилди, бул Айзада менен Үкибаланың үн салысып атырған жоқлаўы еди...

Арттағы даўыс еситилмей қалған ўақытта олар алтаўы темир жолдан кем-кем алыслап, Сарыөзек даласының «төрине» қарай сиңип баратырғанда Боранлы Едиге демин дурыслап алды. Енди олар ҳәр ким өз қыялы менен бәнт болып баратыр еди. Едиге де өзиниң не ислейтуғынын биледи. Оның да өзине боларлық қыяллары бар ақыры.

Сарыөзек даласына сақыйлық пенен нур төккен қуяш жер бетинен әлеўир көтерилген еди. Ҳәзирше әтирап салқын тартып турғанлықтан, сырттан қарағанда олардың жүрисине тосқынлық ететуғындай ҳеш нәрсе жоқ, сыяқлы. Соншама кең аспан әлеминде бәлентлеп, үйреншикли әдетине салып, эсте-ақырын қалқып жүрген еки шай қустан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Анда-санда аяқ астынан пырлап ушып, жағымлы хәм нәзик етип сайрап баратырған бозторғайлар көтериледи. «Жақында булар да ушып кетеди. Дәслепки қар жаўған-


www.ziyouz.com kutubxonasi

нан кейин-ақ бир жерге жәмленип, ушып кетеди»,—деп ойлады Едиге сол мәўритте көз алдына жапалақлап жаўып атырған қардың арасында ушып баратырған торғайларды елеслетип. Соның арасында түнде темиржол будкасына жақынлап, жортып келген сол түлки тағы оның есине түсип кетти. Ол ҳәттеки, артымнан қуўып киятырған жоқпа екен дегендей етип әтирапына сақлық пенен қарап қойды. Сол күни Сарыөзектиң үстинен космосқа оттай зымырап баратырған ракета тағы ядына түсип кетти. Ол өзиниң бул тақылеттеги бир түрли ойларына өзи ҳайран болып, буларды умытыўға өзин-өзи мәжбүрледи. Мейли, жол алыс бола қойсын, усындай ўақытта соларды ойлаўдың не кереги бар...

Қаранардың үстине қаңқайып қонып алған Боранлы Едиге трактордың алдына түсип алып Ана-Бейитке баратуғын бағдарды силтеп баратыр. Қаранар да кем-кем ашылысып, адымды кеңнен таслап киятыр. Сын беретуғын адамға Қаранар усындай болып жүрип баратырғанда жүдә көркем ҳәм сулыў болып көринеди. Түйениң басы ийилген мойнының жоқарысында зорыйып көриңип, тап толқынның үстинде қыймылдамастан баратырғандай болып сезиледи де, ал, сийранлаған синирли аяқлары ҳаўаны қайшылап қыйып жер танабын қуўырып кете береди. Едиге өркешлердиң арасына шегелеп таслағандай жағдайлы ҳәм исенимли болып отыр. Ийесиниң тәбиязин тақымының қыймылынан сезип, дыр силтеттирмей-ақ қыялындай болып, жеңилден көшкен Қаранарға Едигениң кеўли толып киятыр еди. Оның өңириндеги орденлери менен медаллары әсте-ақырын ырғақ пенен сыңғырлап күн нурына шағылысып, жалт-жулт етеди. Бирақ, ол Едигеге мәлел берген жоқ.

Оның изинде тиркеўи бар «Беларусь» тракторы киятыр. Сәбийтжан кабинада, Кәллибек деген тракторшы баланың қасында отырған еди. Кеше ол боранлылардың аўызын ашырып, адамлардың еле радио толқыны менен басқарылатуғынын ҳәм басқа да нәрселерди сапырыстырып, арақты да өзи қайттыға ишип, былшылдап еди, енди болса дым үндеместен, түнерип отыр. Мойны былқ-сылқ етип, басы да арман-берман былғанлай береди. Бунық бүйтип отырғанын көрип киятырған Едиге көз әйнегин сындырып алмаса болар еди, деп те қоя ды ишинен. Тиркеўдеги тележкада Қазан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

...... денеси менен қатар аза тонын кийген Айзаданың күйеўи отыр. Күнге қамасқан көзлери шала жумылып алып, анда-санда әтирапына қарап қояды. Узынқуйын жатып ишетуғын сасық мәскүнем, тап усы бүгин нағыз адамгершиликке тән минез көрсетти. Аўзына бир тамшы да арақ алмады. Дус келген жумысты тил қайырмай ислеп, әсиресе, марҳумды үйден алып шығарда табытты ийинлеп көтерисип шықты. Едиге оған артына мингесиўди усыныс етип еди: «Яқ»,—деди ол. —Мен қайын атамның қасында отыраман. Жол бойы қасында отырып бараман». Едиге де бунысын мақул көрди. Үйдиң алдынан қозғаларда тиркеўдеги тележкада отырып. Қазанғаптың денеси оралған кийизди услап, ҳәммеден гөре даўысын қатты шығарып жылаған да усы болды. «Қәпелимде бунын ақыл-еси енип ишкенди биротала қойып кете ғойса тәўир болар еди-аў,а» Сөйте қойса Айзаданың да маңлайы жети қарыс ашылып, балалары да қуўанып қалар еди»—деп Едиге ишинен үмит етти.

Кең далада сәнин келистирип жабыўланған түйели адам баслаған усы бир кишкене қаралы кәрўанның соңынан дөңгелекли «Беларусь» экскаваторы да киятыр. Оның кабинасында Әдилбай менен Жумағалий бар еди. Тап негрден айнымаған, ташқара, тапалтас Жумағалий рульге асылып, мықшыйып отыр. Әдетте ол, бул экскаватор менен темиржолдың бойында ҳәр түрли жумысларды ислейтуғын еди. Өзи де, Боранлы да жақында пайда болды, турақлап қалар-қалмаслығын да айтыў қыйын. Оның қасында мойны собырайған Әдилбай Сырық отыр. Олар екеўи жол бойы бир нәрсе туўралы аўызлары тынбай сөйлей берди.

Разъездиң баслығы Оспан азамат жигит екен. Разъездге тийисли бул техникалардың бәрине де Қазанғаптың жерленетуғынлығына байланыслы рухсат еткен сол еди. Жаста болса разъездиң баслығы дурыс болжаған екен: егер усыннан сопша жерге барып кәбирди қол менен қазатуғын болса, олардың кешке дейин айланып қайтатуғыны нагүман. Оның үстине кәбирди терең ҳәм иләҳәт етип, мусылманша дәстүр бойынша қазыў керек.

Әлебинде бул усыныс Боранлы Едигеге ерси сезилди Кәбирди қол менен қазбай экскаватор менен қазыў



www.ziyouz.com kutubxonasi

керек деген пикир оның қыялына да келмеген еди. Ҳәтте, *ондай болады деп ойламайтуғын да еди ғой.* Сонлықтан ол, бул ойласық ўақтында қабағы үйилип. Оспанның алдында биротала гуманланып, үндемей отырып қалды. Бирақ, Оспан бир ес бын таўып, ғаррыны айтқанына көндириўге еристи:

— Едеке мен сизге истиң өнетуғын жағын айтып отырман. Кеўлиңде гүптикей қалмаў ушын дәслеп қәбирди *бел менен қазып ырымын ислеңлер.* Соңынан экскоматор менен ойсыратып таслай қоясызлар. Сарыөзектиң жериниң сазлы қатламын өзлериң де билесизлер тастан кейин емес. Сөйтип экскоматор менен қәлегениңизше терең етип қапталларын таррашлап, тегислеўге келгенде тағы белди иске сала қоясызлар хәм ўақыттан утасызлар хәм ырымға муўапық болады. Енди мине, «Сарыөзек *даласының «төрине қарай» алыс*лап баратырған сайын Оспанның берген мәсләҳәтиниң дурыс екенлигине Едигениң көзи жетип киятыр. Бундай қолайлы пикирдиң өзиниң қыялына келмегенине, хәтте, ол, азлап таңланайын деди. Қуда қәлесе Ана-Бейитке жетип барғаннан кейин, олар сол айтқандай етип ислейди. Барғаннан кейин қәбирстаннан бир қолайлы орын таўып, марҳумның басын бурып, *жүзин қәсийетли* кәбаға қаратып қойыў ушын дәслеп тележкадағы беллер *менен бир тебиктей алып,* соңынан экскаватор менен гүреп-гүреп таслайды да, қәбир тереңлегеннен кейин таррашлап иләҳәтти төменги қапталдан бел менен қолайлап үңгий қояды. Солай етсе жумыста тез питеди, гүна да болмайды. Усы мақсетте, алдында түйеге минген Боранлы Едиге баслап, ортада тележкалы трактор, оның изинде қарсы маңлайында ийтергиш гүреги, арт *бетинде салбыраған «шөмиши бар»,* аяқлары әрретәрре болып киятырған, тап өрмекши тақылеттеги экскаватор илесип, дизилискен қаралы кәрўан биресе дөңли, қырлардың үстинде көринип, биресе сайға түсип, жоқ болып кетип, тағы бирде тегис кеңислик пенен кете берди.

Едиге соңғы мәртебе қырдың аржағында көринбей қалған разъездге, *артына айланып қараған ўақытта,* бар интасын салып, қапталда жортып киятырған сары-көлегин Жолбарысты көрип қалды. Бул қай ўақытта изимизге ерип жүр-ой? Япырмай-ә! Боранлыдан шыққан ўақтымызда бул жоқ қусаған еди ғой. Бунын бундай



www.ziyouz.com kutubxonasi

ететуғынын билгенде үйдиң қасына байлап кеткенде болатуғын еди. Уәй, ҳийлекер гәззап-әй! Едиге усындай етип Қаранарға минип бир жаққа шықса болды, әйтеўир буның қайдан тап болғанын билмейди, ретин таўып илесип ереди де жүреди. Мине, бул сапары да тап жердиң астынан шыққандай дем де пайда болды. Әй, мейли өзи билсин...—деди де қойды Едиге. Оны аўылға қарай енди қуўып жибергенниң пайдасы жоқ. Енди хула майданда ийт қуўып, ўақытты өткерип жүреме. Мейли өзине хош жақса жорта берсин. Тап ийесиниң не қыялда киятырғанын билип қойғандай Жолбарыс трактордан да озып, сәл алға түсип, Қаранарды қапталлап келип қалды. Едиге оған қарай дыр көтерип айбат шекти. Ол ҳеш болмаса қулағын да жымыйтқан жоқ. Оны енди қорқытыўдың пайдасы жоқ еди. Бундай жолда жортпастай оның не айыбы бар еди соншама. Геўдеси кең, жүнлестен келген мойны гүжирейген, еки қулағының да ушы кесилген, көзлери ақыллы ҳәм сабырлы сары көпек Жолбарыс өзинше сымбатлы ҳәм келискен ийт еди.

Ана-Бейитке баратырған бул жолда Едигениң ядына ҳәрқыйлы нәрселер түсе берди. Көк жийектен көтерилген күнге қарап, ўақыт ағымын есапқа алып, Едиге ырыл-тырыл тиришиликти, өткен-кеткенди ойлай берди. Оның ядына нелер түспеди дейсең! Ол жыллары Қазанғап екеўиниң де жас ўақты еди. Разъезде табанда туратуғын турақлы рабочий болып ислеп, Боранлыны тиреп турғанлар да усылар еди. Басқалар Боранлыда көп турмай, келиўинен қайтыўы тез болып ҳайт қояды. Қазанғап екеўиниң сәл-пәл дем алыўға да ўақты болмады. Өйткени, разъезде зәрүрли болған ҳәр қандай дус келген жумысты қәлесин-қәлемесин, ҳешқандай жағдай менен есапласып отырмастан екеўиниң ислеўине туўра келетуғын еди. Ҳәзир оны айтыўдың өзи де қолайсыз—айтсаң жаслар; «Еси жоқ ғаррылар гүлдей өмирин қорлаған ақмақлар... Оншама не, өйте берип?»—деп кейнин күлкиге алады. Расаў, шынында да булар неге сөйтеберди екен-ә? Демек, солай етиў керек болған дә.

Бир сапары еки сутка даўамына қолларынан гүрек түспей, жолды үргин қардан тазалады. Түнде булардың қар гүреп атырған жери көринип турыўы ушын паровозды жақынлатып, шырасын жарқыратып қойды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар борап, самал уйтқып тур. Бир жағын тазаласа, бир жағын үргин тағы көмип таслайды. Күн суўық еди деген гәппе; суўық деген мынадай болады—олардың бетлери торсықланып, қоллары тыррыйып, гүлтинлесип кеткен еди. Жылынып алыў ушын паровозға бес минуттай кирип отырады да, қайтадан Сарыөзектиң ысырапылы менен алысыўға шығады. Паровоздың өзинде үргин қар дөңгелегинен асырып көмип таслайды. Жаңадан келген рабочийлардың үшеўи екинши суткаға қарағанда шыдамады. Кетип баратырып Сарыөзектеги бундай турмыстың заў-задынан наўа қалдырмай боқлап кетти. Бизлер арестант-тутқын емеспиз, түрмеде де хеш болмаса ўақтында уйықлатып дем алыс береди, деп кетти. Азанда жол тазарып, поездлар жүргенде, олар вагонлардың биринен буларға қарай ысқырысып:

— Әй, маўбаслар мә, сизлердиң аўзыңызға!—деп билеклерин сыбанып сойқап көрсетип кетти.

Шыдай алмай кетип баратырған жас жигитлердиң бундай ызалы қорлығы да хеш гәп еди, бирақ, бир қолайсыз жери Едиге сол үргин қардың үстинде Қазанғап пенен былш-былш болып төбелесип қалды. Аўа, сондай болған еди. Түнде ыңқ етерге шама болмай қалды. Қар да тына қоймады, самал да жән-жағыннан қабаған ийттей жулқылайды. Жети жүйеннен өтип, жулындырып баратырған самалдан қутылыўдың итималы жоқ. Паровоз жылытпақшы болып, пуўын пысылдатып бурқыратады. Қайтама жән-жағынды думан қаплайды. Оннан қала берсе паровоздың парының жақтысы гүңгиртленип қалады. Бағанағы үшеўи кетип қалған соң, булар Қазанғап екеўи рельстиң үстиндеги қарды түйеге тарттырылған сүйретки менен тазалаўға кирискен еди. Сүйреткиге еки түйени қатарластырып жегип алды. Қәне жүрсе, харам қатқырлар, уйтқыған боран, суўық олардың да урқанатын ушырып жиберген Жолдың ернегине үйилген қар түйелердиң де «зәңгилигине» қабады. Қазанғап олардың алдынан шығып мурынлығынан тартса, Едиге сүйретпеде турып артынан дыр менен сабалайды. Ярым ақшамға дейин олар усылай етип тиртеклесип жүрди. Сонында түйелерде қарға омбалап жығылып, өлтирсең де турмайтуғын халда болып жатып қалды. Не ислеў керек? Хаўа ырайы дүзлескенше жумысты туўарыў керек.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар бораннан тайсалып паровоздың ығында тур еди.

— Болар, Қазаке, паровозға кирейик, көрермиз, ҳаўа ырайына қарап,—деди Едиге тоңлап қалған қолғапларын бир-бирине партылдатып урып.

— Ҳаўа райы қалай болса, солай болсын. Бәрибир, бизиң жумысымыз—жолды тазалаў. Қәне, гүректи усла, қарап турыўға ҳақымыз жоқ!

—Қойсаң-а сондайды, бизлер не, адам емеспиз бе?

— Адам емеслердиң бәри де—қасқырлар да, басқа ҳайўанлар да ҳәзир инлерине тығылып жатыр.

— Не деп турсаң, сен, ҳарамзада!—деп Едигениң жығырданы қайнап кетти. Саған салса—усы жерде өлимтигиң қалады. —Едигеоның қулақ-шекесине берип жиберди.

Соның арасында екеўи шарта айқасып, бир-бириниң ернин қанатты. Бир жақсы жери кочегар паровоздан секирип түсип, өз ўақтында арашалап жиберди.

Мине, сөйткен Қазанғап еди бул. Ҳәзир буындайларды атлы излеп те таба алмайсаң. Жоқ енди, Қазанғаплар. Ең соңғысын болса жерлеўге алып киятыр. Марҳумды топыраққа араластырып, ийманың жолдасың, топырағың торқа болсын,—деген сөз айтылады. Соның менен тамам—аўмийин, алла-ҳуў акбар!

Усыларды ойлап киятырып Боранлы Едиге, ядынан шыға жазлап, умытылып баратырған қуранның сүрелерин ишинен қайталады. Тураtуғын мәкан жайы да намәлим, көзге де көринбейтуғын сол бир қудайдың тәнҳа өзине бағышланған қуранның сүрелерин ретрети менен ядына түсирип алмаса болмайтуғын болды. Адамның туўылыўы ҳәм өлиўи сыяқлы бир-бирине қарама-қарсы қубылысты адамзаттың санасына найлаж сиңиретуғын да тек, сол бир қудайдың өзи. Итимал соның ушын да қуран ҳаятлары ойлап табылған болса керек. Өйткени қудайға: сен неге мөҳмин бенделериңди туўылғаннан кейин өлетуғын етип жараттың?—деп наразылық пенен шеккен пәрядларыңды даўыслап бақырып жеткере алмайсаң, яки сен неге солай етесең?—деп сорай алмайсаң.

Әне, сөйтип дүнья жаратылғаннан берли бул адамлар усы әмелге илаж ете алмай көнип киятыр. Сол күнлерден баслап; әй, адам, қуры жөнсиз тас-талқан



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып, бийкар шапшый берме, деп кеўилге ғайбана жубаныш салатуғын ҳаятлар да өзгермей киятыр. Неше мың жыллардан берли сәреленип, сайландыларының да сайландысы қуйма алтындай болып қәлиплескен бул ҳәдийсе-ҳаятлар тирилердиң, өлгенлердиң бас ушында турып айтатуғын ең соңғы сөзи болып қалған. Дәстүр солай.

Дүньяда қудай бар ма яки жоқпа, бирақ, буннан бийғәрез бир ҳалатта, адам оны, тек, көбинесе басына ис түсип, жанын қоярға жер таппай, қысылшаңлыққа тап болғанда ядына алады. Бул әлбетте, гүнә болады. Итимал, сонлықтан болса керек, қудайға исенбейтуғынлар жөнинде: «Басы аўырмағанның қудай менен не иси бар» деген гәп бар. Солайма, солай емеспе, бирақ, қуранның сүрелерин билиў керек деп ойлады Едиге.

Тракторларда киятырған жас жигитлерге қарап қойып, олардың ҳешқайсысының да қуран ҳаятларын билмейтуғынлығына Едиге ишинен қатты наразы болды. Булар бирин-бири қалай жерлейди екен? Өлген адамды ең соңғы сапарға шығарып салатуғын ўақытта олар қандай сөз айтып жуўмақластырады екен? «Хош бол, жолдас, ядымызда боласаң!» дерме екен. Ямаса басқа бир нәрсе деп былшылдарма екен?

Бир сапары ол область орайындағы биреўдиң намазына қатнасып еди. Сонда Боранлы Едиге таң қалғанынан жағасын услай берди. Қәбирдиң басында кәдимги жыйналыстағыдай етип, марҳумның табытының қасында турып шешенсымақ биреўлер қағазға қарап оқып турып, бириниң айтқанын бири қайталай берди. Марҳумның ким болып, қандай орында ислегенин, қалайынша ҳәм ким ушын ислегенин айтып, соңынан музыка шертилип, оны көмип таслады да, қәбирдиң үстине буўатланған гүллерди үйип таслады. Сонда олардың ҳеш биреўи де туўылыў ҳәм өлим туўралы қуранда айтылған сөзлерди тилине басыўға батына алмады. Жоқтан бар болып туўылмақ ҳәм өлмектиң ҳақ екени жөнинде әлимсақтан бери адамның сана-сезиминиң тажы болып безеп, тирилерди тәўбеге келтиретуғын сол ҳәдис-ҳаятларды аўызына алмағанларды қағазға қарап оқып турғанына қарағанда, бул дүньяда ҳәзирге дейин ҳешким өлмегендей буннан былайғы жағында да тап ҳешким өлиўге миннетли еместей бо-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лып қала берди. Шетинен маңлайы қаралар еди. Сол өлиўге миннетли емес—өлмейтуғындай болып турғанлар! Сонлықтан, олар шынлыққа қарсы шығып: «Ол енди мәңги жасайды!»—деп бетлери былш етпей турды сонда.

Едиге бул әтирапттың жер жағдайын жақсы билетуғын еди. Оннан қала берсе Боранлы Қаранардың үстинде отырғанлықтан, ғарры болыўына қарамастан, алдындағы көз жетер жердегилердиң бәрин де айқын көрип киятыр. Ол Сарыөзек даласлығы менен Ана-Бейитке қарай тракторлардың жүриўине қолайлы болыў ушын тек жыра-сайлардан айланғаны болмаса, туўрылап тартып отырды.

Ҳәммеси де ойлағанындай болып киятыр. Онша ма шыйрақласып та кетпеди, тосаңлап та қалмады, бир баптағы жүрис пенен олар жолдың үштен бирин басып өтти. Ийесиниң қаяққа қарай бурылатуғынын сезгирлик пенен аңлайтуғын Боранлы Қаранар да сол бир қәлиптеги жүрисин буэбай тайраңлап отырды. Оның изинен тележка сүйреп тырылдаған трактор, ал, оның артынан болса «Беларусь» экскаваторы киятыр.

Бирақ, олардың алдында адамның ойына келмейтуғын, яғный Қазанғапты жерлеў мәселеси, Сарыөзек космодромындағы жүзеге келип атырған өзгерислерге байланыслы болатуғын жағдай күтип турған еди.

Тап сол мәҳәлде «Конвенция» авионосеци Тынық океандағы Алеут атаўларының түслигиретиндеги ҳаўа жолы менен алғанда Владивосток пенен Сан-Францисконың дәл ортасында, сол бурынғы өзиниң орнында турған еди.

Океанда ҳаўа райы өзгермеди. Шексиз кеңисликке жайылып, көгис дөнип атырған суўдың жүзи түске дейин күнниң сәўлесине шағылысып, мың қубылып турды. Көк жийекте де қандай да бир атмосфералық өзгерис болатуғын белги сезилмеди.

Авианосецтиң тәнҳә өзинде болса қатаң сақлық орнатылып, самолетлар менен ишки қәўипсизлик группасы ҳәммеси де, ҳәзирше әтирапта анық бир қәўетердиң болатуғынлығына ҳеш қандай себеп болмаса да, соншелли пухта таярлық пенен демин ишине тартып турғандай болып қалды. Қәўетерлениўине себеп болатуғын жағдайдың өзи де космостан тысқарыда еди.

«Конвенция» ның бортына «Трамплин» орбитасы

www.ziyouz.com kutubxonasi

арқалы Лесная Грудь планетасында жүрген паритет-космонавтлардан келип жеткен хабар Улыўма орайлық басқарыўдағы басшылар менен айрықша ўәкилликке ийе болған комиссия ағзаларын оғада албыратып таслады. Быған-жыған болып қалғаны соншелли, жүзеге келген бул жағдайды ҳәр еки тәреп өз алдына бөлинип, оны өз пайдасына ийгериў көз-қарасынан талқылап, ал тек, соннан кейин ғана бирликте додаламақшы болды.

Жерден тысқары Лесная Грудь планетасында цивилизация бар екенлиги жөнинде адамзаттың тарийхындағы теңи-тайы жоқ бул айырықша жаңалықтан еле бул дүнья—бул әлемниң хабары жоқ еди. Ҳәтте, бул айрықша жағдайдан қатаң ҳәм оғада қупия түрде бурын хабардар болған еки тәрептиң ҳүкиметиде ҳәзирбий хабар еди. Буларда хабарды еки тәрептиң бирликтеги келисимге келген көз-қарасынан кейинги жуўмақтан күтти. Авианосецтиң жайлаған пүткил территориясына қатаң тәртип орнатылды—сомолетлардан баслап ҳеш кимниң, ҳеш қайда турған орнынан жылжыўға ҳақысы болмады. Ҳеш кимниң ҳеш нәрсени сылтаўлап, судноны таслап кетиўге, ҳеш қандай судноның «Конвенция» ның радиусына елиў шақырымлық қашықлықтан ары жақынлап келиўине де рухсат етилмеди. Бул тустан ушып өтет.ин самолетлардың да бағытлары өзгертилип, авианосец турған әтираптан кеминде үш жүз шақырым қашықлықтан ары кететуғын болды.

Солай етип еки тәрептиң улыўма мәжилиси үзилиске түсип, ҳәр тәрептиң комиссиясы өзлериниң «Демиург» программасындағы басшылары менен бирликте, Лесная Грудь планетасынан паритет 1—2 ҳәм паритет 2—1 космонавтлары арқалы келип жеткен, илимге еле намәлим ҳалындағы мағлыўматларды додалай баслады.

Олардың сөзлери астрономиялық жақтан адам есаплап қыялы да жетпейтуғын алыслықтан келип турды:

«Тыңлаңызлар, тыңлаңызлар!

Бизлер жер ушын трансгалактикалық байланыс—хабар жиберип отырмыз».

Бундағылардың ҳәммесин айтып жеткериў мүмкин емес. Жердегилердиң тилинде булардың атамасы жоқ. Бирақ, бизге де, буларға да ортақ болған усас уғымлар көп.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Булар да адамға усаған, қәдимги өзлеримиздей адамлар екен! Ура, пүткил әлемлик эволюция! Бунда да эволюция улыўма тиришиликке тән қәсийет—принцип пенен адам баласын жетилистирипти! Басқа планетадағы адамның ең жақсы түри булар! Шырайлары қара-пәрең, шашлары көгис, көзлери күлирең-жасыл, кирпиклери аппақ, мамықтай.

Бизлер оларды бизиң орбиталық станцияға таялып келген ўақта тып-тыныш болып жарқыраған скафандраның ишинде көрдик. Олар өз корабльлериниң арт жағында турып, бизлерге қарап күлимсиреп, өзлерине қарай шақырды.

Сөйтип бизлер бир цивилизациядан—екинши цивилизацияға қәдем тасладық.

Пәрикли ушқыш аппарат ўақыт ағымын меңгерип, жақтылық тезлигинде ушып баратырғанлықтан, бул тезликтиң тәсири бизлерге сезилмей, шексиз әлем қушағына енип кеттик. Бизлердиң биринши мәртебе дыққатымызды бөлген нәрсе, бул бирден жанымызға рәҳәт бағышлаған салмақсызлық еди. Олардың буған қандай жол менен ерискенин ҳәзир айта алмаймыз. Олар орысша ҳәм инглисша сөзлерди араластырып: «Вел ком наш Звезда!»— яғный Бизиң жулдызға хош келипсизлер!» деген биринши гәпти айтты. Сөйтип, биз сезгирлик пенен қәдимгидей ақыл жуўыртып қарасақ— бир-биримиз бенен пикир алысыўымызға болады екен. Бул көгис шашлылар узынлығы еки метрдей бойшаң болады екен. Олар бесеў: бир ҳаял, төрт еркек. Ҳаял бойы менен емес, ал ҳаялға тән дене өзгешелиги ҳәм аққубалылығы менен ажыралып турады. Лесногрудлы көгис шашлылардың бәри де биздеги арқаны жайлаған арабларға усас, қарапәрең болады екен. Дәслепки минутлардан баслап-ақ бизлердиң оларға исенимимиз артты.

Олардың үшеўи пәрикли ушқыш аппараттың пилотлары, ал, қалған бир ҳаял менен бир еркек Жер тилин шамалы биледи екен. Булар биринши мәртебе орыс ҳәм инглисшан сөзлерин космостағы радио арқалы тутып, избе-излик пенен үйренип, Жер тилиниң сөзлигин келеп шығыпты. Бизлер менен ушырасқан ўақытқа дейин олар еки ярым мыңнан артық сөз ҳәм терминниң мәнисин өзлестирипти. Усындай лингвисти-

www.ziyouz.com kutubxonasi

калық жол менен араларымызда қатнас басланды. Олар өз-ара сөйлескен ўақытта бизлер әлбетте, ҳеш нәрсе түсинбей қаламыз. Бирақ, даўыс толқынының ырғағы испаншаға усайтуғын сыяқлы.

«Паритет» тен пәт алып ушқаннан кейин он бир сааттан соң, бизлер Күн системасынан тысқары шықтық. Бизиң жулдызлар системасынан басқа әлемге өтиў ўақтында, бизлерде айта қаларлықтай өзгерислер сезилмеди. Әлемниң көриниси барлық жерде бирдей. Бирақ, баратырған бағдарымызда, шамасы, басқа планеталардың орналасыў жағдайы сол ўақытта солай болса керек, алдымыз кем-кемнен қырмызы сәўле шашып, қызғыш дөне баслады. Бул қырмызы қызғыш сәўле алыстан жылжып, улғайып, әсте-ақырын шексиз жақтылық кеңислигине жайыла берди. Соған дейин бизлер сол саатларда бир тәрепи гүңгирт тартып қараўытқан, ал, екинши тәрепи жақтыланып турған бир неше планеталардың тусынан өттик. Шексиз кеңисликте көплеген Күнлер менен Айлар артта қалып баратыр еди.

Соңынан түн қарангылығынан күн жақтылығына өттик. Қәпелимде аспан қойнындағы уллы ҳәм қудиретли Күннен шығып таралып атырған гирбиксиз, көзди қамастыратуғын нурға тап болдық.

— Бизиң Галактикаға келдик! Анаў жарқырап турған бизиң Держатель! Аздан соң бизиң Лесная Грудь көринеди!—деп мәлим етти лингвист ҳаял.

Дурысында да шақырымлап өлшеўге болмайтуғын бийикликтеги жаңа космос кеңислигинде, бизлерге жаңа Держатель деп аталатуғын Күн көринди. Өзиниң нур шашыў қуўаты ҳәм көлеми жағынан Держатель бизиң Күннен үлкен екен. Держательдиң усы қәсийетине бул жерде бир күн—бир түн (сутка) жигирма сегиз саатқа созылғанлықтан бундағы геобиологиялық-тиришиликте бизиң жердегиге қарағанда өзгеше болыў керек.

Булардың ҳәммеси жөнинде биз келеси сапар хабар жоллағанда, ямаса «Паритет» ке қайтып барғаннан кейин айтып беремиз. Ал, ҳәзирше тек жол-жөнекей әҳмийетли бир неше мағлыўматлар жибермекшимиз. Жоқарыдан Лесная Грудь планетасы бизиң Жер-

www.ziyouz.com kutubxonasi

-ди еске түсиреди, ондағыдай бултлы атмосфералық қатламлар бунда орап алған. Лесная Грудьқа жақынлап, үстине түсиўге бес-алты мың метр қалғанда, олар бизлерди көрсин дегендей арнаўлы түрде өз планетасын айланып ушты—бул, тил менен тәрийплеп жеткере алмайтуғын әжайып көриниc еди: таўлар, шыңлар, бир тутас ашық-жасылға бүркенип, араларынан дәрьялар ағып атырған дөңли қырлар, теңиз ҳәм көллер жарқырап, ал, планетаның айырым жерлеринде, әсиресе, шет полюслеринде дақ болып көринген үлкен-үлкен шөлистанлықларда шаңлы даўыл көтерилип атырғаны билинеди. Бизлерде үлкен тәсир қалдырған нәрсе, қалалар менен аўыллардың көриниси болды. Лесная Грудь ландшафтында атыраў-атыраў болып жайласқан бул конструкциялық қурылыслар урбанизацияның (қалалы жердеги тиришилик) оғада жоқары дәрежеде раўажланғанынан дәрек береди. Бул планетадағы көгис шашлы қала қурылысшыларының салған имаратларының қасында бизиң Жердеги Манхаттан салыстырыўға болмайтуғын дәрежеде төмен екен.

Лесногрудлылардың өзи, бизлердиң көз-қарасымыз бойынша Әлемде жүдә сийрек гезлесетуғын ақыл-ойлы жанлардың айырықша бир түрине жатады. Лесногрудь ай есабы менен—ҳаяллары он бир айда туўады екен. Өмир—жасаўдың мүддети де бунда узаққа созылады. Соның өзинде булар жәмийеттиң баслы проблемасы өмирди еле де узайтыў керек, деп азсынады. Олар орташа бир жүз отыз, бир жүз елиў, айырымлары еки жүз жылға дейин жасайды екен. Планетаның жан есабы он миллиардтан асыңқырайды.

Бизлер ҳәзир көгис шашлылар цивилизациясының жетискенлик тәрепиниң сыр-сыпатын, турмысын избе-из баянлап бериў имканиятына ийе емеспиз. Сонлықтан бул дүньяда бизлерди аса тәсийин қалдырғанларын үзип-жулып хабарламақшымыз.

Олар Күнниң, яғный Держательдиң энергиясын жыллылық ҳәм электр қуўатына айландыра алады, бул усыл бизиң гидротехникалық жол менен алып жүрген электр қуўатымыздан бир неше есе көп ҳәм пайдалы. Ең тийимлиси олар ҳаўаның күндизги ҳәм түнги тем-

www.ziyouz.com kutubxonasi

пературасының айырмашылығын синтезлеп, энергия топлайды.

Олар ҳаўа райына қалайынша хожайыншылық етиўди үйренип алған. Планетаны айланып ушыўды тамамлағанымызда бизлер минген ушыўшы аппарат нур түсириў жолы менен айырым орынлардағы булт думанларды қас пенен көздиң арасында дағ тып жиберди. Олардың тениз ҳәм океандағы суў ағымы, ҳаўа массасының ҳәрекетине тәсир етиў уқыбының бар екенин де мәлим болды. Усының нәтийжесинде олар планетада ығаллықты ҳәм температураны өзлерине қолайлы ҳалда ылайықлай алады. Сондай-ақ пүткил дүньялық тартылыў күшин басқарыўды өзлестирген олардың жулдызлар аралық ушыўын жеңиллестиреди.

Сөйтсе де булардың алдында еле үлкен проблемалар бар екенин, мәлим болыўына қарағанда бундай проблеманы бизлер Жерде еле ушыратпағанбыз. Олар қурғақшылықтан жәбир шекпеген екен, себеби ҳаўа райының тетиги қолларында. Сонлықтан булар ҳәзирше азық-аўқат санаатында жетиспеўшилик дегенди билмейди. Бул жердегиге қарағанда еки ярым есе көп халықты тарықтырмай тәмийинлеў деген сөз. Бирақ, планетаның сезилерли дәрежедеги бөлеги тиришилик етиўге жарамсыз болып баратыр екен. Бундай орынларда тири мақлуқтың бәри де жоқ болып кетеди. Бул иштен қурғап-кебиў деген қубылыс екен. Лесная Грудьта айланып ушып жүргенде бизлер оның түслик-шығыс тәрепинде шаңғытлы даўылды көрдик. Планетаның терең ишки қатламында болатуғын қандай да бир, мүмкин, биздеги вулкан атылыўға барабар қубылыс болса керек. Алап-буркан реакцияның нәтийжесинде әсте, бирақ, жайылған түрде атлығып шығатуғын нур, планетаның ең сыртқы топырақлы қатламын ыдыратып, оннан көгерип шығатуғын гия тухымының бәринде күйдирип жибереди екен. Лесная Грудьтын усы тусында көлеми биздеги Саҳрадай шөлистанлық жылдан-жылға улғайып, көгис шашлылардың тиришилик етип атырған кеңислигине қәўип туўдырып атырған қусайды. Бул олар ушын үлкен апатшылық. Олар планетаның терең қатламында болып туратуғын процесслердиң барысын еле өзлестире алмай атыр екен. Планетаның иштен қурғап-кебиўи сыяқлы апатлы қубы-


www.ziyouz.com kutubxonasi

лысқа қарсы, олар тәрепинен ең қуўатлы күшлер соған қаратылып, үлкен-үлкен илимий жумыслар жүргизилип, материаллық ғәрежет бөлип шығарылған. Олардың жулдызлар системасында Ай деген жоқ, бирақ, биздеги Ай туўралы биледи, оған келип, көрип кетипти. Олардың шамалаўынша бизиң Ай, әне сондай иштен қурғап-кебиўге ушыраған болса керек. Олардан буны еситип, бизлер бир қанша ойланып қалдық. — Ай менен Жердиң арасы онша қашық емес ғой, ақыры Сондай болып қалған жағдайда бизлер не қыламыз? Соған бизиң таярлығымыз бар ма? Сондай болған жағдайда Жердиң сыртқы ҳәм ишки сыпаты қандай болар екен? Жер жүзиндеги адам баласы бир-бирине түсинисе алмай мудамы ада болмайтуғын тиргешлесиў менен жүргенде, ақыл-ойдың раўажланыўы барысында артта қалып қойғанын билеме екен сирә?

Ҳәзирги ўақытта Лесная Грудь илимпазларының арасында улыўма планеталық дискуссия болып атырған екен. Бунда олар планетаның иштен қурғап-кебиўи менен байланыслы қорқыныщлы апаттың алдын алып, оны тоқтатыў ушын жасырын сырлы тәреплерин излеўди күшейтиў керек пе, ямаса Лесная Грудь цивилизациясын сақлап, қайтадан жанландырыў ушын алдын-ала Әлемнен өзлериниң тиршилик етиўине қолайлы жалпылама көшип баратуғын планета излеў керек пе деген мәселе қызғын додаланып атыр. Ҳәзир олардың қайда ҳәм қайсындай жаңа планетаны нәзерлеп атырғаны биймәлим. Қалай деген менен де олардың ҳәзирги жасап атырған планетасы еле миллион-миллион жыллар даўамында тиршилик етиўине болады. Соған қарамастан сол проблеманы тап ҳәзирги жасап атырған халқының басына түсип атырғандай сезинип, нешше миллион жыллардан кейинги келешектиң ғамын ҳәзирден баслап ойластырып, бас қатырып отырғаны бизлерди оғада ҳайран қалдырды. «Бизден кейин гия пессе, ҳәргизине өссин» деген ҳарам пикир булардың ҳеш биреўиниң қыялына келмеди ме екен сонда сирә? Планетаның иштен қурған-кебиў проблемасына байланыслы олардың жәмийетлик табыстың әдеўир бөлегин сарп ететуғынын билип, «соншама шығынға қалып не қылады екен»—деген жаман қыял басымызға келгенде, бул ойымыздан өзлеримиз уялып, кеттик. Олар әсте жайылып киятырған шөлистаның жийе...



www.ziyouz.com kutubxonasi

шегаралығындағы өне бойына нешше мыңлаған шақырымларға созылған тосқаўыл қоймақшы болып, оғада терең скважиналар бураўлап, сол тереңликке шыдамлы затлар жибереди екен дә, ол затлар планетаның *ишиндеги ядролық реакцияға белгили дәрежеде* тәсир жасайды екен.

Әлбетте, жәмийетлик турмыс жағдайында олардың да проблемалары бар. Бул—нешше мың жыллардан бери аса зор күш пенен ақыл-ойды толғандырып киятырған: әдеп-икрамлық, пәндийўнәсийҳат, ақыллы ҳәм билимли болыў жөниндеги мәселелерге байланыслы *проблемалар еди. Қалай деген менен он миллиардтан* аслам халқы бар жәмийетшилик қандай жетискенликлерге ерисиўине қарамастан, кемшиликтен қуралақан болмайды. Соған қарамастан булардың ең таңланарлық жери—олар мәмлекет, қурал-жарақ урыс деген нәрселерди билмейди екен. Мүмкин, олардың өтмиштеги тарийхында урыс, мәмлекет, ақша ҳәм соған сәйкес *жәмийетлик қатнасларда болған шығар, буны анық* айтыў қыйын. Бирақ, тап ҳәзирги дәўирде олардың ҳәкимшилик етип, күш көрсететуғынын мәмлекет, өз-ара гүрестиң бир түри болған урыс деген нәрсе туўралы ҳеш қандай түсиниги жоқ. Егер Жер жүзинде болған ҳәм болып атырған тынымсыз урыслар туўралы бизлердиң оларға түсиник бериўимизге туўра келген жағ*дайда, бул оларға мәселени шешиўдиң биймәни ҳәм* жаўызлық түри болып, турпайы көринбеспекен?

Олардың өмир сүриўи бизиң Жер бетинде ойлап жүргенимизден пүткиллей басқаша басламада дүзилгенликтен, бул бизлердиң түсинигимизге де, ақылымызға да уғырас келмейтуғындай сезиледи.

Олардың бирликтеги планеталық сана-сезиминиң *өскенлиги соншa, олардың есине гүрестиң урысатуғын* әдиси кирип-шықпайтуғындай болғанлықтан, буларды әлем кеңислигиндеги цивилизацияның тәўир-ақ жетилискен түри деп ҳәр тәреплеме исеним менен шамалаўға болады. Мүмкин, олар илимниң раўажланыўының жоқары дәрежесине жетискенликтен, ақыл-парасат ийелериниң ең баслы мақсети—ўақыт пенен Әлем *кеңислигиниң шексизлигин адамгершилик гуманиза*ция менен байытып, дүньялық эволюцияның даўамын жаңа жоқарғы басқышқа көтериў деп билетуғын шығар.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер салыстырыўға сәйкес келмейтуғын нәрселерди салыстырайын деп атырған жоқпыз. Уақыттың өтиўи менен бизиң Жерде де адамлар уллы прогресске жетисип қалар. Бул тараўда ҳәзирдиң өзинде бизиң мақтана алатуғын жетискенлигимизде баршылық. Деген менен, жер жүзиндеги адамзат атаўлы трагедиялық адасыў жылларында, тарийхымызда көп урысқанбыз — тарийх деген сол деп өзлерин өзи исендирип жүре берсе қалай болар екен?—деген саўал бизиң басымыздан серпилмей-ақ қойды. Ал, егер әўел бастанақ раўажланыўдың бул жолы қәте болып ақыбети ҳеш жаққа бармайтуғын дығырыққа барып тирелсе не болады сонда? Бундай жағдайда бул бизди неге алып келеди, қайда барамыз? Егер бул усылай болатуғын болса, бундай қыянет ақырзаманнан қутылыў ушын, адамзат буны түсинип, мойынлаўға ерлик ете аларма екен? Тәғдирдиң айдаўы менен басқа планетада жәмийетлик тиришиликтиң бар екенлигиниң биринши гүўасы болған менен бизлер шым-шытырық ойлардың толғаўында турмыз. Жер бетиндеги адамзаттың келешеги бизди қорқынышқа салыў менен қатар, оларға үлги болатуғын уллы тиришилик жәмийетиниң бул әлемде бар екенлиги, олар өзлериниң раўажланыў жолындағы қыйыншылық ҳәм тосқынлықларды өз-ара урыс-қағыссыз-ақ жөнге салып атырғаны бизлерди үмитлендиреди.

Лесная Грудьтағылар Әлем дүзилисинде адам есаплап қыялына келтире алмайтуғын қашықлықта Жер планетасының бар екенин биледи. Олар жердеги адамлар менен байланыс жасаўға бар интасы менен қуштар болып, бул нийет олардың тек тәбийий қумарлылығынан келип шыққан қызығыўшылық болып қалмастан, соның менен бирге биринши нәўбетте, теңи-тайы жоқ ақыл-сананың салтанат қурып қосылысып, цивилизация тәжирийбелерин алмасыў ҳәм Әлемдеги ақыл ийелериниң руўх санасын раўажландырыў жолында жаңа дәўир (эра) ашылыўының тәрепдары.

Бул тараўда олар бизлердиң ойлағанымыздан анағурлым зыят нәрселерди болжап атыр. Олардың жердеги адамларға болған қызығыўшылығының тағы бир тәрепи мынадан ибарат: себеби, ҳәр қандай қуўат — энергия сарп етилип, ҳәр қандай планета ўақыттың өтиўи менен қыйралып жоқ болып кетеди. Сонлықтан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлемдеги ақыл-ойдың усы еки шақасы улыўма күш салыўдың нәтийжесинде өз-ара тутастырылса, тәбиятта шексиз тиришиликтиң даўам етиўиниң имканияты тәмийинленбекши. Ал, олар болса «ақыр заман»ды миллиардлаған жыл бурын алдын-ала уўайымлап, болжап, Әлемдеги барлық тиришилик ушын жаңа қоныс излеў жолында космослық проектлерди ҳәзирдиң өзинде ислеп шығып атыр.

Тезлиги жақтылық тезлигине барабар болған ушыўшы аппарат пенен Жерге ҳәзирдиң өзинде-ақ ушып барыўы мүмкин. Бирақ, жердегилердиң келисими менен мирәт болмағанша, олар бундай сапарға шыққысы келмейди. Олар Жерге шақырылмаған мийман болып, бассынып барыўды қәлемейди. Соның ушын да олар көп ўақыттан бери бизлер менен танысыўға сылтаў излеп жүргенин түсиндирди. Бизиң космослық станциялар орбитада узақ мүддет пенен жүретуғын объектке айланғаннан бери, олар ушырасыў мәҳәлиниң жақынлағанын түсинип өзлери баслама көтерген. Олар буған пухта таярланып, сәтине түсиретуғын күнди күткен. Сол қолайлы сәт бизлердиң шегимизге түскен екен. Өйткени еки аралықтағы ортада—орбиталық станцияда тур едик...

Бизлер олардың планетасына келип түсиўимиз, бул өз-өзинен түсиникли болса, керек, теңи-тайы жоқ бир ўақыя болды. Усыған байланыслы тек үлкен байрамлар ўақтында болатуғындай етип телебайланыстың үлкен системасы иске қосылып, эфирге жиберилди. Әтирапымыздағы жарқыраған ҳаўадан бизлер бир неше мыңлаған шақырым қашықлықтағы затлар менен олардың түр-түси тап түбимизде турғандай анық көрингенликтен, бизлер оларға — олар бизлерге қарап күлимсиреп, қол қысысып, соңынан сөйлесип ҳәм гарқылдасып күлисип қатар турғандай болдық. Қандай келбетли десең-ә, бул лесногрудлыларды, оннан қалса бирли-биринеде усамайды. Шашлары жалпыламай көгис болған менен араларында қара-көгис, қоңыр-көгислер де ушырасады. Ал, ғаррыларының шашлары, тап бизлердеги ғаррылардың шашларындай болып ағарады екен. Булардың антропологиялық сыпаты да ҳәр қыйлы еди, себеби, бунда ҳәр қыйлы этникалық топардағылар бар.

Булардың барлығы туўралы ҳәм басқа да ҳайран қаларлық көп нәрселер жөнинде «Паритет»ке ямаса

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жерге қайтып барғаннан кейин айтып беремиз. Ҳәзир ең баслысы мынаў: лесногрудлылар Жердеги адамларға қай ўақыт қолайлы болса, сол ўақытта барғысы келетуғын қуштарлығын «Паритет» байланыс системасы арқалы сизлерге жибериўди өтиниш етеди. Оған дейин булар еки планета арасына шереклесип, жулдызлар аралық станция салыў программасын усынады. Бул станция дәслеп еки тәрептиң алдын-ала ушырасыўы болып, соңынан еки жақтың өз-ара изертлесиў жолындағы турақлы база — орын болады. Бизлер бул усынысты өзлеримиздиң планеталасларымыздың дыққатына жеткериўди мойнымызға алдық. Соның менен қатар усыған байланыслы басқа бир ойлар бизлерди тыныщсызландырады.

Бизлер, яғный жердегилер усыған тәқәббил планеталар аралық ушырасыўға таййынбыз ба, ой-пикир жуўыртатуғын тири жан ретинде ақылымыз соған ылайық дәрежеде жетилисти ме? Жер жүзиндеги жәмийетлер ҳәр қыйлы болып, олар бизиң бирлигимизге туўра келмейтуғын, бир-бирине қарама-қарсы көз-қарасга жасап атырған бир ўақытта, пүткил адамзаттың Жердиң атынан бизлер ўәкиллик бере алар ма екенбиз? Сонлықтан, бул адамлар арасында менменлик жарыстырыўға тағы да бир сылтаў болып, мәмлекетлер жалған ар-намыстың жетегине ерип кетпеўи ушын бул мәселениң шешилиўин Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң еркине тапсырыўды сизлерден өтиниш етемиз. Бул мәселени шешиўде мәмлекетлердиң тыйым салыў ҳуқықын қолланбаўын өтинемиз. Бәлким, усы рет сол қадаған етиў дегенди жоқ етип, бийкарлап жибергенде де болар еди. Космостан тысқары — Жерден соншама қашықлықта жүрип, бундай нәрселерди ойлай бериўдиң өзи уят ҳәм қыйын екен. Өйткени, Жердегилердиң пейли-әпқалы бизлерге жеткиликли дәрежеде анық мәлим ғой, ақыры.

Енди өзлеримиз ҳәм усы ҳәрекетимиз туўралы тағы бир-еки аўыз гәп бар. Бизлер орбиталық станциядан жоғалып кеткеннен кейин, сизлердиң дәслеп гүманланып, соңынан тезлик пенен илаж қолланып атырғанызды билемиз. Сизлерди соншама албыратып таслағанымызға өзлеримиз де қыйналамыз. Бирақ, бул пүткил дүньялық тәжирийбеде ең қолайлы келген әжайып ўақыя болғанлықтан, өзлеримиздиң өмир жолымыз

www.ziyouz.com kutubxonasi

дағы бул идиралды ҳәм уллы истен бас тарта алмадық. Бизлер қатаң тәртиптиң адамы бола турып, ийгиликли ис ушын сол тәртиптин *шеңберинен шығыўға* мәжбүр болдық.

*Мейли, бул қылмысты бизлер мойнымызға аламыз*, сазайын бизлер-ақ тартайық. Ҳәзирше буны ядыңыздан *шығарып турың*. Шын кеўилден бир инаныңлар да! Бизлер Әлемнен хабар жоллап турамыз. Ҳәзирге *дейин илимге* биймәлим болып келген галактикалық система—Держательден хабар жиберип отырмыз. Көгис шашлы лесногрудлылар—ең жоқары цивилизацияның дөретиўшилери. Булар менен ушырасып, тил табысыў адамзат тәғдийирине, бизиң барлық турмысымызда орасан зор өзгерислерге алып келеди. Әлбетте, бириншн нәўбетте Жер шарының мәпин нәзерде тутып, бизлердиң олар менен қарым-қатнас етиўге батылымыз барар ма екен?

Бул планеталардағылар бизлерге ҳеш қандай қәўип-қәтер дөндирмейди. Қалай деген менен бизлерге солай сезилди. Бирақ, булардың тәжирийбесин өзлестирип, әтирапындағы материаллық әлемнин энергиясын пайдаланыўдан *баслап бизиң турмысымызда* үлкен өзгерислер болып, урыс-қағыссыз, зорлық-зомбы*лықсыз өмир сүриўди үйренер едик. Урыссыз өмир сү*риў деген соңғы гәпке бурын қулағыңыз үйренбегенликтен ерси болып еситиледи. Бирақ, Лесная Грудьта туратуғын ақыл-ойлы жанлардың турмысының усындай болып қәлиплескенине бизлер ант-суў ишип тастыйықлаймыз. Лесная Грудьта жасайтуғынлар жаратылысы жағынан бизиң Жердиң адамларына усаған менен бирақ, адамзат баласы әлимсақтан бери әрман етип киятырған ең жоқары мақсетке ерискен. Пүткил әлемлик жоқары раўажланған цивилизацияға тән ақылпарасаттың болғанлығы себепли булар әне сол ақылой жағынан өзлерине жақын жердеги адамлар менен ашықтан-ашық байланыс жасағысы келеди. Әлбетте, бул байланыс, еки тәрептиң де мәпине нуқсан келтирмейтуғын жағдайда болыўы керек.

Жерден тысқары ҳалаттағы цивилизацияны *ашып*, кеўлимиз буншелли тасқынлап кеткенликтен, — бул алыс Галактиканың *Держатель планетасында көрип*-билгенлеримизди тезирек жердеги адамлар арасына *қайтып барып жеткериўге асығамыз.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер усы радио байланысты тамамлап болып, саррас бир сутка жигирма сегиз сааттан кейин, Лесная Грудьтан ушып, өзимиздиң «Паритет»ке қарай бағдар аламыз. «Паритет»ке барғаннан соң биротала Улыўма Орайлық басқарыўдың қарамағында боламыз.

Ҳәзирше хош! Қуяш системасына шығардың алдында «Паритет»ке қайсы ўақытта баратуғынымызды хабарлаймыз.

Усының менен Лесная Грудь планетасынан берилген биринши хабарымызды тамамлаймыз. Тез ушырасқанша. Бизлердиң үй-ишлеримизге сәлем айтыўларыңызды сораймыз. Ғам жемесин.

Паритет—космонавт 1—2
Паритет—космонавт 2—1

«Конвенция» авианосецининң бортындағы айрықша ўәкиликке ийе болған комиссиялар «Паритет» орбиталық станциясында тосыннан болған жағдайды додалаў жөнинде ҳәр бири өз алдына бөлек мәжилис өткерип, бул мәжилис сол комиссия ағзаларының өз ҳүкиметлери менен ойласыўға ушып кетиўи менен аяқланды. Авианосецтиң палубасынан көтерилген биринши самолет Сан-Францискоға, бир неше минуттан кейин екинши самолет оған қарама-қарсы бағытта Владивостокқа қарай ушып кетти.

«Конвенция» авианосеци өзиниң сол бурынғы турақлы орнында—Тынық океандағы Алеут атаўларының түслигиреғиндеги туста жылжымай тур... Авианосеце қатаң тәртип ҳүким сүрип турған еди. Ҳәр ким өзиниң тийисли орнында сақлық етип, ҳәммеси де үндемей, демин ишине алып тур.

Бул үлкеде поездлар шығыстан батысқа, батыстан — шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Ал, темиржолдың еки қапталын бойлап бул үлкеде уллы шөлистан—Сарыөзек кеңислиги жердиң Орта тусы болған сарғыш дөнген даланлық созылып кетеди.

Олар Ана-Бейитке баратуғын жолдың үштен бир бөлегин басып өткен еди. Күн жердиң үстинен тез көтерилсе де, соңынан шарықлап барып Сарыөзектиң кең жазықлығының үстине дөнип, жылжымайтуғындай болып турды да қойды. Күн ысый баслаған еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гә саатына, гә күнге, гә алдындағы кең жазықлыққа қарап киятырған Боранлы Едиге, ҳәзирше бәри де кеўилдегидей деп шамалады. Ол еле түйени желдирип алдында киятыр. Оның изинен тиркеў сүйреткен трактор, трактордың изинде дөңгелекли «Беларусь» экскаваторы, ал, Жолбарыс болса сәл бир қапталда қыялап жортып киятыр.

«Шамасы, бул адамның басы бир секундта ойланбай тура алмайтуғын қусайды. Қәлесең де, қәлемесең де ойлар бириниң изинен бири шубырып келе беретуғын етип, бул ақмақ жумыры бас қалай жаратылып жүрген екен-дә? Изи де жоқ—ақыйры да жоқ, өле өлгенинше кетип отырысы! Едигениң қыялына жол бойынша ҳәр түрли ойлар тынымсыз келе бергенликтен усындай бир күлкили жаңалық тапты. Ой деген тап теңиздей толқынлап бириниң изинен бири тиркелип келе береди екен-дә. Бала ўақтында ол даўыллы күнлери Арал теңизиниң жағасында жүрип, алыста ағараңлаған үсти сәл көбиклескен толқынлардан-толқын пайда болып, қайнаўытлап, жағаға жақынлап киятырғанына бираз ўақытқа дейин қарап туратуғын еди. Сол қозғалаң таўып, теңселген ҳәрекетте бир ўақыттың өзинде теңиздиң тири қушағында толқынлардың ҳәм туўылыўы ҳәм өлиўи, тағы да тирилиўи жоқ болып кетиўи қубылысы бар еди. Сондай мәҳәллерде Едиге деген баланың шағалаға айланып, толқынлар менен күнге шағылысқан майда тамшылардың үстинде ушып жүрип, жаны бар тақылетте қозғалып атырған айдын шалқар суўды жоқарыда бир көргиси келип кетеди.

Гүздиң тәпси урған Сарыөзек даласының кеўилге муң бағышлайтуғын сарғыш келбети, түйениң бир қәлиптеги желиси, алда еле жолдың алыслығы, оның қыялына селтең бергендей ҳеш нәрсениң жоқлығы. Едигени тағы да ойларға талыўға бағдарлап жибереди. Қәдимги узақ жолға желип, үйренип қалған Қаранар да қызып, енди оннан түйеге тән тердиң ийиси сезиле баслады. Бул ийис оның мурны менен мойнынан келип турған еди. «Ўәй, заңғар-әй,—деп Едиге өзинше қанаатланыўшылық пенен күлимсиреп қойды. Ақ көбик болып қалыпсаң ғой сен! Аяқларыңа да тер қуйылып кетипти! Ўәй, азнаған ҳайўан-әй! Ақмақсаң сен, ақмақ!» Едигениң есине өткен күнлердиң ўақыя-

www.ziyouz.com kutubxonasi

сы түсе берди. Ол ўақытлары Қазанғаптың да күшине толысып турған мәҳәли еди. Шубырысқан ойлардың арасынан ертеде болып өткен сол бир кеўилсиз ўақыяның елеси оның көз алдына қайтып орала берди. «Сол елестен қалас болып, қайтадан ашылған жараның аўзын жабыў ушын гүбирленип, қайта-қайта дуўа да оқып атыр. Бирақ, оның да пайдасы болмады. Сонда да жаны жай таппады. Қабағы үйилип, түнерген Едиге, не қыларын билмегенликтен, онысыз да желип киятырған түйениң саўырсына тартып-тартып жиберди. Фуражкасының да қасқағын түсирип алды. Артында киятырған тракторларға да айланып қарамады. Мейли, қалып қойғысы келмесе, илесип жүре берсин. Сол баяғыда болып өтип кеткен ўақыяны бул жас баллар қаяқтан билсин, булар түўе, ол жөнинде, ҳәттеки, ҳаяны да, өзи де жыңқ етип көрген емес. Оның жөн-жосағын тек Қазанғап билетуғын еди. Сол сапары Қазанғап кәтқудашылық етип дурыс мәсләҳәт бермегенде Едиге бул Боранлы разъездин әлле қашан таслап кетип қалған болар еди...

Сол елиў биринши жылдың аяғында қыс ортасында разъездке бир хожалық көшип келген еди. Күйеўи, ҳаялы, кишкене еки ул баласы бар екен. Үлкени—Даўыл бес жаста, кишкенеси—Ермек үш жаста. Балалардың әкеси Әбиўталип Қутыбаев. Едиге менен қатар еди. Урысқа дейин ол ғыршылдаған жас жигит ўақтында аўыллық мектепте бир жылдай муғаллимшилик етип, тап қырық биринши жылдың дәслепки күнлеринде-ақ армия қатарына алынып, урысқа кетипти. Ол Зарипаға урыстың ақырына таман, бәлки, урыс тамам болғаннан соң үйленген болса керек. Бул жерге көшип келемен дегенше Зарийпа да төменги класларға сабақ берип муғаллимшилик еткен екен. Енди мине, тәғдирдиң думпиўи оларды Сарыөзектеги Боранлыға қарай ығыстырып таслаған.

Сарыөзектиң қулазыған даласына олардың асыптасып баратырғанлығынан келмегени дәрҳәл мәлим болды. Әбиўтәлип пенен Зарийпаның басқа жерден жумыс таўып орналасыўы да мүмкин еди. Бирақ жағдайдың өзи солай шийеленисип, басқа баратуғын жериниң имканияты болмай қалған болса керек. Дәслеп Боранлылар олар жөнинде бул жерде [illegible] алмайды, еле алды-артына қарамай [illegible] кетеди


www.ziyouz.com kutubxonasi

деп ойлаған еди. Боранлыға бундайлардың талайы келип кетип атыр. Тап усылай болар деп Қазанғап пенен Едигениң өзи де шамалаған еди. Сөйтсе де Әбиўтәлиптиң үй иши менен булар сыйласықлы болып кетти. Өзлери де сыпайы адамлар екен. Күн көрислери де төменлеп кеткен. Ҳаялы да өзи де ҳәмме қатары жумыс ислейди. Арқалап шпал да тасыйды, жол тазалаған ўақытлары қар гүреп, суўыққа да тоңады. Улыўма темиржол рабочийсына не жумыс ислеўге туўра келсе, соны ислейди. Әбиўтәлип немислердиң қолына түсип, тутқында болса да олардың аўыз биршилиги де сыйласығы да жақсы, татыў хожалық еди. Ол ўақытлары урыстың ҳүрейи бираз басылып кеткен сыяқлы да еди. Бурын әскерий тутқында болғанларға да сатқын ҳәм душпан ретинде қарағанды қойып киятыр еди. Боранлылар болса бундайларға басын аўыртып отырмайды. Биреўлер тутқында болса болыптыдағы, урыс жеңис пенен тамамланды. Дүнья жүзилик сол қырғын, былғаншылықта адамлардың басына қандай ис түспеди, олар нени көрмеди. Биреўлери елеге дейин буққышлап, ялғаншыдан турақлағандай жер таба алмай сырғанап жүр. Урыстың ҳүрейи еле ғыр изинен қалмай сандалтып қойыпты. Соңлықтан да боранлылар көшип келгенлерден ондай нәрселерди сорап тынышын алмады, онысыз да ешкени бойына тарамай жүрген бийшаралардың жанына егеў салып не қылады.

Ўақыттың өтиўи менен олар Әбиўтәлип пенен биротала қалай үйренисип кеткенин өзлери де сезбей қалды. Ақыллы ҳәм тынық адам еди, Әбиўтәлип. Едигениң оны жақсы көрип қалған жери, басына ис түсип, шаталып жүрсе де мунаймайтуғынлығы еди. Өзин нық тутып, тәғдирдиң басқа салғанына көнди. Дүньяда болып өткен нәрсе менен есапласпаўға оның илажы жоқ еди. Буны ол ҳәр адамның ығбалына тап болатуғын көреси миййет деп ойлады. «Тас түссе талайымнан көрермен» деп усындайға айтатуғын шығар. Ҳаялы Зарийпа да бундай жағдайға көнлигип кеткен. Қай ўақта да болатуғын бир қәўипти екеўи де билип жүргендей, өмирдиң ендиги жағындағы мәнисин бир-биреўге сезимталлық пенен сүйсў болыў керек екенин түсиниспти. Едигениң соңынан түсиниўине қарағанда, олар усы түсиникте бирин-бири тирек болып қорғап, балала-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рын да дәўирдиң ысырапыл самалынан сақлағысы келген екен. Әсиресе, Әбиўтәлип сондай еди. Ол өзиниң бала-шағасының қасынан бир ели былай шыққысы келмейди. Баллары оның ялғаншыға шығып арттырғанлары мине усылар еди. Қолы жырылса болды солардың қасында болады. Оларды оқыўға үйретип, ядынан ҳәр қыйлы ертек, жумбақларды, ойынларды ойлап таўып, кеўилин көтереди. Зарийпа екеўи жумысқа кеткенде, дәслекпи күнлери балалары баракта қалып жүрди. Бирақ, Үкибала буны көрип жаны жай таўып отыра алмады, балаларды өзине үйретип алды. Булардың үйи де жыллы еди. Оның үстине тазадан көшип келгенлерге қарағанда булардың оңысығы да ол ўақытлары тәўирақ жөнлесип кеткен еди. Усы жағдай олардың хожалығын жақынластырып жиберди. Ол жыллары Едигениң де тап Әбиўтәлиптиң баллары менен жолдас еки қызы бар еди.

Бир сапары жол бойындағы жумыстан соң, балларының изинен келген Әбиўтәлип былай деди:

— Қәне, былай болсын, Едиге, мен өз балаларыма қосып, сениң қызларыңды да оқытайын. Қызларға басқа ермек табылмағанлықтан сөйтип жүрген жоқпан ғой мен. Олар бирге ойнап, бир-бирине баўыр басып қалған. Күндиз сизикинде, кешқурын бизикинде бола берсин булар. Неге солай деп турғанымды билдиң бе? Бундай шет, буйынтық жерде туратуғын болғаннан кейин, балларды оқытпасақ болмайды. Билимди талап ететуғын ўақыт демде зымырап келип қалды. Бурынғы үп-үлкен жигитлердиң билип жүргенин ендигиниң усындай қурттай балалары билиўи керек. Сөйтпесең буларды саўатландыра алмайсаң.

Әбиўтәлип сол ўақытлары бир нәрсениң талабында болып жүргенин Едиге соңынан, патыраттан кейин түсинген еди. Әбиўтәлиптиң Боранлыдағы сол жүрис-турыс жағдайында оның өз күши менен өз балаларына ислейтуғын бирден-бир жақсылығы тек, сол болатуғынын да Едиге кеш түсинди. Ол балаларға қолынан келген билимди тез ҳәм көбирек бериўге, сөйтип олардың есинде умытылмастай болып қалып, сол балалар арқалы өмирде қайтадан жасаўға талапланып жүрген екен. Кеште Әбиўтәлип жумыстан келгеннен кейин Зарийпа екеўи өзлериниң ҳәм Едигениң қызлары ушын бала-бақша мектеп ашатуғын еди Балалар ҳәрип үй-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ренип, бууынға бөлип оқып, [illegible] сы болар екен деп жарыспаққа сүўрет салатуғын еди. Олар Әбиўтәлип пенен Зарийпаның китаптан оқып бергенлерин тыңлап, гейде хәр қыйлы қосықларды бирге қосылып ядлайтуғын болды. Бул жүдә қызықлы болғанлықтан, Едигениң өзи де келип сер салып, тыңлап отыратуғын еди. Үкибала да бир нәрселерди сылтаўлап тез-тез келетуғын болды. Дурысында ол қызларының қалай оқып атырғанына қызықсынып келетуғын еди.

Бул иске Боранлы Едигениң де жан-жүреги жибисип, кеўили ерип кетти. Мине, саўатлы адам—муғаллимниң шарапаты! Олардың балларға қалай қатнас жасайтуғынлығына, өзлери үлкен бола турып, қалайынша баладай болып кететуғынына қарап тура бергиң келеди. Бундай түнлерде Едиге оларға мәлел бермей, бир қапталда тыныш отыратуғын еди. Сонлықтан ол босағадан атлап кирген ўақытта, басынан шәпкисин алып:

— Кеш жарық! Мине, бесинши оқыўшың да келди, — деп өзин таныстырады.

Баллар да оның келетуғынлығына үйренисип қалған. Қызлары қуўанысып қалады. Әкесиниң көзинше олар жақсы оқыўға жүдә талапланады. Барактың иши жыллы болып, баллар тоңып қалмаў ушын Едиге менен Үкибала печьти гезеклесип жағып жүргени.

Мине, усындай бир хожалық Боранлыда оңысық еткен еди, сол жылы қыста. Әдетте бундай адамлардың талабы келисип кете бермейди. Бунын хеш қандай таң қалатуғын жери жоқ. Әбиўтәлип Қутыбаевтың соры қайнап қалғанлығының бирден бир себеби, оның тек немислерде тутқында болғанлығы емес еди. Бахты ма, я соры қайнап қалатуғыны ма, ол түслик Баварияда концлагерден бир топар әскерий тутқынлар менен бирге шығып, қырық үшинши жылы Югославия партизанларының арасынан шықты. Сөйтип, Әбиўтәлип Югославияның азат етиўши армиясының қатарында урыстың ақырына дейин болды. Бул жерде оны душпан оғы жаралады, дослар қолы—даўалады. Югославияның жаўынгерлик орденлери менен наградланды. Ол туўралы партизанлар газетасында тәрийплеп жазды, сүўретлери басылып шықты. Қырқ бесинши жылы берман



www.ziyouz.com kutubxonasi

ўатанына қайтатуғын ўақыттағы тексериў комиссиясында иси қаралғанда булардың бираз пайдасы тийгендей болып еди. Концлагерьден қашқан он еки адам еди, соннан тек төртеўи аман қалған. Төртеўиниң де бахыты бар екен, совет тергеў комиссиясы Югославияның азатлық армиясы болған бөлимге барып сорастырғанда югославиялы командирлер бурынғы совет әскерий тутқынларының партизанларға қосылып, фашистлерге қарсы урысқаны, жаўынгерлик ҳәм адамгершилик қәсийетлери туўралы жазба түрде минезлеме берди.

Қулласы, еки айға созылған аўдар-теңкер тексериспек, жуўап алыў, жүзлестириў, күтип турыў сыяқлы талай үмит ҳәм ҳүрейлениўден соң Әбиўтәлип Қутыбаев өзиниң Қазақстанына қайтты. Азаматлық ҳуқықына шек қойылмағаң менен бирақ, армиядан қайтқанларға берилетуғын жеңиллик берилген жоқ. Әбиўтәлип Қутыбаев буған наразы болған жоқ. Урысқа дейин ол география пәнинен муғаллим еди. сол жумысына қайтадан кирисип кетти. Усы жерде, район орайындағы мектепте баслаўыш классларға сабақ берип жүрген Зәрийпа менен танысты. Жүдә сийрек болса да еки жақсы қосылатуғын жағдайлар да болып турады.

Сөйтип жүргенде пүткил дүньяны қуўанышқа бөлеген жеңистиң дәслепки көтеринки жыллары да өтип кетти. Бундай салтанатлы жеңис ҳәм ҳәддеи тыс қыйынрыққа толы қуўанышлы аспанда, сол жыллары «салқын урыс» қыраўларының дәслепки ушқышлары да көринип қалды. Соңынан бул қатаңласа баслады. Дүньяның ҳәр жери—ҳәр жеринде урыстан соң ҳәкисленген ақыл-сана қайдағы әззи жерлерди таўып алып қаңтарылып қалды...

Бир рет география сабағында сол қаңтарылған жер зыңылдап кетти. Ерте ме, я кеш пе усы жерде ме, я басқа жерде ме әйтеўир солай болыўға тийис еди. Әбиўтәлип болмаса басқа биреўдиң аўзынан-ақ усыған усаған сөздин шығып кететуғыны турған гәп еди.

Әбиўтәлип Қутыбаев сегизинши класс оқыўшыларына Жер шарының Европалық бөлимин түсиндирип атырып, бир сапары оларды концлагерьден қалай алып шығып, Түслик Бавариядағы Альпы таўларындағы тас қопарыў жумысына басқанын, бул жерде қараўыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың қуралсызландырып қашып барып, Югославия партизанларына қосылғанын, урыстың ўақтында Европаның ярымын аралап, Адриатик ҳәм Жер Орта теңизиниң жағалаўларында болғанларын айтып берди. Ол жерлердиң тәбияты ҳәм жергиликли халықларының турмысын жақсы билетуғынын, булардың ҳәммесин оқыў қуралына сыпатлап жазыўдың мүмкин емеслигин де айтты. Өз көзи менен көргенлерин айтып, муғаллим байғус география пәнин байытпақшы еди.

Оның қолындағы шыбықша мектептиң доскасына қыстырылған Европаның көгис-жасыл, қоңыр түске боялған картасының үстинде бәлент-песликти, дәрьяларды ,бойлап сызғылап, анда-санда өзи болған, бирақ, қысы-жазы ,күни-түни урыс болып елеге дейин түсине ене беретуғын жерлерди түрткилеп өтеди. Ким биледи дейсең, муғаллимниң шыбықшасы өз қаны төгилип, өз көўлине аян болып қалған, бирақ картаға түспеген жерди түртип өткен шығар. Сол рет душпан автоматы бир қапталдан жалап тарылдаған ўақытлары, бул төбеден төмен қарай әстен жумалап киятырғанда, алқызыл қаны шөплерге жағылып, тасларды жуўып кетти. Тап сол ўақытлары оның қаны доскаға илиўли турған картаның жүзин *жуўып барагырғандай* болып сезилип, оның көз алды қараңғыланып таўлар, аспан, астын-үстин болып кетти. Сонда ол жан ҳалатында даўыслап, өткен жылы жазда БаварияДағы тас *қопарылып атырған жерден өзи менен бирге қашқан* поляк достын «Казимир! Казимир»! деп шақырды. Бирақ, ол бул даўысты еситпеди, себеби, Әбиўтәлип бар даўысымды салып бақырдым деп ойлаған менен бирақ, *шынында да даўысы шықпай қалғанлықтан*, партизанлар госпиталында қан салғаннан кейин есине келип еди.

Оқыўшыларға Жер шарының Европа бөлими туўралы сөйлеп берип турғанда Әбиўтәлип Қутыбаев өзиниң басынан кешкен усыншама қыйыншылықларды география пәнине байланыстырып, басқа биреўдиң турмысында болғандай етип айтып турғанына өз-өзинен таң қалды.

Соның арасында алдыңғы партада отырған бир баланың қолын шошайтып оның гәпин бөлди:

— Ағай, демек, сиз тутқында болғансыз ғой онда?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— деп оған бежирейген суўық кези менен қарады. Баланың бет сүйеги түртийген, ийеги де қайқылаў еди. Оның сол «смирно» да қақшыйып турысы, ийеги алдына қарай шығыңқы болғанлықтан астыңғы тислериниң үстиңги тислеринен озып, жаўып туратуғынлығы Әбиўтәлиптиң өмиринше умытылмайтуғын болып қалған еди.

— Аўа, болдым, не қылыпты?

— Сиз неге өзиңизди өзиңиз атып тасламадыңыз?

— Өзимди-өзим өлтириўдиң не кереги бар еди? Онысыз да жарадарман ғой.

— Неге десеңиз, душпанға тутқын болыў бул жынаят. Сондай буйрық бар.

— Кимниң буйрығы?

— Жоқарының буйрығы.

— Сен буны қайдан билесең?

— Мен ҳәммесин де билемен. Бизиң үйге Алматыдан, Москвадан адамлар келип турады. Демек, сиз жоқарының буйрығын орынламағансыз?

— Сениң әкең урыста болған ба еди?

— Яқ, ол урысқа баратуғынларды ретлеп жиберип турған.

— Ондай болса сениң менен бизиң түсинисиўимиз қыйын. Тек бир нәрсе айтыўым мүмкин, ол да болса менде басқа илаж қалмаған еди.

— Бәрибир сиз буйрықты бәржай келтириўиңиз керек еди.

— Сен неге қыр изинен қалмайсаң?—деп екинши бир оқыўшы орнынан турды.—Бизиң муғаллим югославиялы партизанлар менен бирге урыста болған. Саған тағы не керек?

— Бәрибир жоқарыдан болған буйрықты орынлаўы керек еди!—деп айтқанынан қайтпады ол.

Соның арасында класстағы жым-жыртлық бузылып, гүўлеп кетти: «Керек!», «Керек емес»!», «Мүмкин!», «Мүмкин емес!», «Дурыс!», «Дурыс емес!». Муғаллим муштй менен столды гүрс еттирди.

— Тоқтатынлар сөзди! География сабағы болып атыр. Мениң қалай урысқаным, маған не болғаны қай жерде керек болса, сол жерде билетуғын адамлар бар. Ал, ҳәзир картаға қаранлар!

Класста отырғанлардың ҳеш биреўи де көзге көринбейтуғын сол ноқатты абайламай қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы да сол бир қапталдан автомат изин үзбей тырылдаған ўақытлары қолына шыбықша услап, доска алдында турған муғаллим көгис-жасыл қоңыр рендеги Европаның картасын өз қанына бояп, бөлентген пәске қарай әсте жумалап баратырғанын билмей қалды.

Бир неше күннен кейин ол районға шақыртылды. Сол жерде Қутыбаевқа көп ўадырлай бермей, өз тилеги бойынша жумыстан босаныўға арза бериў керек екени ескертилди: өйткени, *бурынғы әскерий тутқынның* енди жасларды оқытыўға адамгершилик жақтан *ҳақысы жоқ еди.*

Сөйтип Әбиўтәлип Қутыбаев Зарийпа менен бирликте *туңғыш улы Даўылды қушақлап, областьтың* орайынан алыстағы бир районға шығынып кетти. *Аўыллық мектепке орналасты.* Отыратуғын жайдың да рети табылып, оңысығы жақсыланып киятыр еди. Уқыплы жас муғаллим Зарийпа оқыў бөлиминиң меңгериўшиси болды. Сөйтип жүргенде қырық сегизинши жылы Югославияға байланыслы ўақыяның үсти ашылып, енди Әбиўтәлип Қутыбаевқа адамлар бурынғыдай әскерий тутқын болған деп қарамай, көп ўақыт сырт елде болған гүманлы адам ретинде үрпейисип қарайтуғын болды. Ол өзиниң югославиялы жолдаслар менен партизанлық еткенин дәлиллесе де, *бирақ,* бунысы итибарға алынбады. Ҳәммеси де түсинип, жанлары ашып жүрсе де, *оны қорғап қалыўға келгенде* бундай жуўапкерли жумысты ҳеш ким тәўекел етип, *өз мойнына алыўға батылы бармады.* Оны тағы районға шақырды, тағы да арза жаздырып, өз тилеги бойынша жумыстан босаныўға мәжбүрледи...

Көп жерлерге көшип-қонып, қоқаңлап жүргенде, Әбиўтәлип Қутыбаевтың хожалығы елиў биринши жылы қыс ортасында Сарыөзектеги Боранлы разъездинде пайда болды.

Елиў екинши жылдың жазы қатты ыссы болды. Топырақта ләм қалмай, жердиң кеўип кеткенлиги соншелли Сарыөзектиң гесирткелери шыжғырған қуяштан қайда тығыларын билмей, адамлардан да қорыққанды қойып, алқымлары ҳәдден тысқары улы-бүлкилди болып, аўызын ашып, босағаға дейин жуўырып келетуғын әдетти шығарды. Шайқуслар да салқынлаў ушын аспанға жоқарылап ушып кеткенликтен, была-

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сынша қарағанда жай көзге көринбейтуғын еди. Тек анда-санда шаңқ еткен бир даўысы шығады да, соңынан бираз ўақытқа дейин тым-тырыс болып, ҳәўирн шалқыған көгис аспанға сиңип кетеди.

Бирақ, жумыстың аты жумыстә. Поездлар шығыстан — батысқа, батыстан—шығысқа өтип турады. Боранлыда қанша поезд дусласып, қанша поездың айрылысып кеткенин қудай билсин! Ҳеш қандай ыссы бул мәмлекетлик үлкен магистралда транспорттың ҳәрекет етиўине тосқынлық ете алмады.

Ҳәммеси де өз нәўбетн менен темирлерге де қол тийгизиў мүмкин болмай қалғанлықтан адамлар жумысты қолғап кийип ислейтуғын болды. Күн тас төбеден шыжғырып турады. Цистерна менен әкелинетуғын суў да разъездке келемен дегенше қайнаўға шамаласып ыссып кетеди. Ийниндеги кийимлери де еки күннен кейин түри оңып, ғағырлап қалады. Сарыөзекте бундай ыссыдан көре, қыстың боранлы күнлеринде жумыс ислеген аңсат.

Бундай күнлери Боранлы Едиге, Әбиўтәлиптиң кеўилин көтермекши болып:

— Жаз бирдейине бундай ыссы болып келе бермейди. Быйыл жылдың өзи усындай болып аўысып келген, — дейди ол күнниң ыссылығына өзин айыплыдай сезип. — *Енди көп болса арғы басы он бес, жигирма күн* усындай болып турады, оннан соң қәҳәри қайтып, салқын түседи. Қудай көрсетпесин ҳәммени де ҳәлсиретип таслады бул ыссы. Сарыөзекте жаздың ақырына таман ҳаўа райының бирден өзгерип кететуғын ўақытлары да болады. Соннан қыс түскенше жағдайлы ҳәм қоңыр салқын болып, маллар семирип қалады. Быйылғы гүздиң сондай болып келетуғын түри бар.

Шыдап турыңлар қәне, быйыл гүз жақсы болып келеди.

— Рас айтасаң ба?—деп Әбиўтәлип күлимсиреди.

— Рас айтып турман десем де болады.

— Оныңа да рахмет. Мине, ҳәзир моншаның ишинде турғандай болып отырман. Маған ҳеш гәп—бундай ыссылар. Зәрийпа екеўмиз шыдаса беремиз. Бул түўе, буннан зорына да шыдағанбыз. Балларды айтсаңа, соларға қыйын болып тур..

Боранлының *балаларының да мең-зеңи шығып*, дүс ғәменине түсип жатып қала беретуғын болды. Оларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

ентиктирип баратырған ыссы менен қапырықтан қутқарғандай да жер болмады. Әтирапта я бир түп терек, я ағып турған жап-салма да жоқ, ҳеш болмаса, балларға кереги де сол емес пе өзи. Бәҳәрде Сарыөзектиң сай-саласына азғана күн көк шөп шығып, жасыл дөнип турғанда балларға қудай берип қалады. Олар топ топ теўип, жасырынбақ ойнап, далаға шығып кетип, сары шунақ қуўалап кетеди.

Олардың алыстан еситилген шаўқымлы даўысларын тыңлап турғың келе береди.

Жаздың ыссысы бәрин ҳәлсиретип таслады. Бир жерде турмайтуғын тыныщсыз балларды да аптап мажыра қылып, ериншек етип таслады. Олар ыссыдан қашып, тамның көлеңкесине тығылып, тек анда-санда поезд өткен ўақта едирейисип бир қарап алады да, көлеңкеден шыққысы келмей отыра береди. Олардың ермеги де сол поездлар еди: былай қарап нешеўи өтти олай қарап нешеўи өтти; олардың нешеўи жолаўшылар вагоны. нешеўи жүк вагонлар, әне соларды санап отырады. Жолаўшылар тасыйтуғын поездлар разъездиң тусынан өтип баратырып жүрисин пәсеңлете бергенде. балалар, онда усы поезд тоқтайтуғын шығар деп қамтәмеленип қалады да,қолларын маңлайына көлегейлеп. пәт алып баратырған поездың изинен қан сорпа болып жуўырысады. Итимал, сонда олар өзлериниң балалық қыялының жетегине ерип, бундай дозақтың ҳәўирин урып турған жерден қутылғысы келип, поездқа илесип, басқа жақларға кетип қалғысы келетуғын шығар. Әне, сондай Боранлының балаларының гүўлеп баратырған поездың кейнинен балаға тән емес ҳәсирет пенен ҳәм қызығып ҳәм зарығып, аңсары аўып қарап қалғанын көргенде кеўлиң бир түрли болып ғамға толып кетеди. Әнекей-қапылары биротала ашып таслаңған вагонлардағы жолаўшылар да енди еки суткадан кейин салқын суўлы, жасыл тоғайлы жерлерге барып араласатуғынына көзи жетип отырса да, бирақ ҳәзир қапырық, жағымсыз ҳәм быжнаған шыбыннан бийзар болып жилли болыўға сәл қалып баратыр.

Үлкенлер де, кишилер де ата-аналар да жазы менен «баллардың обалын айтсаң ә» деў менен болды. Бул жөнинде Әбиўтәлиптиң не ойлап жүргенин Зарийпадан басқа тағы биреў, Едиге сезип жүр еди. Ҳәтте, Едиге



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зарийпа менен биринши мәртебе ашылысып сөйлескенде бул мәлим болып қалды. Бул әңгимениң барысында ерли-зайыплылардың тәғдириниң тағы бир тәрепиниң шети ашылды.

Булар сол күни темиржолға майда шыйыршық тас төсеп, тегислеп атыр еди. Төгилген шебеньди шпала, рельслердиң астына нығарлап тығып, босасқан жерлерди беккемледи. Бул жумыс поездлар арман-берман өтип кеткеннен кейинги тынысшаның ўақтында ислеңди. Бундай ыссыда бул жумыста таўсылмай көпке созылып кетеди. Түске жақын Әбиўталип босаған данғырды қолына алып, туйық рельсте турған цистернадан ыссы суў алып ҳәм балларды көрип келейин деп кетти.

Күнниң шыжғырып турғанына қарамастан ол шпалдардың үсти менен жүрип кетти. Сол баратырғанында ол өзин емес, балларын ойлап асығып баратырған еди. Быламажара болып өнип кеткен майкасы кең ийинниң түртийген сүйеклерине илинип турғандай көринеди. Басына мыжымырланған сабан қалпақ, арықлығының салдарынан ыштанының аўы салпылдап, аяғындағы баўсыз ҳәм жыртық рабочий пәтиңкеси қолпылдайды. Ол ҳеш нәрсеге алаң болмастан пәтиңкесиниң ултаны шпалларға салпылдап тийип, сүйретилип баратыр. Тап артынан поезд киятырса да абайламағанлықтан, ол айланып қарамаған еди.

— Әй, Әбиўталип, жолдан былай шық! Сен не, гереҳ болдың ба?!—деп бақырды оған Едиге.

Бирақ ол еситпеди. Тек, паровоз гудок берген ўақытта ғана ол қапталдағы қақ жанбаўырға түсти. Сөйтседе ол өтип баратырған составқа бурылып қарамады. Ҳәтте, машинисттиң абай етип, мушын силтегенин де көрмей қалды.

Урыста жүргенде де, тутқында болғанда да оның шашы ағарған жоқ еди. Әлбетте, ол ўақытлары өзи де жас еди. Фронтқа кеткенинде он тоғыз жасар киши лейтенант еди, ақыры. Сол жылы жазда шашы ағара баслады. Сарыөзектиң нышаны шығар бул. Қоп-қойыў қап-қара болып толқынланып туратуғын шашының ҳәр жер-ҳәр жери тез ағарып, соңынан самайына дейин тугас қаплап кетти. Кеўили алағадасыз болғанда, нағыз турпаты келискен жигит болып жүрген болар еди. Жазық маңлай, қыр мурын атжақлы, қой көзли, узын бой-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы, Әбийўтәлип шырайы ысық көркем жигит еди. Зәрийпа оған ҳәр дайым ойнап айтса да ойындағыны айтып: «Әй, Әбий, ығбалың келиспей жүрген жигитсеңдағы болмаса Отелло ролин сахнада сен ойнаўың керек еди»,—деген ўақытта Әбийўтәлип мырс етип: «Онда мен сени нағыз қанхор сыпатында буўындырып өлтирип таслайман ғой, оның не кереги бар саған!»—дейтуғын еди.

Әбийўтәлиптиң артынан келип қалған поезды абайламағаны Едигени едирейтип жиберди.

— Сен оған айтып қойсаң болар еди, оныки не бундай ете берип,—деп Зарийпаға тийдириңкиреп айтты ол:

— Машинист жуўап бермейди, темиржол менен жүриўге де болмайды. Онда турған да ҳеш нәрсе жоқ. Бирақ, көз-көреки қәўип-қәтерге барып сүйкене бериўдиң не кереги бар екен?

Зарийпа тереңнен суўық демин алды да ыссының ҳәўиринен қараўытып баратырған бетиндеги терин қолы менен сыйырып:

— Қәйдем, оның усы жүрисинен қорқаман,—деди.

— Не деп?

— Қорқаман, Едиге. Сеннен жасыратуғын бизиң немиз бар. Ол балалардың ҳәм мениң обалыма қалдым деп қайғыра береди. Мен буған басымды шатарда туўысқан-туўғанымның айтқанын тыңламай кетип қалып едим. Сонда үлкен ағам қатты күйинипти: «Өмир-өмириңше өкинип жүресең еле, ақмақ! Сен байға тийип бахтың ашылыўға баратырған жоқсаң, ал, бахтың батыл болатуғын бахтықаралыққа баратырсаң. Сениң балаларыңның балалары еле туўылмай атырып, бахыттан бийнесип болып қалған. Ал, сениң сол ашық болып жүргениң егер басында мийи болатуғын болса, оған үйленип, хожалық болыўдың кереги жоқ, ол асылып өлиўи керек. Оның ушын ең аңсат жол усы!»—деп бақырып еди... Сонда да бизлер өзлеримиздиң айтқанымыз бенен бола бердик. Урыс тамам болды ма, болды, енди өлгенлер менен тирилердиң есабын ким алып жүреди соны деп үмитленип едик. Бизлер ҳәммеден де — оның да, мениң де туўысқан-туўғанларымыздан аўлақ болыўды гөзледик. Усындай болар-аў деп қыялыңа келтиресең бе, сол ағам соңғы мәртебе өз қолы менен арза жазып: «Мен қарындасымның оған турмысқа шыққаны-

www.ziyouz.com kutubxonasi

на қарсы болып ескерткенмен. Бираз жыл шет елде болған Әбиўталип Қутыбаев дегенди мен танымайман, оның менен ҳеш қандай қарым-қатнасым жоқ. Мен қарындасымнан бездим»,—депти. Буннан кейин тағы қуўдалаў басланды. Қайда барсақ та бизлерге дәрўаза жабыла берди. Сөйтип усы жерге келип жүргенимиз ғой. Енди буннан басқа баратуғын жер де жоқ.

Зарийпа шыйыршық таслардыя шпалдың астына қәҳәрленип тыққышлап, үндемей қалды. Алдыңғы тәрептен тағы жылжып киятырған состав көринди. Олар бел менен зәмберди алып, жолдан жанбаўырға түсип кетти.

Сонда Едиге мүшкил аўҳалға гириптар болған бундай адамларға есабын таўып, жәрдем бериў керек екенин сезди. Бирақ, оның бул шийеленискен иске өзгерис киргизиўи мүмкин емес еди, бәлениң басы оның Сарыөзегинен басқа жақта жатыр еди.

— Бизлер бунда бираз жылдан бери оңысық етип отырмыз. Сизлер де үйренисип, көнлигип кетесиз еле, Бирақ, тиришилик керек,—деп ол Зарийпаның бетине қарады да, ойланып қалды. «Ҳим, Сарыөзектиң наны кермек татыйды—дузы аўыр. Қыста келгенде Зарийпаның бети аппақ еди, енди қаралай өшип турысы мынаў, —деп ессиз ғана сулыўдың, көз алдында семип баратырғанына ишинен аяныш билдирди.—Шашлары қандай, мойылдай еди, күйреп тозығып кетипти. Кирпиклерин де күн алыпты. Ерни де тобарсып, жарылыпты. Сықылы қашып кетипти, бийшараның. Бундай мийнет ушын жаралмаған сор маңлай-әй. Сөйтсе де тис-тырнақланып, қыйынлықтан қайтпайды. Қайтқанда қайда барады—еки баланы не қылады? Қалай да еси пүтин ҳаял...».

Соның арасында демигип турған ҳаўаны былғап, уйытқытып, автоматтың тынымсыз атылған оғындай тықылдап, гезектеги состав өтти. Олар және қурал-сайманларын алып жумысты даўам етиў ушын рельстиң үстине көтерилди.

— Берман қара, Зарийпа,—деди Едиге, оның көўлин көтермекши болып, көре бересең де, көне бересең де, деген мәниде.—Балаларыңа қыйын, әлбетте оған таўым жоқ. Өзимниң балаларыма көзим түссе де жүрегим сызлап сала береди. Бирақ бул күнниң дозағы шығып, бундай болып тура бермес. Қайтар еле, қәҳәри. Ал, он-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нан соң ақыл жуўыртып, ойланып қарағанда бул Сарыөзекте тек сизлер емес, дөгеректе басқа адамлар да, мәселен, ең болмаса бизлер бармыз. Болар ис болғаннан кейин, уўайымлай бергенниң пайдасы жоқ, бирақ.

— Мен де оған соны айтаман, Едиге. Аўзымнан артық-аспай сөз шығып кетпесин деп бирдей тисимди тисиме басып жүргеним. Оның жағдайына мен түсинбегенде ким түсинеди, енди.

— Буның жүдә мақул, Зарийпа. Мен де саған оның кеўлине тийе берме деп айтайын десем, бир ретин таппай жүр едим. Өзиң ҳәммесин де билесең. Сөздиң жүйи келген соң айтып атырман. Кеширерсең.

— Гейде кимге жарыларыңды билмей кетесең. Өзиме де, оған да оңғылық болып турған жоқ, баллар ғой базбаяғы. Әбиўдиң ҳеш қандай айыбы жоқ, бирақ, усы жерге бизлерди көширип әкелгенине налый береди. Қолынан келип болғанындағы енди. Несин айтасаң оның, бизиң жақтағы Алатаўдың арасындағы булақ, дәрья бойларындағы жағдай да, ҳаўа райы да басқаша ғой. Ҳеш болмаса балларды жазда сол жаққа жиберетуғын мүмкиншилигимиз болмады. Бирақ, жаны ашығандай кимимиз бар. Кемпир-ғаррымыз да жоқ бизлердиң, бәри де баяғыда өлип қалған. Аға-ини, апа-сиңли, ағайинлер .. Оларды да кустаны етиўге болмайды, бизлер ушын баслары бәлеге қалып жүреме. Бурынлары да олар бизлерден алыслап жүретуғын еди, енди биротала атлы қашады. Бизлердиң балларымыздың оларға не кереги бар? Енди усы жерде өмир-өмиримизше тубалап қаламыз ба деп биримизге-биримиз айтпасақ та ойлана-ойлана ақылымыз да ҳайран болды. Әбиўталиптиң қәйтип ишинен қурып жүргенин билип жүрмен. Алдымызда не күтип турғанын бир қудайдың өзи биледи...

Буннан соң екеўи де аўыр ойланып, үндемей қалды. Бул жөнинен қайтып гәп те қозғамады. Ара-арасында поездларды өткерип жиберип жумысларын ислей берди.

Басқа не қылады? Бундай аўыр жағдайға тап болған оларға қандай жәрдем бере алады, қәйтип кеўлин алады. Ел гезип, дийўана болып кетпес әйтеўир,—деп ойлады Едиге.

Оңшық деген өте береди ғой. Екеўи де жумыс ислейди Буларды бул жерге ҳеш ким зорлап әкелмеген

www.ziyouz.com kutubxonasi

сыяқлы, бирақ буннан қутылыўдың да итималы жоқ. Ертең де, оның арғы күни де қутыла алмас.

Бул хожалықтың усындай тентене болып, тап соның ғалма-ғалшылығын өз басынан кеширип атырғандай тақылетте жаны ашый беретуғынлығына Едигениң өзи де ҳайран еди. Олар буның кими болыпты өйте берип? Буны жөнлеў мениң қолымнан келмейтуғын ис емес, деп қоя бериўи де мүмкин ғой. Өзине тийисли емес нәрселерге араласып, жұрттың обал-саўабын айырғандай ким болыпты, бул? Өзи далада жүрген бир мийнеткеш. Дүньяда ҳақыйқатлық қайсы, ғәрремлик қайсы, деп соған ар-намысы қозып ашыў-ызаға буўлығып жүретуғын не орны бар, Едигениң. Бул шатақтың басланған жағында, сол жақта отырғанлар, буның жөн-жосағын Боранлы Едигеге қарағанда мың есе зыят биледи десең де болады. Сарыөзекте жүрген буған қарағанда ол жақтағылар да анық көринеди. Буған ким қойыпты? Бирақ сонда да кеўли орнына түспейди. Неликтен де, әсиресе, ол Зарийпаның аянышлы аўҳалына жаны ашый берди. Бул ҳаялдың ҳадаллылығы менен шыдамлылығы, басына түскен ис пенен жанталасып талпынған тирнеклилиги оны ҳайран қалдырды .

Бул ҳаял, уясын даўылдан қанатын жайып қорғаған қусқа уқсайтуғын еди. Буның орнында басқа биреў болғанда жылап-сықлап, туўысқан-туўғанының ығына жығылған болар еди. Бул болса урыс себепли басына түскен қыйыншылықты күйеўи менен теңдей көрип киятыр. Зарийпаның балларын да, күйеўин де қорғап қалыў қолынан келмейтуғын наилажлық Едигениң диңкесин қуртып, тынышын ала берди... Тәғдирдиң тарпыўына бола бул хожалықтың Боранлыға келип қалғанына Едигениң соңынан биротала өкинген ўақытлары да болады. Оған бүйтип өкине бериўдиң не кереги бар еди? Ҳеш нәрсени көрип-сезбей, көзин жумып, бурынғыдай болып жүре бергенде, бундай азап-ақыретлерге де қалмас еди.

Түстен кейин Алеўт атаўларының түслигирек тәрепин ала Тыныш океанда толқынлар қозғалаң таба баслады.

Америка материгиниң түслик-шығыс тәрепиндеги төменги жағалаўларынан әсте-ақырын басланған самал кем-кемнен күшейип өзиниң бағдарын дүзеп алды. Уллы

www.ziyouz.com kutubxonasi

кеңисликти жайлаған суў ҳәрекетке келип, қозғалаң таўып, аўырдан көшкен, теңселискен толқынлар бирибирине қатарласып соқлыға баслады. Бул былғасық, топалаң-булағай болмаған менен бирақ, бираз ўақытқа толасламайтуғын толқынның белгиси еди.

Ашық океандағы бундай толқынлар «конвенция» авионосецине қәўипли емес еди. Басқа ўақытта болғанда ол өзиниң бағдарын өзгертиўди қыялына да келтирмес еди. Бирақ, ҳәр бир минут сайын палубасына жоқары ҳүкимети менен ойласықтан кейин, асығып кияткан айырықша ўәкилликке ийе комиссиялар минген самолетлар келип қонатуғын болғанлықтан, қапталдан урған самалдың пәтинен қәўипсинип, авианосец тумсығын самалдың бағдарына қарай бурып қойды. Ҳәммеси де кеўилдегидей болды. Дәслеп Сан-францисколы, соңынан владивостоклы лайнер қонды.

Комиссиялар толық составта болған менен бәри де ишинен тынып, қобалжығаны түрлеринен билинеди. Онбес минуттан кейин, олар жабық мәжилис өткериўге отырды. Комиссиялардын космостағы жумысы басланғаннан соң тағы онбес минуттан кейин Держатель галактикасындағы 1—2 ҳәм 2—1 паритет-космонавтларға мынадай асығыс шифрлы радиограмма жеткерилди, «Па ритет» орбиталық станциясындағы 1—2 ҳәм 2—1 тексериўши космонавтларға күн системасынан тысқарыда жүрген 1—2 ҳәм 2—1 паритет-космонавтларға ескертилсин. Ҳеш қандай ҳәрекет етиўши болмасын. Улыўма басқарыў орайынан айырықша көрсетпе берилмегенше орынларынан жылжымасын».

Буннан кейин бир минут ўақытты да босқа өткермей айырықша ўәкилликке ийе комиссиялар космос кризисин шешиў жөнинде пикир алысып, ҳәртәреп өз позициясы бағдарынан пикир ҳәм усынысларын ортаға салды.

«Конвенция» авианосеци тумсығын самалға қарсы қаратып, Тыныш океанның тынышсыз жылжыған толқынларының арасында тура берди. Бул ўақытта оның бортында Жер планетасының тәғдири шешилип отырғанын бул дүньяда ҳеш ким билмейтуғын еди.

Бул үлкеде поездлар шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай өтип турады.

Темир жолдың өне бойына—бул үлкеде уллы ше-


www.ziyouz.com kutubxonasi

листан—Сарыөзек кеңислиги жердиң Орта тусы болған — сарғыш далаңлық созылып кетеди.

Бул үлкеде ҳәр қандай қашықлар темиржолға сәйкесленип, Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар болса, шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Ана—Бейитке жетиў ушын еле еки сааттай жол жүриў керек еди. Қаралы кәрўан Сарыөзек даласы менен сол бурынғы қәддинде киятыр. Алдында түйе минип алған Боранлы Едиге жолдың бағдарын силтеп баратыр. Оның қаранары сол баяғы жүрисин бузбастан адымды кеңнен таслап желип киятыр. Изинен жолсыз жерлер менен тиркеў салған трактор баратыр. Тиркеўдиң ултанындағы марҳум Қазанғаптың қапталында күйеў баласы—яғный, Айзаданың күйеўиниң бир өзи, муңлы бир сыпатта тым-тырыс болып отыр. Оның изинен «Беларусь» экскаваторы тырылдайды. Ал, қапталда болса, гә алға озып кетип, гә изде қалып қойып, гә шөплерди сәл ийискелеп көрип, сарып, кең геўдели, сары көпек—Жолбарыс, бар интасын салып, исенимли түрде жортып киятыр.

Күн тал түске шамаласып, қыздыра баслады. Араны ашып кеткенликтен артта бираз жер қалған еди. Сонда да Сарыөзектиң бир қырынан асып, екиншисине шамалассаң, алдыңнан тағы көк жийекке тутасып атырғандай болып созылып ағырған кең шөлистанлық, партаў далаңлық шыға береди. Дала кеңислигиниң көриниси шексиз еди. Қашанлардур бул жерлерди, ҳәтте, пүткил Сарыөзек кеңислигин жуань-жуань деген келгиндилер басып алып жайлаған екен. Бул әтирапларда басқа да көшпели халықлар жасап, олардың араларында жайлаў ҳәм қудықлардың үстинде бирдейине өз-ара урыс-қағыс болып турған. Саўаш ўақтында гә анаўсы, гә мынаўсы жеңетуғын болған. Деген менен жеңгенлер де, жеңилгенлер де бәрибир бул дөгеректи таслап кетпеген. Бириншиси екиншисин тықсырып, өз жерлерин кеңейтип отыра берген. Өйткени, Сарыөзек деген бул кең жер адамлар қан төгип, таласыўға арзыйтуғын болған. Ол заманларда бул жерлерге гүзде де, бәҳәрде де жаўын көп жаўғанлықтан, отлақлы жерлер ири малларға да, майда-шүйде малларға да қалай жайыламай десе де жететуғын болған. Ол ўақытларда бул

www.ziyouz.com kutubxonasi

жерлерден саўдагерлер өтип турғанлықтан, саўда-сатлықта болып турады екен. Соңынан ҳаўа райы бирден өзгерип кеткенликтен, аспаннан ләм тамбай, қудықлардың суўы тартылып, отлақлы жайлаўлар шаңғытлы далаға айланыпты. Сөйтип Сарыөзекке ҳәр жақтан келген халықлар да, ҳәр қыйлы қәўимлер де қәлеген жағына дағысып, ал жуань-жуаньлар болса биротала жоқ болып кеткен. Олар Едил дәрьясы бетке қарай ығысып көшип сол Едил бойларында қумға сиңгендей болып кетипти. Олардың қайдан келгенлигин де, қай тәрепке қарай кеткенлигин де ҳеш ким билмепти.

Айтыўларға қарағанда қыстың күни олар Едилдиң үстинен апыр-топыр болып өтип баратырғанда ғарғысқа жолығып, қәпелимде муз ойылып, пада-пада мал, үйир-үйир жылқылары менен бирге суўға батып кетипти деседи...

Сарыөзектиң түпкиликли халқы—шарўа қазақлар сол заманларда да бул әтирапты тәрк етип кетпей, суў шығыўға итималы бар жерлерден жаңадан қудық қазып, күнелте берген. Деген менен, Сарыөзектиң қайтадан жанланыўы ўатандарлық урыстан соңғы жылларға туўра келеди. Дәслеп суў тасыйтуғын автомашиналар пайда болды. Егер айдаўшысы жолды, ойлы-бәлентли жерлерди жақсы билетуғын болса, онда бир суў тасыўшының өзи үш-төрт мал жайлаған мәканды тәмийинлейтуғын еди. Сарыөзек пенен шегаралас болған колхоз-совхозлар бул даланың өрис-жайлаўын кеңнен пайдаланыў мақсетинде бул жерлерде мал семиртиўдиң турақлы базаларын салыўды да ойластырып көрген. Ондай қурылыслар қаншаға түседи, оған тийисли қаржыны қайдан аламыз деп те жүрген. Асықпағанлары да жақсы болған екен. Сөйтип жүргенде Ана-Бейиттиң әтирапында әсте-ақырын елестирилмейтуғын сыпатта, белгисиз, Почтовый ящик деген қала пайда болды. Адамлар да Почтовый ящикке бардық, Почтовый ящиктен қайттық, Почтовый ящиктен сатып алдық, Почтовый ящикте көрдик дейтуғын болды... Соңынан Почтовый ящик өсип-өркенлеп, бул қалаға басқа адамлардың кирлиўине тыйым салынды. Асфальтланған жол бул қаланы бир тәрептен космодром менен екинши тәрептен [illegible] менен байланыстырып туратуғын болды. Әне, [illegible] баслап Сарыөзектиң [illegible] келип, индустрия-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лы жаңа қоныс басланды. Бул дөгеректе өткен дәўирлерден қалған нышан тек, Егиз—Төбениң аралығындағы Ана-Бейит қәбирстанлығы болып, бул Сарыөзектеги ең ҳүрметли ҳәм кийели орынлардың бири еди. Бурынлары адамлар өлисин усы жерге жерлеп кетиў ушың жолда, далада түнеп, алыстан арнап келетуғын болған. Соңынан бул жерде сүйеги жатырғанлардың тухым-әўлады ата-бабамыз Ана-Бейит қәбиристанлығына қойылған, деп аўызын толтырып, мақтанатуғын болған. Бул жерге белгили ҳәм ҳүрметли көп жасаған, көп нәрсени билетуғын сөзи менен де, иси менен де халыққа танылган адамлар ғана қойылады екен. Қатықулақ Елизаров бул орынды Сарыөзек пантеоны* дейтуғын еди.

Сол күни излеринде ийт ерген, ерсилеў, түйсли ҳәм тракторлы қаралы кәрўан Боранлы темиржол разъездинен шығып, бул жерге жақынласып киятыр еди.

Ана-Бейит қәбиристанының өзине ылайық тарийхы да бар. Аңыз жуань-жуаньлардың өткен әсирлерде Сары өзекти басып алып, тутқын болғанларға адам айтқысыз азап беретуғынлығынан басланады. Ҳәрдайым рети келсе, жуань-жуаньлар өзиниң қараўындағы тутқынларын басқа, қоңсылас еллерге қул етип сатып жиберген. Бундай тутқынлар бахытлы деп есапланған, себеби, бундай қуллар ерте ме, я кешпе, әйтеўир бир күни ретин таўып, қашып, туўылған жерине келиўи мүмкин. Ал, енди жуань-жуаньлар өзлерине қул етиў ушын алып қалғанларға азаптың басқаша—«әжайып» түрин көрсеткен. Олар қуллардың басына жумыры кийдириў жолы менен қатты азаплап, ес-ақылынан айыратуғын болган. Көбинесе бундай әдисти саўашларда қолға түскен жас тутқынларға қолланады екен. Дәслеп олардың шашын тықырлап, бир қылшық қоймай жақсылап, пәки менен қырып таслайды. Соның арасында булардың шашы алынып боламан дегенше жақын жерде тәжирийбели, жалаңлаған қассап жуань-жуаньлар пәтли бир түйени де сойып таслайды екен. Түйени териден шығарып атырған ўақытта олар биринши гезекте ең дәслеп терининң төсликтиң тусындағы қалың ҳәм мықлы жерлерин айландырып кесип алатуғын болған.

---

* Пантеон—атақлы адамлардың қәбири сақланатуғын жер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип ҳәр басқа боларлығын шамалап кесип, тап сол турған жеринде ғана ыссылай шарыппа жабысып қалатуғын етип тутқынның жаңа шашы алынған басын қаплаған ўақытта—ҳәзирги ўақытта суўда жүзетуғынлардың басына кийетуғын резина шәпкисине усап, шәпиктей яппышып қалады екен.

Мине, буны басына «ийт терисин» қаплаў, ямаса жумыры кийиндириў дейди. Бундай кесапатқа ушырағанлар бирде азапқа шыдай алмай өлип қутылатуғын болған, бирде өмир-өмиринше ақылы зайыл болып, өзиниң өтмишин билмейтуғын мәңгүр—қулға айланған. Бир түйениң төс териси бес-алты жумыры ислеўге жеткен. Басына жумыры кийгизилген ҳәр бир сорлының мойнына ағаштан қолайлап, ойып исленген мойынтырық—күшен салып қойған. Буның мәниси азапқа шыдай алмай басын жерге урып алмаўы керек. Усы ҳалында оларды аяқ-қолын байлап, жан түршиктирерлик даўысы адамларға еситилмеў ушын алыс, ашық майданлықтағы шыжғырған күнниң астына таслап, суў ҳәм аўқат бермей қояды екен. Бул азап бирнеше суткаға созылған. Тутқынларды ҳәзирше тири ўақытта руўласлары тасаланып келип, алып кетип қалмаўы ушын, оларды күшейтилген қараўыллар дөгереклеп, қырағылық пенен қорғап турған.

Ашық тасырайған даланлықта қыбырлаған мақлуқ ҳәмме ўақыт көринип туратуғын болғанлықтан, руўласларының ондай ҳәрекети жүдә сийрек болатуғын еди. Соңынан биреўлериниң жуаньжуаньлар тәрепинен мәңгүрге айланғанын еситип қала қойған жағдайда да тутқынның ең жақын адамларының өзи де қутқарыўға, ямаса қунын төлеп алып кетиўге басы да айланбаған, итибар да бермеген. Себеби, олар енди елге бурынғы ер азамат емес, қуры геўде қайтатуғынын билген. Әпсаналарда Найман-Ана деген ат пенен қалған найманлар қәўиминиң бир ҳаялы өз баласының сондай ҳалға ушырағанына жаны төзбеген. Сарыөзекли әпсаналарда әне сол туўралы айтылады. Ана жәсәҳәти—Ана-Бейит қәбирстаны деген атама да соннан келип шыққан.

Азапқа гриптар етилип, қула майданға апарып таслан-ғанлардың көбиси Сарыөзектиң шыжғырған қуяшына шыдай алмай өлип кеткен. Олардың бес-алтаўынан тек,

www.ziyouz.com kutubxonasi

бир-еки мәңгүр тири қалатуғын болған. Олар аштан, яки шөлден өлмеген, ал, күнге шала кеўип тыртысқан түйениң терисиниң басты шақшадай қысқандағы адам шыдай алмайтуғын азаптан өлип кеткен. Тақыр қуйқаға жабысқан шийки тери шыжғырған күнниң ыссысында бүрисип-жыйырылып қулдың басын темир қурсаў салып бурап атырғандай етип азаплаған. Арадан бир күн-бир түн өткеннен кейин жәбиркештиң басына шаш шыға баслайды. Азиялыларға тән тикирейген қатты шаш гейде шийки терини тесип өтсе де, көбинесе шығарға тесик таба алмай шаш ийилип, бастың терисине қайтарып шаншылған ўақытта, бурынғыдан гөре бетерирек азап шегеди екен. Сөйтип, бул азаптың ақыбети ақыл-естиң кирели-шығалы болыўы менен алмасады. Арадан төрт күн өтип, бесинши күнге қарағанда жуань-жуань тутқынлардың тири қалғанларын тексериўге келетуғын болған. Азапқа грипдар етилгенлердиң ҳеш болмаса биреўи тири қалса болды, олар буны мақсетке еристик деп есаплайтуғын болған. Бундайларына суў берип, қол-аяғын шешип, әсте-ақырын ҳәллендирип, тик аяғына турғызған. Ақыл-есинен айырылған бундай бир мәңгүр-қул, басқа ақыл-еси жайында болған он қулға барабар, қуны бәлент қул деп саналған. Көшпелилер ортасында егер урыс-қағыстың ўақтында бундай мәңгүр қулдың биреўи өлип кеткен жағдайда, үш есе зыяты менен төленетуғын шәрти де болған.

Мәңгүр өзиниң ким екенлигин де, қай руў-қәўимнен шыққанын да, өзиниң атының ким екенлигин де, балалық дәўирин де, әке-шешесиниң ким екенин де, қулласы, бир сөз бенен айтқанда мәңгүр өзиниң адам екенин сезбейтуғын болған. Өзиниң ким екенин билмейтуғын бундай мәңгүрдиң хожалық жумысларын тындырып ислеў жағынан көп артықмашылықлары болған. Ол да бир, тилсиз мақлуқта бир болғанлықтан, ийесине шексиз бағынышлы ҳәм қәўипсиз болған. Ол ҳеш қашан да тутқынлықтан қашып кетиў жөнинде қыялына келтирмеген. Ҳәр қандай қул сақлайтуғынлардың ең зәрреси қалмай қорқатуғын нәрсеси—бул қуллардың көтерилиси. Ҳәр бир қул мәлим дәрежеде топалаң, патырат шығарады деген сөз. Мәңгүрдиң басқа қуллардан өзгешелиги—онда ҳеш қашан патырат шығарыў,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бағынбайман деген сезим оянбайды. Ондай тәккаббырлық бунда болмайды. *Сонлықтан оны көз астына алып,* қадағалаўдың да, оннан жаман ойдың басына барады екен деп гұманланыўдың да кереги жоқ. Мәңгүр тек *өзиниң ийесин* таныйтуғын ийт сияқлы болып жүре береди. Ол басқалар менен қарым-қатнас та жасамайды, сөйлеспейди де. Оның барлық *ойлайтуғыны тек,* қарақан тамағы болады. Басқа машқаланы ойламайды. Ал, бирақ тапсырылған жумысты шын кеўили менен, булжытпай *берилип орынлайды.* Көбинесе, оларды патас жумысларды ислеўге үйретип, тек ақмақ болғаны ушын ғана шыдайтуғын, ең зериктирерли, ең аўыр жу*мысқа жегетуғын* болған, Сарыөзектиң мелиреў ҳәмелсиз даласында түйелердиң сонынан ерип, жалғыз өзи мал бағып жүриўге мәңгүрден басқа *ҳеш ким шыдамаған.* Бундай қула майданда бир мәңгүрдиң өзи-ақ бир неше адамлардың жумысын атқаратуғын болған. Оның тек, *жейтуғын тамағын* жеткерип турсаң болды —малдың изинде қысы-жазы жалғыз өзи тәғдирге де налымастан, орнына биреўди гезекке жибермей ме екен *деп* наразы да болмастан мыңқ етпей жүре береди. Хожайынының буйрығы мәңгүрге ҳәмме нәрседен де жоқары турады. Өзине болса бир тамақ, далада тоңлап қалмаў ушын гөне-көкси кийимнен басқа ҳеш нәрсениң де кереги жоқ.

Тутқынның басын геўдесинен жуда етиў, ямаса оның руўхын түсириў ушын басқа бир жазалардың ҳәр қандай түри абзал еди. *Жазаның* ең аўыры *адамды* естен айырып, ақыл-зайыл етиў болады екен. Адамның өзи менен бирге ең соңғы демине дейин бирге кететуғын, басқаларға емес, тек, өзине тән ақыл деген бул баҳасы жоқ ғәзийнени түп тийкарынан жоқ етип жибереди екен. Өзлериниң бәд қылықлы тарийхынан адамды жазалаўдың ең турпайы түрин мийрас еткен көшпели жуань-жуаньлар адамның мине усы ақыл сандығындағы ҳасыл ғәзийнесине усындай *жол* менен қол алған. Олар өзлерине қул болғанларды ақылестен айырыўдың әдисин таўып, адамның жаратылысына дақ салып, *жазалаўдың ең бир* аўыр, қайтып орнына келмейтуғын түрин қоллаңған. Мәңгүрге айланған ақылы-зайыл, баласын жоқлап, қайғы-ҳәсиреттен қайысқан Найман-Ана былай деп бийкар айтпаған:



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Әй, құлыным, сениң басыңа көн қаплап, темир қысқыш пенен ғоза шаққандай етип қысып—ақыл-есиңнен айырғанда, тырысқан тери басыңды әсте-ақырын бүргенде қорыққанынңнан көзиң уясынан шығып кететуғындай болып патлыйып, қанлы жас төгилген шығар. Сонда Сарыөзектиң түтинсиз жалынына тапланып, өлим ҳалатында қуўарған ерниңе аспаннан жалғыз тамшы ләм тамбай тиришиликке ынтығың қурып жатырғанда, ҳәммеге тиришилик инам еткен Күн сонда сағаң дүньядағы жақтылардың ишиндеги ең жеркенишлиси ҳәм қаралысы, «соқыры» болып көринген шығар?

Шөлистанлық сениң ашшы даўысыңнан жаңғырып, азапқа шыдай алмағанлықтан күни-түни жан ҳалатында өкирип, тунжыраған аспанға қарап, қудайға жалбарынып жан азабы менен тән азабына төтепки бере алмай тула бойың жыйрылып, буратылып, жулқына берген соң аўзыңнан қусық, артыңнан нәжис кетип сасықлығыңнан туншығып, ғуж-ғуж быжнаған шыбын-ширкей бет-аўзыңды қаплап, ҳалдан тайып баратырғаныңда бул дүньяны жаратып болып, оны өзи таслап кеткен қудайды бар даўысың менен ғарғадың ба екен, құлыным!

Адам айтқысыз азаптан кейин айныған ақыл-есиңди енди қайтып серпилмейтуғын қараңғылық басып, енди қайтып дүзелмейтуғын зейиңиң гүңгиртленип, анаңның дийдарын, өзиң жазда жағасында жуўырып ойнап жүретуғын булақтың сылдырлысын мәңгиликке умытып баратырған ўақтыңда өзиңниң әкеңниң атын, ағайинтуўғанларыңның түр-түси, өзиңе қарап уялып, жымыятуғын қыздың аты есиңнен биротала шығып, ақылессиз туңғыйыққа қайтып шықпайтуғын болып батып баратырғаныңда, сен сонда құлыным, сени жарық дүньяға әкелгеним ушын, сени туўғаным ушын мына мендей анаңды қәҳәрленип ғарғадың ба екен?».

Бул ўақыя көшпели Азияның түслигиндеги жуаньжуаньлар арқаға қарай ысырылып олар Сарыөзекти басып алып, көп ўақыт ҳүким сүргени менен турмай, жер көлемин кеңейтип ҳәм қул сақламақшы болып дөгерегиндеги халықлар менен бирдейине урыса беретуғын заманларда болған еди. Дәслепки ўақытлары олар Сарыөзек әтирапын жайлаған тайпаларға күтпегенде бирден атланыс жасап, көп тутқынларды айдап кетип



www.ziyouz.com kutubxonasi

журди. Олардың арасында ҳаяллар да, баллар да бар еди. Апарып бәрин де қуллыққа салды. Сөйтип жүргенде келгинди басқыншыларға қарсы наразылық та күшейе берди. Арада қан төгиспе урыс басланды. Жуань-жуаньлардың Сарыөзекти таслап кеткиси келмеди, қайтама олар мал шарўашылығына қолай бул жерге мықлап мәкан басыўдың талабында болды. Жергиликли қәўимлер бундай әдалатсызлық пенен келиспеди, олар ерте ме, кеш пе, өз жерлеринен оларды қуўып шығарыўды өзлерине парыз деп билди. Соған қарамастан үлкен ҳәм кишигирим урысларда жеңис бир де олар тәрепте бир де булар тәрепте болып урыс созыла берди. Бирақ, усындай урыстың ара-арасында тынысպа болатуғын мәҳәллер болатуғын еди.

Сондай тыныспалардың биринде түйелерине дүньямүлкин артып, кәрўан тартқан саўдагерлер найманлардың елине келип, шай ишип, жазылысып отырғанда, олар өзлериниң Сарыөзек даласынан қәўип-қәтерге ушырамай өткенин қудықтан суў алып атырған ўақтында жуань-жуаньлардың булардың қолын қақпағанын ҳәм өңкеңлеген көп түйени бағып жүрген бир жас шопанды көргенин айтып әңгиме етеди. Саўдагерлер оның менен жөн-жосақты сөйлесе қояйын деген екен, ол болса мәңгүр болып шығыпты. Түрине қараса сап-саў, ҳәтте, ақыл-еси жоқ деп те ойламапты. Шамасы бир ўақлары ол да сөзге шешен, түсимпаз болған шығар. Өзи де еле жап-жас, мурты жаңа тап берип киятырған екен. Түр-түси де әнедей, тәп-тәўир. Ал, енди сөйлесип қарасаң дүньяға тап кеще шыққандайаў, бийшара. Өзиниң атын да әке-шешесин де жуаньжуаньлардың өзине не бәле қылғанын да туўылған жери, қайдан шыққанын да билмейди. Не жөнинде сорасанда үндемей тек «аўа» яки «яқ» деп қысқа жуўап береди де көзине түсирип кийип алған малақайына қолын апара береди. Гүна болса да бирақ, адамлар кемисликке күледи. Усыны әңгиме етип күлисип отырған саўдагерлер, түйениң терисиниң гейпара мәңгүрлердиң басына шалама шекки өтлесип, питип, биротала алынбай қалатуғынын да айтысып отырды. Бундай мәңгүрге: қәне, басындағы не екен өзи сениң, алып таслайық буны,—деп қолыңды созсаң болды үйретилмеген асаў аттай тапырақлап, басына да, қасына да ҳеш ким-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди жолатпайды. Олар бундай жумырыны күни-түни шешпестен ҳәтте, уйықлағанда да кийип жатады.. Сөйтсе де, гәпиниң изин алды саўдагерлер, ақмақ-ақмақ жайына жүре берсиндағы, бирақ, жаңағы мәңгүр өзиниң исине мустақ болып, кәрўанлар алыслап кетемен дегенше сол жерде жайылып жүрген түйелеринен көзин айырмапты. Кәрўан тартқанлардың арасында бир жигит сол мәңгүр менен дәлкеклеспекши болып:

— Алдымызда еле бизлердиң жүретуғын жолымыз алыс. Кимге сәлем айтып барайық. Қандай гөззалға? Ол қаяқта еди өзи? Жасырмай айта бер. Еситип турсаң ба? Сол қызға сеннен аманат деп орамал апарып берсек қалай болар екен?—депти.

Мәңгүр оған көп ўаққа дейин үнсиз қарап турыпты да, соңынан былайынша мыңғырлапты:

Мәңгүр бирдейине түнде айға қарайман, ай да маған қарайды. Бизлер бир-биримиздиң даўысымызды еситпеймиз... Айда бирсў отыр...

Усы әңгиме үстинде кәрўан сарайда, саўдагерлерге шай қуйып берип бир ҳаял да отыр еди. Бул Найман-Ана еди. Усы неми менен ол Сарыөзекте аңыз болып қалған екен.

Найман-Ана сол сапары өткинши жолаўшылардың көзинше сыр берген жоқ. Бул хабарды еситкен ўақытта ҳайран қалғанынан оның түриниң өзгерип кеткенин ҳеш ким абайламай қалды. Сол жас мәңгүр жөнинде оның саўдагерлерден тежестирип сорағысы келип отыр еди. Сорайын десе, мына еситип отырғанынан артық хабар билиўдиң өзинен қорқып кетти. Кеўлинде жаралы қустай шырлап өзин қобалжытқан сезимди «жүўенлеп» алды да, ол үндемеди... Соның арасында олардың сөзиниң бағдары да басқа нәрселерге аўысып, маңлайы сорлы мәңгүр дем де умытылып кетти. Бул дүньяда нелер болмайды, соның бирибағы, Найман-Ана болса тула бедениң жайлаған қорқынышты басып, қолларының қалтырағанын билдирмеў ушын кеўлинде шырлап атырған қустың даўысын туншықтырмақшы болып, шашлы басынан бираз ўақыттан бери түспей киятырған қара жаўлықты көзине түсирип, бетин көлегейлей берди.

Көп узамай саўдагерлер де кәрўанын тартып, жолына түсти. Найман-Ананың түни менен жатып уйқысы



www.ziyouz.com kutubxonasi

келмеди. Сарыөзекке барып излеп тауып, сол мәңгүр шопанның өз баласы емес екенлигин көзи менен көрмегенше кеўили кеншимейтуғынын билди. Баласының сауаш майданында опат болғанына ана байғустың кеўили бармай, гүдиклене беретуғын еди, енди сол гүманы оның жүрегинде қайтадан жанланып, тынышын алды... Ада болмайтуғын сол гүман менен жүреги мудамы музлап, мудамы қорқып жүргенше, барып биротала өли-тирисин билип қайтыў керек болды...

Жуань-жуаньлар менен Сарыөзек тәрепте болған бир урыста бунық баласы өлип кеткен еди. Буннан бир жыл бурынғы патыратта күйеўи де сондай болған. Ол найманлылардың арасында белгили ҳәм абырай-атақлы адам еди. Соңынан әкесиниң қанын алмақшы болып, келеси атланыста баласы кетти. Өлгенлерди дәстүр бойынша сауаш майданына таслап кетиўге болмайтуғын еди. Ағайинлери оның денесин қалай болмасын алып қайтыўы керек. Бирақ, бул сапары ҳеш илажы болмай қалды. Душпанлар менен болған сол бир бетпе-бет шайқаста оның баласының аттың жалын қушақлап, еңкейгенин көп адамлар көрген екен. Урыстың қыйдағыйыс шаўқымынан үриккен асаў ат оны басқа жаққа қарай қаймығып алып қашып кетипти. Сол ўақытта ерден аўып қулаған жаўынгердиң зәңгиден аяғы шықпай, бир қапталда салбырап жүргенде, ат оннан бетер үркип оның өли денесин қула дүзге сүйретип ала жөнелипти. Ҳәкисиңе жаманлатқыр ат душпанлар тәрепке қарай патырақлапты. Сонда қан төгиспе, қызғын сауаш болып атырғанына қарамастан ийесин сүйреген атты алыслап кетпестен бурын услап алмақшы болып, еки ағайини изинен шаўыпты. Бирақ, жуань-жуаньлардың сайдың ишинде жасырынып атырған бурым шашлы бир нешше атлысы қыйқыўласып, булардың алдын кеселеди. Найманлардың биреўине садақтың оғы тийип ҳә демей-ақ мурттай ушып түсти. Екиншиси өлимши жарадар болып атының басын кейнине бурып, өзиниң адамларына зорға дегенде жетип қулады. Сөйтсе де найманлар бул арқалы жуань-жуаньлардың сайдың ишинде жасырынып атырған бир топар әскерлериниң бар екенин билип алды. Усы әскерлердин шешиўши ўақта бир қапталдан, тосаттан ҳүжим жасаўынан сақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ланып, найманлар қайтадан саўашқа таярланыў ушын кейин шегинди. Әлбетте, енди сол жас жаўынгер—Найман-Ананың баласын излеў ҳеш кимниң ойына келмей, ядынан шығып кетти... Жарадар болып келип, өз топарына қосылған найманның айтыўына қарағанда жас жаўынгерди сүйреп баратырған аттың қайсы бағдарға қарай ылағып, көзден ғайып болғанын билмей қалған...

Найманлар сол жигитти бир неше күн қатарына шарқ урып изледи. Бирақ, оның я өлигин, я атын, я жаў-жарағын таба алмады. Дәрексиз кетти. Басқа гүманы қалмағанлықтан, ҳәмме оның өлдиге шығарды. Жарадар болғанның өзинде соншама күннен бери мына далада я шөллеп, я қансырап өлетуғын ўақты болды. Ағайин-туўғанлары жас жаўынгердиң сүйегиниң Сарыөзектиң даласында қалғанына күйип-жанып, жоқлаў айтып, улы-шуў, қум-қуўыт болып жыласты. Сүйектиң дүзде көмиўсиз қалғаны—бул ҳәммениң бетине ширкеў салатуғын таңба еди. Найман-Ананың отаўында жоқлаў айтып, жыласқан қатынлар өзлериниң байлары менен аға-инилерин пасыққа шығарып:

— Оның көзин ғарға-қузғынлар шоқып, лашын сағаллар тартқылады-аў. Енди сизлер қалай еркек атын көтерип, басларыңа телпек кийип жүресизлер!—деп гүңиренди.

Сөйтип Найман-Ананың басына қулазыған далада жалғызлық түсти. Урыс болғаннан кейин адам өлмей турмайтуғынын ол билсе де, бирақ, қула дүзде баласының сүйегиниң көмиўсиз қалғаны сорлы ананың жанын жегидей жей берди. Ада болмас қайғы-ҳәсиреттен өзи де болдырып қалды. Бир қудайдан басқа оның дәртлерине дәрман болатуғын да ҳеш кими жоқ еди.

Биротала гүдерин үзип, кеўилин суўытыў ушын баласының өлин атырғанын өз көзи менен көриўи керек еди. Өлген болса тәғдирдиң басқа салғанына көнбейтуғын ким өзи? Бәринен де бетер оның кеўилине гүдик болған нәрсе баласының дәрексиз жоғалып кетиўи еди. Оның атына оқ тиймеген, үркип, алып қашып кеткен. «Ат айланып қазығын табар» дегендей, үйирде өскен жылқы әўлады ерте ме, кеш пе әйтеўир өзи тайыншақ болып отлаған жерине бир айланып, зәңгиге аяғы илинип қалған өликти алып келиўи керек еди. Әне, сонда ана байғус қанша қорқыныллы болса да, өликтиң үс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тине бойын таслап, бай-байды салып, бетин тырнағы менен осып, қудай ғарғаған сорлы бендемен деп бақырып, иштеги ҳәўирин бир шығарар еди. Егер аспандағы сол қудайдын қулағы керең болып қалмаса, бунық жоқлаўын еситип, ети түршигип кетер еди. Сөйтип көкирегинде ҳеш гүдик қалмай шери тарқап, ендиги жағында әжел қашан келсе де сескенбестен, артына алаң болмай суўық қанлылық пенен қарсы алып, қудайдан жүрим тилегениниң орнына өлим тилеген болар еди. Деген менен баласының өлиси де табылмады, аты да қайтып оралмады. Бара-бара ағайинлери оны умыта баслады. Дуньяның өзи сондай, жоқтың орны толмаса да, кем-кемнен умытылып бара береди. Бирақ, байғус ананың кеўилиндеги гүман ҳеш кетпей-ақ қойды. Ҳәмме умытса да тек, ана сорлы умыта алмады. Ана байғус баладан басқаны ойламайды. Атқа не болды екен, қарыў-жарағы қайда қалды екен? Ҳеш болмаса солардан бир нышан табылса, баласының не ҳалға ушырағанын шамалап билер еди. Оның ҳал-дәрманы қурып, ерден қулаған ўақытлары атты жуаньжуаньлар услап алған болыўы да мүмкин. Өйткени, ер-турманы саз ат бул да олжа ғой. Сонда олар бунық зәңгиден аяғы шықпай, аттың баўырында салбырап жүрген баласына не қылды екен, жерди қазып көмдиме екен, я ийт-қусқа жем болсын деп далаға таслады ма екен? Ал, енди ол ғайыптан-тайып аман қалып, тири болса қалай болады? Сөйтип оны олар тирилей қолға түсирип, азаптан қутқарыў ушын өлтирип, қула дүзге таслап кетти ме екен? Ямаса.. Қәпелимде сөйтип?...

Найман-Ананың гүманы ада болмай-ақ қойды сирә. Сол сапары өткинши саўдагерлер шай ишип отырып, Сарыөзекте көрген *жас мәңгүр туўралы айтып отырғанда*, олар Найман-Ананың күйиктен кәбап болып турған баўырына шоқ таслап жибергенин билмеди. Оның жүреги қолайсыз бир жағдайды алдың ала сезгендей дүрсилдеп кетти.

*Сол мәңгүр болып жүрген мениң балам емес пе* екен, деген қыял жатса да, турса да оның ядынан шықпай ишине гүбелек кирип кеткендей тынышын алып, санасы менен жүрегин қатты бийлеп алды. Әне, сол мәңгүрди излеп таўып, оның өз баласы емес екенлигин *өз кези менен көрмегенше болмайтуғынын* ана пақыр билген еди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўдың етегиндеги найманлардың жазлаўы болған ойлы-қырлы әтирапларда киши гирим булақлар ағып жататуғын еди. Найман-Ана бир сапары түни менен сол булақлардың сылдырлысын тыңлап шықты. Бунық ҳәсиретке толы жүрегиниң дүрсилдисине сәйкес емес сол сылдырлылар не дейди екен? Не дейтуғын еди, соны тыңлап бул сорлы жүректиң питегентай болса да тек тынышланғысы келетуғын еди дә. Сарыөзектиң мәңиреў даласына атланар алдында сыңғырлаған булақтың ызғар лебине ийирин қандырып алмақшы. Сарыөзекке жалғыз өзиниң атланыўдың қаншелли дәрежеде қәўип-қәтерли екенин ана байғус билсе де, бирақ ойына алған нәрсе туўралы ҳеш кимге сыр бермеди. Сырласқан менен де, жақын деп баўырына тартқанларының өзи де бунық айтқанларын мақулламаған болар еди. Әлле қашан өлип, сүйеги қуўрап қалған баласын да адам излей ме екен? Егер бир себеплер менен тири қалып, мәңгүр болып кеткен болса, онда оны сирә излеўдиң де, оның ушын баўырды босатып, жүректи елжиретиўдиң де кереги жоқ. Мәңгүр деген бурынғы адамның сыртқы кеби, қалған қуры сүлдери... ол...

Сол ақшам ол жүрип кетер алдында қара үйден қайта-қайта кирип-шыға берди. Сөйтип түн қойнына тесирейип қарап, тың-тыңлап, бағдарды шамалап, пытыраңқы ойларын жәмлестирип, көп ўақыт зеңирейип турды. Ярым ақшам мәҳәлиндеги тас төбеге көтерилген Ай ашық аспаннан жерге аппақ сүттей нур төгип тур. Ҳәр жер-ҳәр жердеги төбешиклердиң етегиндеги аппақ-аппақ отаўлар усы әтираптағы сылдырласқан булақлардың бойында қонақлап отырған үлкен-үлкен ақ қусларға усайтуғын еди. Аўылдан алысырақтағы қойлар ийирилген тақырлық ҳәм оның аржағындағы жылқылар жүрген сабаттан ийтлердиң үрген даўысы ҳәм адамлардың түсиниксиз ўағырлысы еситиледи. Бирақ, бәринен де бетер Найман-Ананың көўилин елжиретип жиберген нәрсе, сол қойлар ийирилген тәрепте даўыс қосып қосық айтып жүрген қызлардың сести еди. Өзи де бир ўақытлары бундай қосықларды айтқан еди... Бул есин билип, усы аўылға келин болып түскеннен бери, бул аўыл жылда усы қатарға жазлаўға шығады. Оның барлық өмири усы әтирапта өтип



www.ziyouz.com kutubxonasi

*киятыр: биреўи аўқат асатуғын*, биреўинде қонақ күтетуғын, қалған екеўинде өзлери болатуғын қатара *төрт отаў тигип* отырған жыллары үйи толы адам болатуғын еди. Соңынан жуўань-жуўанлардың ҳүжими менен кейин жалғыз бир үй қалған есабы болды...

Бул енди жалғыз үйди де таслап, жалғыз өзи кетип баратыр... Күн батқаннан бери жолға шығыўға шақланып отыр еди. Керек болар деп азық пенен суў да алды. Сууды көбирек алды. Сарыөзекте ҳә дегенде қудық табыла қоймас деп еки мести суўға толтырды. Күн батқаннан баслап үйдиң қасындағы бағанға Ақмаяны байлап қойған еди. Оның үмити де сонда. Ақмаяның күши менен жүйриклигине исенбегенде ол Сарыөзектиң меңиреў даласына жүрис етиўге жүрексинбеген болар еди.

Ақмая бурын еки мәртебе боталақлағаннан кейин, сол жылы миниске қолайлы болып қысыр қалып еди. Сыйрақлары узын, еле жас бедеў ингенниң табанлары серипели, қос өркеши тип-тик, созылып ийилген сулыў мойын, етсиз келискен бас, жортқанда еки танаўы гүбелектиң қанатындай желпилдеп, ҳаўаны ашкөзленип тартады. Бир Ақмаяның қуны тутас бир пада түйеге бара-бар еди. Бундай желмаядан тухым алып қалыў ушын күшине толысқан, онлаған тайлақты қосақлап беретуғын еди. Соншама дүнья ҳәм жер қайыстырған малдан Найман-Ананың қолында қалғаны жалғыз алтын ғәзийне усы Ақмая еди. Басқалары жуўылған қолдың кириндей жоқ болып кетти. *Көбиси өлгенлердиң* ас-абатына, қырқына, жүзине, жылына сойылды. Жақында көп *халық-аяқ жетер жердеги* найманлардың барлығын шақырып, ҳәзир өзи әлле қандай бир үмит *пенен излеп* баратырған баласының да жыл садақасын тарқатып жиберди.

Таң атып киятырғанда Найман-Ана жолға жүрип кете беретуғын болып үйинен шықты. Босағаны атлап шыға бериссте жақлаўға сүйенип, уйықлап атырған аўылға қарап, кетериниң алдында муңайып ойланып қалды. Еле бет ажарында жаслық көрки сақланып қалған, қәдди тип-тик Найман-Ана алыс жолдың дәстүри бойынша белин буўып алды. Аяғында етик, шалбарланып алған. Көйлектиң сыртынан келте жеңли камзол, оның сыртынан жалаң қат шапан жамылған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басын ақ жаўлық пенен орап, уш бетин көк желкесиниң тусынан түйип алған.

Түни менен ойланып-ойланып ақырында өзим баламды тирилей ушыратыўға баратырған болсам, қара жамылыўдың не кереги бар деген еди. Егер үмити пушқа шықса, онда қара жамылыў деген бир жаққа қашпайды, өмир-өмиринше жамылады. Таң ала геўгим мәҳалинде шашының ақлығы, ҳәсирет таңбасы бетин айғызлаған әжимлери билинбей турды. Қәпелимде көзине үйрилип жас келди де, терең бир гүрсинип алды. Усындай болады деп ойлаппекен, болжаппекен? Сол ўақта ол ғайратланып, өзин жөнлеп алды да: «Әшшада әлла ҳиль алла (бир алладан басқа қудай жоқ) деп гүбирленип, Ақмаяның қасына жеделленип жүрип барды да, оны дизерлетип шөгирди. Үйреншикли әдети бойынша Ақмая ҳазарсыз бозлап, асықпай аяқларын бүгип, баўырын жерге басты. Дәрҳал қоржынын жазынын үстине таслаған Найман-Ана оған минип, шыбық жасқап шуў-шуўлегенде Ақмая аяқлары сәрреңлеп түргелип, үстиндеги ийесин аспанлата ҳәнкийтип жиберди. Сол ўақлары Ақмая өзиниң жолға түсетуғынын сезген еди.

Найман-Ананың жол жүрип баратырғанын аўыл бойынша үй хызметшиси болып жүрген бийкешинен басқа ҳеш ким билмей қалды. Уйқысыраған бийкеши есиреп жүрип, жеңгесин шығарып салды. Найман-Ана бийкешине: Ертең төркинине жолланатуғынын маўқы басылғаннан кейин, солар менен бирге қыпшақ елине барып, Түркстандағы Ҳәзирети Султан Хожа Ахмет Яссаўи мешитине зыяратлайтуғынын кеше ескертип айтып қойған еди.

Ҳәр ким жол болсын, қайда баратырсан деп сорап қалама деп ол жолға ерте шыққан еди. Аўылдан алысланғаннан кейин Найман-Ана Ақмаяның басын алыстағы сырлы түнектиң түпкиринен елес-елес көринип атырған Сарыөзек тәрепке қарай бурды.

Бул үлкеде поездлар шығыстан-батысқа, батыстаншығысқа өтип турады...

Темиржолдың өне бойына бул үлкеде уллы шөлистан-Сарыөзек кеңислиги-жердиң орта тусы болған сарғыш даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәр қандай қашықлар темиржолға сәйкесленип Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, поездлар болса, шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай гүўлеп өтип турады..

«Конвенция» авионосецниниң бортынан «Паритет» орбиталық станциясындағы тексериўши-космонавтларға тағы бир шифрлы радиограмма жиберилди. Бул радиограммада Қуяш Галактикасынан тысқарыда жүрген 1—2 ҳәм 2—1 паритет космонавтлар менен *олардың орбиталық станцияға қайтып келиў мәселеси* жөнинде ҳешқандай келисим болмасын, радиобайланыс *жасамаңлар, деп қатаң түрде ескертилди.* Буннан былай Улыўма Орайлық басқарыўдың көрсетпесин күтиңлер делинеди.

Океандағы даўыл сәл басылған еди. Толқынлар авионосецти тәўирақ теңселдирип, *тербеп тур. Гиддиман* судноның қуйрық тәрепине таман Тыныш океанның суўы сапырылысып толқынсақланып турды. *Дәл* түсликке көтерилген Қуяш аппақ көбикли толқынларды сан мың түрли қубылтып, сол қәддинде жарқырайды. Самал бир қәлипте есе баслаған еди.

«Конвенциядағы» барлық хызмет бабындағылар-авианосецлер де, мәмлекетлик қәўипсизлик хызметкерлери де, бәри де тик аяқтан қырағы болып тур.

Сарыөзектиң сайы менен қырын, тегислик жәзийрасын сыпыртып басқан Ақмаяның бир бапта ыңыраныл-*бозлап* желип жүргенине де бир неше күн болып қалған еди. Үстиндеги ийеси болса ҳәр дайым оған *қамшы жасқап, шөлистанлыққа қарай* айдай берди. Тек түнде ғана сийрек гезлесетуғын қудықтың басында иркилип, түнеп шығады. *Азанда болса Сарыөзектиң* асырым-асырым қырларынан асып, соншама көп түйелердиң падасын излеп жолға түседи. *Найман-Ананың* излеп жүрген жас мәнгүр, түйекеш-сәрўанын, өткиншн саўдагерлер, Жердиң орта тусы болған усы қатарда, ягный бирнеше шақырымға созылып атырған Қызылқумлы қырат-Маламқумдышаптың әтирапында көрген. Мине, енди оның жуаны-жуанларға ушырасып қаламан ба, деп қорқып Маламқумдышаптың әтирапын шарқ урып айланып жүргенине де еки күн болды. Ол қаншама желип-жортып, алысларға көз тасласа да ада болмайтуғын даланлық ҳәм алдамшы сағымнан басқа ҳеш нәрсени көрмеди. Бир мәрте ол усындай алдамшы сағымға инанып, мешитлериниң гүмбези көкке бой созған, сырты дийўал менен қоршалған бир қалаға жет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

пекши болып қаралай өшип қалды. Итимал, баласы сол жердеги қул базарында турған шығар. Ондай болса сол жерге барып, баласын Ақмаяның артына мингестирип алыўы мүмкин ғой.

Оннан кейин буны қуўып жетип көрсин... Сөйтсе бул алдамшы сағым екен, шөлистанда алданғаны жанына қатты батып кетти.

Әлбетте, Сарыөзектен адам излеп табыў аңсат емес, бунда адам не, қумның бир түйиршиги не, бәри бир. Бирақ, енди кеңисликти қаплап, ызғыған мал жайылып жүрген болса, оны әйтеўир ерте ме кеш пе табыўға болады. Маллар табылса бир жағынан шопаны да тап болады.. Найман-Ана соны есапқа алған еди.

Бирақ ол ҳәзирше ҳеш жерден дәрек таппады. Сөйтип жүргенде соншама ызғыған түйени жуань-жуаньлар басқа жаққа пада-падасы менен Хийўа ямаса Бухарының базарына сатыўға айдап кеткен жоқ па екен, деп гүманлана баслады. Ондай болған жағдайда сол шопан соншама алыс үлкелерден қайтып келе қоярма екен? ...Аўылдан шыққанда кеўилин ҳәсиретли гүман жайлап, алаңада болып, тек бир нәрсени, ол да болса; мейли ақылы зайыл-ақ болсын, бирақ баламды тирилей көрсем болар. Тек тири болса болар деп тилеген еди. Соның тири жүргенининң өзи болмай ма? Бирақ, Сарыөзектиң ишкерисине таман барып жақында саўдагерлер көрген сол шопанның болыў итималы бир жерге жақынласқан сайын оның жүреги бир нәрсени сезгендей ақыл-зайыл мәңгүр баланы көриўден сескенип, қорқа берди. Сонда ол қудайға бул мениң балам болмағайдағы ондай болса басқа биреў болғай, ондай болатуғын болса балам тири болмаса болмай-ақ қойсын, деп жалбарына баслады. Сонлықтан ол сол мәңгүрди сыртынан бир сер салып көрип, өзиниң баласы емес екенине биротала көзи жеткеннен кейин гүдерин үзип, қартайғанда тәғдирдиң талайына жазғанына көнип жүриў еди. Соңынан тағы ол сол басқа биреў болмай, мениң балам бола қойғайдағы. Мәңгүр болмақ түўе, ҳәр нәрсе болса да мениң балам болғай, деп тиледи.

Усындай қарама-қарсылықлы сезим толқыўында киятырып, бир қырдан асырылып түсе бергенде ол кәпелимде алаңлықта өз аўанына еркин жайылып жүрген көп түйелерди көрип қалды... Өркешлерин май



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқан, аяқларын маң басқан қоңыр түйелер келте путалықтың арасында ҳәр жантақтың басын бир шалып отлап жүр екен. Найман-Ана Ақмаяны дәпип жиберди де, дәслеп излегени табылғанға қуўанып киятыр еди, соңынан қәпелимде тап ҳәзир мәңгүр баласының үстине барып қалатуғынын көз алдына келтирип тулабойы жуўлап сала берди. Сөйтип турғанда жүреги тағы *қуўаныш кернеп, не болғаны болар деп көўили* алып ушты. Әне, анда түйелер жайылып жүр, ал оның сәрўаны (шопаны) қайда екен? Соның арасында өзектиң арғы жүзинен бир адам көринди. *Алыстан оның* ким екенин айырыў қыйын болды.

Қолында узын таяқ, үстине қоржын ҳәм суў қуйылған мес артылған түйесиниң буйдасынан услаған, сабалақ жүнли малақайын маңлайына басып кийген сәрўан, жақынласып киятырған жолаўшыға бийпәрўалық пенен қарап тура берди.

Найман-Ана оған жақынласып барып, оның өз баласы екенин таныған ўақта түйениң *үстинен қалай* секирип түскенин билмей қалды. Шамасы, Ақмаяның үстинен дүрс етип қулап түскендей болып еди, бирақ ҳәзир соны елестиретуғын ўақыт па!

— Айналайын дәрманым мениң! Мен сени излеп бармаған жерим қалмады! — деп алдында турған қалың маялышты қақ айырып умтылды.

— Мен сениң — анаңман!

Сол ўақта Найман-Ана баласына *бир бәле болғаны* билип, жүреги суў ете қалды. Жер тепсиниң жылап жиберген ўақта аўзы кемсеңлеп, ериңлери дирилдеп, өзин-өзи тутып тура алмады. Буўынлары босасып, аяқ-қолына қалтыратпа тийгенликтен, жығылып кетпеў *ушын* ҳеш нәрсе билмегендей болып баласының ийнинен қапсыра қушақлап, баяғыдан бери өзи қайғы-ҳәсиреттиң дәртинен не қыларын билмей тығылып жүрген *ана байғус бирден ақтарылып жылай берди,* жылай берди. Сол турыста ол сорғалаған көз жас ҳәм жүзине түскен-ақ шаш талшықлары менен көз жасынан ығалланып дағал-*дағал болған дирилдеген бар*мақларының арасынан, еле де тәмедар болып баласының дийдарына телмирип қарай берди. Мени таныр ма екен деген интизар үмит пенен баласының көзлерине жаўтаңлап қарай берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ анасының келгенлиги оған ҳеш қандай тәсир етпеди, тек оны усы далада күнде көрип, көзи үйренисип қалғандай, мәни бермеди. Ол ҳәттеки бунын ким екенлигин де неге жылап отырғанын да сорамады. Соның арасында ол ийнинде турған оның қолын түсирип жиберди де, бирдейине айрылмайтуғын, үстине гөнекөкси артылған, минип жүретуғын түйесиниң буйдасынан тартып, жас тайлақлар ойнақлап, алысқа кетип қалмады ма екен деп, өристиң арғы басына қарай жүрип кетти.

Найман-Ана сол турған жеринде дизерлеп отырып қалды да, қоллары менен бетин бүрип алғандай етип, басын көтере алмай қалды. Соңынан динке-дәрманын жыйып, өзине келгеннен кейин сабырлы болыўға тырысып баласы бетке қарай жүрди. Мәңгүр баласы болса, оған маңлайына басып кийген малақайының астынан биймәни түрде тесирейип қараған ўақта, оның самал қағып, тотыққан өли шырайлы жүзинде шамалы мыйық тартыўдың изи сезилип кеткендей болды. Ал, көзи болса, бул дүньяда не болып, не қойып атырғанынан бийхабар, бийтәреп, сол бурынғы сезимсиз түринде қала берипти.

— Отыр, сөйлесейик, — деди геўдесин кернеп, суўық демин алған сорлы анасы.

Олар жерге отырды.

— Сен мени таныйсаң ба?—деп сорады анасы.

Мәңгүр таныммайман дегендей етип басын шайқады.

— Атың ким

— Мәңгүр — деди ол.

— Ҳәзир сениң мәңгүр болып жүргениң. Өзиңниң бурынғы атыңды билесең бе? Өзиңниң ҳақыйқый исмиңди ядыңа түсир.

Мәңгүр үндемеди. Оның бирнәрсени түсиндиргиси келип қыйланғанынан мурнының үстинде ири-ири тер тамшылары пайда болып, көз алдын дириллеген думан қаплап кеткенин анасы билип отыр еди. Шамасы, оның көз алдын ҳеш нәрсени өткермейтуғын меңиреў, қалың думан қаплап алған болса керек, ол ҳеш нәрсени ядына да түсире алмады, ҳеш нәрсени елеслете де алмады.

— Әкеңниң аты ким еди, сениң? Өзиң кимсең, мәкан жайың қайда? Қай жерде туўылып едиң сен? Ҳеш болмаса соны да билмейсең бе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмады. Ол ҳеш нәрсени ядына да түсире алмады, ҳеш нәрсени билмеди де.

— Олар саған не қылып еди? — деп сыбырланып сораған ўақта ананың аўызы тағы да ериксиз кемсеңлеп, ызаға буўлығып, өзин-өзи тута алмай, ентигип-ентигип жылап жиберди. Анасының ҳәсирети мәңгүрге шыбын шаққан шелли де болмады.

— Жер-сууды,дүнья- малды тартып алыўы мүмкин. Жаныңды алса да мәйли. Бирақ, адамның ақыл-ойын тартып алыўды ким ойлап таўып, ким бул иске қол урды екен? — деп гүбирлене берди ана пақыр. Әй, қудайым, егер бар екенлигиң ырас болатуғын болса адамлардың бундай бәдқылықты ислеўине неге тыйым салмадың? Буннан басқа бул жердиң жүзинде жаўызлықтың түри азбеди?

Сонда ол сол жерде мәңгүр баласына қарап отырып Ай менен Күн, пүткил Әлем ҳәм өзи туўралы белгили жоқлаў жырын айтқан екен. Сарыөзектиң тарийхы жөнинде гәп қозғалғанда сол жырды айтатуғын адамлар ҳәзир де табылып қалады.

Ҳәзирги күндеги адамлар айтып жүрген сол жоқлаўды сол сапары ол былай баслаған еди:

Мен ботасы өлген бозмая,
Тулыбын келип иййискеген...

Сонда ол Сарыөзектиң кең меңиреў даласын усы тақылеттеги, кеўилге жубаныш орнына ҳәсирет салатуғын узын-қуйын айтылған жоқлаў жыры менен гүңиренткен екен.. Бирақ сонда да мәңгүр баласы мыңқ етпепти.

Сонлықтан Найман-Ана оған сораў бергенди қойып, жөн-жосақты айтып, өзиниң ким екенин оған сездирмекши болыпты.

— Сениң атың—Жоламан. Сен еситип турсаң ба? Сен — Жоламансаң. Сениң әкеңниң аты—Дөненбай еди. Өйтип сен әкеңниң ким екенин билмейсең бе? Ол саған кишкентайыңнан баслап садақтан оқ атыўды үйретип еди ғой. Мен сениң анаңман. Сен мениң баламсаң. Сен найманлар қәўиминенсен, түсиндиң бе? Сен наймансаң...

Буның айтқанларының бәрин де ол йитке айтып атырсаң ба, я адамға айтып атырсаң ба?—демеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған, анасы байғустың пәрмана болып шырлағаны да, шөптиң арасындағы шек-шектиң шырылдысы да бәри бир еди.

Сонда Найман-Ана мәңгүр баласынан былай деп сорады.

— Сен бул жерге келемен дегенше не болғаны ядыңда бар ма?

— Ҳеш нәрсе болған жоқ?—деди ол.

— Сен келгенде, күндизбеди, түнбеди?

— Ҳеш нәрсе емес еди, — деди ол.

— Сениң ким менен сөйлескиң келеди?

— Ай менен. Бирақ бизлер бир-биримизди еситпеймиз. Айда биреў отыр.

— Тағы нени қәлейсен?

— Басымда хожайынымның бурымындай бурымым болса.

— Олар сениң басыңа не қылды екен, қәне, мен бир көрип жиберейин, — деп Найман-Ана қолын созып еди, мәңгүр еки қоллап малақайын басыўы менен бирден қаймығып, гүдиреклеп кетти. Ол енди анасына қарамады. Баласының басы туўралы ҳеш ўақытта ҳеш нәрсе деўге болмайтуғынын анасы сонда ғана түсинди.

Соның арасында алыста түйели киятырған бир адам көринди. Сол адам буларға нәзерлеп киятыр еди.

— Бул ким? — деп сорады Найман-Ана.

— Ол маған түслик аўқат алып киятыр, — деди баласы.Найман -Ана тынышсызлана баслады. Сол киятырған жуань-жуань көрип қоймастан бурын, бупың дәрҳал жасырыныўы керек еди. Ол Ақмаяны жерге шөктирди де, үстине қонып алды.

— Сен оған ҳеш нәрсе демей тур. Мен тез айланып келемен, деп ҳайт қойды Найман-Ана.

Баласы үндемеди. Оған бәри бир еди. Найман-Ана жайылып жүрген түйелердиң арасы менен қашып баратырып, сыр алдырғанына өкине берди. Бирақ, енди кешиккен еди. Ақ түйениң үстинде аппақ болып баратырған биреўди берман қарай киятырған жуань-жуаньның, әлбетте көриўи мүмкин ғой. Жайылып жүрген түйелердиң арасы менен пиядалап, буққышлап кеткенде болатуғын еди дә.

Жайлаўдан тәўирақ алыслаған Найман-Ана жағасын қалың жуўсан қаплаған сайдың ишине түсип кетти. Бул жерде ол Ақмаяны шөгирип,өзи асығып жасы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рынды да, жаңағы адамнан көзин айырмай қарай баслады. Аўа, тап соның өзи екен. Бунның сезикленгени дурыс болып шықты. Аз ғана ўақыттан кейин сол жуань-жуань түйесин жорттырып буған қарай жүрис баслады. Ол найза ҳәм оқ жай менен қуралланып алған еди. Ол ҳә дегенде қалай жүрерин өзи де билмей қалды. Сайды жағалап, гә арман бир өтти, гә берман бир өтти. Соңғы сапары бунның жасырынып отырған жырасына тәўирақ жақынлап өтип кетти. Найман-Ананың Ақмаяның аўызын орамалы менен байлап қойғаны да тәўир болған екен, Екиниң биринде бозлап бир даўысын шығарса болдыдағы, жағадағы жуўсанның арасында жасырынып жатырған Найман-Ана жуань-жуаньды жақыннан көрип алды. Мингени сабалақ жүнли түйе екен. Бети быдым-быдым болып әтирапына аланлап қарайды. Басында пәлле усаған, шеги қайырылған қара қалпақ. Жаўырнында еки бурым етип өрген қап-қара шашы күнге шағылысып жалт-жалт етеди. Жуань-жуань зәнгиге ширенип түргелип найзаны шаншатуғын тақылетте гезенип, басын бурып қараған ўақытта көзи аларып кетти. Бул Сарыөзекти басып алып, халқын тоз-тоз етип, қул етип айдап, Найман-Ананың үйлерин шаўып кеткен душпанлардың бири еди. Дем шегип жүрген бундай жаўызға қолында қуралы жоқ ҳаялдың не ислей алыўы мүмкин? Басқалардың жерсуўын, дүнья-малын тартып алғаны да бара берсин, бирақ адамларды мәңгүрге айландырып, оны ақылызайыл етип жибериўге бул дүйис жаўыз ҳәм жабайыларды не мәжбүрледи екен... деп ойлады Найман-Ана.

Арман-берман желип-жортқаннан кейин, арадан көп ўақ өтпей-ақ жуань-жуань изине, жайылып жүрген түйелерге қарай кетти.

Кеш болып қалған еди. Күн батып кетсе де, оның қызғыш сәўлеси кең даланың үстине сағымын түсирип тур. Аздан соң бирден геўгим түсип, әтирапты қараңғылық қаплады.

Сол ирет Найман-Ана өзиниң маңлайы қурып қалған мәңгүр баласынан алыс емес жерде, ашық далада жалғыз өзи түнеп шыққан еди. Оған қайтып барайын десе қорықты. Бағанағы жуань-жуань қасында бирге болып атырса қалай болады сонда.

Оның қыялына баласын қуллықтан азат етип, тәўекел өзи менен бирге алып кетиў керек деген ой келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарыөзекте буйтип жалғыз өзи жуаньжуаньлардың түйесин бағып жургенше, мәйли, мәңгүр болып, мейли хеш нәрсеге ақылы алыспай-ақ қойсын, не де болса үйде ағайин-туўғанларының арасында болсын. Оның аналық бүйири баласына усылайынша бурды да турды. Басқалар көнликкен жаманлыққа Найман-Ана көнликпеди. Өзиниң қабызынан шыққан баласын қуллықта қалдырғысы келмеди. Туўылған жерине барғаннан кейин, қәпелимде балалығы есине түсип, ақылы енип кетип жүреме еле...

Азанда Найман-Ана тағы Ақмаяның белине минип алды. Алыстан оралып, жоллар менен айланып, ал түни менен жылыслап, қашықлап кеткен түйелерге кем-кемнен жақынлап бара берди.

Жайылып жүрген түйелерди көргеннен кейин сол әтирапта бирен саран жуань-жуань жоқпа екен, деп ол бираз ўақытқа дейин сер салып қарап турды. Басқа хеш кимниң жоқ екенин билгеннен кейин, Найман-Ана баласының атын айтып шақыра баслады:

— Жоламан! Хә Жоламан! Аман жатып турдың ба, қулыным!

Баласы бурылып қарады. Анасының даўысы қуўанғанынан толқынланып, үмитленип еди, бирақ баласы тек даўыс шыққан тәрепке қараған екен.

Найман-Ана баласының сана-сезимин оятыў ушын тағы да даўыслады:

— Өзиңди ким деп шақыратуғын еди. Өзиңниң атыңды ядына түсир! — деп шыр-пыр болып жалынып өтиниш етти Анасы. Сениң әкең—Дөненбай,, сен соны да билмейсең бе? Ал, сениң атың—Мәңгүр емес, Жоламан! Бизлердиң саған бул атты қойғанымыздың себеби, найманлар шожып көшип киятырғанда жолда туўылып едик. Сөйтип сен туўылғанда жолда үш күн иркилип, үш күн той болған еди.

Бул айтылғанлардың хеш биреўи баласына тәсир етпесе де, қәпелимде сөнип қалған санасында бир нәрсе жылт етип кетпеспекен деген тәме менен анасы сөйлей берди. Найман-Ана қатты жабылғанлықтан, қайтып ашылмайтуғын қапыны жулқылап атырғанын билмеди. Сонда да өзиниң айтқанынан қайтпады:

— Ядыңа түсир, атың ким еди сениң? Сениң әкең — Дөненбай!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соңынан ол баласын, өзине арнап алып жүрген қоржынындағы азықтан аўқатландырып, суў берип, оған бесик жырын айта баслады.

Бесик жыры баласына жүдә жағып кетти. Сонлықтан да бесик жырын тыңлап отырғанда талақтай болып кеткен бетинде сәл-пәл жыллы шырай пайда болғандай сезилди. Сол ўақта анасы оған бул жуань-жуаньларды тәрк етип, туўылған жериңе қайт, деп тәңирдиң зарын етип қақсады. Мәңгүр малды таслап, бир жаққа кетип қалыўды қыялына келтирмеди. Яқ, болмайды, хожайыны оған малды таслап ҳеш қайда кетпейсең деп қойған. Ол пададан айрылып ҳеш қайда кетпейди.

Найман-Ана тағы да тас болып бекитилген қапыны дүмпишлеп атырғандай бир айтқанын қайталап:

— Ойлан, кимниң баласысаң? Атың ким сениң? Сениң әкең—Доненбай!—дей берди.

Өзин жөнсиз қыйнап атырғанына түсинбеген ана байғус сөйтип турғанда арадан қанша ўақыт өткенин билмей тек, кешеги түйели жуань-жуаньның паданың шетине жақынлап қалғанын сезип, бирден шоршып кетти. Бул ирет ол тәўирақ жақынлап қалған екен, түйени қатты айдап киятыр.

Найман-Ана егленип турмастан Ақмаяға минип алды да бирден дәпип кетти. Бирақ, жайлаўдың екинши тәрепинен түйели киятырған тағы бир жуаньжуань көринди. Сол ўақта Найман-Ана екеўиниң арасы менен Ақмаяны қатты желдирип өтти. Тез жүретуғын Ақмая алға озып кетти де, найзалары шошаңласқан жуань-жуаньлар изинен қыйқыўласып келе берди. Оларға Ақмаяға жетиў қайда! Олар өзлериниң сабалақ жүнли түйелерин мәзи өңкеңлетип, кем-кем кейинлеп қала берди. Ақмая болса үстиндеги НайманАнаны өлимнен аман алып қалып, Сарыөзектиң кеңислигинде, олар жете алмайтуғын дәрежеде зымырап кетти.

Ашыўға буўлыққан жуань-жуаньлар барғаннан кейин оның мәңгүр баласының астын жер, үстин тепки қылғанын ол билмеген еди. Мәңгүрди урды не, урмады не. Бирақ айтатуғыны тек:

— Ол маған анаңман дей береди,—деди.

— Ҳеш қандай анаң емес. Сениң анаң жоқ! Сен оның неге келип жүргенин билесең бе? Оннан хабарын



www.ziyouz.com kutubxonasi

бар ма? Ол сениң малақайыңды жулып алып, басыңның бир қабат терисин сыйырып тасламақшы! — деп қорқытты олар маңлайы сорлы мәңгүрди.

Бул сөзди еситкен ўақытта мәңгүрдиң түринде қан қалмай аппақ болып, қап-қара бети сурланып кетти. Ол мойнын ишине тартып мықшыйды да, малақайын еки қоллап басыўы менен дөгерегине тез-тез қәўипсинип қарап, қолға түскен жабайы ҳайўандай жыйырылып қалды.

— Сен оннан қорықпа! Мә, усла!—деп жасы үлкен жуань-жуань оның қолына оқлы-садақты услатты.

— Ал, қәне, гөзлеп ат! — деп кишкене жуань-жуань өзиниң қалпағын аспанға зыңғытты. Мәңгүрдиң атқан оғы, ғырланып түсип киятырған қалпақты тесип өтти.

— Мынаның мергенин-ай! деп ҳайран болды, тесилген қалпағын қолына алып көрип турған жуаньжуань.

Найман-Ана болса уясынан үркитип ушырылған қустай шырылдап, Сарыөзекти айланып жүрди де қойды. Енди не ислеп, не қыларын да билмеди. Жуаньжуаньлар жайылып жүрген малларды мәңгүр баласы менен қосып, бул жерден басқа жаққа өзлериниң үлкен ордасына жақынлатып айдап кетермекен, ямаса Найман-Анапы услап алыў ушын бир ҳийле ойлап тапармекен. Не қыларын билмей, таса-таса менен айланшықлап, аңлып жүргенде, еки жуўань-жуўанының да өристеги маллардан алыслап, қайтып баратырғанын көрип қатты қуўанып кетти. Олар екеўи алды-артына қарамай қатарласып кетип баратыр. Найман-Ана олардың изинен көп ўақытқа дейин қарап турды да, олардың қарсы биротала семгеннен кейин, баласына қайтып айланып барыўды ойлады. Енди ол баласын қалай болмасын өзи менен бирге алып кетиўге бел байлады. Мәңгүр болса боладыдағы—мәңгүр болғаны баласының айыбынан емес, тәғдирдиң дегиши солай болған шығар, душпанлар оны бундай күнге сазыўар еткен, бирақ анасы оны қуллықта қалдырмайды. Мейли, басқыншы олардың қолға түскен жигитлерди қәйтип жазалайтуғынын, қәйтип ақыл-естен айырып, қалайынша аяқ-асты етип қорлайтуғынын найманлар көрип, бул иске ар-намысы қозып, жаў-жарағын асынатуғын болсын. Мәселе жерде емес. Жер ҳәммеге де жетер едидағы, бирақ жуань-жуаньлардың берип атырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

қорлығының ҳәддинен асқанлығында болып тур...

Усындай қыяллар менен баласына киятырған Найман-Ана оны қалай инандырып, қалай көндиретуғынын ойлап, усы бүгин түнде оны қалай болмасын алып қашпаса болмайтуғын шешимге келди

Геўгим түсип кеткен еди. Сарыөзектиң кең даласының үстин қызғыш сәўле қаплап, сай менен саласына гүңгирт көлеңке түсирип атырған тағы бир түн баслanып киятыр. Есап-сансыз бундай түнлердиң қаншасы өз нәўбети менен өтип ҳәм еле алда қаншасы бары намәлим еди... Ақмая үстиндеги ийесин, ызғып жайылып жүрген түйелерге қарай сыпыртып басып алып киятыр. Батып кеткен қуяштың қызғыш сәўлеси еки өркештиң аралығында отырған оның сүлдерин аңлатып жиберди. Әтирапына алаңлап киятырған Найман-Ананың бет-әлпети бозарып, суслы көринеди. Шашының ағы да, бетиниң әжимлери де ишки ой-сезимлериниң тәсири урған жүзи менен көзлери де, Сарыөзектиң геўгиминдей муңлы ҳәм намәлим еди... Ол жайылып жүрген түйелерге де араласып, дөгерегине қарап киятыр, бирақ баласы көринбейди... Үстине гөне-көкси ҳәм қоржын тасланған, түйеси, буйдасын сүйретип, емин-еркин жайылып жүр.

— Жоламан! Шырағым мениң, Жоламан, қайдасаң сен? — деп шақырды Найман-Ана.

Ҳеш ким көринбеди, ҳеш ким даўыс та бермеди.

— Жоламан! Қайдасаң сен! Бул мен сениң анаңман! Қайдасаң?

Соның арасында ол зәрреси қалмай қорыққанлықтан жән-жағына алаңлап, түйениң тасасында дизерлеўи менен садақтың серипписине оқ салып, тартып, буның өзин гөзлеп отырған мәңгүр баласын абайламай қалды. Атайын десе қуяштың батар алдындағы қызғыш сәўлесине көзи қамасып, қолайлы ўақытты күтип отыр еди.

— Жоламан! Балам мениң! — деп оған не болғанын түсине алмай сескенип даўыслады анасы. Түйениң үстинде артына бурылып:

Атпа! — деп Ақмаяның басын бура бергени де сол, зың-ң етип зуўлаған садақтың оғы, шеп жақтағы қолтығының астына ғырш ете қалды.

Әжел оғы оған усылайынша тийген еди. Найман-Ана еки бүкленип еңкейип, Ақмаяның мойнынан қу-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шақлап, әсте-ақырын қулап түсе баслады. Бирақ ол жерге жылжып түспесинен бурын, басындағы ақ жаўлығы желбиреп ушып, демде қусқа айланды да пырылдап баратырып; «Кимниң баласы екениңди есиңе түсир? Атың ким сениң? Сениң әкең Дөненбай! Дөненбай! Дөненбай!—дей берди.

Соннан бери түнге қарай Сарыөзекте Дөненбай деген қус ушатуғын болыпты. Ҳәзир де сол қус түнде жүрип баратырған жолаўшыға жақынлап келип: «Ойлан, кимниң улысаң? Кимниң? Сениң атың ким? Атың? Сениң әкең—Дөненбай, Дөненбай, Дөненбай, Дөненбай, Дөненбай!» — деп бираз жерге дейин қапталласып ушып баратуғын қусайды...

Найман-Ананың жерленген орны Сарыөзекте Ана-Бейит қәбирстанлығы деп аталып кетеди.

Ақмаядан көп боталақлар туўылды. Олардың урғашылары ақ болып, мақтаўы әтирапқа таралып, ал еркеклери болса ҳәзирги Боранлы Қаранар қусап қара иренде күшли болып туўылған.

Ҳәзир Ана-Бейитке жерлениўге алып киятырған марҳум Қазанғап бирдейине Қаранардың шығысында гәп бар, бул сол Найман-Ананың өлиминен кейин Сарыөзекте қалған Ақмаяның тұқымынан дей беретуғын еди.

Едиге, Қазанғаптың бул гәпине қаўып түскен еди. Неге инанбас екен... Қазанғаптың бул гәпиниң ырас екенлигин Боранлы Қаранар дәлиллеп турған жоқ па?.. Қаншама жақсы ҳәм жаман күнлер басынан кешип атыр,—соның бәриненде оны Қаранар алып шығып киятыр. Ал, бунық аўзынан ақ көбик шашылып, жараған ўақыттағы ингенлердиң изине түсип жүрген күнлерин қудай көрсетпесин. Ҳәкисине тап нағыз қыстың қақаман боранлы күнлеринде жарайды. Қыста ыңыранып ҳүўлейди, бул да ыңыранады да, жүдә қорқыныўшлы түс алып кетеди. Қәҳәрли еки қыс қатарынан келеди. Бундай күнлери Едигениң отырып берекети болмайды. Бир мәрте ол Едигени қатты иренжитти. Егер мәселен, айтайық ол адам болмай, қандай да бир ақыллы мақлуқ болғанда Боранлы Едиге, Боранлы Қаранардың сол өрескинлигин ҳеш қашан да кеширмеген болар еди. Мәўсим мәҳәлинде жарап жүрген түйеден не күтиўге болады. Онда турған да ҳеш нәрсе жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул тек гәптиң ийни келгенде айтылып отырған нәрсе ғой. Болмаса тилсиз ҳайўанға өкпелеўге бола ма, әўелде болажақ ис шығар. Қаранардың оған не қатнасы, не жазығы бар? Оның жөн-жосағын Қазанғап жақсы билетуғын еди, пақыр. Қазанғап еди, сонда кәтқудашылық еткен. Болмаса Едигениң аўҳалының қандай болып кетерин ким биледи дейсең.

7

1952-жылғы жаздың ақыры, гүзге таман сол мәҳәллерди Боранлы Едиге бахытлы күнлер деп санап, айрықша бир жыллы сезим менен ядына түсирди. Таң бир кәраматы бардай Едигениң айтқаны арбадай туўарылып алдына келди. Сол дозағы шыққан қатты ыссыдан Сарыөзектиң гесирткелери үйлердиң босағасына сая излеп келип жүрген күнлерден кейин августтың орталарында ҳаўа райы бирден өзгерип кетти. Мыс қайнаған ыссының ҳәўири басылып, әтирап кем-кемнен салқын тартып, ең болмаса түнге қарай тыныш уйықлаў мүмкин еди. Жылда-жылда болмаған менен Сарыөзекте бундай ыссы ҳәр дайым жағдайлы жыллар да болып турады. Бунда қыс бирдейине қатты келеди, ал жазы гейде салқын болады. Бунын бундай болатуғынының мәниси Елизаровтың айтыўына қарағанда аспанның жоқарғы қатламындағы ҳаўа ағымлары бағдарларын өзгертип, үлкен-үлкен жылжыўлар жүзеге келгенде болады екен. Елизаров усындай әжайып әңгимелерди айтқанды жақсы көретуғын еди. Оның айтыўына қарағанда жоқары аспанда көзге көринбейтуғын нәҳән-нәҳән самал-дәрьялары болады екен. Тынбай ағып туратуғын бундай самал дәрьялары жер шарын «жуўып-шайып» турады екен. Сол самаллар айланып желпиген Жер өз «көшеринде» шырланып турады, ўақыт ағымы дегенимиз сол қусайды. Елизаровтың айтқанларын тыңлап отырып, жалықпайсаң. Бундай көўилли ашық адамлар сийрек ушырасады. Боранлы Едиге Елизаровты қатты сыйлайтуғын еди. Ол да Едиге десе жанын үзеди. Әне сөйтип Сарыөзекке анда-санда жан саўғалайтуғын салқын самал алып келетуғын сол аспандағы самал дәрьялары гейде-гейде бәлентликтен төменлеп, Гималайдың бийик шыңларына барып тиреледи екен. Гималай қайда, биреў қайда, қудай бил-



www.ziyouz.com kutubxonasi

син оның қанша қашықлықта екенин, бирақ жер шарының муғдары менен алғанда қашық емес те шығар сол. Соның менен Гималайға барып тирелген сол дәрьялар илажсыздан кери қарай бурылды да; Индия менен Пакистанға қайырылмастан (ол жерлердеги ыссылық сол турысында өзгермей қала береди). Сарыөзектиң үстине келип ийримленип турады. Себеби Сарыөзектиң даласында иркиниш болатуғын ҳеш нәрсе болмағанлықтан, оның үсти теңиздиң бетиндей теп-тегис болып турады, ақыры. Солай етип сол дәрьялар Гималай беттен салқынлық алып келетуғын болса керек.

Қалай деген менен сол жылы жаздың ақыры, гүзге таман ҳаўа райы жанға жағымлы болды. Сарыөзекте жаўын жүдә сийрек болады. Ҳәр дайым жаўын жаўса, ол бираз ўақытқа дейин адамлардың ядынан шықпай жүретуғын еди. Бирақ, сол рет жаўған жаўынды Едиге өмир-өмиринше умытпастай болды. Дәслеп аспан бултласты. Бирдейине ашық болып, аптаптың тәсиринен ақшаңылтыр тартып туратуғын аспанда бултлардың пайда болғанының өзи көзге елеспесизден сезилди. Соңынан дем алыў қыйынласып, ҳаўа аўырласып кетти. Сол күни Едиге тиркеўши еди. Разъездиң туйық жолында шағыл тас пенен қарағай шпаллардан босаған үш платформа тур. Жүк жаңарақта түсирилген еди. Кәдимгидей басшылар «бол-ҳа-болды» салып қыйқыўын жеткереди, сөйтсе ондай басабас болатуғындай ҳеш нәрсе жоқ екен. Жүк түсирилгеннен соң да бир күнге дейин туйықтағы платформа бос турды. Ал, жүк түсирилген ўақытта ҳәммеси де Қазанғап, Әбиўталип, Зарийпа, Үкибала, Бийке бәри де бул асығыс жумысты тез болып таслаўға жумыла кирисги. Ол ўақытлары жумыстың бәри де қол менен исленетуғын еди. Сондағы ыссыны айтсаң-ә! Әсындай жанып турған ыссыда келер ме ҳәкисине сол платформалар да. Жүкти түсириў керек пе?—түсириў керек. Илаж жоқ. Ислей бересең. Ыссыға талықсыған Үкибаланың басы айланып қайыт етип жиберди. Шпаллардан ерип шығып атырған қарамайдың ийисине шыдамай үйине қайтып кетти. Соңынан ыссыдан көзлери мөлерискен балларының жанына барсын, деп қалған қатынларды да қайтарып жиберди. Тек еркеклер барлық аўырманлықты



www.ziyouz.com kutubxonasi

мойынларына алып, тиркистей тартылып жүрип жумысты тамамлады.

Ертеңине, жаўын жаўатуғын күни, бос платформалар өткинши жүк вагонларға тиркелип, Қумбелге қайтарылатуғын болды. Паровоз барып-келип ана жолдан мына жолға түсип, вагонлар тиркелип боламан дегенше Едиге әскерий моншадағыдай қапырық ыссыдан ентигип қалды. Бүйтип бууығдырған қапырықтан, күнниң шыжғырып турғаны абзал еди. Паровоздың машинисти де асықпайтуғын сал бөксе адам екен бир. Ҳәр саатта *шай қасық пенен бир жутқандай етип*, ертеңги исти кешке қарай сүйрей береди. Ал, булар ҳәр вагонның астында бүкленип, мықшыйып, жер баўырлап жүргени. Шыдамай кеткен Едиге сонда, сол машинисттиң заўзаддынан қайтарып жиберди. Ол да буның сыбағасын берди. Пештиң ҳәўири урып турғандай паровоздың кабинасында отырыў оған да жағып турған жоқ. Ыссыдан адамлардың мийи аўылжып кеткен еди. Қудайға шүкир ақырында жүк поезды да кетти-аў. Босаған платформаларды да тиркеп *алып кетти. Соның арасын*да жаўын бирден нөсерлеп қуйды. Жердиң үсти дүсирлеп, көбиклер дөңгеленип шоршып, тақыр жерлерге демде суў жыйналып, улы-самбырлы болды да қалды. Егер ырас болатуғын болса Гималайдың қарлы шыңларының салқын ығаллығын өз бойына жәмлеген жаўын, көзин жақсылық көрсин, бир жаўды ма дейсең. Пах, Гималай болғаныңа сениң! Қудирет деп усыны айтса болар! Едиге үйине қарай кетти. Неге солай еткенин өзи де билмейди. Тек, қашқысы келген, жаўын жаўса адамлардың үйге қарай, ямаса бир бастырманың астына өзин уратуғын әдети болады. Болмаса бундай жаўыннан қашыўдың не кереги бар? Едиге буған Қутыбаевлар үй-иши Әбиўталип, Зарийпа, еки баласы, Даўыл менен Ермек ҳәммеси қол усласып жайының қапталында жаўынның астында ойнап жүргенин көргеннен кейин түсинди. Едиге буған ҳайран қалды. Олардың жаўын жаўғанына қуўанып, ойнап жүргенине емес, бирақ, таң жаўардың алдында ғана Әбиўталип пенен Зарийпа үйине қарай адымды кеңнен урып, асығып баратыр еди. Асығып баратырғанларының себебин енди билип, сүйсингенинен ҳайран болды. Сонда олар жаўын астында балалары менен бирге болғысы келген екен. Бундай ҳаял Едигениң басынан келмеп еди. Олар



www.ziyouz.com kutubxonasi

болса шелеклеп қуйып турған жаўынның астында қайтып баратырып Арал теңизиниң айдынына қонған ғазлардай тапырласып ҳәм шаўқымласып атыр. Бул жаўын олар ушын аспаннан түскен мут байрам еди. Сарыөзектиң шөлистанында жүрип, жаўынға қурыққулақ болған байғуслар Боранлы бәндиргисинде демде өтип кететуғын қуўанышлы минутлардың йошына илескен мыналардың бул ойынын көргенде Едиге гә қуўанып, гә мунайып, гә кулкили көринип кеўили бир түрли болып кетти.

— Едиге, қәне берман кел! — деп даўыслады сызғылап қуйып турған жаўынның арасынан Әбиўталип қолын былғап.

— Едиге ғой!—деп балалар да оған қарай жуўырысты.

Екисин толтырып үшке қараған кишкене Ермек жаўынға ентигип, қуўанғанынан аўзы жайқылып, Едигеге қарай қушағын жайып жуўырды. Едиге де оны жақсы көретуғын еди. Оның көзлери сөз бенен тәрийплеп болмайтуғын дәрежеде қуўаныш ҳәм ерликтиң тәсиринен жайнап кеткен екен. Едиге оның қолынан тутып алып, шыр гүбелек айландырып жиберди де, не қыларын билмей аңырайып қалды. Улыўма Едигениң олардың бул ойынына араласқысы келмеген еди. Соның арасында тасада турған Едигениң қызлары Сәўле менен Шарапат бақырыўы менен жуўырысып келди. Олар Қутыбаевлардың шаўқымынан сетем алып үйден шыққан екен. Олар да қуўанышлы еди. «Аға, қәне жуўырысайық!...»—деди екеўи бирден. Едигениң долбөликке түсип, аңырайғанды қойыўына усы себепши болды. Енди олардың бәри қосылып, шелеклеп турған жаўынның астында ойынға кирисип кетти.

Едиге бул ала-пасырлыда кишкене Ермекти сүринип кетип, суўға жығылып, суў жутып қалар деп қолынан түсирмеди. Әбиўталип болса оның кишкене қызы Шарапатты арқалап алды. Сөйтип екеўиниң жуўырысқанына балалардың төбеси көкке жеткендей қуўанысты. Едигениң қолында аяқ-қолы тынымсыз сәрреңлеп, шақалақ атып жүрген Ермек, жаўынға шақалып қалғанда суў-суў бетин Едигениң мойнына үйкелеп, дәрҳәл кишкене қоллары менен оны қатты қушақлап алды. Нәрестениң бул қылығы адамның жанын жибитип жиберген-дей балаларының Едигеге баўыр басып, қыйғырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қуўанғанын көрип Әбиўталип пенен Зарийпаның кеўили толып қалды. *Олардың бул көз-қарасларын Едиге бир-неше ирет сезген еди.* Едигениң өзи де, қызлары да *Қутыбаевлар баслаған жаўын астындағы* кеўилли бул ойынына шын жүрегинен ырза болып, далыйып қалды. *Зарийпаның* соншама сулыў екенлигине, Едиге сонда ериксиз түрде дыққат аўдарған еди. Жаўын оның қап-қара шашларының талшықларын бетлерине, мойнына, ийинлерине жабыстырып, жайып жиберип, төбесинен табанына дейин саўлап аққанда ҳаял кисиниң жас дене-сси—буғағы да, билеклери де бели де, жалаң аяқла-рының топ-толық балтырлары да дараланып билинип, шаң-тозаңнан жуўып-шайылған *ҳасыл тастай* көздиң жаўын алып шыға келди. Көзлеринде болса еркеликке тән *қуўанышлы наз жылўаланып*, бахтияр күлкиден аппақ тислери жарқ-журқ етеди.

*Сарыөзекке жаўын қанша жаўса да*, түйени қа-сық пенен суўарғандай жуғым болмайды. Қар болса басқа гәп,—ол әсте ақырын ерип, жерге сиңеди. Ал, жаўын қаншама көп жаўса да, алақанда турған сынап-тай, бәленттен пәске қарай сай-салаға жылжып кете-ди. Сөйтип улы-дүсирли болып шашырап, соңында, жоқ болып кетеди.

Мине, жаўын шелеклеп қуйған бирнеше минуттан кейин-ақ үсти көбикленген суў, ийреңлеген жыралар менен тез ҳәм қатты шаўлап аға баслады. Сол ўақта боранлылар сол жыраларды батпақлап, суўға ләгенлер менен наўаларды *салып сүйрейди. Балалардың* үлкени Даўыл менен Сәўле ләгенлердиң ишине минип алды. *Кишкентайларын да наўаларга мингизиўге* туўра кел-ди, суўда олар да жүзди...

*Жаўын еле жаўып* тур. Ләген менен жүзиўдиң қызы-ғына түсип олар, қызық-қызық пенен темир жолдың *ғырра жағасына келип қалғанын* да билмей қалыпты. Тап сол ўақытта Боранлы разъездиниң тусынан жолаў-шылар поезда өтип баратыр еди. Вагонлардың әйнек-қапыларынан ярым белине дейин сыртқа шығып анта-ласқан адамлар, шөлистанның бахытлы бийшаралары-на анталасып қалыпты жүдә. Олар шамасы:

«Әй, суўға батып, кетпеңлер! Мантығып қалманлар!» —деп бақырысып, күлисип ҳәм ысқырысып баратырған еди. Боранлылардың жаўынның шалшық суўында бүй-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тип жүриси оларға тәўир-ақ ерси болып көрилсе керек. Жаўын жуўып баратырған поезд зуўлап өтип кетти. Ондағы, жаңағы адамлар бир-еки күннен кейин дийдилеген жерине жетип барған соң, бунда көргенлерин басқаларға дәстан етип айтып берип отыратуғын шығар еле.

Зарийпа жылап турған сыяқлы болып көринбегенде, Едиге тап усылайынша ойламаған да болар еди. Басына шелеклеп суў қуйылып турғандай болғанлықтан, адамның жылап, я жыламай турғанын айырыў да қыйын екен. Сөйтсе де Зарийпа жылап турған еди. Сол турысында ол жылағанын билдиргиси келмей өтирик күлген болды, өксигенин басыўға тырысып, бақырып, шақалақ атып күледи, әжайып бир сыпатта кеўилли болып көрингиси келеди. Албыраған Әбиўталип дәрҳәл оның қолынан услап:

— Саған не болды? Мийиң айланды ма? Үйге жүр, кетейик,—деди.

— Яқ-ққ, жайша, лық-лық тийди,—деди Зарийпа.

Олар ғайыптан келген жаўынның қызығына қумарларын қандырыў ушын тағы да балаларға айналысып, ойната баслады. Едигениң кеўили бир түрли болып кетти. Бул жүристе булар ғой бир уртлам суў, бир тамшы жаўынға зар. Ал, басқа жерлерде адамларға жаўын таңсық емес, олар шыршадай мөлдир суўға кәлегенинше шомылады, балаларға ғамхорлығы да, турмыс шараяты да пүткиллей басқаша. Солардың бәринен қуралақан қалып, сол қызықлардың ушлығын да көрмей, шетте қалғаны қандай қыйын-ә. Бир жағынан оны әрман етип, ойлаўдың өзи де азап. Балаларды бәнелеп бир кеўил көтериспени баслаған Әбиўталип пенен Зарийпаны қолайсыз жағдайда қалдырмаў ушын Едигениң бул ойынды таслап кеткиси келмеди.

Жаўын еле жаўып тур. Балалар да, үлкенлер де қумарлары тарқағанша ойнады. Енди олар үйли-үйине қарай дағысып, жуўырысып кетти. Қутыбаевлар үлкенли-кишили болып, ғаздай қатарласып, қол усласып жуўырысып баратырғанда Едиге олардың артынан қарап, ҳәм аяды, ҳәм сүйсинип турды. Ҳәммеси де малпақ-салпақ. Сарыөзек те бир күн де болса жайнапжаснап қалды.

Кишкене қызын көтерип, үлкенин жетеклеген Едиге

www.ziyouz.com kutubxonasi

өз үйиниң босағасына жетип келди. Булардың түрин көрип Үкибала шоршып кетти.

— Өйипбей, сизлерге не болған? Түрлериңиз неге усап кеткен түўе?

— Қорық па, анасы,—деп Едиге ҳаялына тәселле берип күлди.—Атаң мәсирсе, тайлақ пенен ойнайды деген гәп бар......

— Бәсе, өзиңде соған мегзеп, турсаң,—деп тәне қылып күлди Үкибала.—Қәне, шешиниңлер, суўға түскен таўықтай сүмирейисип тура бермей.

Жаўын бул қатарда тынған менен бирақ гүлдирмаманың гүркирегени таң атқанша алыстан еситилип турды. Соған қарағанда Сарыөзектиң бир жерлерине жаўын еле жаўып атырған болса керек. Түн ишинде алыстан еситилген гүлдирмаманың даўысынан Едиге бир неше рет шоршып оянып кетти ҳәм ҳайран болды. Арал жағасында ғой гүлдирмама тап тас төбесинен гүркиресе де оянбай уйықлай беретуғын еди. Ол жақта гүлдирмама жийи-жийи гүркирейди. Уйқысы ашылып кеткен Едиге алыс-алыста, кең даланың ҳәр жер-ҳәр жеринде собалақланып жарқ-жарқ еткен жасынның әйнекке дир-дир етип шағылысқан сәўлесин көзи жумылыўлы болса да сезип жатты.

Сол ақшам Едиге түс көрди. Түсинде ол тағы урыста, айқыш-уйқыш снарядтың арасында жатыр екен. Бирақ снарядлар тым-тырыс ғана болып түседи. Жарылған жердиң топырағы да аспанға сес-семирсиз көтерилип, қап-қара болып жайылып, турады да, ап-аўыр болып, әсте-ақырын жерге жайылып түседи. Усындай бир жарылыўдың пәти оны бәлентке ушырып жиберип еди жүреги суўлап қорқынышлы бир туңғыйық тереңликке қарай бираз ўақытқа дейин төмен сарқыды. Буннан соң ол атакаға шығып, жуўырды. Атакаға шыққан сур шинельли әскерлер дым көп еди, бирақ олардың түр-түсин айырыўдың итималы болмады. Тек, жеңлерине автомат илдирилген қуры шинельлер өз-өзинен желбиресип жуўырып баратырған сыяқлы болып кетти. Сол шинельлер «Ура!» деп бақырған ўақта, Едигениң қарсы алдынан қәпелимде усти-басы суў-суў болып, шақалақ атып күлген Зарийпа шықты. Япырмай-ә, бул қалай болғаны? Устинде жуқа шыт көйлек, шашының өрими тарқатылып жайылып кеткен, бет алдынан суў сарылдап ағқанына қарамастан ол тынбай күле бере-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди. Едигеге иркилиўге болмайтуғын еди, атакаға кетип баратырғаны есинде бар, ақыры «Сен неге бүйтип күле бересең, Зарийпа? Буның ақыбети жақсы болмайды»,—дейди оған Едиге. «Мен күлип атырған жоқпан, мен жылап атырман»—дейди жаўын суўлары бет-аўзын жуўған Зарийпа күлип турып...

Ертеңине ол бул көрген түсин Әбиўталип пенен оған айтқысы келип те турды. Бирақ, ойланып қалды, түси жақсы емес едидағы, ақыры. Адамлардың кеўилине артық-аспай ғулғула сала бериўдиң не кереги бар....

Сол үлкен жаўыннан кейин Сарыөзектиң үстинен ыссылықтың ҳәўири серпилип, Қазанғаптың айтқанындай жаздың да сыйы питти. Буннан соң да ыссы күнлер болды, бирақ бурынғыдай емес, күнниң қәҳәри қайтқан еди. Сол күнлер Сарыөзектиң жанға жайлы қоңыр салқын гүзиниң басламасы болды. Боранлының балалары да әптап ыссыдан қутылды. Олар қайтадан шыйрақласып, қайтадан олардың кеўилли даўыслары қоңыраўдай сыңғырлай баслады. Соның арасында Қумбелдеги станцияға Қызылордадан қаўын-ғарбыз келди деген хабар да жетти. Боранлылардың тайын поездың салып жиберейик пе, ямаса өзлери келип алып кетемекен, қәлеўин билсин депти. Едиге усыны сылтаў етип пайдаланып қалды. Разъездиң баслығына:—Өзлеримиз барып алып қайтпасақ олар ирик-шириги менен мүррик-сүрригин жиберип отыра береди деп көндирди. Баслық келисим берди.

— Жақсы,—деди ол. Қутыбаев пенен бар да сайлап алып қайт. Едигеге кереги де сол еди. Әбиўталип пенен Зарийпаны балалары менен қосып бир күн болса да Боранлыдан былайыраққа алып кеткиси келди. Өзиниң үй-ишиниң де самаллап қайтқаны шеп болмайды. Сөйтип, еки хожалық бала-шағасын алып азан менен Қумбелге баратуғын поездға минип кетти. Үстилерине тәўир кийимлерин илдирип алды. Өзлери де бир жасап қалды. Балалар ертеклер елине саяхатқа баратырған сияқлы жайқыйысып отыр. Жол бойынша кеўиллери алып-ушып, ананы-мынаны сорай береди: — Ол жақта тереклер өсе ме?,— Өседи. Ол жақта жасыл шөплер бармекен? — Аўа, жасылы да бар, ҳәттеки гүллери де бар шығар-аў? Жайлары бийик пе, көшелеринде машиналар зыңғыйп жүре ме? Қаўын-ғарбыз қанша жесең де



www.ziyouz.com kutubxonasi

таўсылмай ма? Ол жақта морожсное бар ма? Ол жақта тециз бар ма?

Булар минген жүк вагонының шала жабылган қапысынан зуўлап кирген самал, жанға жайлы бир кәлипте есип тур. Қапыдан балалар түсип кетпесин деп кесселеп тақтай қойылса да, сақлықта қорлық жоқ дегендей қапыға кирер аўызда астыларына бос ящиклерди қойып, Әбиўталип пенен Едигениң өзи қатар отыр еди. Хәр қыйлы әңгиме-гүрриң хәм балалардың сораўларына берилген жуўап пенен жол да қысқарып киятыр. Хәммесиниң бирге киятырғанлығына да, хаўа райының салқынлығына да, балалардың шад болып ойнағанларына да Едигениң кеўили питип, биротала ырза болып отыр. Ол балалардан да бетер Әбиўталип пенен Зарийпаның киятырғанына қуўанды. Екеўиниң де түри жайнап, ашылысып кетти. Шамалы ўақыт болса да екеўи де мудамы иштен түтеген уўайым ойынан серпилип, еңселери көтерилип, халық қатарына қосылғандай болып қалды.

Зарийпа менен Үкибала хаялларға тән әжик-гүжик әңгимениң қызығына түсип кеткен еди. Булардың усындай бахытлы мәхәллерин көриўдиң өзи қандай ғәниийбет дейсең. Усындай болыўы керек ғой өзи,- адамның бахытлы болыўы ушын аса байлықтың кереги жоқ.. Едиге сонда ишинен Қутыбаевлардың азаптан биротала бир жақлы болып қутылып, Боранлыға үйренисип, кеўиллерин алағада ететуғын тосқынлық болмаса екен деп тиледи. Ийни ийнине тийип, Әбиўталиптиң өзи менен қатар отырғанына хәм өзине Әбиўталиптиң арқа сүйейтуғынына, артық-аспай сөздиң басына барыспайақ бирин-бири түсинетуғыны қандай жақсы. Едиге Әбиўталиптиң ақыллылығына, сабырлылығына, әсиресе, бала-шағасы десе жанын үзетуғын пидайылығына, соның ушын да рухын түсирмей бар жигерин сарплап жүргенлигине тән беретуғын Әбиўталиптиң айтқанларын тыңлап отырып Едиге мынандай пикирге келди: адамның адам баласына ететуғын ең ардақлы жақсылығы өз бала-шағанды көргенли, билимли етип тәрбиялаўдан артық хеш нәрсе жоқ екен. Баланды биреў асырап, биреў бақпаса, шамаң келсе өз қанатыңның астынан шығармай, хәр күни, кем-кемнен баланың санасына адамгершиликли азамат болыўдың жөн-жосағын сиңире берсең, басқа не керек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, мынаў Сабийтжанды алайық. Кишкентайынан баслап, интернатта да оқыды, институтта да оқыды, өз маманлығын асырыў бойынша ҳәр қыйлы жоқары курсларда да оқыды. Бийшара Қазанғап болса, бар тапқанын соның жолына шашып, мениң Сабийтжаным қатарынан кем болмасын деп еди, ақырында не болды? Билимли-ҳәммесин де биледи. Бирақ, өзи ҳеш дәртке аспайтуғын, қудай есесине бермеген талағында бийти жоқ қыйлы.

Сол сапары жолда олар қаўын-ғарбыз алып қайтыў ушын Қумбелге бирге баратырғанда басы батқандай басқа қолайлы жердиң рети болмаса, Әбиўталип Қутыбаевтың Боранлыда турақлап мәкан басқаны мақул деп ойлады. Мал сақласын, хожалығын көркейтсин, Сарыөзектиң шөлистанында қолынан келгенше балаларын келе қылсын. Дурыс, бул жөнинде Едиге Әбиўталипке билгишсинип, ақыл-нәсият берген жоқ, бирақ Әбиўталиптиң гәпиниң рәмаўзине қарағанда, өзиниң де Боранлыны паналағандай ойы болса керек. Сол баратырғанында ол қысқа картошканы қайдан сатып алыўға болады, өзине ҳеш гәп, өзим етик пенен-ақ қыстан еплеп шығарман, бирақ ҳаялым менен балаларыма байпақты қайдан сатып алар екенмен дегенди айтты. Сондай-ақ ол Қумбелде китапхана барма екен, бар болса, разъездегилерге жазылып алыўға берип турама екен деп қызықсынды.

Сол күни олар кешқурын орстағлылардың Боранлыларға белип берген қаўын-ғарбызын алып, жүк тасыўшы поезд бенен үйлерине қайтып келди. Балалар кешке қарай силеси қатып шаршаса да, бирақ кеўиллери жүдә шад еди. Қумбелге барып ел-журт көрип, ойыншықлар сатып алып, мороженое жеп, тағы басқа көп нәрселерди көрип таныстты. Станцияның шаштәрезханасында кишигирим бир ўақыя болды. Үлкенлер балалардың шашын алдырды. Гезек Ермекке келген ўақытта, ол қолда турмай тарбаяқлап, шыңғырып, шатақ салды. Ҳәмме тәўелле етип, жубатып атырса да, ол қорқып, әкесин шақыра берди. Соның алдында ғана Әбиўталип жақын жердеги дүканды көрип келмекши болып кетип еди. Зарийпа не қыларын билмей уялғанлықтан биресе қызарып, биресе бозара берди. Туўылғалы бери шашын алдырмаған едик. Буйраланып супсулыў болып турған шашын алдырыўға көзимиз қый-



www.ziyouz.com kutubxonasi

маған еди, деп баласының тентекшилигин жуўып-шайmaқшы болды. Айтқанындай Ермектиң шашы қап-қалың ҳәм қап-қара болып, анасының шашына усаған еди, улыўма өзи де Зарийпаға тартқан, шашын жуўып, тарағанда сүйсинип кетесең.

Ақырында болмаған соң Үкибала Сәўлениң шашын қырқыўға рухсат етти: ал, қарап тур, қыз да болса қорқпайды, сен тура бер, сөйтип. Ермекке шынында да бул гәп тәсир етип, көнлигип киятырған қусап еди, бирақ парикмахер машинкасын қолына алыўдан тағы шыңғырып жылап жиберди. Соның арасында ишке кирип киятырған Әбиўталип көринди. Ермек әкесине қарай талпынды. Әкеси оны көтерип алды да, баўырына басып, баланы қыйнамаў кереклигин түсиндип, шаштәрезге:

— Кеширерсиз, тағы бир ретте келер, Қорықпайтуғын болып келермиз сонда... Асығыўдың кереги жоқ... Басқа ўақта....

«Конвенция» авианоссецининң бортында болып өткен айырықша ўәкилликке ийе болған комиссиялардың арнаўлы мәжилисиниң барысында, еки тәрептиң келисими бойынша, орбитадағы «Паритет» станциясына тағы бир шифрли радиограмма жиберилди. Бул радиограмма Лесная Грудьта болып атырған 1-2 ҳәм 2-1 паритет космонавтларға арналған еди. Өзинше қандай да бир ҳәрекет ислеўге тыйым салынады. Улыўма Орайлық Басқарыўдан арнаўлы көрсетпе болмағанша орынларыңнан жылжымаңлар делинген еди, радиограммада.

Мәжилис бурынғыдай қупыя түрде өткерилип атырған еди. «Конвенция» авионосеци де бурынғыдай Тынық океандағы Алеут атаўларының түслик жағалаўында, ҳаўа жолы менен алғанда Сан-Франциско ҳәм Владивостоктың дәл ортасында турған еди.

Әлемде галактика аралық уллы ҳәдийсе болғанын, Держатель жақтылық системасында цивилизацияның планета ашылғанын, ондағы ақыл-саналардың Жер бетинде жасайтуғын адамлар менен байланыс жасаў туўралы усыныс еткенин дүньяда еле ҳеш ким билген жоқ еди.

Арнаўлы мәжилисте еки тәрептиң адамлары бирин-бирин қуўатлап, бири қарсы болып талас-тартыс қызып атыр еди. Комиссиялардың ҳәр бир ағзасының алдындағы столда басқа да қосымша материаллардан



www.ziyouz.com kutubxonasi

тысқары 1-2 ҳәм 2-1 паритет—космонавтлардың хаты да бар. Ондағы ҳәр бир пикир, ҳәр бир сөз бир неше тексерилди, сыннан өткерилди. Лесная Грудь планетасындағы ақыл-ойлы жанлардың тиришилигиниң ҳәр бир деталы бәринен де бурын жер жүзиндеги цивилизация, ири баслы еллердиң алдына қойған мақсети менен сәйкес келеме, келмей ме деген болжаўлар әтирапында дыхта изертленип атыр еди. Бундай қоспалы ҳәм қыйын саўаллар менен жер жүзинде еле ҳеш кимниң басы шырылдыўға түспеген ақыры. Сонлықтан бул мәселени иркинишсиз, тез шешиў керек болды... Тыныш океанда самал бурынғы қәддинде есип тур. Қутыбаевлардың Сарыөзектиң жаз мәўсиминдеги шеннен тысқары ыссылығына шыдап, көрпе-төсегин арқалап, басының аўған жағына қаңғып кетпейтуғынын билгеннен соң боранлылар олардың бул жерде бас папалап қалатуғынына исенди. Әбиўталип Қутыбаев бурынғыға қарағанда тиришеленип, ырасын айтқанда, Боранлының күшенине мойнын усынып, көнлигейин деди. Разъездиң турмыс-тиришилигине үйренисип те кетти. Аўыз суўды да, хожалыққа керек басқа суўды да поездың цистернасы менен тасып әкелип турған соң, өзгелер сыяқлы Әбиўталип те бул дүньяда Боранлыны қудайдың ғарғысына ушыраған жер деп айтыўға ҳақысы бар, әлбетте. Ал, гейде, бир мезгиллик жолдағы қудықтан суўды мес пенен де әкеледи. Бирақ, бул ис Едиге менен Қазанғаптан басқасының қолынан келе бермейди.

Аўа, елиў екинши жыллары түўе тап алпысыншы жылларға дейин разъездде тереңнен суў шығаратуғын водокачка салынаман дегенше сондай болды. Ол ўақытларда бир водокачка болса екен деп ҳеш ким әрман да етпейтуғын еди.

Солай болса да Әбиўталип Боранлы разъездинде Сарыөзектиң даласын боқлап-бәләәтлеген жоқ. Басына түскен қыйыншылыққа азаматларша қайыл болды. Былайынша айтқанда жердиң не гунасы бар? Жер ҳеш кимниң алдында да айыплы емес. Бундай жерде турғысы келе ме, келмей ме, оны адамлардың өзлери ойланып көриўи керек.

Мине усындай жерлерде де адамлар мумкиншилиги болғанынша орналасыўға бейимлесе береди. Қутыбаевлар енди басқа баратуғын жер жоқ, Боранлыда орнығып қалыўымыз керек деген шешимге биротала келе-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен дегенше хожалықтың анаў-мынаў жумысына ўақыт жетпейтуғын болып қалды. Темир жолдың ўазыйпасы, жумысы өз алдына, ол үйге қайтқаннан кейинги хожалықтың ғалма-ғалы да бастан асады. Пешти қайтадан қурып, қапының аңсақ-саңсағын питеп, әйнектиң ғажыған жерлерин орнына түсирип, жайды сазлап, қысқа таярлайман деп жүргенде, Әбиўталип бас қасыўға ўақыт таппай қалды. Оның бундай жумысқа уқыбы да жоқлаў еди, бирақ Едиге оны жеккесиретпей, балташөккиш дегендей қәле-күлелерин берип, керек-жарағын жеткерип турды. Үйниң қасынан ура қазған ўақтында Едиге де, Қазанғап та қол-қабыс етти. Үшеўлеп ураны қазды да, үстине гөне шпал тахтайларды таслап, сабан менен бастырып, сыртын сыбап таслады. Бирли-ярым мал ойылып кетпесин деп муқыятлап қақпақ та иследи. Үлкенлер не ислесе соны ислегиси келип еликлеп, Әбиўталиптиң еки баласы аяққа орала берди. Гейде мәлел берсе де, олардың усындай етип жүргени кеўилли ҳәм жарасықлы еди. Едиге менен Қазанғап, Әбиўталиптиң хожалығының жубы жетисип кетиўин ойластырып, бир нәрсе ғамластырды. Бәҳәр шыққаннан кейин бир саўын инген беретуғын болып келисти. Дәслеп Әбиўталип түйени қәйтип саўыўдың тәсилин үйрениўи керек. Түйе саўған менен, сыйыр саўған бирдей емес, әлбетте. Түйени түргелип турып саўады. Жайылып жүрген жеринде изинен барып, боталағын мезгилинде емизип, мезгилинде ажыратыў керек. Бота бағыў да өз алдына машақат... Оны да билип қойыў керек.

Боранлы Едигени бәринен де бетер қуўандырған нәрсе, Әбиўталип тек хожалық жумысларына айланысып қоймастан, Зарийпа екеўи еки үйдиң балаларына әлиппе оқытып, сүўрет салыўды үйретиў менен қатар Боранлының меңиреў даласының қыйыншылығынан қаймықпай шыдап, өзин шынықтырды. Әбиўталип Қуттыбаев саўатлы адам еди. Китап оқып, өзинше бир нәрселерди жазып жүрмесе кеўили кеншимейди. Бундай адам менен дос болғанына Едиге ишинен мақтанатуғын еди. Сонлықтан да Әбиўталипти өзине бейим көре береди. Усы жерге тез-тез келе беретуғын Сарыөзекли геолог Елизаров пенен яр-дос болыўы да тегин емес. Едиге бурыннан билимли, оқымыслы адамларды ҳүр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

метлейтуғын еди. Әбиўталип те көп нәрсени биледи. Бирақ, ашылысып сөйлеспей, ыңжыла береди. Сөйтсе де Едиге екеўи бир сапары жыртылысып сөйлести.

Сол ирст темир жолдың жумысынан жеш қайтқан еди. Күн бойы разъездден жети шақырым қашықлықтағы жолдың бирдейине қар басып қала беретуғын жерге қар иркетуғын тосқаўыл исledи. Гүз жаңа басланып киятырса да қысқа ҳәзирден баслап таярланбаса болмайды. Әне, сөйтип екеўи аўылға қайтып киятыр еди. Кешкурынғы ҳаўа райының ашық ҳәм тынықлығы адамды әңгимелесиўге бейимлестиреди. Бундай кешлерде Сарыөзектиң даласы ашық-жарық, тымық күнде қайықтан көринген Арал теңиздиң ултанындай булдырап, батып баратырған күнниң сәўлеси менен түтеп киятырғандай сағымланады.

— Ҳәй, Әбиў, усы мен ҳәрдайым түнлетип үйиңниң тусынан өтип баратырғанымда басың қақайып әйнектиң алдында отырасаң да қоясаң. Қасыңда шыра, бир нәрсе жазып отырасаң ба, бирнемелерди оңлайсаң ба? —деди Едиге.

Исим сриккен ўақыттағы бир ермекдағы—деди Әбиўталип белди басқа ийнине аўмастырып салып, ийта менен.

— Мениң жазыў столым болмаса әйнектиң алдында отырмай не қыламан енди. Тентеклерим уйықлап қалған соң Зарийпа бир нәрсе оқып отырғанда, мен ҳәзирше ядымда бар ўақытта умытпай кетпейин деп урыс, әсиресе, Югославияда болған жылларымды, анаў-мынаўды жазған боламан. Ўақыт болса зымырап, өткен күнлер гүңгиртленип алыслап баратыр,—деп ол үндемей қалды да, тағы гәпин жалғастырды. — Мен балаларыма не ислей алыўым мүмкин деп ойлана беремен. Ишип-жедириў, кийиндириў, тәрбиялаў,—бул турған гәп. Қолымнан келгенше, солар ушын жуўырып-жортаман. Ал, енди мениң көрген қорлықларымды қудайым басқа биреўдиң басына салмасын, басқа биреў оны жүз жылда да көрмес. Мен болсам еле жер басып тири жүрмен, бул да маған тәғдирдиң берип қойған мүмкиншилиги шығар. Итимал, ең дәслеп өз балаларына бир нәрсе айтып кетсин деп мени тири қойған шығар, тәғдир. Мен олардың жақты дүньяға шығыўына себепши болған екенмен, демек, оларға өз өмирим туўралы



www.ziyouz.com kutubxonasi

есап бериўим керек. Әлбетте, улыўма ҳәммеге бирдей шынлық бар. Бирақ, ҳәр кимниң өмир туўралы өз түсиниги де бар. Бул түсиник бизлер менен бирге кетеди. Дүнья жүзилик топалаң урыста адам бийшара өмир менен өлимниң арасында шыргүбелек арпалысқанда, кем дегенде оның жүз мәртебе өлип кетиўине болады-дағы, бирақ ол өлдим ҳазарда зорға тири қалған ўақта меҳрибанлық пенен зулымлық, ҳақыйқатлық пенен өтириктиң парқын дурыслап ажыратып көп нәрсени билетуғын болады.

— Ҳаў, тоқтап тур, сен, мен бир нәрсеге түсинбей киятырман, деп оның сөзин бөлди Едиге. — Сениң айтып киятырғанларың да ырас шығар, бирақ шаштәрездиң пәкисинен қорқып жүрген мурныбоқларың буған қалай түсинеди?

— Соның ушын да жазып жүрмендағы. Солар ушын сақлап қояжақпан. Тири жүремен бе, я өлип кетемен бе, алдында не болатуғынын ҳеш ким де болжай алмайды. Усыннан үш күн бурын аўаным шығып өзимнен өзим ойланғаным сонша ҳәтте поезд басып кете жазлады. Қазанғап келип, жолдың шетине ийтерип жиберип үлгерди. Соңынан Қазанғап қатты қәҳәрленип, аман қалғаның ушын бүгин балаларың дизерлеп отырып қудайға қулшылық етсин деди.

— Дурыс айтқан. Мен саған бурыннан айтып жүрмен. Зарийпаға да айттым,—деди Едиге наразы кейипте болды да, өзиниң қәўипсинип жүргенин айтты. — Сени көрип, тап сол паровоз бурылып кететуғындай, рельстиң арасында алшаңлап жүрисиң не, сонда сениң? Өзиң саўатлы адамсаң, саған қашанға дейин айтамыз да жүремиз? Сен енди темир жолшысаң, ал жүрисиң базарда жүрген адамның жүрисиндей. Ойнама, жазатайым астына түсесен.

— Ондай болып қалған жағдайда өзим гүналы боламан ғой,—деди ол түнерип. — Бирақ, сен дәслеп мениң айтқанларымды тыңлап бол, оннан кейин сөге берерсен, мени.

— Сөздиң ийни келген соң ескертип атырман. Айта бер.

— Бурынғы заманларда адамлар әўладларына мийрас қалдырады екен. Сол мийрас оларға буйыра ма қашан ҳәм қалай етип. Мийрасты мийрасхорлардың қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лай етип бөлискени ҳәм оның ақыбетиниң не менен тамам болғаны туўралы көп дәстанлар жазылып, көп ертеклер айтылған. Ҳәттеки, сол заманлар туўралы бираз пьесалар жазылып сахнада шықты. Неге дейсең бе? Неге десең, сол мийрастың көбиси ҳарамнан, яғный басқалардың табан ет, маңлай теринен өнген, адамларды алдап-арбап, күш көрсетип, тартып алыў менен жыйналған. Сонлықтан бундай мийраслардың тийкарында зулымлық, гүнакарлық, надурыслық, перделенип буғып жатады. Мениң бир тәўбе қылатуғын жерим, қудайға шүкир, биз ондай бәледен аўлақпыз. Мениң қылдыратуғын мийрасымның ҳеш кимге зыяны жоқ. Мениң руўхым-мениң жазғанларым. Бул мениң урыста көрген-билгенлерим болады. Буннан басқа мениң балаларыма қалдыратуғын байлығым жоқ. Усы Сарыөзек шөлистанлығында жүрип мен сондай жуўмаққа келдим.

Өмир—тәғдир мени бирдейине шетлетип-шетлетип, зым ғайып болып жоғалып кетсин деп, ақыр соңында усы жерге әкелип тықты. Мен өзимниң көрген-билгенлеримди, ойымды, әрманларымды балаларым ушын жазып қалдыраман да; бир ўақлары өзим кетсем де балаларым арқалы жер бетинде жүремен. Мениң қолым жетпеген нәрселерге, итимал, олардың қолы жетер... Бизлерге қарағанда өмир сүриў, оларға қыйынырақ болады. Сонлықтан усы бастан үйренип бара берсин...

Буннан соң олар бираз жерге дейин үндемей, ҳәр ким өз қыяллары менен бәнт болып келе берди. Бундай гәплерди еситип, Едиге бир түрли болып кетти. Өзиниң жер басып жүргенине усындайды көрип шүкир етиў керек екен-аў деп ҳайран болды ол. Сөйтсе де өзин таңландырған бир нәрсени аңлап алғысы келди:

— Радиодан да айтып атыр, ҳәмме де солай деп ойлайды: бизлердиң балаларымыз, бизлерге қарағанда қурғын турмыста жасайды дейди. Ал, сениң айтыўыңа қарағанда келешекте жасларға қыйыншылық гезлесетуғын сыяқлы. Атом урысы болады, соның себебинен демекшимисең?

— Яғә, тек оннан емес. Мүмкин, урыс болмас та, болғанда да жақын арада болмайды. Мәселе тек, қарақан тамақта емес ғой. Ўақыттың дөңгелеги тезирек зырлайтуғын болады. Бизиң балаларымыз ҳәмме нәрсениң парқына өзлеринше түсинип, соңынан бизлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

ушын да өзлери жуўапкер болмақшы. Ойлай бериў де аўыр. Сонлықтан оларға, бизлерге қарағанда қыйын болады.

Неликтен оның ойлаўды қыйын деп есаплайтуғынын Едиге ежелеп сорап отырмады. Бирақ, сол ўақта сорап қалмағанына кейинирек өкинди. Буның жөн-жосағын, мәнисин сол ирет сорап алыўы керек еди-дә.

— Мен буны неге айтып киятырман,—деди Едигениң гүдиксирегенин сезгендей Әбиўталип. — Жас балаларға үлкен адамлар бирдейине ақыллы ҳәм айбынлы болып көринеди. Үлкейе келе абайласа, сол кешеги «устазлары» бизлер, оншама ақыллы да, көп нәрселерди билмейтуғын да болып шығамыз. Ҳәтте, күлкиң де келип кетеди, қартайған устазлар аянышлы ҳәм бийшара болып көринеди. Ўақыт дөңгелеги тынбай зырлап айлана береди, айлана береди. Бизиң ата-бабаларымыз өзлериниң тәрийпин аңыз-әңгимелерде қалдырған. Өзлериниң қаншелли дәрежеде уллы болғанын кейинги әўладларға дәлиллегиси келген. Енди бизлер олардың руўҳын сол мийрасларынан сеземиз. Мине, мен де өзимниң билгенлеримди қолдан келгенше жеткиншеклерим ушын жазып қалдырмақшыман. Мениң әңгимем—урыста көргенлерим. Балаларыма арнап партизанлар дәптерин жазып жүрмен. Ҳеш нәрсени қоспастан көрген-билгенлеримди жазаман. Үлкейгенде, бир әўметинде керек болып қалар. Булардан басқа да ойлап жүргенлерим бар. Енди бул балалардың усы Сарыөзекте өсип, ер жетиўине туўра келеди. Сөйтип ер жеткен шағында шөлистанда-тақыр жерде өскен екенбиз ғой деп жүрмесе болды. Соңлықтан өзимиздиң усы қатардын бурынғы қосықларын жазып алып жүрмен. Соңынан оларды атлы излесең де таба алмайсаң. Мениң пәмлеўимше қосық бул өткен заманның хабаршысы. Сениң Үкибалаң көп қосықларды биледи екен ғой, өзи. Басқаларын тағы бирде, ядыма түскенде айтып беремен деди.

— Енди не деп едиң! Қалай деген менен Арал бойында туўылып өскен дә!—деп Едиге дәрҳал жанланып кетти.— Теңиз жағасындағы Арал қазақлары әнейи болсын ба! Теңиз жағасында жүрип қосық айтыўдың пайызы өз алдына ғой. Теңиз деген ол бәрине де түсинеди. Шын жүректен шыққан сөз қалай да, теңиз бенен үнлес, ырғақлас болып келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сениң усы пикириң саррас, тап кеўилимнен шыққтын. Жақында жазып алған қосықларды қайтадан оқып отырып, Зарийпа екеўимиздиң көзимизден жас шығып кете жазлап тебирендик. Япырмай, не деген жақсы бурынғының қосықлары! Ҳәр қосық өз алдына жатқан бир тарийх. Сол заманлағы адамлар, сол қосықларды шығарғанлар сол қәддинде көз алдыңа елеслеп келе қалады. Солар менен кеўил қосысып, бирге болғың келип кетеди. Қайғырыў, сүйиў деген әне сондай болсын! Әне, олар өзлери туўралы қандай мийрасларды қалдырған. Қазанғаптың Бийкесине де өзиңниң қарақалпақларыңның қосығын есине түсирип, айтып бер деп, үгитледим. Оны басқа бир дәптерге жазып алмақшыман. Ол да өз алдына бир қарақалпақ дәптери болып турсын бизде...

Олар усындай етип сөйлесип, темиржолды жағалап, асықпай жүрип келе берди. Ҳаўа райы да жанға жағымлы болып тур еди. Гүз түсиўдиң алдындағы сүмбилениң сулыў қуяшы бир әрманлы гүрсиниўден кейин елжиреген кеўилдей әсте батып баратыр. Сарыөзекте сыңсыған тоғай, ийретилген дәрьялар, жасыл отлақлар болмаса да жер бетинде батып баратырған қуяштың сәўлеси менен гүңгирт сағым ойнап, даланың көринисин айқынластырып жибереди. Руўхыңды бийлеп алған көгилдир кеңислик, қыялыңды пәл-пәллетип, адамды узақ жасаўға, көп ойланыўға, түртки салып атырғандай еди.

— Берман қара Едиге,—деп тағы қайтадан гәп баслады Әбиўталип көптен бери айтайын деп жүрген бир ойын есине түсирип. — Сеннен баяғыдан бери сорайын деп жүр едим. Дөненбай қус. Сен қалай деп ойлайсаң, тәбиятта Дөненбай деген қус бар шығар-аў, сол. Сондай қусты көрдиң бе сирә?

— Ҳаў, ол бир әпсана ғой.

— Билемен. Бирақ, әпсананың өзи көбинесе турмыста болған ҳақыйқатлыққа сәйкес келеди. Мәселен, айтайық, сарғалтақ деген қус бар. Бизлер тәрепте—Жетисуўда таўлы жерлердеги бағларда сол көп болады. Сол қус азаннан қара кешке дейин: «Мениң күйеўим ким?»—деп сайрайды да жүреди. Әлбетте, тап сондай болып айтылмаса да, бирақ даўысы сондай болып еситиледи. Оның неге солай етип сайрайтуғыны туўралы әпсана да бар. Мен ойлайман, Дөненбай деген де сон-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай шығар деп. Мүмкин, бул кең далада да Дөненбай деген адам атына сәйкес сес шығарып сайрайтуғын бир қус бар шығар. Әпсана да соған байланыслы болса керек.

— Яқ, билмедим. Бунын сондай екени туўралы ойламаппан да,—деп шубҳаланып қалды Едиге.—Бул жерлерден көп жүргенмен, бирақ бундай қусты ушыратпадым. Бәлким, ондай қус жоқ та шығар.

— Мүмкин,—деди Әбиўталип ойланып.

— Ал, енди ондай қус жоқ болатуғын болса, әпсананың да өтирик болғаны ма сонда?—деп албырақлады Едиге.

— Яғә, неге олай болады. Бурын бул жерде бир нәрсе болғаны ушын Ана-Бейит қәбирстаны панда болған дә. Не де болса сондай бир қус баяғы заманда болғандай сезиледи де турады маған. Оны ким болса да, қашан болса да биреулер көреди еле. Балалар ушын солай деп жазып жүрмен.

— Ҳим-м, балалар ушын десен, онда болыўы мүмкин,—деп Едиге исенимсиз түрде гүңкилдеди.

Найман-Ана туўралы Сарыөзек аңызын қағазға жазып алғанлардан Едиге тек еки адамды биледи. Дәслеп Әбиўталип Қутыбаев, өзинин балалары ушын, үлкенгенде керек болады деп елиў екинши жылдың аяғында жазып алды. Ол қол жазба жоғалып кетти. Буннан кейин қаншама қайғы-ҳәсиретлерге шыдаўға туўра келмеди дейсең. Қол жазба түўе, адамлардың қайда кеткени билинбейтуғын дәўирлер өтти! Бир қанша жыллар өткеннен соң елиў жетинши жылы бул әпсананы Елизаров Афанасий Иванович жазып алды. Енди сол Елизаров та жоқ. Ал, қол жазба мүмкин, ким биледи дейсең онын қағазларының арасында Алматыда қалған шығар... Ең баслысы ол да, бул да сол әпсананы Қазанғаптың аўзынан жазып алып еди. Едиге сонда олар менен бирге болып, анда-санда әпсананың ол жер бул жерин Қазанғаптың ядына салып, түсиник берип отырды.

«Аҳ, жыллар, жыллар! Булардың бәри қашан болып өтип жүр, қудайым-аў!»,—деп ойлады. Боранлы Едиге жабыўлы Қаранардың өркешинин арасында ырғатылып отырып. Енди ол Қазанғаптың өзин де Ана-Бейитке



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып киятыр. Өмириниң соқпағы туйықланып таўсылған сыяқлы. Ана-Бейит тарийхын ол ядында сақлап, басқаларға айтып берип отыратуғын еди, енди сол шежирени айтып бериўшиниң өзи сол қәбирстанға барып, ең соңғы мәканына жайғаспақшы.

«Енди тек, бизлер—мен ҳәм Ана-Бейит екеўимиз ғана қалдық. Мен де көп кешикпей бул жерге келип қаларман. Өз орнымды ийелеўим керек. Тәғдиримниң бағдары усылай қарап бурылған болса керек»,—деп муңлы түрде ойланды Едиге жолда, қаралы кәрўанды түйениң үстинде баслап киятырып. Бул қаралы кәрўанға өз ықтыяры менен қосылған Жолбарыс атлы көнек бирese олардың алдына шығып, бирese кейинлеп қалып, гейде қапталда жортып, гейде тәўирақ ўақытқа дейин басқа жаққа қаңғып кетип, өз билгенин ислеп жүр... Қуйрығын келистирип шыйырып, жән-жағына елирип қарап, кеселеп жортып жүре береди.

Күн төбеге көтерилип, тал түс болып қалған еди, Ана-Бейитке де енди онша көп жер қалган жоқ.

## 8

Қалайда елиў екинши жылдың ақыры, анығырақ айтқанда қоңыр салқын гүз бенен кешсүйиллеп келген дүбелей-даўылы азлаў болған қыс Боранлы разъездиниң сол ўақтағы ат төбелиндей халқы ушын ең жақсы күнлер, ең жақсы мәҳәллер болған еди. Едиге соңынан сол күнлерди тез-тез аңсай беретуғын болды.

Боранлының қуда жөн ақсақалы, себепсиз ҳешкимниң исине араласпайтуғын сыпайы ғаррысы Қазанғап та ол жыллары күш-қарыўы қайтпаған, ден саўлығы аттай, жигит ағасы болған киси еди. Баласы Сәбийтжан Қумбелдеги интернатта оқып жүретуғын еди. Қутыбаевлардың хожалығы да Сарыөзекке мықлап орналасып алды. Қысқа қарай отырған жайының кемисқусығын питеп, картошка түсирип, Зарийпа менен балаларына байпақ сатып әперген еди. Қумбелден бир қапшық ун да әкелди. Унды оған, енди күшине толысқан жас қанарға теңлеп, Едиге әкелип берди. Әбийталип үйреншикли жумысының арасында балалар менен айланысып, олар уйықлап қалғаннан кейин әйнектиң алдына шыраны қойып алып, қуныгып жазыў жазады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Разъездде тағыда еки-үш станция рабочийларының хожалығы бар болып, бирақ, олар былайынша қарағанда, ўақытша жумыс ислеўге келгенлер еди. Разъездиң сол ўақтағы баслығы Әбилов та жаман адам емес еди. Боранлылар аўырыў-сырқаўдан аман болды. Жумыста өз жөни менен ислене берди. Балалар да өсе берди. Жолдың бойын шетенлеў, жөнлеў сыяқлы қыс алдындағы жумыслардың бәри де өз мүддетинде исленип болынды.

Ҳаўа райы да жақсы болды. Сарыөзектиң қоңыр салқын гүзиниң жайма шуўақлы күнлеринен соң қыс та жетип келди. Бирден қар жаўды. Ҳәмме тәреп аппақ болып, бул да жақсы болды. Соншама уллы ақшаңылтыр кеңисликти қақ жарып жиңишке қара жиптей болып созылып атырған темиржолдан әдеттегидей поездлар гүўлеп өтип турды. Мине, усы жылдың бир қапталындағы қар қаплаған қырлардың бир етегинде киппкене ғана аўыл бирнеше үйлер ҳәм мал қоралардан ибарат. Боранлы разъезди қорениш болып көринеди. Поездда кетип баратырған жолаўшылар, усы тусларға келген ўақытта вагонлардың әйнеклеринен кеўилсиз түрде нәзер таслап гейпаралары бул жерде жасап атырғанларды шамалы ғана аяғандай болып өте шығады.

Бирақ, сол шамалы аяныштың өзи де бийкар еди. Боранлылар ушын өтип кеткен дозақ ҳәўирли жазды есапқа алмағанда, тийкарынан усы жыл қутлы жыл болды. Улыўма алғанда урыстан соң барлық жерлерде турмыс азы-кем жөнлесип киятыр еди. Жаңа жылдың алдында азық-аўқат ҳәм затлар тағы да арзанлайды деген хабар шықты. Дүканларда затлар толып турмаса да, буның өзи жағдайдың жылдан-жылға жақсыланып киятырғанының нышаны еди.

Боранлылар қәдимгидей Жаңа жылға әләмата әҳмийет бермейтуғын болғанлықтан, түн ортасын зарығып күтпейтуғын еди. Разъезддеги темиржолдың жумысы минутлар менен есапласпайтуғын үзликсиз жүрип туратуғын ҳәрекетке байланыслы. Жаңа жылдың жолдың қай жеринде дус болатуғынына қарамастан поездлар тынбай зуўлай береди. Қысқа қарай жумыс та балалап кетеди. Отын айырыў, ошаққа от жағыў, малҳалға—дүзде жүргенине де, қорада турғанына да қа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

раў керек. Күни менен жумыс ислеп шаршаған адамға, ертерек жатып, дем алғаннан жақсысы жоқ...

Усылайынша жыл артынан жыл киятыр еди...

Елиў үшинши жылдың келер қарсаңында Боранлылар ушын нағыз байрам болды. Байрамды баслағанлар да, әлбетте, Қутыбаевлардың үйи еди. Жаңа жылдың тәтәрригине, Едиге ең соңында келип қосылды. Ҳәммеси де Қутыбаевлардың балаларға арнап ёлка қурыўынан басланды. Сарыөзекте ёлка ағашын табыўдан көре, миллион жыллық денозаврдың мәйегин табыў аңсат шығар. Елизаров геологиялық жумыс пенен гезип жүрип, усы Сарыөзектен динозаврдың миллион жыллық мәйегин тапқан ғой, ақыры. Қарамы үлкен-үлкен ғарбыздай келетуғын сол мәйеклер тасқа айланып кеткен екен, оларды Алматыдағы музейге апарып тапсырган. Бул туўралы газеталарда да жазылды.

Суўықта Әбиўталип Қутыбаевтың Қумбелге барыўына туўра келди. Станциядағы жергиликли профсоюз комитетиндегилерге жалынып, үлкен станция болган Қумбелге келген бес ёлканың биреўин Боранлыға алып қайтқан. Бәри де соннан басланды.

Биринши линияға суўықтан тоңлаған тормозлары шыйқылдап, дала бораны ақ таңлақ етип таслаған жүк поезди келип тоқтаған ўақта, Едиге складтың жанында разъезд баслығынан жумысқа кийетуғын қолғапларды қабыл етип тур еди. Жүк поездының бираз жерге дейин созылған вагонларының бәри де пломбалаўлы еди. Үсти ашық ең излеги вагоннан суўық пенен қақайып қалған етиктиң ишиндеги аяқларын зорға ақсаңлап басып, Әбиўталип жерге түсип киятыр екен. Кең мол постынға оранып, өсик жүнли малақайын басып кийип, алқымының астынан баўын байлап алған, составтың кондукторы ғорбаңлап, вагонның тар майданшасының үстинде зорға қозғалып, Әбиўталипке бериў ушын кәмнаған болып ҳаррыйған бир нәрсени созды. Ёлка шығар деп ойлап, Едиге жүдә ҳайран қалды.

— Ҳәй, Едиге! Боранлы! Берман жақынла, мына адамға жәрдемлесип жибер!—деп шақырды оны кондуктор, вагонның түсерлигинде бар тулғасы менен асылып турғандай болып.

Едиге асығып жетип барды да, Әбиўталипке көзи түсип шоршып кетти. Қас-қабағына аппақ қыраў ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып, көгерип қалған Әбиўталиптиң сөйлейин десе аўы-зы жуўыспайды. Қолын да қозғалта алмайды. Жанында тикенеклери хәррийискен ёлка тур. Усының хәлекшилигине түсемен, деп Әбиўталип о дүньяға сапар шеге жазлап қалыпты.

— Сениң адамларың не қылып жүр өзи?—деп кондуктор наразы кейипте гүңкилдеди. — Издеги уйытқыған самал жанынды суўырып алады. Постынымды шешип берейин десем, өзим сәррийип қаламан.

Әбиўталип зорға ерпин қыймылдатып:

— Кеширерсиз, солай болып қалды. Үйге жеттим, хәзир жылынып аламан,—деп кеширим сорады.

— Мен оған айттым, деп кондуктор Едигеге қарай бурылып тоңқылдады. — Үстимде постыным, оның ишинде пахталы гүртешем, аяқта байпағым, басымда малақайым бар. Соның өзинде келеси бәндиргиге жетип, поезды басқа кондукторға тапсыраман дегенше суўықтан көзим тас төбеме шығып кете жазлады. Усындай етип те жолға шығамекен адам деген!

Едиге ыңғайсызланып:

— Яқшы, енди есимизде болады, Трофим! Рахмет. Ал, кете бер, жолың болсын!—деди.

Едиге ёлкаға асылды. Ол суп-суўық, оншама үлкен де емес, адам бойлы келетуғын еди. Аңқыған ийисинен қысқы тоғайдың леби сезиледи. Жүреги бир түрли болып—урыста жүрген ўақытларындағы тоғай ядына түсип кетти. Ол жақта бундай ёлка деґенлер пышық мурны батпастай болып, сығасып туратуғын еди. Оларды танкалар басып-жеңшип, снарядлар түбири менен қопарып таслайтуғын еди. Бирақ, қашан болса да бул ёлкалардың ийиси ентиктирип жибереди деп ким ойлапты.

— Жүр,—деди ёлканы ийнине салып алған Едиге Әбиўталипке қарап.

Суўық пенен көзден аққан жас тамшылары бозарған бетине қатып қалған Әбиўталиптиң ақ қыраўлы қасқабағының астындағы салтанатлы қуўаныштан көзлери жылт-жылт етип ойнақшып сала берди. Балалары әкесиниң усыншама пидә болып жүргенин билермекен деп, Едиге бирден қорқып кетти. Бул өмирде не болмайды дейсең, қарап турсаң керисинше болып та шыға береди. Әкесиниң ғамхорлығына қуўаныўдың орнына, би-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғазы басы айланбай, жек көрип қалатуғынлары да болады. «Қудайым өзиң, сондайдан сақлағайсаң, басқа керетуғын қорлығы да аз емес оның»—деп гүбирленди Едиге ишинен.

Ең дәслеп, булардың ёлка алып киятырғанын Әбиўталиптиң үлкен баласы Даўыл көрди. Қуўанғанынан жуўырып баратырып бақырып үйине кирип кетти. Соның арасында үйде жеңил кийим менен отырған Зарийпа менен Ермек жуўырып шықты.

— Елка, ёлка! Қараңлар, қандай ёлка!—деп Даўылдың түри жайнап, қуўанып, ойнап жүрип секирди.

Зарийпа да оннан кем қуўанып турған жоқ еди:

— Ақырында таўыпсаң ғой. Пай, жақсы болды да! —деп атыр.

Ермек, еле ёлканы бурын көрмеген екен. Ол Едиге ағайдың көтерип киятырғаны не екен дегендей көзин алмай қарап тур.

— Апа, ёлка деген усы ма? Жақсы болады екен ғой. Бул енди бизиң үйде өсип, тура ма?—деп аўзыжағы тынбады.

— Зарийпа,—деди Едиге. — Орыслар айтқандай усы бир «ёлки-палки» ушын күйеўиң муз болып, қатып қала жазлапты. Қәне, буны тезирек үйге киргизип, жылытып ал. Дәслеп аяғындағы етигин тартып шешип алыў керек.

Етиги қақайып қалған еди. Ҳәммеси жабылып етикти тарта баслағанда, Әбиўталиптиң бет-аўзы жыйрылып, тисленип қалды. Әсиресе, балалары улы-пысылды болып тартып атыр. Тас болып қатып қалған телетин етикке екеўи кишкене қоллары менен жармасып, олай жулқыды, былай жулқыды.

— Ҳәй, былай турыңлар, былғаса бермей түўе, өзимақ шешемен—деп Зарийпа балларының ийнинен тартты. Бирақ, Едиге оған:

— Тийме оларға, Зарийпа. Ҳалын көрсин, қәне— деди сыбырлап ғана.

Себеби балалардың бар күшин салып шын ықласы менен жанлары ашып атырғаны Әбиўталиптиң оларға деген шексиз меҳрибанлығының нәтийжеси екенин Едиге жүреги менен сезип тур еди. Демек, баллардың да адам болып, бир нәрсени билетуғын болып киятырғаны енди. Әсиресе, кишкентайының ҳәрекети, қылығы жүдә



www.ziyouz.com kutubxonasi

қызық. Неге солай екенин белгисиз, Ермек әкесин папика дейтуғын болды. Оған ҳеш ким бундай деп айт деп үйретиен де жоқ, аўзына ең дәслеп түскен сөзлердиң бирин Ермектиң өзинше «дүзеп» айтқанын ҳеш ким елестирмеди де.

— Папика! Папика!—деп Ермек еңкейип әкесиниң тоңлап қалған етигин тартып қызарып кетти. Оның буйра шашлары көзине түсип, қалай да етикти тартып шешсем деген интасынан түриниң каталласып кеткенин көрип, ериксиз түрде күлкиң келип кетеди.

Әкесиниң етигин тек балаларының тартып шешкени жүдә мақул еди. Оның әдисин Едиге тапты. Соған дейин етиклер де бираз жибисип, енди Әбиўталиптиң аяғынан онша қыйналмай-ақ алыўға болатуғын еди.

— Қәне, дәрҳал мениң артыма шығып отырыңлар. Тап поезд сыяқлы дизилисип, бир-биримизди тартамыз. Даўыл сен мениң белимнен қапсыра қушақлап тарт, ал Ермек, Даўылдың белинен тарт. Әбиўталип, Едигениң ҳийлесин түсиниип, жыллыда жибиген қыраўдан көзи жасаўрап, басын ырғап күлимсиреди.

Едиге, Әбиўталиптиң қарсы алдына барып отырды, балалар оның артына дизилисип отыра бергенде, Едиге етикти тарта баслады.

— Ал, қәне балалар, қаттырақ тартың. Болмаса бир өзим шеше алмайман. Күшим жетпейди. Қәне, қәне Даўыл, Ермек! Қаттырақ!

Балалар бар күшин салып, күшенип атыр. Едиге жортаға күши жетпей атырғандай түр билдирди. Зарийпа оларға хошамет берип турды. Дәслеп бир етик шешилген ўақта балалар шад болып күлип жиберди. Зарийпа күйеўиниң аяғын жүн орамал менен ысқыламақшы болып умтылып еди, Едиге ҳәммени тоқтатты:

— Ҳаў, Зарийпа, балалар, екинши етикти ким шешеди! Бул не қылғанларыңыз? Ямаса әкеңиздиң бир етигин шешип, бир етигин шешпей-ақ муздай етиктиң ишинде усы турысына қалдыра берейик пе. Бул болмайды.

Ҳәммеси де ғарқылдап күлисип жиберди. Бираз ўақыт күлисти, ҳәтте балалар жерге аўнап жатып күлди. Әбиўталип те күлди.

Ким биледи, тап сол мәҳәллерде Боранлыдан жүдә алыс-алысларда Әбиўталиптиң үстинен тағы арза ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сип, сол арза буның үйинде, ҳәттеки Боранлы дегел разъездди де оны түўе түсинде де көрмеген биреўлердиң қолына тийип, оның тәғдирин сол арза бойынша ҳәл етип қойған шығар. Ким биледи, деп ойлады Едиге талай мәртебе усы бир жумбақтың сырын билгиси келип.

Жаманлық аспаннан түскендей бирден сап ете қалды... Едиге бундай ислерде тәжирийбели, ҳийлекер болмаса да кеўли бир жаманлықты сезгендей болып еди.

*Бирақ, гүманланғандай ирети де жоқ* еди. Ҳәрдайым жылдың ақырына таман разъездке участкалық ревизор келеди. Сөйтип график бойынша разъездден—разъездке, станциядан—станцияға өтип, бир-еки күн болады да, *айлықтың қалай берилип, материаллардың қалай* жумсалып атырғанын, тағы басқаларда тексерип, разъездлиң баслығы ҳәм рабочийлардың бирли-ярымының қатнасыўы менен бирликте акт дүзип, қол қойысып, өткинши поездлардың биреўине минип кете беретуғын еди. Разъездде әнки-тәнкисин шығарып тексергендей не бар дейсең? Ирстинде бундай актларға Едигениң өзи де қол қойып жибереди. Бул сапары келген ревизор Боранлыда үш күн болды. Ол разъездиң ең үлкен, жайы, ягный байланыс аппаратлары бар баслықтың кабинетинде түнеп жүрди. Разъездиң баслығы оған үйинен емпеңлеп шай тасыды. Бир мәрте ревизор отырған жерге Едиге де барып қалды. Биреў папиросты қысқытып қағазға үңилип отырған екен. Едиге оны бурыннан келип жүрген таныс ревизорлардың биреўи шығар деп ойлап еди, олай емес екен, бунысы бийтаныс көринди. Қызыл бет, тислери сийрек, көз әйнекли, *шашлары да ағарып қалған биреў* екен. Көзлеринде ерсилеў күлки излери де сезилеме, қалай-қалай?

Геўгимде оған тағы жолығып қалды. Едиге жумыстан қайтып киятыр еди, қараса ревизор өзи жатырған жайдың алдындағы фонарьдың сәўлеси *астында, арман-берман* гезип, самаллап жүр екен. Пальтосының тери жағасын көтерип алыпты, басында тери малақай, көз әйнеги жылтырайды. Папирос шегип, аяғының астындағы, қумды ғыпырлатып басып, әллеқандай бир қыялта берилген сыяқлы көринеди.

— Кеш жарық. Папирос шегейин деп шықтыңыз ба? Шаршаған шығарсыз?—деди Едиге оны аяғандай болып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әлбетте,—деди ол мыйық тартып. — Аңсат емес, —деп тағы мыйық тартты.

— Өзим де солай шығар деп едим-аў,—деди де қойды Едиге.

— Ертең азанда қайтаман,—деди ревизор. — Он жетинши поезд сәл иркилип өтеди ғой. Соған минип аламан,—деп тағы мыйық тартты. Даўысы қыйпалып шығып атырғандай, мөлерген көзлери де сығырайып, тур түсинди тиминскеленип қарайды. — Сөйтип, Едиге Жангелди деген сиз боласыз ба?—деди соның арасында ревизор.

— Аўа, соның өзи мен.

— Мен де солай шығар деп едим, түтинди симирип тартып, сийрек тислериниң арасынан шығарып жиберди. — Бурын урысқа қатнасқансыз. Бул разъездде қырық төртинши жылдан бери ислейсиз. Темиржолшылар сизди Боранлы Едиге дейди екен.

— Айтып турғанының бир де ғәлети жоқ,—деди Едиге ақ көкиреклик пенен.

Бул адамның өзи туўралы көп билетуғыны Едигеге бир жағынан унаса, бир жағынан буған буның бәрин биле бериўдиң не кереги бар екен, деп таңланайын деди.

— Мен еситкен-көргенлеримди умытпайман,—деп тағы мыйық тартты ревизор. Едигениң ҳайран болып турғанын сезип қойғандай. — Сизлердеги Қутыбаев қусап, мен де бир нәрселерди жазғанды тәўир көремен,—деп Қутыбаевтың үй бетине қарай ийегин көтерип, темекисиниң түтинин бурқыратып, үплеп жиберди. Әбиўталип әлеттегидей жақты шығып турған әйнектиң алдында басы қылтыйып жазыў жазып отыр еди.

— Үш күннен бери қарайман тынбастан жазады екен. Билемен. Өзим де сондайман. Бирақ, қосық жазыў менен шуғылланаман. Депоның көп тиражлы газетасында ай сайын қосықларым шығып турады. Онда өзлеримиздин әдебий кружогымыз бар. Кружокты өзим басқараман. Областьлық газетада да басылып турады —бир мәрте Сегизинши март, бир мәрте быйылғы Биринши май байрамында шықты

Олар үндемей қалды. Едигениң оған «қайырлы түн» деп үй бетине кеткиси келип тур еди, ревизор тағы сөйледи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол не, Югославия туўралы жазып атырмекен?

— Ырасын айтсам, не жазып жүргенин биле бермеймен,—деди Едиге. Солай шығар, соянқта партизанлық еткен ғой. Өзиниң балалары ушын бирнәрсе жазып жүрген көринеди.

— Еситтим. Әбиловтан сорап билдим. Өзи де пленде—тутқында болған қусайды. Бир жыллары муғаллим де болған екен. Енди өзин қәлемниң күши менен бир танытайын деп жүрген шығар деп ревизор,—шыйқыллдап күлип жиберди.

— Аңсаттай болып көринген менен бирақ, қыйын нәрсе бул. Мениң де үлкен бир нәрсе жазғым келип жүр. Урыс, тыл, мийнет туўралы жазбақшыман. Бирақ соған ўақыт жоқ. Бирдейине усындай болып командировкада жүргеним.

— Ол да тек түнде жазады. Күндиз жумыста болып, қолы тиймейди,—деди Едиге.

Олар тағы үндемей қалды.

— Жазып атыр, жазып атыр, сирә басын көтерейин демейди-аў, деп ревизор, Әбиўталиптиң әйнектиң алдындағы сүлдерине қарап турып, тағы шыйқыллдап күлди.

— Қарап отырғанша бир нәрсе менен шуғылланыўы керек ғой, адам деген,—деди Едиге оған.— Өзи саўатлы адам. Ҳешким мәлел бермейди. Әтирап тым-тырыс. Жазбай не қылады.

— Ҳә, әне, бул да идея. Әтирап тым-тырыс, мәлел бергендей ҳешнәрсе жоқ,—деп ойланып қалды ревизор, көзин сығырайтып.— Әтирап тым-тырыс, ол болса емин-еркин, бул да идея. Әтирап тым-тырыс, ол болса емин-еркин, өз бетинше...

Усының менен олар хошласып дағысты. Ертеңине Едиге сол ревизор менен ушырасқандағы болған әңгимени Әбиўталипке әне айтарман, мине айтарман деп жүргенде, арадан бираз ўақыт өтип, суўысып, соңынан биротала умытып кетти.

Қысқа қарай жумыс та басыңнан асып кетеди. Ең баслысы Қаранар кәҳәрине минип киятырған еди. Малдың өзи мал болғанда—мал ийесиниң машақаты деп усыны айтса болар! Қаранар жас атанша ретинде буннан еки жыл бурын жараған еди. Бирақ, ол ўақытлары онша биймазашылық етип жарай коймағанлықтан, оны

қалай болмасын даўысты көтерип бақырып, жекиринип «тәйит!» деп қәҳәрин басыўға болатуғын еди. Оның үстине Боранлыдағы түйе атаўлының хожасы, Қазанғаптың ғарры буўрасы өзин Қаранарға бассындырып, еркте бөре қоймады. Ол Қаранарды аяғы менен тартып, аўыз салып, шайнап таслағысы келип, әрўаналар менен ингенлерге жолатпады. Бирақ дала кең, әйтеўир. Бир жағынан қуўып жиберсе, екинши жағынан жетип барады. Сөйтип, ғарры буўра оны күни менен қуўалап ақырында шаршайды. Әне сондай ўақытлары жаңа күшине толысып киятырған Қаранар омыраўлап барып, бәрибир гөзлеген мақсетине ерисетуғын еди...

Бирақ быйыл, қыс түсип, суўық басланыўдан-ақ жоми түйе әўладының тәбият нызамына сәйкес гүйлеўине байланыслы Боранлыдағы барлық түйелердин үйирин Қаранардың өзи бийлеп алған екен. Қаранар күш-ғайратқа толып-тасып, әйне шағына келипти. Қазанғаптың ғарры буўрасын бир тепкенде жар астына қалай болса солай ҳарлатып қуўып салып, арашалайтуғын ҳеш ким жоқ елсиз далада аяғы менен тарып, нуқып, аўыз салып, имши етип шайнап таслайтуғын әдетти шығарды. Тәбияттың бул заңы мүлтиксиз иске асыўы керек еди—ендиги тухым қалдыратуғын гезек Қаранардики болды.

Усының себебинен Қазанғап бир сапар Едиге менен биринши мәрте қатты сөздиң басына барысып, мәлеллесип қалды. Қазанғап жардың астында өлимши болып жатырған өзиниң буўрасын көрип, шыдамай кетти. Өристен қатты қапа болып келип Едигеге ҳазарланып кийликти:

— Малына ийелик ете алмайсаң ба? Сениң не қылып жүргениң бул? Ал, оларды ҳайўан-дейик, сениң менен биз адамбыз ғой! Сениң анаў Қаранарың мениң буўрамды шала жансар етип таслапты. Сен болсаң оны өз байдалына—далаға жиберип қойыпсаң!

— Мен оны жиберген жоқ едим, Қазеке. Өзи кетип қалыпты. Енди маған оны қалай иркип тур дейсең? Шынжырлап қой демекшимисең? Шынжырды да үзип кетеди. Өзиң де билесең: «күш атасын танымайды» деп бурынғылар бийкар айтпаған. Енди буның нәўбети келген шығар.

— Ҳә, сен соған қуўанып жүр екенсең ғой. Бирақ,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сабыр етип тур ҳәзирше, еле көрмегенинди көрсетеди ол саған. Мурнына мурындық салып ал десем, сен оны аяп жүрсең. Еле оның изинен қуўып, жылап жүрстуғын мәҳәллерин алдында. Ондай ҳайўан бир үйир иигенлер менен тыныш тауып тура қоймас. Ол еле пүткил Сарыөзектиң бууралары менен шайнасып, адақлап шығады. Оны енди ҳеш нәрсе менен иркип те тура алмайсаң. Сол ўақытта мениң усы айтқанларым есиңе бир түсер...

Едиге, Қазанғапты ҳүрметлейтуғын болғанлықтан гәпти көбейте бергиси келмеди, улыўма алғанда ол дурыс айтып тур еди. Сонлықтан бул пәсине қайтып:

— Боталық ўақтында еншиге берген өзиң, енди маған несине бақырасаң. Яқшы, оны бир есабын таўып, жеңге түсириўдиң илажын ойланып көрейин деп мыңғырлады.

Бирақ Қаранар сыяқлы турпаты келискен түйениң (сынын бузып) мурнын тесип, ағаштан мурындық салыўға тағы қолы бармады. Соңғылығында Қазанғаптын айтқаны келип Қаранардың патыратынан талай мәртебе ашыўға минип, қәҳәри келгенде, енди сениң сазайынды беремен, деп ант-суў да ишти. Бирақ, сонда да түйеге тиймеди. Бир сапары пиштирип тасламақшы болып еди, тағы да (жеме-жемеге келгенде) шыдамы жетпеди. Сөйтип жыллар өте берди, ал жыл саньи қаңтардың аязы сықырлаған ўақта, қаны қызып, жаран жүрген Қаранарды излеўдиң ҳәлекшилиги басланады.

Бәри де сол жылы қыстың күнлери болды. Еле есинде Қаранардың ҳәлекшилигине түсип, оны бәнт етип, қамап қоятуғын қора ислеп жүргенде, Жаңа жылда таялып келип қалды. Қутыбаевлар да ёлка деген бир нәрсени тапты. Бул Боранлыдағы барлық балаларға уллы байрам—үлкен ермек болды Үкибала да қызларын ертип барып, Қутыбаевлардың үйинен шықпайтуғын еди. Азаннан кешке дейин ёлканың кемис-кутығын дүзеп жәрдемлеседи. Жумысқа кетип баратырып та, қайтып киятырып та, Едиге де Қутыбаевлардың үйине қайырылып ёлкасын көрип кетпесе кеўли кеншимейтуғын болды. Ёлка да күннен-күнге шырайланып, оған ҳәр қыйлы иреңдеги ленталар байланып, қолдан соғылған қуўыршақлар қыстырылды. Әсиресе, Зарийпа менен Үкибала балалардың қуўанышы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ңа бола бар шеберлигин салды. Мәселе тек, ёлкада *емес, ҳәркимниң алдынан күткен жақсы нийети, әрман* тилеги бар, иске асар аспаса әйтеўир үмитсиз шайтан ғой. Мәселе. Жаңа жылда жақсы тилекте болыўда.

Әбиўталип буның менен де қоймады, балаларды үйдиң алдына шығарып, қарды дўмалатып, қарбаба соға баслады. Едиге дәслеп оларды иси еригип жүргенликтен солай шығар деп ойлап еди. Соңынан бул иске ол да сүйсиниш кетти. Адамның бойындай етип қардан сoғылған сүлдердиң көриниси күлкили, көз-қараслары көмирден, мурны қызыл, аўызы ашылып күлип турғандай еди. Басына Қазанғаптың тозып қалған гөне малақайын кийгизипти. Сол қоддинде ол разъездиң алдында зеңирейип, өткен-кеткен поездларға қарап турыпты. Бир қолында «Жол ашық» дегендей жасыл байрақшасы, екинши қолында: «1953-жыл қутлы болсын!»—деген кишкене тахтайға жазыўлы тилегиде бар. Жүдә қызық болады да. Сол қарбаба 1-январьдан кейинде, бираз ўақытқа дейин қуламай турды...

Өтип баратырған гөне жылдың соңғы 31-декабрьинде Боранлының балалары азаннан кешке дейин ёлканың әтирапында болды. Жумыстан дежурныйлықтан қолы босаған үлкенлер де келди. Сонда Әбиўталип, Едигеге балаларының таң сәҳәрден баслап еңбеклеп, төсегине келип, оны оятпақшы болғанын, бул болса жортаға уйықлап жатқанын қызық етип айтып берди.

— Түргел, папика түргел,—деп Ермек жулқылайды.— Ҳәзир Аязбаба келеди. Жүр, күтип алайық,—дейди.

— Яқшы, ҳәзир,—деймен.— Ҳәзир турамыз, жуўынамыз, кийинемиз, сөйтип кетемиз. Өзи де келемен,—деп қалып еди оның.

— Қайсы поезд бенен?—деп сорайды үлкени.

— Қәлегени менен,—деймен. Аязбабаға барлық поездлар да, ҳәтте бизиң разъездде тоқтай береди.

— Ондай болса тезирек түргелейикте!

Сөйтип, сазланып, ырасымыз бенен баратуғын болып, далаға шықпақшы боламыз.

— Апамды не қыламыз?—дейди Даўыл.— Оның да Аязбабаны көргиси келеди ғой.

— Әлбетте,—деймен.— Сөйтпесе болама. Оны да шақыр. Ҳәммемиз жыйналып далаға шықтық. Балалар



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдыма түсип, дежурный комнатаға қарай жуўырысып кетти. Бизлер олардың кейнинен... Балалар кеңсени айланып жуўырысып жүр. Аязбаба—болса жоқ.

— Папика, Аязбаба қайда?—деп Ермектиң көзи жаўтаңлайды. Ҳәзир деймен.—Асықпаңлар. Дежурныйдан сорап билейин. Кеңсеге кирдим. Кеше Аяз бабаның атынан хат жазып, балаларға арналған сыйлықты жасырып кеткенимен. Соны алып шығып едим, балаларым бас салып:

— Папа, не болды?—дейди.

— Әттегене-ай,—дедим.—Мине, Аяз баба сизлерге арнап хат жазып таслап кетипти. «Қымбатлы балалар,—Даўыл менен Ермек! Мен сизлердиң атақлы Боранлы деген бәндиргиңизге таң азаңғы саат бесте келип түсип едим. Сизлер еле уйықлап жатыр екенсизлер, күн жүдә суўық екен. Мен өзим суп-суўықпан. Сақалым да муз болып қатып қалыпты. Поезд тек еки минут ғана тоқтайды екен, соның ушын сизлерге тек хат жазып, мына сыйлықты қалдырып үлгердим. Қапшықтың ишинде барлық Боранлының балаларына бир-бир алмадан, еки ғозадан сыйлық бар. Өкпелемең балалар. Алдымда еле мениң баратуғын жерлерим көп. Басқа балаларға да барып үлгериўим керек. Олар да мени күтип жүр ғой, ақыры. Ал, келеси жылы сизлер менен қалай болмасын ушырасатуғын болып келиўге күш саламан. Ҳәзирше саў болыңлар. Сизлерди сүйиўши Аязбаба», «Тоқта-тоқта, тағы да мына бир жазыў бар екен. Асығып шала-пала жазыпты. Шамасы, поездан қалып қоярман деп асыққан шығар. Ҳә жаңа түсиндим, былай деп жазғап екен:» Даўыл сен күшигиңди урма. Сен оны бир ирет галош пенен урған екенсең, оның қатты қаңсылағанын мен де еситтим. Соннан бери оның даўысы шыққан жоқ. Сирә, сен оны қайтып урмаған шығарсаң. Сөзим тамам деп тағыда—Аязбабаң». Тоқта-тоқта, мында тағы бир шыжбайлағаны бар екен ҳә, түсиндим: «Сизлер соққан қар баба жүдә жақсы екен. Бәрекелла балалар! Мен оның менен қол алысып сәлемлестим».

Балалар ырасы менен қуўанды. Аяз бабаның хатына шын кеўилден исенди. Сонлықтан ҳеш қандай өкпе-гийне болған жоқ. Тек үйге, ишине сыйлық са-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лынған қапшықты ким арқалап барады, деп таласып қалды. Анасы оның да есабын тапты.

— Дәслеп он адым жерге шекем Даўыл алып жүрсин, оннан кейин он адым жерге дейин сен көтересең Ермек. Сен кишкентайсаң,—деди Зарийпа.

Буны еситип Едиге кеңкилдеп күлип жиберди: «Солай болыўы керек-дә. Олардың орнында болғанда мен де исенер едим».

Оның есесине күндиз балалардың ең жақсы көретуғыны Едиге болды. Ол балаларды шанаға мингизди. Қазанғаптың гөне бир шанасы жатырған еди. Қазанғаптың жуўас бир түйесиниң мойнына күшен менен қамыт салып, оны шанаға жекти. Бундай шанаға Қаранарды қосыўға әлбетте, болмайды· Сөйтип жуўас түйени қосып балаларды шанаға мингизип айдап кетти. Тамаша деген сондай-ақ болар. Едиге шана айдаўшы болды. Балалар үймелесип, бәри де оның қасына отырғысы келеди. Бәри де «Тезирек, тезирек»! деп бақырысады. Әбиўталип пенен Зарийпа гә шана менен қатарласып, гә изде қалып жуўырып жетип алады. Тек ойлаў жерге сырғанап баратырғанда ғана шананың ернегине жабысып отырады. Бәндиргиден еки шақырымдай алыслап кетип қырға шығып, соннан төмен қарай зырғытады. Шанаға қосыўлы түйе алқынып қалады. Олар бираз демлерин алды.

Ҳаўа райы да ашық-күн жақсы еди· Аппақ қарға көмилген Сарыөзектиң даласы көз жетип, қулақ еситер жерге дейинги әлем жаңа пайда болғанындай болып, жым-жырт болып жатыр. Бәлент-пәсли, ойлы қырдың бәри қар астында қупыя түрде жасырынып атырғандай болып қалған еди. Сарыөзектиң аспаны шийшедей тынық, түс мезгили. Ебиндей самал бетти аймалап есип тур. Қулаққа еркелегендей сес сәл-пәл гүўлейди. Ал, алдыңғы тәрепте темир жол менен еки паровоз, еки трубадан түтинлерин буўдақлатып узыншубай созылған қызыл қоңыр вагонларды сүйреп баратыр. Паровозлардың буўдақланған түтини аспанда созылып, илинип қалғандай, ҳаўаға әсте сиңип тарқап кетеди. Семафорға жақынлағанда алдыңғы паровоз гүнирендирип, созып сигнал берди. Сигналын еки ирет қайталады. Тоқтамай өтетуғын скорый поезд екен. Жүрисин пәсейтпестен усыншама кеңисликтей



www.ziyouz.com kutubxonasi

жер жетпегендей, темир жолға ебетейсиз жарбыйысып турған бес-алты үйдиң тусынан өкирип, гүўлеп өтип кетти. Соннан кейин қайтадан жым-жырт өли тыныншлық орнады. Сылт еткен сес жоқ. Тек Боранлының үйлериниң моржаларынан көгис түтин түтилген жүндей қобырайды. Шанадағылар да тым-тырыс болып қалыпты. Ҳәтте бақырысып ойнаған балалардың өзлери де үнлемейди. Зарийпа тек күйеўине ғана еситилетуғындай гүбирлеп:

— Қандай жақсы, қандай қорқынышлы деди.

— Дурыс айтасаң,—деп Әбиўталип оның гәпин мақуллады, даўысы муңлы түрде.

Едиге оларға бурылып қарамай көз қыйығын салды. Ерли-зайыплы екеўи бир-бирине жүдә уқсас екен. Зәрийпаның жаңағы сыбырлысы Едигеге арналмаса да оның жүрегине тикендей қадалды. *Түтини буўдақлаған* кишкене үйлерге Зарийпаның сондай бир аяныш ҳәм ҳүрей менен қарап турғанын ол бирден түсинди. Едиге оның қайғы-*ҳәсиретин ҳеш қандай* жеңиллете алмайтуғын еди.

Едиге қосыўлы турған түйеге «шуў» деп дыр силтеди. *Шана кейинге*—разъездке қарай зырғып кетти.

1953-жылы 5-январь күни азанғы саат онда алдындағы жолдың ашық болыўына қарамастан, жолаўшылар минген поезд Боранлы разъездиниң тусына келип иркилди. Бул поезд бурынлары ҳеш қандай егленбестен, гүўлеп өтип кететуғын еди. Поезд тек болғаны бир ярым минуттай тоқтады. Шамасы, усының өзи-ақ жеткиликли еди. Дизилискен вагонлардың биринен бәри бирдей қап-қара бир қыйлы текеки етик кийген үш адам түсти де, егленип турмастан, кеңсе бетке қарай жүрди. Олар жән-жағына аланлап қарамастан, исенимли түрде үнлемей келе берди. Тек қолына қыстырылған тахтайға; Жаңа жыл қутлықлаўы қыстырылған қардан соғылған адамның қасында сәл-пәл иркилди. Үндеместен тахтайдағы жазыўға үңилип, оның басына кийгизилген Қазанғаптың гөне түлки малақайына қарасып алды. Соның менен олар кеңсеге кирип келди.

Азғана ўақыттан кейин разъезд баслығы Әбилов иштен тысқарыға қарай қапыдан атлығып шықты. Ҳаўлығып баратырып қардан соғылған адамға дүгисип қала жазлады. Оны сөгип жиберди де, бурын ҳеш болып жүрмеген дәрежеде албырап, жуўырып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетти. Он минутлардан кейин ол жумыс ислеп атырған жерине Әбиўталип Қутыбаевты асығып излеп таўып алып, ентигип жетип келди. Әбиўталиптиң түринде қан қалмай, аппақ болып кеткен екен. Малақайын қолына қысып алыпты. Әбилов, Әбиўталип пенен бирге кеңсеге кирди. Соның арасында дәрҳал текеки етикли еки адамның бақлаўы астында Әбиўталип кеңседен шығып, ҳәммеси қатарласып, Қутыбаевлар тура-турып бараққа қарай жүрди. Ол жерден де көп егленбей тез шықты. Жаңағы текеки етикли адамлар сол үйден алынған әллеқандай қағазларды қамтымлап Әбиўталиптен бирелиде ажырамастан, олар кеңсеге қайтып келди.

Буннан соң ҳәмме тым-тырыс болды да қалды. Кеңсеге ҳешким кирмеди де, қайтып ҳешким шықпады да.

Болып өткен бул ўақыяны Едиге, Үкибаладан еситти. Үкибала, Әбиловтың дыққатлап тапсырыўы бойынша, төрт шақырым қашықлықта, сол күни жол оңлап атырған адамларға қарай жуўырып кеткен еди. Ол Едигени шетке шақырып алды да:

— Әбиўталиптен сораў алып атыр, — деди

— Ким сораў алып атырған?

— Билмеймен. Келген биреўлер қусайды. Әбилов айтты: егер олар сени қыйнап сорамаса, Жаңа жылда Әбиўталип ҳәм Зарийпа менен бирге болғанымызды айтпай-ақ қойсын деди.

— Онда турған не бар екен?

— Билмеймен. Әбилов усындай деп айтты,—деп өтиниш етти. Саат екиде кеңсеге келсин деди. Әбиўталип туўралы сеннен де бир нәрсе сорап билмекши қусайды.

— Нени сорап биледи?

— Мен қайдан билейин. Әбиловтың ҳүрреси ушып кетти. Келди де олайда-былай, Едигеге усыны айт деди. Соннан мен саған қарай жуўырдым.

Саат екиге жақын онысыз да Едиге үйине түсликке қайтты. Жолда киятырып та, үйине келгеннен соң да «бул қалай болды?», «Бул қалай болды» деген жуўабы қыйын саўал оны қыйнай берди. Ол өзин қыйнаған бул саўалға жуўап таба алмады. Баяғы тутқында болғаны ушынбекен? Оны сол ўақытта-ақ тексерген ғой. Тағы не керек екен? Едигениң кеўлиц бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

гүрли болып, тынышсызлана баслады. Алдындағы табақта турған кеспастан бир-еки қасық уртлады да, бырайырақ ысырып қойды. Саатына қарады. Екиге бес минут қалып еди. Екиге шақырды ма, демек екиде барыўы керек. Ол үйинен шықты. Кеңсениң алдында Әбилов арман бир барып, берман бир келип, тынышсызланып жүр екен. Бийшарасы шығып, ийни түсип, пөпеги жатып қалыпты.

— Не болды? — деп сорады оннан Едиге

— Аўҳал қоржынласты, Едиге,—деди ол қапы бетке жалтақлап қарап. Оның еринлери дирилдеп кетти. — Қутыбаевты қамаққа алды.

— Не ушын?

— Үйинен жазыўға қадаған етилген жазыўлар табылыпты. Түни менен бир нәрселерди жазып отыра беретуғын еди ғой. Оның жазып отыратуғынын ҳәмме де биледи. Сол жазыўлар басына жетти.

— Ҳаў, оны ол өзиниң балалары ушын жазып жүр еди ғой.

— Билмедим. Билмедим ким ушын жазып жүргенин. Мен ҳеш нәрсе билмеймен. Бар, сени күтип атыр.

Қабинет деп аталған разъезд баслығының бөлмесинде, оны жас шамасы жағынан өзи менен қатармекен, әлле сәл кишилеўмекен, неде болса, отыздың майданындағы дембелшеден келген, қабақ бас, шашы тикирейген биреў күтип отыр екен. Қыялға қатты қашып отырғанлықтан, домбайлаў мурнының үсти тершип, бир нәрсе оқып отыр. Ол мурнын орамалы менен сыпырып, түнерген маңлайын жыйырды. Соннан баслап, ол пүткил әңгимелесиў ўақтында мурнын тынбай сыпырды да отырды. Столдың үстинде жатырған бир қуты «Қазбек»тен узын бир дана папирос алды да, оны бармағы менен сәл уўқалап, алыстырып, қапы бетте турған Едигеге ийтелгиниң көзиндей сарғыш көзин қадап, қысқа ғана етип:

— Отыр, — деди.

Едиге столға жақын турған түбиреткиге отырды.

— Қәне, ҳеш қандай гүман болмаў ушын,—деди де ийтелги көз гражданлық формадағы кителиниң төс қалтасынан қоңыр түсли ҳүжжетин алды. Оны бир ашып көрсетти де, жылп еттирип тартып алып атырып: «Таңсықбаев» деди ме, әлле «Тысықбаев» деди



www.ziyouz.com kutubxonasi

ме әйтеўир бир гүңк етти. Едиге оның фамилиясын да дурыслап есите алмай қалды.

— Түсиниклн ме?—деп сорады ийтелги көз.

— Түсиникли — деўге мәжбүр болды Едиге.

— Ондай болса иске кирисейик. Сени Қутыбаевтың ең жақын досты, жолдасы деседи?

— Мүмкин, солай шығар, ал не қылыпты?

— Мүмкин, солай шығар, — деп қайталады ийтелги көз казбектиң түтинин симирип, еситкен сөзин анық түсингиси келгендей. Мүмкин солай шығар. Солай депақ айтайық. Түсиникли.—Усыны айтты да ол, бирден мырс етип күлип, бир рәҳәтке бататуғындай әйнектей суўық көзлеринде ләззетлениўдиң тәсири сезилди. Ал, ҳүрметли достым, қалай енди, жазып атырмыз ба?

— Нени жазып атырмыз ба?—деп Едиге гибиртиклеп қалды.

— Мен оны сеннен сорап турман.

— Мен түсинбей атырман, гәп не ҳаққында өзи?

— Япырмай-ә Ойланып көр, қәне?

— Түсинбедим, гәп не ҳаққында өзи?

— Қутыбаев не жазып жүр екен?

— Билмедим.

*О неге билмейсең? Ҳәмме биледи, ал сен билмейсең?*

— Оның бир нәрселерди жазып жүргенинен хабарым бар. Ал, оның не туўралы жазып жүргенин қайдан билемен. Мениң онда не жумысым бар? Биреўдиң жазғысы келеме-мейли, жаза берсин. Оның менен кимниң иси бар?

— Оның менен кимниң иси бар дегениң қалай? — деп ҳайран болған ийтелги көз силкинип, Едигениң, қос өкпесинен өтип кететуғындай етип тесирейип қарады. —

Демек, ким нени қәлесе, соны жазып жүре бериўи керек пе? Ол сени соған исендирди ме?

— Ол мени ондайға исендирген жоқ.

Бундай ғыйбат сөзлерден Едигениң пәти қайтып, ийни түсип отырып қалды. Оның бир ҳайран қалған нәрсеси әтирaптың бәриниң сол турсында өзгермегенлиги еди. Тап ҳеш нәрсе болмағандай. Әйнекке қарап еди, Ташкент поезды жылт етип өтти де кетти. Сол ўақытта ол вагонларда отырғанларды бир неше секунд



www.ziyouz.com kutubxonasi

көз алдына келтирди- ҳәр ким өз жумысы, өзи иси менен жол жүрип баратыр, биреўлери шай, биреўлери арақ ишип, сөйлесип отыр. Боранлы разъездине төбеден түскендей қайдан тап болғаны белгисиз мына бир ийтелги көздиң алдында телмирип отырған Едиге менен ол жолаўшылардың ҳеш қайсысының да иси жоқ. Сол ўақытлары жаны сызлап отырған Едиге кеңседен атылып шығып жаңағы поезды қуўып жетип, көз көрмейтуғын қулақ еситпейтуғын, дүньяның бир шетине қаңғырып кеткиси келди. Тек мына бир ийтелги көзден қутылса болды.

— Ал қәне? Сораўдың мәнисине түсиндиң бе? — деп даўам етти ийтелги көз.

— Түсиндим, түсиндим,—деди Едиге.—Тек мениң бир нәрсени билгим келип отыр. Бул оны өзиниң балаларына естеликке қалдырыў ушын жазбақшы болып жүр еди ғой. Урыста тутқынлықта партизанлықта қалай болғанын, не билип, не көргенин айтпақшы еди. Онда турған не жаманлық бар.

— Балалар ушын дейсең бе! — деп жекиринди анаў. —Буған ким исенеди! Шаппаттай балалар ушын ким сондай нәрсени жазып бас қатырып отырды. Сен ондай ертегиңди қой маған! Мине, тәжирийбели душпанның ҳийлеси. Дөгерек жым-жырт, бақластыратуғын ҳеш ким жоқ. Бир меңиреў далаға келип тығылып, енди ол естелик жазатуғын болып па!

Жазғысы келсе, жаза берсин. Өзиниң көўлинде жүрген ойларын өзинше бир айтқысы келген пикирлерин, балаларым үлкейгенде оқысын деген шығар.

— Ол қандай өз пикири тағы да. Бул не масқарашылық? — деп ийтелги көз биреўди айыплап атырғандай басын шайқап, суўық демин алды. Өзиниң көўлинде жүрген ойлары, өз сөзи деген не бәле? Өзиниң жекке пикир ойы ма? Солай ма? Айрықша өз пикири ме, солай ма? Оның ҳеш қандай өз пикири жоқ. Қағазға түскен пикир тек өз пикири болмайды. Қәлем менен жазылғанды балта менен шаўып қурта алмайсаң. Ҳәр ким өз бетинше ой-пикир айта берсе қалай болады? Тапқан екенсең май быламықты. Мине, оның «Партизан дәптери» деген нәрсеси, мине темасы—бағдарына қара: «Югославиядағы күн менен түнлер» мине көрдиң бе! — деп ийтелги көз қалың-қалың үш шатыраш дәптерди столдың үстине тарс еттирип таслады. Ақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

мақшылық бул! Ал сен болсаң сол достыңа жаның ашып жақсылық еткиң келеди. Ал, биз болсақ оны әшкараладық.

— Сизлер оның несин әшкараладыңыз?

Ийтелги көз түбиреткиниң арқасына шалқайып, ызалы түрде күлимсиреди. Шийшедей өткир көзлери кирпик қақпай бақырайып, усы ҳәрекетинен ләззетленип атырғандай табалап сөйледи.

— Несин әшкаралап атырғанымызды өзимиз билемиз, оның менен сениң исиң болмасын, — деди ҳәр бир сөзин салмақлап, оның Едигеге еткен тәсиринен кеўли толып. — Бул бизиң исимиз. Оны ҳәр кимге баянлап отырмайман.

— Онда биз билмедик,—деди Едиге албыраңқырап.

— Душпанлық көз қарастағы еске түсирнўлер ушын сазайын тартады ол, — деп ийтелги көз бир нәрселерди қағазға асығып жаза баслады.—Мен сени ақыллы киси, өзимиздиң адам шығар десем. Алдыңғы рабочий, урысқа қатнасқансаң, душпанды әшкаралаўға жәрдемлесесең.

Едиге қоқырайыңқырап, едирейди де, әстен, бирақ гүман қылмайтуғын етип, нықыртып былай деди:

— Мен ҳеш қандай қағазға қол қоймайман. Буны усы бастан айтып қояйын деген ўақта ийтелги көз бежирейиўи менен жалт қарап. — Бизге сениң қол қойғаныңның кепекке де кереги жоқ. Сен қол қоймаған менен жүдә бизиң исимиз пасыққа шығып қалады, деп ойлайсаң ба? Қәтелесесең, бирақ. Сен қол қоймасаң да оны қатаң жуўапкершиликке тартатуғын материаллар бизде жеткиликли.

Едиге бийшаралық ҳалға түскенин сезгенликтен, жығырданы қайнап отыра берди. Соған қарамастан мына жағдай менен келиспейтуғын қәҳәрлениўшилик Арал толқынындай лепирип, тула денесин жайлап баратыр еди. Бирден мына ийтелги көзди қутырған ийттей етип алқымынан буўындырғысы келип кетти. Оған күши жетпейтуғынына да исенеди. Урыста Едиге қылғындырып өлтирген фашисттиң мойнында буғаныкиндей жуўан еди Едигениң басқа илажы қалмағанлықтан усылай еткен еди. Душпанды бизиң әскерлер бекинген жеринен қуўып шығып атырғанда, траншеяның ишинде сол фашист пенен екеўи күтилмеген ўақытта бирден бетпе-бет ушырасып қалды. Сөйтип екеўи теке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиреске түсип, алысып атырғанда, бизлердики бир қапталдан граната ылақтырып, автоматтан оқ жаўдырып, окопларды тазартып болып, енди душпанды жапагармақай қуўалап, алға умтылған еди. Едиге менен алысқан анаў сирә соңғы патроны қалғанша атысқан пулеметчик болыўы керек. Оны қолға тирилей түсиргенде жақсы болатуғын еди. Едиге де солай ойлаған шығар. Бирақ анаў қанжарын жалаңлатып енди силтей бергенде, Едиге каскалы басы менен оның бет алдына дүрс еттирген ўақытта, екеўи жумбыршақланып қулады. Сөйтип алқымынан алыўдан басқа жолы қалмады. Анаў қырылдап булқынып, қоллары менен түсип қалған қанжарды шамалап излеп жанталасты. Жаўырныма пышақ қадап алар-аў деген пикир қас пенен көздиң арасында ҳүрейлендиргенликтен Едиге ыштқынып жиберип, бирден ҳайўанларша жигерленди де *жүзи қарайып, тислери ақшыйып кеткен душпанның* сиңирли мойнын аямай пәнжелеп қыса берди. Анаў тунщығып, жаны шыққанда путының арасына жайылып кеткен сидиктиң ащы ийиси мүңк ете қалды. Едиге сонда барып қурысып қалған бармақларын зорға жаздырып алды. Жүреги айнып, қайтарып жиберди де, ыңыраныўы менен көзиниң алды булдырап арман қарай тез-тез еңбеклеп кетти. Сол ўақта да, соннан кейин де, Едиге бул айқасты ҳеш кимге айтқан жоқ. Усы бир патырат гейде түсине енип шыққан күнниң ертеңине де ол қайда тығыларын билмей, өмирден безип кеткиси келетуғын еди. Ҳәзир сол сойқанды Едиге ҳүрейленип отырып есине түсирди. Бирақ мына ийтелги көздиң ҳийле ҳәм ақыл менен жеңетуғынын сезгенде, Едигениң жаны түршигип кетти. Ийтелги көз еле жазып отырғанда Едиге оның таққан айыпларының әззи жерин табыўға тырысты.

— Мениң бир нәрсени билгим келеди, — деди Едиге ғәзеби қайнап отырғанлықтан, тамағы қақырап баратырғанын сезип. Бирақ ол бул сөзлерди айтыў ушын өзин сабырлы болып отырыўға мәжбүрледи. — Мине, сен айтып отырсаң... Едиге оған қырсығына «сен» деди. Билип қойсын ақыры, Едигениң қорқып жалбырақламайтуғынын, Сарыөзектен асып қаяққа қуўар дейсең оны. — Мине, сен айтып отырсаң, — деп қайталады ол, — душпанлық нийеттеги еске түсириўлер деп. Буған қалай түсиниўге болады? Мениңше адам бурын



www.ziyouz.com kutubxonasi

болып өтип кеткен, ҳәзир жоқ нәрселердиң қашан ҳәм қалайынша болғанын есине түсиреди. Ямаса жақсы нәрсе болса еске түсирип, жаманларын умытып, ядқа алмаў керек пекен? Ҳеш ўақытта олай болмаған. Егер түс көрсең, сол туўралы еске түсириў керек пе, керек емес пе? Ал, егер көрген түсиң қорқынышлы, биреўге айтыўға қолайсыз болса ше?...

— Не деп отырсаң өзиң! Ҳим ишиңди шайтан жайлап кеткен бе деймен! — деп ҳайран қалды ийтелги көз. Талқылағанды тәўир көрип, айтысқың келип отырма. Усы қатардың данасы, жергиликли философы емес писең өзиң. Ал, қәне онда. Ол сәл-пәл үндемей турды да, гәпти арыдан баслаўға өзин сазлап алғандай болып:

— Тарийхый ўақыялардың уғымы менен турмыста ҳәр қыйлы жағдайлардың болыўы мүмкин. Қәйтип ҳәм қалайынша болатуғынының түри аз ба? Өткенди аўызша еске түсириў, сүўретлеў, әсиресе, оны жазатуғын болсаң, ҳәзирги талап бағдарында, ҳәзирги бизге керек талапқа сайбағыслап жаз. Бизге керек емес пайдасы жоқ нәрсениң ҳәммесин де еске түсириўге болмайды. Ал, егер буған көнбейтуғын болсаң, онда бизге душпанлық нийеттеги көз-қараста болғансаң.

— Мен буған келиспеймен, — деди Едиге. — Ондай болыўы мүмкин емес.

— Сениң келисимиң ҳеш кимге керек емес. Буны сөздиң жүйи келген соң айтып отырман. Сен сорадың, мен жақсылық пенен түсиндирдим. Улыўма алғанда мен сениң менен бундай етип салғыласып отырыўға миннетли емеспен. Яқшы енди сөзден иске өтейик. Қәне, маған айтып бер, Қутыбаев сениң менен сырласып, мәселен, алайық я бир арақ ишип отырғанда, саған қандай да бир англичанлардың атын айтқан жоқпеди?

— Оның не кереги бар еди? — деп Едиге ырасы менен таңланды.

— Кереги мынада.—Ийтелги көз Әбиўталиптиң «Партизанлық дәптер»иниң биреўин ашып, асты қызыл қәлем менен сызылған мына сөзлерди оқыды». «27-сентябрьде бизиң партизанлар орналасқан жерге англичанлар миссиясы—ўәкиллери бир полковник пенен еки майор келди. Бизлер олардың алдынан қатар ласып, марш пенен өттик. Олар бизлерди қутлықлады



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соңынан командирлер палаткасында түслик аўқат берилди. Оған югославиялылар арасында жүрген бир неше шет елли партизанларды да шақырды, арасында бизлер де бармыз. Мени полковник пенен таныстырған ўақта, ол мениң қолымды жүдә сыйласықлы түрде қысып, дилмаш арқалы мениң қаяқтан екенимди, бул жерге қалай өтип қалғанымды сорады. Мен қысқаша айтып бердим. Маған арнап вино қуйды, мен де олар менен бирге иштим. Соңынан тағы да бираз ўақытқа дейин сөйлесип отырдық.

Маған англичанлардың әпиўайылығы менен ашық кеўилли екенлиги унады. Полковник, бизлердиң фашизмге қарсы пүткил Европа болып жәмлесип бир-биримизге жәрдем бергенимиз уллы бахыт болды деди. Олай етпегенде Гитлерге қарсы гүрестиң аўыр болатуғынын, ҳәтте аўзы бирикпеген халықлар ушын оның ақыбетиниң қайғылы апатшылық пенен тамам болатуғынын ҳәм тағы басқаларды айтты». Усы дәлилди оқып болғаннан кейин, йителги көз дәптерди бир қаптал ысырып қойды. Сөйтип және бир дана «Қазбекти» тутандырып, сәл-пәл үндемей отырды да түтинин бурқыратып гәпин даўам етти: — Мәлим болыўына қарағанда Қутыбаев партизанлар арасында болмақ түўе, егер қаяқта жүрип шулғысада, Сталинниң даналығы болмағанда жеңистиң мүмкин емес екенлигин англичан полковнигине уқтырмаған. Демек, ол жолдас Сталинди қыялына да келтирмеген. Бул сениң санаңа жетпей ме?

— Мүмкин, ол бул туўралы айтқан шығар. Едигениң Әбиўталиптиң тәрепин шалғысы келди,—жазайын десе умытып кеткен шығар.

— Қәне, қаяқта оның айтқаны? Дәлиллей алмайсаң. Оның үстине биз Қутыбаевтың қырқ бесинши жылы югославиялы партизанлар арасынан берман қайтқан да тексериў комиссиясы ўақтында айтқанларын мына дәптердегилери менен салыстырып шықтық. Онда англичан миссиясы менен ушырасқаны көрсетилген. Демек, бунда бир сыр-патырат бар. Оның англия разведкасы менен бир байланысының жоқ екенлигине ким гүўалық бере алады?

Едиге тағы да қолайсыз жағдайда қалып, қыйнала баслады. Ол мына йителги көздиң неге ҳәм қаяққа қармақ таслап отырғанына түсинбеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қутыбаев саған бир нәрсе айтпады ма, англичанлардың атын атамады ма, қәне ойланып ядыңа түсир? Бизге сол англичанлар миссиясында болғанлардың ким екенин билиў жүдә керек.

— Олардың аты қандай болады екен?

— Мәселен, Джон, Кларк, Смит, Джек..

— Ялғаншыға шыққанлы берли ондайларды еситкен емеспен. Ийтелги көз ойланып түнерип кетти. Оған Едиге менен бул ушырасыўдың сәти түсиңкиремей турғанлықтан қанаатланбаған болса керек. Сонлықтан ол буннан соң ҳийлекерликке салып:

— Ол не қылып жүр өзи, қандай да бир мектеп ашып, балаларды оқытып жүр дей ме, қалай-қалай?— деди.

— Ол не қылған мектеп екен!—деп Едиге ызаға шыдай алмай ериксиз түрде күлип жиберди.—Өзиниң еки баласы бар. Мениң де еки қызым бар. Мине, сол. мектеп. Үлкенлериниң алды бесте, кейни үш жаста. Балаларымыздың баратуғын жери жоқ, әтирап қуў тақыр-шөлистан. Демек, балаларына ҳәрип-сәрип, үйретип тәрбиялап атырған. Мен айтсам, өзи де ҳаялы да бурын муғаллим болып ислеген. Китап оқып береди, сүўрет салдырады, жазыў-сызыўды, санаўды үйретеди. Мине, мектеп деген сол.

— Олар қандай қосық айтады?

— Ҳәр қыйлы. Балалардың қосығы. Ядымда жоқ.

— Балаларға не үйретеди? Не жазады олар?

— Ҳәриплерди. Қәдимги әпиўайы сөзлерди.

— Мәселен, мысалы қандай сөз?

— Қандай болатуғын еди! Мениң ядымда тура ма?

— Мынадай! — деп ийтелги көп қағазлардың арасынан балалардың қолы менен оқыўшының дәптеринен бир бет қағазды алды.—Мине, көрдиң бе, бала биринши сөзди «бизиң үй» деп жазған. Неге «бизиң жеңисимиз» деп жазбайды? Аўызға түсетуғын биринши сөз қандай болыўы керек еди, қәне ойлан, не? «Бизиң жеңис» деген сөз болыўы тийис. Солай емес пе? Неликтен бул сөз оның ойына кирип —шықпайды? Жеңис пенен Сталинди айырып қараўға болмайды.

Едиге тығылып кетти. Ол өзиниң қорлығы келип отырғанын сезгени соншелли, еле ақылы енбеген балалар менен айланысып сонша ўақытларын бөлип



www.ziyouz.com kutubxonasi

жүрген Әбиўталип пенен Зәрийпаны аяп, жини тырысып кеткенликтен батыл түрде:

— Егер олай болатуғын болса, онда биринши нәўбетте «Бизиң Ленин» деп жазыў керек еди. Қалай деген менен Ленин биринши орында турыўы керек.

Күтилмеген бул жуўаптан қәпелимде ийтелги тынысы тарылып қалғандай өкпесине тығылып қалған түйинди соңынан бираз ўақытқа дейин созып шығарып отырды. Орнынан турды. Арман-берман гезип жүргиси келип едидағы, бирақ тар бөлмеде орын жоқ еди.

— Биз Сталин десек, Ленинди түсинемиз! — деди ол ентигиңкиреп ҳәм нықлап турып. Соңынан ол жүгирип келгеннен кейингидей етип, демин саррасдап алып, жуўасып былай деди: — Яқшы бизиң арамызда бундай әңгиме болған жоқ деп есаплайық.

Ол орнына отырып еди, түри қайтадан қанталасып, ийтелгиниң көзиндей сарғыш көзлери тесирейип кетти.

— Қутыбаевтың балаларды интернатта оқытпаў керек деп айтқаны туўралы бизде мағлыўмат бар. Буған сен не дейсең, буны ол сениң көзиңше айтқан қусайды ғой?

— Ондай мағлыўмат қаяқтан шығып жүр! Ким берген ол мағлыўматты?—деген ўақта Едигениң көзине разъезд баслығы Әбилов елеслеп кетти: Өйткени, усындай бир әңгиме айтылғанда арада ол да бар еди.

Едигениң қайтып шапқан бул сораўы ийтелги көздиң гәзебин келтиргенликтен ол:

— Мен саған айтқан едим ғой: мағлыўматтың қайдан шыққанлығы, қандай мағлыўмат екени—бул бизиң исимиз. Биз ҳеш кимниң алдында жуўап бермеймиз. Билип қой буны. Қәне, оның не дегенин айт?

— Не дейтуғын еди? Оны ядқа түсириў керек. Демек, былай усы разъезддеги ең ески рабочийлардың бири бизиң Қазанғаптың баласы Кумбел станциясындағы интернатта оқыйды. Бала болғаннан кейин азлап сырғыяшылық етеди, гейде өтирик сөйлейтуғыны турған гәп. Соның менен сол бала—Сәбийтжанды биринши сентябрьде тағы интернатқа жибериў керек болады. Әкеси оны түйели апарып салды. Анасы, яғный Қазанғаптың қатыны Бийке болса, балам интернатқа барғаннан баслап, жат биреўге усап, бир түрли бо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лып кетти, деп сол сапары жылап-сықлап, зарланып еди, үй-ишине әке-шешесине бурынғыдай мийирман емес, тас баўыр болып баратыр, дейди. Оқымаған саўатсыз қатынның гәпидағы. Әлбетте, баланы оқытыў керек, бирақ мудамы алыста, көз алдынан жырақ болған соң...

Ал, яқшы,—деп оның гәпин бөлди ийтелги көз.—Қутыбаев сонда не деп еди?

— Ол да бизлердиң арамызда бар еди. Айтқаның болғаны анасы пақырдың жүреги бир нәрсени сезеди-аў. Себеби, ким жүдә бир асып-тасып баратырғанынан баласын интернатқа береди. Интернат деген баланы ата-анасынан айырып, айырып емес-аў алыслатып жат етип жибереди. Бул не, улыўма бул қыйын мәселе, — деди. Қыйынлығы ҳәммеге де бирдей, — соның ишинде оның өзине де қыйын. Басқа илажы болмаса, не қыласаң енди. Мен Әбиўтәлиптиң дийдине түсинемен. Өзлеримиздиң балаларымыз да өсип киятыр Ҳәзирдиң өзинде қалай болар екен, буның ақыбети қалай болар екен деп жанымыз төзбейди. Яқшы болмайды, әлбетте...

— Буны кейин айтарсаң, — деп тоқтатты оны ийтелги көз... Демек, ол совет интернаты жаман деди. Солай ма?

— Ол «Совет интернаты» деген жоқ. Ол тек интернат деди. Қумбелде бизиң интернатымыз. Оны «жаман» деп отырған мен.

— Оның әҳмийети жоқ. Қумбел Советлер Союзында.

— Неге әҳмийети жоқ?! — деп қызып кетти Едиге, оның қорқытып отырғанын сезип. Адамның айтпаған нәрсесин айтты деп жала жабыўдың не кереги бар? Мен де Әбиўтәлиптиң ойлағанындай пикирдемен. Егер разъезд емес, басқа жерде отырғанымда балаларыма интернат дегенниң қарасын көрсетпеген болар едим.

Әне, солай деп ойлайман. Солай болыўы керек пе?...

— Ойла, ойлай бер!—деди ийтелги көз гәптиң белине теўип. Үндемей отырып соңынан тағы былай деди:—А-ал, буннан жуўмақ шығарып көрейик. Демек, ол коллективлик тәрбияға қарсы, солай емес пе?

— Ҳеш қандай ол қарсы емес!—деп шыдамай кет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ти Едиге. — Жазықсызға жала жабыўдың не кереги бар? Солай етиў мүмкин бе?

— Қой, қой, тоқтат!—деп қолын силтеди ийтелги көз. истиң мәнисин түсиндириўди керек емеске шығарып.— Ал, сен енди маған мынаны айт: «Дөненбай қус» деген атамадағы дәптердиң мәниси не бул? Қутыбаев буны сениң көзиңше Қазанғаптың аўзынан жазып алдым деп те тастыйықлады. Солаймеди?

— Солай, — деп жанланды Едиге, — Демек, бул усы Сарыөзекте, баяғы заманларда болған тарийхқа байланыслы пайда болған әпсана. Усы әтирағтан онша қашық емес жерде найманлардың қәбирстаны бар, ҳәзир улыўма жұртшылық оны Ана-Бейит деп атайды. Сол жерге ең дәслеп мәңгүр баласы тәрепинен өлтирилген найман-Ана жерленген...

— Яқшы, болар, ол қустың тасасында не жатырғанын оқып көрермиз, — деди ийтелги көз дәптерди бетлеп ашып, тағы да пикирин жалғастырды: Дөненбай қус, ҳым ойлап тапқанына қара оның. Қусқа адамның атын қойған. Жазыўшы болғанына сениң. Тағы да бир Мухтар Әўезов шыққан екендағы. Оныңды да билемиз, феодаллық ескиликтиң тәрепдары ол да. Дөненбай қус, ҳым. Түсинбейди деп ойлайды ғой, бизди.. Бир тыныш түпкирде буғып отырып, балаларды бәнелеп жазғанына қара оның. Ал, мынаў не? Сениң пәмлеўиңше бул да балаларға арналған ба? — деп ийтелги көз Едигениң бет алдына клетка менен қапланған тағы бир дәптерди силкип тутты.

— Бул не? — деп сорады Едиге түсинбей.

— Не? Не екенин сениң билиўиң керек. Мине, бас темасы...... «Раймалы ағаның иниси Әбилханға айтқан өтиниши».

— Дурыс, бул да әпсана — деди Едиге. Баяғы өткен заманда болған ҳәдийсе. Бул тарийхты көп жасаған ғаррылар биледи...

— Асықпа, мен де билемен, — деп оның гәпин бөлди ийтелги көз.— Қулағымның бир шетинде қалған. Қартайғанда алжыған бир ғарры он тоғыз жасар қызға ашық болады. Оның неси жақсы? Бул Қутыбаев деген тек душпаншылық нийеттеги адам емес, әдепикрамлылық жақтан да бузылған, ҳарамы болса керек. Қара оның халыққа мерез шөптей жуғатуғын нәрсени избе-излик пенен әнедей етип жазып алғанын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Едиге қызарып кетти. Қысынғанынан емес, әлбатте. Иши ызаға толып, ғәзеби қайнап кеткенликтен қызарып кеткен еди. Себеби, Әбиўталипке жабылған таў-қынәлеттиң буннан артық болыўы мүмкин емес. Сонлықтан, ол өзин зорға иркип турып былай деди:

— Сен берман қара, сениң ол жақта баслық екениң менен мениң жумысым жоқ. Бирақ, Әбиўталипти бундай етип жаманатлы етиўге ийтермелеме. Қудайым ҳәркимге сондай хожалық баслығы, сондай меҳрибан әке болыўды көп көрмесин, оның қандай адам екенин усы жердегилердиң қай-қайсысынан сорасаң да айтып береди. Бул жерде бармақ бүгип санағандай-ақ адамларымыз, бизлер бир-биримиздиң жағдайымызды жақсы билемиз.

— Яқшы, яқшы, сабыр ет енди, — деди ийтелги көз.— Ол сениң мийиңди айландырған. Душпан ҳәр қашан да ҳийлекер болады. Биз оны әшкаралаймыз. *Болды, кете бериўиң мүмкин.*

Едиге орнынан турды. Малақайын кийип, егениңкиреп турып:

— Сөйтип не қыласызлар енди, оны? Қалай болады енди? Тек, мына жазыўларды бәнелеп, қамаққа *аласызлар ма оны?*

Ийтелги көз орнынан ырғып турды.

— Бери қара, мен саған тағы қайталап айтаман: бул сениң араласатуғын исиң емес! Душпанды қалайынша бақлаў астына алып қалайынша қолға түсириўди ҳәм оны қандай жазаға тартыўды биз—өзимиз билемиз! Буған сениң басың аўырмай-ақ қойсын. Өзиңниң жөниңди — жүретуғын жолыңды бил. Бар шық бул жерден! Сол күни кешқурын Боранлы разъезине тағы бир жолаўшылар поезды келип тоқтады. Поезд бул ирет тек кери бағдарға қарай кетпекши. Бул да көп иркилмеди. *Бары-жоғы тек үш минуттай егленди.*

Биринши жолдың бойындағы қараңғы жерде поездың келиўин күтип текеки етикли үш адам тур. Олар Әбиўталип Қутыбаевты өзлери менен бирге алып кетип баратырған еди. Әбиўталипти өткен кеткенлерден тасалап, ортаға алып турған сол үшеўиниң жар тастай жараланған туў сыртында—Зарийпа балалары менен, Едиге, Үкибала түнжырасып тур. Разъездиң баслығы Әбилов болса поездың ўақтынан ярым саат ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шиккенин сылтаўлап, арман-берман дызағайлап жүр. Поездың кешиккенине оның не қатысы бар? Адамлардың қатарында арқайын тура бермей ме? Әбиўталиптиң дәптерине жазылған кесапатлы әпсананың дәртинен сораў-жуўаптан өткен Қазанғап бул ўақытлары поездың жүрип кетиўине бағдар беретуғын стрелканың қасында дежурный болып тур еди. Ол енди Әбиўталипти алысқа алып кететуғын поездға өз қолы менен жол ашып бермекши. Бийке Едигениң қызларына қарап, үй бетте қалған еди.

Етик кийген үшеўи жағаларын көтерип, самалдан ықтырмаланып, Әбиўталипке арқасын қаратып қоршалап, сазырайысып үндемей тур. Әбиўталип пенен айырылысатуғын боранлылар да үндемеди.

Қардың қыйқымларын үйирип ескен самалдың зуўылдысы болар-болмас еситиледи. Шамасы, уйытқыған боран баслана жақ қусайды. Сарыөзектиң аспанын түнерип, булағай басланайын деп тур. Бултлардың арасынан Ай анда-санда зорға бозарып көринип, ақ шаңылтыр дағқа усап тур. Аяз бетке шым-шым батып кетеди.

Зарийпа күйеўине бериletуғын азық ҳәм кийим-кеншек оралған түйиншикти услап, үнсиз егитилип жылап тур. Үкибаланың аҳ урып гүрсингени аўзынан бурқырап шыққан пуўдан билинеди. Ол тонының шалғайы менен Даўылды орап тур еди. Шамасы, Даўылда қәўетерли бирнәрсени алдын-ала сезген болса керек, ол ҳүрейи ушып, дым үндемей Үкибалаға тығыла береди. Бәринен де бетер самалдан Едигени панаалап, оның қолынан услап, ығында турған Ермекке қыйын болды. Бул бала ҳешнәрседен гүмансырап турған жоқ еди.

— Папика, папика! — деп шақырды ол әкесин. — Берман, бизлердиң қасымызға кел. Бизлер де сениң менен кетемиз.

Әбиўталип оның даўысын еситип тула бойы дирилдеп, ерксиз түрде басын бурып бирнәрсе демекши еди, бирақ оған бурылыўға имканият бермеди. Оны қоршап турған үшеўдиң биреўи шыдай алмай:

— Бул жерде турманлар! Еситип турсызлар ма? Кетиңлер бул жерден. Соңынан келессизлер, — деп жекирилип жиберди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың былайыраққа барып турыўына туўра келди.

Әне, алыстан паровоздың жақтысы көринди, ҳәмме турған-турған жеринде қобалжып, қыймылдаса баслады. Зарийпа шыдай алмай, өкирип жылап жиберди. Оған қосылып Үкибалада жылай баслады. Поездың келиўи айралық дәртиниң ҳәсирети еди. Алдындағы жақтысы қар ушқынлары ушып жүрген қараңғы ҳаўаны қақ жарып, ол думанлы түнектиң арасынан қәҳәрленип шығып киятырғандай, улы-гүрсилди болып жақынласып келе берди. Ол жақынласқан сайын қақ маңлайындағы жақтысы жерден жоқары көтерилип, бийикти шарлап, рельслердиң арасынан жылтылдап зууўлаған үргин қар анық көринди. Поршенлардың пысылдысы, дөңгелеклердиң ғыжырлап тақылдаған шаўқымы қәўетерли болып еситилип; ақырында паровоздың тутас тулғасы билинди.

— Папика, папика! Қара, поезд келди! — деп бақырып жиберген Ермек, әкесиниң даўыс бермегенине таң қалып, сол ўақыттың өзинде тым-тырыс болып қалды. Сөйтсе де әкесиниң дыққатын өзине аўдармақшы болып тағы да:

— Папика, папика! — деп бақырды.

Албырап жүрген Әбилов текеки етик кийген үшеўдиң жанына жақынлап барып:

— Почта вагон составтың бас жағында болады. Алға жүриўлериңди өтиниш етемен. Қәне, жүре қойыңлар. Әне, анда шырпыр болды.

Ҳәммеси де Әбилов көрсеткен тәрепке қарай асығып жүрди. Поезд қапталласып келип қалды. Ең алдында қолына портфель услаған ийтелги көз жан-жағына алаңламай кетип баратыр. Оның изинен Әбиўталипти алдына салып айдап баратырған жаўырынлыдан келген еки жәрдемшиси, олардың артында сәл-пәл қашықлықта асығып киятырған Зарийпа, Даўылдың қолынан жетеклеген Үкибала ентелеп баратыр еди. Едиге сәл қапталда кейинлеңкиреп Ермекти көтерип киятыр. Ол ҳаял, бала-шағаның көзинше жылап жибере жазлап, өзин зорға тутып киятыр. Сол баратырғанында ол жутқыншағына тығылған түйинди зорға туншықтырып иркип, өзи менен өзи алысып киятырған еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен ақыллы баласаң ғой, Ермек. Сен ақыллысаң, солай емес пе? Сен ақыллысаң, сен жылама, яқшыма? — деп гәпиниң басы бирикпей, баланы бауырына қаттырақ қысып гүбирлене берди ол.

Соның арасында поезд тезлигин пәсейтип барып, бәндиргиге жақынлады. Паровоз пуўын бурқыратып булардың тусынан өтиңкиреп барып тоқтағанда, кондуктордың ушпелегиниң даўысы әзирейлиниң сестиндей шырылдап, Едигениң қолындағы бала селк ете қалды.

— Қорықпа, қорықпа! — деди Едиге. — Мен турғанда хеш нәрседен қорықпа. Мен мудамы сениң қасында боламан. —Поезд ыңыраңып, улы-пысылды болып иркилгенде айналарына қыраў қатып, музлап қалған вагонлар қалша тоқтады. Әтирапқа тынышлық орнады. Соңынан паровоз жүриўге таярлық көрип, гүңиренип, пуў шығара баслады. Почта вагон паровоздан кейинги жүк вагонның соңында еди. Почта вагонның әйнеклерин темир менен торлап-шаңдып таслапты, қапысы вагонның қақ ортасында екен. Сол қапы ишке қарап ашылды. Басларына почташылардың бас кийимин, үстилерине пахталы гүртеше-шалбар кийген бир ер адам менен бир ҳаял көринди. Ҳаялдың қолында фонары бар, почта баслығы сол болса керек. Өзи де ири геўдели, ғайратлы көринеди.

— Сизлер ме еди? — деди ол ҳәммениң бетине фонарды жоқары көтерип, жақтылық түсирип.— Қәне, күтип турыпбыз. Орын таяр.

Ҳәммеден бурын қампайған портфель көтерген ийтелги көз минди.

— Қәне, қәне, болыңлар енди! — деп анаў екеўиде боранлыларды асықтыра баслады.

— Мен көп кешикпей қайтып келемен! Бул бир қәтелесиўшилик!—деп Әбиўталип асығып сөйледи. — Көп кешикпей қайтып келемен, күтиңлер мени!

Үкибала шыдамады. Әбиўталип балалары менен хошласып атырғанда даўыс шығарып жылап жиберди. Ҳеш нәрсеге түсинбей үрпейискен балаларына, бир нәрселерди айтып, Әбиўталип оларды баўырына қысып сүйе берди. Паровоз болса пуўын бурқыратып жүриўге таяр тур. Дәпең ҳаял фонарын көтерип тур. Сол мәҳәлде бағанағыдай, әзирейлиниң даўысындай ысқы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рық жанынды шығарып жибererликтей етип шырылдады.

— Қәне болды, болар енди, отыр! — деп жаңағы екеўн Әбиўталипти вагонға қарап сүйреди.

Соңғы демлерде Едиге менен Әбиўталип әйтеўир құшақласып үлгерди. Бир-бирине сақал-мурты өсип кеткен, тикенектей бет-аўызларын басып, болған ислерди екеўи де шын жүректен ақыллылық пенен түсинисип, жан дүньясы менен сезип, қалшыйысып жабысып қалды. — Балаларға теңиз ҳаққындағы гүрриңди айтып бере-бер,—деп сыбырлады Әбиўталип.

Ол бунық соңғы сөзлери еди. Едиге түсинди. Әбиўталип балаларына Арал теңизи туўралы айта бер деп тур.

—Қәне болды! Болды! Отыр! Отыр!—деп жаңағылар екеўин ажыратып жиберди.

Етикли екеўи еки жақтан шйығы менен өңтеңлеп, Әбиўталипти вагонның ишине ийтерип жиберди. Балалар әкесинен айырылғанын сонда барып түсинди де, екеўиде бақырып жылап жиберди.

—Папика! Папа! Папика! Папа!

Қолына Ермекти көтерген Едиге вагонның қапысына қарап тура умтылды.

—Сен қаяққа? Сен қайда барасаң? Қудай сақлайгөр!—деп фонарлы ҳаял Едигениң көкирегинен ийтерип, жалпақ жаўырны менен қапыны кес-кеследи.

Балалардың шырлап жылап атырғанына жаны шыдамай кеткени сонша, сол минутларда Едиге, Әбиўталиптиң орнына өзи отырып кеткиси келди, сөйтип жолда кетип баратырғанда, өз қолы менен мына ийтелги көзди буўып өлтирмекши болды. Бирақ оның бул ойын өзинен басқа ҳеш ким де түсинген жоқ.

—Турмаңлар бул жерде! Кетиңлер, бул жерде турмаңлар!—деп шаўлады фонарлы ҳаял. Оның аўзынан шыққан ашшы темеки менен пыяздың ийиси Едигениң мурнына мүңк ете қалды.

Зарийпа қолындағы түйиншиги ядына түсип.

— Мә, мынаў аўқатты берегойың! — деп вагонның ишине ылақтырып жиберди.

Соның менен почта вагонның қапысы да тарс етип жабылды. Әтирапта тынышлық орнады. Паровоз қыйғырып, орнынан қозғала баслады. Дөңгелеклери улытарсылдыз болып, тоңлав қалған жол менен дәслеп

эсте журди де, кем-кемнен журисин тезлете баслады.

Боранлылар илажы курып, поездға ilесип, қаяысы қатты жабылған почта вагоны менен қатарласып жуўырып киятыр. Ҳәммесинен бурын есин жыйнаған Үкибала Зарийпаны услап қалды да, баўырына қысып жибермей турды.

—Даўыл тоқта! Апаңның қолынан усла!—деп зуўлап баратырған поезд дөңгелеклериниң улы-тасырлысы арасынан даўыслап жиберди.

Қолына Ермекти көтерген Едиге еледе поезд бенен жарысып жуўырып, тек соңғы вагон тусынан өткен ўақытта ғана барып тоқтады. Тасыр-тусырлы алыслап, поездтың жақтысы ҳәлсиреп, узақлап, кетип баратыр еди... Соңғы ирет паровоз даўысын созып қыйғырды....

Едиге кейнине қайтты. Шырылдап жылаған баланы жубатыў қыйын болды.

Үйине келип пештиң қуўысында басы мең-зең болып отырғанда, ярым ақшамда Әбилов есине түсип кетти. Едиге эсте түргелди де кийине баслады. Үкибала оның нийетин бирден биле қойды.

—Қаяққа барасаң?—деп күйеўиниң қолынан услап алды —Тийегөрме оған, ҳәттеки қолыңның ушын да тийгизбе. Оның ҳаялы еки қабат. Оны урыўға ҳақың жоқ. Қәйтип дәлиллейсең?

—Қорыққпай-ақ қой,—деди Едиге жай-парахат,—Қол тийгизбеймен! Бирақ, оның бул жерден кеткени жақсы болады. Соны билсин тек. Ўәде берейин саған, тиймеўге, бир тал шашы да қыйсаймайды. Исенсбер усы айтқаныма!

Едиге қолын тартып алды да, үйден шығып кетти.

Әбиловтың әйнеги еле жақты екен. Уйықламапты.

Қарды ғарщылдатып басқан Едиге соқпақ пенен жүрип: суп-суўық есикке жақынлап келди де, қатты тарсылдатып қаға баслады. Қапысын Әбиловтың өзи ашты.

—Ҳә, Едиге, кел, кел, үйге кир,—деп қорыққанынан түри—суп-сур болып, кейинге шегине берди.

Едиге ҳеш нәрсе деместен пуў менен қосылып үйге кирди. Босағадан атлап кирди де, қапыны жапты.

—Анаў сорлыларды неге жетим еттиң?—деди ол айрықша сабырлылық пенен.

Әбилов гүрс етип дизерледи де, Едигениң аяғына жығылып, жеңсиз тонының етегине жармасты:



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Қудай урсын мен емес, Едеке! Егер өтирик болса, мына айы-күни жетип отырған ҳаялым туўмай-туўа шөксин!—деп өлердеги сөзин айтып қорыққанынан қалтырап турған ҳаялына қарап бурылып, ғарғана баслады. Албырап қалғанлықтан дир-дир қалтырайды.—Қудай урсын, мен емес, Едеке. Сондай етемен бе? Буны ислеп жүрген анаў күнги ревизор! Ядыңызда ма? Қутыбаев не жазып жүрипти, не ушын жазып жүр деп қайта-қайта езип сорай берген еди. Сол ревизордың өзи буны қылып жүрген! Меннен неге гүманланасаң? Егер мен ислеген болсам ҳаялым туўа шөгип, бала үстинен кетсин! Жаңа поездың қасында турғанда киререге тесик таппадым. Ондай бәлени көргим келмеди! Сол ревизор қайта-қайта сорап жанымды келиге қамап қоймады ғой. Мен маңлайы қара қайдан билейин!.. Билгенимде егер..

—Болар енди,—деп тоқтатты оны Едиге—Тур былай, сениң менен адамдай болып сөйлесейик. Ҳаялыңның көзинше сөйлесейик. Туўа шөкпей-ақ аман-есен босанып алсын. Гәп онда емес. Мейли, сен гүнакар болмай-ақ қой. Бирақ саған қаяқта ислесең де бәри бир емеспе? Ал, бизлер өмиримиздиң ақырына шекем, балки, усы жерде қалармыз, Сен ойланып көр. Кейинирек басқа жақтан жумыс излерсең. Бул мениң саған берген кеңесим. Айтайын деген гәпим усы еди. Енди қайтып бул гәпти қозғамайық. Тек усыны айтыў ушын келген едим. Басқа гәпим жоқ....

Усыны айтты да Едиге үйден шығып, қапыны жапты.

## 9

Тынық океандағы Алеут атаўларының түслик жағалаўына таман түсларда күн тал түстен аўып баратыр еди. Самал бурынғы пәт пенен есип, көз жетер жердеги көгис-қаралтым тартқан кеңисликте қайнаўытлаған толқынлар бир-бирине соқлығысып, суўдың үсти тынымсыз ҳәрекетке келип қубылып атыр. «Конвенция» авианосеци толқынның үстинде әсте-ақырын шайқатылады. Ол, сол бурынғы орнында, ҳаўа жолы менен есаплағанда Сан-Франциско менен Владивостоктың дәл ортасында тур. Суднодағы халықаралық илимий программаның барлық хызметкерлери ҳәрқандай ҳәре-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жетке сай болып, қырағылық пенен таярланып турған еди.

Бул ўақытта авианосецтиң бортында жерден тысқарыдағы Держатель қуяш системасында цивилизацияның ашылыўына байланыслы айрықша ўәкилликке ийе болған комиссиялардың жедел мәжилиси тамамланған еди. Шет планетадан келгенлерге қосылып, өз байдалына кетип қалған 2—1 ҳәм 1—2 паритет-космонавтлар еле Лесная Грудь планетасында болғанлықтан, Улыўма Орайлық басқарыўдың «Паритет» орбиталық станциясындағы радио байланыс арқалы оларға ҳәзирге дейин Улыўма орайлық басқарыўдың көрсетпесисиз ҳешқандай ҳеш нәрсе ислеўши болмаңлар деп үш мәртебе қатаң түрде ескертилди.

Улыўма орайлық басқарыўдың қойған бул қатаң талабы қыялы жүз әлўан дөнип турғанлардың шеккен азабын сәўлелендирип ғана қоймастан, ҳәр еки тәрептиң арасындағы жағдайдың оғада шийеленисип, ашықтан-ашық урысыўға сәл қалып, мүмкиншиликтиң қолдан кетейин деп турғанын айқынластырып жиберди. Ҳәр еки тәреп жақында илим ҳәм техника қүдиретиниң нәтийжесин адамзаттың ийгилиги ушын ендиенди иске асырмақшы болып, «Демиург» программасы бойынша бирге ислесип жақынласайын деп турған ўақытта, күтпегенде Жерден тысқары ҳалаттағы цивилизацияның ашылыўы, адамлардың алдына әжайып бир проблеманы қойды да, бирге ислесиў программасы өз әҳмийетин жоғалтып, екинши планга түсип қалды. Ҳәзирги пүткил дүньялық жәмийеттеги адам баласының әсирлер даўамына әўладтан-әўладқа өтип, қанына сиңип, қәлиплескен өз тиришилиги, өз түсиниги, өз мәдениятының бар екенлигин, енди бул әжайып жаңалықтың, сол адамзаттың әлимсақтан бери қәлиплескен тиришилигин қәўетерли бир сынақ астына алып турғанын комиссия ағзалары анық ҳәм айқын түсинген еди. Бундай сынға түсиўге ким қарсы бара алады? Мәселен, Жер бетиндеги тиришиликтиң биротала жоғалып кетпейтуғынлығына ким кепил бола алады?

Мине, тап усындай қәўетерли сынаққа түскен ўақытта жер бетиндеги сиясий-жәмийетлик дүзилиси еки қыйлы ҳәр еки тәрептиң ески дәртлери қайтадан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қозып, бир-бири менен мәмлеге келе алмай, қарама-қарсылығы күшейген еди.

*Мәселени талқылаў* кегирдекке суў буркиспеге айланды. Көз қараслардың хәрқыйлылығы, мәмлеге келиўдиң де хәрқыйлы болыўы кем-кем кери түс алып, келиспейтуғын ҳалға келди. Ақыбетинде бул айтыс тез пәт пенен хәўиж алып: бир-бирине ашықтан-ашық абай көрсетип, қырын қарасып, ўәжге турмайтуғын бир сыпатта, пүткил жер жүзилик урыстың гүрп ете қалыўына таялып қалды. Сонлықтан хәр еки тәрептиң комиссиялары ақырында бул мәселеге ақыл жорттырып, жер жүзлик урыс жалынын шығарып алмаўға, егер сол жалын шыққан жағдайда да еки тәрептиңде оңғылық болмайтуғынын сезип, келисимге келиўге хәрекет етпекши болды. Оның үстине мына әжайып жаңалықтың хабары жер жүзине жайылып кетсе, пүткил адамлардың санасында қәўетерли қобалжыў болатуғынын есапқа алып, хәзирше сол цивилизация туўралы хешкимге, хешқашан, хешнәрсе сездирмеўге өз-ара келисти. Егер адамлар Лесная Грудь деген планета барын хәм онда цивилизацияның бар екенин билсе, оның ақыбетиниң *не менен тамамланатуғынын* хешким билмейтуғын болса керек...

Ақыл өз күшине енип, сөйтип еки тәреп те илажсыздан қатаң тәртиптеги теңбе-тең келисимге келди. Усыған байланыслы «Паритет» орбиталық станциясына Улыўма басқарыў орайынан мынадай мазмундағы *радиограмма жиберилди:*

«1—2 хәм 2—1 Тексериўши-космоновтларға». Сизлерге мынадай ўазыйпа жүкленеди. Қуяш системасынан *тысқары Галактикадағы* Держатель жақтылық системасына киретуғын Лесная Грудь деген планетада болып атырған 1—2 хәм 2—1 паритет-космонавтлар *менен* «Паритет» бортындағы радио контакт арқалы байланыс жасаңлар 1—2 хәм 2—1 паритет-космонавтлар тапқан жаңа цивилизация туўралы хабарды додалап, сол тараўды изертлейтуғын халықаралық комиссиялардың өзгертиўге болмайтуғын шешимлериниң тийкарында Улыўма басқарыў Орайы тәрепинен қабыл етилген мына қарарды 1—2 хәм 2—1 паритет-космонавтларға тез жеткериңлер:

а) Бурынғы 1—2 хәм 2—1 паритет-космонавтлардың «Паритет» орбиталық Станциясына, сондай-ақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жерге қайтып түсиўине тыйым салынсын. Олардың жер шарындағы цивилизацияға қайтып араласыўы тилекке сәйкес емес.

б) Жер жүзиндеги жәмийеттиң ҳәзирги раўажланыўының өзгешеликлерине, тиришилик мақсетлерине, тарийхый жақтан өсип-жетилисиў тәжирийбесине тийисли болмағанлықтан, Лесная Грудь деген планетада жасайтуғынлар менен бизиң ҳешқандай байланыс жасамайтуғынлығымыз туўралы хабар берилсин:

в) Бурынғы 1—2 ҳәм 2—1 паритет-космонавтларға соңдай-ақ олар менен қатнасы бар Лесная Грудь турғынларына ескертилсин: олар Жер шарында жасайтуғынлар менен байланыс жасаўға талапланбасын, сондай-ақ Жер әтирапын қоршаған сфераға да жақынлаўшы болмасын. Олар бир мәртебе «Трамплин» орбитасындағы «Паритет» Станциясына келип кеткен болса, ендиги жағында бундай ҳәрекет қайталанбасын:

г) Ғайры планеталылардың ушқыш аппаратларының мүмкин болып қалыўы қәўипли бар ҳүкиминен қорғаныў мақсетинде, улыўма орайлық басқарыў жедел илажлар қолланып, «Қурсаў» атлы Айырықша транскосмослық тәртип орнатылатуғынын хабарлайды. Бул тәртип бойынша Жер планетасы дөгерегиндеги космос кеңислигинде Жерди орап робот-ракеталар қурсаўы орналастырылады, ол ракеталар Жер планетасына басқа планетадан жақынлаған ҳәрқандай нәрсени ядролық лазер сәўлеси менен жоқ етип жибереди.

д) Өз ықтыярларына салып, басқа планеталардағы менен байланыс жасап кеткен бурынғы паритет-космонавтларға хабар берилсин: Жер жүзиндеги адамлар жәмийетиниң әййем заманлардан бери қәлиплескен тиришилик тәртибин сақлаў, оны қорғаў мақсетинде бурынғы паритет-космонавтлар менен байланыс биротала үзилсин. Олар менен болған ўақыяның барлығы қатаң түрде қупыя сақлансын, олар менен байланыс етиўге турған жеринде тыйым салынсын. Усы мақсетте «Паритет» станциясының орбитасы тез арада өзгертилсин ҳәм оның радио байланыс шифрлары қайтадан исленсин. Жер шары әтирапындағы «Қурсаў» зонасына жақынлаўдың жүдә қәўипли екени ғайры планеталыларға тағы бир мәрте ескертиледи.

Улыўма орайлық басқарыў «Конвенция» авианосециниң борты»



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усындай қорғаныў илажларына өткен улыўма орайлық басқарыў «Икс» планетасын меңгериў жөниндеги «демиург» программасын белгисиз мүддетке дейин тутасы менен тоқтатыўға мәжбүр болды «Паритет» орбиталық станциясын айланыс жолының басқа бир параметрлерине түсирип, оны тек, күнделикли космосты изертлеў жумысына пайдаланыўға уйғарылды. Бирликтеги илимий-изертлеў «Конвенция» авианосеци бийтәреп Финляндияға аманатқа берилетуғын болып келисилди. Алыстағы космосқа «Қурсаў» системасы орналастырылып болынғаннан кейин, паритеттеги барлық хызметкерлер, илимий, хәм басшылар, қосымша хожалық жумысындағы адамлардың барлығы тарқатылып жиберилетуғын болды. Олар өле-өлгенше Улыўма орайлық басқарыўдағы жумыстың неге тоқтағаны туўралы қупыя сырды хеш кимге айтпаўға ант ишип, тилхат беретуғын болды.

Улыўма жәмийетшиликке «Демиург» программасы бойынша жумыс «Икс» планетасындағы терең изертлеўлерге байланыслы белгисиз мүддетке дейин тоқтатылады деп хабарландырылады.

Бунын бәри де хәр тәреплеме терең ойланып кәрилген. Жер шарының әтирапындағы космос кеңислигине жедел түрде «Қурсаў» салынғаннан кейин, усы айтылғанлардың бәри иске асырылмақшы.

Оған дейин, комиссиялардың мәжилиси тамам болыўдан-ақ, барлық хүжжетлер, барлық шифрлар, бурынғы паритет-космонавтлардың жиберген барлық хабарлары, барлық протоколлар, усы қайғылы ўақыяға қатнасы бар хәмме фотопленкалар, қағаз тухымының бәри жоқ етип жиберилди.

Тынық океандағы Алеут атаўлары түслик жағалаўына таман, сол тусларда күн кеш бола баслаған еди. Хаўа райы да сол бурынгы қәлпинде, өзгериссиз тур. Сөйтсе де океан үстиндеги толқынлар кем-кемнен күшейген еди. Жарланған толқынлардың улыгурсилди болып сапырылысқан сести азлап еситиледи.

Сол бир январь айының басынан-аяғына шекем қақаман суўық болды. Сарыөзекке буншама суўық қайдан келеди екен. Поездларға аппақ қыраў менен көгис муз қатып өтеди. Нефть толтырылған қап-қара цистерналар, енди аппақ түрге малынып, разъездде дизбекленип тоқтап турғанын көргенде көзиңе бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

түрли болып сезиледи. Ал, келип тоқтаған поездың қайтадан қозғалыўы оғыры қыйын. Дизбекленген паровозлар вагонлардың рельске қатып қалған дөңгелеклерин еки ийинлеп ийтергендей, әйтеўир зорданзорға шайқап қозғайды. Паровозлар тап рельске биригип, айланбай қалған дөңгелеклерди жулқылаған ўақты темир терсектиң шақыр-шақыр болып ғайзалған, қуйқаны жуўлататуғын даўысы суўық күнлери алысларға жетип барады. Усындай жағымсыз шақырлыдан түнде Боранлының балалары шоршып оянатуғын еди.

Ол да аздай темир жолды үргин қар басып қалаберетуғын болды. Бир жерин ашсаң басқа жерди көмип таслайды. Самал да күшейип кетти. Сарыөзектиң даласы кең болғанлықтан, даўыл қайсы тәрептен келетуғынында билмейсең. Боранлылар ушын қасарысқан самал қарды қасақана темир жолға апарып үйип турғандай сезиледи. Тап соны аңлап турғандай, қурттай саңлақ тапса соған қарап уйтқып, барлық күшин соған жумсап атырғандай болады.

Едиге, Қазанғап және үш рабочий өзлерине тапсырылған жол участкасының басынан-аяғына дейин, биресе ана жерин, биресе мына жерин қардан тазалаў менен қумбыл болады. Жаңа тазалап кеткен жерин қар қайтадан басып таслайды. Еледе болса оларға түйеге қосылған иреў—маланың пайдасы тийди. Олар қар үйиндисин соның менен ирео таслап, астын гүрек пенен тазалайды. Едиге қар тазалаўға Қаранарды аямай жекти: күшин қаяққа жумсаўды билмей турған буўраның шаршап силеси қурығанына ыразы болды. Қаранарға өзи менен теңлес бир түйени қатар қосып, маланың үстине өзи минип, қалың қарды жолдан шетке ысырады. Ол ўақлары басқа илажы да жоқ еди. Адамлар: қудирет, бир жаңа машина шығыпты, паровоздың алдына қатырып алып қар дегенди қалай болса солай тазалап кете береди екен десип жүрди. Сондай машина Боранлығада келеди дести баслықлар. Бирақ, бул гәптиң бәриде ҳәзирше сөз жүзинде ғана еди.

Егер жазғы саратанда еки ай даўамында мийди аўылжытатуғын дәрежеде ыссы болса, ал мына қыстың аязы бул да оннан қалыспайды. Суўықтың қудирети сондай көкирегиңди қақ айырып кете жазлайды. Ал, поездлар болса күнниң ыссылығына, я суўықлы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

*ғына қарамайды, тоқтамай жүре береди.* Сол ушын илаж жоқ, жол таза болыўы керек. Сол бир қыста Едигениң ақ ене баслаған сақал-мурты алынбай, ғаўлап, уйқысы шала болғанлықтан қабақлары исип айнаға қараса бет әлпети темирдей қараўытып, адам қарағысыз болып кеткен екен. Сырты брезент плаш пенен қапланған жеңсиз тоны үстинен түслейди, бели шешилмейди. Аяғынан байпақ түскен жоқ.

Бирақ, не ислемесин, қандай қыйыншылық көрмесин, оның ойынан Әбиўтәлип Қутыбаевтың аяныншлы аўҳалы шыққан жоқ. Сол әдалатсызлықтан Едигениң жүреги сызлайтуғынды шығарды. Қазанғап екеўи бул қалай болды, ақыры не болар екен, деп әри-бери ойлап, ой түбине жете алмады. Қазанғап көбинесе қабағын үйип үндемей жүреди, тек өзинше ишинен қатты қыйланады. Солай болса да ол бир күни:

—Ҳәр заманда да усындай болған. Анығына жетпесе... Баяғыда өткенлер: «Хан қудай емес, олар ўәзирлериниң не ислеп, не қойып жүргенин бирдейине биле бермейди, ал, ўәзирлер де қалада салық-палық жыйнаўшылардың не қылып жүргенин сезбейди де» деп бийкар айтпаған. Заман ҳәр қашанда да усындай болған,—деди.

—Ҳаў, даналық етип сен не деп турсаң, өзиң!—деп Едиге оны гәпке тутты. —ханың, ўәзириң не сениң? Ол бәлелердиң тухымын қурытқанымызға бираз ўақыт болған жоқ па. Мәселе онда емес ғой!

—Неде?—деди Қазанғап салмақлап.

—*Неде, неде!—деп Едиге ғәзепленгени менен бирақ* жуўап таўып айта алмады. Сол сораў оның мийин жеседе ылайықлы жуўап таба алмады.

Бир айландырса, шыр айландырады деген ырас екен. Қутыбаевлардың үлкен баласы Даўыл аязлап қатты аўырып, төсек тартып жатып қалды. Ыссылығы көтерилип, жөтел қысып, тамағы исип, сандырақлап жатты. Зәрийпа болса: «баланың тамағы ириңлесип кеткен деп түрли дәри-дәрмақ берип атыр. Бирақ, ол балаларының қасында күн бойы отыра алмайтуғын еди, жолда стрелочник болып ислеп, гейде түнде, гей*де күндиз жумысқа барады. Әйтеўир, не деген менен* күн көриў керек ғой. Оның балаларына Үкибалы иләжсыз қарап турады. Өзиниң де еки қызы, Зәрийпаның да еки баласы... Әбиўтәлиптиң хожалығының бун-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай мүсәпир жағдайға түскенин ойлап төрт баланы бағып-қағады. Мүмкин болғанынша Едиге де қол ушын берип атыр. Азан менен турып қорадан Әбиўтәлиптиң үйине көмир әкеледи, ўақыт тапса пешин де жағып береди, Тас көмирди алыстырыў ушын да уқып керек. Балалардың үйи күн узақ жыллы болып турыўы ушын пешке бир ярым шелек көмир салады. Жолдың арғы шетиндеги цистернадан барып суў әкеледи. Отқа қалайтуғын ағаш айырып береди. Суў тасыў, отын майдалаў, әйтеўир, сол қусаған жумысларды ислеў Едиге ушын қыйынба, қудайым-аў... Қыяметти бунын басқа жақта болып тур, һәммесинен қыйыны Әбиўтәлиптиң балаларының аянышлы түрине туўры қарап, олардың сораўына жуўап бериўден артық азап болмады. Үлкени аўырып төсекте жатыр еди, ол өзи тәбиятынан минези аўыр, ал, Ермеги болса, тап шешесиниң өзи, сондай иши-баўырына кирип кететуғын меһирбан, жүдә сезимтал, сәл нәрсеге қуўанып, сәл нәрседен кеўли қалатуғын нәзик тәбият бала еди, бәринен де соған қыйын болды. Едиге таң азаннан көмир әкелип, пешти жаққанда, балаларды оятып алмаўға тырысса да, билдирмей шығып кете алмайды. Қап-қара буйра шашлы Ермек тез оянып кетеди. Көзин ашарашпастан, айтатуғыны:

—Едиге ағай, папика бүгин келе ме?—дейди.

Бала орнынан ушып турып, тыр-жалаңаш түринде: көзлеринде адам шыдамаслық дәрежеде аянышлы һәм үмит ушқынлары жалтылдаған нәресте жуўырып келип Едигениң мойнына асылады. Едиге «аўа» десе болды—әкеси үйге һәзир кирип келетуғындай көреди. Едиге оны ап-арық, тыр-жалаңаш, жып-жыллы түринде көтерип алып, баўырына басып турады да, қайтадан төсегине жатқарады. Оның менен тап үлкен адамларша сөйлеседи.

—Ермек, сениң папикаң бүгин келе ме, я келмей ме—билмедим. Ал, бирақ оның қайсы поезд бенен келетуғынын бизлерге станциядан телефон арқалы хабарлаўы керек. Бизиң разъездге жолаўшылар минетуғын поезд тоқтамайтуғынын өзиң билесең ғой. Тек, тоқтаса темир жолдың бас диспетчериниң буйрығы бойынша тоқтайды. Жақын күнлерде хабар берип қалар. Соңда бизлер екеўимиз, егер Даўыл оған шекем



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазылып кетсе—үшеўмиз перронға шығып күтип аламыз.

—Ҳәммемиз шаўқымласып: Папика, бизлер сени күтип *турмыз деймиз, я?*

—Аўа дә. Тап сондай деймиз,—деп Едиге баланың гәпин мақуллады.

Бирақ, бундай зейинли илгир баланы алдаў аңсат емес.

—Едиге ағай, жүр онда екеўмиз анаў күнгидей жүк поездға минип кетип, сол ең үлкен бас диспетчерге барып, папика минип киятырған жолаўшы поезды бизиң разъездге тоқтат деп айтайық.

Ал, енди алдарсаң оны.

—Ҳаў, ол ўақытлары жаз айы еди, күн жыллы. Усындай күнлери жүк поезд бенен қалай кетесең? Күн болса қақаман суўық. Самал деген ысқырып тур. Анаў әйнеклерди қара, муз болып қатып қалған. Бизлер егер жүк тасыўшы поездға минсек муз болып қатып қаламыз. Ондай етиў қәўипли ғой.

Бала үнсиз ғана муңаяды.

—Сен енди жатып тур, мен Даўылды барып көрейин,—*деп* Едиге сылтаў таўып наўқасланған баланың қасына барып, сексеўилдей будыр-будыр қолы менен маңлайын сыйпалап көреди.. Наўқасланған бала көзин зорға ашып, ыссылықтан кеўип, жарылып кеткен *ернин әсте қыймылдатып* күлимсирейди. Ыссылығы еле қайтпапты. —Абайлы бол, үстиң ашылып қалмасын. Терлеп атыр екенсең. Түсиндиңбе, Даўыл? Егер ашылып қалсаң буннан бетер аязлайсаң. Әй, Ермек, егер *Даўылдың иш еткиси келсе ләген әкелип бер,* түсиндиң бе? Ол орнынан түргелмесин. Көп кешикпей жумыстан мамаң да келип қалады. Ал, ҳәзир Үкибала апаңыз келип, сизлерди аўқатландырып кетеди. Даўыл тәўир болғаннан кейин бизиң үйге келип Сәўле, Шарапатлар менен ойнайсызлар. Ал, мен жумысқа кеттим, солай етпесем қар деген үйилип қалады, қар үйилсе поездларда тоқтап қалады,—деп Едиге кетип баратырып балалардың бираз кеўилин көтерди.

Солай етпесе Ермектен қутылыўы қыйын.

—Едиге ағай,—дейди ол босағада турған Едигени тоқтатып. —Егер қар үйилип қалса папика киятырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

поезда тоқтап қалады ғой. Мен де барып қар тазалайын. Гүрек-белим де бар.

Мине, Едиге бул үйден ҳәр сапары жүреги сызлап, баўыры тилким-тилким болып усындай болып шығады. Әдалатсыз қорлықтан дәрмансызланып, мына хожалықтың басына түскен аўырманлық дәртинен жүреги дуз қуйғандай болып турады да, сондай мәҳәллери ол пүткил дүньяны жек көрип кетеди. Сол ашыўын ол үйилген қардан, суўық самалдан, сүйреткиге жегилген түйелерден аямай алады. Сарыөзектиң боранына бир өзи қарсы туратуғындай күлпереңи шығып жумыс ислейди...

Күнлер болса тынымсыз тамып атырған тамшыдай биринен соң бири өтип атыр. Сөйтип январь айы да өтип, суўықтың да таўы қайтып босасайын деди. Ал, Әбиўтәлип Қутыбаевтан болса еле хабар-атар жоқ: Едиге менен Қазанғап болса бул жағдайды ҳәр нәрсеге жорып, ойланып, ой түбине жете алмады. Екеўи де Әбиўтәлип әне келер, мине келер деў менен жүрипти, себеби, ол бир нәрсе жазса басқа биреў ушын емес, өзи ушын жазған жоқ па? Онда турған не гүна бар... Екеўи усылайынша үмитленип, сол үмитине Зәрийпаны да исендирди, нашар адамның оўхы түсип, болдырып қалмасын деп кеўилин алатуғын еди. Буны Зәрийпаның өзи де түсинип, балаларына бола тастан беккем болып жүре берди. Шынында ол тастай болып қалды. Ишинен тынып, ашылысып сөйлеспейтуғын болды, тек, бир нәрсеге алаң болғандай қәўетерленип, көзлери алаңлай береди. Ким биледи, оның сабыр-тақатының қай ўақытқа дейин жететуғынын.

Боранлы Едигениң қолы бир мезгилдей жумыстан бос еди. Жайлаўға барып түйелерди, әсиресе, Қаранардың қалай етип жүргенин көрип қайтпақшы болды. Әлле қәйтип тағы биреўлердиң буўраларын шайнап тасламадымекен-әй? Қутырып—жарап болатуғын ўақты да шамаласты ғой, өзиниң. Аяғына шаңғы байлап алып жолға шықты, түйелердиң өрисинде онша алыс емес еди. Көп кешикпей ўақтында қайтып келди. Ол түйелердиң ҳал-жағдайын, ҳәммесинде аман-есен жайылып жүргенин Қазанғапқа айтпақшы еди. Тамамы ойсыл қара әўладының бәри де. Түлки қуйрықта жайылып жүрген екен, ол қатардағы қарларды самал



www.ziyouz.com kutubxonasi

жалап, жер ашылып қалыпты, мал өз аяғынан отлаўға қолайлы, ҳәзирше қобалжығандай ҳешнәрсе жоқ. Едиге дәслеп өз үйине қайрылып, шаңғысын таслап кетпекши болды. *Босағаның алдына келип еди*, үлкен қызы ҳүрейленген түрде қапыны ашып:

—Аға, апам жылап атыр!—деди де ишке кирип кетти.

Едиге сескенип кеткенликтен шаңғыны таслай сала, үйге сүңгип кирди. Үкибаланың ыңырапып жылап атырғанын көрип, Едигениң зәрреси ушып кетти.

—Не? Не болды?

—Тақыры шыққай бул дүньядағының бәриниң де! —деп *зарланды Үкибала көз жасы алпыс тарам болып.* Едиге ҳаялының ҳешқашанда бундай ҳалга түскенин көрмеген еди· Үкибала қыйыншылықты көп көрген, сабырлы ҳаял еди.

—Бунының бәри сеннен болды. Сен айыплысаң буған!—деди ол.

—Неге? Не ушын мен айыплы боламан?—деп Едиге ҳайран болып, албырап қалды.

—Соры қайнаған балалардың сорын қайнаттың. Бағана жол босамағанлықтан жолаўшылар поезды тоқтап еди. Қарсы алдынан киятырған поезды өткерип жибермекши *болып тоқтаған екен. Гилең сондай* қырсықлар бизиң разъездге тап бола берер ме? Әбиўталиптиң балалары оның тоқтағанын көре сала:—Папика, папика! Папика келди!—деп бақырысып тура жуўырысты. Туўры поездға урып баратыр-аў. Изинен мен де емпеңлеп жуўырдым. Олар ҳәр вагонға бир алаңлап жуўырып:—Папика, папика! Бизиң папам қайда?—деп бақырысып жүр. *Поездың астына түсип* кететуғын шығар деп жаным қалмады. Ҳеш болмаса бир вагонның қапысы ашылса болады ғой. Екеўи зыр жуўырады. Узын-шубай созылған составтан оларға ҳеш ким, сен кимниң баласысаң демейди. Олар екеўи сонда да жуўыра береди· Изине жетип алып дәслеп кишкенесин, сонынан үлкенин тутып алған ўақтымда поезд қозғалып жүрип кетти. Екеўи *болса еки жақ*та жулқынып:—Бизиң папам усында, поездан түсиўге *үлгермей қалды*,—деп тоз-топалаң болды. Оларды ң шырылдап, зар қағып жылағанын көрип турғанлықтан, жүрегим бир түрли болып шимиркенип, делбе

болып кетпесем болар еди деп ойладым. Ботадай бозлады да қалды байғуслар. Әсиресе, Ермек көп жылап, болдырып қалды. Бар да баланы жубат! Бар! Жолаўшылар поезды тоқтағанда әкең келеди, деп сен олардың қулағына қуйып таслағансаң. Поезд жүрип баратырғандағы олардың жылап турғанын сен көргенде ме! Әттегене байғуслар-ай! Неликтен өмир усылайынша әке балаға, бала әкеге интизар болатуғын етип жаратылды екен? Бундай азап-ақыреттиң неге кереги бар екен?

Едиге Әбиўталиптиң үйине тап өлим азасына баратырған адамдай болып сүйретилип баратыр. Қудайға жалынып тилеген тилеги: Әй қудайым, мына бийгүна нәрестелердиң алдындағы гүнам ушын әдил жаза менен гүнамды кеширегөр, дей береди. Мен оларға жаманлық ойламаған едим. Енди олардың алдына қалай бараман, не айтаман?..

Едиге кирип келгенде, бет-аўзы жылап-жылап адам таныгысыз дәрежеде домбығып кеткен Ермек пенен Даўыл, буны көриўден қайтадан шыңғырып бақырысты, Едигеге болған жағдайды екеўи жарысып хабарлап атыр: разъездге жолаўшы поезд тоқтады, бирақ, папикамыз түсип үлгермей атырып, тез жүрип кетти. Едиге ағай сиз тоқтатың ол поезды,—деп шырлады екеўи бирден..

—Сағындым папикамды! Сағынып кеттим, сағынып!—деп Ермек, Едигеден жәрдем күткендей, соннан ғана үмит етип, соған ғана исенген кишкене нәрестелердиң гүңиренип жылағанын көргенде сай-сүйегиң сырқырайды.

—Мен ҳәзир бәрин билип берейин. Азырақ шыдаң сизлер, жыламай турыңлар,—деди егил-тегил болып, боз-бораны шыққан балаларды жубатыўды ойлаған Едиге. Бирақ, өзиниң ҳәлсизленип, кеўли бузылып баратырғанын билдирмеў ушын, өзин тутып алыў да аңсат емес еди. —Ҳәзир мине барамыз, барамыз ҳәзир! «Барғанда қайда барамыз? Қаяққа? Кимге барамыз? Не ислеў керек! Қолдан не келеди?—дейди және өзинен-өзи. —Мине ҳәзир далаға шығамыз. Сөйтип ҳәммесин ойланып аламыз,—деп Едиге қайдағы бир нәрселерди айтып мыңғырлады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол Зарийпаға жақынлап барды. Зарийпа көпшикке бетин басып дүз төменине түсип жатыр еди.

— Зарийпа, ҳә Зарийпа, — деп ийнинен түрткилеп еди, басын да көтерген жоқ.

— Бизлер далаға шығып усы әтирапта жүремиз, сөйлесемиз, — деди ол Зарийпаға. — *Мен балаларды* алып кетейин.

Бул оның балаларды алдастырыў ушын, өзи де есин жыйнап, аяқ-буяғын ойлап алыў ушын тапқан ақылы еди. Ермекти арқалап Даўылды қолынан жетеклеп алды. Сөйтип олар темир жолды жағалап арман-берман жүре берди. Едиге усы ўақытқа дейин басқа адамлардың қайғысына буншама қыйланып көрген жоқ еди. Арқасындағы Ермек болса еле солығын баса алмай, лық-лық атқаны Едигениң көк желкесине сезилип турыпты. Сағыныштан жаңы сызлаған кип-кишкене баланың Едигеге буншама баўыр басып, ҳақ көкиреклик пенен исенгени сонша, қос қоллап оның еки ийнинен қысып услап алған еди. Ермектен сәл ғана үлкен Даўыл да, Едигениң қолына жармасып киятырғанда оларға деген аяныш сезиминиң тәсиринен жүрегине шоқ басылған Едиге даўысының барынша бақырып өкирип жылағысы келди.

Сөйтип олар Сарыөзектиң адамсыз қула даласындағы темир жолды жағалап жүре берди, жүре берди, поездлар болса, тарсылдап-гүрсилдеп арман-берман өтип тур. Поездлар келеди, кетеди...

Сонда Едиге балаларды тағы да алдаўға мәжбүр болды. Сизлер билмепсизлер деди. Бизиң разъездге әйтеўир тоқтаған ол поезд. Ол пүткиллей басқа тәрепке баратырған жолаўшы поезд. Ал, папиканыз пүткиллей басқа жақтан келеди. Бирақ, еле келе қоймас. Себеби, оны алыстағы бир теңизге матрос етип жиберген қусайды. Корабль сол кеткен жағынан қайтқаннан соң ғана папиканыз үйге қайтып келеди. Сол ушын күте турыўыңыз керек. Едигениң ойлағаны, усылайынша балалардың үмитин үзбей, олардың руўхын түсирмей усы өтиригн ырасқа айланғанша оларды шыдаўға көндириў керек еди. Әбиўтәлип Қутыбаевтың қайтып келетуғынына Едиге ҳеш қандай да гүманланбады. Тексерип көргеннен кейин анығына жетип, босатып, үйине қайтарар, ал, ол босанған-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нан соң бир секундта алды-артына қарамай үйине қайтады деп ойлады. Балалары дегенде жанын бериўге таяр адам, бир секунд иркилеме. Ҳәзир Едигениң балаларды алдап атырғаны да сол себепли еди. Әбиўтәлиптиң қандай адам екенин ол басқалардың ҳәммесинен де көбирек билгенлиги ушын, Әбиўтәлиптиң бала-шағасынан айырылғандағы күни қандай болды екен деп ойлай берди. Оның орнында басқа адам басына усындай күнлер туўып, бала-шағасының азлы-көпли күнлер айрылысыўға туўра келседе, бәрибир кешикпей үйине қайтып келемен деген үмитте болар едидағы, бирақ. Әбиўтәлиптей ҳәсиретке түсип, ондай болып қыйналмас сирә. Ал, Әбиўтәлип ушын хожалығынан айрылыўдан артық жаза жоқ екенине Едигениң көзи жетеди. Әбиўтәлиптиң буншама балажанлы, қайырқом әке екенинен қәўетерленеди. Себеби ол, бул истиң ақ-қарасын айырып, тексерип боламан дегенше шыдай аларма екен деп ойлай береди...

Бул күнлерде Зарийпа тийисли орынларға хат жоллап өтиниш етип, Әбиўтәлиптиң тағдийрин сорап, күйеўи менен ушырасыўға рухсат сорап өтинди. Ҳәзирше ҳеш бир жуўап жоқ. Қазанғап пенен Едиге де ҳеш нәрсеге түсинбей ҳайран болды. Екеўи де буның баслы себеби, Боранлы разъезди менен тиккелей почта байланысының болмағанлығынан деп ойлады. Булар бир жаққа хат жоллаўы керек болса, я биреўден берип жибереди, я Қумбелдеги почтаға өзлери апарып салады. Ал, басқа жақтан жазылған хатлар, я әўеле Қумбелге келип, оннан соң барып, гез келген жолшыбай адам арқалы Боранлыға келип жетеди. Байланыстың бундай түриниң дым әсте-ақырынлық пенен болатуғыны өз-өзинен түсиникли.

Бир сапары сондай болды да...

Февральдың ең соңғы күнлериниң биринде Қазанғап интернаттағы Сәбийтжанды көрип қайтыў ушын Қумбелге барған еди. Қыстың күни жолшыбай жүк тийелетуғын поездға минсең суўықтан биротала қақайып қаласаң. Вагонларға кирип отыра алмайсаң, рухсат етилмейди, ал, сыртта турсаң суўықтан силейип қалатуғының турған гәп. Ал, жыллы кийиниип, түйениң үстинде қымтанып, тынбай желдирип отыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сан Құмбелге күнине арқайын барып қайтыўға болады.

Сол рет Қазанғап кеште қайтып келди. Оның түйеден түсип атырғанын көрип, Едиге ишинен: шамасы барғанша-келгенше түйениң үстинде селкилдеп отырып силикпеси шыққан қусайды, ямаса интернаттағы баласы бир патырат таптымекен. Түр-түси түнерип кетипти ғой буның?—деп бир ойлап қойды.

—Аман-саў барып қайттың ба?—деп даўысын шығарды Едиге.

—Қайттым ғой,—деп гүңк етти Қазанғап түйеден жүгин түсирип атырып. Ол Едигеге бурылып, ойланып қарап турды да:

—Ҳәзир үйиңде боласаң ба?—деди.

—Аўа, үйде болмай қайда бараман енди.

—Бир жумыс бар. Ҳәзир үйиңе бараман.

—Келебер.

Қазанғап көп кешиккен жоқ. Ҳаялы Бийке екеўи келди. Алдында өзи, изинен ҳаялы кирди. Екеўи де албырап жүрген сыяқлы көринеди. Қазанғаптың түринен шаршағаны сезилип, мойыны созылып, ийни түсип дегендей, мурты да салбырап кетипти. Сеп-семиз Бийке болса жүреги үсти-үстине дүрсилдеп турғандай, демин дурыслап алалмай ентигип жүр.

— Сизлерге не болды, сизлерге? Урысып қалмадыңлар ма?—деп күлди Үкибала.—Жарасайын деп келдиңлер ме. Отырыңлар.

— Урысқанда усындай болып жүремиз бе,—деди Бийке бурынғыдан да өлпең даўыс пенен ентигип.

Қазанғап жән-жағына алаңлап:

— Қызларыңыз қайда сизлердиң?—деди.

— *Зәрийпаның үйинде, соның балалары* менен бирге ойнап атырған шығар,—деди Едиге.—Олардың не кереги бар?

— Жаман хабар таўып келдим,—деди Қазанғап, Едиге менен Үкибалаға қарап.—Ҳәзирше балалар билмей-ақ қойсын. Осал хабар емес. Бизиң Әбиўтәлип қайтыс болыпты.

— Не дейсен?!—деп Едиге орнынан ырғып турды. Үкибала саз даўысқа салдырып жиберген ўақта түри шүберektей ағарып, аўзын қолы менен жаба қойды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өлди! Өлди! Соры қайнаған балалар, соры қайнаған жетимлер! — деп Бийке қарлығып, тұншыққан даўысы менен жылай баслады.

— Қалай өлипти? — деп Едиге еледе исенбегенликтен, Қазанғапқа жақынлады.

— Станцияға қара қағаз келипти.

Қәпелимниң арасында ҳәммесиде бир-бирине қарай алмай үнсиз қалды.

— Уай сорымай! Уай, сорым! — деп Үкибала басын қос қоллап услап, ырғатылып отырып, сынсылады.

— Қаяқта ол қағаз? — деди Едиге ақырында.

— Қаяқта болатуғын еди, станцияда, — деп Қазанғап жөн-жосағын айта баслады. — Интернатқа бардым, оннан шығып мына Бийке қайтарсын сабын алып келерсең деген соң, вокзалдың ишиндеги дүканға қайрылдым. Сыртқы қапыдан кире бергеним сол, қарсы алдымнан станция баслығы Чернов шықты. Бир-биримизди бурыннан танытуғын болғаннан кейин аман-есенлик сорастық. Сөйтип турсақ ол маған: «Көзиме көрингениң жақсы болды, кеңсеге жүр, бир хат бар еди, соны разъездиңе алып кет» деди. Ол кеңсесин ашты, ишке кирдик. Столдан, сыртындағы жазыўлары тасқа басылған бир конвертти алып: «Сизиң разъезде Әбиўтәлип Кутыбаев деген ислейтуғынбеди?» — деди. «Аўа, не қылыпты?» — дедим. «Мына бир қағаздың келгенине үш күндей болды. Боранлыға берип жиберейин десем, ҳешкимди таппадым: Мә, ҳаялына апарып бер. Ҳаялының сораў салып жазған хатына жуўап екен бул. Бунда жазылыўына қарағанда ол сол жақта өлген екен» — деп маған түсиниксиз «инфарктан қайтыс болыпты» деген бир сөзди айтты. Инфарк деген не?—дедим мен. Ол болса: «Жүреги жарылған» деди. Әне, сөйтип жүрегиниң қанасы қақ айрылып кеткен екен. Қалай отырған болсам солайынша меңиреўим шығып қалыпты. Дәслеп инанған жоқпан. Сөйтип сам-саз болып отырып, сол қағазды қолыма алып оқып көрсем: «Құмбелдеги станцияның баслығына Боранлы разъездинде туратуғын сондай-сондай бир ҳаял күйеўиниң ҳал-жағдайын сорап жазған хатына усы рәсмий жуўап тапсырылсын, деп болып изине, тергеўде жатырған Әбиўтәлип Қутыбаев олайда-былай жүреги қысылып өлди? делинген екен. Тап солай жазылыпты. Оқып болып не қыларымды билмей, баслыққа қарайман... «Жағдай усындай деди Чер-

нов еки қолын еки жаққа жайып. — Апарып бер» — Мен яқ, бизде олай еткен болмайды. Қара қағаз апарып берип, жаман хабар еситтириўши болғым келмейди, деймен. Шым-шырқадай балалары бар еди, олардың жүрегине қалай дақ саламан, яқ, алып кетпеймен дедим. Бизлер, боранлылар әўели өзли-өзимиз бир ойласып алайық, оннан соң буны бир жақлы етермиз. Ямаса биреўимиз бул қағазды арнап келип алып кетермиз. Бундай аўыр хабарды дүрс еттирип айтыўға болмайды.

Өлип кеткен жигит те ортан қолдай азамат еди, шымшық емес ақыры, Сирә, оның ҳаялы Зарийпа Кутыбаеваның өзи келип, бул хатты сизиң қолыңыздан өзиниң алғаны мақул болар. Оған жай-жағдайды өзиңиз айтып түсиндирерсиз дедим. Чернов маған: «Өзиң бил, бирақ, мен ол ҳаялға нени айтып түсиндиремен. Басықасында болмасам, мен де не деримди билмей турман. Мениң жумысым бул қағазды тийисли адамына тапсырыў» — деди. Кеширерсиз, ҳәзирше бул қағаз сизде тура берсин. Мен барып аўызша айтыўын айтайын, оннан соң не ислеўди ойласып көремиз дедим. «Мейли, өзиң бил» — деди ол. Сөйтип, соның менен кеңседен шыға сала түйени сабалап киятырғаным. Жол бойы, енди не қыламыз? Бундай суўық хабарды айтыўға кимниң жүреги даўайды? — деп кеўлим қабарып келип отырғаным усы...

Қазанғап үндемей қалды. Едиге еңсесинен таў басқандай еңкейип қалды.

— Енди не қыламыз? — деди Қазанғап бир ўақта.. Бирақ, ҳешким үндемеди.

— Усындай болатуғынын билип едим, — деп Едиге басын өкиниш пенен шайқады. — Ол балаларынан айра түскенине шыдай алмай өлди. Мен бәринен де бетер оның сондайлығынан қорқып едим. Айралық дәртине шыдамаған. *Айралық деген бул—әжейи.* ҳәсирет емес. Балаларының оны сағынып жүргенин айтсаңа-қарап турып кеўилиң ерип кете береди. Егер Әбиўтәлиптиң орнында басқа бир адам болғанда, мейли сотлансын, не ушын екенин билмедимдағы, мәселен айтайық, бир жыл болар, еки жыл болар, бәлки оннан көп болар, бирақ бәрибир қайтып келер еди. Әбиўтәлип деген немецлердиң тутқынында да, концлагеринде де болды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

қорлықтың не бир түрлерин көрген, партизан болып жүргенде де көрген азабы аз емес, жат жерлерде жүрип қаншама ақыретлерди көрсе де — өлмей шыдады ғой, пақыр. Неге десең ол, сол жүргенинде жалғыз баслы, өзи менен өзи, хожалығы жоқ еди, енди болса оның етинен ет кесип алып атырғандай бир аўҳал ғой. Оны жанынан артық көретуғын балаларынан айырып алып кетти. Әне, бәлениң төркини қайда..

— Аўа, мен де солай деп ойлайман,—деди Қазанғап. — Адам, адамнан айрылғанға өледи дегенге исенбейтуғын едим. Ғарры-қуртаң емес, жап-жас жигит, саўатлы десең-саўатлы, ақыллы десең-ақыллы исиниң ақ-қарасы айрылғанша шыдап турса болады ғой ҳеш болмаса, оның нәрсе жазығы да жоқ еди. Ақылға салып түсинген де шығар, әлбетте, бирақ жүреги қурғыр шыдамапты да.

Булар сөйтип биразға дейин отырды. Әри-бери ойланып, бул қайғылы хабарды Зарийпаға қалай етип айтыўдың есабын таппай ақыллары ҳайран болды. Айналып келип: хожалық ийесиз, балалар жетим, Зарийпа жесир қалады дей береди. Бул ҳақыйқатлыққа олардың алып қосатуғыны жоқ еди. Сөйтсе де ҳәммеге бирдей мақул гәпти Үкибала айтты:

— Сол қағазды Зарийпа станцияға барып өз қолы менен алсын. Қайғының дәслепки соққысын балаларының қасында емес, сол станцияда көрсин. Азапты да сол станциядан баслап тартып жол бойы келемен дегенше бир пикирге келип басылар, ақыры. Балаларына бул сум хабарды ҳәзиринше айтыў керек пе, керек емес пе, оны жол-жөнекей өзи ойланып көрер. Олар өсейип, үлкейиңкирегенше бул хабарды айтпай турадығы. Ҳәзир шаппаттай балаларға қалай айтады буны?

— Сеники дурыс, — деди Едиге ҳаялының сөзин мақуллап. — Балалардың анасы Зарийпа болғаннан кейин, Әбиўтәлиптиң қазаланғанын айта ма, айтпай ма, ол өзиниң иси. Мен өзим айталмайман, бирақ...

Едиге буннан артық сөйлей алмай кеўили елжиреп, жөткирињип, тили ибараға келмей қалды.

Ҳәммеси де бир тоқтамға келгенде, Үкибала тағы да.

— Қазеке, — деди сөзиниң бағдарын Қазанғапқа қарата. — Сиз Зарийпаға былай деӊ: станция баслығында саған арналған бир хат бар екен, сирә сол сениң



www.ziyouz.com kutubxonasi

сораў салып жазған хатларына келген жуўап шығар. Баслық тек, Зарийпаның өзи келип алсын деп атыр де. Тағы бир айтатуғыным, деп сөзин жасғастырды Үкибала,—бундай сапарға Зарийпаның жалғыз өзин жибериўге болмайды. Олардың бул жерде, я бир туўысқантуўғаны болмаса. Адамға бундай мүсийбет түскенде ең жаманы жалғызлық болады. Сен, Едиге қасында бирге барып, бундай ўақта бирге бол. Ондай хабарды еситкенде не боларын ким биледи. Станцияда жумысым бар еди, деп бирге кете бер. Балалары бизиң үйде болып турар, оған дейин.

— Болады, яқшы,—деди, Едиге ҳаялының кәйўаншылығына қайыл болып. — Ертең Әбиловқа, Зарийпаны станциядағы кеселханаға апарыў керек деймен. Соған бир-еки минутқа өткинши поездлардың биреўин тоқтатып бер деп айтаман.

Олардың ҳәммеси де усы айтылғанларға келисти. Бирақ, олар Қумбелге еки күннен кейин кетти. Разъезд баслығының өтиниши менен өтип баратырған поездлардың биреўин тоқтатып, соған минди. Бул 5-март күни еди. Боранлы Едиге бул күнди ҳеш қашан да умытпайды.

Олардың мингени көпшиликке арналған вагон екен. Иши лыққа толы, ҳәр түрли адамлар, арасында балашағасы менен кетип баратырғанлар да бар. Қәдимги жолаўшы вагонның тиришилиги, арақтың ийиси өкпене атады, арман-берман сапырылысып жүрген адамлар, карта ойнап атырғанлардың ўағырлысы, өмирдиң машқаласы, еркеклердиң мәскүнемлиги, айырылысып атырғанлар, үйлениў тойы; өли жайғастырыў ҳәм тағы басқалар жөнинде сыпсың-сыпсың сөйлескен қатынлардың гүбирлиси... Адамлар алысқа кетип баратыр. Өмирдиң күнделикли тәшўиши менен кетип баратыр. Булардың арасына аз ўақытқа болса да қайғы-ҳәсиретин арқалап Зарийпа менен Боранлы Едиге келип қосылды.

Әлбетте, Зарийпаның кеўили алағада еди. Станция баслығы не жуўабын айтар екен деп кеўили қобалжып, уўайымнан басын көтере алмай, жол бойы тым-тырыс отырса да, негедур алаңлай берди.

Адамның жай-жағдайын бир көргенде билетуғын, түсинетуғын, сыншыл, сезимтал, меҳирбан бир адамлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

*болады-ау. Зарийпа* түргелип, коридор менен тамбурға шығып, поезд әйнеги алдында турғысы келип, орнынан *қозғалғанда, Едигениң қарсы алдында отырған* орыс кемпир бир ўақлары көп-көмбек болып жайнап турған, ал ҳәзир *нуры семип бозарыңқыраған меҳирбан* көзлерин Едигеге қадап:

— *Не болды, балам, ҳаялың науқас па? —деди.*

Едиге қолайсызланып қалды.

— Ҳаялым емес ол, апай, қарындасым еди. Кеселханаға апаратырман.

— Әйтеўирде, қатты қыйналып киятыр-аў, *билип* едим. Көзлери муңға толы. Иштен күйинип отыр, қорқатуғын да шығар. Кеселханада не дейди, қандай аўырыў табар екен, деп қәўетерленеди ғой. Бул тиришилик, деген сондай ғой! Дүньяға шықпасаң—жақтылықты, өмирди көрмесең—туўылсаң қайғыдан айрылмайсаң. Өмир деген усылай бола береди. Еле жас ғой өзи, тәўир болып та кетер, қудай аясын,—деди станцияға жақынлаған сайын Зарийпаның кеўили әлле қандай *болып баратырғанын* сезгирлик пенен түсинген кемпир.

Қумбелге шекем поезд бенен бир ярым саатлық жол. Жолаўшылар ушын поезд сол күни қайсы жол менен баратырғаны бәри бир. Тек, алдымыздағы қайсы станция деп сорап қояды. Ал, *ушы-қыйры жоқ* Сарыөзектиң адамсыз даласы қарға көмилип үнсиз көсилип жатыр. Солай болса да *қыстың қәҳәри қайта баслағаны* сезиледи. Күн түсетуғын жерлер қараўытып, әсте-ақырын қарлар ериўге қарап, марттың келиўи *менен жағымлы* жипек самалдан дала ағарып ҳәм қарайып та көринеди. Бирақ, аспанды қаплаған сур-сур булт, еле де қыстың биротала кете қоймағанын, тағы да қар жаўып, қасарысса соңғы суўықта өз күшин көрсетип қалыў түри бар екенин билдирип тур.

Әйнекке қарап отырған Едиге, өз орнынан қозғалмады, қарама-қарсы отырған меҳрибан кемпир менен ара-тура гәплесип, Зарийпаның қасына бармады. Мейли, Зарийпа каридорда, әйнек алдында турған екен, тура берсин, оған ойланып алыўға кесент бермеў керек. *Мүмкин, оған* ишинен сезиклениў бир нәрсени билдирер. Ҳәзир ол өткен жылғы гүз басланып киятырғанда *еки хожалық ҳаял-бала-шағасы* менен жүк поездға минип, Қумбелге келип қаўын-ғарбыз алып қайтқан *қуўанышлы, бахытлы дем.лерди* еске алып турған шы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғар. Балалар ушын бул күн бир байрамға айланып еди ғой. Солардың ҳәммеси тап күни кеше болғандай. Едиге менен Әбиўтәлип сонда вагонның ашық турған қапысы алдында қатар отырып, зуўлап өтип турған самалдан рәҳәтленип екеўи бираз гәплескен еди, балалары болса булардың әтирапында жуўырысып ойнап, изде қалып баратырған далаға қарап қандай қуўанысып еди, ал ҳаяллары Зарийпа менен Үкибала болса сонда бир ашылысып сөйлескен еди-аў. Қумбелге жеткеннен кейин олар дүкан аралады, станцияның бағында болды, кино көрди, парикмакирге де кирди. Балалар мороженое жеди. Ең қызығы сонда болды—ҳәммеси биригип Ермектиң шашын алдыра алмаған еди. Оған не болғаны биймәлим, шаш алатуғын машина жақынлаўдан бай-байды салып, азан-ғазан қылғаны бар. Сонда мына нәрсе Едигениң ядында қалды: қапыдан кирип киятырған әкесин көрип баланың оған қарап тура умтылғанын айтпайсаң ба: Әбиўтәлип оны қушақлап алып шаштәрезге бермейтуғындай, баўырына басып, ҳәзирше шашын алмай-ақ қояйық, басқа бирде келип батылырақ болып алдырармыз деген еди. Қап-қара буйра шашына туўғалы бери пәки тиймеген Ермек енди болса әкесиз өсип атыр...

Тергеў тамам болмай турып Әбиўтәлип Қутыбаев қалай өлип кетти екен? — деп Едиге усы бир нәрсеге түсине алмай өз-өзине қайта-қайта сораў бере-береди. Ҳәзир және соны ойлап отыр. Балаларын сағынып, сарғайып-ақ өлип кетти-аў деген ойға келе береди. Бундай қайғыны ҳәр ким өзинше көтереди. Мысалы, Әбиўтәлип ушын балаларысыз өмир сүриў, оларсыз жасаў—өлиў менен барабар. Ел жоқ, журт жоқ сарыөзектиң қула даласында балаларым, қараўсыз қаңғырып қалды-аў, деген пикир оны өлтирген шығар.

Едиге усылардың бәрин станция паркиндеги скамейкада, Зарийпаны күтип отырып ойланды. Зарийпа станция баслығына барып сол келген қағаздың жай-жағдайын билип қайтқанша усы жерде отырып оны күтиўге келискен еди.

Күн түс болса да, ҳаўа ырайы жаман еди. Түнерген аспан булттан ашылмады. Азлап бетиңе қар, я жаўынға уқсас бир нәрсе ара-тура тамады. Ашық даладан есип турған самал қардың тап-таза жағымлы ийисин



www.ziyouz.com kutubxonasi

алып келеди. Едиге бир түрли болып үрпейип отыр. Едиге бирдейине бул жерге келгенде станциядағы аласапыран адамлардың арасында жүретуғын еди. Себеби, оның баратуғын жери алыс емес, асыққандай ҳеш нәрсе болмаған соң солай етеди, сөйтип турғанда поезда келеди, жолаўшылар бәри жапа-тармақай түсип, перрон менен арман-берман асығып жүрип, демниң арасында жоқ болып кетеди: тап кинотеатрлардағыдай. Поездың келгени жаңа, енди демде болса ҳеш ким қалмаған.

Бул ирет оны бул нәрсе қызықтырмады. Ҳәзир ол топар-топар жолаўшыларға скамейкадан көз таслап отырып, адамлардың түрлерине, бир-бирине усамаған жүрис-турысына ҳайран қалды.. Оннан қалса даўысы қырылдап қалған радиодан пүткил станция майданшасы бойлап бир түрли азалы музыка жаңлап, адамлардың жанын түршиктиреди. Бул қандай музыка?

Зарийпаның вокзалдың жайына кирип кеткенине де жигирма минутлардан өтип баратыр. Едиге тынышсызлана баслады, олар келискен еди ғой, оны усы скамейкада күтип отырыўды, тап усы жерде баяғы ирет Әбиўтәлип ҳәм балалар менен бирге мороженое жеп отырған жоқ па еди. Енди ол Зарийпаға не болды екен, деп излемекши болды.

Жаңа орнынан тура бергенде, қапыдан шығып киятырған Зарийпаны көрип жүреги силкинип кеткендей болды. Қапыдан кирип шығып атырғанлардың арасында ол өзгеше болып көзге түседи. Әтирапында ҳеш ким жоқтай, не болып, не қойып атырғанынан хабарсыздай, зорға адым атып киятыр. Түри өлиниң түриндей қуўарып, уйықлап атырып, тап түсинде жүрип киятырғандай, соншелли көп адамның ҳеш биреўине соқлығып қалмай, тап елсиз, журтсыз далада жалғыз өзи адасып қалған соқыр адамдай дәрт ҳәм қайғы түскен басын тик услап, туўры қарап киятыр. Ол жақынлай бергенде Едиге орнынан турды. Тап түсинде жүрип киятырған адамға усап адым атқаны өнбейди, ҳеш жете алмайды, түри қорқынышлы, төмен қараған көзлери ҳеш нәрсе көрмей киятыр. Дүньядан түңилген жансыз көзлери суп-суўық. Ол жақынлап келемен дегенше арадан узақ бир әсир өткендей болды. Қолында Қазанғап айтқандай машинаға басылған ҳәриплер менен жазып, қалың конвертке салынған хат. Жақынлап келип қымып турған еринлерин қыймылдатып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен билетуғын ба един? — деди.

Едиге зорға ғана басын ийзеди.

Зарийпа скамейкаға сылқ етип отырды да бетин қос қоллап жаўып, басын қатты қысып, тап басы бөлинип баратырған адамдай, өзиниң қайғысын, аўыр жоғалтыўын айтып зар жылады. Ол жылап атырып тулабойы дир-дир қалтырап, бир уўыс болып, пүткил дүньяда тек жалғыз өзи қалғанын ойлағандай қайғыдан қайысып, еңиреп атырғанда Едиге, анаў күни үш текеки егик кийген адамлар Әбиўтәлипти әкетип баратырғанда, оның орнына мени әкетсе болмай ма деп тилеген болса: бул ирет мына ҳаялды тәғдирдиң соққысынан қалай қутқарыўды ойлап азап шегип Әбиўтәлиптиң орнына мени әкетип, бул қорлықларды мен жалғыз басым көтергенде бундай болмас еди, — деп налыды. Солай болса да ол мына қайғыдан Зарийпаны кеўил айтып қутқара алмаслығын билгеннен кейин, есин жыйнап алғанша, оған тиймеўди ойлады.

Сөйтип екеўи станция паркиндеги скамейкада отырды да қойды. Зарийпа болса, өкпеси қабынып жылай берди, бир ўақытлары қарап турмастан қолындағы мыжғыланып қалған қара қағазлы конвертти ылақтырып таслады. Әбиўтәлип болса өлип кетти, енди оның кимге кереги бар? Бирақ, Едиге конвертти алды да қалтасына салып қойды. Қалтасынан бет орамалын алып, Зарийпаның бармақларын күш пенен ашып, зорлап турып көзиниң жасын сүртти. Буннан да ҳеш нәрсе шықпады.

Ал, енди бағанағы азалы музыка станция аспанын гүңирентип, еле бозлап тур, бундай үзликсиз гүңиренийуине қарағанда бир нәрсе болған болыўы керек. Март айының аспаны сурғылт тартып түнерип тур, қырдан өскен самал адамды щимиркендирип жибереди. Арман-берман өткен адамлар Зарийпа менен Едигеге көз қыйықларын салып ишинен екеўи урысып қалған екен, күйеўи ҳаялын қатты жәбирлеген-аў, деп ойлап баратырса керек. Бирақ, ҳәмме өйтип ойламапты:

— Жылаң қәдирданлар, жылаңлар!.. — деп қапталдан кеўил айтқан даўыс еситилди. — Ғамқор әкемизден айырылдық. Ендиги күнимиз не болар екен? —

Едиге басын көтерип қараса, қасларынан өтип баратырған гөне шинелли, балдаққа сүйенген ҳаялды көрди. Бир аяғы бөксесинен баслап жоқ екен. Едиге бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳаялды таныйтуғын еди. Фронтовик ҳаял станция кассасында ислейтуғын еди. Қассир ҳаяллардай жылапты, еледе жылап сөйленип баратыр: «Жыланлар, жылан! Ендиги күнимиз қалай болады»? Балдақлардың топырланған ушларын гезекпе-гезек жерге тиреп, қос балдақтың тақылдысына гөнерген жалғыз солдат етигиниң шыйқылдысы қосылып, солқылдап жылаў менен алыслап кетти...

Ол гәптиң мәнисине Едиге станцияға киретуғын есиктиң алдында жыйналып қалған адамларды көргеннен кейин ғана түсинди. Бир неше адам өрмелеп, майданшадағы бийикке қара таўар менен қоршалған Сталинниң әскерий форма кийген үлкен сүўретин илдирип атыр. Жыйналған адамлар соннан көзин айырмай тур екен.

Музыканың муңлы сестин де Едиге енди түсингендей болды. Уллы Сталинсиз күн қалай шығып, таң қалай атарын түсине алмай ар-сар болған көпшиликтиң арасына барып, басқа ўақыт болған да оларға қосылып қалай өлди деп сорар еди, бирақ ҳәзир өз қайғысы өзине мол жетип атыр. Сол ушын тис жарып ҳеш кимнен ҳеш нәрсе сораған жоқ. Сталинниң азасына қайғырғандай ҳал Зарийпада да жоқ еди...

Дүнья астан-кестеен болып төңкерилип кетседе, поездлар тоқтамайды, олар тоқтаўға да тийисли емес. Ярым сааттан кейин он жетинши номерли Москва —Алма-Ата поезды келиўи керек. Барлық жолаўшы поездлары сыяқлы, ол да Боранлыға усаған майда разъездлерде тоқтамайды. Жол тәртиби солай болған. Бирақ, усы ирет онжетинши поезд Боранлы разъездине тоқтайды деп ҳеш ким де ойламаған. Оны тоқтатыўға тәўекел еткен алдын-ала сабырлы түрде ойланып алған Едиге еди. Ол енди Зарийпаға қарап:

— Көп кешикпей үйге қайтыўымыз керек Зарийпа, — деди. — Ярым саат қалды. Әкесиниң өлимин балаларына айтасаң ба, я ҳәзирше қойып турасаң ба, соларды сен ҳәзирден баслап ойлап ал, әбден. Мен саған ҳеш нәрсе айта алмайман, жубата алмайман ҳәм енди өзиңе-өзиң бек бол. Буннан былай балаларыңның әкеси де, шешесиде — өзиң. Буларды сен жол-жөнекей ойланып ал Егер балаларға ҳәзир айтпайман десең, онда сыр бермеўиң керек, белди беккем буў да, руўхыңды тү-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сирме. Балаларыңның алдында көзиңе жас алып жүрме. Усыларға күшиң шыдамың жете ме? Олардың алдында, мына биз үлкен адамлар өзимизди қалай услаўды билиўимиз шәрт. Түсиндиң бе? Мине, гәп қайда жатыр.

— Болады, мен бәрин де түсиндим, — деди Зарийпа көз жасын тыя алмай турып. Жол бойы, үйге жеткенше ойланып, соннан кейин не ислеў керек екенин билермен. Мен ҳәзир... Турайын, қояйын, қояйын, енди...

Қайтарсын да поезд иши быған-жыған адам. Вагонлар толы, темекиниң көк түтинине тығылып узыннан-узақ, ушы-қыйры жоқ жол менен кетип баратыр.

Зарийпа менен Едиге купели вагонға орналасты. Бул жерде адам азлаў екен. Екеўи басқаларға кесент етпей жол-жөнекей жай-жағдайды сөйлесип алыў ушын, вагонның ең шетиндеги коридорға орналасты. Таптар коридордың жыйналмалы орынлығына отырыўды өтинсе де Зарийпа отырғысы келмегеннен соң Едигениң өзи отырды.

— Түргелип турғаным жақсы, — деди Зарийпа.

Ара-тура суўық демин алып, гүрсинип турған Зарийпа, поездың айнасынан қарап турып, басына түскен мүсийбеттиң жүгин қалай көтериўди ойлап, ендиги жесирлик тиришиликтиң дәслепки адымын қалайынша ҳәм неден баслаў керек екенин ойлаўға тырысты. Буған дейин ол Әбиўтәлиптиң ислери жөнлесип қайтып келер, мына көрип отырған азаплары бир көрген жаман түстей умытылып кетер, Әбиўтәлип хожалығына келип ийелик етсе, қыйыншылықтан адам өлмейди — әйтеўир қыйналсақ та, не қылсақ та бир илажын етип, балаларды бағып-қағармыз, деп ойлап жүрип еди, енди болса ҳеш қандай үмит қалмады. Буннан былай күн көриўдиң ғамын ойламаса илаж жоқ...

Усы ийесиз қалған хожалықтың тәғдийри Едигеге де ортақ екенин сезгеннен кейин, ол да бул үйдиң алдағы күнлердеги тиришилигин ойлаўға мәжбүр болды. Ҳәр қыйлы адамларды бир түрли қайғы бирлестиреди екен. Едигениң Әбиўтәлиптиң бала-шағасына жаны ашымай турыўы мүмкин емес еди. Солай болса да ол өзин салдамлы тутыўы. Зарийпаның болдырып, азап тозып өмирден түңилип кетпеўи ушын азда болса, суўық қанлы болыўға тырысты. Зарийпаның қандай нәр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сеге бел байлағанын билиўге де асықпады. Бунысы дурыс еди. Жылап-сықлап көз жасын тыйып, сөзди Зарийпаның өзи баслады.

— Ҳәзирше балаларға әкесиниң өлими туўралы ҳеш нәрсе айтпайман, — деди ол даўысы бөлинип-бөлинип шығып, жыламаўға тырысып. — Ҳәзир айтыў қыйын. Әсиресе, Ермекти айтсаң-ә... Неге соншама оның жаны әкеси менен бир болды екен... Дәрт-аў, дәрт! Қалай ғана аўзым барып айтаман, оларды үмитлеринен қалай айыраман? Буннан былайғы өмири қалай болар екен? Әкем келеди деген сезим менен жасап атыр-аў олар... Күн санап, саат санап, минут санап жүргенде... Енди бул жерден ертеме кешпе, әйтеўир көшип кетип, қоныс өзгертпесек болмас... Жетимлер сәл өсип үлкейсин. Ермектен қорқа беремен. Бираз үлкейиңкиресин. Соннан кейин айтарман, өзлери де оған дейин азы-кем сезер. Ал, ҳәзир-ҳәзир айтыўға аўзым бармайды... Бул дәртти жалғыз өзим көремен... Өзимниң аға-апаларыма, Әбиўтәлиптиң туўысқанларына хат жазаман. Енди олар неге қорқады, бизден, жәрдем етер, көширип әкетер деген үмитим бар... Оннан соңғысын көре берермиз... Енди Әбиўтәлип жоқ, маған соның балаларын бағып келе қылыўдан басқа не қалды....

Зарийпаның ойлағаны сол болды. Едиге оны үнсиз тыңлап отырып, бул шешим Зарийпаның басындағы таўсылмай атырған мың сан ойдың түйини екенин түсинип қалды. Бундай да адам барлық ойында бар нәрсесин айтып бола алама... Сол ушын да гәпти басқа жаққа бурмастан:

— Зарийпа, гәплериңниң ҳәммеси де дурыс, — деди Едиге. — Егерде мен сениң балаларыңның сырын билмесем басқа гәп, ҳәммесин де жақсы билгеним ушын сениң гәпиңе қосылып турман. Егер сениң орныңда болғанда мен де бул сум хабарды айта алмас едим. Азмаз айтпай тура-турғанымыз дурыс болар. Ал, туўысқан-туўғаныңнан хабар-атар боламан дегенше, бизге, бизиң қолымыздан келген жәрдемимизге сүйене бер. Бурын қалай қәдирдан болған болсақ, сол турсымызға қаламыз. Қәдимгидей жумысыңды ислеп жүре бер, балаларың бизиң балалар менен бирге болады. Өзиң де билесең, Үкибала, сениң балаларың дегенде жаның бериўге таяр. Ал, қалған нәрселерди көре берермиз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зарийпаның көкиреги қарса айырылғандай қатты бир гүрсинип алып, сөзин даўам етти:

— Бул сум тағдийр усындай екен ғой. Бири-бирине ҳайран қаларлық түрде биригип кеткен. Әне, сондай болып жаратылған екен. Өмирдиң басланыўы, ақыры ҳәм даўамы бар... Гәптиң ҳадалын айтқанда, Едиге, усы балалар болмағанда өмирден ҳәзир-ақ қол үзиўге таяр едим. Тап усыған бел байлар едим. Енди маған тириликтиң не мағанасы қалды? Бирақ, усы балалар мени сақлап турыпты, солар менен өмир сүриўге, тири жүриўге мәжбүр етеди. Мени өмирден үмит үздирмей турған да, өмирдиң даўамы да солар. Ашшы болса да, аўыр болса да, әйтеўир бизиң өмиримиздиң мазмуны... Бәрибир қашан болса да олар әкесиниң өлимин биледи, оннан қашып қутыла алмайды, бирақ, мениң жүрегимди сызлататуғын бир нәрсе: буннан былайғы жағында не болар екен? Әкесиниң бундай жағдайға дуўшар болғаны олардың да кеўлин қабартады-аў. Оқыўға кирерде де, жумысқа араласқанда да, сол Қутыбаев деген фамилия алдынан кесент берип шығады-аў... Соларды ойласам бул өмир бизге қырын қарағандай көринип турады. Әбиўтәлип екеўимиз сол туўралы сөйлеслеўге тырысатуғын едик. Ол мени, мен оны аяп жүретуғын едик. Өзи тири болғанда балалары қатардан қалмай, ҳеш кимнен кем болмай өсетуғын еди, буған исенимим мол... сол исеним менен бизиң хожалығымыз бузылмай, татыўлық пенен жасадық... Енди не болатуғыны биймәлим... Мен оларға әке орнына әке бола алмайман... Себеби, Әбиўтәлип-Әбиўтәлип еди... Ол мақсетине жетер ҳәм еди. Ол жән-тәнин балаларына бағышлап, өзи де балаға айланып кететуғын еди. Оның басына жеткен де сол шексиз сүйиспеншилиги емес пе, балаларынан айрылып еди, жанынан да айрылды...

Едиге оның гәпин дым үндеместен тыңлады. Зарийпа оны ең жақын адамындай көрип, барлық сырын, ойында не барын жасырмай айтқанына бола Едигениң жаны ашып, усы хожалыққа қол ушын берип, ғамхорлық етип, қорғап, жәрдемим тийсе жақсы болар еди-аў, деп ойлана берди, бирақ оларды бахытлы ете алмайтуғынына, ондай етиў қолынан келмейтуғынына өкинип жүреги өртенип кетеди.

Олар Боранлы разъездине жақынлап қалды. Талай



www.ziyouz.com kutubxonasi

қыс ҳәм жазды жумыс ислеп усында өткерген Едиге ушын бул жоллар бурыннан таныс...

— Сен таярлан — деди ол Зарийпаға. — Келип қалдық. Сөйтип енди келистик ғой, балаларға ҳәзир ҳеш нәрсе айтпайсаң. Мине, усылай келистик, Зарийпа, сен мықлы бол, балалар сезип қоймасын. Усти-басыңды жыйнақлап ал. Ҳәзир тамбурға бар, тез бар. Қапының алдында тур. Поезд тоқтаўы менен жерге түс те, мени күт. Мен соңынан түсемен. Үйге бирге қайтаман.

— Сен не қылажақсаң?

— Ҳеш нәрсе. Өзим билемен. Қалай болса да сениң поездан түсип қалыўға ҳақың бар ғой.

Он жетинши номерли жолаўшы поезд әдеттегидей разъездге тоқтамай өтпекши, тек семафордың тусында ғана жүрисин пәсеңлетип, азлап, ақырынлап жүретуғын әдети бар. Тап сол жерлерге шамаласқанда, Боранлы разъездине кире бергенде, поезд бирден тормоз берип, вагонлар бир-бирине соқлығысып рессорлар, дөңгелеклер артықша шақыр-шуқыр етип, тасырлап тоқтады. Бақырысқан даўыслар, ысқырық, жан-жақтан еситилип атыр.

— Не болып қалды?

— Стоп кранды жулып алды?

— Ким?

— Қаяқта?

— Купели вагонда!

Сол ўақыт ишинде Едиге қапыны ашып, Зарийпа поездан түсти. Өзи асықпай, тамбурда проводник пенен кондуктор өкпеси өшип жетип келемен дегенше күтип турды.

— Тоқта! Стоп кранды жулған ким?

— Мен, — деди Боранлы Едиге.

— Сен кимсең? Қандай ҳақың бар?

— Солай етиў керек болды.

— Керек болды дегениң не? Сотланайын деп жүрсең бе?

— Асықпаң, сотқа бересиз бе, я басқа жаққа жибересизлер ме, актке жазың. Мынаў документлерим. Былай деп жазың, урыс қатнасыўшысы, темир жол рабочийси Едиге Жангелдин Боранлы разъездинде жолдас Сталиннин өлимине байланыслы қайғырыў белгиси иретинде стоп кранды жулып, поезды тоқтатты.

— Неге, Сталин қайтыс болып па?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Аўа. Радиодан айтты. Тыңлаў керек.

— Ҳе, *ондай болса басқа гәп,*—деп анаў екеўи албырап қалды. Олай болса кетебер, онда.

Бир неше минуттан кейин он жетинши номерли поезд зуўлап жүрип кете берди...

Поездлар шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай тағы да жүрип кетти.

Ал, темиржолдың өне бойына бул үлкеде сол қәдим заманнан бери адам изи түспей бос жатырған Сарыөзек шөлистанлығы, жердиң Орта тусы болған сарғыш тартқан кеңислик созылып кетеди.

Бул қатарларда ол ўақытлары Сарыөзек—1 деген космодром да жоқ еди. Бәлки, ол келешекте космослық ушыўды болжастырып отырған илимпазлардың қолында болған шығар.

Ал, поездлар ҳәзир сол баяғы бағдары менен батыстан-шығысқа, шығыстан-батысқа гуўлеп өтип атыр...

Елиў үшинши жылдың жазы менен гүзи Боранлы Едигениң өмириндеги ең бир азаплы ўақытлар болған еди. Бурынлы-соң ол қыстың қақайған аязында да, темиржолды үргин қар басып қалғанда да, Сарыөзектиң аптабы менен суўсыз шөлинде де, сондай бир дозақтай азаплы күнлерде де, тап урыста да, — урыста ол Кенигсбергке дейин жетип, мың ирет өлип-тирилгенде де жарадарланып, ҳәттеки, аяқ-қолсыз майып болып қалыўы мүмкин болған ўақытларда да бүйтип қыйналмаған еди.

Афанасий Иванович Елизаров бир мәртебе Едигеге жер жылжыўы туўралы ҳәм оның неден пайда болатуғыны ҳаққында түсиндирип еди. Артықмаш күштен тутас бир бәлентликлер: гейде тутас таўлар аўысып, жердиң денесин жарадарлап, бир жамбаслап қулап кететуғын ўақытлар да болады екен. Аяғының астында не бәле, қандай қудирет барын билмей адамлар албырайды. Жылжыўдың қәўиплилиги сонда бундай сумлық өзин нәрсе билдирмей, күн-күннен писип жетилисип бара береди. Себеби, жер астындағы суўлар жердиң қыртысын әсте-әсте геўлеп жасырын бир күш жыйнала береди. Сөйтип жер *силкине қойса ямаса гүлдирмама*-гүрилдеп, яки бир нөсер жаўын жаўса болды-таў әсте-ақырын жылжып шөге береди. Жылжыў деген бәлеге қарсы тура алғандай ҳеш бир күш жоқ, сол себепли ол жүдә қорқынышлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай бир ҳал адам баласының жекке басында да болыўы итимал. Өзин-өзи жене алмай, ишки дүньясын ҳәсирет жайлап, сол ҳәсирет пенен жүзбе-жүз бир өзи қалады: оған ҳеш ким де жәрдем бере алмайды, сол себепли адам өз дәртиң өзи көтерип, азабын ҳеш кимге айта алмайды, жан дүньясы азап шегеди. Басқа ҳеш ким оны жеңиллете алмайды ҳәм кеўлинде не барын түсинбейди. Сол адам өзиниң туңғыйыққа батып баратырғанын түсинеди ҳәм соннан сескенеди.

Өз өмириндеги усындай жылжыўды Едиге Қумбелге кетип баратырғанда биринши ирет сезди. Оның қандай жылжыў екенин жүреги бар болғыр ап-анық сезди. Қумбелге Зарийпа екеўи барып қайтқаннан бери де еки ай өтти. Бул ирет ол басқа бир мәселе менен жолға шықты .Зарийпаға жол үсти почтаға кирип саған хатлар болса алып келемен деп ўәде берди. Жоқ болса да менли, Зарийпа берген үш телеграмманы үш адреске салып жибермекши болды. Зарийпа туўысқанларынан өзиниң жазған хатларына бир де жуўап алған жоқ. Енди олардың ҳәммесине телеграмма жиберип, мениң жазған хатларымды алдыңлар ма: я алдық, я алмадық деп жуўап бериңлер, хатыма жуўап жазбасаңыз өзлериң билиң, деп жалынып өтиниш етти. Сирә аға ҳәм апаларының Қутыбаевлардың хожалығы менен ең болмаса хат арқалы да байланыс жасағысы келмеген-аў...

Едиге Қаранарға минип азанда ерте шығып кешке қарап қайтып кележақ болды. Егер жүксиз жалғыз өзин дус келген машинист паровозға жаны менен мингизер еди.ҳәм Едиге Қумбелге тек ғана бир ярым саат ишинде жетип барған болар еди. Бирақ, Әбиўтәлиптиң балаларын ойлап ол өткинши поездға мингиси келмеди. Еки баланың екеўи де, үлкени ҳәм кишкенеси ҳәр күни темиржолды бағып, әкесиниң келиўин күтип жүреди. Ойнап жүргенде де, сүўрет салса да балаларға тән тилек пенен барлық ўақта әкесин күтип отырғаны сезиледи. Әкесин күтиў олардың өмирлик мақсетине айналған. Сол күнлерде олардың көзине Едигеден абырайлы адам болмады, олардың пикиринше Едиге ҳәммесин биледи, жәрдем бере алады. Бул балалардың разъездеги турмысы дым аўыр екенин Бул болмаса олардың биротала жетимсиреп қалатуғынын өзи де түсинетуғын еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтан жумыстан қолы босағандай болса оларды бир нәрсе менен алдастырып, әкесин мәниссиз күтиўден қутылдырыўды, умыттырыўды ойлады. Әбиўтәлиптиң балаларға теңиз туўралы айтып бер дегенин ядына алып, ол өзиниң балалық жылларын, балықшы болған жас ўақытларын, Арал теңизине байланыслы ираслы-өтирикли гәплерди, аңызларды тағы да яққа түсирип, олардың ҳәммесин тәрийплеп, балалардың түсиникигине ылайықлап айтып беретуғын болды. Олардың зейинлилигине, айтқанды-айтқандай қағып алатуғын түсингишлигине ҳайран қалды. Солардың бәри де әкесиниң тәрбиясынан, деп Әбиўтәлиптиң руўхына ыразы болды. Едиге соларды айтқанда дәслеп Ермектиң түсиниўи ушын ылайықлап айтады. Бирақ, кишкене Ермек, Даўылдаң, Едигениң қызларынан да қалысатуғын емес, түсимпаз. Едиге оны басқа балалардан айырып қарамаса да, Ермек өзи-ақ шаққанлығы менен Едигениң айтқан ўақыяларын демде түсинип алып, умытпай ҳеш бирин қалдырмастан өзине қайтарып айтып береди. Сөздиң бағдары неге байланыслы болса да гәптиң соның әкесине апарып жалғастырады. Әкесиниң атын қоспай ол сөз сөйлемейди, ол не айтса да арасында папикасы жүреди. Мысалы мынадай бир гәп айтылған еди:

Арал теңизиниң жағасында қалың нар қамыслы көллер бар. Сол қамыслықтың арасында гезе ислеп мылтықларын гөзлеген мергенлер жасырынып жатады. Өйткени, бәҳәрде Аралға үйреклер ушып келеди. Қыста олар басқа жақтағы жыллырақ теңизлерде болып, ал Аралдың музы түсип ерий баслаўдан-ақ, бул жақты қатты сағынғанлықтан күни-түни топар-топар болып ушып келе баслайды. Олар суўға тезирек жетип, жүзгиси келип, сүңгип ойнағысы келгенликтен, жағаға түсиўге бейимлесип төменлей береди. Сонда олар оқ жететуғын шамаға келген ўақта қамыстың арасынан мылтықлар тарса-тарс атылып жалын аралас, көк түтин көтериледи. Сөйтип мергенлер үйреклерди оқ пенен қарсы алады. Оқ тийген үйреклер жан ҳалатында шүйкилдеп-бақырысып, өзлерин суўға таслайды. Пытыра тиймегенлери бирден серпилип үркип, теңиздиң ортасына қарай ушып, енди қайда қонарын билмей, толқынлардың үстинде айланып ушып, шүйкилдесип жүреди. Олар жағалаўға уя салып, өнип-өсиўге үйренген, ақыры. Ал, жағалаўға болса, жақынласыўға қорқады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Едиге аға, бирақ, бир үйрек келген жағына қарай ушып кетеди.

— Ол неге келген жағына қарай ушып кетеди екен?

— Ол жақта мениң папикам, үлкен корабльде матрос болып жүзип жүр ғой. Өзиң солай деп едиң ғой.

— Аўа, ол ырас, — деп Едиге албырақлап қалды. — Ал, оннан кейин не болады?

— Сол үйрек мениң папикама ушып барып қамыслардың арасында мергенлердиң жасырынып жатып, олардың үйреклерди атқанын айтады. Уя салып палапан шығаратуғын жеримиз жоқ дейди.

— Аўа, аўа, бул дурыс.

— Папикам ол үйрекке, жақында көп кешикпей қайтатуғынын разъедде Даўыл ҳәм Ермек деген еки баласының, Едиге ағайдың бар екенлигин айтады. Папикам келгеннен кейин, ҳәммемиз Арал теңизине, қамыслықтың арасында жасырынып жатып, үйреклерди ататуғын мергенлерди қуўып жиберемиз. Сөйтип Аралдағы үйреклерге ҳеш ким оқ атпайтуғын болады. Олар суўда қайтадан жүзип, қайтадан сүңгип ойнайтуғын болады...

Гәп таўсылғанда Боранлы Едиге майда таслар менен пал ашатуғынды шығарды. Енди ол бирдейине үлкенлиги бурщақтың қарамындай қырқ бир тасты жанынан қалдырмай қалтасына салып жүретуғын болды. Әлимсақтан киятырған пал ашып, болжаўдың өзине гән ырым, өз жолы болады. Едиге тасларды шашып жиберип, Әбиўтәлип атлы адам тирме, тири болса қай жерлерде жүр екен, жақын арада берман қайтыўға жолы ашықпекен, оның ығбалына не болған, кеўлинде не гүптикейи бар екен, соның ырас-өтиригин айт, деп гүбирленген ўақта, балалар сол таслардың жерге қалай түскенине бежирейисип қарап, ынтығып отырады. Бир ирет Едиге үй сыртында гүбирлескен сести еситип, абайлап қараса, Әбиўтәлиптиң балалары екен. Ермектиң өзи енди пал ашатуғын болыпты. Ол тасларды өз билгениние таслаўдан алдын, ҳәрбир тасты маңлайына ҳәм ернине тийгизип:

— Мен де сени жақсы көремен. Сен де жүдә ақыллы тассаң. Сен жаңылып-жазылмай, Едиге ағайдың таслары қусап, ырасынды айт, — деп ҳәрбир жалынады келип. Буннан соң ол жерге түскен тасларды, ҳәр топарға бөлип, Едигениң айтқанларын қайталап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

таслардың жөн-жосағын Дауылға түсиндире баслайды. — Мине, көрдиң бе, Дауыл, улыўма бағдары жаман емес, нәрсе жаман емес. Мынаў жол. Жол азмаз гүңгиртлеў екен. Қандай да бир думан түсип турғандай. Бирақ, бул ҳеш гәп болмас. Едиге ағай бундайды жол азабы дейди. Солай етпесе жол болама. Әкемиздиң бәрҳәма жолға шыққысы келип, шулгып турады екен. Зәнгиге аяғын салып ерге омыраўын артайын десе, айылы азлап босап кете береди екен. Көрдиң бе, айылы тартылмаған. Оны қатты етип, тартыў керек. Демек, әкемизге бир нәрсе иркиниш берип турған екен, Дауыл. Күтип турыўымызға туўра келеди. Енди оң жақтағы қабырғасында не бар, сол жақтағы қабырғасында не бар, соны билейик. Қабырғалары пүтин екен. Бул жағы жақсы. Ал, маңлайына не болған? Қабағы үйилип турған сыяқлы тап. Ол бизлерди ойлап жүдә тынышсызланады екен, Дауыл. Ал, жүреги қалай екен десең-ә, мине, мына тасты көрип турсаң ба, ол үйдиң қатты сағынғанлықтан жүреги сызлайды екен. Жақында жолға шығамекен? Шығады екен. Бирақ, атының артқы аяғындағы бир тоғасы босап кетипти. Демек, қайтадан қағып алмаса болмайды. Еле де күтип турыўымыз керек. Бөктергидеги қоржынында не бар екен? Ҳә-ә, қоржынында базарлық бар қусайды! Ал, енди жулдызы оң тәрепинен жарқыраймекен? Көрип турсаң ба, мына жулдыз Темир қазық. Буннан былай қарап из кеткен. Излер еле онша анық емес. Демек, жақын арада атты сол қазықтан шешип алып, жолға да шығып қалар.

Боранлы Едиге оларға билдирмей былайырақтан айланып кетип баратырып ҳайран қалғанынан жүреги елжиреп ҳәм қапа болып кетти. Соннан баслап Едиге пал ашқанды қойған еди.

Бирақ, алдамаға бала қайым дегендей, оларды дәмелендирип, кеўлин алып, дым болмағанда гүнаға батсаң да, өтирик айтып алдарқатып турыўға болар еди. Деген менен Боранлы Едигениң кеўлин басқа бир ҳәсирет қаплап алды. Бундай жағдайда, ўақыялар мынадай болып дизбеклесип турғанда, сол ҳәсирет Едигениң ишинде жер аўысып-жылжып, таўлар бир қырынлап қалатуғындай аўҳал қашан болса да жүзеге келгенде, оны тоқтата алмайтуғындай болып сезиле берди.

Ол соны, яғный Зарийпаны жүдә көп ойлап кеўлин ен жары бола берди. Олардың арасында ҳәр күнги



www.ziyouz.com kutubxonasi

тиришиликтиң ғамынан басқа ҳеш қандай гәп-сөз болмай, яғный Зарийпаны оған күлип қарап қас қақпасада, Едиге оны кеше-күндиз ойлайтуғын бир бөлеге жолықты. Зарийпаны көргенде ҳәркимниң де жаны ашып, аяныш сезимин билдирген болар едидағы бирақ, Едигеге оны кеўли елжиреген бир ҳалатта аяп ҳәм Зарийпаны жан жағынан алған қысқыға ынжылыў менен шекленбеди. Тек, солай болған жағдайда, бул туўралы әңгиме қозғаўдың кереги жоқ. Оның Зарийпа туўралы қыялойы бир ғирбисиз ғайбана ашықлықтан ибарат болып, қалай еткенде оны бул бахытсызлықтан қутқарып алсам екен, деген пикир ойынан шықпай тынышын ала береди. Егер Зарийпа оның усындай нийетте жүргенин түсинсе, сезсе, тарыққанда өзине сүйеў болатуғын адам екенлигине көзи жетип бул дүньяда оны жанындай жақсы көрип, шын ықласы менен берилген адам екенин билсе, Едиге ең бахытлы адам болған болар еди.

Бирақта, мине усындай қыялларға берилмегендей болып, ҳеш нәрсени билип-сезбеген адам қусап сыр бермей, тымсырайып жүриўден азап нәрсе жоқ екен.

Қумбелге баратырсын ол пүткил жол бойы усындай ойдың гә ийриминде шырланып, гә тунғыйығына батты. Ҳәттеки, зериги кетти. Ҳәр нәрселерди ойлай берди. Кеўли аланлап, бирese жақында болатуғын байрамды күткендей, бирese сарыйы шығып, төсек тартып, аўырып жататуғын ҳалға түсетуғындай бола берди. Усы жағдайда ол өзин тағы қайтадан теңизде жүрген сыяқлы сезди. Теңизде жүргенде адам өзин пүткиллей басқаша сезеди, әтирапттың бәри жай парахат болып, ҳеш қандай қәўип-қәтер болмаса да, кеўли жер бетинде жүргендегиден өзгеше болады. Теңиз қаншама дәрежеде айдын шалқар болып, толқынлардың үстинде жүзиў кеўилли ҳәм күн батып баратырғанда да, мейли таң атып, көк жийектен шығып киятырғанда да соншелли сулыў, гөззал бола берсин, бәрибир, түбимде адамның я арғы жағаға, я берги жағаға шыққысы келип қалпына береди. Өмиринше мудамы суўдың жүзинде жүзип жүре алмайсаң, ақыры. Ал, жағада адамды пүткиллей басқаша көринис, басқаша өмир күтип турады. Теңиз—ўақытша, ал қурғақшылықтағы тиришилик турақлы болады. Ал, егер жағалаўға—қурғақшылыққа шығыў қәўипли болатуғын болса, онда сен теңиздиң ишинен бир атаў таўып алып, соның үстине шығып, ен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дигн турақлайтуғын мәканының *мудамы сол екен*-лигин сезиўиң керек болады. Едиге тап сондай бир атаў таўып алып, Зарийпаны балалары менен бирге сол жаққа алып-кетип өмир сүриўди де көз алдына елеслетти. Балаларды да теңиздеги тиришиликке үйретип, өзи де өмириниң ақырына дейин теңиздиң ортасындағы сол атаўда тәғдирине ҳеш қандай наразы болмастан, қайтама қуўанып жасай берген болар еди. Тек, Зарийпа мудамы жанында жүрсе, Зарийпа да, Едигени паналап, жақыннан көрпүге, солай етип, ең қәдирдан адамлар болып жүре берсе болды.

Усындай қыялларға берилип киятырғанында сол еди, айлана дөгеректе жүзлеген шақырым жерге дейин ҳеш қандай адам-бендесн болмаса да, қәпелимде ол өзинен-өзи уялып, еки бетиниң алмасы дуўлап кетти. Кишкене балаға усап, жоқ жердегилерди әрман етип, атаўда жасағысы келген қыялына болайық! Ол өзиниң хожалығына, бала-шағасына, жумысқа-темиржолға, ең ақырында Сарыөзекке пүткил жан-тәни менен аяқ-қолы *шырмалып байланып қалғанына қарамастан*, буныки не әрман, буныки не қыял бул? Зарийпаның не жарасына ем екен бул? Мейли, Зарийпаның аўҳалы сондай бола қойсын, неге ол буны жақсы көрип қалыўы керек екен сонда? *Едигениң бундай қыяллардың басына барыўы* керекпеди? Неге?! Балалар жөнинде ол ҳеш қандай гүманланбады—олар дегенде Едигениң ықлас-ықтықаты өз алдына, балалар да Едигеге үйирсек, жақсы көреди. Ал, бирақ, Зарийпа оған ашықларға тән мүнәсийбетте бола қоярма екен? Едигени өмирдиң өзи ең соңғы демлерине дейин әлле қашаннан бери тийисли орнына тырыстырып, шайдып байлап қойғанда, оның бундай нәрселерди әрман етиўге ҳақысы бармекен?...

Боранлы Қаранар өзи талай ирет жүрип өткен, таныс соқпақ пенен ийесине дыр силтетпей-ақ, еледе алдында қанша жол бар екенин билип, бир бап пенен жортып киятыр. Сарыөзектиң кең даласының танабын қуўырып, бәҳәрде пайда болған жыралар менен сайсал кеўип қалған тақырлық, ақтаңлағы шығып атырған кебир жерлердиң үсти менен анда-санда бозлап, азнап желеди. Оның үстинде қоқаңлаған Едиге өз қыяллары менен бәнт болып, ҳәсирет шегип отыр.,. Жан дүньясы астан-кестен болып, сирексен сезимлер ағымның тәсири менен шыбын жаны сызлап, мына усынша кең



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарыөзектиң даласына сыймағанлықтан, кең дүньядағы жанын қоярға жер таппай исинип баратырған еди... Ол қанасына сыймай баратырған еди...

Усындай бир ҳалатта ол Қумбелге келип жеткен еди. Әбетте, ол Зарийпаның туўысқан-туўғанларына жазған хатына, жуўап хат алғанын тилеген еди. Бирақ-та, сол туўысқанлары келип, жетим-жесир болып қалған хожалықты өзлери тәрепке көширип алып кетпессе екен деген пикирден шоршып кетеди. Почтаға барып хабарласып еди, Зарийпа Қутабаеваның атына ҳешқандай хат-хабар келмеген екен. Сонда ол бирден қалайынша қуўанып кеткенин өзи де билмей қалды. Ҳәттеки, ар-намысына қарама-қарсы келетуғын: «Хат келмесе, келмей-ақ қойсын» деген жат пикир қыялында жылт етип кетти. Соңынан ол Зарийпаның үш аманат тапсырмасын шын кеўлинен орынлады: үш адреске үш телеграмма жоллады. Соның менен кешке таман үйине жетип келди...

Сөйтип жүргенде арадан бәҳәр өтип, жаз келди. Сарыөзектиң шөплери солып, күнге күйип, геўдирей қалды. Жап-жасыл болып шайқалған көк шөплер көрилген ҳазарсыз түстей болып қалды. Бурынғы сарғыш тартқан дала, тағыда сарғайып қалды. Ҳаўа ырайы кем-кемнен ысып, күн-күннен қыздыра баслады.

Ал, Қутыбаевлардың туўысқан-туўғанларынан сол бурынғысындай ҳеш қандай ызым-сызым хабар-атар болмастан кетти. Олар хатқа да, телеграммаларға да жуўап қайтармады. Ал, поездлар болса Боранлының үстинен арман-берман өтип, өмирде өз бағдары менен өте берди.

Зарийпа да енди жуўап күтиўден гүдерин үзди, туўысқанларынан жәрдем күтип, оларға хат жазып, шақырған менен келмейтуғынын түсинди. Туўысқанларының қайырқомлық етпейтуғынына көзи жеткен ҳаял байғус үндемейтуғын бир ҳалға түсип-енди қалай болады, енди қайда бараман?—деп уўайымлай беретуғын болды... Балаларына әкесиниң қайтыс болғанын қалай айтады, шаңарағы ортасына түскен хожалықтың машқаласын қалай тартады? Ҳәзирше ол буған ылайықлы жуўап таба алмады.

Итимал, Едиге де усыларды ойлап, Зарийпадан кем қайғы-ҳәсирет шекпеген шығар. Олардың ҳалына боранлылардың бәриниң де жаны ашыйтуғын еди, би-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рақ, сөйтсе де бул хожалықтың қайғысы Едигениң тәнҳа өзине тийислидей болып сезиле берди. Едиге өзин олардан бөлек тута алмайтуғын ҳалға түсти. Ол енди күн-күннен Зәрийпа ҳәм оның балалары менен бирликте тәғдирлес болып жасай баслады. Зарийпа сыяқлы бул да: енди булар қалай күнелтеди, деп ойлай-ойлай, басы мең-зең болып, ишинен тынып, ендиги жағында қалай болады, деп қайғырған менен бул аз болғандай, енди өзим не қыламан, Зарийпаға ғайбана интизар етип қойған күштиң ыңыранған гүңирениўин қалай туншықтырсам екен, деп тынымсыз азаплы ойларға берилди. Яқ, ол буған ҳеш қандай жуўап таба алмады. Ол өз өмириниң ишинде бундай иске гириптар боламан деп ҳеш қандай ойламаған еди...

Едиге бирнеше мәртебе оған өз ойын, оны соншелли жақсы көретуғынлығын, оның барлық аўырманшылығын мойнына алатуғын, ашық айтыўға тәўекел етсе де, бирақ, жүреги даўап батына алмады. Бул мақсетин қалайынша иске асырса екен? Гәптиң ашымайырыған қалай етип айтса болады? Зарийпа бунын нийетин түсине қояр ма екен? Ҳаял адамның басына усындай мүсийбет түскен ўақлары бир қапталдан ол өзиниң сезимин билдирип, жармаспақшы! Буның кимге кереги бар еди! Бул қандай масқарашылық! Едиге усыны мудамы ойлай бергенликтен, сықыл-сыйқы азғын тартып, тунжырап, адамлардың алдында сыр бермеўге ҳәрекет етип зорға жайқорсыған болады.

Бир сапары ол бәри бир тәмеси Қултайдың тәмесиндей екенин билдирди. Жумыстан қайтып киятырып, цистернадан суў алыўға шелек көтерип баратырған Зарийпаны алыстан көрип қалды. Бир күш оны солай қарай тартты да турды. Ол солай қарай жүрди. Шелегинди көтерисип жүрейин дегенди сылтаў еткенликтен емес, әлбетте. Олар күн ара, ҳәтте күнде жол бойындағы жумыста бирге ислейтуғын болғанлықтан қанша сөйлесемен десе де имканият бар еди. Бирақ, Едиге ҳеш егленбестен оның жанына тап ҳәзир жетип барып, енди айтпаса болмайтуғын сөзлерин айтқысы келип кетти. Оның ынтыққаны соншелли, айтыўын айтайын, түсинсе-түсинер, түсинбесе аўлақ жүр деп, бүйтип ар-сары болып жүргеннен көре жаным жай таўып сабасына түсер деп ойлады. Оның жақынласып киятырғанын Зарийпа көрмеди де,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сезбеди де. Арман қарап цистернаның шүмегин ашызып тур еди. Бир шелекти толтырып, былайырақ шығарып қойыпты, екинши шелек сарқыраған суўдың астында тур, суў ернегинен асырылып төгилип атыр, шүмекти барынша ашып қойғанлықтан, шелектеги суў гөбиклесип, шайпатылып төгилип, цистернаның дөгереги жайрап қалыпты. Зарийпа болса ҳеш нәрсени сезбейтуғындай болып цистернаға ийнин сүйеп, төмен қарап тур. Үстинде өткен жылы бәҳәрдеги нөсердиң астында ойнап жүргендеги кийген шыт көйлеги бар... Едиге оның қулағының артындағы, желке тусындағы шашларының буйраланып турғанын көрди, Ермек анасына усап буйра шаш болған ғой ақыры. Және сүмирейип, мойны ырғанақтай болып, ийни түсип, бир қолы менен шелекти услап, бир қолын бүйирине таянып тур. Сарылдап аққан суўдың сести оған Жетисуў таўларынан аққан булақлар менен жыралардың сарылдысын ядына салдымекен, ямаса сол турғанында ҳәсирет ийримине түсип кетип әтирапындағы өзге нәрселерди умытып турмекен? Қудай биледи не қылып турғанын. Едиге оның сол турысын көргенде Зарийпаны шексиз сүйетуғын сезип, өз жүреги өзиниң геўдесине сыймай сызлап, оны мийри қанғанша қушақлап, ҳәрқандай бәле-қададан, қорлық-азаптан қорғаўсы келип жаны жай таппады. Бирақ, оны қушақлап баўырына басыў қайда. Едиге дым үндемей барды да шүмекти бурап жаўып, суўды, тоқтатты. Зарийпа оны алыстан қашшан-ақ көрип турған адамдай таң қалмай, қаяқтан келдиң демей мәниссиз қарады.

— Саған бир нәрсе болды ма? Не өзи?—деди Едиге жаны ашып.

Зарийпа ҳеш нәрсе демеди, тек, сәл ғана мыйық тартқандай нур ене баслаған көзлериниң жоқарысындағы қасларын көтериңкиреп: ҳеш нәрсе-аў...дегендей болды.

— Не өзи, қыйналып қалдың ба?—деди тағыда Едиге.

— Қыйналдым,—деди мойынлады Зарийпа гүрсинип.

Едиге не ислеўди билмей қолайсызланып қалды.

— Бунша неге өзиңди қыйнай бергенсең—деди Едиге, оны айыплағандай болып. Оның айтайын дегени бул емес еди—Қашанғы өзиңди-өзиң мүжий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сен? Сен қанша езилген менен өлген адам тириле ме? Сениң бул жүрисиң де•(маған да демекши еди) балаларыңа, да жақсы емес. Соларды билсеңо. Булай еткениң болмайды. Бир нәрсениң ҳәрекетинде болмақ керек...—Ол өзиниң Зарийпаны дүньядағы барлық адамлардан жақсы көретуғынын, оның қайғысына қабырғасы қайысатуғынын билдиргиси келип, соған ылайық гәп изледи. —Өзиң-ақ ойлап көр. Хатларыңа жуўап бермесе, қудайдан тапсын, өлмеспиз. Бизлер (мен дейжақ еди) сени өзимиздиң жақын адамымыздай көремиз. Тек, егитилип, еңсеңди түсире бермей жүр. Жумысыңды ислеп, руўхыңды түсире бермей жүре бер. Балаларың—бизлер менен (ол мениң менен демекши еди) бирге болып өсип жетиледи. Еле бәри де умыт болып кетер. Бир жақларға көшип кетип не қыласаң? Бизлер де саған алыс емеспиз, туўысқан болып қалдық. Өзиң де билесең ғой. Мен сениң балаларыңсыз бир күн ҳәм жасай алмайман. — Усыларды айтып болып тоқтады, әдеўир шыдамы жетип кеўилин билдиргени де усы еди.

— Мен ҳәммесин де түсинемен Едиге, — деп сөз баслады, Зарийпа.—Буныңа рахмет. Бизди жеккелетпейтуғыныңызды түсинемен. Бирақ, қәйткенде де бул жерден кетиў керек. Бул жердеги әкеси менен байланыслы болған нәрселердиң бәрин де балалар умытсын. Соннан кейин барып мен оларға шынлықты айтсам болады. Өзиң де түсинесең буны қашанға дейин жасыраман. *Соларды ойлап, қалай айтар екенмен деп* ой түбине жете алмайман.

— Солай екени ырас ғой,—деп мақуллаўға мәжбүр болды Едиге.—Бирақ, еле сен асықпа еле де болса ойланып көрғңкире. Кип-кишкене балаларың менен қайда барасаң, қалай күн көресең? Сизлер кетип қалсаңыз, сизлерсиз қалай күн кеширемен, деп мениң де жаным қалмайды.

Ырасында да Едиге, Зарийпа менен оның балаларын *ойлап, кеткенде олар қәйтип күн көреди деп азап* шегетуғын еди. Бирақ, бәрибир қайўақ-бирўақ олардың кететуғынын биледи... Соннан бир неше күн кейин тағы бир ўақыя болды ҳәм сол ўақта Едиге барлық сырын айтып қойды. Өзиниң бул исине ол көп ўаққа дейин өкиниш жүрди ҳәм өзин ақлаўға себеп табалмай қалды..

Сол сапарғы есте қаларлық Қумбелге барған ўақты



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм Ермектиң парикмахерден қорқып, шашын алдырмағанынан бери бираз айлар өтип кетти. Соннан бери бала елсге дейин шашын алдырмаўы менен жүрипти. Толқынланып турған қап-қара буйра шашы өзине жарасады, оның желкесине түсип турған шашын алыў керек еди. Едиге гейде ирети келгенде де оның буйра шашлы басына мурнын тақап, оның нәресте ийисин қумартып ийискеп, сүйипте қоятуғын еди. Сол шашлары енди күн сайын өсип жаўырынына шекем өсип, балаға қолайсыз болып баратыр. Шашты алдырыў керек дегенге бала ҳеш көнбейтуғын еди. Сонлықтан ҳеш ким жүрек етеалмай жүрип еди. Бир қолайын излеп жүрген Қазанғап бир күни бунның ҳәмелин тапты. Шашы узын балаларды ешкилер жек көреди, сүзипте алады деп баланы қорқытты.

Соңынан Зарийпа, Ермектиң шашын қалай алғанлығы туўралы айтып берди. Қазанғап көп қыйыншылық пенен алған екен. Баланың басын еки дизесиниң арасына қысып отырып, машинка менен сыпыртып алып таслапты. Баланың бақырған даўысы пүткил разъездке жаңғарып еситилди дейди. Шашын алып болғаннан кейин ақ көкирек Бийке; баланы тынышландырыў ушын, оның қолына айна берипти. Қарай ғой, қандай жақсы болып қалдың деген. Бала өзине қарапты да танымай қалыпты ҳәм оннан бес метр жылап жиберипти. Сол турсында бақырып жылап атырған баласын қолынан жетеклеп Қазанғаптың үйинен шығып баратырған Зарийпаға, Едиге ушырасып қалды.

Басы сопайып, қулағы қалқандай болып, өзине өзи усамай қалған тақырбас Ермек анасының қолынан жулқынып шығып, шырылдап Едигеге қарап жуўырды.

— Едиге ағай, қара маған олардың не қылғанына!

Егер Едигеге биреў ҳәзир усындай жағдай сени күтип тур дегенде исенбеген болар еди. Ол баланы көтерип алды да, баўырына қысып турып оның қайғысын, ғамхорсыз қалған нәрестениң барлық азабын, өзине деген шексиз исенимин жан жүрегинен уғынып, оның көрген жәбирин тап өзи көргендей тербиренип, баланы айланып-толғанып сүйип, даўысы қалтырап не айтып, не қойғанында билмей кетти.

— Қоя ғой қулыным! Жылама. Мен сени ҳеш кимге қапа еттирмеймен, мен саған туўған әкендеймен! Сени әкендей жақсы көремен, тек жыламай тур!—Тап



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол ўақытта Зарийпаға көзи түсип кетти. Зарийпа болса бир түрли болып, қаққан қазықтай бир орында турып қалыпты. Соны көрген Едиге *дым шеннен шығып* кеткенлигин сезип, уялғанынан қаяққа кирерин, не қыларын билмей, баланы көтерген ҳалында бир айтқанын *«мың» ирет қайталап Зарийпаның* қасынан алыслай берди: —Жыламайақ ғой. Сол Қазанғаптыма! Көрсетемен мен оған! Көрсетемен ҳәзир оған! Ҳә, сени Қазанғап! Көрерсең сен меннен! Көрсетемен саған!

Соннан кейин бир неше күнлерге дейин, Зарийпаның көзине көриниўге уялып жүрди. Зарийпаның да алысырақ жүргенин сезип қалды. Өз қайғысы менен өзи болып қақ жутып жүрген ҳаялдың кеўлин абайламай жаралап алған Боранлы Едиге қатты өкинди. Жаңа ғана питиккиреп киятырған жарасын тырнап алғандай болды. Едиге өзин ақлаўға сөз таппай қыйналды. Сол бир умытылмайтуғын, қайталанбайтуғын нәрсени, кемкеўил баланың өз баўырына тығылып, оннан жәрдем күткенин, сонда өз жүрегиниң елжиреўин, буны көрип Зарийпаның қалшыйып қатып қалғанын ҳәм қайғыға толып кеткен муңлы сондай бир үнсиз *жылап турған көзлери менен қадалғанын*, Боранлы Едиге көп жыллар даўамында ҳәттеки өмириниң ақырғы демлерине шекем умыта алмайды...

*Соннан кейин* Боранлы Едиге көп ўақларға дейин ойын-күлки менен иси болмай,—аз сөйлейтуғын болып ишинен өзиниң сезим ҳәм меҳирбанлығын Зарийпаның балаларына бағышлады. Басқа илажын таппады. Жумыстан қолы бос ўақытларда ҳәрдайым ол теңиз туўралы баяғыда бир айтқанларын көбинесе қайтадан айтып беретуғын болды. Бул олардың ең жақсы көрип, уйып тыңлайтуғын әңгимеси еди. Әңгимениң багдары шағалалары балықлар, ҳәм мәўсимде ушып келип кететуғын қуслар, басқа жерлерде ушыраспайтуғын, жоқ болып баратырған жекке-сийрек ҳайўанлардың Аралдағы атаўларда сақланып атырғаны ҳаққында болады. Балалар менен гүрриңлесип отырғанда *Едиге гәптиң арасында бурын ҳешкимге айтпай жүр*ген, айтпаўға тырасатуғын жасырын сырларын да ядына түсирип қояды. Өйткени, Арал теңизинде өткен жас жигит мәҳәлиндеги ўақыялар оның қыялларына түртки салып, толқытып жиберетуғын еди. Бирақ, бунын өзи бала-салаға айтатуғын да әңгиме емес, әлбетте Оны тек, Үкибала менен екеўи ғана биледи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

билседе, бирақ, бул туўралы екеўи де билмегендей болып жүре береди. Өйткени, бул сыр олардың шетнеп кеткен баласы менен байланыслы ақыры. Сол баласы тири болғанда ҳәзир Боранлыдағы балалардың ең үлкени болып жүрер еди. Ҳәттеки, ол Қазанғаптың Сәбийтжанынан да еки жастай үлкенлиги бар еди. Бирақ, өмири келте болды. Ҳәркимде бала туўылғанда өмир жасы узақ болсын, дым узақ болсын (буны көз алдына келтириўдиң өзи қыйын) деп тилейди. Солай етпесе, қудайдан бала тилеп, оны туўыўдың не кереги бар?..

Урыс басланбастан сәл бурынлаў, балықшы болып жүрген жас жигит ўақтында, Үкибала екеўиниң бир таңқаларлық ҳәдийсеге тап болғаны бар. Ондай жағдай адамның өмиринде гезлессе тек бир ирет-ақ гезлесер, оннан соң ҳеш қашанда қайталанбайтуғын шығар.

Екеўи хожалық болғаннан баслап, Едиге теңизде жүрсе мудамы үйине қарай шулғыйтуғын әдетти шығарды. Ол Үкибаланы жақсы көретуғын еди. Үкибаланың интизар болып күтип отыратуғынын да биледи. Ол ўақытлары буның Үкибаладан басқа ҳаял тухымына дәзер салғысы келмеди. Гейде ол тек, Үкибаланы ойлаў ушын жаратылғандай, күн менен теңиздиң ләбинен өз бойына күш-ғайрат жәмлеп, сол күш-ғайратты үйинде күтип отырған ҳаялына жеткизиў ушын жасап жүрген сыяқлы сезеди. Сол күш-ғайраттан екеўи теңинен бахыт таўып ҳәм бахыттың тиреги пайда болып—буннан басқасының бәриде тек, сол бахытты нығайтып толықтырып, күн менен теңиз инам еткен күш-ғайраттан туўылған екеўине тең-заўқы-сапаны паянлы етиўге хызмет ететуғын еди. Сөйтип жүрген күнлеринде Үкибала өзине бирнәрсе болғанын, жүкли болып қалғанын, енди кешикпей ана болатуғынын билип, теңизден қайтатуғын күйеўи менен бирликте қурсағындағы тунғышын итизарлық пенен күтетуғын әдетти шығарды. Сол мәҳәллер олардың өмириндеги аспаны бултсыз күнлер еди.

Гүздиң ақыр аяғында, тап қыс түсейин деп турғанда Үкибаланың бетине түскен сепкилди сер салып қараған адамның аңғарып қалыўы қыйын емес еди. Иши де томпайып билине баслады. Бир сапары ол күйеўинен: «Алтын бекире деген қандай болады?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Естнўин еситип жүрсем де, бирақ, ҳеш қашанда көрген нәрсем емес»—деди. Сонда күйеўи оған былай деди: Ол қызыл балықлар тухымынан, жүдә сийрек ушырасады, өзи де мудамы теренде жүреди, ири болады. Оның қәдир-қымбаты әсиресе, сулыўлығында. Балықтың өзи тенбил-көшил болып, қалашлары, тулғасы, қыр арқасы, басынан баслап қуйрығына дейин сап алтын жалатылғандай әжайып бир көринис берип, жалт-жулт етип турады. Сонлықтан оны адамлар алтын бекире деп атап кеткен.

Келеси сапары Үкибала түсинде алтын бекирени көргенин айтты. Балық тап әтирапында айналып жүзип жүргендей болыпты. Үкибала оны услап алмақшы болыпты. Сол балықты услап алып бир көрсем болды, оннан соң қайтадан суўға жиберер едим, деп соншелли қуштарланыпты. Қалайда ол балықтың алтын денесин өз қолы менен услап, сыйпалап сезбекши екен. Оның сол балықты бир қысып услап көргиси келгенликтен, түсинде соны услап алмақшы болып изинен қуўыпты. Балық түспегир услата коймапты. Үкибала оянғаннан кейин тап ең бир аңсаған әрманына жете алмаған, пәнт қумар ҳалатта қалып, бираз ўақытқа дейин өкине берипти. Өзиниң көрген түси өзине күлкили болып көринсе де, бирақ, ол оңында да сол алтын бекирени бир услап көриўге шыдамаслық дәрежеде қуштар бола берди.

Едиге буған түсинди, бул жөнинде ойланып, оның көрген түсин өзинше бир жақсылыққа жорыды да, оңында да умыта алмағанын есапқа алып, теңизге аў салып, алтын балық усламаса болмайтуғынын билди. Ол еки қабат Үкибаланың алтын бекиреге жерик болғанын сезип, енди оны қалай болмасын таппаса болмайтуғын болды. Жукли болған көп қатынлар ҳәр нәрсеге; биреў ашшыға, биреў душшыға, биреў дузлы нәрсеге жерик болады. Биреўлери қандайда бир табылыўы қыйын жабайы ҳайўанның ямаса қустың етин қуўырып жеўди әрман етип, жер баўырлап жатып алады. Едиге ҳаялының жерик болғанына таң қалған жоқ. Атайы балықшының ҳаялы, әлбетте күйеўиниң кәсибинен өнетуғын бир нәрсеге жерик болыўға ҳақысы бар. Оған алтын бекирени қолым менен услап, көзим менен көрсем дегизип, аллаталаның өзи ийтермелеп, аян берип турған. Егер ҳаялдың жериги қан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

баса, қурсақтағы балаға зыяны тийеди дегенди Едигге бирсўлерден еситип жүретуғын еди.

Ал енди Үкибаланың жериги ерсилеў ҳәм қыялый болғанлықтан буны ол күйеўине анықлап айтыўға батына алмады. Едиге де оннан шуқластырып сорамады. Себеби, ондай сийрек ушырасатуғын балықты услаўдың өзи машақат. Сонлықтан ол дәслеп оны бир услап алайын, әне оннан кейин сениң жерик болып жүргениң усы меди деп сорайман деп ойлады.

Мәўсимниң қызатуғын мәҳәли июль менен ноябрь айының аралығы болғанлықтан, сол ўақытлары Арал теңизинен балық аўлаў жумысы тамамланып та қалған еди. Қыстың да аязы бетти қарып кетеди. Артель енди қыстың күни балық аўлаўға таярланып атырған ўақыт еди. Қыста айлана-дөгерeги бир ярым мың шақырымға дейин созылған теңиздиң үсти сиреcкен қалың муз болып қатқанлықтан, балықшылар ҳәр жерҳәр жерден үлкен-үлкен етип үки ойып, үкиниң бирине түсирилген аўдың ушын екинши бир үкиден шығарып алыў ушын оны шөлистанның теңи жоқ көлиги түйеге тарттыратуғын еди... Қыста теңиздиң үстинде суўық самал зуўлап туратуғын болғанлықтан, үкиден тартылған аўға илинип шыққан балықлар тыпырлаўға үлгерместен муздың үстине шығыўдан тоңлап, музлы «бояў» жағылып қойылғандай жылтырап, сәрлейип қалады. Едиге артельдегилерге бас қосып, қыс-жазы балық аўлап жүргеннен бери балықтың ирисин де, майдасын да, жақсысында, жаманында, қуласын, ҳәр түрлисин услап жүрсе де, бирақ алтын бекирениң аўға илингенин көрмеген еди. Бул балықты анда-санда қармаққа түсиргенлер бар, бирақ жүдә сийрек, услай қойса соның өзи балықшыларға үлкен байрам сыяқлы көринеди. Пәленше алтын бекире услапты деп адамлар оны тәрийплеп гәп-сөз етип жүреди.

Сол сапары ол азан менен теңизге кетип баратырып: муз қатқанша өзлеримизге боларлық балық аўлап келейин деди. Үкибала жақтырыңқырамай:

— Ҳаў, үйде балық дегенниң ҳәртүри үйилип турғой. Оған ҳәзир болыўдың не кереги бар екен? Күн суўық — деди.

Бирақ Едиге айтқанынан қайтпады.

— Үйдеги балық ҳеш жаққа қашып кетпейди,— деди ол.—Өзиң айттың ғой, Сағын апай қатты сыр-

қатланып қалыпты деп. Оған таза суўенниң, ямаса сыланың ыссы сорпасы болмаса болмайды. Қонатуғын еми сол оның. Өзи ауырыў кемпирге ким балық аўлап әкелип береди дейсен?

Әне, Едиге усыны сылтаўлап азан менен алтын бекире услаў ушын теңизге кетти. Ол аў-әсбапларының барлығын бурыннан ғамластырып, тап-туйнақтай етип қойып еди. Олардың бәрин жыйнап-терип, қайықтың тумсығына таслады. Өзи де қалың кийинип алып, сыртынан бүркемели брезент плащ кийип, қайығын айдынға бағдарлап жүзип кете берди.

Гүз бенен қыстың шабырыспасы болғанлықтан, ҳаўа райы ҳәрқыйлы дөнип қубылып тур. Жағалаўға урған толқынды қыйдырып өтип, қайығының тумсығын ашық теңизге қарай туўрылап, Едиге ескекти қулашлап есип, алдын бекирениң болатуғын жерлерин шамалап кете берди. Деген менен бәри де истиң сәтине түсиў-түспеўине байланыслы. Теңизге қармақ салып балық тутыў деген жердиң үстинде жүрип аң аўлаў емес, әлбетте. Қурғақшылықта қалай болғанда да мергенлер қоян, қырғаўылды көзи менен көрип, қуўалап, буққы таслап жүрип, бир жақлы етиўине болады. Балықшыға бул имканият әзелден берилмеген. Суўдың астында не бар екенин, не болып атырғанын ол көре алмайды. Қармағын суўға таслайды да, тек тәўекелге бел байлайды. Балық қармақтың әтирапына келеме, келген менен жемтикке қабама, я қаппайма—бул жағы нәмәлим.

Едигениң кеўлине қармағына балық түсетуғындай болып сезиле берди, себеби ол үйинен шыққанда, балықты қарақан тамағы ушын емес, ал, еки қабат қатынының аңсары аўған жерик асы ушын аўлаўды нийет еткен еди.

Едиге жас ҳәм ғайратлы еди. Ескекти гүспанлап есип, толқынлардың арасы менен қайығын қыялап салып, ашық теңиздиң айдынына қарай жылжый берди. Жағалаўдағы бундай толқынларды аралшық балықшылар ийрек толқын дейди. Бундай ийрек толқынлар теңизде үлкен дүбелей басланардың алдында болады. Болмаса ийрек толқынның өзи онша қәўипли емес, қорықпастан теңиздиң «төрине» қарай алыслап кете бериўге де болады.

Теңиздиң ишкерисине қарай алыслаған сайын жағалаўдағы толқын урған бийик таслы тик жарлар кем-



www.ziyouz.com kutubxonasi

кемнен кишрейип, пәсейип баратырғандай болып, соңғылығында ўақты-ўақты жоқ болып кететуғын гүңгиретленген сызыққа айланып кетти. Жоқарыны жылжымайтуғын булт қаплап, төменнен суўдың бетин жалап ескен самалдың сести азлап еситиледи.

Арадан еки сааттай ўақыт өткенде Едиге қайығын тоқтатып, ескеклерди шүйден шығарып, якорь таслады да, қармақларын суўға таслай баслады. Оның өзи ислеп алған еки қармағы бар еди, соның биреўин жигирма метрдей қалдырып қалғанын қайықтың қуйрық жағына таслап, жүз метрдей тереңликке батырып жиберди де, екиншисин қайықтың тумсық жағына қарай ылақтырып, сол тақылетте орналастырады. Сөйтип ескеклерди қайтадан қолына алып, қармақлардың жиби бир-бирине оралып қалмаў ушын, қайықты самалдың бағдарына кеселеп қойды.

Оның ендиги жумысы күтип отырыў еди. Едигениң шамалыўы бойынша ондай ҳасыл балықлар усындай терең жерлерде болыўы керек. Буған әлбетте келтиретуғын дәлили жоқ, тек. сезим-болжаўы солай дейди. Бирақ, сол *излеген балығының усы қатарларда* болатуғынына исеними мол. Ол қалай, да усы қайық турған дөгереклерге келиўи керек. Соны таппаса Едиге үйине қайта алмайды. Ҳасыл балық оған ермек ушын керек емес, оның өмиринде жүз беретуғын *айрықша ҳәм әҳмийетли жағдай ушын* керек.

Бираздан соң балықлар өзлериниң бар екенлигин сездирип, белги бере баслады. Бирақ, Едигениң дийдилегени булар емес еди. Дәслеп қармаққа сыла түсти. Едиге оны тартып көрип еди, алтын бекире емес екен. Яр деген алтын бекирениң қармаққа илине қойыўы мүмкин емес еди. Ондай олжа аңсатлық пенен қолға түсе бергенде, бул дүньяда өмирдиң де қызығы болмайды. Едиге оның ушын қыйыншылық шегиўге, күтиўге қайыл бирақ. Аздан соң қармаққа Аралдағы балықлардың тәўири, ҳәтте ең жақсысы десе де болады, сүўен түсти. Оның басына қалақ пенен бир урып есеңкиретип, қайықтың ултанына таслады. Дым болмай баратырса Сағын апайға ем болатуғын сорпа ушын усының өзи де болады. Тағы бир трап шабақ та қармаққа илинди. Буны қандай жин урып жүрген екен? Көбинесе траплар суўдың бетине жақын жүретуғын еди. Мейли өзинен көрсин. өзи айыплы. Буннан соң көпке созылған, зериктирерли тынысна



www.ziyouz.com kutubxonasi

басланды... Яқ, мениң күтип отырыўым керек деп ойлады Едиге.—Мейли, мен кетпей-ақ қояйын, бирақ, ол мениң алтын бекирерге кеткенимди бәрибир биледи. Оның қурсағындағы баланың қыйналып қалмаўы ушын мен сол алтын бекирени қалай болмасын алып қайтыўым керек. Ақыры, анасының алтын бекирени қолына услап көриўине сол нәресте тилеклес болып жатыр ғой. Неликтен тилеклес болып атырғанын ҳеш ким де билмейди. Тек, анасы биледи... анасы да соған тилеклес, ал мен әкеси болатуғын болсам, сол тилеклерди қанаатландырыўым керек.

Ийрекленген толқынлар қайықты қоқаңлатып шайқай баслады. Сонлықтан да олар ийрек толқын болып аталған, қайыққа ийрекленип келип бир қапталдан соқлығады. Қыймылдамай қақшыйып отыра бергенликтен, Едиге қунжыйып, тоңа баслады. Сөйтсе де сол отырысын бузбай, қалқыдан ҳәм қармақтың жиби өткерилген ашадан көзин айырмайды. Қайықтың я қуйрығындағы я тумсығындағы қалқылардың екеўи де қылт етпестен, өт қақпай қалды. Бирақ, Едиге шыдап отыра берди. Алтын бекирениң әйтеўир, түбинде келип, кармаққа қабатуғынына исенип, билип отырған еди. Тек, теңиз сәл-пәл тынышланса екен, ийрек толқынлар да жанына тийип баратыр. Бул нениң нышаны екен, буның изи не болар екен-ә? Яғә, жақын арада дүбелей бола қоймас. Болсада кешке қарай, ямаса түнлетип гиддиман, алабас толқын көтерилиўи итимал. Әне, сонда қәҳәрленген Арал ўайқанды салып, ана шети менен мына шетине ақ гөбик шашып шуўлайды. Бундай ўақытлары теңизге тири бенде жолай алмайды. Ал, ҳәзиринше шыдаўға болады, ҳәзирше ўақыт бар еле....

Ғорбыйып, тоңып отырған Едиге жән-жағына қарап, теңизден тартып алатуғын өз балығын күтти. «Сен неге буншама еглене бересең, қудайым-аў, сен әйтип қорқа бермей-ақ қой,—деп ойлады Едиге балық туўралы.—Қорықпа деймен, мен сени қайтадан теңизге жиберемен. Ондай болмайды дейсен бе! Болмаса көресең ғой езиң. Мен сени қазанға бузып салыў ушын күтип отырған жоқпан. Ишип жейтуғын да, балық та үйде молшылық.

Мине, қайықтыңултанында үш балық жатырыпты Сени қазанга салатуғын болганымда усындай етип



www.ziyouz.com kutubxonasi

зарығып күтермедим, алтын бекире! Билесең бе, бизлердиң туңғышымыз жақты дүньяға шығыўы керек. Сен жақында мениң ҳаялымның түсине енген екенсең, соннан бери оның сабырыў-қарары кетип, сени бир көриўге зар болып атыр. Буны ол айтпайды, бирақ айтпасада, мен сезип жүрмен. Неликтен солай екенин мениң түсиндирип бериўим мүшкил, бирақ, оның сени қолына услап көргиси келеди. Услап көрип қумары тарқаса болды, оннан кейин мен сени теңизге қайтарып жибериўге ўәде беремен. Ол жерде мәселениң үлкени сениң өз алдыңа айрықша сийрек ушырасатуғын балық болғанлығында болып тур. Сениң қыр арқаң, қуйрығың, қалашларың да алтын ғой. Өзиң бизлердиң орнымызда болғанда не қылар единң. Ол сени қолына услап, алтын тәниңди өз алақаны менен сыйпалап, жан-дүньясы менен сезингиси келип, бийтақат болып атыр, алтын бекире! Сен балық екенмен, адамлардың маған жумысы түспейди деп ойлама. Балық болсаңда сени ҳаялым өз туўысқанындай,—сиңлиси, яки инисиндей сағынып, жас босанар алдында өзиңди бир көргиси келеди. Оның қурсағындағы бала да ырза болар еди. Аўҳал усындай, алтын бекире. Интизарлықтан. мүтәжликтен қутқар бизди. Жақынла берман. Мен сени ренжитпеймен. Қудай урсын, егер сөйтетуғын болсам. Егер мен жаман нийетте болсам, сен буны сезген болар едиң. Еки қармағым бар, ҳәр қайсысына жудырықтай-жудырықтай гөш илдирип қойыппан—қәлегениңди ал. Гөш азмаз гөнериңкиреген, сени алыстан ийисин сезсин деп солай еттим. Сен ҳеш қандай жаман нәрсе ойламастан, жақынлай бер, берман. Егер мен қармаққа темирден исленген жылтырақ шабақ қыстырғанымда, буным әдилсизлик болар едидағы, сен оған тез қаўып түскен болар едиң. Бирақ, сен сол темирди жутып жиберсең ғой, оннан соң мен сени теңизге қайтарып жиберген ўақтымда, қарнында темир қалып қойып қыйланар едиң, Бул саған пәнт бериў болар еди. Мен сени алдамайын деп қармақ услап отырман. Тек, азлап ерниң жырылады, болғаны сол. Сен қәўетерленбей-ақ қой, мен үйден үлкен мес алып шыққанман. Оған суў толтыраман да ишине сени салып қояман, теңизге қайтып келемен дегенше соның ишинде жата турасаң. Бирақ, мен сени усламай кетпеймен. Ўақыт болса өтип баратыр. Толқынлардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

туўлап, самалдың күшейип киятырғанын сен қалайынша сезбей атырсаң-әй. Ямаса сен мениң туңғышымның әкесиз, жетим қалғанын қәлейсең бе? Ойлап, жәрдем бер маған»...

Қыс басланар алдындағы теңиздиң көгилдир көбети қараўыта баслады. Гә жарланған толқынлардың үстинде қоқаңлап, гә толқынның сай-сайларына түсип көринбей кетип, жалғыз қайық жағалаўға қарай киятыр. Дүбелей кем-кемнен күшейтип, булағайласып, теңиз гүўлеп, шуўылдай баслаған еди. Жалғыз қайық ақжал толқынлар менен қасарысып киятыр. Муздай тамшылар балықшының бетине шашырап, ескек услаған қоллары суўық ығалдан домбығып кетти.

Бул ўақытлары Үкибала жағада жүрген еди. Ол әлле қашаннан бери күйеўиниң кешиккенинен қәўетерленип, теңизди жағалап, күтип жүр. Усы балықшының үйине келин болып түсиўге қайылшылық билдиргенде, Үкибаланың қырдағы шарўа туўысқан-туўғанлары оған: балықшыға ўәде берместен бурын ойлансаң жақсы болар еди, көргениң күнде қорлық болып, сениң байың адам емес, теңиз болып жүрмесин. Сол теңиздиң жағасына талай мәртебе шығып, көзиңниң жасы көл-дәрья болып жүрмесин деп еди. Бирақ, Үкибала Едигеге берген ўәдесин шаймаламады: күйеўим қайда жүрсе, мен де сонда боламан деген еди...

Айланып келгенде солардың айтқаны болды. Бул сапары күйеўи артельдеги кәсиплеслери менен бирге кетпей, қара басы кетти. Демде геўгим түсип, теңиз астын-үстин болып, гүўилдеп атыр.

Толқынлар арасынан ескеклер шошаң-шошаң етип бир ўақта қайық көринди. Басына ормал байлап алған, қарны шәмпийген Үкибала суўдың жағасына жетип келип Едигениң суўдан шығыўын күтти. Жарланған толқын қайықты бар күши менен аўнатып жиберди. Оннан секирип түскен Едиге ыйығын сүзетуғын буғадай гүжирейтип, кемени жағаға сүйреп шықты. Дузлы суўға малынып қалған Едиге керилип бир бойын тиклегенде, Үкибала барды да муздай плащтың ишинде тоңып қақайып қалған күйеўиниң мойнынан қушақлап алды.

— Қарай-қарай көзим төрт болды. Бунша неге кешиктиң?

— Күни менен қармаққа илинбей, жаңа күн батарда ғана түсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сен сонда алтын бекире услаў ушын кетип пе един?

— Жалынып зорға көндирип қойыппан. Енди оны услап көриўине болады.

Едиге кемеден суў толы үлкен местн алып шығып аўзын шешип, жағадағы жар таслардың үстинен местеги суўды бекире менен қосып аўдарып жиберди. Балық үлкен екен. Шырайлылықтан келисип қалған ири балық. Ол алтындай сап-сары қалашлары менен жан-жақты сабалап, суў-суў жар тасларды үсти менен тыпырлап-булқынып, өзиниң туўылған теңизине, ақшыл толқынларға жетпекши болып умтылып қызғылт аўзын арандай ашты. Қас қағым ўақыттың ишинде ол бирден тынышланды да, қаяқта жатырғанын билгиси келгендей дөп-дөңгелек, тап-таза көзлери менен мына жақты дүньяға қарап бежирейип қалды. Тап қысқы кештиң ала геўгимдеги бийтаныс жақтылығы басына шағылысып, балық өзине қарап турған адамлардың жайнап турған көзлерин, сол әтираптағы жерди ҳәм аспанды көрди. Үйренисе алмай атырған көзине бәлент аспандағы батқан күнниң булт арасынан шығып турған ҳәлсиз нурының өзи оған көз қамастырарлық жақтылық сыяқлы сезилди. Балықтың деми қысыла баслады. Бир туўлап түсти. Қуйрығы менен жерди сабалап ҳәдден тыс күш пенен шырайланып суўға жетиўге умтылды. Едиге алтын бекирени қолына услап көтерип турып Үкибалаға:

— Усла, қолыңды тут,—деди.

Үкибала нәмнаған балықты бала көтергендей, қос қоллап көтерип баўырына басты.

— Япырмай, мынаның тыпыршылаўын-ай! — деп ҳайран қалды, Үкибала балықтың тыпырлап атырғандағы серпиели күшин сезип.—Өзи де келсаптай зилдей екен! Теңиздиң ийиси аңқып тур! Өзи де бир қыйлы сулыў екен! Мә, Едиге, ырзаман саған, тап өлгенше ырзаман. Жаным бир жай тапқандай болды. Тезирек суўға жибере ғой...

Едиге алтын бекирени теңизге алып түсти де дизесине шекем суў кешип, толқынлардың арасына балықты босатып жиберди. Алтын бекире суўға түскенде қас қағым ўақыт ишинде оның басынан қуйрығына дейин зер ireңли тулғасы көкшил ҳаўада жарқ еткендей болды да, балық жылтыр, сып-сыйдам де-



www.ziyouz.com kutubxonasi

неси менен суўды қақ айырып тереңге қарап жүзип кетти:

Теңизде даўыл түнде қутырды. Теңиз жар астында шуўлап, гүрсилдеп атыр. Даўыл болар алдында ийрек толқынлардың бийкарға пайда болмайтуғынлығына Едигениң көзи жетти. Түн ортасы еди. Туўлаған толқынлардың шуўылдысын уйқылы-ояў тыңлап атырған Едиге бағанағы алтын балықты еследи. Ҳәзир ол қайда екен? Теңиздиң терең жерлеринде толқынлардың туўылғаны онша билинбейтуғын болса керек. Сол өзиниң қап-қараңғы туңғыйық мәканында алтын бекире де теңиз үстиндеги толқынлардың шуўылдысын тыңлап, тым-тырыс жатырған шығар. Едиге усыларды ойлап балаларға усап мыйық тартып, уйықлап баратырып, бир қолын ҳаялының бүйирине салып еди, қурсағының бүлк-бүлк еткенин сезди. Бул оның қурсақта жатқан перзенти еди. Едиге буған баладай болып қуўанып, мыйық тартыў менен буйығып, алаңсыз уйықлап қалды.

Сонда ол арадан бир жыл өтпей атырып-ақ урыстың басланатуғынын, тиришилик атаўлының астан-гестеңи шығып, сөйтип теңиз бенен биротала хош-аллияр айтысып, соңғылығында оны, тек есине түсирип жүретуғынлығын, әсиресе, қыйын күнлерге дус болғанда ядына алатуғынын билмеген еди.

Бул үлкеде поездлар шығыстан батысқа батыстан шығысқа қарай зымырап өтип турады...

Ал, темиржолдың еки тәрепин жағалап бул үлкеде уллы шөлистан—Сарыөзек кеңислиги—жердиң Орта шени болған сарғыш дөнген даланлық созылып кетеди...

Боранлы Едиге ушын қырсығына келген сол елиў үшинши жылы қыс ерте түсти. Бурынлы-соңлы Сарыөзекте ондай қыс болмаған еди. Октябрь айының аяғына таман қар жаўып, суўық басланды. Бир тәўир жери өзине де, Зарийпаның үйине де ўақтында Қумбелден картошка түсирип алған еди. Билгендей асыққан екен. Қумбелге соңғы мәртебе түйели барды. Өйткени, өткинши жүк поезды менен әкелейин десе, оның тамбурында турып үйине жетемен дегенше картошканы суўық урып кетер деп қорықты. Суўық урғаннан кейин кимге кереги бар оның. Сөйтип Боранлы Қаранар менен барып, үлкен еки қапшық картошканы теңлеп артайын деп атырғанда бир өзиниң күши жетпегенликтен, сол жердеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамлар келип биреўлери ояғынан, биреўлери буяғынан демеп, жәрдемлесип жиберди. Самал тиймесин деп қапшықлардың үстине кийиз жаўып қымтастырып алды. Өзи еки қапшықтың ортасына қаңқайып минип алды да, Боранлыға қарай асықпай бағдар алды. Қаранардың үстинде пилге мингендей болып келе берди. Едигениң өзи солай ойлайды. Соған дейин бул әтирапта пилге минип жүрген адамды ҳешким көрип-билген емес. Сол жылы гүзде станцияның кинотеатрында биринши ирет Индия фильмин көрсеткен еди. Қумбелдиң бала-шағасынан баслап, кемпир-ғаррыларына дейин бийтаныс ел туўралы—бийтаныс картинаны көриўге шубырысып барды. Фильмде изи үзилмейтуғын саз ҳәм ойын менен бирге пиллерди де көрсетти. Индиялылар пилге минип, қалың тоғайдың арасынан жолбарыс аўлайды екен. Сол картинаны Едиге де көрген еди. Олар разъездиң баслығы екеўи сол ирет профсоюзлардың улыўма жыйналысына боранлылар атынан делегат болып Қумбелге келген еди. Жыйналыстан кейин депоның клубында сол индия фильмин оларға көрсетти. Бәри де соннан басланды. Ғаўырласқан көпшилик кинодан шыға сала Ҳиндистанда адамлардың пилге минип жүретуғынын айтысып, темиржолшылар оған таң қалысты. Әллеким даўысын қаттырақ шығарып:

— Сизлер неге сол пиллерге соншама ҳайран қаласызлар, Едигениң Қаранарының сол пиллерден қай жери кем? Жүк артың—ол да пилдей болып кете береди!—деди.

— Аўа, ырас-әй, тап,—деп әтираптағылар күлисип жиберди.

— Пил деген не сол!—деди тағы биреў.—Пил деген тек, ыссы еллерде болады. Қыстың күни бизиң Сарыөзекке алып келсин, сол пилинди. Табаның суўық алып, исип кетеди. Қаранардай болыў қайда оған!

— Ҳәй, Едиге! Ҳәй, Боранлы Едиге! Сен неге Индиядағы пиллердиң үстиндегидей етип, Қаранардың үстине бир шатыр қурып алмайсаң. Ҳиндстанның байларына усап, шалқайып таслап жүрмейсең бе сөйтип бир.

Едиге күлип жиберди. Қатар-қурбылары оны басқылап атыр. Сөйтседе өзиниң атақлы атаны туўралы марапат сөзлерди еситиў оған жағып турған еди.

Бирақ, оның есесине, сол жылы қыста Едиге Қаранардан көрмес қорлықты көрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сәл кейинирек, суўық басланғаннан соң болды. Ал, тап сол куни Едиге картошка алып киятырғанда қар жаўды. Қар буннан бурында бир-еки ирет жаўып, ерип кеткен еди. Бул ирет жаўғанда да мықлап жаўды! Сарыөзек аспанын түнерген булт қаплап, самал уйтқыды. Жапалақлап қуйған қар әтирапты демде аппақ етип таслады. Суўық болмаған менен бирақ, еримшик, ызғарлы еди. Бир жаман жери борасынлап қуйып турған қардан әтирап көринбейди. Енди не қылыў керек? Бул Сарыөзекте жақын әтирапларда, қардың пәсеңлеп, тыныўын күтип турғандай паналайтуғын жерде жоқ. Енди бир үмити қалды—ол да болса Боранлы Қаранардың күшине, сезимталлығына байланыслы. Ол үйди таўып барыўы керек. Едиге атанды биротала өз байдалына жиберди де, жағасын көтерип малақайын басып кийип, сыртынан капюшинди бүркенип, әтирапқа сер салып қарап сабырлылық етип, қунжыйып отыра берди. Дөгеректе болса жапалақлап қуйып турған қардан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Қаранар сол аппақ булағайдың арасы менен жүрисин бузбай, адымды керип таслап киятыр. Ал, үстиндеги ийеси болса, ҳәзир оған ҳәкиреңлемейди, оның қылт етпей ғана тым-тырыс отырғанын түйе сезген еди. Қар усындай болып бурқасынлап турғанда усынша жүк пенен бултармастан маңқыйып баратырған Қаранарда әнейи емес еди. Үстинде ийеси, Қаранар ара-тура бозлап арыландай ақырып жибереди де, гейде даўысын созып азнап, танаўлары аяқ таслаўларына сәйкес желп-желп етип, пуў шығып турған мурнының деми қарсы алдынан жапалақлаған қарды қақ жарып ҳармай-талмай жүрип киятыр.

Бурқасынлап турған қардың арасында Едиге жалғыз өзи кеўили бийжағдай болып, жеккесиреп отыр. Әтирапта тырс еткен сес жоқ, аппақ қардан басқа ҳеш нәрсе көринбейди. Қаранар ара-тура басына үйилип қалған қарды силкип түсирип, тынбай жол жүрип киятырғанлықтан гейде арқырап, әтирапын қоршаған тыныш дүньяны шоршытып жибергендей болады. Ал, оның үстинде отырған ийесиниң кеўили ҳәр жақта. Едиге өзин-өзи тоқтата алмай, өзиниң жалын шарпығандай сезимин бир жерге жыйнап, тыянақлы бир пикирге келе алмай, кеўли алағада болып киятыр. Я табан тиреп тура алмайды, я Зарийпаға барлық сырын ақтарып айта алмайды, я болмаса ҳаялы Үкибала менен араны



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашым-әйрық ете алмайды. Сондай ўақытлары ол өз-өзинен ызаланып, өзин аямай нәлетлейди. «Ҳайўан сениң! Сен де мына түйеңнен айнымайсаң! Оңбаған ийт! Ақмақ ҳайўан!»—деп ҳәрқыйлы сөгислер менен өзин аямай азаплап, өзиниң сезимине тыйым салыўға, есин жыйнаўға күш салады... Ол ҳәм бир, көшип-жылжыў арқалы қозғалып, қулап баратырған таў да бир еди... Тек ғана исенетуғыны, кеўлиниң тоғы балалар. Балалар оған артықмаш машақат туўдырмайды, Едигени, тек ғана Едиге ағай деп атайды, жақсы көреди, басқасы менен олардың жумысы жоқ. Олар неге мүтәж, қандай жәрдем керек болса Едиге аянбайды. Мине, ҳәзирде сонша узақ Қумбелден Қаранар менен еки қанар картошка алып киятыр. Бир қанары солардың үйине... Қыста отын да, суў да таярлап берген сол Едиге...

Сол балаларды ойлаў—Едигениң бас мақсети. Соларды ойласа жаны жай тапқандай болады. Ҳәзир Боранлыға жеткен соң Едиге, балалар алдынан қалай жуўырып шығатуғынын көз алдына елеслетти. Қар борап турса да олар секирип-секирип қуўанысып: «Едиге ағай келди: Қаранар менен келди. Картошка әкелди!» деп бақырысып алдынан шығады. Оларға болса: «кириңлер үйлериңе!» деп сирә айталмайсаң. Едиге соннан кейин бақырып жиберип: «Шөк!»—деп Қаранарды шөктиреди. Үсти-басы қарға малынып, түйеден түседи ҳәм кийимлерин қаққышлап, қардан тазалап турып, балалардың басларынан сыйпалап та қояды, соннан кейин түйениң үстиндеги қанарларды түсире баслайды. Сол ўақлары егер үйинде болса, олда шыға қоярма екен, деп Зарийпаны күтип қапысы бетке қарап та қояды. Зарийпа шығып қалғанда да оған ҳеш нәрсе айта алмайды. Зарийпа да ҳеш нәрсе демейди. Едиге тек, оның бетине бир қарайды, бир көргенниң өзи оған бир талай мәдет болады. Соның менен жүреги қурғыр және қалт-қалт титиреп, ишки дүньясы астан-кестен болады. Оннан қашып қутылатуғын күш қайда? Ал балалар болса түйениң арқыраған даўысынан қорқа-қорқа, абайлап ғана басып, батылланып, жақынласып келеди де жүк түсирип атырған Едигеге көмеклеспекши болады да—тыным таппай аяққа оралады... Едигениң барлық азабын, сызлаған жүрегин емлеп жиберетуғын қудиретте усы еди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қар жаўған сол күнди ол усылайынша жол үстинде өткерди. Жол бойы мыңсан ойдан, гүманнан айырыла алмады... Жол бойы қар да тоқтамай жаўды.

Сол қар Сарыөзекке ҳә демей, атырып, келген ерте қыстың басламасы еди.

Суўық түсиў менен Қаранар қайтадан қутырына баслады. Тула-беденин бир ҳайўанлық күш бийлеп, қайтадан аўызынан көбик шашыратып, бақырып-гүңиренип, әтирапты азан-қазан қылып жиберди. Енди оны қорада сақлап турғандай ҳеш бир күштиң болыўы мүмкин емес. Ҳәттеки, ийесиниң де «бәледен қашып қутылайық» деп оны еркине жибермеўге илажы қалмады...

Қардан соң үш күн өткеннен кейин Сарыөзекте ысқырған самал пайда болып, жердиң бетин тап үтик пенен басқандай етип, сирескен музға айландырды. Аяз аралас қарлы әтирапта ҳәр қандай сес, тық еткен даўыс, тырс еткен тысырлы—ҳәммеси де алыстан ап-анық болып еситиледи ҳәм жаңғырып кетеди. Берман қарап киятырған поездлардың даўысы бир неше шақырым алыстан келеди. Таң атып киятырғанда уйқылы-ояў жатырған Боранлы Едиге тысқарыдан Қаранардың арқыраған даўысын, қораны қыйратып кете жазлап тапырықлағанын еситип, тағы бир бәле баслағанын сезди. Дәрҳал кийинип алды да таң қараңғыда қармаланып жүрип қораға кирди де, суўықтан аяз қарып, тикен киргендей шаншып баратырған тамағын қырып шаўқым салды:

— Не бәле көринди! Басыңа тағы ақыр заманды еки ели шамаластырдың ба. Басладың ба және ойқанды. Тағы да мениң жанымды келиге қамап, аўзымнан қарақанымды келтире жақсаң ба? Ҳә, оңбаған ҳайўан! Тоқтат! Қой, деймен өкиргениңди! Быйыл сениң «жигитшилигиң» жүдә ерте қозған екен, маңлайы қара. Елге күлки болып, масқараң шықпаса болар еди!

Бирақ, айтқан гәпиниң бәри қула далаға кетип атыр. Тула-бойын қумарлық қысқан атан, ийесинен ҳеш қандай да сескенген жоқ. Ол өзиниң айтқанынан қайтпай, ыңыранып, пысқырып, өңеши жыртылғанша бақырып, тислерин жан түршиктиретуғын дәрежеде шықырлатып, қораны қыйратып кете жазлады.

— Демек, сезген екенсең,—деди ийеси ашыўланыўды қойып, өкпели пишинде. Түсиникли болды, ҳәзир



www.ziyouz.com kutubxonasi

сен табаның жерге тиймей ингенлерге жетиўге асығып турсаң-аў, сирә усы әтирапта, жақын жерлерде гүйлеген бир қайманша жүр-аў шамасы! Ҳәй-ҳәй! Япырмай-ай, қудайым-ай, бул Ойсылқараның туқымын қудай ғарғап, не ушын жылына бир ирет ғана гүйге келетуғын етип жаратқан екен. Ың-жыңсыз әсте ғана ҳеш кимге сездирместен-ақ ҳәр күни шатасқанда да болмай ма екен? Сонда сениң менен ҳеш кимниң жумысы болмас та еди! Ал, ҳәзир болса қыямет қайым болатуғындай булқынып, жулқынасаң соры қайнаған!...

Бул өкпе-гийнени Едиге тек өзиниң атан алдында ҳәлсизлигин жуўып-шайыў ушын айтты. Бул бәлени қашанғы бақыртып қояды, илажы жоқ, қораның дәрўазасын ашты. Адам бойынан бийик шынжырлы дәрўазаны ашқаны да сол еди, Қаранар оны қағып кете жазлап, қамақтан атылып шықты да, гүңиренип бақырып, қақайған өркешлери дир-дир етип, кең даланы бойлап тайраңлап кетти. Аяқларының астынан көтерилген қар тозаңғып демде-ақ көзден таса болды.

— Түп-ә, саған!—деди ийеси артынан түпиринип, ызаланып, ҳәм шын кеўилинен оған тилеклеслик билдирип:—жуўыр самсам, жуўыр, болмаса кешигип қаларсаң!

Едиге таң атыўдан жумысқа кетиўи керек еди. Сонлықтан жулқынып, урынып турған Қаранарды босатып жиберди. Сол сапары буның соңы не болатуғынын билгенде ме, егер жулқынбақ түўе, турған жеринде аяқ серппей өлсе де қамап қоятуғын еди ғой оны. Бирақ, Едиге жумыста жүргенде, бул қутырған бәлеге кимниң күши жетеди? Оннанша жоқ болсын, қарасы батып. Далада самаллап жүргеннен кейин қаны суўып, өзи-ақ басылып тынышланар деп ойлаған еди, Едиге...

Ертеңине-ақ Боранлы Қаранардың «жаўынгерлик ҳәрекетлери» жөнинде, тап бир фронттан жиберилген мағлыўматлардай хабарлар жетип келе баслады. Бәри де тынышсызлантыратуғын, кеўилсиз хабарлар еди. Боранлыда поезд тоқтаса болды, мейли машинист, мейли кочегар, мейли кондуктор болсын бәри бирден жарысып сөйлеп, поезд жол бойындағы түйели аўылларда жүрген Қаранардың салып жүрген ўайқанларын айтып ада ете алмайды. Малақумдышап разъездинде Қаранар еки атаңды өлимши етип шайнап, төрт инген-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ди алдына салып далаға қарай қуўалап кетип баратырғанда, ингенлердиң ийелери оларды Қаранарда, өлдим ҳазарда, зорға айырып алып қалыпты. Адамлар Қаранарды қорқытпақшы болып аспанға мылтық атыпты. Басқа бир жерде Қаранар инген минип баратырған бир адамның изинен қуўып жетип, оны қалпақтай ушырып түсирипти. Жерге жалп етип түскен сорлы да, аллатала өзин сәуселим етип жаратқан биреў екен. Қаранар ингенниң исин питирип болғаннан кейин, босатып жиберетуғын шығар, деп еки сааттай сарылып күтип отырыпты Қарап отырса ингенде оған ийкемлесип, атаннан айырылғысы келмепти. Сонлықтан ийеси ингенин алып, үстине минип, аўылына қайтпақшы болып, оларға жақынласып барған екен, Қаранар оған бирден булқынып, тәп берип жуўырып, таплап, женшип таслай жазлапты. Егер жаңағы сорлы жан ҳалатында терең бир қарлы шуқырға секирип түспегенде, женшипте таслайды екен. Сөйтип, шуқырдың ишинде, тап тышқанға усап, я өли емес, я тири емес бир ҳалатта зорға аман қалыпты. Соңынан ол есин жыйнап, өзекти жағалап еңбеклеп, Қаранардан биротала алыслағаннан кейин бойын тиклеп, жолға түсипти де, әйтеўир еплеп тири қалғанына шүкираналық етип үйине жетипти.

Қаранардың салып жүрген ўайқанлары жөниндеги қорқынышлы хабарлар аўыздан-аўызға өтип көбейип кетипти. Ал, бирақ, ең қәҳәрли ҳәм қәўипли хабар Ақ-Мойнақ разъездинен жазылған хат арқалы келди. Шайтанның қайларға шығынып кеткенин көрдиң бе—Ақ-Мойнақ қайда, биреў қайда. Ол деген Қумбел станциясының аржағында ғой. Хатты жазған Қоспан деген биреў екен. Сол қәдирли хатта былай деп жазылыпты:

«Ассалаўма әлейкум, ҳүрметли Едиге аға! Сен өзиң Сарыөзекте белгили баслы адам болсаң да, қулағыңа жағымсызлаў сөзлерди айтыўға туўра келеди. Мен сени нық ҳәм беккем адам деп ойлайтуғын едим. Сен неге бәлеқададай Қаранарыңды өз байдалына жиберип қойыпсаң? Бизлер сеннен буны күткен жоқ едик. Бул жерде ол бизлердиң жанымызды келиге қамап, ниманымызды бир қысым етип атыр. Бизиң атанларымызды майырып, шетинен қыйратып таслады. Ең жақсы деген сайланды үш ингенимизди алдына салып, қуўып алып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетти. Буны аз дейтуғын болсаң өзи менен бирге бир жазылаўлы (ертлеўли) ингенди де қуўалап келди. Шамасы, устиндеги адамын жолда жығып кеткен шығар, болмаса ол ингенниң неге айылы тартыўлы жүрипти. Сөйтип бизлердиң ингенлеримизди де оған қосып алып кең далаға қарай қуўып кетти. Әтирапына қыбырлаған жанды жолатпайды—жанына я адам, я басқа түрли ҳайўан да баралмайды. Усындай-әм боламекен? Бир атаншаның қабырғасын сындырған екен, өлип қалды. Аспанға оқ көширип, үркитип, ингенлерди алып қайтайын деп едим, болмады. Қайда саған! Ҳеш кимнен, ҳеш нәрседен қорықпайды. Кимди болса да, ғайзап жер менен жексен етиўге тайын! Оған тек, өзиниң жумысы менен шуғылланыўға мәлел бермесе болды. Ол отламайды да суў да ишпейди, тек сол ингенлерди шетинен қайып, дизерлеп жүреди де қояды. Оның сол ҳайўанлық ҳәрекетин көргенинде жаның түршигип кетеди. Сөйтип атырып, пүткил даланы гүңирентип, ақырзаман баслаԋып киятырғандай арысландай арқырайды. Еситип, шыдап тура алмайсаң. Соған қарағанда ол, шамасы, ингенлерди жүз жылға дейин қайыўға да шаршамай шуғылланатуғын шығар. Мен бундай бәлени өмирим туўып көрмеген едим. Аўылымыздағылардың бәри де қорқысып қалды. Ҳаяллар менен балалардың үйден шығалмай қалған есабы... Сонлықтан мен сениң егленбестен, тез келип, Қаранарыңды алып кетиўиңди талап етемен. Бир күн мәўлет беремен. Бир күннен кейин алып кетип, бизди бул бәледен қутқармайтуғын болсаң маған өкпелеме, қәдирли аға! Патронға жекке оқ басып қойыппан. Бундай оқ пенен айыўды да мүққаптырыўға болады. Қарасы батқыр Қаранарыңның басын гүўалардың көзинше шылпәрше қыламан—соның менен тамам! Сөйтип, терисин сылып аламан да, өткинши жүк поездына салып жиберемен. Боранлы Қаранар екенине қарамайман. Ал, бирақ, мен бир сөйлейтуғын, айтқанымнан қайтпайтуғын адамман. Кешикпей тез жет.

Сениң Ақ-Мойнақлы иниң Қоспан».

Мине, сөйтип ис патыратласты. Қалайда хат ерсилеў болып жазылса да, бирақ, ескертиўи тәўирақ қатал еди. Едиге, Қазанғап пенен мәсләҳәтлесип, Ақ-Мойнақ разъездине егленбестен кетпесе болмайтуғын еди.

Бул айтыўға аңсат, болмаса...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азанда Едиге жолға шықты. Үкибала оған жол азық таярлап қойған еди. Қалың кийинип алды. Пахталы шалбар менен гүртешениң сыртынан постын кийди. Аяғында—байпақ, басында түлки қулақшын, қолында—қолғап. Усылайынша қымтанып, енди жүрейин деп, ингенди шөгирейин деп атырғанда, оның Ақ-Мойнаққа кететуғынын билип, қасына Әбиўтәлиптиң еки баласы жуўырып келди. Даўыл оған қолдан тоқылған жүн шарфты берип атырып:

— Едиге ағай, мамам сизиң мойныңыз тоңып қалмасын,—деп мынаны берип жиберди,—деди.

— Мойын дейсең бе? Алқым деп айт. Едигениң кеўили көтерилип, балаларды гезекпе-гезек қушағына тартып, бетлеринен шорпылдатып сүйе берди. Жүреги елжиреп кеткенликтен, жаңағыдан басқа төрели сөз де таўып айта алмай қалды. Жаны жай таўып баладай болып қуўанып кетти: бул Зарийпаның оған деген дыққат—сезиминиң биринши нышаны еди.

— Мамаңа айтыңлар,—деди ол балаларға, кетип баратырып.—Мен тез қайтаман қуда қәлесе оң сапарын берсе, ертең-ақ қайтып келемен. Бир минутта иркилмеймен. Әне, оннан соң ҳәммемиз отырып бирге шай ишемиз.

Боранлы Едиге сол бир Ақ-Мойнақ деген қарғыс атқан жерге тезирек барып қайтқысы келди. Жүн шарф берип жибергени бул бир жақсылықтың нышаны болар. Айланып келгеннен кейин Зарийпаның көзине бир үңилип қарап, соған өзин исендиргиси келди. Жүн шарфты ол бүклеп қойын қалтасына салып қойды да, үйинен шығып әдеўир жерлерге барып қалғанда кейнине қайтпақшы болып қыялы бузылды. Қутырып кеткен Қаранарды Қоспан деген адам атса—атып-ақ тасласын, терисин жиберсе жибередағы, атасына нәлет соның. Сондай қутырған ҳайўан менен қашанғы айқасып жүреди, енди обалы өзине, өзинен көре берсин. Не болғаны болардағы. Оған сол керек еди. Сөйтип, Едиге демде айнып кете жазлады! Бирақ, ол уялды. Адамлардың алдында, әсиресе, Үкибала менен Зарийпаның алдында күлки болатуғынын, сөзинде тура алмайтуғын адам екенин сезди де, кеўли сабасына түсти. Шыдамсызлығын тоқтатыўға бир ғана жол бар: олда болса Ақ-Мойнаққа тезирек жетип, изине тезирек қайтыўға бел байлады.

Едиге Ақ-Мойнаққа күн батқанда келип жетти. Мин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген түйеси де шаршап болдырды. Жол болса узақ ҳәм қыстың күни. Қоспан ҳәм оның үй-ишлери де жүдә бир жақсы адамлар екен. Қартайған анасы, ҳаялы, бес жасар баласы (олардың үлкен қызы Қумбелдеги интернатта оқыйды екен), Қоспанның өзи қонақты қаяққа отырғызарын билмей алдында пәйик болып атыр. Жыллы етип, от жағып қойған үйиниң иши сыпайы, сәнли. Асханада болса қысқа сақланған қақ гөш қайнап атыр. Ол писемен дегенше ҳәммеси шай ишиўге киристи. Кемпир Боранлы Едигеге шайды өзи қуйып берип, оннан үй-ишлерин, бала-шағасының аманлығын сорастырды. Өзи де гәпти алыстан баслап, ашылысып, бул Ақ-Мойнақ бәндиргисине қашан ҳәм қаяқтан келгенлигин айтты. Едиге де күйдирилген сары майды ып-ыссы табананға жағып жеп отырып, гәпке киристи, арасында майды да мақтап қояды. Бундай сыйырдың майы Сарыөзекте әўесек. Қой, ешки, түйе майы дегенлерде жақсы дә, бирақ сыйырдың майы бәринен де артықмаш. Оларға да бул сыйыр майын Орал беттеги ағайинлери берип жиберген екен.Едиге бул майға нанды басып жеп атырып буннан тап жағымталлы көк майса менен бедеийиси сезилип турады екен, деп мақтап қойды. Бул теңеў кемпирге жағып кеткени сонша Жайық жериндеги жәннеттей мәканы туўралы, ол жақтың малынып турған тоғайлары, көл-дәрьялары туўралы сөз баслады...

Сол мәҳәлде бәндиргиниң баслығы Ерлепес кирип келди. Боранлы Едиге менен бирге отырып жазылыссын, деп оны Қоспан шақырған екен.

Далада тас қараңғы, түн басланды. Боранлы бәндиргидеги сыяқлы бул жерде де, улы-дүрсилди болып әйнеклерди дирилдетип, поездлар арман-берман өтип атыр. Бул еки бәндирги Сарыөзек даласында бир темиржол бойында болсада, не деген менен басқа жер ғой, Едиге болса бийтаныс адамлар арасында отыр. Қутырған Қаранарды бәнелеп келген менен, ол бул үйге мийман. Ал, Ақ-Мойнақтың адамлары қонақты ҳүрметлеп күтип атыр.

Ерлепес келгеннен бери Едигеде оншама қысылғанды да қойды. Ерлепес қазақтың өткендеги бастан кеширгенлерин жақсы биледи екен. Гәп бара-бара баяғы өткен замандағы атақлы адамларға дөнди, тарийхтағы өткен-кеткенди айтысты.Сол ақшам Едиге Ақ-Мойнақтың адамларына унап қалды. Оның ашылысып, ке-



www.ziyouz.com kutubxonasi

үйлли отырыўына, тек гәптиң бағдары ғана емес, үй ийелериниң ықласы, пейли-кеңлиги дәстурхан пайызы ҳәм қала берсе ишимликте тәсир етти. Арақ берди. Жол жүрип, суўыққа тоңып, келген Едиге ярым стакан арақты көтерип жиберди де, пәскелтек дөңгелек столдағы дәстурханнан жас тайлақтың дузланған өркеш майынан бир асап алды. Соннан кейин тула бойы ерип, жаны жай тапқандай болды. Азмаздан арақ тәсир еткен Едигениң кеўли көтерилип, күлимлеп шыға келди. Қонақтың ҳүрметине Ерлепес те ишип жиберди, оның да кеўли көтериңки. Сонлықтан да ол Қоспанға қарап:

— Бар-Қоспан, берекет тап, мениң домбырамды әкел, —деди.

— Әне, бәрекелла, домбыра шертетуғынларға мен бала күнимнен қызығаман да,—деп қуўатлады Едиге де.

— Үлкен бир концерт көрсетемен деп айта алмайман, Едиге, бирақ сениң ҳүрметиңе азмазлап саз шертип, өткен-кеткенди еске түсирип көрейик,—деди Ерлепес пәнжегин шешип, жеңин күннен бурын түринип отырды.

— Көп сөйлейтуғын, жалбырақлаған Қоспанға қарағанда, Ерлепес бираз салдамлы екен. Өзине исенимли турқы ҳәр кимниң де сусын басады. Ол домбыраны қолына алғанда ҳәр күнги баса-бас, тамам болмайтуғын ғалма-ғалды умытқандай, кеўли әлле қаяқларға кетип көзлери пәтикке қадалды. Адам өзиниң ишиндеги қайнап жүрген дебдиўин иштен шығарғанда усындай ҳалда болады. Домбыраның қулағын қаңтарып отырып, Ерлепес ойшаң көз бенен Едигеге бираз қарап турып қалғанда, оның үлкен қара көзлеринде теңизге шағылысқан ай сәўлесиндей болып, әлле қандай бир нур жарқ ете қалады. Ол домбыраның тарын дыңғырлатып жиберди де, узын саўсақлары дәсте бойлап жоқары өрмелеп, төмен түсип ҳәрекетке келди. Гүмбирлеген наманы бир тыма шертип екиншисине өтиў гезеги келгенде бул сыйқырлы сазды тыңлаў ойлап көрсе Боранлы Едигеге аңсатқа түспейтуғын түри бар екен. Ол қонақ болып отырып аз ғана ўақыт өзиниң уўайым-қайғысын умыта жазлап, кеўли бираз көтерилип қалды. Бул қудиретли саздың бағыты ҳә демей-ақ жүрек дәртине, муңына сәйкес келип, оны сезим туңғыйығына батырғандай болды. Неге буншелли тебиренип



www.ziyouz.com kutubxonasi

отыр бул? Сол сазды шығарған адам, сол баяғы заманларда-ақ өзинен кейин Едиге деген бала туўылып, оның пешанасына қандай ҳәсирет, қандай машақат жазылғанын, оның нелерди көрип, нелерди бастан кеширетуғынын алдын ала билгендей болыпты. Олай етпегенде, олар мына Ерлепес сол сазды шерткенде Боранлы Едигениң жаны жай таўып қалай тебиренгенин қайдан биледи? Едиге тап қанат қомлап ушатуғын қустай шайқатылып, көтерилип-басылып отыр. Оған пүткил дүньяның дәрўазасы ашылып кетип қуўаныш та қайғы ҳәм муң да тилек ҳәм талпыныўлар да, гүман да бәрибәри жан-жағынан қоршап, қамашалап алғандай болды.

Боранлы Едигениң жүзи нур жайнап, кеўили елжиреп, домбыра сести оны еритип жиберди. Тек, усы сазды тыңлаў ушын Сарыөзектиң даласы менен күн бойы жол жүрип келген екен ғой. Соған татыйды да екен. «Қаранардың усы жаққа ылағып келгени де жақсы болды,—деп ойлады Едиге.—Ылағып кетип мени де келиўге мәжбүр етти. Соның себебинен бир рет болса да саз тыңлап бир жасап қалдым-аў. Әй, Ерлепес, саў бол! Ҳә бәрекелла! Буның өзи әнедей жыршы екенаў. Бурын билмеген екенмен...»

Ерлепестиң шерткен сазын тыңлап отырып, Едиге терең ойға шүмип, өз тиришилик күн көрисине бийигирек жерде турып нәзер салғысы келди. Әл-аспанда қарақустай шарқ урып қанатларын қуяшқа шағылыстырып жиберип, сол бийикликтен төменде не болып, не қойып атырғанын бир серлеп көргиси келди. Көз алдына Сарыөзектиң қысқы кең ҳәм айбатлы даласы елеследи. Анаў темиржолдың қосылысқан жеринде бир-бирине тығылыстырып салынған бирнеше үйлер, ҳәр жерден жалт-жалт еткен отлар көринеди. Ол Боранлы бәндиргиси. Сол үйлердиң биреўинде қызлары менен Үкибала отырыпты. Қызлары сирә уйықлап қалған шығар. Ал, Үкибала уйықламаўы да мүмкин. Ол да бәлки бир нәрселерди ойлап отырған шығар, жүреги қурығыр бир нәрседен гүманланып та жүрген шығар. Ал, басқа бир үйде балалары арасында Зарийпа отыр. Зарийпа сирә да уйықламайды ғой. Несин айтасаң оның, ҳалы аўыр-аў. Алдында еле қанша қыйыншылықлар бар—балалары елеге шекем әкесиниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

өлимин билмейди. Бәрибир ҳеш қашан шынлықтан қашып қутыла алмайсаң...

Сыйқырлы саз оның қыялларын демниң арасында биресе баяғы өткен өмирине, биресе ҳәзирги күнлерине алып кетеди. Ертең оны не күтип тур, соған жетелейди. Тап сол ўақытлары кеўилин бир ҳөктем сезим бийлеп турады, өзи таныйтуғын гүлли әлемди, өзине қәдирли барлық адамларды қәўип-қәтерден өз геўдеси менен қорғағысы келеди. Ҳешбир адам, ҳешбир мақлуқ жапа шекпесе екен, деп ойлайды. Өмирде өзине жақын адамлар алдында әлле қандай гүнә ислегендей, бир өкинишли сезим оның дал-дал болған жүрегин биротала мунға батырады.

— Әй, Едиге-ай,—деди Ерлепес мәнили етип күлимсиреп, тамамланған саздың ақырында перденн әсте-ақырын басып көрип.—Сен жол жүрип шаршап келген шығарсаң, дем алыўың керек, домбыра дыңылдап сениң мазаңды алды-аў мениңше...

— О не дегениң, Ереке,—деп Едиге ырасы менен уялып қалып, қолын көкирегине апарды. —О не дегениң. Қайтама мен бираздан бери бундай рәҳәт, ләззетте болған жоқ едим. Өзиң шаршап қалмасаң берекет тап, тағыда шерт.

— Қайсы наманы шертейин?

— Оны өзиң бил, Ереке. Саз шерткен адам өзине не унайды, нени сүйеди—өзи биледи. Әлбетте, гөне намалар деген адамның кеўлине жақынырақ ғой. Неге екени белгисиз, бурынғы намалар деген адамды ой теңизине шүмдирип, жүректи елжиретип жибереди.

Ерлепес мақуллағандай басын ийзеди.

— Мине, мынаў бизиң Қоспан да сондай,—деп әдеттен тыс тым-тырыс болып отырған Қоспанға қарап мыйық тартып қойды.—Домбыра тыңласа болды, тула бойы балқып баратырғандай өзгерип сала береди. Солай емес пе, Қоспан? Бирақ, бүгин үйиңде қонақ бар. Оны умытпа сен. Анаўыңнан бизлерге тамызып отыр...

— Буны келистиремен ғой,—деп Қоспан демде шаққанласып, стаканлардың түбине арақтан жаңалап қуйды.

Олар стаканларындағыны жутып, дастурханға қол созып, аўызларының дәмин алды. Ерлепес сәл иркилип отырып, домбырасын тағы қолына алып, дыңғырлатып, қулағын таўлап, қаңтарып сазлады да:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Егер саған ески намалар менен жырлар жағатуғын болса,—деди Едигеге қарап,—онда мен сениң есиңе бир тарийхты салайын, Едеке. Оны көп ғаррылар да биледи, сен де билесең. Қала берсе буны сизлер беттеги Қазанғап жақсы айтады, айырмамыз, ол қара сөз бенен—насыр етип айтса мен домбыра менен жырлап айтаман. Тутас бир театр десең де болады. Сениң ҳүрметиңе, Едеке. «Райымалы ағаның иниси Әбдилханға айтқаны».

Домбыра гүмбирлеп, оған Ерлепестиң қоңыр, жиңишкелеў лапызы қосылып, бул лапыз атақлы Райымалы жыршының ҳәсиретли тәғдири туўралы термени баянлап айтыўға арналғандай алысып түседи екен. Райымалы аға жасы алпыстан асып кеткенде, ел гезип, қосық айтып жүрген, он тоғыз жасар Бегимай деген жас қызға ашық болыпты. Әйне сол ўақлары Бегимай оның жолында жақты жулдыз болып ушырасыпты. Ырасын айтқанда қыздың өзи оған ашық болған екен. Бегимай басы бос болғанлықтан, қалай жүрип, қалай тураман десе ерки өзинде, иш қысталыққа көнбейтуғын қыз болыпты. Ал, енди жетер-жетпестиң қаңғымай гәпи Райымалы ағаны айыплайды. Соннан бери усы бир муҳаббат тарийхын жақлайтуғынлар да, жақламайтуғынлар да бар. Әйтеўир, бийтәреп болып қалған ҳешким жоқ. Биреўлери Райымалы ағаның ҳәрекетлерин жақтырмай иренжип, оның исми-шәрийпин өширип тасламақшы болады, ал, енди биреўлер керисинше оған жаны ашып муңлас болып, ғарры жыршының ҳәсиретли муҳаббаты туўралы усы жырды әўладтан-әўладқа атадан-балаға мийрас етип қәстерлеп киятыр. Райымалы аға туўралы айтылатуғын сол әпсана сөйтип еле умытылған жоқ. Бурынғы ўақта да, соңғы ўақта да,—қулласы барлық ўақта Райымалы ағаны кемситиўшилер де, хошеметлеўшилер де болған, ҳәзир де бар.

Сөйтип отырғанда Едигениң ядына сол сапарғы кесапатлы кешки мәҳәл түсип кетти. Әбиўтәлип Қутыбаевтың дәптерлериниң арасынан Райымалы ағаның иниси Әбдилханға айтқан зарлы өтинишин таўып алған сол ийтелги көз сонда бир алып умтылып, усы термеге жини түсип еди. Ал, Әбиўтәлип болса бул термени саҳраның Гетеси туўралы дәстан деп жоқары баҳалаған. Өйткени, жап-жас қызға ашық болған ҳәм уллы



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм дана ғарры немислерде де болған екен ғой. Әбиўтәлип буны үлкейгеннен кейин балаларым оқыр деген үмит пенен Қазанғаптың өз аўзынан жазып алған еди. Улыўма көпшиликтиң ийгилигине айланатуғын айырым ўақыялар, жекке бир адамлардың тағдирлери болады деп Әбиўтәлип айта беретуғын еди, пақыр. Себеби, сол әпсананың, бир адамның басынан өткен тарийхтың гейде тәлим-тәрбиялық әҳмийети жүдә жоқары болса керек, бир адамның тәғдири гейде өз дәўириндеги, ҳәттеки, кейинги замандағы барлық адамларға да тән болып кетеди...

Қарсы алдында домбыраға қосылып шын кеўли менен саз шертип, соған берилип кеткен Ерлепес отыр. Оның өзи разъездиң баслығы — мойнындағы ўазыйпалы жумысы темиржол участкасының өзине тийисли жерине басшылық етиў. Баяғыда өткен бийшара Райымалы ағаның тәғдийрин тап өзи басынан кеширгендей азаплы әпсананы, ҳәсиретли термени жүрегинде бунша сақлап неси бар екен... Ҳәр қашан жан дүньясы таза, иләҳийда көкирегине йош уялаған адамлар сондай болады. Ҳақыйқый саз деп усыны айтса болады, деп ойлады. Едиге, тап ҳәзир жаныңды бериўге таярсаң, бундай рәҳәт ушын. Саздың рәҳәти өлген адамды тирилткендей. Йошлы қүдирет-аў бул. Аҳ, егерде усындай кеўилди ашып, мумдай еритетуғын йош барлық ўақта көкирегинде жалынлап тура берсе-дә!

Кисиниң үйинде Едиге уйықлай алмады. Әйнектиң алдына салынған төсекте жатып, ол әйнекке соқлыққан самалдың ызыңлағанын, поездлардың арман-берман зуўлап өткенин еситип жатты. Қутырынған Қаранарды қалай услап алыўды ойлап, таңның атыўын күтти. Тезирек қайтыў ушын жолға шығып, тезирек Боранлыға жетиўди ойлады. Оны еки үйдиң бала-шағасы күтип отыр. Бул болса олардың екеўин де жанындай жақсы көреди, усы дүньяда, тек солардың ғамы ушын тири жүр ғой өзи. Сол жатысында Қаранарды қалай жуўасытсам екен деп ойланып жатты. Япырмайаў, қырсығын,. Буның қылған исиниң ҳәммесиде адам еситпеген нәрсе, патырат-аў. Түйеден бундай бәләмат шықты деген не сумлық, ҳәттеки, оны атып таслайжақта болған... Ал, бирақ ол ҳайўанға нениң жақсы, нениң жаман екенин түсиндириў мүмкин бе...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол түнде даланы ызғырық самал жалап турған еди. Суўық күшейип кетти. Қаранардың таңлап алған төрт ингени, соның ғамхорлығында бир пәскелтеклеў төбениң тасасында сайда ықлап тур екен. Самал менен өрден қар борап, ингенлер өзлерин ыққа алып, бир-бирине тығылып, басларын бир-бириниң мойынларына сүйеп, бир жерге топланып турыпты Бирақ, олардың қанаатсыз ҳәм инсапсыз хожейини—Қаранар тынышлық берер емес. Ол ингенлердиң әтирапын тынбай айланып, бозлап-бозлап алып ҳеш тыным таппайды. Ингенлерди кимлерден, яки нелерден қызғанады екен ол? Аспандағы Айдан қызғанбаса әтирапында ҳеш ким жоқ.

Қаранар өзин қоярға жер таппады. Ийменк мойын, қос өркешли, үрпек бас, бақыраўық қара ҳайўан қар суўырған тоң жерди тынымсыз таплай береди. Қаяқтан шығып атыр екен, ондағы бул таўсылмайтуғын күш! Ол ҳәзирде шағылысыўдың рәҳәтли машақатына мантықпақшы болып, биресе ана ингенге, биресе мына ингенге аўыз салып, тобығынан, сатанынан аямай тислеп, бир-бирине қоспай тоз-тоз етип атыр. Әлбетте, оның бул қылығы мийри қанбағанлықтан болса керек. Болмаса ингенлер күндизи өзлери-ақ бейимлесип барып, оның менен бирликте өткерген «әйшу-әширет» ўақтындағы тапқан ләззети де жеткиликли болып атырғанлықтан, түнге қарай олар бундай биймазашылықты жақтырмайтуғын еди. Сонлықтан олар да наразы кейинпте бозлап, бақырып, оның орынсыз қыңырлығына мойын таўлық ете берди. Түнде оларға тынышлық керек, ақыры.

Таңның алдында Боранлы Қаранар ҳәўиринен түсип, тынышланғандай болды. Ингенлер менен қатарласып, уйқылы-ояў турғанлықтан, ол анда-санда арқырап, әтирапына жабайыларша кейип пенен қарап қояды. Соннан кейин барып ингенлердиң төртеўи де бириниң қасына бири қардың үстине шөгип, мойынларын созып, баслары менен жер дастанып, сәл-пәл қалғып та кетти. Сонда олар өткен жылларда туўған боталарында, басқа бууралар менен шайнасып өзлерине ийелик етип алған, қайдан келгени белгисиз мына тайнапыр қара атаннан енди туўатуғын боталарын да түслеринде көрди. Буннан тысқары олар жайнаған жазды, хош ийисли жуўсанды, боталақларының емшеклери-



www.ziyouz.com kutubxonasi

не тийип атырған жумсақ еринлерин, ҳәм олардың сорыйтуғын сүтин алдын-ала бир тилсим нәзиклик пенен сезип, желинлериниң сызлап, дыз-дыз етип кеткенин түсинде көрип, билип жатты... Боранлы Қаранар болса шуўдаларын суўық самал уйпа-жуйпа етип әтирапқа қарап қаңқайып тур.

Сырты Әлемниң самалы менен «жуўылған» жер өз бағдарында айланып, жүзеди. Күнди айланып жүзеди, сөйтип өз көшеринде айланып жүргенде, ақырында Сарыөзектиң үстинде таң атқан ўақта, Боранлы Қаранар, қәпелимде түйели, киятырған еки адамның жақынлап қалғанын көрди. Олар Едиге менен Қоспан еди. Қоспан мылтығын да асынып алған екен.

Буларды көрген Боранлы Қаранар қалш-қалш етип дирилдеп, ашыўланғанлықтан ғәзеби қайнап, арысландай арқырап жиберди—бул адамлардың оның жатқан жерине, ийелеген ингенлерине жақынлап, «некели тойын» бузыўға қалайынша батылы барды екен? Қандай ҳақысы бар екен, қәне, булай етиўге? Сонда Қаранар ыңыранып өкириўи менен узын мойынлы басын пысқырып былғап, айдарҳадай аўызын ашып, тислерин ақшыйтып сақылдатты. Аўызынан шыққан ыссы пуў түтиндей буўдақланып, сол ўақыттың өзинде-ақ бет алдындағы қара шуўдасына аппақ қыраў болып қатады. Дәпинип жулқынған Қаранар ашыўға шыдамағанлықтан, самалдың өрине қарай шабдырып жиберген ўақта, тозаңдай бүркилип шашыраған ашшы сидиктиң сасық ийиси демде ҳаўаға тарқалып, ҳәтте, муздай бир тамшы Едигениң бетине де шашырап кетти.

Едиге түйениң үстинен жерге секирип түсти де, тонын қардың үстине шешип таслап,—гүртеше, шалбар менен жеңилтекленип—дәрҳал қолындағы дырдың орамын жаздырды.

— Абайлы бол, Едеке, саған қарсы умтылғандай болса, сулайтып таслайман,—деп Қоспан мылтығын қолайлап, гөзледи.

— Яқ, ҳеш қандай олай етпе сен. Меннен қәтиржам бол. Малдың ийеси мен, өзим жуўап беремен. Сен өзиңе бек бол. Егер саған аўыз салатуғын болса, онда гәп басқа.

— Яқшы, өзиң бил, онда,—деди Қоспан түйениң үстинде отырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, Едиге болса, сол ўақта узын дырды палақпандай етип таўлап, ысқыртып былғап, өзиниң Қаранарына қарай қарсы жүре баслады. Қаранар да оның жақынлап киятырғанын көрип, бурынғыдан да бетер аўызынан гөбик шашып, қутырынып бақырып тарпып, жерди тайраңлап басып Едигеге қарай дəпинип умтылды. Соның арасында ингенлер де жатқан орынларынан турып, өңкеңлесип, тынышсызлана баслады.

Қар тазалайтуғын сүйретпеге жегилетуғын түйелерге жумсалатуғын дырды шарт-шурт еттирип, Едиге қарды ғытырлатып басып, Қаранарға алыстан жекиринип бақырып, даўысымды, таныр мекен деген тəме менен:

— Ҳəй. ҳəй, Қаранар! Ақмақ болма! Ақмақ болма деймен саған! Бул—мен! Сен не, соқыр болдың ба? Бул—мен деймен!—деп келе берди.

Қаранар оның даўысын писентке алмады ,сескенбеди де. Тумсығының жоқарысындағы буйраланған жүнниң арасынан көринген ғəзепке толы көзлери шытнап, өркешлери бултаңлап, өзине қарай дөнип киятырған қап-қара бəледен Едигениң ҳүрреси ушып кетти. Сол ўақытта Едиге малақайын басып кийип алып, егленип турмастан, дəрҳал дырды қулашлап сермеў менен болды Қарамайға ийленген териден тилип өрилген дырының узынлығы жети метрге шамалас ҳəм аўыр еди. Түйе арқырап бақырып, гə қарпып аўыз салмақшы болып, гə омырыўлап қақтырмақшы болып, аяғының астына салып таплап таслағысы келип Едигеге умтылды. Бирақ, күшиниң барынша үсти-үстине дыр силтеген Едиге оны қатты сабалап қасына жақынлатпады. Оны жанына дарытпаў ушын Едиге де бирден жалт берип қаймығып кетеди де: бирese кейин шегинип, бирese қарсы умтылып, еси енип, даўысымды таныр деген үмит пенен ышқынып, одағайлап бақыра берди. Атан өзиниң ингенлер менен бирликте болатуғын лəззетинен айрылып қалмаўы ушын, бунша дəрежеде өлерментлик пенен қарсыласқанына Едиге «жағасын услап» ҳайранлар қалды. Едиге оны сондай бахыттан айыратуғынын түсинсе де, бирақ басқа илажы жоқ еди. Ол тек, бирнəрседен қəўипсинди: елес-қапаста атанның көзине дыр тийип көзи шығып қалмаса болды, басқа жағына бəле келмейди. Едигениң қайсарлығынан ақырында ҳайўанның пəти қай-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тып, жуўасыйын деди. Дырды аямай силтеп ҳәм қатты бақырып жүрип, Едиге ең соңында атанға жақынлап барды да, бир секиргенде оның үстиңги еринен қып еттирип, қамтымлап алғаны сонша жулып ала жазлады. Дәрҳал, қас пенен көздиң арасында бурыннан таярлап жүрген бураўды еринге салып жиберди. Бураў салыныўдан Қаранар аўырыў ҳәм азапқа шыдай алмай ыңыранғаны сонша қыймылдай алмағанлықтан, мөлерген көзлери аларып баратырған ўақта, сол айнадай жарқыраған көзден Едиге өзиниң түрин көрип, шоршып кетти. Ҳеш қандай жазығы жоқ мақлуқты бүйтип азаплағанша, енесине шайтан дарысын буның, деп босатып жиберип, изине ғырра қайтпақшы болып турғанда, Едиге тағы ойланып қалды. Болмайды екен. Боранлыдағылар оны күтип отыр, Қаранарсыз қуры қол қайтыўға болмайды. Оннан қала берсе буны Ақ-Мойнақтың адамлары атып өлтиреди. Усыны ойлап, өз пикиринен қайтты. Едиге ҳөктем даўыс пенен түйеге ҳәмир етип бақырып, жерге шөгиўге мәжбүрледи. Атанды ашамайлап — «ертлеў» керек еди. Сөйтседе Қаранар аўызынан ыссы пуў бурқырап, бозлап-бақырып, қарсыласып көрип еди, бирақ, ийеси өз пикиринен қайтпады. Ол атанды өз дийдине бойсындырып, шөктирди де:

— Қоспан, ашамайды берман ылақтыр! Анаў ингенлерди қырдан арман асырып айдап жибер! Мынаў көрмесин соларды! — деп даўыслады.

Қоспан ингенниң үстинен ашамайды тез таслады да, Қаранардың сүйикли «ойнасларын» алдына салып, өңкеңлетип қуўып кетти. Соның арасында Едиге Қаранарды дәрҳал қуйысқанлап, ашамайлап алды. Қайтып келген Қоспан, Едигениң шешип таслаған тонын әкелип берди. Едиге тез кийинип, егленип турмастан Қаранардың үстине минип алды.

Ғәзепленип жулқынған атан еледе болса, өзиниң сүйикли ингенлерине жетип алғысы келгенликтен, ҳәтте, үстиндеги ийесиниң санынан қарпып тислеўге ҳәрекет етти. Бирақ, Едиге де әнейи емес, не ислейтуғынын биледи. Қаранардың арқырағанына да, бақырғанына да қан жылап бозлағанына да қарамастан, қасарысып, тежеп, атанды қарлы даланың үсти менен желдирип айдап отырды. Сол киятырғанында ол жол бойы Қаранарға нәсият айтқан болды:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өшир сестиңди! Болар енди! — деп жекиринди ол түйеге. — Даўысыңды шығарма! Бәрибир кейиннге қайталмайсаң. Басың ислемейди сениң, ақмақ! Мени саған жаманлық етеди деп ойлайсаң ба? Егер усыннан мен болмағанымда ғой, сени ҳәзир-ақ қутырған ҳайўан деп атып таслайтуғын еди. Буған не дейсең сен? Сениң жарап-қутырғаның ырас па — ырас болғанда қандай! Қутырып алып, салдың келип ўайқанды! Болмаса бул жақта неге қаңғырып жүрсең, аўылдағы ингенлер азлық етти ме саған? Есиңде болсын, усыннан үйге бир барып алайық, оннан соң сениң қақайлығың тамам, жат жерлерде қаңғырғаныңның соңы болады усы. Шынжырлап таслайман, саған бир адым атыўға еркинлик берилмейди. Сендей қаңғы бас, қақайларға сол керек!

Боранлы Едигениң бул бопса урыўы өзин-өзи айыпсыз етип көрсетип атырғаны еди. Ол Қаранарды Ақ-Мойнақтың ингенлеринен зорлап алып кетип баратыр. Улыўма бул ҳақыйқатлыққа қылаплық еди. Егер Қаранар жуўас болғанда — онда гәп басқа! Әне, Едиге Ақ-Мойнаққа минип келген ингенин жаңа Қоспанға таслап кетти ғой. Жуўас мал деген сондай болады. Жолым түскенде ингениңди Боранлыға апарып тасларман деп Қоспан қалды. Даў да жоқ, жәнжел де жоқ, әнедей. Ал, Қаранардың жүрген жериниң турысы патырат.

Бирқанша ўақыттан кейин Боранлы Қаранар өзиниң қайтадан ноқталанып, қайтадан ийесиниң тақымына түскенин сезип, жуўасыйын деди. Бозлағанды да сийрексите, жүриси дүзелип, аздан соң қәдимги жағдайлы желиске салып, Сарыөзектиң даласының танабын қуўырып, айраңлап келе берди, Едигеде тынышланып, айры өркештиң ортасында жайғасып отырып, самал қарсы алдынан ескенликтен сәдеплерин илдирип, малақайының баўын байлап алып, енди тек, Боранлыға тезирек жетиўди ойлады.

Бирақ, аўыл еле алыс еди. Күнниң ырайы жаман емес. Азлап самал демесең, аспанда шамалы булт бар. Жуўық арада самал уйытқып кете қоймас, итимал түнге қарай бир гәп болар. Боранлы Едиге Қаранарды услап, ноқталап алғанына, әсиресе, кеше түнде Қоспанның үйинде қонып, Ерлепестиң домбыра шертип, қосық айтқанын тыңлағанына биротала кеўили толып киятыр.

Сөйтседе Едигениң ойы өзиниң сәтсиз өмирине ерик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиз түрде қайта оралды. Әттегене ялғаншы дүнья! Қуда да тыныш, қудағайда тыныш дегендей, өзиниң ҳәсиретин жеңиллетиў ушын, ал, Зарийпа мен сени жақсы көремен, деп ашық айтыўдың иретин қалай тапса болар екен. Егерде Әбиўтәлиптиң балаларына өзлериниң фамилиясының кесапаты тийип турса, егер Зарийпа қайыл болса, олар мына мениң фамилияма өте қойсын. Егер Даўыл менен Ермекке Едигениң фамилиясы бола қойса Едигеге оннан артық бахыттың кереги жоқ. Бул дүньяда, сол балаларға, әйтеўир зыян болмаса болды. Қалғанларын бахтыларынан көре берсин. Сонлықтан да Едиге өз фамилиясын олардан аямайды. Пүткил жол даўамында Едиге усындай ойлар менен бәнт болды.

Күн де батып баратыр еди. Ғайратлы Қаранар қаншама өшегисип, ашыўланса да сол жүрисин бузбастан, бар интасын салып ғырсылдап желип киятыр. Әне, алды бетинде Боранлының сайлары, — қарға толып қалған ойлары диңкийип жатқан қырлары да көринди. Анаў турған темиржолдың бурылған жериндеги шығанақта Боранлы бәндиргиси бир шуқым болып тур. Морылардан түтин буўдақ-буўдақ шығып атыр. Ол жердеги өзине дәрек үйлер қалай екен? Кеткени болса кеше еди, кеўли тап бул жерди бир жылдан бери көрмегендей толқып кетти. Сағынып та қалыпты, әсиресе, балаларды көргиси келип кетти. Аўылдың жайлары көриниўден Қаранарда адымды жийирек атып киятыр. Терлеп, қызып киятырған атан аяғын аннан-саннан басып тайраңлап киятырғанлықтан, аўзынан буўдақ-буўдақ пуў шығарды. Едиге үйине жақынлап келемен дегенше, еки жүк поезд дусласып, айырылысып та үлгерди. Биреўи батысқа, екиншиси шығысқа қарай бағдар алды...

Едиге үйиниң алдына келип тоқтады. Қаранарды сол ўақытта қорağа қамап тасламақшы болды. Атаннан түсти де, кирер жердеги көмиўли турған шынжыр менен оның аяғын кисенлеп таслады да, оны сол турған жерине қалдырды. «Азғана тери басылсын, ашамайды соннан кейин-ақ аларман» деди ол. Бирақ, не болғаны белгисиз, сол ўақыттың өзинде диңке-дәрманы қурып кетти. Сиресип, қурысып қалған арқасын ҳәм аяқ-қолын жазып, қорадан енди шығыўға бетлегенде, қасына үлкен қызы Сәўле жуўырып келди. Едиге үстин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

деги қалың кийимлери менен ғорбаңлап, қызын еркелетип, бетинен сүйди.

— Тоңып қалыпсаң ғой, — деди қызына. Сәўле далаға көйлекшең шыққан екен. — Тез үйге кир, ҳәзир мен де бараман.

— Аға, — деди қызы әкесине еркелеп турып. — Даўыл менен Ермек кетип қалды.

— Кеткени қалай?

— Биротала кетип қалды. Мамасы менен бирге кетти олар. Поездға минип кетти.

— Неге кетеди? Қашан кетти? — деп Едиге ҳеш нәрсеге түсине алмай, қызының көзине бежирейип қарады.

— Бүгин азан менен кетти.

— Ҳим, солай де, — деди Едигениң даўысы дириллеп. — Үйге бара ғой, жуўыр, — деп ол қызын қушағынан босатты. — Мен кейнирек бараман, соңырақ. Ҳәзир, ҳәзир... Кете бер енди.

Сәўле жайдың мүйешинен айланып, бурылып кетти. Едиге болса қораның қапысын да жаппастан, сол тон кийип ғорбыйған қәддинде Зарийпаның үйине қарап тез-тез жүрип кетти. Киятыр-аў, кеўли қурғыр исенбей киятыр. Бала деген шатастырып айтыўы да итимал, баланың аты бала ғой, кетип қалып не көринипти. Бирақ, есигиниң алдылары арман-берман басылған излерге толып кетипти. Едиге қапының қуллабынан тартып ашты да, кирип барды — әлле қашан босап қалған үйдиң ҳәр жер-ҳәр жеринде керек болмай таслап кеткен затлар ғана жайрап жатыр екен. Балалары да, Зарийпада жоқ!

— Япырмай! — деп гүрсинди Едиге қаңырап қалған үйдиң ортасында зиңирейип турып, еледе болса болған ўақыяға исенбей. Ырасы менен-ақ кеткени ме? — деп ҳайран болды. Ҳүўлеп қалған үйде турса да өз көзине өзи исенбей көкирегин қайғы кернеп кетти.

Усы жасына келгенше ол ҳеш қашанда бүйтип пәнт жемеген шығар. Қаңырап қалған жайдың дәл ортасында постын кийип, ебетейсиз ғорбыйған турысында, музлап қалған печтиң қасында жаның қыйнаған бул жоғалтыўға қәйтип көнлигерин, не ислеўин билмей қалшыйып, ақыл-ҳуўшынан айрылған адамдай силейип турды да қалды. Әйнектиң алдында пал ашатуғын жумалақ таслар шашылып атыр. Ермек оларды умытып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қалдырған болыўы керек. Әлле қашан өлип қалған әкесин келеди деп үмит пенен кеўлин жубатып жүрген қырқ бир тас, сағыныўшлы ҳәсирет таслары. Едиге таслардың бәрин жыйнап, алақанына толтырып алды. Олардан қалған нәрсе Едиге ушын усы екен. Соннан кейин оның барлық шыдамы таўсылып күйиктен күл болыўға шамаласқан ҳалында, маңлайын муздай қапының тахтайына басып, буўлығып турып изин үзбей жылап жиберди. Ол жылап турған мәҳәлде уўысындағы жумалақ таслар бириниң изинен бири жерге тысырлап түсип, жайдың мүйешлерине шашылып кетти...

Сөйтип артына айланып жаўырны менен дийўалды төмен қарай үйкелеп — сыпырып, жүрелеп отырып қалды да, ғорбыйған постыны менен, басындағы малақайы қыйсайып, дийўалға арқасын сүйеп, еңиреди ме дейсең, қоя бер енди! Жыла, соры қайнаған! Ақ-Мойнаққа кетип баратырғанда Зарийпа берип жиберген шарфты қалтасынан алып көзиниң жасын сүртип, жылайды-аў жүдә...

Қаңырап қалған үйде усылайынша отырып ол, бул не қылғаны екен деп ойланды. Демек Зарийпа бул жол жүрип кеткен ўақтында балаларын алып, билгендей кетип қалған Едиге бар ўақытта жибермес деп ойлаған-аў, Зарийпа. Бул ырас бирақ, Едигенин өзи болғанда, оларды өлсе де жибермес еди. Егер ол ҳеш жаққа жол жүрип кетпей үйде болғанда, гәй басқа еди, буның не менен питиўин ким биледи, енди оны ойлаўдың кереги де жоқ! Бул олардан сирә дә айрылмас еди. Едигениң жоқ мәҳәлинде кетиў керек екенин Зарийпа билген. Кетиўи аңсат болған менен қаңырап, үйде, жалғыз өзи отырып еңирейтуғын Едигени еске алмаған екен-дә...

Сол ўақытта разъезде поезды тоқтатыўға биреў себеп болған ғой! Ким екен ол? Қазанғаптан басқа ҳеш ким емес! Бирақ, ол Сталин өлген куни стоп — кранды жулып, поезды тоқтатқан Едигедей етпей, оның орнына разъездиң баслығына жалынып турып келисим алып, жолаўшы поезды тоқтатып, миндирип жиберген-аў.. Бул Қазанғаптың қолынан келеди... Зарийпаның балалары менен тезирек өкшесин көтериўине Үкибала да үлесин қосқан шығар! Қойып турың, қәне! Тап солардан өш алғысы келгендей қаны қайнап, қалшылдап, өзөзинен мыйы солқылдап кетти. Ол барлық күшин жый-



www.ziyouz.com kutubxonasi

нап, мына Боранлы деген бәндиргиниң күлин көкке суўырып, бундай қудай урған жердиң тас-талқанын шығарып, тып-тыйпыл етип, соннан кейин өзи Қаранарға минип, Сарыөзектиң қула даласында адасып, ашлықтан, суўықтан өлсе де қаңғырып кеткиси келди. Сөйтип ийесиз қаңырап қалған үйде, болған иске қан жылап отыра берди. Бирақ, оның басында тек бир сораў қайталана берди: «Зарийпа не ушын кетти? Қаяққа кетти? Неге кетти? Қайда кетти екен?»

Соннан кейин өзиниң үйине келди. Үкибала ҳеш нәрсе деместен оның постынын, малақайын, етигин шешип апарып қойды. Боранлы Едигениң суп-сурғылт айбатлы жүзинен не ойлап отырғанын, не ислейтуғынын айырып билиў қыйын еди. Көзлери ҳеш нәрсе көрмей турғандай. Өзин-өзи зорға иркип отырған адамның көзлерине қарап ҳеш нәрседе түсинип болмайды. Күйеўиниң шай ишиўин күтип, Үкибала самоварын қайта-қайта ысытып отыр. Ишки қуўысы ағаштың шоғына толы самовар қайнап тур.

— Шай ыссы, — деди оған ҳаялы. — Қайнап тур еле.

Едиге болса оған үнсиз бир қарады да, ыссы шайды аямастан уртлай берди. Қайнап турған шай да оған тәсир етпеди. Екеўи де бирин-бири сынап, қайсысы сөз басларын билмей аңлысып отыр.

— Зарийпа балалары менен кетип қалды, — деп сөз баслады Үкибала.

— Билемен, еситтим, — деп Едиге басын көтермеўи менен гүңк етти. Үндемей көп отырса да ақыры шайдан басын көтерместен:

— Қайда кетти? — деп сорады.

— Бизге ояғын айтқан жоқ, — деди Үкибала.

Соның менен сөзде тыйылды. Ыссы шай аўзын күйдирип баратырса да, шыдап отырған Едиге бир нәрсени ғана ишинен тилеп отыр: әйтеўир бир шаўқым шығарып үйдиң ишин бүлдирип, балалардың жүрегин жарып жибермесем болар деп ойлай береди ҳәм дым үндемей отырды...

Шай ишип болыўдан және далаға шығыўға асықты. Етигин, тонын, малақайын қайтадан кийип алды.

— Қаяққа баратырсаң? — деди ҳаялы.

— Қора бетлерден бир айланып, малларды көрейин, — деди шығып баратырып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыстың қысқа күни батыўға да шаўаласып қалды. Ымырт жабылып, қараңғы түсип киятыр екен. Самал күшейип, жер қатқалақ болып, тоңлай баслапты. Едиге сол түнериўи менен қораға қарап баратыр. Кирип барды да шынжырды жулқып турған Қаранарға аларған ғәзепли көзлери менен қарап турып:

— Ҳә, сен еле ҳәўириңнен түспедиң бе! Бақырып турсаң ғой жүдә! Сен ийт ҳайўанға мен көрсетемен енди!Енди сениң менен гәплесип турмайман! Енди мен ҳеш қайсыңызды да аямайман!

Едиге Қаранардың бүйиринен ләт пенен ийтерип жиберди. Әке-шешесин, заў-заддын қалдырмады. Түйениң ашамайын алып ылақтырып жиберди. Атан байлаўлы турған шынжырды жаздырып, оның аяғын босатып алды. Едиге оның буйдасынан услап, өрими сабына оралған дырды қолына алып, атанды далаға қарап жетеледи. Атан болса бозлап, зарлаўы менен киятыр. Ийеси оны қорқытпақшы болып сестинди өшир деп айбат шегип, буйдасын силкип, қолын былғап-былғап жиберген еди, бирақ, түйе оны итибарға алмады. Едиге жерге бир түпирди де, түйениң бозлап, бақырғанына кеўил аўдармай, сабырлылық етип, үсти бети уйытқып турған қалың қарды омбалап, геўгим қараңғылығында алдына қарай жүре берди. Ол пыснап, ентигип қалса да, бирақ, тынбай жүре берди. Басы кеўилсиз түрде мантаңлап, көп жерге асып кетти. Разъездден аўлақ, қырдың арғы жағына шығып алғаннан кейин, Қаранарды тоқтатып, бир сабады дейсең, қоябер енди. Тонын шешип таслады, түйени қашып кетпесин деп, буйданың бир ушын белине орап байлап алды. Сөйтип дырдың сабынан еки қоллап услап, атанға қарай үстиүстине шырпылдатып силтей берди... Көкирегиндеги барлық қайғы ҳәм ызаның қәҳәри дырдың шырпылдысына айланып кетти. Боранлы Қаранарды усылайынша аяўсыз сабалап, даўысы қырылдап, аўзынан сөгис пенен бәләәтли сөзлер атлығып шығып атыр.

— Мә, саған! Мә, оңбаған, ҳайўан! Усылардың ҳәммеси сениң себебиңнен! Сениң кесапатыңнан болып атыр! Солардың ҳәммесине сен айыплысаң! Енди сендей ийтти басыңның аўған жағына жиберемен, майып болсаң өзиңнен көр. Мә, саған қәнәәтсиз ҳайўан! Саған я болмаса инген жетпедиме! Алыстан излеп нең бар еди! Сени излеймен деп жүргенде, ол балаларын алып



www.ziyouz.com kutubxonasi

кетип қалыпты! Сизлердиң ҳәммеңиздиң де мениң жағдайым менен жумысыңыз жоқ. Енди бул жақты дүньяда мен қалай өмир сүремен? Олсыз қалай жасайман? Сизлерге бәрибир болса маған да бәрибир. Мә оңбаған ийт, мә! Сазайыңды тарт! Сыбағаңды ал!

Қардай бораған қамшының астында қалған Қаранар бақырып-бозлап, жан түршиктирерликтей жулқынып, аямай шырпылдаған дырдың дәстинен, көзи аларып, күш бермей, ийесин жығып, қардың үсти менен сүйретип алып кетти. Бар күши менен қутырынып, ийесин тап кесилген ағаштай сүйреп баратыр, тек болғаны усындай азаптан қутылып, босанып кетсем екен, мәжбүрлеп әкелген жаққа қайтадан ылағып кетсем екен дегендей болып баратыр.

— Тоқта! Тоқта деймен!—деп атан сүйреп баратырған Едиге қарға аўзы-мурны басылып туншығып, дем алалмай сүйрелип баратыр.

Басындағы малақайы болса түсип қалған, жерди қаплап жатырған қар оған биресе суўық, биресе ыссы сезилип, бет-аўзын, басын музлы қар жырып, мойны ҳәм көйлегиниң иши қарға толып кетти. Қолындағы дур шубатылып, атанды тоқтатыўға да белиндеги буйданы шешиўге де дәрманы жетпей баратыр. Егерде Едиге әйтеўир есабын таўып қайысының тоғасын жаздырып жибермегенде қудай биледи, ол қарға туншығып өлиўи де мүмкин еди, сөйтип бул шермендешиликтиң ақыры сондай менен питиўи де турған гәп еди... Бирақ, жан айбат пенен оның буйдасына асылып қалғаныда сол, түйе оны бираз жерге дейин тағы сүйреп, тек ғана Едиге буйданы бар күши менен тартқан ўақытта ғана зорға тоқтады.

— Ҳә, оңбаған, ақмақ! — деп гүбирленди Едиге ақыл-есин жыйнап, демин сарраслап алып, орнынан зорға турып атырғанда. — Солайма еле! Ал сыбағаңды, нәлетий ҳайўан! Жоқ бол, көзиме көринбей! Иләйим жер жутсын сендей ҳарамы ҳайўанды! Қутырған ийттей етип атып өлтирсин сени! Ҳәммеси сениң кесапатың! Лашың далада қалғыр! Қараң батсын, қараң батқыр! — Қаранар болса бозлап алып Ақ-Мойнақ тәрепке қарап тайрақлап баратыр. Едиге оның изинен жуўырып баратырып, дырды қайта-қайта силтеп-силтеп қала берди. Қаранарды аўзына келген жаман гәплерди аямай айтып нәлетледи. Атанынан айрылып, арасы узақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап баратыр еди. Сонлықтан Едиге оның изинен биразға дейин бақырып турды:

— Жоқ бол, жоқ болғыр ҳайўан! Тайраңла! Жуўыр! Сол жақларда бир жерде өлип, мың жерде ийиси шыққыр сениң! Қақ маңлайыңа оқ тийип, муққабасаң!

Қаранар ушы-қыйры жоқ дала менен өңкеңлеп шаўып баратырып бәлентликтен асып түсти де, демде қараңғыда қарасы көринбей кетти. Соңынан оның аратура гернайдан шыққандай бозлаған даўысы еситилип турды. Едиге болса оның енди сол жүрис пенен тап Ақ-Мойнаққа жеткенше аппақ қардың үсти менен сол жақтағы ингенлерге қарап шаба беретуғынын ойлап қала берди...

— Түпә! — деди де ол, қапталына бир түпирип, жаңа өзи сүйретилип келген изи менен жүрип изине қайтты. Үстинде тоны, басында малақайы жоқ, бет-аўзы жанып баратырған ҳалында тас қараңғыда дырын сүйреп киятыр. Сол турысында бирден тула-бойы аўыр тартып, диңке-дәрманы қурып, силикпеси шығып қалғанын сезди. Қарға дизерлеп отырып алды да дүс төменине жығылып, басын қос қоллап қысып, өкпеси аўзына тығылып, еңиреп қоя берди. Сарыөзектиң кең даласында қара басы отырып, ысқырып есип турған самалдың сестин ҳәм жаўып киятырған қардың түйирлерин сезип отырды. Аспаннан жапалақлап жаўып атырған миллионлаған қар түйиршиклери бир-бири менен биригип, сыбырласып, Едигеге: сен енди бундай айралық азабына шыдай алмайсаң: сүйип қалған ҳаялын ҳәм өзине сүйикли болған балаларсыз өмир сүриўдиң биймәнилигин айтып атырғандай еди. Едиге тап сол мәҳәлде, сол жерде өлип, мына жаўып атырған қардың астында қалып, көмилип кеткиси келди.

— Қудай деген жоқ! Ол адамның басындағы қайғысы туўралы, ҳәш нәрсе де билмейди. Қудай усылай етип қойғанда, биз басқалардан не күтемиз? Қудай деген сирә жоқ, жердиң үстинде! — деди ол өзинен-өзи күйинип, парты шығып, түн ишинде Сарыөзектиң қула даласында жалғыз өзи отырып. Усыған дейин ол бундай гәпти, сестин шығарып айтқан жоқ еди. Тап Елизаровтың өзи де бирдейине қудайды жийи-жийи есине алып, бирақ, илимий көз-қарастан қудай жоқ дегенде, Едиге оның бул гәпине қосылмайтуғын еди. Ҳәзир, бирақ, исенип отыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пүткил әлемди желпиген самал жүзин сыйпаған Ана — жер, өз жолы менен жүзип жүрипти. Күнди айланып жүзеди, дөңгеленип баратырып, сол бир демлерде қарлы далада муздай қар үстинде дизе бүгип отырған адамды белине көтерип жүзип баратыр. Тахтынан түсип, мәмлекет ҳәм ҳәкимшилик мәртебесинен айрылған ҳәрқандай король яки император, ҳеш қандай ҳүкимдар сүйикли ҳаялынан айрылған мына Едигеге мегзеп, пүткил әлем алдында дизерлеўи менен маңлайына урып, жер дүмбишлеген ҳалатта ышқынып азап шеккеген шығар сирә... Жер болса өз бағдары менен жылжып баратыр...

Соннан үш күннен кейин рельсти оңлаў ушын қурал-сайман беретуғын складтың қасында Қазанғап Едигени иркип турып:

— Сен неге бүйтип, адамлардан қашып жүрсен, Едиге, — деди ол темир-терсеклерди зәмберге салып атырып, кеўлиндегини айтқан болып. — меннен аўлағырақ, шетлеп жүргенге усайсаң, сөйлесиўдиң де ирети келмейди.

Едиге шыдамай кетти. Қазанғапқа ызалы түр менен қарап:

— Егер екеўимиз сөйлесетуғын болсақ, мен сени бууып өлтирип қойыўым мүмкин. Өзиң билесең оны! — деди.

— Сен, мен түўе басқа бирнеше адамды да бууып өлтире алатуғыныңды билемен. Бирақ, бунының мәниси не?

— Зарийпаны кетиўге мәжбүрлеген сизлер! — деп Едиге бул күнлери көкирегинде гүдик болып жүрген ўақыяларды айтып салды.

— Ҳә, солай де еле, — деп Қазанғап басын шайқап, өкинишген ҳәм уялғанынан еки бети қызарып кетти. — Ондай қыялың болған болса, сен бизлерге де Зарийпаға да өкпелеме. Сен өзиң әззи екенсең. Еле де Зарийпаның аса ақыллы нашар болғанына рахмет айт. Булардың бәри соңында не менен тамам боларын ойлап көрип пе един? Сол ушын да ол ертерек кетиўге бел байлапты. Оның өтинишин орынлап, жәрдем бергеним ырас. Балаларың менен қаяққа жол алдың, деп мен де сорамадым, қаяққа барыўға бел байлағанын ол да айтпады — тәғдир қайжерлерге дуз тартып турғанын ҳеш ким билмейди. Өзиниң абырайын да, сениң ҳаялыңның абырайын да төкпей турып кетип қалды. Зарийпа менен Үки-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бала екеўи қәдирданларша хошласты. Олар сени туўры келген бәледен сақлап қалғаны ушын сен олардың екеўиниң де алдында дизе бүксең болады. Үкибаладай ҳаялды сен дүньяның төрт тәрепин айланып шыққанда да таба алмайсаң. Онын орнында басқа ҳаял болғанда жаныңнан жан қоймай, жағаңнан алып, аспанды жерге түсирип тоз-топалаң шығарғанда, сен анаў Қаранарыңнан да төмен бир мақлуққа айналып, басын аўған жаққа тентиреп кетер едиң...

Едиге дым үндемеди — не десин? Қазанғаптың гәпинде жан бар қусаған. Бирақ, Қазанғап Едигениң дәртин қаяқтан билсин. Едиге енди қопаллыққа салып:

— Болар, яқшы! — деп жақтырмастан қапталына түпирип жиберди. — Даналық гәпинди тыңладық. Сен сол ақылың менен жигирма үш жыл бойы усы жерге кисенлеп қойғандай табжылмай жүргенсең. Мениң қайғымды сен қаяқтан түсинесең! Яқшы болыпты, түсиникли! Сениң гәпинди тыңлап турғандай жағдай жоқ менде, — деди де гәплескиси келмей кетип баратырғанда артынан:

— Онда өзиң бил, — деген сөзди қулағы шалды.

Сол гәптен кейин Едиге өзин бийзар еткен Боранлы бәндиргини таслап басқа жаққа кетпекши болды. Ойланып қалды, кеўли алағада болып Зарийпаны умыта алмады. Жанын жеген, кеўилин ўайран қылған сағыныштан шыдамы таўсылды. Зарийпасыз, оның балаларысыз бул дүнья әтирап қаңырап қалғандай. Сонда Едиге бул азаптан қутылыўға жол излеп, разъездиң баслығына жумыстан босаныў туўралы арза бережақ болды. Хожалығын көширип, қәлеген жағына кетпекши болды. Тек, усы жерден көшсе болар. Усындай қудай қарғаған жерге оны өмир бойы байлап қойыппа? Жұртлар басқа жақларда қалаларда, аўылларда жасап атыр ғой. Олар бундай жерде бир саат та турмас еди. Едиге не ушын бул жерде өмир бойы қалыўы керек екен? Өйтип не гүнасы бар оның. Болар енди, я Арал теңизине я Қарағандыға, ямаса Алматыға қарай кетиў керек. Жердиң жүзи кең, баратуғын жерлер көп. Қолынан келмейтуғын жумыс жоқ, өзи бир мийнеткеш, дени саў, ойлана берип не бар, көз жумда кете бермейсең бе? Едиге бул нийетин Үкибалаға қалай айтып, көндирсем екен деп ойланды. Оннан басқа жағын көре берермиз. Бул мақсетин ҳаялына айтпақшы болып, таярланып



www.ziyouz.com kutubxonasi

жургенде арадан бир ҳәпте өтти. Сөйтип жүргенде өзи босатып жиберген Қаранар да бир күни қайтып келди.

Едиге үйдиң алдында ийттиң шабаланып үрип, арман-берман жуўырып жүргенине ҳайран қалып, не болып қалды екен, деп далаға шықса, қораға жақын жерде әўдийип турған басқа бир түйени көрди. Ол қыймылдамай тур еди. Едиге оған жақынлап барып оның Қаранар екенин зорға таныды.

— Ҳаў, бул сен бе един, еле? Әй, бийшара-ай, қуры ғана сүлдериң қалыпты ғой! Өлимтигиң шығыпты ғой! — деп Едиге албырап даўысын көтериңкиреп сөйледи.

Бурынғы Қаранардың, тек, қуры сүйеги менен териси қалыпты. Муңлы көзлери мөлерип, ғаўқыйған басы, узын мойнына зорға илинип турғандай. Шуўдалары масқара ҳалда қолдан жабыстырылғандай дизеден төменге түсип жалбырап тур. Қаранардың бийик сымбатлы өркешлеринен нәрсе қалмапты — еки өркеши де жымпыйып кемпирдиң төсиндей болып қалыпты. Атан бийшараның болдырғаны сонша қораға жетиўге де дәрманы болмай усы жерде тоқтаған екен. Муҳаббат қызығына ақырғы бир тамшы қанына дейин сарп етип, босап қалған қаншықтай сүйретилип, қуры геўдеси зорға жетипти.

— Эҳ-ҳе! — деди Едиге мысқыллағандай болып, Қаранардың ол жағына бир, бул жағына бир шығып қарап. — Әй, жәниўар-ай, болып болғаның ба? Сени бул үйдиң ийти де танымай қалды. Ҳаў сен атақлы атан емес пе един? Аўа, сондай един. Тағы келип турғаның не енди! Я уят, я намыс болса сенде! Үсти-басың неге буншама сасық? Диңке-дәрманың қалмай тирсегине сорғалатып жиберипсең ғой. Соры қайнаған, ғумалағың болса қуйысқаныңа қатып қалыпты. Бийшара! Қор болған бийшара!

Қаранарда болса қозғалыўға шама жоқ, бурынғы күшинен де, көркинен де ҳеш нәрсе қалмаған. Аяпышлы сүлдери муңайып, басын зорға услап қулап кетейин деп зорға тур.

Едиге атанды аяп кетти. Үйине кирип кетип бир самар бийдай алып шығып, үстине дуз себелеп:

— Ал же, — деп жемди атанның алдына қойды. Тамағыңды тойдырып ала ғой, қораға соннан кейин киргизермен. Шөккеннен кейин ҳалланарсаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол куни ол Қазанғап пенен сөйлести. Үйине өзи барып, гәп баслады

— Қазанғап, мен саған бир жумыс пенен келдим. Кеше мениң менен сөйлескиси келмей отырып, бүгин буған не болған екен деп таңлан ба. Бул бир әҳмийетли нәрсе. Қаранарды өзиңе қайтарып бермекшимен. Оны маған бота ўақтында сыйлыққа берип един. Рахмет. Ол көп мәртебе пайдама жарады. Жақында оны шыдамым таўсылып қуўып жиберсем, бүгин болдырып өзи келип тур. Өлип-талып зорға жетипти. Енди қорада жатыр. Еки ҳәптеден соң баяғы қәлпине келеди. Қайтадан өзин алады. Тек, жемине қарап турсаң болды.

— Қойып тур, — деди Қазанғап, Едигениң гәпин бөлип жиберип. — Не ислемекши болып жүрсең. Енди Қаранарды маған қайтарып бермекшисен? Я мен сеннен соны сораппедим?

Сонда Едиге бурыннан айталмай жүрген сырын ашылысып айтты. Сондай-сондай, үйимди алып басқа жаққа көшип кетпекшимен. Сарыөзектен басқа жерге қоныс жаңартпасам болажақ емес. Усылай еткеним дурыс болар, деди. Қазанғап оның барлық гәпин зейин салып тыңлап алды да, былай деди:

— *Ойланып көр, оны өзиң билесең.* Бирақ, сен өзиңниң не ушын кетип баратурғаныңды да билмейсең-аў, деп қорқаман. Яқшы, ал көштиң дейик, сен бәрибир ишиңдеги азаптан көшип аман қутыла алмайсан. Қаяққа барсаң да маңлайыңа не жазылған болса, соны көре бересең? Бәрибир жүрегиңдеги күйик қаяққа кетсең де, өзиң менен бирге болады. Оннанша Едиге сениң азамат болғаның ырас болса, сол күйикти усы жерде жүрип жең. Ал, көшип кетиў деген, ол ерлик емес. Ҳәммеде көше алады. Ал, өзин-өзи көндириў деген — ҳәр адамның қолынан келе бермейтуғын ис!

Едиге, Қазанғапты қуўатлаған да жоқ, айтысқан да жоқ. Тек, ойға шүмип гүрсине берди. «Бирақ, қәйткен менен көшиў керек пе?» — деди ол ишинен. — Умыта аларма екенмен? Ал, умытқанда не қыламан?» Сөйтип, онда, не қылсам екен? Ойламасаң болмаса, ойлайын десең бундай болса, Зарийпаға да аңсат па? Жап-жас балалары менен ҳәзир қайда жүр екен? Қыйналған ўақта оған қол ушын бергендей адамлар бар ма екен? Үкибаланың да берекети қашқанына қанша күн болды — мениң усы минезиме қабағы ашылмаған түр-түсиме ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

үндемей-ақ көнип атыр. Сонда онын гүнасы не өзи?»

Қазанғап, Едигениң ойы қаншама қыяллар менен бәнт екенин билип, тек ғана оған жигер болсын деп, тамағын арнап қырынып турып, басын көтерген ўақлары былай деди:

— Тап сени көндирип, мен үлкен пайда көретуғын адамдай меники не, онша өзерлене берип. Өзиңниң ақылың өзиңе жетеди. Әйтеўир, сен Раймалы аға, мен Әбдилхан емеспен ғой. Мен Әбдилхан болғанда да, сени бул кең далада байлап таслағандай бир түп талды ат шаўып излесең де табылмайды. Сениң өз еркиң өзиңде, не ислесең өзиң билесең. Тек ғана көшип кетиўден алдын жақсылап ойланып ал деймен.

Қазанғаптың бул гәпи Едигениң ядында уялап қалды.

Раймалы аға өз дәўириниң атақлы жыршысы еди.

Даңқы жаслайынан таралып кетти. Қудайдың берген несийбеси шығар. Ол өзи әжайып үш қәсийетке ийе болған: жыршы ҳәм өз қосықларына өзи арнаўлы нама ойлап шығарып, оны кәмине келтирип айтқанда алдына адам салмайтуғын еди. Ол өзи менен заманлас болған жыршылардың бәрин де жеңген. Домбырасын қолға алыўы менен дәслеп нама ағылып, оннан кейин қосық дегенди дәстелеп, дуйым журттың көз алдында шығара беретуғын болған. Раймалы ағаның аўзынан шыққан сол қосық ертеңине-ақ аўылдан-аўылға, елден-елге тарап кете берген. Оның қосықларын сол дәўирдеги шоқ жигитлер аўзынан түсирмей айтып жүретуғын болған:

Салқын суўдың қәдирин
Аңқасы кепкен ат билер.
Сүйген қыздың қәдирин
Күйген жигит — мәрт билер.
Жақсы сөздиң қәдирин,
Қаты қулақ — яд билер.

Туўды-питти питкен минез Раймалы аға қызыл-жасыл дөнип, шыррыйып кийинип жүретуғын болған екен. Ол әсиресе, қысқа қарай бир түрли, бәҳәрге қарай тағы бир түрли, жазға салым басқа түрли, қулласы, гилен қундыз, түлки телпеклерди кийгенди жақсы көретуғын болған. Сондай-ақ оның бар байлығы—барлық қазақ халқына дәстан болған, жақсы жүрмели, ақалтеке нә-



www.ziyouz.com kutubxonasi

силли алтын ирeңли Сарыала аты болған. Оны бир тойда Раймалы аға түркменлер сауға еткен. Халық Раймалы ағаны қалай тәриплесе, Сары аланы да солай тәриплеген. Оның сыбыттай шырайына ҳайран қалған журт, тек, оған қарап турып-ақ ләззет алған ўақлары да болған. Сол себепли гейпаралар дәлкеклесип Раймалы ағаның барлық байлығы домбырасы менен Сарыала аты ғой дейди екен.

Ырасы да усы еди. Раймалы аға барлық өмирин домбырасын алдына өңгерип, Сарыала аттың үстинде өткереди. Даңқы жер жарса да ҳеш байымады. Барлық өмирин той менен тамашада бүлбилдей сайрап өткерди. Қаяққа барса да оған төр таяр, қазан асыўлы, төсек салыўлы, Сарыаланың да бабы табылады, әлбетте. Сонда да буның бундай әдетлерин жақтырмаўшыларда табылып: «самалдай есип, босқа өткен өмир», — деп гүналаўшылар да бар еди.

Сондай өткен адамлардың өзи басқалар менен бирге той-жыйынларда Раймалы ағаның келиўине, домбырасын қалай қолға алып қалай шерткенине шекем — дем алмастан, жыршының көз илмейтуғын саўсақларына, қас қақпай, ҳәр бир қыймыл-ҳәрекетинен көз жазбай қарап отыратуғын еди. Дүйым журт оның қолларына тебиренип қараўының себеби — сол қоллардан жүректи тебирендиретуғын ләззет бағыш сеслер шығады, көз-көзлерине үнсиз телмиретуғынының себеби — ол көзлерден әжайып инсанға тән терең сөй ҳәм руўхының нуры парлап туратуғын еди. Ал, бет-әлпетине сүйсинип қараўының себеби болса, оның сулыў етип салынған мүсиндей дийдары қосық айтқан мәҳәлде даўыллы күнги теңиздиң айдынындай толқып туратуғын еди...

Ҳаяллар болса оның алдында отыра бериўге шыдамы жетпей қайтып кетеди, бирақ, қаншама ҳаяллар Раймалы ағаны ойлап, оған интизар болып, түн ишинде төсегинде жатып, көз жасын жасырып, көл-дәрья ететуғын болған.

Солай етип өмир деген қосықтан-қосыққа, саздан-сазға, тойдан-тойға уласып жүргенде, сезилместен ғаррылық та келип қалған екен. Дәслеп муртына «қыраў» түсти, соңынан сақалына да ақ ене баслады. Ол түйе Сарыала аттың өзи де болдыра баслады, қуйрық-жалы төгилип, шырайынан айрылды. Ҳәзир тек ғана азлап оның жүрисин көрип адамлар оның бир ўақлары атақ-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лы жорға болғанын билетуғын еди. Сөйтип қыстың күни жапырақларынан айырылып сыйдамланып қалған жалғыз өзи өскен ақ теректей Раймалы аға да ғаррылықтың қақпанына түсти... Оның ҳаял-бала шағасы, я үй-жайы, я малы, я арттырған байлығы болып ҳеш нәрсеси жоқ еди. Сол себептен иниси Әбдилхан оны қолына киргизеди. Ең дәслеп ол барлық ағайин-туўысқанларын жыйнап, солардың көз алдында Раймалы ағасына өкпе-гийнесин айтып алады, соннан кейин ол жекке Раймалы ағаға арнап үй тиккизип, аўқатын писирип, кийим-кеншегин жуўып турыўы ушын хызметкерлерине пәрман береди...

Раймалы аға енди болса ғаррылықты жырлап, алдындағы өлим, қаза туўралы ойлай баслады. Сондай ўақлары қудиретли намалар, әжайып қосықлар дүньяға келеди. Соннан кейин ол барлық адамзаттың асқан даналарының өзи жуўап таба алмай кеткен—адам бул өмирге не ушын келеди!—деген саўалға жуўап излемекши болады. Сөйтип ол алысқа қадем баспайды, той жыйынға бармайды, жалғыздан-жалғыз отырып мұңлы ҳәм ҳәсиретли намалар дөретеди, өткен өмирин ойлап бийопа дүньяны жырлап ғарры-ғуррылар арасында болады...

Қартайған шағында жан дүньясын астан-кестен еткен мына бир ўақыя болмағанда, қудай биледи, Раймалы аға буннан былайғы өмирин үйинен бир адым шықпай, тып-тыныш пәкизе ғана өткизбекши еди.

Күнлерде бир күни Раймалы аға шыдай алмай ишқыста болып, өзиниң ғарры аты Сарыаланы ертлеп, кеўил көтерейин деп домбырасында алды. Оның менен табақлас болып жүрген кеўил жақын дос-яранлары: қосық айтпасаңыз өзиңиз билиң, мәжбүрлемеймиз, бирақ тойға барып, мийман болың, деп қоймай көндирген еди. Сол себепли Раймалы аға ядында ҳеш нәрсе жоқ, тез қайтаман-аў, деп ойлап кетип еди.

Той ийелери оны ҳүрмет пенен күтип алып, ең жақсы ақ ордаға жайғастырды. Ел арасындағы жасы үлкенлер менен қымыз ишисип, барды-келди дегендей гәплер айтысып отырды.

Аўыл арасы той-тамаша болып: қосықлар айтылып, ойын-күлки, қыз-жигитлердиң ҳәзил-дәлкеги ҳәўижгенген мәҳәл еди... Жас келин-күйеўдиң ҳүрметине атларын байраққа қоспақшы болып атырған адамлардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғаўырлысы ошақ әтирапындағы аспазлардың даўысы аўылдың шетинде уйлығысқан ат туяқларының дүсирлиси, сүйек-саяқты ғайзап тойып қалған ийтлердиң бирин-бири қуўып ойнаўлары, ҳәр қыйлы шөплердиң ийисин алып келип есип турған самалдың ызыңлаған сести қулаққа шалынады... Ҳәммесиненде бетер Раймалы ағаны қоңсы үйден еситилип турған домбыраның сести менен қосыққа жүйрик қызлардың сыңғырлаған күлкиси елеңлетип, тыпыршылап, бийтақат бола баслайды.

Қартайған жыршының жан-жүреги сызлап қоя береди. Қасында отырған ғаррыларға сыр бермейди. Бирақ, оны өзиниң өткен өмири қызықтыра берди. Ол ўақлары бул да мына далада жүрген, сыңқ-сыңқ күлген жаслардай жас еди ғой, суўлыққа таслап турған Сарыала аты менен даланы дүбирлетип өткенде, оның туяғы астында қалған от-шөплер мыжғыланып, бир басылып, бир көтерилип, гә жылап, гә күлгендей болатуғын еди. Оның даўысын еситип күн маңлайынан жарқырап сүйип, геўдесин жипек самал сүйип, оның домбырасының сестин еситкен адамлардың жүрегинде қаны тасқынлап, ҳәрбир сөзин аўзынан түсирмей, қағып алып кететуғын еди. Сүйиўге де шебер, күйиўге де жаны жақын адам, аттың зәңгисине аяғын салып турып, не бир гөззаллар менен хошласып атырғанда, қыймай кеткен сол күнлердиң ләззети қас қағымда өтип кеткенин айтпайсаң ба?! Бәри де бир күншелли болмады. Неликтен солай екен-ә? Енди ғаррылық жасына барғанда сол күнлердиң ҳаққына аҳлап-үҳлеп жүриў ушын, өшип баратырған шоқтай муңлы күнлер ушын жасадыма екен?

Өткен өмирин қыялында шамалап, Раймалы аға көбинесе гәпке араласпай отыр еди. Бирден оның жүреги усы үйге жақынлап киятырған бир талай адамның даўысларын, қызлардың сыңғырлаған ҳәйкеллериниң, суўсылдаған жипек көйлеклериниң желпилдисин сезип отырды. Әлле ким отаўдың ший есигин түрип жиберип еди, босағада көкирегине домбырасын басып алған, келбети келискен, қасы керилген, тәкаббир ҳәм назлы, қап-қара көзлери жулдыздай жарқыраған бир қыз көринди. Оның өзи бир шебер уста соққан мүсиндей сулыў екен, ашық минези, кийген кийимлери, жүрис-турысы бәри жарасымлы. Әтирапында қыз-келиншеклер, жигитлер бар. Домбыра услаған қыз босағада турып, жасы үлкенлерге ийилип сәлем берди, кеширим сорады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, жасы үлкенлер сәлемин әлик аламан дегенше, қыз домбырасын сазлап алды да, Раймалы ағаға қарап қосық пенен сәлем берди.

«Алыс жолдан, аңқасы кеўип мөлдир булаққа асыққан кәрўандай мен ҳәм сизге сәлем бериўге асығып, интизар болдым, Раймалы аға. Улы-шаўқым менен үстиңе басып киргенимизди айып көрме себеби, бул той. Той деген сазсыз, қосықсыз болмайды. Мениң бул ислегенимди бийәдепликке санама, Раймалы аға. Мен саған қосық айтып, саз шертип, ишимнен қалтырап келгендеги мақсетим, өзиңе арналған таўсылмайтуғын муҳаббатымды баян етиўге зорға тилим айланып тур. Кешир мени, Раймалы аға, мениң оқлаўлы мылтықтай болғанымды кешир. Мен той-жыйында емин-еркин сайрап жүрсемде, сениң менен ушырасыў ўақтын, пүткил өмир бойы күттим, мен өзимди ҳәррениң бир тамшыдан пал жыйнағанындай саған деген сағынышымды көп жыл интизарлық пенен кеўилиме сыйғыздым. Мине, енди соны айтатуғын ўақыт келди».

«Ал, сен өзиң кимсең, кәдди-қәўмети келискен гөззал?—деп айтыўға Раймалы аға қайымласып еди, бирақ, ол айтылып атырған қосықты бөлип жибергиси келмеди. Сонда да ол алдына умтылыңқырап, ҳайран қалып қарады. Пүткил денеси өртенип, қаны шапшып баратырғандай болып кетти. Егер оның бул сезимин түсингендей адам табылғанда, Раймалы ағаның дүр-дүр силкинип, ушыўға қолайласқан бүркиттей қанат қомлап отырғанын сезер еди. Алыстан бир жағымлы сес еситкендей, көкирегин көтерип, көзлерине нур енип, түри шоқтай жайнап баратыр. Раймалы аға, енди өзиниң ғаррылығын, димарсызлығын әсте-әсте умытып басын көтерди.

Ал, қосықшы қыз болса, сайрай берди: «Мениң тәриypимди есит уллы шайыр, мен сениң алдыңа келиўге әлле қашан бел байлаған едим. Мен сени қаршадай жас ўақтымнан бери сүйемен, қудай шайыр етип жаратқан, Раймалы аға. Сен қайда барып, қай жерде қосық айтсаң да мен сени мудамы барластырып жүргенмен, Раймалы аға. Айып етпе. Мениң мақсетим сендей шайыр, қосық пенен саздың асқан шебери болыў еди, Раймалы аға. Мен сениң изиңе көлеңкедей ерип жүргенмен, сениң бир аўыз сөзиңди жерге түсирмей, нешше мәртебе қайталап, қыялымда саған сыйынғанман, се-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң қосықларыңды үйренгенмен ҳәм қулағыма қуйып алғанман. Мен қудайдан сениң менен иркилмей айтысқандай инта берип, бир бахытлы күни саған дусластырыўды, сөйтип муҳаббатымды баян етиўди, өмиримше тилеп, әрман еткенмен. Мениң бундай тәўекелге бел байлаған исимди бир қудайдын өзи кеширсин, мен саған сыйынғанман қүдиретли жыршы—жеңилсем жеңилейин, мен сениң менен қосық ҳәм саздың жарысына түским келеди. Әзийзим, Раймалы аға, мен бул күнди, ержеткен қыздың неке тойын әрман еткениндей әрман еткенмен. Бирақ, мен кишкене едим, ал, сен болсаң асқар таўдың шыңындай бәлентте един, әтирапың толған журт еди, сол толған адамның арасынан мен саған қалай көринемен. Ал, сениң қосық ҳәм сазларыңа қуштар болған мен бийшара, уялмай-нетпей, қыялымда сениң менен бирге болыўды ойлап, тезирек ҳаял болыўды әрман еттим, саған тезирек ушырасып барлық сырымды баян етиўге асықтым. Сөз гәўҳарын тап сендей етип жыйнап, наманың сыйқырын сендей сезип, даңқты сендей ийелеп, қосықтың аспанында сендей щарықлап, қанат қақсам екен, деп тиледим ҳәм ант иштим. Соннан кейин сениң менен дийдарласып, сәлемнама айтып, жасырмай, уялмай, сениң сыншыл көзлериңнен сескенбей турып, жүрек төринде сақлаўлы сырымды, муҳаббатымды алдына төгип, сениң менен бир айтысқа түссем, деп жүр едим. Мине, ҳәзир алдыңда турман. Дуйым журттың алдында айтқаным усы. Мен тезирек ер жетип, тезирек ҳаял болыўды ҳәўес етип жүргенде, бираз ўақыт өтип жасымда усы бәҳәрде он тоғызға толып қалыпты. Ал, сен болсаң баяғы мениң жас қыз ўақтымдағы қыялымдағыдайсаң, сақал-шашыңды аз-маз қыраў шалсада, сол баяғы қырандайсаң. Шашыңа ақ енгени—жаман емес, гейпара жасырақ адамларды сүйгеннен гөре маған сени сүйиў мың мәртебе артық. Мен сениң алдыңда турман. Енди барлық айтылған сөзимниң шешиўши мәнисин туппа-туўры айтыўға рухсат ет, сен меннен қыз иретинде бас тартсаңда, жыршы-шайыр иретинде бас тартпайсаң. Мен сениң менен қосық жарысқа түсип, айтысыўға келип турман... Айтысыўға шақырғаным усы, сөз гезеги сизге жыршы!

— Аты-жөниң ким, сениң? Қаяқтан келдиң?—деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

таң қалып Раймалы аға орнынан турып кетти.—Атың ким сениң?

— Мениң атым—Бегимай.

— Бегимай? Сен усы күнге шекем қаяқта единң? Қаяқтан пайда болдың, Бегимай?—деп даўысы ериксиз шығып кеткен Раймалы аға, оның алдында түри өзгерип турып бас ийди.

— Айтып едим ғой жаңа ғана Раймалы аға, мен ол жыллары нәўше едим, енди камалыма келдим.

— Ҳәммесине де түсиндим,—деди сонда ол.—Тек ғана өзимниң тәғдийриме түсинбей турман! Сен не ушын буншелли сулыў етип жаратылып мениң өмиримниң түс мезгили өтип, батыўға шамаласқанда, бәҳәри өтип, қысы қалғанда сени маған ушырастырды екен? Неликтен? Усы ўақытқа шекемги көрген-билген қызығым мына турған сениң алдыңда түкке турмайтуғынына өкиндириў ушын ба? Бурын маған сениң дүньяда бар екенинди сездирмей, бул тәғдир усы жасымда, мени дәлкек етип, сени дусластырып, өткен өмириме пушайман жегизиў ушын ба екен? Тәғдир дегениң буншеллиде қатал бола ма?

— Бийкарға бунша қапа бола берме, Раймалы аға, —деди сонда Бегимай.—Егер мен сениң маңлайыңа жазылған тағдир болсам,—маған гүманланып қарама, Раймалы аға. Егерде мен усы қыз тулғам менен, қосықларым менен саған арналған шексиз муҳаббатым менен сени қуўандыра алсам, бахытлы ете алсам, мениң ушын оннан артық қуўаныш ҳәм мәртебениң кереги жоқ. Мениң бул сөзиме гүманланып, исенбей жүрме, Раймалы аға. Егер сен мениң муҳаббатыма шек келтирип кеўлинди ашпасаң да, мен сени қыяметке шекем сүйип, сениң менен сөз-қосық айтысына түсиўди өзиме бахыт деп есаплайман, Раймалы аға.

— Сен өзиң не туўралы айтып турсаң? Сөз бенен айтысқа түсиў деген не өзи, Бегимай!—Шешенликтиң жарысы деген ҳәм гәппе екен—алдымызда муҳаббаттай үлкен қудиретли күш турғанда. Жаным, Бегимай, сениң менен айтысқа түсемен, деп көкирек кере алмайман. Бирақ, бул мениң әззилигим, я айтысқа шамам келмегени, қосықларым таўсылып қалғанлықтан, ямаса саз даўыстан айырылғанлықтан емес. Мен хәзир тек сени көрип, сеннен ләззетленгенимнен ол, Бегимай. Мен сени тек ғана сүйе алыўым мүмкин, бар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық қайғым алдында, оларды умытып сениң менен тек муҳаббат жарысына түсе алыўым итимал, Бегимай.

Бул сөзлерди айтып турып Раймалы аға домбырасын қолына алды да баяғы сол бахытлы шағларындағыдай жаңадан ҳәўижге минип, қайтадан қосық айта баслады. Сонда бул қосықта жипек самалдай ғыр-ғырлап есип, шөплердей сылдырласып, гейде аспандағы гүлдирмама гүлдирлеп атырғандай болып кетти. Соннан бери сол қосық жердиң үстинде, адамлардың аўзында яд болып киятыр. Сол қосықтың аты «Бегимай» еди.

«...Егерде сен сыңғырлаған булақты ҳәўес етип келген болсаң, мен самалға айланып, сени желпип есейин, Бегимай, аяғыңа бас урайын, Бегимай. Егер мениң маңлайыма бүгин өмирим таўсылған деп жазылған болса да, бугиннен баслап мен қайта тирилип, мәңгиликке жасап қаламан, Бегимай. Сеннен айырылып қалмаў ушын, қанат қомлап, қайтадан ушаман, Бегимай. Сенсиз өмир маған еки көз шамшырақтан айырылыў менен барабар, Бегимай!»—деп, жырлапты сонда Раймалы аға.

Бегимай қосығының шығыўы усындай болды. Сол күни бул елдиң ядында көп жылларға дейин умытылмай сақланып қалды. Раймалы аға менен Бегимайдың бул ушырасыўы, халықтың арасында дуў-дуў гәп болып тарқап кетти. Узатылатуғын қызды күйеў жигиттиң аўылына шығарып салғанда тойға тигилген ақ ордалардың арасында, қызды шығарып салыўшылар менен бирге Раймалы аға менен Бегимай да атларын ойнақлатып, салтанат қурып, басқалардың арасында екеўи айырылып, жарасып турды, олар да жас келинкүйеўлерге бахыт тилеп, көпшилик пенен бирге «ҳәўжар» айтты. Екеўи ғаздай қатарласып жүрип, зәңгилери бир-бирине қағысып турды. Екеўиниң бирге жүргендеги көрки не деген жарасты дейсең. Олар қудайға шүкирлик етип, екеўи де яббарға сыйынып, екеўи де жас жуптыларға бахыт тилеп, екеўи де алма-гезек домбыра шертип, қосық айтып, жайнап-жаснады.

Усындай әжайып қосықларды тыңлап, қулағының қурышы қанған журт рәҳәтке бөленип қалды, көк шөплер сырлы түрде ырғалып-сыбырласып қуслар дүрли-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гип ушып, тайға минген балалар мәс болып шабысып, әтирапты ойын-күлки, шады-қуррамлық қаплап кетти.

Раймалы ағаның жасарып кеткенине таңланбаған адам қалмады. Ҳәўазы тап баяғы жас ҳәм атақлы ўақтындағыдай ашылысып, жүзлери жайнап, көзлери ақ отаўдың ишине жағылған қос шамдай жарқ-журқ етеди. Ҳәттеки, Сарыала ат та ғаздай мойнын көтерип, сыбыттай сулыўланып, қоқырайып кетти.

Бирақ, бул ўақыяға қуўанбай, кек тутқанларда болды. Көпшиликтиң арасында, Раймалы ағаға түпирип, жеркениш пенен қараўшыларда табылды. Әсиресе, оның аталас ағайин-туўғанлары—Барақбай руўының адамлары қатты наразы болды. Той үстинде олар исинип, бултыйысып жүрди: бул не деген масқарашылық —Раймалы аға қартайғанда алжыды. Олар Раймалы ағаның иниси Әбдилханды күстаны етип, тоңқылдамаға қарады. Ғарры көпек Раймалы бизлерди елге соншама масқара қылса, сайлаў ўақтында бизлерге журттың бәри етегин ашып күлсе, сени болыслыққа қалай сайлаймыз? Тыңлап турсаң ба, Әбдилхан ағаңның даўысын,—ғунан айғырдай киснеўин қара! Ал, анаў саллақының оған не деп жуўап урып турғанын еситип турсаң ба? Буннан көре өлген абзал! Дуйым журттың көзинше ғарры көпектиң басын айландырып баратыр. Бул жақсылықтың әләматы емес. Сол саллақы менен байланыс жасамағанда не қылады екен? Аўыл-елге жаман гәп-өсек тарап кетпестен бурын, ағаңның жылаўын тартқаның мақул болады, бирақ...

Сақал-шашы ағарғанда да ҳәўлекилигин қоймай, жуўенсиз кеткен ағасына әлле қашаннан бери-ақ Әбдилханның жығырданы қайнап жүр еди. Енди қартайды ғой, басылатуғын шығар, деп ойлап жүр еди, аларсаң, тапқан екенсең басылатуғынды—пүткил Барақбай руўының атына дақ түсирмекши...

Сонда Әбдилхан астындағы атына қамшы басып, қалың көпшиликти айырып, ағасының қасына жетип барды да, оған қамшысын шошаңлатып турып: «Ақылесиңди жый! Үйге қайт!»—деп одағайлап жекиринди. Бирақ, көмекейинен жәннетий жыр ағып, татлы қыял менен киятырған ағасы инисиниң гәпин итибарға алмады, көзине илмеди. Ат үстинде айтысып киятырған



www.ziyouz.com kutubxonasi

шайырларды қамашалап, олардың ҳәр айтқан сөзин уйып тыңлап киятырған көпшилик. Әбдилханды демде шетке ығыстырып, соңынан қақ жаўырынына биреўлер қамшы менен тартып-тартып жиберди. Соншама көпшиликтиң арасында кимниң урғанын қайдан билсин. Әбдилхан аўылға қарай атының басын жаздырды.

Ал, айтыс болса ҳәўижине минип баратырған еди. Сол ўақытлары олардың аўзында өзгеше бир қосық пайда болды.

«Таң алдында марал мөңиреп, жубайын излеп шақырса, даўсы таў менен жаңғырады»—деп жырлайды Раймалы аға.

«Таң атқанда жубайынан айра түскен аққуў жаңа шығып киятырған күнге қараса, күн де қап-қара болып көринер»—деп жуўап қайтарады оған Бегимай.

Жас жубайлардың ҳүрметине олар екеўи усылайынша алма-гезек айтыс қосық бағышлады. Гә ол, гә бул... яғлы бәҳәр...

Жыр менен тойдың ҳәм қасындағы қыздың қызығына түсип кеткен Раймалы аға, сонда иниси Әбдилханның көкирегинде ыза қайнап, қара қан қатып баратырғанын, путкил барақбайлардың ашыўға минип, изинен атланып кететуғынын билмеген еди. Олардың буған қандай азап, қандай қорлық көрсетиўге мәсләҳәтлесип, ғаўқылдасып кеткенинен Раймалы аға хабарсыз еди...

Ал, айтыс болса ҳәўижине минип баратыр. Екеўи алма-гезек айтады...

Әбдилхан жаўатуғын булттай түнерип, ердиң үстинде еңкейип, еле шаўып баратыр. Тиккелей аўылына, үйине қарай тартып баратыр. Оны уялас қасқырлардай қоршап алған руўласлары сол патырақласып киятырғанында:

— Сениң ағаңды жин урған! Ақылынан айрылған! Сорлап қалдың! Тезирек порханға зикир салдырмасақ болмайды!—деп жабырласты.

Ал, айтыс болса ҳәўижине минип баратыр. Екеўи алма-гезек айтады...

Мине, олар усындай қосық пенен шубырысқан той кәрўанын күйеў жигиттиң елине—тийисли жерине дейин шығарып салды. Хошласатуғын ўақытта шайыр-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лар жас жубайларға арнап, тағыда тилеклеслик қосығын айтты. Раймалы сонда көпшиликке қарап турып: Усындай бахытлы күнге жеткениме, тағдирдиң мени шайыршылығы өзиме тәқаббил Бегимай сынлы жас бүлбилгояға дуўшар еткен ығбалыма ырзаман деди. Шақмақ тас пенен шақмақ тас шағылғанда ғана ушқын шашырап, жалын лаўлайды, сөз жарыстырыў ҳөнеринде, нағыз шайырлар айтысқанда ғана ҳөнердиң жасырын сырының ләззетине мийри қанады. Бирақ, сөйтсе де, бәринен де өтери бул өмиримде көрген бәрше қызықтанда бетер, өмиримниң соңында, күн батайын деп турған ўақта, дүнья бинә болғаннан бери қүдиреттен күш алған жарық күн толысып қайтадан шыққандай, туўылғалы бери сезбеген муҳаббаттың әжайып күш-қуўатын билдим деди.

— Раймалы аға!—деди сонда Бегимай.—Мен де арманыма жеттим. Енди мен сениң изиңнен қалмайман. Айтқан жериңе, айтқан ўақтыңда, домбырамды алып, егленбестен жетип бараман. Қосық пенен қосық уласып, мениң муҳаббатым менен сениң муҳаббатың улассын. Усы нийетте алған бағытымнан қайтпай алаңламастан, өмиримди тағдирге тапсырдым.

Қосықта усылай етип айтылды.

Екеўи далада турған соншама адамлардың көзиниң алдында ертеңниң арғы күни болатуғын үлкен ярмаркада ушырасып, дүньяның төрт тәрепинен келетуғын адамлардың алдында қосық айтыўға ўәделести.

Тойдан қайтқанлар Раймалы аға менен Бегимай Шарбазарда дусласып айтысатуғын болды деген хабарды жетер жерге таратты. Бул хабар елден-елге жайылды:

— Шарбазарға барыңлар!

— Шарбазарға атларыңды сазлап, ертлеңлер!

— Шарбазарға шайырлардың қосықларын еситиўге барыңлар!

Адамлардың ғаўырлысы жаңғырып кетти:

— Ал-ҳа, нәҳан той-тамаша сол болады!

— Қызықтың үлкени де сол болады!

— Байрам!

— Масқарашылық!

— Мереке!

— Япырмай-аў!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қандай ар-намысы жоқлар, ә!

Ал, Раймалы аға менен Бегимай болса, жолдың дәл ортасында турып хошласты:

— Шарбазарда ушырасқанша, жаным Бегимай-й!

— Шарбазарда ушырасқанша, Раймалы аға-а-а!

Күн кеш болып қалған еди. Кең дала әсте-ақырын булдырап, жазғы кештиң ақ сағымлы қушағына енип баратыр. Жасыл гиялардың жетилисип, писип-қатқан мәҳәли, әтирaптан солыған гүллердиң ийиси сәл-пәл сезиледи. Таў бетте себелеп өткен жаўыннан кейин, жипектей салқын самал есип тур. Күн көк жийекке таялып, батып баратыр. Қаршығалар асықпастан, төменлеп ушып, қуслар мәўжиреген жазғы кешти тәриплеп жуғырласып атырғандай еди.

— Қандай жанға жағымлы, рәҳәт тынышлық-ә!— деп Раймалы аға атының жалын сыйпалады.—Аҳ, Сарыала, Сарыала, қартайған жәниўарым, қаназатым мениң! Өмирим тамам болайын деп турған мәҳәлде де усындай етип ышқы жолында ашық болатуғын болсам, бул не деген әжайып едиң сен, ессиз дүнья!

Сарыала болса жортақлап, пысқырып, үй бетке қарай асығады. Күнде-күнде арқасынан ер-тоқымы алынбай миниле бергенликтен, шаршаған аяқларына дем бергиси келеди. Дәрьяның салқын суўына қанып, айлы ақшамда жайлаўда емин-еркин жайылғысы келеди.

Әне, дәрьяның бурылысына мәкан басқан аўыл көринди. Әне, ақотаўлар, ошақларда от жылтылдайды.

Раймалы аға асығып келип аттан түсти де, Сарыаланы көмиўли турған бақанға байлап, қаңтарып қойды. Үйге кирмей, тысқарыда, отаўдың шийине арқасын сүйеп отырып, бираз дем алғысы келди. Соның арасында әллеким оның қасына жақынлады. Қараса қоңсы үйдиң баласы екен.

— Раймалы аға, сизди үйде отырған адамлар шақырып атыр,—деди ол.

— Қандай адамлар?

— Бәриде усы өзиңниң аўылыңның адамлары—Барақбайдың әўладлары.

Босағадан ишкери атлай бергенде, Раймалы аға үй толы, қатарласып отырған Барақбай аўылының ақсақалы, атқа минерлерин көрди. Арасында иниси Әбдилханда бар екен, ол да бир қапталда отыр. Әб-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дилхан түнерип кетипти. Басын көтермейди. түр-түсинен бир сырды жасырып отырғаны билинеди.

— Ортаңыз толсын!—деп аманласты Раймалы аға руўласлары менен.—Аманлық па, бул не жыйын?

— Бизлер сени күтип отырмыз,—деди ақсақаллардың ең одан басысы.

— Егер мени күтип отырған болсаңлар, мине келдим мен,—деди Раймалы аға,—қатарларың да мен де отырып алайын.

— Тоқта! Босағада тур! Дизеңди бүгип, дизерлеп тур!—деген ҳәмир еситилди.

— Бул не дегенлериң? Ҳәзирше бул отаўдың хожайыны мен.

— Яқ, сен емессең хожайыны. Ақылы алжыған ғаррының хожайын болыўының итимады жоқ.

— Бул қандай гәп?

— Гәп сол: ендигиден былай қосық айтсам аўызыма қум, той-мереке излеп қаңғырмайман, бағана күндиз өзиң менен қосық айтысқан саллақыға енди қайтып жоламайман, деп ант-суў ишесең! Сен уятсыз, ийегиңдеги сақалыңның ағарғанын умытып, мына отырған бизлердиң, қала берди өзиңниң намысыңды аяқ асты етип, сол бузақының изине ерип, ҳәддиңнен асып кеттиң ғой бүгин. Гәп сол: енди сол саллақының көзине көринбеймен, деп ғарғанып отырып, ант-суў иш, қәне!

— Қуры далаға сөйлеп отырсызлар! Ертеңниң арғы күни мен шарбазарға барып, сол қыз бенен пүткил халықтың алдында айтысып, қосық айтаман.

Отырғанлардың ҳәммеси гүўлеп, шаўқым көтерди:

— Мынаў бизлерди жер менен жексен етти ғой!

— Ҳәй, жаның барда ырайыңнан қайт!

— Ҳаў, оны жин урған ғой!

— Бул ырасында да, жин урған адамның гәпин айтып тур ғой!

— Ҳәй, қойсаңларда, шағалдай шуўласа бермей! Тынышланың!—деп ең үлкен ақсақал жекиринип жиберди.—Қәне, Раймалы, сен айтатуғыныңды айтып болдың ба?

— Айтып болдым.

— Ҳәй, Барақбайдың әўладлары еситтиңлер ме,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мына бизиң руўласымыз Раймалы деген сорлының не деп турғанын?

— Еситтик, еситтик!

— Ондай болса, енди мениң айтқанларымды еситиңлер! Әўеле саған айтып алайын, маңлайы қара Раймалы. Сен пүткил өмириңди жалғыз атқа жарбыйып минип алып, той-мереке излеп, тентиреп, домбыраңды тыңқылдатыў менен масқарапаз болып өткердиң. Сөйтип, пүткил өмириңди басқалардың ўақты-хошлығына сарп еттиң. Сениң сол жалғыз баслы қақайлығыңды, ол ўақытлары жас болғаның ушын кеширип едик. Енди сен қартайдың, енди сен алжыдың. Енди бизлер сеннен түңилдик. Абайлап сөйлеп, алдымнан жарылқа, деп өлим тилейтуғын мәҳәлиң келди. Ал, сен болсаң, сол бир саллақының изине ерип, бизлерди душпанның табасына қалдырып, салт-дәстүримизди аяқ асты етип, самалдың ығына түскен ең бир сорлы гүбелектей елпеңлеп, ағайин-туўғанның айтқан ақыл-нәсиятын алмай турысың мынаў. Биз не қылайық, өзиңнен көр, қудайдың өзи сазайыңды берсин. Ендиги айтайын дегеним, қәне, сен, Әбдилхан, тур орныңнан! Сен усының менен қаналас, бир әкеден дөреп, бир шешеден туўылған туўысқанысаң. Биз сени пүткил Барақбай руўының атынан таңлап алып, болыс болғаныңды көрермиз деп едик. Бирақ, мынаў турған сениң ағаң ақылынан адасып, не ислеп, не қойып жүргенин өзи де билмейди. Усының кесапатынан биз дийдилеген тилекке жете алмаспыз деп қорқып турман. Сонлықтан Барақбайдың барлық әўлады алжыған Раймалының себебинен, жат журттың адамлары бетимизге түкирип, олардың алдында күлкиге қалмаўымыз ушын, сен буған не қыламан десең де ерк өзиңде.

— Ҳәй, ағайинлер! Маған бирде биреўиң пайғамбар да, әдил төреде бола алмайсызлар!—деп Раймалы аға Әбдилханның алдын орап сөйледи. — Бул жерде отырғанларыңды да, отырмағанларыңды да аяйман, сизлердей қараңғыда қармаланып қалған соқырларды. Журт жыйналып мәсләҳәт қурғандай не қылыппан мен бир Бул ялғаншыда дурыслық деген не, бахыт деген қаяқта, соған да пәмиңиз алыспайды сизлердиң. Көкирегиңде йош қайнап турғанда, саз шертип, қосық айтыўдың не айыбы бар? Жалт етип бир жарқылдап



www.ziyouz.com kutubxonasi

сөнип қалатуғын мына өмирде, қудай-тала жүрекке бир мәртебе ғана сүйиўшилик шербетин қуйса—оның қаяғы уят? Аҳ, усы жердиң жүзиндеги ең қудиретли қуўаныш, сүйискенлердиң бахтына қуўаныў емеспе екен? Егерде мен мәҳәлинен өтисип келген муҳаббаттан ләззетленип, бахтияр болғаным ушын, кеўлимнен соған арнап таўсылмайтуғын йош булағын тасқынлатқаным ушын алжыған деп айыпланатуғын болсам, мейли, мен бирақ, усы муҳаббаттан бәри-бир бас тартпайман, қайта соған сүйенип, исенип жасайман, түңилдим сизлердиң ҳәммеңизден! Ел халықтың кемис-қутығын дүзеп жүрген сизлер емес, сизлерден гүдер үзгеним болсын! Ҳәзир Сарыала аттың белине минип аламан да, қосықларым ҳәм жағымсыз минез-қулқым менен сизлерди пәтеңге келтирмеў ушын Бегимайға жетип барамандa, соның менен қол усласып, алысларға, сизлерден аўлақ кеткеним болсын!

— Кетпейсең сен!—деди де усы ўақытқа дейин тилин тислеп, үнсиз отырған Әбдилхан тарғыл-тарғыл даўысы менен ҳарылдап орнынан ушып турды. Усы босағадан адымыңды атлап тысқарыға шықпайсаң! Үмитиңди үзе бер, ярмаркадан! Ақыл-есиңди жыйнатыў ушын сени тәўипке қаратамыз.

Соны айтып турып ол шайыр ағасының қолындағы домбырасын жулып алды.

— Мине саған!—деп шеберлеп соғылған домбыраны жерге қулашлап бир урып сындырып, қутырынған буғадай аямай тепкиледи. Ендиги жағында қосық деген нәрсени умыт! Алып келиңлер, анаў Сарыала қуршаңқыны!—деп Әбдилхан қолын нусқап жиберди.

Қапының алдында буйрық күтип, таяр турған жалаңласқан жалпылдақлар, бақанда қаңтарыўлы турған Сарыаланы жетеклеп келди.

— Сыпырып таслаңлар ер-турманын! Ылақтыр берман!—деп Әбдилхан ҳәмир етип, буйынтықлап қойылған балтаны суўырып алды.

Қурама етип соғылған ерди балта менен ояғынан бир, буяғынан бир урып пыт-шытын шығарып жоңқалап таслады.

— Мине, енди сен ҳеш жаққа бара алмайсаң! Ярмаркиде басың қалғыр!—Жин шақырған порхандай есерленип, ол жүўен менен айылды туўрамлап, зәңги-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леriниң ҳәрқайсысын—ҳәржаққа шөпликтиң арасына ылақтырды.

Тап усы ўақытта бул апаттың енди өз басына келерин сезгендей, Сарыала тыпыршылап, артқы аяқларын бүгип, аўызлығын ғарш-ғарш шайнап, пысқырып жиберди.

— Сен бе ярмаркаға баратуғын?! Сарыаланы минип бармақшы едиң? Қалайсаң енди!—деп жулқынды ол.

Соннан кейин, жақын-жуўықлар қасқағымда Сарыаланы жығып таслады да, қыл арқан менен ҳасылзада ақыл-теке арғымақтың төрт аяғын байлап таслады. Ал, Әбдилхан болса жабадай қоллары менен Сарыаланың тумсығынан услап турып, аттың басын кекшийтип, алқымына пышақты салып, тартып жиберди.

Әтирапын қамашалап,. услап турған аға-инилериниң арасында турған Раймалы аға ең соңғы дәрманын сарп етип атына қарап умтылды-аў сонда.

— Тоқта! Атты сойма!

Ол айтып үлгермей атырып-ақ, пышақтың қыйқаланған жеринен атлыққан ыссы қан Раймалы ағаның бет алдына дызғырып шашырап, көзине қуйылған ўақытта, тал түсте күн тутылғандай болып, әтирап қапқараңғы болып кетти. Үсти-басынан Сарыаланың пуўласқан қаны сел-сел болып сорғалаған Раймалы аға отырып қалған орнынан теңселип турды.

— Бийшаралар! Қуры далаға ҳәўлекиленип атырсызлар! Мен пиядалап-ақ кетемен. Тап еңбеклеп жетсемде жетемен!—деди сонда қорланған жыршы шапаның шалғайы менен бет-аўзын сыпырып атырып.

— Сени пиядалап та жибермеймиз!—Сарыаланың баўызланған алқымынан басын көтерген Әбдилханның басы көтерилгенде, аўзы қыйсайып кетти.—Усы жерден бир адым былай атлап шықпайсаң!—деп гүңкилде де, бирден бақырып жиберди:

— Усла! Абайлы болыңлар! Оны жин урған! Байлап таслаңлар, болмаса өлтиреди ол!

Соның арасында бақырыс, шаўқым басланды. Ҳәмме быған-жыған болып, араласып кетти:

— Арқанды берман алып кел!

— Қолын артына қайыр!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мықлап байла!
— Делбе болыпты! Я тоба!
— Көзине қараңлар, көзине, қандай-ә!
— Бул ақыл-естен айрылған!
— Арман, қайыңға қарай сүйре!
— Сүйрең деймен, қәне! Сүйре!
— Тарт тезирек!

Ай тас төбеде тур еди. Аспан мүлтиксиз шағырайып, жерде тып-тыныш болып, әтирап мүлгип тур. Бир ўақлары қандайда бир порханлар келип, от жағып, уллы шайыр—атақлы жыршыны ақылдан алжастырған жин-перийлерди қуўалап, зикир салып, қулпереңи шығып, жулқынып ойнай баслады.

Ол болса еки қолы артына қайырылып, мықлап байланған ҳалында, қайыңға бекиштирип таңыўлы тур еди.

Бир ўақлары молла келди. Ол қураннан бир сүре оқыды. Ақылынан айрылған бендени ҳақ жолына салмақшы болды.

Сонда иниси Әбдилханға қарата Раймалы аға былайынша жыр баслады:

«Ала геўгим-ымыртты өзи менен әкетип, түнде де өтип баратыр. Көп кешикпей таң атып, күн де шығып қалады. Бирақ, мениң соңғы сәўлем енди тамам болады. Бахытсыз иним Әбдилхан, күнимди мениң сөндирдиң. Қартайғанда қудайым инам еткен сүйгенимнен айырып, қуўанасаң бассынып, қанатымды қайырып. Биле-билсең бахытымды жүрегиме орап кеттим, сорлы иним, ағаңды ақылсызлық етип сүйреттиң. Бул ағаңды басып-женшип, аққайыңға арқан менен байладың, мен бул жерде турған жоқпан сонда да, қыялымды аңбадың. Сорлы Әбдилхан билмейсең ғой, бул жерде тек, геўдем тур мениң руўхым самал болып, жаўын болып жерге тамып, сүйгенимди излеп таўып алып жүр. Сүйгенимниң қолаң шашын мениң қолым сыйпалап, турғанымды билермисең ентигемен аймалап. Азанда ол уйқысынан оянғанда назланып, боз отаўдан шығар салланып, оны көрип мен арқардай бир жар тастың үстине секирип-секирип шығаман, сөйтип ту-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рып сүйиклиме кел деп қушақ ашаман. Ол от болып лаўласа, мен хош ийисли түтин болып пысқыйман. Сүйиклим сонда атқа минип, дәрьядан өтип асығар, мениң руўхым ат туяғының астынан, тамшы болып қолларына ҳәм бетине шашырар. Жүректи өртеп жоқлаўы, сыңсыр сонда Бегимай, Шарбазарда айтыста жеңип алсам деген кеўлим-ай...»

Таң самалы менен қайыңның шақалары қозғалаң таўып, жапырақ әсте сылдырлады. Көк жийектен күн шашырап шықты. Раймалыны жин урыпты дегенди еситип, көриўге келген қоңсы-қобалар атқа минип, этирапына келе баслады. Олар аттан түспеди, қайтама арманырақ, қашықлап барып, үрпейисип турды.

Үсти-басы өрим-өрим болған ол қоллары артына қайрылып байланған ҳалында, қайыңға бекиштирип таңыўлы тур еди.

Сол турғанында ол қосық айтты, бул өзинен кейин ел арасына кеңнен таралып кеткен қосық еди:

Қаратаўдан көш қайтқанда,
Қолымды шеш, Әбдилхан.
Көкшетаўдан көш қайтқанда,
Арқанды кес, Әбдилхан.
Ойлаппедим сен болар деп қандарым,
Қол-аяғым матадың қурыды ғой мәдарым.
Қаратаўдан көш қайтқанда,
Көкшетаўдан көш қайтқанда,
Қолымды шеш, баўырым,
Мен ушайын бағдарлап—
Аспандағы периштелер аўылын...
Қаратаўдан көш қайтқанда,
Шарбазардан мени излеп,
Алаңлама, Бегимай.
Шарбазарда екеўимиз.
Айтыспаспыз, Бегимай.
Ат арыды, мен жетип
Баралмаспан, Бегимай.
Қаратаўдан көш қайтқанда,
Көкшетаўдан көш қайтқанда,
Шарбазарда күтпе, мени, Бегимай.
Мына ғана кең аспанды аңсап турған кеўилим-ай.

Мине, қандай ҳәдийселер болған дейсең....

Енди мине, Ана-Бейитке баратырған жолда, Қазанғапты соңғы сапарға шығарып салыўға киятырғанда, бул ҳаққында Едиге қайта-қайта ойлана берди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул үлкеде поездлар шығыстан-батысқа, батыстан-шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Ал, темиржолдың еки тәрепин жағалап, бул үлкеде уллы шөлистан—Сарыөзек кеңислиги— жердиң Орта тусы бөлған сарғыш даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәрқандай қашықлықлар Гринвич меридианы бойынша темиржолға сәйкесленип өлшенеди.

Қумлы тикжарлары қызғыш дөнген Малақумдышап ойпатлығы менен көп жүргеннен кейин, олар ақырында Ана-Бейит қойымшылығына да жақынлап келип қалды. Бул қатарлар—бир заманларда Найман-Ананың мәңгүр баласын излеп шарқ урған жерлери еди. Едигелер усы тусларға келгенде биринши тосқынлыққа ушырасты. Олар күтпеген ўақта узын-шубай тартылған тикенекли сымға тап болды.

Дәслеп Едиге тоқтады—ал, қайда барар екенсең! Едиге ҳәттеки, Қаранардың үстинде зәңгиге ширенип турып оң тәрепине де, шеп тәрепине де қарады. Көз жетер жерге дейин төрт қырлы темирбетон өрелсрге қатар-қатар керип тартылған тикенекли сымның бағдары даланың үсти менен жыландай ийретилип созылып атыр.

Артта киятырған тракторда тоқтады. Онын кабинасынан әўели Сәбийтжан, кейнинен Әдилбай Сырық секирип түсти.

— Мынаў не?—деп Сәбийтжан тикенекли «дийўалға»қарай қолын силтеди. Басқа жаққа шығынып кеттик пе?—деп Едигеден сорады.

— О неге басқа жақ болады, бағдарымыз туўры мына бир енесине шайтан дарыған тикенекли «дийўал» қайдан пайда болды екен?!

— Ҳаў, бурын бул жоқпеди?

— Жоқ еди.

— Онда не қыламыз енди? Алдымызға қарай қалай жүремиз?

Едиге үндемеди, Енди не қылатуғынын онын өзи де билмей тур еди.

— Ҳәй, сен! Өшир тракторыңды! Бөлар сол тырыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

датқанын да!—деп Сэбийтжан кабинадан басын қылтыйтып шығарып отырған Қэллибекке ғэзепленип бақырды.

Ол моторды өширди. Оннан соң эксковатордың да даўысы тынды. Әтирап тым-тырыс болып қалды. Жымжырт—тынышлық орнады.

Аспанның аясында уллы Сарыөзек даласы ана шети менен мына шетине көз жеткисиз болып көлбеп атыр, бирақ «Ана-Бейит қэбирстанлығына өтиўдиң ҳеш имканияты жоқ.

Ҳэмме үндемей турғанда, биринши болып Әдилбай Сырық сөз баслады:

— Бул не, Едеке, бурын бул тикенекли қоршаў жоқ-педи?

— Өмиринде болған емес. Ҳэзир көрип турман.

— Шамасы, зонаны арнаўлы түрде қоршалаған болса керек. Космодром салатуғын шығар?—деп болжады Әдилбай Сырық.

— Аўа, солай болса керек. Болмаса қуры далаға усыншама машақат шегип, қоршап не қылады. Биреўиниң қыялына келип кеткен ғой, усындай етиў. Қыялына не келсе, соны ислей береди, енесине шайтан дарыганлар,—деп Едиге бэлээтлеп жиберди.

—Шайтанда не жумысыңыз бар. Бундай алыс жолға өлини алып шықпастан бурын, алдын-ала ойлаў керек еди, буны!—деп безилдеди сол ўақта Сэбийтжан.

Ҳэмме түнерисип, тым-тырыс болып қалды. Қарапардың үстинде отырған Боранлы Едиге қасында турған Сэбийтжанның бастан-аяғына жеркениш пенен еңкейиңкиреп қарап:

— Сен бала, көп шошаңлай бермей, жөниңе, сабыр етип тур, шырағым,—деди даўысын көтермеўге өзин мэжбүрлеп.—Бурын бул тикенекли «ҳэрем» жоқ болса, енди усындай болатуғынын қайдан билемен?

— Мен де соны айтып турман,—деп гүңк еткен Сэбийтжан артына терис қарап бурылып, былайырақ барып турды.

Тағыда ҳешким үндемей қалды. Соның арасында Әдилбай Сырық бир есабын таппақшы болып:

— Ал, енди не қыламыз, Едеке? Не қылайық қэне? Қэбирстанлыққа баратуғын басқа жол жоқ па?—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Болыўы керек. Неге болмайды? Оң тәрепимизде усыннан бес шақырымдай қашықлықта бир жол бар, —деди Едиге әтирапына алаңлап қарап. Қәне, солай қарай жылжыйық. Я олай, я булай, түбинде бир жол болмаўы мүмкин емес.

— Анық па? Сол жақта жолдың бар екени ырас па?—деп ҳәўиринен түспей турған Сәбийтжан шыдамсызланып сорады.—Я олай, я булай еместиң өзи болып турмасын тағыда.

— Бар, бар,—деп исендирди Едиге.—Миниңлер, көликлериңе. Ўақытты босқа өткермейик.

Сөйтип олар тағы да жүрип кетти. Арт жақтағы тракторлар қайтадан тырылдай баслады. Олар тикенекли «дийўалды» жағалап кете берди.

Едигениң кеўили бир түрли болып кетти. Жаңағы жағдай оның руўхын қатты түсирип жиберген еди. Бул қалай болғаны деп қыйланды ол ишинен,—әтирaптың бәрин қоршап таслап, қойымшылыққа баратуғын жолға бир белги қоймағаны неси екен? Ўәй, ялғаншы, ессиз өмир-әй! Сөйтсе де ол еле үмитин үзбей киятыр—усы оң қапталда, усы бағдарда бир жол болыўы керек. Айтқанындай солай болды. Жүрип-жүрип, ақырында ала сырық кеселеп турған—шлагбаумның үстинен шықты.

Шлагбаумға жақынлап келе бергенде Едиге қараўыл пункттиң қоладан қуйылғандай нық ҳәм беккемлигине нәзер салды: еки қапталын жағалатып бетоннан мықлап дийўал жүритилген екен, зонаға кирер аўыздағы жолдың ғырра шетинде тас гербиштен салынған жай тур. Иштен қарағанда жән-жағы тутас көринип турсын деп ғыр дөгереклеп, айландырып, айналап таслапты. Шамасы, түнге қарай жолдың үстине жақты түсип турыў ушын болса керек, жайдың теп-тегис басына еки прожектор орнатылыпты. Шлагбаумнан ары, ишкериге қарай асфальт жол салыныпты. Буншама муқыятлап салынған қурылысты көрип, Едигениң кеўили алаңлайын деди.

Булардың жақынлап келип қалғанын көрип, автоматының уңғысын төмен қаратып, ийнине асып алған, сары үрпек палапандай, жап-жас бир солдат гербиш жайдағы постта турған жеринен берман шықты. Ол олпы-солпы болып көринбеўге тырысып, гимнастер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

касының етегин журип киятырып тартқылап, басындағы фуражкасын ҳәңкийтиңкиреп дүзеп, алашубар шлагбаумның дәл ортасына таялып келип қақшыйып турып алды. Сөйтсе де ол, Едиге кесе тартылған ала сырыққа түйениң басын тақаған ўақта:

— Здравствуйте!—деп қолын шекесине апарып, сәлемлести де, Едигеге балаларға тән, тынық, көкшил көзлерин бежирейтип:

— Ким боласызлар? Қайда баратырсызлар?—деди.

— Бизлер усы өңирдиң адамларымыз, солдат,—деди Едиге, қараўылдың шөже қораздай қоқыраңлап турғанына күлимсиреп.—Арамызда бир ғарры қайтыс болып еди, соны жерлеў ушын, әўлийеге баратырмыз.

— Пропуска—рухсат қағаз болмаса жибериўге болмайды,—деп жас солдат басын шайқады да, гүйис қайтарып турған Қаранардың арандай аўызынан сескенип, сәл кейин шегинди.—Бул дөгерек қорықланыўға алынған зона,—деп түсиндирди.

— Билип турман, бирақ, бизлердиң әўлийеге барыўымыз керек, ол усы қатарда жақын, онша қашық емес. Онда турған не бар? Жерлеймиз де кейин қайтамыз. Ҳешқандай иркилмеймиз.

— Мүмкин емес, Жибериўге ҳақым жоқ,—деди қараўыл.

— Берман қара, балам,—деди Едиге түйениң үстинен еңкейип атырып, жаўынгерлик орденлерим менен медальларым анығырақ көринсин дегендей етип.—Бизлер бөтен адамлар емеспиз. Боранлы деген разъезденбиз. Боранлы дегенди еситиўиң бар шығар. Бизлер өз адамларыңбыз. Өлген адамды жерлеў керек пе—керек. Мынаў турған әўлийеге барамыз да, кейин қайтамыз.

— Мен де түсинип турма-ан, —деп қараўыл солдат, ырасынан келип, ыйығын қоқаң еттирип еди, қасақана тап сол ўақытта ҳүкимет адамының пишимин билдирип менменсиреген Сәбийтжан доқ урды:

— Бул не өзи, не турыс бул?—Мен облсовпрофтанман,—деп бир қойды.—Неге жибермей турсыз?

— Неге десеңиз, рухсат жоқ.

— Мен айтып турман ғой, саған, жолдас қараўыл, мен облсовпрофтанман деп.

— Маған бәрибир, сизиң қайдан екенлигиңиз.

— Қалайынша?—деп Сәбийтжан шарт етти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Солайынша. Бул қорықтағы зона.

— Ондай болса гәпти соза бериўдиң неге кереги бар?—деди Сәбийтжанның намысы келип.

— Ким гәпти созып турған. Сизди емес, түйениң үстинде турған адамды сыйлағанлықтан жөнин айтып атырман. Бул киси түсинсин деп турман. Улыўма алғанда маған басқа адамлар менен сөйлесиўге болмайды. Мен постта—қараўылда турман.

— Демек, әўлийеге барыўға болмай ма?

— Болмайды. Әўлийе түўе, улыўма ҳешкимге де бул жерден былай бир адым өтиўге болмайды.

— Болды онда,—деп ашыўланды Сәбийтжан.— Усындай болатуғынын билип едим,—деп Едигеге едирейип қарады.—Усындай болып әўере-сарсаң болатуғынымызды билип едим! Қулақ астыма? Қайда саған! Ана-Бейит! Ана-Бейит! Ал, бар енди, Ана-Бейитиңе!— Усы сөзлерди айтты да, Сәбийтжан қорлық көрген адамдай шетлеңкиреп шығып, қалш-қалш етип, ғәзепленип түпирди.

Едиге жап-жас қараўыл солдаттың алдында қысынып қалды.

— Кешир, балам,—деди ол оған әкелик кейиптеги ҳүрмет пенен.—Жағдай түсиникли, сениң поста турғаның да ырас. Бирақ, енди мына марҳумды қайда қоямыз. Думалатып таслап кете беретуғын ағаш емес бул.

— Мен түсинип турман. Түсинсем не қылайын? Маған қалай айтылған болса, солай ислеўим керек. Мен баслық емеспен бул жерде.

— Со—лай—де,—деп Едиге албырағаннан созып сөйледи. Өзиң қай жерден боласаң?

— Мен, ағай,—Вологда жақтан боламан,—деп қараўыл балаларға тән тартыншақлық пенен қызарып, бул сораўға жуўап бериў жанына жағып баратырғандай «О» ҳәрибине зор берип сөйледи.

— Сөйтип сизлер беттеги Вологда жақтада усындай болып—қойымшылықта қараўыл тура ма?

— Бул не дегениң сениң, ағай! Қойымшылыққа қашан ҳәм қалай бараман десеңде ықтыяр өзиңде. Мәселе онда болып турған жоқ ғой. Бул жерлер жабық зона. Ағай, сен өзиң де армияда болып, урысқа қатнасқан қусайсаң, көрип турман. Әскерий хызметтиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

аты—әскерий хызмет екенин билесиз. Маған жағама, жақпайма, бирақ миннетли ўазыйпаға дақ түсирип, тәртипти бузыўға болмайды.

— Солай екени, солай ғой,—деп оның гәпин мақуллады Едиге.—Сонда бизлер марҳумды қайда алып барамыз енди?

Олар үндемей қалды. Жас солдат қатты ойланып турды да, упик сары қасларын үйирип, қыйналған кейипте басын шайқады:

— Яқ, ағай, мүмкин емес! Олай етиўге мениң ҳуқуқым жоқ!

— Илаж қанша,—деп гүңкилдеди биротала босасып кеткен Едиге.

Ҳәтте, ол қапталындағы жолдасларының бетине де қараўға батына алмай қалды. Себеби, Сәбийтжан, Әдилбай Сырықтың қасына жақынлаңқырап барып кемкемнен шымшымай гәпти минберлете берди:

— Мен айттым ғой! Усындай алысқа, ийт өлген жерге келмей-ақ қояйық деп. Бунын бәри, тек бир ески ырым! Өзлериңниң де өзгелердиң де басын шырылдыўға салдыңлар қуры! Өликти қай жерге көмгенде де бәри бир емеспе! Яқ, болмайды: Ана-Бейитке бармасақ болмайды деп шулғыдың да турдыңлар! Сен де маған: «Сенсиз де жерлей аламыз, кете бер»—деп ҳәкиреңлеп атыр едиң. Ал, енди жерлей бериңлер!

Әдилбай Сырық үндей алмастан, оның қасынан былайырақ кетти. Ол шлагбаумға жақынлап, қараўылға былай деди:

— Берман қара, иним. Мен де армия қатарында хызмет еткенмен. Тәртип-сәртиптен мениң де хабарым бар. Телефон бар ма сизлерде?

— Бар, әлбетте.

— Онда былай ет—қараўыллардың баслығына телефон ур. Усы қатардың адамлары Ана-Бейит қойымшылығына өтип барыўға рухсат сорап атыр,—деп айт!

— Қандай? Қандай? Ана-Бейит?—деп қайтадан сорады қараўыл.

— Аўа. Ана-Бейит. Солай деп аталады. Бизлердиң баратуғын қойымшылығымыз. Солай ет, иним, басқа илажымыз қалмады. Бизлер ушын тиккелей рухсатты өзи алып берсин. Бизлерге исене бер, қойымшылықтан



www.ziyouz.com kutubxonasi

басқа, ол жерде бизлерге ҳеш нәрсениң кереги де жоқ, қызықтырмайды да.

Қараўыл қабағын үйип, аяқларына алма-гезек салмағын салып, ойланып қалды.

— Ҳаў, сен гуманлана берме,—деди Әдилбай Сырық оған.—Бәри де устав бойынша. Постқа басқа адамлар келди дейсең. Соны қараўыллардың баслығына баянлайсаң. Тетиги қолында тур ғой. Оның несине қыйланасаң. Сен хабарлаўға миннетлисең.

—Яқшы, онда,—деп басын ийзеди қараўыл. —Ҳәзир телефон ураман. Бирақ, қараўыллардың баслығы постларды тынбай аралап, машинадан түспей территорияны аралап жүреди. Территорияның қаншама кең екенлигин өзиң де көрип турсаң ғой!

—Мен де қасында турайын, рухсат етсең,—деп Әдилбай Сырық оннан өтиниш етти. —Түсиниспеген жағдайда, қосымша бирнәрсе айтыўға керек болып қаларман.

—Қәне жүр онда,—деп келисим берди қараўыл.

Олар жайдың ишине кирип, кетти. Қапы ашық турғанлықтан, Едиге олардың сөйлескенлериниң бәрин де еситип турды. Қараўыл бир жақларға телефон урып, қараўыллардың баслығын үсти-үстине сорап атыр. Ол табыла қоймады.

Яғәй, маған тек қараўыллардың баслығы керек,— деп бақырады бул жақтан жас солдат. Тәңҳа өзи керек... Яқ. Бул жақта бир әҳмийетли жумыс болып тур.

Едиге тынышсызлана баслады. Қаяқта жүр екен-ә, сол қараўыллардың баслығы. Бир қырсықса ҳәммеси де қырсығына кетеди сөйтип.

Ақырында ол табылды.

— Жолдас лейтенант! Жолдас лейтенант!— деп шаңқылдаған даўысы толқынланып бақырды қараўыл.

Сөйтип ол усы қатарда туратуғын адамлардың бир өлген кисини ески қойымшылыққа жерлеўге келгенин оған баянлады. Қалай болар екен? Едиге дәрҳал қулағын түрди. Лейтенант өткерип жибер десе болды—тамам! Жарайсаң Әдилбай Сырық! Есабын табатуғын жигитсең-дә. Соның арасында қараўылдың гәпи созылып кетти. Енди ол, тек сораўларға ғана жуўап бере баслады:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўа... Қанша дейсиз бе? Алты адам. Табыттағы менен жетеў. Бир ғарры қайтыс болған. Алтаўдың ең үлкени түйениң, үстинде отырыпты. Тағыда тиркеў салған трактор бар. Трактордың изинде эксковатор да... Аўа, қәбир қазыўға керек дейди. Қалай? Мен не дейин оларға? Демек, болмай ма? Рухсат етилмейди? Әжеп болады!

Соның арасында Әдилбай Сырықтың даўысы еситилди. Шамасы, трубканы сол алған қусайды.

—Жолдас лейтенант! Бизлердиң орнымызда өзиң болғанда не қылар един? Жолдас лейтенант, бизлер Боранлы бәндиргисинен келдик. Ал, енди қайда барамыз? Бизлердиң орнымызда өзиң болғанда не қылар един? Бизлер усы жағаның адамларымыз, ондай жаман қыялымыз жоқ. Бизлер тек, марҳумды жерлеймиз де кейин қайтамыз... Ҳа! Не? Ол қалай болғаны! Ал, кел онда, кел, өз көзиң менен көр! Арамызда бир ғарры бар, фронтта—урыста болған. Соған айтып, түсиндир.

Әдилбай Сырық жайдан қапа болып шықты да, лейтенанттың өзи усы жерге келип, мәселени ҳәл ететуғынын айтты. Әдилбайдың изин ала шыққан қараўыл да усы гәпти айтты. Баслықтың өзи келип мәселени шешетуғын болған соң, қараўыл солдаттың қәдди көтерилип, өзин жеңил сезе баслады. Сонлықтан ол кеселеп қойылған ала сырықты бойлап, арман-берман, емин-еркин жүре баслады.

Саат үш болды. Ана Бейит жақын жерде турса да, бирақ булар, еле оған жете алмай жүр.

Едиге қараўылға қарай, бурылып:

— Балам, сениң баслығыңды еле көп күтемиз бе? —деп сорады.

—Яғә. Ҳәзир зыңғып келеди. Астында машинасы бар. Он-онбес минутлық жол ғой.

—Яқшы, күтемиз онда. Ал, мына тикенекли сымларды тутып таслағаныңызға көп ўақыт болды ма?

—Тәўирақ ўақыт болып қалды. Бизлер ғой буны тутқан. Мениң бул жерде хызмет етип атырғаныма бир жылдай болды. Шамасы, ярым жылдай болып қалды, бул әтирапты тикенекли сым менен қоршап таслағанымызға да.

—Солай қусайды. Бул әтирапты қоршап таслағанынан мениң де хабарым жоқ еди. Соның себебинен



www.ziyouz.com kutubxonasi

усындай болып турмызда. Марҳумның жәсәәтин усы жерге алып келгенимизге, шамасы, мен айыплыдай болып турман. Усы қатарда бизлердиң ескиден қалған Ана-Бейит деген қөйымшылығымыз бар. Ал, марҳум Қазанғап наятый жақсы адам еди, пақыр. Екеўимиз отыз жылдай разъездe бирге ислеп едик. Жақсылап жайғастыра қөяйық деп едиктә бир.

Солдат Едигени аяп кеткен болса керек:

—Берман қара, ағай, сәл сабыр етип тур,—деди ол шын кеўили менен. —Ҳәзир қараўыллардың баслығы лейтенант Таңсықбаев келгеннен кейин, соған жай-жағдайыңды айт. Ол да адам баласы ғой, түсинетуғын шығар? Қолынан келмесе жоқарыдағыларға айтсын. Бәлки, рухсат берип қалар.

— «Жақсы сөз жарым ырыс» деген. Рахмет. Басқа не келеди қолымыздан. Сол келмесе болама енди. Ким деп едиң сен—Таңсықбаев па? Әкесиниң аты Таңсықбаев па екен?

—Аўа, Таңсықбаев. Өзи де бизлерге жақында келди. Қалай? Танысыңыз ба? Сизлерден ол. Мүмкин, өзлериңе тамыр-таныс болып шығар еле.

—Яғә, олай емес,—деп күлди Едиге. —Таңсықбаевлар көп бизде, сизлердеги Иванов дегендей бир гәптағы. Былайынша усы фамилиядағы бир адам ядыма түсип кетти...

Соның арасында посттағы телефон сыңғырлағанлықтан қараўыл солай қарап жуўырып кетти. Едигениң бир өзи қалды. Қабағы қайтадан үйилип кетти. Әтирапына түнерип нәзер таслап, машина көринбеспе екен дегендей шлагбаумның аржағындағы асфальт жолға қарап, Боранлы Едиге басын шайқады. «Бул, баяғы сол ийтелги көздиң баласы емеспекен?—деген ой қыялында жылт еттиде, Едиге өзине-өзи кейий баслады. Меники не бул? Қыял деген келе береди. екен-аў адамның басына. Бундай фамилияда жүргенлер азба, өйтип, Олай емес, олай болыўы мүмкин емес. Ол Таңсықбаев пенен соңынан есапласып едик ғой... Қалай деген менен жер бетинде ҳақыйқатлық бар екен ғой! Бар! Қанша бәле-мәтер дөндирсе де, бәри бир ҳақыйқатлық болады...»

Сөйтип былайырақ барып турды да, қалтасынан қол орамалын алып Таңсықбаевтың көзине бирден



www.ziyouz.com kutubxonasi

көринсин деген ой менен орденлерин, медальларын, мийнет алдынғысы деген значокларын жақсылап сүртип, жылтыратып қойды.

## 12

Ал, енди сол ийтелги көз Таңсықбаевтың жағдайы былай болған еди.

1956-жылы бәҳәрдиң ақырына таман Қумбелдиң депосында үлкен митинг болды. Митингиге барлық станциялар менен разъездеги гүллән темиржолшылар шақырылды. Сол күни линияда жумыс бабында қалғанлардан басқасының бәри де келди. Боранлы Едиге өз өмириниң ишинде талай-талай жыйналысларды көрсе де, бирақ бул митинги ҳеш қашанда умытылмастай болып ядында қалды.

Адамлар паровоз оңланатуғын цехқа жыйналды. Халықтың ийин тиресип сығасқаны соншелли, ийне шаншар жер қалмай, орын жетпегенликтен, адамлар жайдың басына минип, пәрдийўалларда отырды. Бәрин айтта, бирин айт, ең баслысы сондағы сөйлеген сөзлерди айт! Берия туўралы биротала жерине жеткерилип айтылды. Нәлет жаўғыр жаўыздың нәрсесин қалдырмай қаралады— ҳеш қандай аяп отырмастан ғарғыс таңбасын басты. Япырмай, сөз деген қаттыға кетти-аў, сонда. Отырған жерине шегелеп таслағандай кешке дейин бир адам тырп еткен жоқ, депоның рабочийлары өзлери минберге шығып сөйлемеге қарады дейсең, қоябер енди. Депоның пәтиги гүңгирлеп, адамлардың даўысы даўыллы күнги тоғайдай шуўлап кетти. Бул көринистиң сыпаты жөнинде Едигениң қасында отырған биреў нағыз Россия муқамында: «Даўыл болар алдындағы теңиздей толқыўын қара!»—деп еди. Бул сөз оның ядында қалыпты. Шынында да тап сол айтқандай болды. Жүрек қанасына сыймай дүрсилдейди. Фронтта жүргенде, тап ҳүжимге шығардың алдында усындай болып дүрсилдейтуғын еди. Аңқасы кеўип, оғыры суў ишкиси келип кетти. Тили таңлайына тығылып қалды. Мына ызғыған адамлардың арасында суўды қайдан табарсаң? Ҳәзир суў излеп жүретуғын ўақытпа саған, шыдаўға туўра келеди. Тәнепистиң ўақтында Едиге станцияның бурынғы баслығы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәзир депоның партия шөлкеминиң секретары болып ислеп атырған Черновтың қасына ысыр-ысыр менен ийинлеп барып, зорға жетти. Чернов президиумда еди.

— Андрей Петрович, мен де сөйлесем қалай болады?

— Сөйле, егер сөйлегиң келип турған болса.

— Сөйлегим келип турғанда қандай. Дәслеп ойласып алайық. Ядыңдама, бизиң разъезде Қутыбаев деген ислеп еди ғой. Әбиўталип Қутыбаев. Тағы әнебир ревизор не? Югославия туўралы естелик жазып жүр деп Қутыбаевтың үстинен домалақ арза жазып еди ғой. Әбиўтәлип болса Югославияда партизан болып урысқа қатнасқан. Баяғы Берияның адамлары болса Қутыбаевты тутқынға алып кетти. Сол кетистен ол қайтыс болды, гүнасыздан-гүнасыз азап шекти. Ядыңдама?

— Аўа, ядымда. Қара қағазды ҳаялы келип, меннен алған еди.

— Онда тап соның өзи! Соннан кейин оның балашағасы көшип кетти. Ҳәзир мен мына отырғанлардың сөйлеген сөзлерин тыңлап ойланаман. Югославия менен болса биз ҳәзир доспыз—арамызда ҳеш қандай әдаўат жоқ! Сонда не ушын адамлар гүнасыздан гүнасыз азап шегеди? Әбиўтәлиптиң балалары болса ер жетип қалды, ҳәзир мектепке барып жүрген шығар. Енди ҳақыйқатлыққа жеңислик бериў керек ғой! Солай етпесе балалардың кеўлинде дақ, бетинде ширкеў қалады, ким көринген бетине баспай ма? Бийшаралардың онысыз да көрген азабы аз емес—әкесиз қалды олар.

— Тоқта, Едиге. Сен солар туўралы айтажақсаң ба?

— Әлбетте.

— Ал, жаңағы ревизордың фамилиясы ким?

—Сорастырсақ билип алыўға болады ғой. Ырасымды айтсам, мен оны кейин көрмедим.

— Ал сен ҳәзир, кимлерден сорап билесең, және сол қағазды тап сол жазғаны туўралы документ, тастыйықлайтуғын дәлиллер барма?

— Сол жазбаса, ким жазады?

— Ҳәй, қәдирдан Боранлым, бундай мәселеде фактлы дәлиллер болмаса болмайды. Егер ол болмай шықса не қыламыз. Бундай ислер менен ойнаўға болмайды. Сен дәслеп мыналарды тыңлап ал, Едиге. Солар-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дың бәрин баян етип Алматаға хат жаз. Не болғанын, қалай болғанын айтып, барлық жай-жағдайды қалдырмастан республиканың Орайлық партия Комитетине жолла. Сол жақта анықлайды. Көп иркпейди. Партия бундай мәселеге айрықша кеўил аўдарып атыр. Мине, өзиң де көрип турсаң.

Сол митингиде ҳәмме менен бирликте Боранлы Едиге де: «Жасасын партия! Партияның тутқан сиясатын қуўатлаймыз!» деп бар даўысы менен бақырды. Митинги тамамланыўы алдында әллеким «Интернационал» ды баслады. Оған дәслеп бирнеше даўыслар қосылып, соң бул барлық дәўирлердеги, өмир бойы езилип киятырғанлардың уллы гимнин пүткил зал толы халық қосылып айтқанда, депоның иши жаңғырып кеткен еди. Едиге буннан бурын, буншама көпшиликке қосылып қосық айтып көрген емес еди. Сонда ол жер жүзиниң тери ҳәм сөли болған рабочий халықтың арасында екенине кеўлин мақтаныш бийлеп ҳәм қыйланып ҳәм буны мәртебе көрип, теңиз толқынында турып, бир таўдай толқынға арқа сүйегендей болды. Коммунистлердиң гимни болса соншама халықтың жүрегин елжиретип, тасқынлатып, пүткил елди, халықтың ҳуқықы ушын аянбай гүресиўге ҳәм сол бахытты жан-тәни менен қорғаўға шақырып атыр еди.

Усындай бир кеўли дәрьядай тасып турған ҳалында ол үйине қайтты. Митингиде болған гәп-сөзлердиң ҳәммесин қалдырмай шай ишип отырып Үкибалаға айтып берди. Өзининде сөз сөйлегиси келгенин, бирақ ҳәзирги парторг Черновтың оған не дегенин айтты. Үкибала оған шай қуйып берип отырып, гәпин бөлместен тыңлады.

—Саған не болды өзи, бир самовар шайды бир өзиң таўыстын, ғой!—деп таңланып күлди.

—Билмеймен, митингиде сондай шөлледим. Қызып кеттим бе, билмеймен. Ол жерден суў таўып ишиў қайда, адам дегенлер шожып кеткен, қыймылдаўға мүмкиншилик жоқ. Сөйтип далаға шөлимди қандырайын деп атылып шықсам, биз тәрепке поезд жүрейин деп тур екен. Жуўырып машинисттиң қасына бардым. Таныс жигит екен. Дөгерек Тамдағы Жандос деген. Сөйтип, соннан жолда киятырып суў ишгим. Бирақ, ол шайдай болама!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сөлай шығар әйтеўир, шөлден аңқаң кеўип қалыпты,—деди Үкибала оған қайтадан шай қуйып атырып. Соннан кейин:—Сен Едиге дурыс ислепсең олар туўралы, Әбиўтәлип ҳәм оның балаларын еске алғаның туўры болған. Бул қурақым заман дүзелип, жетим-жесирге жәбир бермейтуғын күнлер келген екен, сен де бир жең түринип кирис. Хат жазсаң да болады-аў, бирақ, сен оны жазып, ол хат барып жетемен дегенше, ояқтағылар ойласып шешкенше қанша ўақыт өтеди. Онанша Алматаға өзиң-ақ кете бер. Сол жерде бәрин өз аўзың менен айтып берерсең.

—Сонда сен маған Алматаға кет деп отырсаң ба? Сол ең үлкен баслықтың алдына ма?

—Ҳе, не қылады барғанда? Сен оған жумыс пенен баратырсаң. Жораң Елизаров қанша ўақыттан бери мирәт етип шақырып атыр. Ҳәр келген сайын адресин берип кетеди. Мен болсам бара алмайман, сен кете бер. Үйдиң машқаласынан мениң қолым тийеме? Қызларды кимге таслап кетемен. Сен ойланып турма. Отпуска ал. Отпускаға шығып дем алмағаныңа да жүз жыл болған шығар. Ең болмаса бир ирет демалыс ал, сөйтип үлкен адамларға бетпе-бет бир ушырасып қайт.

—Ҳаял, сен туўры гәпти айтып турсаң. Ойланып көрейик.

—Ойланғандай ҳеш нәрсе жоқ. Ўақты келип тур ҳәзир. Қаншама тез болса, соншама жақсы. Афанасий Иванович саған жәрдем қылар. Кимге, қайерге барып хабарласыўды ол биледи.

—Бул да дурыс.

—Сол ушын айтып атырман. Ўақытты өткериўдиң кереги жоқ. Оннан қалса үйге керек-жарақ алып қайтарсаң. Қызларымызда үлкейип киятыр. Сәўле усы гүзде мектепке барады. Интернатқа беремиз бе, не қыламыз? Оларды ойлап көрдиң бе сен?

—Ойладым, ойламай бола ма? деди Боранлы Едиге, қызларының буншама тез өсип қалғанына, ҳәттеки, мектепке баратуғын ўақыт жеткенине ҳайран қалғанлығын жасырғысы келип.

—Әне, ойлансаң сол,—деди Үкибала. Бар да сол жақтағы үлкенлерге баяғы жыллары басымыздан қандай күнлердиң өткенин айтып бер. Үлкенлер ең



www.ziyouz.com kutubxonasi

болмаса сол жетим балаларға жәрдем берсин, олар гүнасыз әкеси ушын да азап шегип жүрмесин. Оннан кейин ўақыт тапсаң базарға кир, қызларыңа, қала берсе маған да керек затлар табылып қалса шеп болмайды. Енди мен де жас емеспен,—деди ол гүрсинип алып.

—Едиге ҳаялына нәзер салып қарады: ҳәр күни көрип жүрседе итибар бермей жүрген нәрселериң бир күни өзинен-өзи билинип қалатуғыны қызық екен. Үкибала енди жас келиншекте емес, ал қартайыў да еле алысырақ оған. Солай болсада Едиге оның түр-түсинен әлле қандай бийтаныс белгилерди сезгендей болды. Сонда барып түсинди: ҳаялы да бираз ақыл тоқтатып, кәйўанылық пайда болғаның ҳәм үш-төрт тал шашы ағарғанын серледи, соның өзи өткен күнлердиң умытылмас елеси ғой.

Ертеңине Едиге Қумбелге жүрип кетти. Алматаға баратуғын поездға миниў ушын Боранлыдан шығып кейниңе қарап Қумбел тәрепке жүриўге мәжбүр боласаң. Едиге оған қыйланған жоқ. Өзиниң Алматаға жол алғанын хабарлап, Елизаровқа телеграмма бериўи де керек еди. Телеграмманы болса, тек, Қумбелде қабыллайды.

Алмата перронында ызғыған адамлардың арасында ол Елизаровты көрип нәрестедей қуўанып қалды. Елизаров оны көриўден қалпағын былғап, вагон менен қатарласып жүрип киятыр. Әне, енди жолы болды. Едиге оның өзи алдынан шығар деп ҳеш ойламап еди. Олардың көриспегенине де бираз болды. Былтыр гүзден бери бир-бирин көрмеген екен. Жасы жетип қалса да Афанасий Иванович еле онша өзгермепти. Қәдимгидей шаққан, шыйрақ. Қазанғап оны—арғымақ деп атайтуғын еди. Ол Афанасийди марапатлағаны. Елизаров оны түсингенликтен, шын кеўлинен қуўатлап: Мейли, сениң айтқаныңдай болсын, Қазанғап! дейди. —Ғарры арғымақ болсам да, әйтеўир арғымақ екеним ырас ғой, дейди күлип. Оғанда рахмет! Ҳәр қашан ол Сарыөзекке жай рабочий кийиминде—ески керзовой етик, гөнелеў шапки кийип келетуғын еди, ал, ҳәзир болса галстук таққан, жақсы қара-қоңыр костюм кийген. Костюмы өзине қуйып



www.ziyouz.com kutubxonasi

қойғандай жарасып тур. Әсиресе, ең баслысы оның шала ағарған шашына үйлесип, жарасып тур.

Поезд тоқтайман дегенше Елизаров бир қырынлап, әйнекке үңилиў менен күлимсиреп қарап, қатарласып жүрип киятыр. Сарғыш кирпиклери астындағы, көкшил көзи күлимсиреп, бул ушырасыўға қуўанып турғанын көрсетип тур. Буны көрип Едигениң кеўли ерип, жол бойы қалай күтип алар екен, қалай болар екен, деп гүманланып киятырғаны умытылып кетти. «Бул да жақсы болды, демек, жолым болады екен» деп қуўанды ишинен.

—Ақыры келдиң бе әйтеўир! Қанша ўақытлар болды! Ассалаўма алейкум, Едигей. Сәлем, Боранлы!—деди қарсы алып атырып Елизаров.

Екеўи бир-бирине бой таслап қушақласып көристи. Қуўанғанынан ба, я халықтың көплигинен бе, Едиге сәл албырайын деди. Екеўи вокзалдың сыртындағы аллеяға жетемен дегенше Елизаров оны сораўға «көмип» таслады. Ҳәммесин тежеп, сорап атыр. Қазанғап қалай, Үкибала ҳәм Бийкелер аман-саў отырма, балаларың саў жүрме, ҳәзир разъездиңизге ким баслық болды... Ол түўе Қаранарды сораўды да умытқан жоқ.

—Сениң қәдимги Қаранарың қалай?—деди ол бир нәрселер ядына түскендей кеўилли күлимсиреп. —Еле де сол турысыма, тап арыслandай арқырап турма?

—Жүрипти ғой. Оған не болар дейсең, еле де сол арқыраўы,—деди Едиге. Сарыөзектиң даласы кең, жетеди оған. Басқа не керек.

Вокзалдың жанында жарқылдаған үлкен қара машина тур еди. Бундайды Едигениң биринши ирет көриўи. Сол елиўинши жыллардың ең жақсы машинасы бул—ЗИМ деген.

—Бул мениң Қаранарым,—деп ҳәзиллести Елизаров алдыңғы, қапысын ашып. —Отыр, Едиге, кетемиз.

—Машинаны ким айдайды?—деп сорады Едиге.

—Өзим,—деди Елизаров, рулге отырып атырып. Қартайғанда бир тәўекел еттим. Американлылардан бизиң қайеримиз кем?

Елизаров моторды исенимли түрде гүрилдетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Машина орнынан жылжыўдан алдын қонағына сораўлы мәниде күлимсиреп қарады.

— Сөйтип сен де келип қалыпсаң. Қәне, ырасыңды айт—неше күн боласаң?

—Мен бир жумыс пенен жүрмен, Афанасий Иванович. Соның жөн-жосағын әўеле сениң менен ойласып алайын деп едим.

—Өзим де солай шығар деп ойлап едим-аў. Жумыс болмаса сени сол Сарыөзектен сүйреп те шығара алмаймыз. Солай емеспе? Ондай болса былай, Едиге. Ҳәзир бизикине барайық. Бизиң үйде боласаң. Яқ демейсең. Мийманхана дегенди қоясаң. Сен мениң айрықша қонағым боласаң. Мен Сарыөзекте сизлердиң араңызда қандай болған болсам, сен де бизиң үйде сондай етип боласаң. Сыйдың—сыйы бар, солай демейтуғынбеди қазақлар? Ҳүрметке-ҳүрмет болыўы керек!

—Солай екени, солай ғой,—деп оның гәпин мақуллады Едиге.

—Демек, келистик онда. Маған да кеўилли болатуғын болды. Кемпирим—Юлия Москвадағы баламыздыкине кетип еди. Келиним жас босанып, екинши ақлығым дүньяға келди. Соны еситe сала Юлия қуўанышы қойнына сыймай асығып кетти.

—Ақлығың екеў болған екен ғой, онда. Қутлы болсын.

—Аўа, берман қара, екеў болды,—деди Елизаровтың өзи де оған таңланғандай ыйығын көтерип қойып. —Еле ата болғанда, алдына келеди! Ондай болыўға ҳәзирше ерте саған. Сениң мына жасында басымда самал гүўлеп, ҳәўлекишилигим басылған жоқ еди. Мениң таңланатуғыным: жас жағынан арамыз алшақ болса да, бир-биримизди түсинемиз. Ал, қәне, кеттик онда. Қаланың дәл ортасы менен кете берейик. Жоқары өрлеймиз. Көрдиңбе анаў таўды, басындағы қарды көрдиңбе? Медеўге қарай барамыз. Мен саған бизиң үй қаланың сыртында деп айтқан шығарман деймен. Ҳәтте, аўыл десеңде болады.

—Ядымда Афанасий Иванович, үйим дәрьяның жағасында күни—түни сарқырап турады деген едиңиз.

—Ҳәзир барғаннан соң өзиң де көресең. Кеттик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күндиз қаланы көрип қал. Ҳәзир әйне жақсы мәҳәл. Бәҳәр болған соң бәри жайнап, гүллеп тур.

Вокзалдан басланған дүзиў көше еки жағалаўындағы қайыңлар менен парклердиң дәл ортасы менен шексиз өрлей беретуғындай сезилди. Елизаров онша асықпай бир бап пенен айдап киятыр. Жол-жөнекей ҳәр қыйлы мәкемелерди, дүканларды, адамлар жасайтуғын үйлерди Едигеге таныстырып келе берди. Қаланың дәл ортасындағы жән-жағы ашық майданлықта турған жайды Едиге, Елизаровтың бурын айтыўы бойынша бирден билди—бул ҳүкимет үйи еди.

—Мынаў Орайлық Комитет,—деди Елизаров басын ырғап.

Ертең жумыс пенен бул жерге келетуғынларын ойларына да алмастан тусынан зымырап өтип кетти. Дүзиў көше менен киятырып, шепке бурылған жердеги тағы бир жайды Едигениң өзи-ақ билди—бул Қазақтың опера театры еди. Еки кварталдан өткеннен кейин, олар таў тәрепке бурылып, Медеўге қарай бағдар алып кетти. Қаланың орталығы изде қалып баратырған еди. Бир қабат жайлар менен олардың қасындағы бағ-бақшалардың тусынан таўдың салқын суўын сылдырлатып тартқан жап-салмаларды бойлап, узын көше менен келе берди. Әтираптың бәри шешек атқан бағлар.

—Көркем екен,—деди Едиге гүбирленип.

—Тап усындай ўақта келгениңе қуўанып отырман,—деди Елизаров. —Алматының ең гөззал ўақты бул. Қыста да сулыў болып көринеди, әлбетте. Бирақ, ҳәзир жанның рәҳәти!

—Демек, кеўил хошыңның жақсы болғаны,—деп Едиге де Елизаров пенен бирге қуўанды.

Сол ўақытта Елизаров үлкен баданадай көгис көзлерин Едигеге қадап, басын ийзеди де, қабағын үйип, түр-түси қаталланып турып, демниң арасында көзлериниң әтирапында күлки нышаны пайда болды.

—Бул бәҳәр—айрықша бәҳәр, Едиге. Өзгерис болып атыр. Жас деген бар болғыр биразға барып қалсада, жасағың келеди екен. Есимиз енди, әтирапымызға жақсылап турып қарап алдық. Сен өмирди қайтадан аңсайтуғын ҳалатта қатты аўырып көрдиңбе өзиң?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ядымда жоқ,—деп Едиге ырасын айтты. —Баяғы бир контузиядан кейин болмаса...

—Яғә, сениң дениң саў, буғадайсаң!—деп күлди Елизаров. Мениң айтайын дегеним бул емес еди. Былайынша сөздиң ирети келип қалды. Аўа, солай. Биринши сөзди партияның өзи айтты. Өз басым жәбир-жапа шекпесемде, мен бул өзгериске оғада ырзаман. Сонлықтан жаным жай таўып, кеўилим жас ўақыттағыдай үмитке толып, толықсыйды. Ямаса бул қартая баслағанымның нышанымекен? Ҳа?!

—Афанасий Иванович, мына мениң кеўилимде усы өзгерислерге байланыслы ғой. Соның ушын келгенмен.

—Ал, ол не еди, сонда?

Мүмкин, ядыңызда шығар? Мен сизге Әбиўталип Қутыбаев туўралы айтып едим ғой.

—Әлбетте, әлбетте! Бәри де ядымда бар. Ҳим, солай де. Сен түп-сағасынан ойлайды екенсең. Жарайсаң! Соңға қалдырмай дәрҳал жетип келипсең.

—Буны ойлап тапқан мен емес, Үкибала. Ал, енди соны неден басласам екен. Қайда барыўым керек?

—Неден баслаў керек? Буны екеўмиз талқылап, ойласып көрейик. Үйге барғаннан кейин, шай ишип отырып, телпектиде қапталға қойып, асықпай ойланайық,—деп болып, Елизаров үндемей қалды да, аздан соң тағы көп мәни аңғарылатуғын етип сөйледи: —ўақыт қалай өзгереди-ә, Едиге, буннан үш жыл бурын бундай жумыс пенен келиў сениң сирә қыялыңа да келмес еди. Ал, енди ҳешнәрседен қәўипсинбейсең. Тийкарында солай болыўы керек ғой өзи де. Бәримизде, бирде биреўимиз қалмастан усы ҳақыйқатлықты жақлап—дурыслықтың тәрепинде болыўымыз керек. Ҳешкимге де ҳешқандай артық-аспай право берилмесин. Мен солай деп ойлайман.

—Бул жағы сизге ашық—айдын ғой, оның үстине илимпаз адамсыз,—деп өз пикирин билдирди Едиге. Бизде депода болған митингиде де ҳәмме усы жөнинде айтты. Сонда ядыма дәрҳал Әбиўталип түсип кетти, өйткени, оның жазықсыз жәбир шегип кеткени бурыннан жаныма батып жүр еди-дә. Ҳәттеки, мен сол митингиде сөйлемекшиде болдым. Гәп тек ҳақыйқатлық туўралы болып атырған жоқ. Әбиўтәлиптиң

www.ziyouz.com kutubxonasi

балалары қалып еди, олар болса үлкейип атыр, туңғышы быйыл гүзде мектепке барады.

—Ал, олардың бала-шағасы ҳәзир қаяқта турады?

—Билмедим, Афанасий Иванович, сол кеткенинен олардың қаяқта екенин билмедим, кеткенине де жақында үш жыл болды.

—*Буннан қорықпай-ақ ғой.* Излеп табамыз. Ҳәзир ең баслысы, юристлердиң сөзи менен айтқанда Әбиўтәлиптиң исин қозғаў керек.

—Ҳә, берекет тап. Сиз ҳә дегеннен түсиндиңиз гәпке. Мениң келген жумысымның өзи де сол еди.

—Ойлап едим әйтеўир келмеген шығар деп.

Ҳәммесиде ойлағанындай болып шықты. Тез күнлерде-ақ, Едиге қайтып келгенинен кейин үш ҳәптеден соң *Алматадан қағаз келди.* Онда ап-аңық етип: —Боранлы разъездиниң бурынғы рабочийы, тергеў ўақтында қайтыс болған Әбиўтәлип Қутыбаев гүнасы болмағанлықтан толығы менен ақланды деп жазылыпты. Тап сондай етип жазылған: Бул қағаз жәбиркеш адам жумыс ислеген коллективте оқылсын депти.

Усы документ пенен бир ўақытта Афанасий Иванович Елизаровтан да хат келди. Бул соншелли умытылмай есте сақланатуғын хат еди. Едиге бул хатты өмиринше өзиниң ең қәдирли документлериниң балаларының туўылғаны ҳаққында гуўалықлары, урыста алған наградаларының гуўалықлары, фронтта жарадар болғаны туўралы справка, мийнеттеги минезлеме—характеристикаларының арасында сақлады...

Усы бир узыннан-узақ жазылған хатында Афанасий Иванович Әбиўтәлиптиң исиниң тез қаралып, оның ақланғанына жүдә ырза болып, қуўанғанын айтыпты. Усы фактның өзи заманның, ўақыттың жақсыланып киятырғанының нышаны депти. Елизаровтың гәпи бойынша усының өзи, өз-қәте-кемшилигимизди *өзимиз оңлап, өзимиз жөнлеймиз* дегени қусайды...

Тағыда Елизаров былай депти: Едиге кеткеннен кейин ол, бурын Едиге екеўи бирге барған мекемелерге тағы барыпты ҳәм әҳмийетли жаңалықлар еситипти. Биринщиден, тергеўши Таңсықбаев жумысынан шығарылып, барлық атақ-абырайынан, наградаларынан журдай етилип, иси сотқа берилипти. Екин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шиден Елизаровтың хабары бойынша, Әбиўтәлип Қутыбаевтың бала-шағасы ҳәзир Павлодарда турады екен. (Япырмай, соншама узақлап кеткенбе!?) Зарийпа бир мектепте муғаллим екен. Ҳәзирги ўақтағы хожалық жағдайы, ол күйеўге шыққан. Оның жасап атырған жеринен сондай рәсмий дәреклер түсипти. *Исти қараў ўақтында Едиге сениң сол ревизор туўралы гуманың ырас болып* шықты, депти Елизаров, Әбиўтәлип Қутыбаевтың үстинен жала жаўып, өтирик арза жазған сол екен. «Оны сондай етип жала жабыўға, залымлық ислеўге не мәжбүрледи екен? Сениң айтқанларың бойынша да, өзим билетуғын сықлы ўақыялар бойынша да, усы сораўға жуўап таппақшы болып көп ойландым, Едиге. Ҳәммесин көз алдыма елеслетип, жаңағы ревизордың ҳәрекетиниң себебин билмекши болдым. Бирақ, жуўап таба алмай қыйналдым. Әбиўтәлип Қутыбаев болса оған сирә жақынласпайтуғын бийтаныс адам ғой. Ал, ҳеш бир таныс-билисликги жоқ адамға жала жаўып, сыртынан хат жазыўға не себеп болды екен—мен соған түсине алмай-ақ қойдым. Тарийхтың сондай бир дәўирлеринде адамлар арасында, усындай бир дәртли-иллет тарайтуғын шығар. Адамларды ақылдан аздырып, ҳайўанлық көз-қарасқа ийтермелейтуғын, сол бир қызғаныш деген бәле, адамның тәбиятына әзелден бир айырылмастай кесел болып жабыстыма екен? Бирақ, Әбиўтәлиптиң жағдайы оған қандай қызғаныш туўдырыўы мүмкин? Сол маған түсиниксиз болып тур. Ал, енди оны жәбирлеп, көзин жойыўға талпыныўына келсек бул әдеттиң өзи дүнья пайда болғаннан бери бар ески дәрти. Сондай ўақытлар болған егер биреў-биреўдиң үстинен, бул адам қудайды билмейди деп сыбырласа, гүнасыз бийшараны Бухараның базарында тас ылақтырып өлтирсе, Европада отқа жағып жибереди екен. Едиге, сен сол ирет Алматаға келгенде биз ол туўралы сөйлескен един. Әбиўтәлиптиң исин қайтадан қарап, оның ақ-қарасы аңықланғаннан кейин мен қайтадан мынадай жуўмаққа келдим: адамзат бири-бирине деген қастыянлықты қояман дегенше еле қаншама заман керек болады! Сол жаман кәсийеттиң қай ўақлары тамыры қыйылатуғынын шамалап айтыўдың өзи қыйын. Ал, соған қарамастан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

жер бетинде ҳақыйқатлықтың өмири узақ екенлиги ушын да мен усы әжайып өмирди даңққа бөлегим келеди. Мине бул иретте ҳақыйқатлық жеңип шықты. Ҳақыйқатлық қымбатқа түсседе бәри-бир салтанат қурды! Жердиң үстинде тиришилик бар екен, бул ҳәр қашан қайталанып тура беретуғын ҳәдийсе. Едиге, сен ҳақыйқатлықты өз көзиң менен көрдиң. Бул жеңисти сен артықмаш бир нәрсе талап етпестен қолға киргизгениңе ырза болдым...»

Едиге көп күнлерге дейин усы хаттың рәҳәтине бөленип жүрди. Боранлы Едиге өзинен-өзи ҳайран қалады: Ҳәммеси пүткиллей өзгерип кеткендей, ишки сезимлери жаңарып, өзин жаңа танып турғандай. Соннан кейин ол дәслепки ирет жақынлап киятырған ғаррылыққа таярлана бериў керек шығар деп ойлады.

Елизаровтың хаты оның өмириниң ең бир асырымы сыяқлы көринди. Хат келемен дегенше жасаған өмири басқа, ал ҳәзиргиси пүткиллей басқаша сезиледи. Сол хатқа дейинги көрген-билгенлери теңиздиң алыста қалып атырған жағысындай булдырап көринбей қалып баратыр, ал ҳәзиргиси мәңгилик болмаған менен узақ ўақыт өмири бар тиришиликтей бир турыста, шаўқым-сүреңсиз өтип атыр. Бул хатты оқып болып билген ең баслы дәреги Зарийпа күйеўге шығыпты. Бул хабар оны тағы да қатты езип жиберди, қыйналған жүрегиниң дүрсили барып-барып зорға басылғандай болды. Ол бурынлары Зарийпаның қаяқта ҳәм балалары менен қандай адамлар арасында жүргенин билмесе де, Зарийпаның басқа бireўге күйеўге шыққанын ишки бир сезгирлик пенен билетуғын еди. Сол сезими ҳақыйқатлыққа айналды да, ол өзин-өзи жубата қойды. Тап сондай сезим Алматадан поезд бенен қайтып киятырғанда барлық ойын бәнт етип алған еди. Неге буншама тынышсызланғанын билип болмайды. Бирақ, кеўли толмағанлықтан емес. Ол Алматадан көкиреги дәрьядай тасып қайтты. Елизаров екеўи барған мәкемелердиң ҳәммесинде оларды ашық жүз бенен қарсы алып, қулақ қойып тыңлады. Соның өзи-ақ олардың ойлаған ислериниң шынлығына исеними артып, бул мәселениң шешилетуғынына кеўли тоқ болды. Соңында ойлағандай болып шықты. Едиге Алматадан қайтатуғын күни, Ели-

www.ziyouz.com kutubxonasi

заров оны вокзалдың ресторанына алып барды. Поездың журиўине еле бир талай ўақыт бар болғанлықтан, екеўи асықпай отырып аўқатланып, арақтан да аз-маз татып отырып, әрмансыз бир гәплескен еди. Сол гәплесиўден Едигениң түсингени: Афанасий Иванович сол ирет өзиниң сақлап журген сырын айтты. Жигирмаланшы жыллары Түркистан жерине келип, баспашылар менен гүрес жүргизип, усы үлкеде бираз тала қалып қойған, сөйтип геология илими менен шуғылланған. Москваның бурынғы комсомолының пикиринше, пүткил дүнья Октябрь революциясы баслаған жаңа мәмлекетке бийкарға үмит пенен қарамаған екен. Жол қойылған қәте-кемшиликлер ушын қаншама азап шексекте, тыңнан басланған жол менен алға басыў ҳеш қашан тоқтаған жоқ. Тарийхтың мәниси де усында. Енди бул умтылыў қайтадан күш алып алға өрлейди, деди Елизаров. Оған жәмийеттиң өзин-өзи тазартып, өзин-өзи дүзетиўи кепил. Бул ҳаққында биз бири-биримизге батыл түрде айта алған екенбиз, демек, келешекке де күшимиз жетеди» деп сөзин тамамлады Елизаров. Аўа, усындай етип олар түсленип отырып бираз ашылысып гәплесип алған еди.

Әне, сонда жаны жай таўып, қумары тарқап Боранлы Едиге Сарыөзекке қайтты.

Поездың әйнегинен таўларға, бәҳәрги далаға көз жиберип отырып, Едиге: дүньяда Елизаров қусаған сөзи де, иси де бир адамлардың бар болғанына қуўаныл, ондай адамларсыз адамзатқа қыйын болатуғынын ойланды. Әбиўтәлиптиң иси бойынша желип-жуўырыўлары сәтли тамамланғаннан кейин Едиге, ойлана баслады: өмир болса зымырап өтип атыр, егер ҳәзир тири болғанда, өзине жабылған жаладан, бәле-мәтерден, қутылып, ақланып, бәлки, бала-шағасына ийелик етип, бахытлы, татыў өмир сүрер еди: Егер тири болғанда! Барлық гәп сонда болып тур. Егер ол тири болғанда, Зарийпа оны ақырына дейин күткен болар еди. Ол ҳақ, бирақ! Ондай ҳаял басына қандай күн туўғанда да күйеўин сабырлылық пенен күтер еди. Ал, енди күйеўи болса, өлип қалды. Енди кимди күтеди? Өзи жап-жас ҳаял, қалай жасайды жалғыз басы? Тәўирлеў адам қолайға келсе күйеўге шыққаны дурыс, шықпай не қылады? Бул ойлардан

www.ziyouz.com kutubxonasi

Едигениң кеўли бузылды. Енди буны умытып, басқа бир қыялларға дөнгиси келди, Зарийпаны ойлаўды тоқтатып, өз ойларын басқа тәрепке аўдарыўды ойлады. Бирақ, келиспеди...

Поезд болса теңселип, зуўлап киятыр.

Қаратаўдан көш қайтқанда,<br>
Көкшетаўдан көш қайтқанда<br>
Ярмаркиде күтпе мени, Бегимай...

...Бул үлкеде поездлар шығыстан—батысқа, батыстан—шығысқа қарап гүўлеп турады.

Ал, темиржолдың еки тәрепин жағалап, бул үлкеде уллы шөлистан—Сарыөзек кеңислиги—жердиң Орта тусы болған сарғыш дөңген даланлық созылып кетеди...

Бул үлкеде ҳәрқандай қашықлар темиржолға сәйкесленип Гринвич меридианы бойынша өлшенеди.

Ал, поездлар болса шығыстан—батысқа, батыстан—шығысқа қарай гүўлеп өтип турады.

Малақумдышап тик жарлығындағы уясынан көтерилип ушқан үлкен ақ қуйрықлы шайқус аспанда қалқып жүрип, жер бетин шолып шықпақшы болды. Ол өзиниң меншикли жерин түске шекем бир, түстен кейин бир айланып қайтатуғын еди.

Жер бетине сезгирлик пенен көз тигип, қыбырлаған қоңыз, жылт етип жуўырған кесирткеге дейин тири жәнликтиң бәрин көрип-билип шайқус Сарыөзектиң үсти менен сес-семирсиз ушып баратырып, қанатларын анда-санда қағып қойып, даланың үстин еле де анығырақ көриў ушын әсте-әсте бийиклей берди. Дәслеп сол жерлерди айланып ушып жүрди де, кейин өзи аң-аўлаўға қумартып жүрген жери жабық зонағада жақынлады. Усы кен дийўал қоршалғаннан бери ҳәр қыйлы майда жәнликлер, ҳәр түрли майда қуслар қәдимгидей көбейе баслады. Себеби түлкиниң ямаса басқа бир түрли жыртқыш ҳайўанлардың енди бул дийўалға кириўи қыйынласты. Ал, шай қус ушын бундай тикенли дийўал гәппе екен. Ол өзинде ол артықмашылығына мәсиреди. Енди оған рәҳәт болды. Бирақ, ким биледи дейсең. Кешегиниң алдындағы күни шайқус бир қоянның гөжегин көрип қалып, аспаннан зуўлап киятыр еди, гөжек тикенек сымның астына кирди де кетти. Ал, шайқус жаңағы тикен



www.ziyouz.com kutubxonasi

сымға илинип қала жазлап, зорға дегенде жалт берип қаймығып үлгерди. Сонда да мамық пәрлери темир тикенекке тийип, аспанға бүлдырап ушып кетти. Жемсегиниң тусынан жулынып қалған пәрлер қәлеген тәрепке тозаңғыды. Соннан бери шайқус тикенек темир қоршаўдан алысланқырап ушып жүр.

Ҳәзир де шайқус хожейинлерге тән салмақлылық пенен жер бетиндеги қыймылдаған тири нәрселерге өзиниң ҳәрекетин билдирмеў ушын жүрипти. Бүгин ол дәслеп ушып келгенинде де, екинши ирет келгенинде космодромның узыннан—узақ бетонланған қоршаўы ишинде адамлар менен машиналардың ызғып жүргенин көрди. Машиналар арман—берман барып, әсиресе, ракета қурылысының қасын айланшықлап жүрипти. Аспанға қарап бағдарланған бул ракеталар өз орынларында қашшаннан бери шаншылып турғанлықтан шайқустың болса оған әлле қашан көзи үйренисип кеткен, бирақ, бүгин солардың әтирапы күндегидей емес, қыбыр-қыбыр адам. Машиналар да, адамлар да көп, кирип-шығып жүргенлер көп.

Бағана дала бойлап жүрип киятырған түйели адам, патырлаған еки трактор жүни өсик сарыкөпекте шайқустың нәзеринен шетте қалмады, ҳәзир олар темир қоршаўдан өте алмай сыртты қаңтарылып тур... Тап тойға баратырғандай еркинсип жүрген сарыкөпектиң адамлардың әтирапынан шықпай жүриўи шайқустың жинине тийди. Сарыкөпекке болған өзиниң ғәзебин шайқус билдирген де жоқ, сондай нәрсеге де бүлинип, қанын қайнатып не бар... Шайқус енди буннан буяғы не болар екен, адамлардың жанында қуйрығын былғаңлатқан сарыкөпек енди не ислер екен, деп дөгерегинен көзин айырмай пәл-пәллеп ушып жүр...

Едиге басын көтерип, аспанға қарағанда шайқусты көрди. Үлкен аққуйрық екен,—деди ишинен. —Әй, *дүньяй, егер шайқус болғанымда мени ким ирке алар еди.* Ушып барып Ана-Бейиттиң гүмбезине қонар един-дә».

Сол ўақта алдыңғы тәрептен машина көринди. «Киятырыпты! —деп қуўанып кетти Едиге. —Қуда қәлесе енди бәри де келисип кетер. «Газик» зуўлап келип, қараўылхананың босағасына келип шарға

www.ziyouz.com kutubxonasi

тоқтады. Машинаның келиўин қараўыл да күтип тур еди. «Газик» тен лейтенант Таңсықбаев түскенде, қараўыл қылт етпестен турып қалып, қолын шекесине қойып жай-жағдайды баянлаўға киристи.

—Жолдас лейтенант, сизге баян етиўге...

Бирақ, қараўыллардың баслығы оны қолын бир силтеп тоқтатып таслады. Қараўыл қолын шекесинен түсиргенде барып шлагбаўымның аржағында турғанларға бурылды.

—Басқа адамлар кимлер? Ким ол мени күтип турған? Сиз бе?—деди ол Боранлы Едигеге қарап.

—Бизлер ғой, бизлер қарағым, Ана-Бейитке жете алмай турыпбыз. Қалай етсеңде жәрдем бер, қарағым,—деди Едиге жас офицердиң көзине өңириндеги наградаларын көрсетиўге тырысып.

Лейтенат Таңсықбаев оның орден ҳәм медальларына пысқырыпта қараған жоқ, тек жөтелип алды да, Едиге ғарры тағы сөз баслай бергенде, түрин сурландырып:

—Жолдас басқа адам, мениң менен орысша сөйлесиңиз,—деп ескертти.—Мен хызметте жүрген адамман,—деп түсиндирди ол қысық көзлериниң үстиндеги қара қасларын көтерип, тикшийип.

Боранлы Едиге, қатты албырап қалды.

— Аўа, аўа, кешир, кешир бизди. Жөнсиз болса кешир. — Айтажақ гәплериниң бәрин умытып, шатастырып алды да, тили айланбай, үндемей аңқайып тура берди.

— Жолдас лейтенант, бизлердиң өтинишимизди жерде қалдырмаң, сизге баянлаўға рухсат етиң, — деп ғаррыны қысыныспадан қутқарыў ушын гәпке Әдилбай Сырық араласты.

Тек қысқа ғана баян ет,—деп ескертти қараўыллар баслығы.

— Бир минутқа.. Бул гәпти марҳумның баласы да тыңласын. — Әдилбай Сырық, Сәбийтжан турған жаққа бурылды. —Сәбийтжан, ҳә Сәбийтжан, берман кел!

Бирақ, Сәбийтжан арман-берман ерсили-қарсылы жүрип, жақтырмаған пишинде қолын бир силтеди:

— Өзлериң келисе бериң.

Әдилбай Сырық уялғанынан қызарып кетти.

— Кеширерсиз, жолдас лейтенант, жағдайымыздың бундай болғанына ол өкпелеп тур. Ол бизиң қайтыс

www.ziyouz.com kutubxonasi

болған Қазанғап ғаррының баласы. Ол адамның күйеў баласы да усы жерде, әне, анаў тиркеўде отырыпты.

Күйеў бала, мени шақырдыма екен дегендей тиркеўден түсе баслады.

— Ким өкпеледи, я өкпелеген жоқ, онда мениң не жумысым бар. Маған гәптиң тоқ етерин айтың,—деди қараўыллар баслығы.

— Жақсы.

— Қысқа етип, түсиндирип айтың.

— Жақсы, қысқа түсиникли етип айтайын.

Әдилбай Сырық барлық ўақыяны қысқа ирети менен баянлай баслады. Өзлериниң ким екенин, қаяқтан, қандай мақсет пенен келгенин—бәрин айтып атыр. Әдилбай сөйлеп турғанда, Едиге лейтенант Таңсықбаевтан көзин айырмады ҳәм буннан жақсылық күтиўдиң кереги жоқ екенин сезди. Қараўыллардың баслығы шлагбаумның арғы бетинде, тек, басқа адамлардың өтинишин тыңлаў ушын ғана турыпты. Едиге буны түсингеннен баслап, қынжыла берди. Қазанғаптың өлимине байланыслы ҳәрекеттиң ҳәммеси—жолға шығаман дегенше ислеген қаншама таярлығы, марҳумды Ана-Бейитке апарып көмейик, деп жаслар тәрепин жалынып-жалпайып турып көндириўи, Сарыөзек үлкесиниң өткен замандағы ҳәм ҳәзирги турмысын байланыстырғысы келгени, барлық ойлаған әрман-үмитлери ҳәммеси мынаў турған Таңсықбаевтың алдында күлге айланып, көкке суўырылып кетти де қалды. Едигениң қорлықтан жүрек-баўыры шыл-пәрше болды. Анаў қорқақ Сәбийтжан болса кеше кеште ғана арақты шубат пенен қосып симирип отырып, қудай ҳаққында, радио менен басқарылатуғын адамлар ҳаққында былшылдап, боранлыларды өзиниң билими менен ҳайран қалдырмақшы болып үрип еди-аў. Енди болса аўзын ашыўға шамасы келмей тур. Буны көрип турған Едиге бир жағынан күлкиси келсе, бир жағынан жылағысы келди. Енди шашақлы гилемше жабылып безелген Боранлы Қаранардың да аўҳалы күлкили ҳәм өкинишли болып көринди. Енди бул салтанаттың кимге, неге кереги болды! Өз ана тилинде сөйлескиси келмеген ямаса сөйлеўге қорыққан мына қусаған лейтенант сымақ Таңсықбаев Қаранардың безелген салтанатын түсинермекен? Едиге Қазанғаптың иси келиспеген арақ-

www.ziyouz.com kutubxonasi

хор күйеў баласын да ҳәм күйинип ҳәм аяп кетти. Ол бийшара кешеден бери арақ дегенди аўзына алмастан, қайин атасының қасында болыˊ тиркеўде селкилдеп киятыр еди. Енди болса тележкадан түсип, булардың қасына келди. Оның бет-әлпетине қарағанда, қойымшылыққа өткерер деген үмит пенен турғаны билинеди. Едиге, ҳәттеки, сарыкөпек Жолбарыс ушын да ҳәм күйинип ҳәм күлкиси келди. Қайғылы кәрўанға өз ықтыяры менен илесип келип, не бар екен оған? Енди болса қашан қайтамыз дегендей сарсылып күтип турыппа? Бул нәрселер усы сарыкөпек ушын неге керек болды екен? Бәлким, усы ийт өзиниң ийесиниң қыйыншылық ушырайтуғынын алдын ала сезип, басына ис түскен ўақта ийеси менен бирге болғысы келген шығар! Кабинада тракторшы жас жигитлер, Кәллибек пенен Жумағәлий отырыпты. Енди Едиге оларға не дейди? Мынадай қырсықлы ўақыядан кейин олар, Едиге туўралы қандай пикирде болады?

Аяныш лы аўҳалға түсип, жүреги езилген Едиге тосаттан өз бойын бир ызалы сезим кернеп киятырғанын сезди. Жүреги дүрсилдеп, қаны қайнап, қалтырап баратыр. Өзиниң минезин билгеннен кейин, ол, ашыўға жеңдирсе қәўипли екенин сезип, барлық күшин жыйнап, ашыўдай душпанның азғырыўына жол қоймаўға тырысты. Марҳумның денеси еле жерге қойылмай атырып, оның сүйеги еле тележкеде жатырғанда Едигениң өзин-өзи тутпаўға, шыдамаўға ҳақысы жоқ еди. Есирип шаўқым шығарыў ғарры адамға жараспайды. Сол ўақта ол көкирегин кернеп турған ызаны, я қопаллық пенен, я сөз бенен билдирип алмаўға тырысты ҳәм Едигениң шеке тамырлары белеўдей болып билинип, тисленип турды.

Едигениң күткениндей болып шықты, Әдилбай Сырық пенен қараўыллардың баслығының сөзлери үйлеспей, ис питпейтуғын жағына қарады.

— Ҳеш қандай жәрдем ете алмайман. Зона территориясына басқа адамлардың кириўине қатты тыйым салынған,—деди лейтенант Әдилбай Сырықты тыңлап болып.

— Биз ол жағын билмеп едик, жолдас лейтенант. Егер билгенде бул жерге келемиз бе? Бундай болатуғынын билгенде келмес едик! Ал, енди келип қала қойып едик, бизге жоқары жақлар менен сөйлесип, өл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ген адамымызды жерлеўге рухсат әнериң. Өликти қайтарып алып кете алмаймыз ғой.

— Мен қашшан-ақ айтқанман баслықларға. Хеш қандай сылтаўды бәнелеп, ҳешким өткерилмесин деген көрсетпе алдым.

— Қандай сылтаў бул жолдас лейтенант?—деп Әдилбай Сырық ҳайран қалды. — Сизиң зонаңыздан бизлер бир нәрсе излеп киятырған жоқпыз. Өйтип не қыламыз? Неге кереги бар? Егер марҳумды жерлеўге келмегенимизде, сонша жол жүрип бизлерге не бар бул жерде?

— Мен сизге тағы бир мәртебе түсиндирип айтаман, жолдас сырттан келген адам, бул жерге кириўге ҳеш кимге де рухсат етилмейди.

— Сырттан келген дегениңе қалай түсинемиз!— деп бирден гәпке араласты күни менен гәпке араласпай үнсиз турған мәскүнем күйеў. — Ким сырттан келген? Биз бе басқа жақтан келген? — деп мәскүнемниң иркилдеген бети қара-қоңыр тартып, ерни көгерип кетти.

— Бәсе, бизлер қашаннан бери басқа адам болдық?—деп оны қуўатлап қойды Әдилбай Сырық.

Мәскүнем күйеў дым шектен шығып кетпеўге тырысып, өзиниң орысшаға жетик емес екенин де умытпай, ҳәрбир сөзди нақ айтқысы келип, албырапқырап, жай даўыс пенен сөйледи.

— Бул бизиң Сарыөзеклилердиң қойымшылығы. Ҳәм биз сарыөзеклилер өзимиздиң қайтыс болған адамларымызды усы жерге жерлеўге ҳақымыз бар. Баяғы заманда усы жерге Найман-Ана жерленгенде ҳеш ким бул жердиң усындай жабық зона болатуғынын билген жоқ.

— Мен сиз бенен ерегисип турғым келмейди,—деди оған лейтенант Таңсықбаев. — Тап усы ўақта қараўыллар баслығы иретинде тағы да ескертемен: қараўылланған территорияға ҳеш кимге, ҳеш қандай себеп пенен кириўге рухсат ҳәм болмайды.

Ҳәммеси де дым үндеместен қалды. «Шыдамым жетсе болар еди, тек ғана сөгип жибермесем болар еди» деп исленип, өзине тилек тилеп, Боранлы Едиге аспанға көзин қадағанда, алыста ҳеш асықпай пәлпәллеп ушып жүрген сол шайқусқа көзи түсти. Усы бир сабыр-парасатлы қустың тиришилигине көзи қы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

зықты. Ҳәм ол ойланып турып, енди буннан буяғына тәғдийрин сынап көргендей ҳеш нәрсе қалмағанлықтан, күш көрсетип кире алмаслығын билген соң, кетиў керек екенлигин түсинди. Шайқусқа тағы бир мәртебе қарап алды да, Едиге:

— Жолдас лейтенант, бизлер қайтамыз. Бирақ, сен соны, ол жақта кимиңиз бар, генерал ма, я оннанда үлкен бе, соларға жеткер бул гәпти—бундай етиўге болмайды! Мен ғарры солдат иретинде айтыўға тийислимен—бул надурыс.

— Не нәрсе дурыс, не нәрсе надурыс, мен өзимнен жоқары адамлардың буйрығын талқылаўға ҳақым жоқ. Сизлерге айтыў маған буйырылған, буннан былай ядыңызда болсын: ол қойымшылық жоқ етилиўи керек.

— Ана-Бейит пе?—деп Әдилбай Сырықтың аўзы ашылып қалды.

— Аўа, солай деп аталса-сол.

— Ҳаў, неге ондай болады. Бул әўлийе кимге зыян берип тур?—деп Әдилбай Сырық шыдамай кетти.

— Ол жерге жаңа микрорайон салынады.

— Ҳайран қаларлық екен!—деп Әдилбай Сырық қолларын жайды. — Сизлерге басқа жерден орын табылмай атыр ма?

— План бойынша сондай етилген.

— Маған қара, усы сениң әкең ким?—деп сорады Бораннлы Едиге лейтенант Таңсықбаевтың көзине қадалып турып.

Ол жүдә ҳайран қалды.

— Бунын неге кереги болды? Сизиң не жумысыңыз бар онда?—деди.

— Мынандай, сен буны бизге ҳәзир айтып турғаннан гөре, бизиң әўлийемизди жоқ етиўди ойластырып, планластырып атырған да сол жақтағыларға айтыўың керек еди. Я болмаса сениң ата-бабаң өлген жоқпа? Я сениң өзиң өлмей мәңгиге жасайсаңба?

— Буның бул иске ҳеш қандай қатнасы жоқ.

— Яқшы, сеники дурыс болсын, усы иске қатнасы бар нәрсени сөйлесейик. Жолдас лейтенант сизлердиң ең үлкен баслығыңыз ким, сол адам мениң гәпимди тыңласын, мен соны сизлердиң баслықларыңыздың ең үлкениниң мениң гәпимди тыңлаўын талап етемен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған жеткер, ғаррьı фронтовик, сарыөзекли Едиге Жангелдин еки ауыз сөз сөйлеспекши де.

— Мен буныңызды орынлай алмайман. Маған не буйырылған болса, соны ислеуим керек.

— Сениң қолыңнан не келеди онда?—деп қайтадан гәпке араласты мәскүнем күйеу. Ҳәм ол шыдамай кетти де:—Сендей адамнан базарда жүрген милиция артық!—деди.

— Ақмақшылықты тоқтатыңлар!—деп қарауыллардың баслығы суп-сур болып кетти.— Тоқтатыңлар! Алып кетиң мына биреуди шлагбаумның алдынан ҳәм жолларды босатың тракторлардан!—деди!

Едиге менен Әдилбай Сырық мәскүнем күйеуди сүйрелеклеп оны арманырақ тракторлар тәрепке қарай алып кетти. Ол болса артына қарап даўысының барынша бақырып кетип баратыр.

— Саған жол да жетпейди, саған жер де жетпейди! Урдым сендейдиң аузын!

Усы уаққа дейин аузын ашпай түнерип турған Сәбийтжан енди булардың алдынан шығып дана болды да қалды.

— Ҳе, қалай болды? Тек, арман-берман жууырғаныңыз қалды! Солай болыуы да керек еди! Ҳәммеңиз жортып едиңиз усылай қарап. Ана-Бейит! Тек ғана сол деп! Ал, енди таяқ жеген ийттей қуры изге қайттыңыз!

— Ким сол таяқ жеген ийт?—деп ырасы менен ашыуланған мәскүнем күйеу Сәбийтжанға тура умтылды. — Егер арамызда бир ийт бар болса ол да болса сен өзиңсең, ақмақ! Анау лейтенантсымақта бир, сен де бир! Айырмашылығыңыз жоқ сизлердиң! Екеуиңиз де ийтсизлер! Және де; мен мәмлекетлик адамман деп мақтанасаң, келип! Қаяқтың адамы, сен ҳеш қандай адам емессең!

— Әй, мәскүнем, тарт тилиңди!—деп Сәбийтжан тап қарауыллар еситсин дегендей арнап, шыңқилдеген даўысын шығарыңқырап:—Мен сол адамлардың орнында болғанымда, бундай гәплердиң ушын қаранды батырып, алысырақ жерге жиберер едим. Сизлер қусағанлардан жәмийетке не пайда түседи, сизлерди жоқ етип жибериу керек!

Соны айтып болып Сәбийтжан сениң де, сениң қасындағылардың да, бәрине түпирдим дегендей, терис

www.ziyouz.com kutubxonasi

қарап кетип, тағы бирден епшил адамдай белсенип шыға келди ҳәм қасындағыларға, ақыл үйреткен болып, даўысын көтерип сөйлеп тракторшыларға буйрық бере баслады:

— Ҳаў, бул не сизлердики, аўзыларыңыз ашылып қалды? Тракторды ходлаң тез! Келген жағымызға, қайтамыз! Не болғаны болар! Бур артқа! Болар! Усыншама ақмақ болғанымыз да! Әлле биреўлердиң гәпине ерәмиз, деп таңқанымыз!

Қәлибек тракторын ходлап, тележканың тиркеўин абайлап бура баслағанда мәскүнем күйеў тележкаға секирип минди де марҳумның жанына барып отырды. Жумағалий болса Едиге экскаваторға байлаўлы Қаранарын шешип аламан дегенше асықпады. Сәбийтжан буны көрип шыдамай кетип, тракторшыларға «бол ҳа болды» сала берди.

— Әй, сен неге ходламай турсаң? Бол тезлет! Бул не турыс! Кейниңе бур! Жерлеп болдық. Мен дәслептен-ақ қарсы едим ғой! Жеткиликли болды! Бур, аўылға қарап!

Боранлы Едиге түйеге минбестен бурын дәслеп оны шөктиртип, соннан кейин барып, үстине отырып алып, атанды турғызғанша, тракторлар жолға түсип, алға озып кетти. Келген жолы менен кетип баратыр. Едигени күтип турған да жоқ. Оларды алдыңғы тракторға минип алған Сәбийтжан асықтырып баратырған еди...

Аспандағы сол шайқус еле айланып ушып жүр. Неликтен екени белгисиз сарыкөпектиң өз еркинше жүриси оның ашыўын келтиретуғын болыў керек, ол бәлентте жүрип соны аңлып киятыр. Тракторлар қозғалғанда көпектиң не ушын алға озып кетпей түйели адамның қасында қалып қойып, атан жүргенде ғана оның соңынан жорта баслағаны түсиниксизирек болды.

Трактордағы адамлар, олардың изинен түйе минген киси, оның кейнине қос аяқлап шапқан сарыкөпек тағыда Сарыөзектиң даласы менен Малақумдышап тикжарлығына қарап кетип баратыр. Тикжардың жаўынның суўы бузған бир қуўыс қолтығында шайқустың уясы бар еди. Басқа ўақлары шайқус тынышсызланып, даўысының барынша шаңқыллап, өзи алыста жүрсе де, қанатын тез-тез қағып сол демлерде-ақ же-

www.ziyouz.com kutubxonasi

тип келип, соған қоңсылас өзи ийелеп алған жерлерде жем излеп жүрген жубайын уяны қорғаў керек болған жағдайда көмекке шақырар еди. Бирақ, бул ирет ақ қуйрықлы шайқустың басы айланған жоқ, себеби палапанлары әлле қашан ушыўды үйренип уясынан безип кеткен. Шегир көзли, биздей тумсықлы палапанлар күн сайын қанатлары қатып, енди гиден былай өзлери аўқат таўып жейтуғын дәрежеге жетти. Сарыөзектиң даласында олардың да өзлери ийелеп қойған жерлери бар. Енди ғарры қус олардың меншикли жерлерине барып қалағойса, жаңағы өзиниң асыраған палапан жүўермеклери әкесине оқырайып қарайтуғын әдет шығарды...

Шайқус артына қайтқан кәрўанды, бурынғы өзиниң үйренискен жерлеринде не болып атырғанын барлап, билетуғын әдети бойынша бийиктен ушып серлеп жүрипти. Адамлардың жанынан бир ели қалмай жармасып, жортып киятырған сабалақ жүнли сары көпекке әсиресе, шуқшыйып қарайды. Ол ийттиң адамларға не ушын үйирсек болғанына таң қалады. Өз бетинше не ушын аң аўламайды? Өз жумыслары менен шуғылланып жүрген адамлардың изинен қуйрығын бұлтаңлатып жүўыра берип неси бар екен? Оған бундай тиришиликтиң не кереги бар екен? Шайқустың нәзерин өзине аўдарған тағы бир нәрсе—түйе минген адамның омыраўындағы жалтыраған затлар еди. Сол жылтырақ затлардан көзин айырмай киятырғанлықтан шайқус тракторлардың изинен киятырған жаңағы түйе минген адамның жалт бурылып бир қапталға қарап жүргенин, тракторлар өзекти айланып өтемен дегенше, ол өзекти туўры кесип өтип баратырғанын сезди. Түйели адам дыр менен салып-салып жиберип, еди, атап селкилдеп шаўып баратырғанда өңириндеги жылтырақ затлар сылдыр-сылдыр етеди. Түйе узын аяқларын керип таслап, өңкеңлеп киятыр, ал сарыкөпек болса қос аяқлап шаўып баратыр...

Түйели адам тракторлардың алдын орап, Малақумды шап жарлығына кире бергенде, олардың алдына кес-кеслеп тоқтап тураман дегенше бир қанша ўақыт өтти. Тракторлар түйели адамның алдына барып тоқтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Не өзи? Және не болып қалды, тағы?—деп Сәбийтжан кабинадан басын шығарып қарады.

— Ҳеш нәрседе болғн жоқ. Моторды өшир! — деп буйырды Едиге. — Гәп бар.

— Тағы қандай гәп? Иркпе енди, жүристен де исимиз питти ғой!

— Ҳәзир иркип турған сениң өзиң. Себеби, марҳумды усы жерге жерлеймиз.

— Болар сол қорлағаның!—деп Сәбийтжан тоңқылдап мойнындағы мыжымырланған галстугин оннан бетер тартқылай берди. — Разъездге өзим апарып қояман, айттым—болды! Сөзимнен қайтпайман!

— Маған қара, Сәбийтжан, әке сеники, ҳеш ким сениң менен таласайын деп атырған жоқ. Бирақ, сен дүньяда жалғыз өзиң емессең ғой. Қәйткенде де сен бизлерди тыңла. Бағанағы постта не болып, не қойғаны өзиңе мәлим. Оған бизлердиң ҳеш биримизде гүнакар емеспиз. Сонлықтан сен мыналарды ойла. Марҳумды әўлийеден үйге қайтып апарғанды сен қайерде көрдиң? Ондай сумлық ҳеш қашан болған емес. Бул бизге кеширилмейтуғын масқарашылық болады. Бундай масқарашылық бурынлы соң болған емес.

— Түпирдим ҳәммесине де!—деп ерегисти! Сәбийтжан.

— Сөгинсең ҳәзирше—сөгине бер. Ашыў үстинде аўзыңнан ҳәр нәрсе шығады. Ал, ертең уялып қаласаң. Ойлан оннанша. Масқарашылықты бир нәрсе менен жуўып-шайыў қыйын болады. Үйден шыққан өли, үйге қайтып бармас болар.

Сол ўақлары эксковатордың кабинасынан Әдилбай Сырық түсти, экскаваторшы Жумағалийде не болып, не қойды екен, деп жақынласып келди. Қаранарға минген Боранлы Едиге олардың алдында кес-кеслеп тур.

— Әй, жигитлер, мениң гәпимди тыңлаң,—деди ол. Адам атаның әдет-үрпине, тәбияттың нызамына қарсы болмаң! Өлини әўлийеден алып қайтыў деген саўда бул өмирде болған емес. Жерлеў ушын алып шыққан марҳумды жерлеў керек. Басқа жолы жоқ бунын. Мынаў турған Малақумды шаптың тик жары. Бул бизиң Сарыөзектиң жери! Усы Малақумды шапта Найман-



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана өзиниң атақлы жоқлаўын айтқан. Ал, ҳәзир сизлер Едиге ғаррының сөзин тыңлаңлар. Қазанғаптың қәбири усы жерде болсын. Маған да топырақ усы жерден буйырсын. Қуда қәлесе мени өзлериң жерлейсизлер. Бул мениң сизлерге айтар ўәсиятым. Ал ҳәзир күн батпай турып, анаў турған бийиктиң тап төбесине марҳумды жер қойнына қояйық!

Әдилбай Сырық Едиге көрсеткен жерге қарады.

— Жумағалий, қалай, экскаваторың сол жерге өте ала ма?—деп сорады ол экскаваторшыдан.

— Өтпей не қылады. Өтеди. Анаў шығарлықтан өтсе болады...

— Сен қойып тур, сол шығарлығыңды. Дәслеп сен меннен сора!—деп Сәбийтжан араласты.

— Ал сорап турмыз,—деди Жумағалий,—Мынаў турған адамның айтқан гәпин еситтиң бе? Енди саған не керек тағы?

— Мени усыншама аяқ асты еткениңиз болар! Бул өлини қорлаў деген сөз! Разъездге қайтамыз!

— Сен егер солай ойлаған болсаң, өлини қорлаўдың ең үлкени оны әўлийеден үйге сүйретип алып қайтыў болады,—деди оған Жумағалий. Соның ушын сен, жақсылап турып ойлан.

Ҳәммеси тым-тырыс болып қалды.

— Сизлер не қылсаңыз өзлериңиз билесиз,—деп тоңқылдады Жумағалий.—Мен қәбир қазыўға кеттим. Мениң ўазыйпам шуқыр қазыў, оны тереңирек етип қазыў, басқасы менен жумысым жоқ. Күн батпай турып соған үлгериў керек, қараңғы түскеннен кейин ҳеш кимде жер қазып жүрмейди. Басқаларыңыз не қыламан десеңиз өзлериңиздиң жумысыңыз.

Солай деди де, Жумағалий өзиниң «Беларусь» экскаваторына қарап кетти. Оны тез ходлады да жарға қарап бурылып, бәлентликти қыялап, Малақумды шап бәлентлигиниң төбесине қарай өрмелетип айдап кетти. Изинен Әдилбай Сырық жаяўлап жүрип баратыр, олардың изинше Боранлы Едиге Қаранарды тежеди.

— Мәскүнем күйеў тракторшы Қәллибекке:

— Егер сен сол тәрепке қарап жүрмесең—деп тик жарды көрсетти,—мен трактордың астына таслайман өзимди. Трактордың астына түсип өлиў маған ҳеш қыйын емес,—Ол соны айтты да тракторшының алдында қақайып турып алды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Енди не дейсең, қалай қарап жүрейин?—деп сорады, Қәллибек Сәбийтжаннан.

— Бәриңиз де сволочь, бәриңиз де ийтсизлер! — деп Сәбийтжан бақырып турып сөгинди,—Не қылып турсаң енди, бол тез, ходла, айда солардың изинен.

Шайқус енди бәлентте турған адамлардың қыбырқыбыр ҳәрекетине нәзер салды. Машиналардың биреўин қазған балпақ тышқандай ғарш-ғарш еттирип, жерди геўлеп шығарған топырақларын шуқырдың қасына үйип атыр. Сол ўақытта артқы жақтан тележкалы трактор да келди. Тиркеўдиң ишинде сол бағанағы жалғыз адам бурынғы турысында тележканың ортасында ақ нәрсеге оралған қыймылдамайтуғын бийқолай бир заттың қасында қылт етпестен отыр. Сабалақ жүнли сарыкепек болса адамлардың қасында арман-берман барып-келип жүрди де, түйе тәрепке өтип, соның жанына барып жатты.

Бул келген адамлар, енди сол бийиктиң басында жерди қазып биразға дейин ҳәлек болажағын шайқус сезди. Соны сезди де бир тәрепке қыйсайып ушып, даланың үсти менен, қалқып бир айланды да енди жолжөнекей жем излеп, оннан қалса космодромда не болып атырғанын билейин дегендей жабық зона тәрепке қарап ушып кетти.

Зоналар менен бирге қараңғы түнде жүзлеген прожекторлардың жақтысы менен жарқырап турады. Таң түн иши күндизден де жарық болады. Бир нешше үлкен ҳәм кишкене ҳәм арнаўлы машиналар, көплеген илимпазлар ҳәм инженерлер «Обруч» операциясын иске асырыўға таярлық көрип атыр. Космостағы ушыўшы аппаратларды жоқ етиўге арналған антиспутниклер космодромның айрықша майданында әлле қашан таяр тур. Бирақ ОСВ—7 шәртнамасы бойынша, олар арнаўлы келисим менен белгили бир ўақытқа дейин бул қураллар сақлаўлы тур еди. Тап усындай қураллар Америка тәрептеде тур. Енди «Обруч» деп аталған транскосмослық операцияны иске асырыўдың программасы бойынша бул қураллар жаңаша қолланыў формасын ийелейди. «Обруч» операциясы бойынша бундай робот—ракеталар бир ўақытта ушырылыў ушын Американың Невада космодромында да таяр тур.

— Сарыөзек кеңислигинен ушатуғын ракеталардың

www.ziyouz.com kutubxonasi

ўақыты кешки саат сегизге туўра келеди. Тап ноль—ноль сегизде ракеталар ушырылыўы керек. Ҳәр қайсысының арасынан бир ярым минут өткерип, алыстағы космосқа биринен кейин бири тоғыз антиспутник Сарыөзектен көтерилип, ушады. Олар басқа планеталы ушыўшы аппаратлардың Жерге жақынласып келиўине қарсы қорғаныс жасап, Жер шары әтирапын қоршап, Батыс—Шығыс тәрепти қорғаўы керек. Невададан ушатуғын робот—ракеталар Арқа-Қубла тәрепти қоршап, қорғанып турыўы керек.

Түстен кейин саат ноль-ноль үшти көрсеткенде Сарыөзек—! космодромында, ракеталарды ушырыў алдынан «Бесминутлық—қадағалаў системасы иске қосылды. Ҳәр бес минуттан барлық экранларда цифрлар жарқылдап ҳәм сес пенен қайталап стартқа дейин төрт саат елиў бес минут! Стартқа дейин төрт саат елиў минут!»—тәкирарлап турды. Стартқа үш саат қалғанда «Минутка» системасы иске қосылыўы керек.

Усы ўақыт ишинде «Паритет» орбиталық станциясы өзиниң космостағы орнын өзгертиўге үлгерди ҳәм 1-2 және 2-1 паритет-космонавтлар менен байланысты биротала үзиў мақсетинде станциядағы радио-байланыс каналларының шәртли белгилериниң биреўи өзгертилип жиберилди.

Тап сол ўақытта 1-2 ҳәм 2-1 паритет-космонавтлар аспан кеңлигиниң алыстағы бир точкасынан жиберилген радиосигналлар, қула далада қалған жалғыз адамның даўысындай тоқтамай еситилип қала берди. Олар байланысты үзбең деп жалында-аў сонда. Улыўма басқарыў орайының шешими менен бақырып турған жоқ. Себеби, ең дәслеп жердегилердин мүддәҳәсин қорғай отырып, Лесная Грудь цивилизациясы менен мүмкин болатуғын байланыслардың проблемаларын қайта-қайта изертлеў керек деп үмитленеди. Олар өзлериниң ҳақ екенин дәрҳал айтқысы келген жоқ, олар қаншама созылса да күтиўге таяр болып, өзлериниң усы Лесная Грудьта жүргенлери планета аралық қатнасты жақсылаўға хызмет етсе, соған ыразы болажақ. Бирақ, олар ҳәр еки тәреп келискен «Обруч» операциясына қарсы, себеби олардың ойлаўынша, Жер шарын бундай етип қоршап қойыў, адамзат жәмийетин, сөзсиз тарийхый ҳәм технологиялық жол менен қыйралыўға ушыратады. Соннан кейин буны дүзетип, заман-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ды қәлибине келтириў ушын мыңлаған жыллар керек болады... Бирақ, енди ҳәммеси де өтип кетти... Жақты дүньяда енди олардың сестин ҳеш ким еситпейди. Дүнья жүзлик кеңликте олардың жалынышлы сести жаңлап атырғанынан ҳәмме хабарсыз болып қала береди....

*Сол ўақытта Сарыөзек—I космодромында «Минутка» системасы иске қосылып, «Обруч» операциясы бойынша ракеталар старт алатуғынын ескертти....*

Ал, шайқус болса өзинин арнаўлы сапар етиўинен қайтып Малақумдышап бийиклигине қайтып келди. Ол жердеги адамлар елеге дейин өз жумыслары менен машғул болып атыр екен, енди бел менен қазыўға кирисипти. Экскаватор бир талай топырақты шығарып таслапты. Ең соңғы ирет ол тереңдеги топырақларды сыпырып-сыйырып алып атыр. Соннан кейин ҳәрекетин тоқтатып бир шетке шығып турды, ал адамлар қазылған шуқырдың түбинде әлле қандай бир нәрсени тағы да геўлеп атыр. Түйе орнында тур, ал, көпек болса көринбейди. Ол қайда екен сонда? Шайқус жақынлап ушып, бийиктиң үстин айланып басын бирсе оңға, бирсе солға бурып, ақырында сарыкөпектиң тележка астында, тап дөңгелегине жақын жерде аяқларын созып жатырғанын көрди. Көпек дем алып, жай парахат жатыр, ол уйқлап атырма, шайқус пенен жумысы болмады оның. Бүгин шайқус сол көпектиң үстинен қаншама ирет қанат қағып өтсе де ол, бир нәзер аўдармады-аў. Ҳәттеки, балпақ тышқанлар да аспанда өзине дөнип киятырған қәўип-қәтер барма екен деп аратура көз таслап турады. Ал, мына көпек болса адамлардың қасынан шықпаўға үйренип алған, ҳеш нәрседен сескенбейди, ҳеш бир уўайым-қайғысы жоқ. Жатыўын қара енеғардың! Шайқус бир дем ҳаўада қыймылсыз силейип қалғандай болып турды да күшенип турып, қуйрығының астынан көпектиң үстине, суйық көкшил бир нәрсени бәленттен турып атып жиберди. Мә, саған керек болса дегендей болды.

Боранлы Едигениң жеңине жоқарыдан бир нәрсе былш етип түсти. Ол жаңағы қустың дәрети еди. Бул қалай түсти?

Едиге жеңин силкип таслап, жоқары қарады. «Сол



www.ziyouz.com kutubxonasi

қәдимги ақ қуйрықлы қус—алагөт екен ғой. Буның төбемиздe жүргени қашшан еди.

Нениң нышаны екен бул? Еркинше рәҳәтленип жүрисин қара. Пәлпәллеп ушып жүриўин айтпайсаң ба? Едигениң ойларын қазылған шуқырдың ишинде турған Әдилбай Сырықтың даўысы бөлип жиберди:

— Едиге, көрип жибер, болама, ямаса тағы да қаза берейик пе?

Едиге қабағы үйиўли түринде төмен қарап, кәбирдиң ишине үңилди:

— Былайырақ тур, мына шетке,—деди ол Әдилбай Сырыққа,—Кәллибек сен сыртқа шыға бер. Берекет тап, шырағым. Аўа, тереңлиги болады екен. Әдилбай сонда да қәбирди азмаз кеңейтиңкире, кеңлеў болсын.

Солайынша көрсетпе берди де, Боранлы Едиге суў қуйылған кишкене канистрди қолына алып, экскаватордан аўлағырақ кетип, қуран оқыўдың алдында иш дәрет алып алды. Сонда барып оның кеўили сәл-пәл орнына түскендей болды, Қазанғапты Ана-Бейитке қоя алмаған менен әйтеўир оны қайтадан үй бетке сүйретип алып қайтпай, үлкен масқарашылықтан қутылғанына кеўли толды. Едиге егер қасарысып турып алмағанда, уят болсада олар, марҳумды разъездге алып қайтар еди. Енди болса күнди батырмай турып, жумысты бир жақлы етип, қараңғы түсемен дегенше Боранлыға жетип үлгериў керек. Ояқтағылар болса буларды күтип тынышсызланып отырған шығар. Ал, булар ояқтан шыққан ўақта кешки саат алтыға жетпей келип жетермиз деп кеткен еди. Марҳумның жетиси сол ўаққа белгиленген. Бирақ, ҳәзирдиң өзинде төрт ярым болып қалды. Еле марҳумды жайғастырыўда бар, сарыөзектиң узақ жолы тағы бар, тез жүргенниң өзинде ол еки саатлық жол. Солай болса да өлини жерге мыжымырлап тығып көмип, кете бериў деген келиспейди. Жүдә болмаса садақасы кешлеў тарқатылар. Илаж қанша.

Дәрет алып болған Едиге ең соңғы рәсимге таярлық көрди. Кишкене суў қуятуғын канистрдиң тығынын жаўып, апарып қойды да, экскаватордың арғы жағынан салмақлы пишинде сақалын тутамлап қайтадан марҳумның қасына келди.

— Қудай таланың марҳум болған бендеси Қазанғаптың перзенти Сәбийтжан, сен келип мениң сол жақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрепиме тур, ал, қалған төртеўиңиз сүйекти көтерип әкелип, қәбирдиң шетине, басын қублаға қаратып қойыңлар,—деди ол бираз көтериңки даўыс пенен. Айтқан гәплериниң ҳәммеси орынланғаннан кейин ол былай деди.:—Ал, енди ҳәммеңиз қәсийетли Кәба тәрепке жүзиңизди бурыңлар. Усындай бир ўақытта тилек ҳәм үмитлеримиз қудайдың қулағына еситилсин деп, қудай талаға жалбарынып қолларыңызды жайыңлар!

Бир ҳайран қаларлық жери ҳеш ким оның гәплерине күлген жоқ, гүңкилдескен ҳәм жоқ. Едиге ҳәммесинен бетер соған ырза болды. Болмаса, биреўи қарап турмай:—Әй, ғарры, сен өзиң қаяқтан шыққан молласымақсаң. Оннанша өлини тезирек көмип қайтайық үйге,—деўиде мүмкин еди. Оннан қала берсе Едиге қуранды отырып емес, ал, тик аяқтан турып оқыўға киристи. Себеби, билетуғын адамлардың гәпине қарағанда динниң шыққан жери—араб еллеринде адамды жерлеў ўақтында қуранды тик аяқтан турып оқыйды деген гәпти ол бурыннан еситип жүрген еди. Бул ыраспа я өтирикпе бәрибир, Едиге сол демлерде бәлентте турғысы, бир ели болсада басы аспанға жақынырақ турғанды қәледи.

Қуран оқыўға кирискенде ол басын дәслеп оңға, кейин солға бурып, сол қәлпинде басын жерге еңкейтип, оннан кейин және жоқары көтерип, сол ҳәрекети менен яратқан ийемизге мүнәжат етти. Жарық дүньяны, пүткил әлемди жаратқан, сол дүньяға келип шығып ҳәм батқан күндей бес күнлик қонақ болып кететуғын адамды жаратқан қүдиретке қуллық етип атырған ўақытта Едиге аспандағы сол ақ қуйрықлы шайқусты көрди. Көз алдында шайқус қанатларын сәлпәл қыймылдатып, аспан кеңислигинде айланып еле ушып жүр. Бирақ, шайқус, Едигеге кесент берген жоқ, қайтама ол қудай ҳаққында, өмир ҳәм өлим ҳаққындағы толғаныслы ойларын жыйнап алыўға себеп болды.

Қазылған қәбирдиң шетинде табыт, үстинде ақ кийизге оралған марҳум Қазанғап оның көз алдында тур. Едиге енди пәтияға киристи. Бул қуран қашшанақ ҳәр бир адамға, ҳәммеге де бирдей етип жақты дүньяның ақырына арналып қойылған. Қуранның сөз-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лери мейли, ким болсаңда, қайсы дәўир, қай заманда жасасаңда ҳәмме ушын ҳәттеки, енди дүньяға келетуғынларға да арналып, ҳәр кимсәниң баратуғын жериң, тәғдийрде жазылғанын анық-айдын, ҳәммеге ортақ етип көрсетип берилген. Ҳәмменинде баратуғын жери бир—адам туўылады, өледи. Басқа жолы жоқ. Пайғамбарлар мүддәҳәсине жетип, өзинен кейингилерге ўәсият етип қалдырған, болмыштың усы бир қағыйдасын оқып болып, Едиге енди бул қуранды өзиниң жүрек сөзлери менен толықтырмақшы болды. Ақыр Едиге де қудайдың бендеси ғой бул жақты дүньяда әйтеўирден әйтеўир өмир сүрмеген шығар.

«Уа, яратқан ийем, мен де, бенденмен ақыр, ата-бабалар айтқан дуўаны қайталадым. Егер сен бенделериңниң тилегин еситетуғының ырас болса, саған мен де бир мүрәжәт етейин тыңла. Мен айтатуғын тилектиң қуранға зыяны тиймейтуғын шығар әлбетте.

Мине, бизлер Малақумдышап тикжарлығының төбесинде, Қазанжаптың қазылған қәбириниң қасында, елсиз қула далада турмыз. Себеби, биз өзиңниң қулың Қазанғапты мақсет еткен қойымшылыққа қоя алмадық. Аспанда ушып жүрген шайқус, бизиң қол жайып Қазанғап пенен хошласып атырғанымызды көрип тур. О, қүдиретли қудайым, егер сенин бар екенлигиң ырас болса Қазанғаптың руўхын қабыл ет, егер оған буны ылайық көрсең, әлбетте, оның жанын жәннетке жайғастыр. Биз қолымыздан келген ҳәмме нәрсени иследик. Буннан буяғын өзиң бил!

Ал, енди усындай бир күнде, ақыл-есим орнында турған тири ўақтымда мен сеннен жалынып-жалбарынып өтиниш етип атырман.

— О, қүдиретли қудай тыңла. Дөретиўши алла өзиң сақла, өзиң яр бол!—деп саған сыйынып, дәртин айтып атырғанлар аз емес, көп. Адам дегенлер ҳәр қандай себеп пенен, дурыс болсын—болмасын әйтеўир сеннен көп нәрсе дәме етеди. Тап гәззаптың өзиде саған сыйынады. Ал, сен болсаң ҳеш бир жуўап айтпайсаң. Буның айтатуғыны жоқ, биз бенделериң басымызға ис түскен қыйын-қыстаў ўақытларда сени излеймиз сен ҳәм тек сондай ўақлары ғана қол ушын берип жәрдем ететуғын болыўың керек. Мен түсинемен, саған да қыйын, себеби, бизиң тилегимиз таўсылмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, мен өзиң жалғызсаң. Мен сеннен ҳеш нәрсе тилемеймен. Тек, усындай сәти келгенде ғана мен саған өз ойымды айтажақпан.

Сол Найман-Ана жатырған бизиң әййемги қойымшылығымыздан алыслап, бөлинип, қалғанымызға қатты өкинемен. Соңлықтан мениң әжелим жеткен күни, усы Найман-Ананың аяғы тийген жер —усы Малақумдышапта жатсам деймен. Мени усы Қазанғап пенен қатар жатыўға жеткер, ятатқан ийем. Егер адам өлгеннен кейин оның жаны әйтеўир бир мақлуққа айланатуғыны ырас болса, маған қумырсқа болыўдың кереги жоқ, оннанша мени ақ қуйрықлы шайқусқа айландыр? Тап сол шайқус сыяқлы мен де, Сарыөзектиң үстинен айланып ушып, сол бәлентликтен өзимниң туўылған мәканыма қарап жүре берейин. Мен саған айтар сөзимди, айтып болдым.

Мен айтар сөзимди мына қасымда киятырған жасларға ўәсият етип қалдырдым. Мен өлгенде усы жерге көмиңлер, деп айтып кетемен. Бирақ, сонда ким қуран оқыйтуғынын булардың арасынан таба алмай турман. Булар қудайға исенбейди. Ҳеш қандай қуран, пәтия дегенлерден хабары жоқ. Жақты дүньяда қудай бар ма, я жоқ па оны ҳеш ким де билмейди, ҳеш қашан да биле алмайды. Биреўлер бар дейди, биреўлер жоқ дейди. Ал мен болсам сениң бар екениңе исенгим келеди, сен мениң ядымнан шықпайсаң. Мен саған қуран-пәтия бағыш етип турып ырасын айтсам сен арқалы сол қуран-пәтияны өзиме айтып турман. О, ятатқан алла, сондай ўақлары сениң ойың менен мениң пикирим дәл сәйкес келели. Мәселениң төркиниде сонда жатыр. Ал, мына жаслар болса ол туўралы ойламайды да, қуранды жек көреди. Бирақ, булар әжел келгендей болған ўақта өзине ҳәм басқаларға не айта алады? Егерде булардың ишинде биреўи қәпелимде қудай бола қойған жағдайда, онда оның көз-қарасы, ақыл-ойы шар тәрепке шарықлап кетиўи керек ғой! Ал, булардың ойы-сезимин алыслатыў қолынан келмегенин көрип мен аяйман буларды. Егер гүнәкар болып, артықмаш кетсем әпиў етегөр. Бирақ, булардың ҳеш қайсысы да қудай бола алмайды, ал егер болып қалса сениң кимге керегиң бар? Адам егерде өз исениминде саған уқсап барлық адамлар ушын қоллаўшы ҳәм ғамхор бола алмаса, онда жарат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

қан ийем сениң де болмағаның... Ал, мен болсам сениң умытылып, изсиз кеткениңди қәлемеймен....

Мине, усы мениң көкирегимдеги арзыў-әрманым, ҳәсирет-қайғым. Артық-аспай гәпим болса әпиў-еткейсең. Мен де бир гүнакар бендемен, ҳалым келгенинше ойланаман. Ал, енди қәсийетли қураннан соңғы ҳаятты айтып тамам қыламан да, марқумды, қәбирге жайғастыраман. О, яратқан ийем, өзиң яр бол, өзиң қолла...

— Аўмийин! — деп Боранлы Едиге ҳаятты тамамлап, ҳаўадағы ушқан шайқусқа тағы бир мәртебе қарап алып, тым-тырыс турды да, жүрек баўыры елжиреп, ҳәсиретке толған геўдеси менен әсте ғана бурылып, артында турған жасларға қарады. Бул жаслар туўралы пикириң ол жаңа ғана қудайдың өзине ғана арнап айтып еди. Сөйтип қудайтала менен сөйлесиў соның менен тамам болды. Қарсы алдында өзи менен бирге келген бес жигит тур еди, солар менен бирлесип турып узақ ўаққа созылып кеткен ақырет исиң орынлаўы керек.

— Солай етип, жаңа қуран оқығанымда айтылған тилеклерди мен сизлерге де арнап айттым, — деди Едиге ойланып турып, — Енди иске кирисе берейик.

Орденлер таққан пәнжегиң ылақтырып таслап, Боранлы Едиге қазылған шуқырдың ишине өзи түсти. Әдилбай Сырық та оның менен бирге түсти. Сәбийтжан, марҳумның баласы болғаны себепли, жумысқа араласпай, басын төмен ийип, қыйланған адам қусап, бир шетте қалды да, Қәллибек, Жумағалий ҳәм мәскүнем күйеў үшеўи табыттан ақ кийизге оралған қундақлаўлы денени көтерип алып, Едиге менен Әдилбай Сырықтың қолына услатып, қәбирге түсирди. «Мине, енди айырылысатуғын ўақытта келди! — деди ишинен Едиге, Қазанғаптың денесин мәңгилик орны—иләҳәтке жайғастырып атырып, — Сени буншә ўақыт өз мәканыңа қондыра алмағанымызды кешир. Күни менен арман-берман, барып-келип жүрдик. Жағдайымыз усындай болды, баўырым. Сени Ана-Бейитке қоя алмағанымызға биз гүналы емеспиз. Бирақ, буны усылайынша қалдырады екен деп ойлама сен. Аяғымның жеткенинше бармаған жер қалдырмайман. Өлмей турсам, айтысарман. *Айтаман-айтатуғынымды! Ырза бол, баўырым,*—жатқан жериң жайлы болсын. Жер деген жарықлық соншелли кең болса да соннан саған, тек, он қарыстай жаңа жер буйырды ғой. Сен бул жерде жалғызсырамассаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп кешикпей мен де қасына келип жатарман, Қазанғап. Сен азғана шыда, Гуманлан ба? Егер жазатайым бәле-қададан аман болып, өз әжелимнен өлсем, мен де усы жерге жайғасып, екеўмиз қайтадан бирге боламыз. Сөйтип екеўимизде Сарыөзектиң топырағына айланамыз. Бирақ, оны биз сезбейтуғын шығармыз. Буның бәрин, тек, тири жүргенде ғана ойлайсаң. Сол себепли буның ҳәммесин саған айтқандай болып, өзиме айтып турман-аў. Сен енди тири ўақтындағы Қазанғап емессең ғой. Усылай етип ҳәммемиз де бардан-жоққа айналамыз. Ал, поездлар болса Сарыөзектиң даласын қақ жарып зуўлай береди, бизиң орнымызға болса, басқа әўладлар келеди....»

Соларды айтып болып Едиге шыдап тура алмай еңкилдеп жылап жиберди: Узақ жыллар даўамында Боранлы разъездеги екеўиниң көрген қыйын ҳәм аўыр жыллары, көрген жоқшылық ҳәм тоқшылықлары қуўаныш, қайғысы, қаншама ўақыт бирге өткерген күнлериниң буншама қысқа ҳәм қайғылы болыўы усы бир-еки аўыз ырзаласып-хошласыў сөзлери. Қазанғапты иләҳәтке қойған бир-еки минут ишине сыйды. Бендениң пейлине қаншама сақыйлық ҳәм қаншама сықмарлық жазылған екен!

— Әдилбай, еситип турсаң ба? — деди Едиге тар шуқырдың ишинде ийинлери бир-бирине тийип турып,— Сен мени тап усы жерге, Қазанғап пенен қатар етип жерле. Тап усындай етип, ҳәзир мына Қазанғапты қойғандай етип иләҳәтке мени өз қолың менен қой. Мен сонда қысылып қалмай, жайлы жататуғын болайын. Усы айтқанларымды орынлайсаң ба?

— Қойсаңә, Едеке, қаяқтағыны айтпай, кейнинен сөйлессермиз оларды. Сен енди сыртқа шық. Қалғанын өзим-ақ жөнлермен. Қой, енди, Едеке босаса берме, қәпе шық. Егиле бермей. Көз жаслары менен жуўылған бети топырақ пенен ыласланып, Едиге жоқарыға умтылып атыр еди, сыртта турғанлар қолын созып, оны тартып алды. Көкирегин баса алмай, әлле қандай аянышлы сөзлерди айтып гүбирленип жүрген Едиге, қәбирдиң шетине шықты. Ғарры жуўынып-шайынып алсын, деп Кәллибек оған кишкене суў қуйылған канистрди әкелип берди.

Соннан кейин ҳәммеси де қәбирге бир-бир қысымнан топырақ таслады да, самалдың өрине шығып, шуқырға

www.ziyouz.com kutubxonasi

топырақты дәслеп бел менен ылақтыра баслады, азмаздан кейин Жумағалий рульге отырып, бос топырақты бульдозер менен ысырып-ысырып жиберди. Соңынан ҳәммеси бел менен топырақты үйип, тегислеп, дүмпешикти иретке келтирди....

Ал, ақ қуйрықлы шайқус болса Малақумдышап төбелигиниң басында үймелесип, ғабыр-ғубыр, тыным таппай жүрген бир топар адамды, топырақтан көтерилген шаңларды ҳаўадан турып бақлап алыстан айланып ушты да жүрди. Шайқус Шуқыр үстинде пайда болған дүмпешиктиң айналасындағы адамлардың ҳәрекетиниң, шаққанласқанын көрип, барластырды. Бул ўақлары тележка астында созылып жатырған сары көпек керилип, орнынан турды да, ол да адамлардың қасына барып, суғылысып жүрди. Оған не бар екен өйтип, тек, шашақлы жабыў жабылған ғарры түйе ғана узыннан-узақ гүйис қайтарып турды.....

Енди адамлар кетиўге таярланып атырған сыяқлы болды. Бирақ, олай емес, екен, жаңағы түйениң ийеси *қолларын жайыўы менен тура қалып еди, басқалары* да солай иследи....

Күн кеш болып баратыр. Боранлы Едиге қасындағыларға көз салып, әдеўир ўақ қарап турды да:

— Әне, бул исти питкердик енди. Жақсы адам баеди, Қазанғап?—деп сорады.

— Жақсы еди, жақсы еди, — деди әтирапындағылар.

— Ҳеш қайсыңызға қарыздар емеспе еди. Қазанғап, мынаў баласы егер кимге болса да, биреўге ол қарыздар болса, әкесиниң қарызын баласы мойнына алсын.

Ҳеш ким жуўап бермеди. Сонда Кәллибек ҳәммеси ушын:

— Қазанғаптың мойнында ҳеш кимниң де қарызы қалған жоқ, — деп жуўап берди.

— Олай болса, Қазанғаптың баласы, сен не айтасаң?—деди Едиге.

— Ҳәммеңизге де рахмет, — деди ол жуўапты келтеден қайырып.

— Ҳе, ондай болса, енди үйге қайттық онда! — деп *жиберди Жумағалий.*

— Ҳәзир. Бир аўыз сөзим бар,—деп тоқтатты оны Едиге. Ҳәммеңиздиң де араңыздағы ғарры мен. Бәриңизге айтатуғын нәсиятым бар. Егер мен өлсем, тап

www.ziyouz.com kutubxonasi

мына жерге Қазанғаптың қасына, тұп-туўры қатар жерлеңлер. Еситип турсызлар ма? Бул мениң сизлерге айтып атырған өтиниш -нәсиятым, сизлерде буны дурыс түсиниңлер.

— Кимниң қашан, қайўақта өлетуғынын ким биледи. Едеке. Алдымыздағыны ҳәзирден болжап айтыўдың не кереги бар, — деп гүмансырады Кәллибек.

— Мейли, — деди қасарысып Едиге. — Айтыў маған парыз, тыңлаў сизлердиң парызыңыз. Сондай жағдай болып қала ғойғанда Едигениң усындай нәсияты бар еди, —деп еске алғайсыз.

— Буннан басқа тағыда қандай даналық нәсиятларың бар, айтып қал, Едеке?—деп Әдилбай Сырық ҳәзил иретинде адамлардың кеўлин көтермекши болды.

— Сен өйтип, күлкиге алма, — деп Едиге бир түрли болып қалды. — Мен ырасын айтып турман.

— Ядымызда болады яшыүлкен,—деп Әдилбек Сырық оның кеўилин алды. — Ондай болатуғын болса, сениң айтқаныңды бежеремиз. Оған шек келтирмей-ақ қой.

— Бул айтып турғаның нағыз жигиттиң гәпи, — деп Едигениң кеўили толып гүңкилдеди.

Тракторларды бәленттен пәске түсирмекши болып, бура баслады. Тракторлар төменге түсемен дегенше Қаранарды жетеклеп алған Едиге, Сәбийтжан менен қатар жүрип келе берди. Ол өзин жүдә ҳайран қалдырған бир аўҳалды Сәбийтжанға аўлағында айтпақшы еди.

— Бери қара, Сәбийтжан, қолларымыз да босады, енди бир гәп бар. Ата-бабамыздан бери киятырған Ана-Бейит қәбирстанлығының жағдайы қалай болады енди?- деп сорады.

— Қалай боладысы не? Оған ҳеш қандай басты қатырып отырыўдың кереги жоқ, — деп жуўап берди Сәбийтжан.—Планның аты-план. Сүрип-бузып таслайды. сол план бойынша. Оның не жыры бар.

— Мениң айтайын дегеним ол емес. Олай ете берсең, барлығына да қолды бир силтеўге болады. Мине, сен усы жерде туўылып, өстиң. Әкең сени оқытты. Енди мине, сол әкең де келмес сапарға кетти — жерледик. Қула далада жалғыз өзи қалды, бир тәўир жери-өзиниң туўылып-өскен жеринде жатыр. Сен саўатлысаң, область


www.ziyouz.com kutubxonasi

та ислейсең, қудайға шүкир, қәлеген адамын менен сөйлесе аласаң. Ҳәр қыйлы китаплар оқыйсаң...

— Онда турған не бар?—деп Сәбийтжан оның гәпин бөлди.

— Айтажағым мынаў саған, ўақытты өткермей турып, тап ертеңнен баслап, туўры усы жердеги ең үлкенине барайық, усы қалашада ең үлкени болыўы керек. Ана-Бейитти жер менен жексен етиўге болама? Бул ақыр тарийх ғой.

— Булардың ҳәммеси әййемги ертеклер, түсин, сен, буны Едеке. Бул жерде ҳәзир дүнья жүзлик космослық мәселелер шешилип атырғанда, биз болсақ қандайда бир қойымшылық туўралы сөйлесиў жүргизгенимиз келисе ме? Кимге кереги бар буның? Олар ушын бул— түкке турмайтуғын нәрсе! Барған менен де бизлерди ол жерге киргизбейди.

— Әлбетте, бармасаң киргизбейди. Ал, егер талап етсек, киргизеди. Егер киргизбесе бизлердиң алдымызға баслығының өзи келер. Таў емес ғой ол да, орнынан қозғалмастай.

Сәбийтжан, Едигеге аларып қарады.

— Сен ғарры, мени тыныштыма қой. Мени барады екен, деп ойлама.

Маған оның ҳеш қандай кереги де жоқ.

— Оннанша солай деп айта қоймайсаң ба? Оны ертек деп жүргенше олай болса гәпимиз тамам.

— Енди не деп един? Мени сол ушын жуўырады деп турсаң ба? Ким ушын? Мениң болса хожалығым балашағам, жумысым бар олжақта. Мен не ушын самалға қарсы жүриўим керек екен? Усы жерден бир телефон сыңғырласа—ертең ол жақта мениң, бөксеме теўип шығарып жибереди. Яқ, мен бундай ете алмайман, рахмет!

— Сен, рахметиңди қалтаңа сал,—деди Едиге шарта ашыўланып,— Бөксеме бир тебеди дейсең, я? Демек, сең сол бөксең ушын жүргенсен дә жасап.!

— Енди не деп един. Әлбетте, сол ушын! Ал, саған бул әйтеўир нәрсе,—сен кимсең, себеби!? Ҳеш ким емессең. Ал, биз тамағымыз ушын, бөксемизди сақлаймыз.

— Әне, әне бурынлары басын сақлайтуғын еди, ал, енди бөксесин сақлайды екен.

— Қалай түсинсең, солай түсине бер. Ақмақларды тапқан екенсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Түсиникли. Гәпимиз тамам! — деп гәпти туўарды Боранлы Едиге.

Садақаларды өткерип алайық, оннан кейин сениң қудайым қараңды көрсетпеспен.

— Оны көре берермиз, — деп Сәбийтжан тыржыйыңқырап қарады.

Соның менен олар екеўи еки тәрепке айрылысып кетти. Боранлы Едиге түйесипе минип боламан дегенше тракторшылар моторларын гүрилдетип, буны пәсликте күтип тур екен, бирақ Едиге оларға бирден-ақ мени күтпей-ақ қойың, жолға түсип алып аўылға тезирек жетиңлер, ояқта бизди адамлар күтип отырыпты, маған болса жолдың кереги жоқ есабы, туўрылап тарта беремен,—деди.

Тракторшылар патырлатып алып жүрип кеткенде, Едиге не ислеўди билместен, сол турған жеринде зеңирейип қалды.

Енди ол Сарыөзектиң даласында, жалғыз өзи тур. Бирақ, оның қасында Садық көпеги Жолбарыс бар еди. Ол дәслеп тракторшылардың изинен елирип жуўырған еди, ийесиниң олар менен бирге жүрмейтуғынын сезгеннен кейин, Едигениң қасына қайтып келди. Едиге болса оған нәзерде салған жоқ. Егер ийт үйине қайтып кеткенде де Едиге оны сезбес еди. Ҳәзир оны ойлап турғандай ўақыт емес. Кеўили алағада болып тур. Сәбийтжан менен болған гурриңнен кейин кеўили ўайран болып, сол гәплер жүрегине найзадай шаншылып, биротала әбигер тартып қалды. Көкирегин тап бир оқ тесип өтип, сол тесилген жерден ызғырық самал есип, бийжағдай етип турғандай болды. Бағанағы айтқан гәплериниң бәри самалға ушып кеткенинен Боранлы Едиге бир қатты өкинди дейсең. Кеңес сорап, жәрдем күткен адамы Сәбийтжан болған соң. Саўатлы, көп оқыған адам, өзи сыяқлы қарапайым рабочий адам менен түсинисип, тил табысып кете қояма деп үмитленип еди ғой. Оның ҳәрқыйлы курсларда оқып, институтты тамамлағанынан не пайда болды. Итимал, Оны усындай бийпайдалық ушын оқытқан шығар. Сәбийтжанның усындай, мәңгүр Сәбийтжан болып шығыўы ушын кимде болса биреў сояқта отырып жаманлық етип отырма екен?! Радио басқаратуғын адам туўралы айтып ол соншама өтлестирип жиберген жокпа еди. Сондай ўақытлар болады деп айтты-аў бул. Япырмай, сонда буны



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәзирдиң өзинде дәўдей қудиретли ҳәм жодигөй биреў, тур десе турғызып жат десе жатқызып радио арқалы басқарып жүрген жоқпа екен...

Едиге усындай ойларды ойлаған сайын жүректеги өкиниши тереңлей берди.

— Мәңгүрсең сен! Мәңгүр болғандада нағыз өзисең!—деп өкиниш пенен гүбирленген Едиге, Сәбийтжанды биресе аяп, биресе жек көрип кетти.

Бирақ, ол бағанағы болған гәплер менен келисе алмады, не болса да бир ҳәрекет етиўи керек екенин ойлай берди. Егер бундай етпесе, бул пикиринен қайтып, үндемей қала берсе, өзиниң ар-намысы алдында жеңилиске ушырайтуғынын билди. Күнниң көз алдында батып баратырғанын көрип турсада, бир нәрсе ислеў кереклигин, бирақ қалай ҳәм неден баслаў кереклигин анық биле алай тур еди. Ана-Бейитти сақлап қалыў туўралы ойлаған ойын сол ең үлкен баслығына жеткерип, бурынғы берилген буйрықты өзгертиў ушын, не ислеў кереклигин билмей турыпты. Егерде оның арзасы түсингендей адамның алдына барып жете қойса, пайдасы тийе кетерме еди, ким билсин, ис бул ойлағандай шешилип те қалар ма еди?... Сол арзаның барып жетиўи ушын не ислеў керек екен? Қаяққа барса екен, қандай ҳәрекет етсе екен?

Аўыр ойлар еңсесин басқан Едиге, Қаранардың үстинде отырып, ҳәр тәрепине қарап алды. Әтирапы тыптынып. Геўгим сағымы Малақумдышаптың қызғыш дөнип турған жарларын перделей баслады. Тракторлар болса әлле қашан көринбей кетти, олардың даўысыда еситилмей қалды. Жас жигитлер арапы алыслатыпты. Сарыөзектиң тарийхына байланыслы шежирени билетуғынлардың ең соңғысы Қазанғап еди, енди ол да усы даланың дәл ортасында, жардың төбесинде ызғар топырақлы дүмпешиктиң астында жатыр. Едиге бул дүмпешиктиң әсте ақырын шөгип, жер менен жексен болатуғынын көзине елеслетти. Бир заманларда усы қәбирди қара жерден айырып билиў де қыйын болар, үстилерине жуўсанлар шығып жер менен теппе-тең болып та кетер. Солай болады да себеби, жерден көп жасайтуғын да, жердиң қойнына кирмей қалатуғын да ҳеш ким жоқ...

Батып баратырған күнниң кем-кемнен көлеми үлкейип, аспанның шетине әсте-ақырын жақынлай берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуяштың батар алдындағы сәўлеси минут сайын қубылып өзгерип тур. Даланың қойны алтындай жарқырап турса да, кешки гүңгиртлик қойыўланып, кем-кемнен геўгим қараңғылығы түсип киятыр еди.

Не ислеў керек екенлигин ойлап алған Едиге, ақырында зонаға киретуғын дәрўазадағы шлагбаумға қайтадан барыўға бел байлады. Басқа жолын таппады. Жерлейтуғын адамды жерлеп, енди қолы босап мойнындағы парыздан қутылғаннан кейин Едиге, өзине қудай берген күш-қуўатына арқа сүйеп, тәўекелге бел байлап көрмекши болды. Ең дәслеп ол қараўылды көндириўи, ҳәттеки, өзин қолға түскен тутқын иретинде болса да сол ең үлкен баслығына алып барыўға мәжбүр еткиси келди, ямаса үлкен баслығының өзи шлагбаумге келиўин талап еткиси келди. Сөйтип сонда ол ишиндеги дәртиң қалдырмастан айтып таслайжақ...

Солардың бәрин ойланып-толғанып алған Едиге бул жумысқа жең сыбанып кирисежақ болды. Гәптиң ең бас бағдары, Қазанғапты жерлеў ўақытларында көрген азаплары туўралы болыўы керек. Шлагбаум де ол батыл түрде ҳәрекет етиўге бекинди, ең үлкен баслыққа кириў ушын рухсат қағаз, Таңсықбаев қусағанлар емес, ал, үлкен баслықтың нағыз өзи керек екенин қараўыллардан талап етиў керек.....

Усындай етип баслаўды болжастырып, ол демин сарраслап алды.

— Тәўекел! Егер ийттиң ийеси болса қасқырдың да қудайы бар шығар! — деп өзинен-өзи исенимли түрде, Қаранарға дыр силтеп, шлагбаумға қарап асығып кетти.

Бир ўақлары күнде батып кетип, әтирап қараңғы бола баслаған еди. Ал, ол зонаға жақынлағанда тастүнек болып қалды. Шлагбаум ге ярым шақырымдай қалғанда қараўыл жайдың фонарлары жарқырап көринди. Қараўылға жақынласпай турып Едиге күннен бурын түйеден сыпқанап жерге түсти. Себеби, қараўылға түйе минип барыў қолайсыз. Буны дәлиллеп отырыўдың кереги жоқ. Қандай баслықты дус етерин ким билсин, бәлким, еле сөйлескиси де келмей, «Түйең менен арман жоғал бул жерден. Қаяқтан келген адамсаң, адасып? Сен қусағанды қабыл етпеймен» — деп кабинетине киргизбей жиберсе. Ең қыйын болған жери Едиге өзиниң бул умтылыўынан не питетуғынын, оның нәтийжесиниң қандайда боларын, буның питиўи ушын қан-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ша ўақыт керек боларлығын билмеди, тек ғана Едиге жалғыз өзи барғанды қәлеп, Қаранарды далада тусап қалдырмақшы болды. Жайылып жүре турсын....

— Сен, азмаз күтип тур, мен барып ығбалымды бир сынап көрейин,—деп Қаранарға гүбирленип, бул сөзди өзине де қуўат болыў ушын айтты. Себеби, түйени шөктириўи керек, оның арқасындағы қоржыннан тусаў жипти алыўы керек болды.

Едиге қараңғыда түйени тусап атырғанда әтирап соншелли тыныш еди, ҳәттеки, ол өзиниң дем алғанын өзи еситип турды, ҳәтте ҳаўадағы ушып жүрген пешше ызылдысы тып-тыныш даланы гүңирендирип жибергендей болып кетти. Ал, бултсыз аспанда бирден шыққандай болып мыңсан жулдызлар нур шашып тур. Тап бир нәрсениң болатуғыны сезилгендей әтирап жым-жырт болып үнсиз мүлгийди.,..

Сарыөзектиң тыныш даласына бурыннан көнлигип қалған Жолбарыс та өзип бийқолай сезип, сезикленип қаңсылап қояды. Бундай жым-жыртлық оған не ушын унамай қалды екен-ә?

— Сен де усы ўақта аяққа орала бердиң-аў, —деди ийеси иренжип. Соннан соң ол, бул ийтти не қылсам екен?—деп ойланып қалды. Түйени тусаўлап атырып, ийтти қаяққа қалдырыўды ойлай берди. Болмаса бул ийт оның изинен қалмай, ербереретуғыны анық. Оны қуўып жиберсеңде бәрибир. Оянтағылар айтпаған менен де; ишинен ойланып, күлиўи мүмкин ғой: ҳақыйқатлықты соранып келген ғаррының қасында ийтинен басқа ҳеш ким жоқ екен,—деп. Солай болғаннан кейин ийтти таслап кетпесе болмайды. Едиге ийтти узын жип пенен түйениң ашасына байлап кетпекши болды. Өзи қайтып келемен дегенше түйе менен бирге жүрип турар. Солай етип ол: Жолбарыс! Жолбарыс! күшке!—деп ийтти шақырып алып, енди мойнына еңкейип турып жип сала бергени сол еди, аспан қақ айырылып, тап вулкан атылғандай, оғыры кәрамат күш пенен бир нәрсе жоқарыға көтерилип кетти. Оған жап-жақын жерден, тап сол әтираптан, космодром зонасынан тип-тикке көзди қамастырарлық дәрежеде жалындай жарқырап аспанға көтерилип баратыр. Боранлы Едиге қорққанынан кейин шегинип кетти, түйеси бақырыў менен орнынан ушып турды, ал, ийти қуйрығын путына қысып, қаңсылап ийесиниң аяғы астына тығыла берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул транскосмослық «Обруч» операциясына байланыслы ушырылған биринши робот ракета еди. Бул ўақта Сарыөзекте саат, сегиз еди. Биринши ракетаның соңынан, екиншиси, үшиншиси, оннан кейин, және, және биреўи космосқа қарап бағыт алды... Ракеталар алыстағы космосқа шығып, жер бетинде ҳеш нәрсе өзгермей, сол турысында турыўы ушын жер планетасын қоршап, турақлы түрде қорған пайда етиўи керек...

Пүткил әлем, от болып жанып, түтеп, қыйралып, тап аспан төңкерилип, басына түскендей болды.... Қарапайым ғана жанлы мақлуқлар—адам, түйе, ийт, үшеўи ақылдан адасқандай шоршынып, басының аўған жағына қарап қашып баратыр. Қорыққанынан жаны қалмаған бийшаралар, қүдирет оттың жарқыраўынан тас қараңғыда жалт-жулт еткен жақтылықтан бир-бирин көрип, енди айрылысып кетиўден қорқып, үшеўи бирге алдыартына қарамай зыңғып баратыр.

Бирақ, олар қаншама қашқаны менен бир орнынан қозғала алмай турғанға усайды. Ҳәр бир атылыўдан кейин олар, дүньяны қақ айырғандай қүдиретли гүрсилди менен көзди қамастырарлық кәраматлы жақтылықтың астында қалып баратыргандай.

Адам, түйе, ийт — үшеўи ентигип алды-артына қарамастан қаша берди. Сол ўақта бирден, қаяқтан келгени белгисиз, Едиге бирақ қусты көзи илип кетти. Бул баяғы заманда өзиниң мәңгүр баласының оғынан қазаланып, түйеден қулап баратырған Найман—Ананың ақ жаўлығынан пайда болған ақ қус еди. Сол ақ қус Едиге менен қатарласып ушып баратырып, ақыр заманның жүректи жарғандай күшли даўысы арасынан:

— Кимниң баласысаң, сен? Атың ким еди? Әкеңди еслеп көр! Сениң әкең—Дөненбай, Дөненбай, Дөненбай, Дөненбай Дөненбай—!... —деп шырлап баратырғандай еди....

Усы бир тилсимли түн ишинде, оның сести көп ўақытқа шекем тыпбай еситилип турды.

* * *

Сарыөзекли ғарры Қазанғаптың қайтыс болғаны туўралы телеграмма алғаннан бираз күн кейин, Қызылордадан Боранлыға Едигениң еки қызы — Сәўле ҳәм Шарапат күйеўлери, балалары менен бәри қосылып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

келди. Өлгенди қайғырып, ядқа түсирип, көўил айтыў ушын ҳәм өзлериниң әке-шешесине де тири ўағында хабар алып, сәлем берип, үй-ишлериниң саў-саламатлығын көрип туўылған үйлеринде азы-кем болып, кетиў ушын келди.

Олар топар-топар болып поездан түсип, Едигениң үйиниң алдына келгенде, әкелери Едиге үйинде жоқ еди. Үкибала қызларын, ақлықларын көрип жуўырып шығып, қуўанғанынан жылап жиберди, ол ақлықларын қушағына қысып сүйип атырып:

— Қудайға, мың қәтле шүкир! Келгенлериниз жақсы болды-аў, балаларым! Сизлерди көрип әкеңиздиң төбеси көкке жететуғын болды, енди! Жақсы болды-аў балаларым, келе қойғаныңыз! Әкеңиздиң қуўанышы қойнына сыймайды енди,—дей берди.

— Ағам қаяқта, ол неге көринбейди?—деди Шарапат.

— Ол кешқурын келеди. Азан менен Почта ящикке қарап кетип еди, сол жердеги баслыққа бараман деди. Сол жақта бир питпейтуғын жумысы бар қусайды, соңынан айтып беремен. Не қылып турсызлар қарақларым-аў. Бул өзлериңиздиң үйиңиз.

Поездлар бул үлкеде бурынғыдай болып батыстан-шығысқа, шығыстан батысқа қарай гүўлеп өтип атыр....

Ал, темиржолдың еки қапталында бул үлкеде уллы шөлистан Сарыөзек кеңислиги—жердиң Орта шени боя ған сарғыш дөнген даланлық созылып кетеди....

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Айтматов Чингиз Торекулович**

БУРАННЫЙ ПОЛУСТАНОК

*роман*

***На каракалпакском языке***

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус—1993

www.ziyouz.com kutubxonasi

Редакторы *Х. Дәўлетназаров*
Қарап шығарған *П. Избасқанова*
Художниги *И. Қыдыров*
Худ. редакторы *А. Әметов*
Тех. редакторы *Т. Кожабаев*
Корректоры *Ж. Алманова, А. Аташева.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

ИБ 4262

Териўге берилген ўақты 16. 03. 1993-ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 12. 04. 1993-ж. Қағаз форматы 84х108 1/32. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура, кегль №10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 11,5 баспа табақ, 19,32 шәртли баспа табақ 19,38 есап баспа табақ. Нусқасы 3000. Буйыртпа 195. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы 742000. Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.

ҚР Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграф комбинаты, 742000, Нөкис қаласы, Қ. Маркс көшеси, 9.

www.ziyouz.com kutubxonasi